# Téereb Injiil

The New Testament in Wolof, 2010 version.

# Téereb Injiil

## The New Testament in Wolof, 2010 version.
## Le Nouveau Testament en langue Wolof, revision de 2010

copyright © 2010 La Mission Baptiste du Sénégal

Language: Wolof

Dialect: Regional Wolof

Translation by: La MBS

For full copyright statement, see http://sng.al/copyright
This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution-Noncommercial-No Derivatives license 4.0.
You may share and redistribute this Bible translation or extracts from it in any format, provided that:

You include the above copyright and source information.
You do not sell this work for a profit.
You do not change any of the words or punctuation of the Scriptures.

Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.

2020-07-09

---

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 22 Feb 2024 from source files dated 17 Jul 2020
79742756-9e1e-54a8-8cef-3115026c278e

Contents

MACË . . . . . . . . 1
MÀRK . . . . . . 52
LUUG . . . . . . . . 83
YOWAANA . . . . 137
JËF YA . . . . . . . 178
ROOM . . . . . . . 229
1 KORENT . . . . 253
2 KORENT . . . . 275
GALASI . . . . . . 289
EFES . . . . . . . . 297
FILIB . . . . . . . . 305
KOLOS . . . . . . . 310
1 TESALONIG . . 315
2 TESALONIG . . 320
1 TIMOTE . . . . 323
2 TIMOTE . . . . 329
TIT . . . . . . . . . 333
FILEMON . . . . 336
YAWUT YA . . . . 338
SAAG . . . . . . . . 356
1 PIYEER . . . . . 362
2 PIYEER . . . . . 368
1 YOWAANA . . 372
2 YOWAANA . . 378
3 YOWAANA . . 379
YUDD . . . . . . . . 380
PEEÑU MA . . . 382

# Xibaaru jàmm bi ci Almasi bi Yeesu, ni ko Yàlla jaaralee ci MACË

*Cosaanu Yeesu Kirist*

1 Lii mooy cosaanu Yeesu Kirist, sëtu Daawuda, sëtu Ibraayma.
2 Ibraayma moo jur Isaaxa;
Isaaxa jur Yanqóoba;
Yanqóoba jur Yuda ak i doomi baayam;
3 Yuda, Peres ak Sara ci Tamar;
Peres Esron, miy baayu Aram;
4 Aram Aminadab;
Aminadab Nason;
Nason Salmon;
5 Salmon jur ci Raxab doom ju tudd Bowas;
Bowas am ak Ruut Obedd;
Obedd jur Isayi, 6 miy baayu buur bi Daawuda.
Daawuda moo jur Suleymaan ci ki nekkoon soxnas Uri;
7 Suleymaan jur Robowam;
Robowam Abiya;
Abiya Asaf;
8 Asaf Yosafat;
Yosafat Yoram, miy baayu Osiyas;
9 Osiyas jur Yowatam;
Yowatam Akas, miy baayu Esekiya;
10 Esekiya Manase;
Manase Amon;
Amon Yosiyas;
11 Yosiyas jur Yekoñas ak i doomi baayam ca jamono, ja ñu defe Yawut ya jaam, yóbbu leen Babilon.
12 Ba ñu leen yóbboo ca Babilon,
Yekoñas jur Salacel;
Salacel Sorobabel, 13 miy baayu Abiyudd;
Abiyudd Eliyakim;
Eliyakim Asor;
14 Asor Sadog;
Sadog Akim;
Akim Eliyudd;
15 Eliyudd Eleyasar;
Eleyasar Matan, miy baayu Yanqóoba;
16 Yanqóoba nag moo jur Yuusufa jëkkëru Maryaama;
te ci Maryaama la Yeesu, mi ñuy wax Kirist, juddoo.
17 Mboolem giir googu nag,
la dale ca Ibraayma ba
ca Daawuda, fukk lañu ak
ñeent; la dale ca Daawuda
ba ca njaam ga ca Babilon,
fukk lañu ak ñeent; la dale
njaam ga ca Babilon ba ci
Kirist, fukk lañu ak ñeent.

*Juddub Yeesu Kirist*

18 Nii la Yeesu Kirist jud-
doo. Bi ñu mayee Maryaama
ndeyam Yuusufa, waaye
laata ñoo ànd, gis nañu ne
dafa ëmb ci kàttanu Xel mu
Sell mi. 19 Yuusufa jëkkëram
nag, nekkoon na nit ku jub
te bëggu ko woona weer.
Mu nara xàccook moom
ci sutura. 20 Waaye bi
muy xalaat ci loolu, benn
malaakam Boroom bi daldi
ko feeñu ci gént ne ko: «Yaw
Yuusufa, sëtu Daawuda, bul
ragala yeggali Maryaama sa

jabar, ndaxte doom ji mu
ëmb, ci Xel mu Sell mi la
jóge. 21 Dina jur doom ju
góor; nanga ko tudde Yeesu,
ndaxte moo di kiy musal
xeetam ci seeni bàkkaar.»
22 Loolu lépp xewoon na,
ngir amal li Boroom bi wax,
jaarale ko cib yonent, bi mu
naan:
23 «Janq bi dina ëmb,
jur doom ju góor,
ñu tudde ko Emanuwel,»
liy tekki «Yàlla ganesi na
nu.»
24 Noonu Yuusufa yewwu,
yeggali soxnaam, na ko ko
malaakam Boroom bi sante
woon. 25 Waaye àndul ak
moom, ba kera mu mucc, jur
doom ju góor; mu tudde ko
Yeesu.

# 2

*Ay boroom xam-xam ñëw nañu, màggalsi Yeesu*

1 Bi nga xamee ne Yeesu
juddu na ci Betleyem ci
diiwaanu Yude, amoon na
ay boroom xam-xam, ñu
jóge penku, ñëw Yerusalem.
Booba, ci jamonoy buur bi
Erodd la woon. 2 Ñu ne:
«Ana buur bi juddul Yawut
yi? Ndaxte gis nanu biddii-
wam ci penku te ñëw nanu
ngir màggal ko.»
3 Bi ko Erodd buur ba
déggee, mu daldi jaaxle,
moom ak waa Yerusalem
gépp. 4 Mu woolu nag sarx-
alkat yu mag yépp ak xut-
bakati xeet wa, laaj leen fu
Almasi bi, maanaam Kirist,
wara juddoo. 5 Ñu ne ko:
«Ca Betleyem ci diiwaanu
Yude, ndaxte lii lañu bind
jaarale ko cib yonent:
6 “Yaw Betleyem ci diiwaanu Yude,
du yaw yaa yées ci njiiti Yude,
ndaxte ci yaw la njiit di génne,
kiy sàmm Israyil sama xeet.”»
7 Ci kaw loolu Erodd woolu
ci kumpa boroom xam-xam
ya, di leen ceddowu, ngir
xam bu wóor kañ la bid-
diiw bi feq. 8 Noonu mu
yebal leen Betleyem naan:
«Demleen fa, seet bu wóor
mbirum xale ba. Bu ngeen
ci amee lu wóor nag, ngeen
xamal ma ko, ngir man itam
ma dem màggal ko.»
9 Ba ñu dégloo buur ba
nag, ñu dem. Te biddiiw, ba
ñu gisoon ca penku ba, ne
tëll jiite leen, ba àgg, tiim
fa xale ba nekk. 10 Ba ñu
gisee biddiiw ba nag, ñu am
mbég mu réya réy. 11 Ñu
dugg ca kër ga, gis xale ba ak
Maryaama ndeyam, ñu daldi
sukk, di ko màggal. Ñu ubbi
seeni boyetu alal, may ko
wurus ak cuuraay ak ndàbb
lu xeeñ lu ñuy wax miir.
12 Bi ñu ko defee Yàlla
artu na leen ci biir gént, ñu
baña dellu ca Erodd. Noonu
ñu jaar weneen yoon, ñibbi
seen réew.

*Yuusufa ak Maryaama gàddaay nañu jëm réewu Misra*

13 Bi nga xamee ne boroom
xam-xam ya ñibbi nañu,
benn malaakam Boroom bi
feeñu Yuusufa ci gént ne ko:
«Erodd mu ngi ci tànki wut

xale bi, ngir rey ko; jógal
nag, jël xale bi ak ndeyam te
nga daw jëm Misra, toog fa,
ba kera ma koy wax.»
14 Yuusufa nag jóg, jël xale
ba ak ndeyam, làquji Misra
ca guddi ga. 15 Mu toog fa,
ba Erodd faatu. Noonu am
li Boroom bi waxoon jaarale
ko cib yonent, bi mu naan:

«Woo naa sama doom, mu
génn Misra.»

16 Bi Erodd gisee nag, ne
boroom xam-xam ya nax
nañu ko, mu daldi mer lool.
Mu santaane ñu dugg ca
Betleyem ak la ko wër, rey
xale yu góor ya fa am ñaari
at jëm suuf, méngook ja-
mono, ja ko boroom xam-
xam ya waxoon. 17 Booba
am la ñu waxoon jaarale ko
ci yonent Yàlla Yeremi, bi
mu naan:

18 «Baat jib na ci Rama,
ay jooy ak yuux gu réy,
Rasel mooy jooy ay doomam
te bëggul kenn dëfal ko,
ndaxte saay nañu.»

*Ñibsi nañu réewu Israyil*

19 Bi nga xamee ne Erodd
faatu na, benn malaakam
Boroom bi feeñu Yuusufa ci
gént ca Misra, 20 ne ko: «Ñi
doon wuta rey xale ba dee
nañu; jógal nag, jël xale
bi ak ndeyam te nga dellu
Israyil.»
21 Yuusufa jóg nag, jël xale
ba ak ndeyam, dellu Israyil.
22 Waaye bi mu déggee ne
Arkelawus moo donn Erodd
baayam ca nguuru Yude, mu
ragal faa dem. Yàlla artu ko
nag ci gént, mu daldi dem
diiwaanu Galile. 23 Mu ñëw
nag dëkk ci dëkk bu ñuy wax
Nasaret. Noonu am la ñu
waxoon ca xale ba, jaarale
ko ca yonent ya, bi ñu naan:

«Dees na ko tudde Nasa-
reen.»

# 3

*Waareb Yaxya*

1 Ca jamono jooja Yaxya
feeñoon na, di waare ca
màndiŋu Yude. 2 Nii la
doon waaree: «Tuubleen
seeni bàkkaar, ndaxte ngu-
uru Yàlla Aji Kawe ji jege
na.» 3 Yaxya mooy ki
ñu doon wax jaarale ko ci
yonent Yàlla Esayi, bi mu
naan:

«Am na baat buy xaacu ca
màndiŋ ma ne:
“Xàll-leen yoonu Boroom bi,
jubal-leen fi muy jaar.”»

4 Yaxya nag mu ngi
soloon mbubb mu ñu ràbbe
kawaru giléem, takk geñog
der ci ndiggam. Ay njéeréer
la doon dunde ak lem.
5 Noonu ñépp génn jëm ci
moom, ñi dëkk Yerusalem
ak diiwaanu Yude, ak waa
dexu Yurdan. 6 Ñu nangu
seeni bàkkaar, Yaxya sóob
leen ca dexu Yurdan.
7 Noonu ay Farisen ak ay
Sadusen yu bare ñëw ci
Yaxya, ngir mu sóob leen
ñoom itam ca dex ga. Waaye
bi leen Yaxya gisee, mu ne
leen: «Yéen ñi fees ak daŋar
mel ni ay co, ku leen artu,
ngeen daw merum Yàlla mi
nara wàcc? 8 Jëfeleen nag
ni ñu tuub seeni bàkkaar,
9 te buleen wax ci seen
xel naan: “Nun daal doomi
Ibraayma lanu,” ndaxte maa

ngi leen koy wax, Yàlla man
na sàkkal Ibraayma ay doom
ci doj yii. 10 Sémmiñ wi tiim
na reeni garab yi. Garab nag
gu meññul doom yu baax,
dees na ko gor, sànni ko ci
sawara si. 11 Man maa ngi
leen di sóob ci ndox, ci lu
ànd ak tuub seeni bàkkaar.
Waaye kiy ñëw sama gan-
naaw moo ma ëpp kàttan,
ba yeyoowuma koo yóbbul
sax ay dàllam. Kooku dina
leen sóob ci Xel mu Sell
mi ak sawara. 12 Layoom
mu ngi ci loxoom, ngir jéri
dàgga ja, ba mu set; pepp
ma dina ko def ca sàq ma,
waaye xatax ba dina ko lakk
ci sawara su dul fey mukk.»

*Yaxya sóob na Yeesu ci dexu Yurdan*

13 Booba Yeesu jóge Galile,
ñëw ngir Yaxya sóob ko ca
dexu Yurdan. 14 Waaye
Yaxya gàntu ko ne: «Man
maa soxla, nga sóob ma
ci ndox, te yaa ngi ñëw
ci man!» 15 Yeesu ne ko:
«Bàyyil noonu, ndaxte war
nanoo mottali lépp lu jub.»
Noonu Yaxya nangu.
16 Bi ko Yaxya sóobee ca
dex ga, Yeesu génn. Ca
saa sa asamaan yi daldi ub-
biku, te Yaxya gis Xelum
Yàlla wàcc ci melow pitax,
ñëw ci kaw Yeesu. 17 Te
baat bu jóge asamaan dégtu
ne: «Kii mooy sama Doom ji
ma bëgg; ci moom laa ame
bànneex.»

# 4

*Yeesu dékku na ay nattu ci pexey Seytaane*

1 Bi loolu amee Xelum
Yàlla yóbbu Yeesu ca
màndiŋ ma, ngir mu
jànkoonte ak fiiri Seytaane.
2 Yeesu nekk fa te lekkul
ñeent fukki bëccëg ak
ñeent fukki guddi, doora
xiif. 3 Noonu fiirkat bi ñëw
ci moom ne ko: «Boo dee
Doomu Yàlla, santal doj yii,
ñu nekk mburu.» 4 Waaye
Yeesu ne ko: «Mbind mi
nee na: “Nit du dunde
mburu rekk, waaye itam
gépp kàddu gu génne ci
gémmiñug Yàlla.”»

5 Bi mu waxee loolu, Sey-
taane yóbbu ko ca dëkk bu
sell ba, teg ko ca njobbaxtalu
kër Yàlla ga. 6 Mu ne ko:
«Boo dee Doomu Yàlla, tëbal
ci suuf, ndaxte Mbind mi nee
na:

“Dina jox ay malaakaam ndi-
gal ci sa mbir,

ñu leewu la ci seeni loxo,

ngir nga baña fakktalu ciw
doj.”»

7 Yeesu ne ko: «Bind nañu
it ne: “Bul diiŋat Yàlla, sa
Boroom.”»

8 Gannaaw loolu Seytaane
yóbbu ko ci kaw tund wu
kawe lool, won ko réewi
àddina yépp ak seeni ndam.
9 Mu ne ko: «Lii lépp di-
naa la ko may, boo suk-
kee màggal ma.» 10 Waaye
Yeesu ne ko: «Sore ma Sey-
taane, ndaxte Mbind mi nee
na: “Nanga màggal Yàlla sa
Boroom, te jaamu ko moom
rekk.”»

11 Noonu Seytaane bàyyi
ko. Te ay malaakaa daldi ñëw
fi Yeesu, di ko topptoo.

### *Yeesu dëkk na Kapernawum ci diiwaanu Galile*

12 Am bés Yeesu dégg ne
jàpp nañu Yaxya; mu jóg
nag, jëm Galile. 13 Gannaaw
gi, mu toxoo dëkku Nasaret,
dem dëkk Kapernawum, bi
féeteek dex ga ci diiwaani
Sabulon ak Neftali. 14 Noonu
am la ñu waxoon, jaarale ko
ci yonent Yàlla Esayi, bi mu
naan:

15 «Yaw réewum Sabulon ak réewum Neftali,
di yoonu géej gannaaw dexu Yurdan,
yaw Galile, réewum ñi dul Yawut—
16 xeet wa nekkoon cig lëndëm,
gis na leer gu mag,
ña dëkkoon ca réew, ma dee tiim,
leer fenkal na leen.»

17 Booba Yeesu tàmbali
di waare naan: «Tuubleen
seeni bàkkaar, ndaxte nguuru Yàlla Aji Kawe ji jegesi
na.»

### *Yeesu tànn na ñeenti taalibe*

18 Gannaaw loolu Yeesu
doon dox ca tefesu dexu
Galile, mu gis fa ñaar ñu
bokk ndey ak baay, mooy
Simoŋ mi ñuy wax Piyeer, ak Andare. Fekk ñuy
sànni seen caax ca dex
ga, ndaxte ay nappkat lañu
woon. 19 Yeesu ne leen:
«Ñëwleen topp ci man, ma
def leen nappkati nit.» 20 Ca
saa sa ñu daldi bàyyi seeni
mbaal, topp ci moom.

21 Ba Yeesu demee ba
ca kanam, mu gis yeneen
ñaar ñu bokk ndey ak baay,
ñuy Saag doomu Sebede, ak
Yowaana rakkam. Ñu nekk
ci seen biir gaal ak Sebede
seen baay, di defar seeni
mbaal. Noonu Yeesu woo
leen. 22 Ca saa sa ñu daldi
bàyyi gaal ga ak seen baay,
topp ci moom.

23 Ba loolu amee Yeesu
doon wër Galile gépp, di
jàngle ci seeni jàngu tey
yégle xibaaru jàmm bi
ci nguuru Yàlla; muy faj
jàngoro yépp ak wéradi
yépp ca nit ña, 24 ba tax
turam siiw ba ci biir réewu
Siri mépp. Ñu di ko indil
ñi wopp ñépp, ñi sonn ndax
ay jàngoro ak metit yu bare,
ñi rab jàpp, ñiy say ak ñi
làggi, mu faj leen. 25 Noonu
mbooloo mu bare topp ci
moom, jóge ci wàlli Galile
ak diiwaan bi ñuy wax Fukki
dëkk yi, ci dëkku Yerusalem
ak ci diiwaanu Yude, ba ci
gannaaw dexu Yurdan.

# 5

### *Barkeel gu wóor gi*

1 Bi Yeesu gisee mbooloo
ma nag, mu yéeg ca tund
wa, toog; taalibeem ya ñëw
ci moom. 2 Mu daldi leen
jàngal naan:

3 «Yéen ñi xam seen ñàkk doole ngir neex Yàlla, barkeel ngeen,
ndaxte nguuru Yàlla Aji Kawe ji, yéena ko yelloo.
4 Yéen ñi nekk ci naqar, barkeel ngeen,
ndax dees na dëfal seen xol.
5 Yéen ñi lewet, barkeel ngeen,
ndax dingeen moomi àddina.

6 Yéen ñi xiif te mar njub, barkeel ngeen,
ndax dingeen regg.
7 Yéen ñi am yërmande, barkeel ngeen,
ndax dees na leen yërëm.
8 Yéen ñi am xol bu sell, barkeel ngeen,
ndax dingeen gis Yàlla.
9 Yéen ñiy wut jàmm, barkeel ngeen,
ndax dees na leen tudde doomi Yàlla.
10 Yéen ñi ñu fitnaal ndax seen njub, barkeel ngeen,
ndaxte nguuru Yàlla Aji Kawe ji, yéena ko yelloo.

11 «Barkeel ngeen, bu ñu
leen di saaga, di leen fitnaal,
di leen sosal lépp lu bon
ngir man. 12 Bégleen te
bànneexu, ndax seen yool
dina réy ci laaxira. Ndaxte
noonu lañu daan fitnaale
yonent yi fi jiitu.

*Xoromus àddina ak leeram*

13 «Yéena di xoromus
àddina. Bu xorom sàppee,
nan lañu koy delloo
cafkaam? Du jariñati dara,
lu dul ñu sànni ko ci biti, nit
ñi dox ci kawam. 14 Yéena di
leeru àddina. Dëkk, bu nekk
ci kaw tund du mana nëbbu.
15 Te it duñu taal làmp, dëpp
cig leget, waaye dañu koy
wékk, ba muy leeral ñi nekk
ci kër gi ñépp. 16 Na seen
leer leere noonu ci kanam
nit ñi, ngir ñu gis seeni jëf yu
rafet, te màggal seen Baay bi
ci kaw.

*Ni yoonu Musaa ak waxi yonent yi ame ci Yeesu*

17 «Buleen defe ne ñëw
naa ngir dindi yoonu Musaa
ak waxi yonent yi. Ñëwuma
ngir dindi leen, waaye ngir
ñu am ci man. 18 Ndaxte
ci dëgg maa ngi leen koy
wax, li feek asamaan ak suuf
wéyul, benn tomb walla
benn rëddu araf du wéy
mukk ci yoonu Musaa, ba
kera yépp di am. 19 Ku tebbi
nag ba gëna tuuti ci ndigal
yii, te ngay jàngal nit ñi
noonu, dees na la tudde ki
gëna tuuti ci nguuru Yàlla
Aji Kawe ji. Waaye ku leen di
sàmm, di leen digle, dees na
la tudde ku mag ci nguuru
Yàlla Aji Kawe ji. 20 Ndaxte
maa ngi leen koy wax, bu
seen njubte ëppul njubteg
xutbakat ya ak Farisen ya,
dungeen tàbbi mukk ci nguuru
Yàlla Aji Kawe ji.

*Mere nit ak bóom ko ñoo yem fa kanam Yàlla*

21 «Dégg ngeen ne waxoon
nañu maam ya ne leen: “Bul
rey nit; ku rey nit, yoon dina
la dab.” 22 Waaye man maa
ngi leen di wax ne képp ku
mere sa mbokk, dinañu la
àtte. Ku wax sa mbokk:
“Amoo bopp,” dinañu la àtte
ca kureelu àttekat ya. Ku
ko wax: “Alku nga,” dinañu
la àtte ci sawara. 23 Booy
yóbbu nag sa sarax ca sarxalukaay ba, te nga fàttaliku
foofa ne, sa mbokk am na
lu mu la meree, 24 nanga
fa bàyyi sa sarax ca kanam
sarxalukaay ba, nga jëkka
dem, juboo ak sa mbokk, ba
noppi dellu, joxe sa sarax.

25 «Gaawala juboo ak ki
lay yóbbu, ngeen layooji,
bala ngeena egg; ngir bañ ki
ngay layool jébbal la àttekat
ba, kooka jox la alkaati ba,
ñu tëj la. 26 Ci dëgg maa ngi
la koy wax, doo génn foofa
mukk te feyuloo dërëm bi ci
mujj.

*Ku xédd jigéen, njaaloo nga*

27 «Te it dégg ngeen
ne waxoon nañu: "Bul
njaaloo." 28 Waaye man maa
ngi leen di wax ne, képp ku
xool jigéen, xédd ko, njaaloo
nga ak moom ci sa xel. 29 Bu
la sa bëtu ndijoor bëggee
yóbbe bàkkaar, luqi ko,
sànni ko fu sore. 30 Ndaxte
ñàkk benn ci say cér moo
gën ci yaw, ñu sànni sa
yaram wépp ci sawara. Bu
la sa loxol ndijoor bëggee
yóbbe bàkkaar, dagg ko,
sànni ko fu sore. Ndaxte
ñàkk benn ci say cér moo
gën ci yaw ñu sànni sa
yaram wépp ci sawara.

*Bul fase sa soxna lu dul ci njaaloo*

31 «Waxoon nañu ne: "Ku
fase sa soxna, nga bindal
ko kayitu pase." 32 Waaye
man maa ngi leen di wax
ne, ku fase sa soxna te du
ci njaaloo, yaa koy tegtal
yoonu njaaloo. Te it ku takk
jigéen ju ñu fase, njaaloo
nga.

*Bul weddi sa ngiñ*

33 «Dégg ngeen itam ne
waxoon nañu maam ya ne
leen: "Bul weddi sa ngiñ,
waaye li nga giñ def ko ngir
Boroom bi." 34 Waaye man
maa ngi leen di wax ne,
buleen giñ dara; bumu doon
ci asamaan, ndaxte moo di
jalu Buur Yàlla; 35 bumu
doon ci àddina, ndax moo
di tegukaayu tànkam; bumu
doon it ci Yerusalem, ndax
moo di dëkku Buur bu mag
bi. 36 Bul giñ it ci sa
bopp, ndaxte manuloo we-
exal mbaa ñuulal benn ci
say kawar. 37 Sa waaw na
nekk waaw, sa déedéet na
nekk déedéet. Loo ci teg, ci
Ibliis la jóge.

*Bul feyu*

38 «Te it dégg ngeen ne
waxoon nañu: "Bët, bët a
koy fey; bëñ, bëñ a koy fey."
39 Waaye man maa ngi leen
di wax ne buleen bañ ku
leen def lu bon, waaye ku la
pes ci sa lexu ndijoor, jox ko
ba ca des. 40 Ku la bëgga
kalaame, ngir jël sa turki,
nga boole ca it sa mbubb
mu mag. 41 Ku la ga, nga
yenul ko doxub benn kilo-
met, àndal ak moom ñaar.
42 Mayal ku lay ñaan, te bul
jox gannaaw ku lay leb.

43 «Dégg ngeen ne wax-
oon nañu: "Soppal sa mo-
room te sib sa bañaale."
44 Waaye man maa ngi leen
di wax ne, soppleen seeni
bañaale te ñaanal ñi leen
di fitnaal, 45 ngir wone ne
yéenay doomi seen Baay bi
nekk ci kaw. Ndaxte mu ngi
fenkal jantam ci kaw ñu bon
ñi ak ñu baax ñi, te muy
tawal ñi jub ak ñi jubadi.
46 Su ngeen soppee ñi leen
sopp, ban yool ngeen am?

Xanaa juutikat yi duñu def
noonu it? 47 Su ngeen nuyoo
seeni bokk rekk, lu ngeen
def lu doy waar? Xanaa ñi
xamul Yàlla duñu def noonu
it? 48 Nangeen mat nag, ni
seen Baay bi ci kaw mate.

# 6

### *Ni ñuy sàkke sarax*

1 «Wottuleena def seeni
jëf yu jub ci kanam nit ñi,
muy ngistal. Lu ko moy,
dungeen am yool ci seen
Baay bi nekk ci kaw. 2 Booy
sàkk sarax nag, bul yeble
ci sa kanam, ñu yéene la.
Moom la naaféq yi di def
ca jàngu ya ak ca mbedd
ya, ngir nit ñi màggal leen.
Ci dëgg maa ngi leen koy
wax, jot nañu seen pey gépp.
3 Waaye booy sàkk sarax, bu
sa loxob càmmoñ xam li sa
loxob ndijoor di def, 4 ngir sa
sarax nekk kumpa. Noonu
sa Baay, bi dara umpul, dina
la ko delloo.

### *Ni ñuy ñaane ci Yàlla*

5 «Bu ngeen di ñaan,
buleen mel ni naaféq yi,
ñoom ñi bëgg di ñaan,
taxaw ca jàngu ya ak fa
mbedd yay daje, ngir nit ñi
gis leen. Ci dëgg maa ngi
leen koy wax, jot nañu seen
pey gépp. 6 Yaw nag booy
ñaan, duggal ci sa néeg, tëj
bunt bi, te nga ñaan sa Baay
bi bët manta gis. Noonu sa
Baay, bi dara umpul, dina la
ko delloo.
7 «Te it bu ngeen di ñaan,
buleen bareel wax yu amul
njariñ, mel ni ñi xamul
Yàlla; ñoom defe nañu ne,
Yàlla dina leen nangul ndax
seen wax ju bare. 8 Buleen
nirook ñoom, ndaxte seen
Baay xam na seeni soxla,
laata ngeen ko koy wax.
9 Yéen nag nii ngeen wara
ñaane:
“Sunu Baay bi nekk ci kaw,
yal na sa tur di lu ñu sellal,
10 yal na sa nguur ñëw,
yal na sa coobare am ci suuf
mel ni ci kaw.
11 Yal nanga nu may tey li nu
dunde;
12 te baal nu sunuy tooñ, ni
nu baale ñi nu tooñ;
13 Yàlla boo nu teg ci yoonu
nattu,
waaye yal nanga nu musal ci
lu bon.
Ndaxte yaw yaa yelloo
nguur ak kàttan ak
màggaay, ba fàww.
Amiin.”
14 «Su ngeen baalee ñi
leen tooñ, seen Baay bi ci
kaw dina leen baal seeni
tooñ yéen itam. 15 Waaye
su ngeen baalul ñi leen tooñ,
seen Baay it du leen baal
seeni tooñ.

### *Ni ñuy woore*

16 «Su ngeen di woor,
buleen mel ni naaféq yi,
ñoom ñi yoggoorlu, di
ñaawal seeni kanam, ngir
seen koor feeñu nit ñi. Ci
dëgg maa ngi leen koy
wax, jot nañu seen pey
gépp. 17 Yaw nag booy
woor, xeeñalal sa bopp te
nga sëlmu, 18 ngir sa koor
baña feeñu nit ñi, waaye mu
feeñu sa Baay bi bët manta
gis. Noonu sa Baay, bi dara
umpul, dina la ko delloo.

*Alali laaxira*

19 «Buleen dajale alal ci
àddina, fu ko max ak xo-
maag di yàqe, ak fu sàcc
di dugg, jot ko. 20 Waaye
dajaleleen alal ci laaxira, fu
ko max ak xomaag dul yàqe,
ak fu sàcc dul dugg, jot ko.
21 Ndaxte fu sa alal nekk, fa
la sa xol nekk itam.

22 «Bët mooy làmpu
yaram. Bu sa bët wéree,
kon sa yaram wépp leer,
23 waaye bu sa bët woppee,
kon sa yaram wépp lëndëm.
Leer gi nekk ci yaw, bu
nekkee lëndëm, naka la
lëndëm googu di këruuse!

24 «Kenn manula jaamoon-
doo ñaari sang; fàww nga
bañ kii, bëgg ki ci des, walla
nga jàpp ci kenn ki, xeeb
ki ci des. Manuleena boole
jaamu Yàlla ak jaamu Alal.

*Wóolul Yàlla*

25 «Loolu moo tax maa ngi
leen koy wax, buleen seen
bakkan jaaxal, ci lu ngeen
wara lekk, walla lu ngeen
wara naan. Buleen jaaxle it
ngir seen yaram, ci lu ngeen
wara sol. Xanaa bakkan
gënul lekk, te yaram gënul
koddaay? 26 Seetleen picci
asamaan: duñu ji, duñu
góob, duñu denc ci sàq;
teewul seen Baay bi ci kaw
moo leen di dundal. Ndax
ëppuleen maana picc yi ci
lu bare? 27 Ana kan ci yéen
ci kaw njaaxleem moo mana
yokk waxtu ci àppam?

28 «Te lu tax ngeen
di jaaxle ngir koddaay?
Seetleen bu baax, ni tóor-
tóori ñax mi di saxe ci tool
yi. Duñu liggéey, duñu
ëcc, 29 waaye maa ngi leen
di wax ne Suleymaan sax
ci ndamam soluwul woon
ni benn ci ñoom. 30 Yéen
ñi néew ngëm! Bu Yàlla
woddee nii ñaxum tool yi,
miy sax tey, te bu subaa ñu
def ko ci taal bi, ndax du
leen gëna wodd? 31 Buleen
jaaxle nag, di wax ne: “Lu
nu wara lekk? Lu nu wara
naan?” walla: “Lu nu wara
sol?” 32 Ndaxte loolu lépp,
ñi xamul Yàlla ñoo koy wut.
Te seen Baay, bi nekk ci
kaw, xam na ne am ngeen
soxla ci loolu lépp. 33 Waaye
jëkkleena wut nguuram ak
njubteem, te loolu lépp dina
leen ko ci dollil. 34 Buleen
jaaxle nag ngir ëllëg, ndaxte
ëllëg dina topptoo boppam.
Bés bu nekk, coonoom doy
na ko.

# 7

*Bul ñaaw njort, ba àtte sa moroom*

1 «Buleen àtte seeni mo-
room ak ñaaw njort, ngir
bañ ñu àtte leen yéen itam.
2 Ndaxte dees na leen àtte
ak ni ngeen di àttee, nattal
leen ak li ngeen di nattale.
3 Lu tax ngay xool ñax gi ci sa
bëtu mbokk, te gisuloo gànj
gi ci sa bët yaw? 4 Walla
nan ngay waxe sa mbokk:
“May ma, ma dindil la ñax
gi ci sa bët,” fekk gànj a ngii
ci sa bët yaw? 5 Naaféq,
jëkkala dindi gànj gi ci sa
bët, te noonu dinga mana gis
bu leer, ngir dindi ñax gi ci
sa bëtu mbokk.

6 «Buleen jox lu sell xaj
yi, mbaa sànni seeni per ci
kanam mbaam-xuux yi, ngir
bañ ñu dëggaate ko te wal-
batiku, xotti leen.

### *Yàlla nangu na ñaanu ku gëm*

7 «Ñaanleen, ñu may
leen; seetleen te dingeen
gis; fëggleen, ñu ubbil leen.
8 Ndaxte képp kuy ñaan,
dinga am; kuy seet, dinga
gis; kuy fëgg, ñu ubbil la.
9 Kan ci yéen, bu la sa
doom ñaanee mburu, nga
jox ko doj? 10 Walla mu
ñaan la jën, nga jox ko
jaan? 11 Ndegam yéen ñi
bon yéena mana jox seeni
gone lu baax, astamaak seen
Baay bi nekk ci kaw dina jox
lu baax ñi ko koy ñaan!
12 «Kon nag lépp lu ngeen
bëgg, nit ñi defal leen ko,
yéen itam nangeen leen ko
defal; ndaxte loolu moo
ëmb yoonu Musaa ak waxi
yonent yi.

### *Bunt bu xat bi*

13 «Jaarleen ci bunt bu xat
bi, ndaxte bunt bi ak yoon
wi jëm sànku yaatu nañu, te
ñi ciy jaar bare. 14 Waaye
buntu dund gu wóor xat na,
te yoon wi jëm kaw sew na,
te ñi ko gis barewul.

### *Garab ak meññeefam*

15 «Moytuleen ñi mbub-
boo turu yonent. Dañuy
ñëw ci yéen, yor melow
xar, waaye ci biir ay bukki
yu soxor lañu. 16 Dingeen
leen xàmmee ci seeni jëf.
Ndax dees na witte reseñ ci
dédd, walla figg ci xaaxaam?
17 Noonu garab gu baax gu
nekk dina meññ doom yu
neex, waaye garab gu bon
dina meññ doom yu bon.
18 Garab gu baax manula
meññ doom yu bon, naka
itam garab gu bon man-
ula meññ doom yu neex.
19 Garab gu nekk gu dul
meññ doom yu neex, dees na
ko gor, sànni ko ca sawara
sa. 20 Ci seeni jëf nag ngeen
leen di xàmmee.
21 «Du képp ku may wax:
“Boroom bi, Boroom bi,”
mooy dugg ca nguuru Yàlla
Aji Kawe ji; ka cay dugg
mooy kiy def sama coobarey
Baay, bi nekk ci kaw. 22 Bu
bés baa, ñu bare dinañu
ma wax: “Boroom bi, Bo-
room bi, ndax du ci saw tur
lanu daa waxe ci kàddug
Yàlla? Ndax du ci saw
tur lanu daa dàqe ay rab?
Ndax du ci saw tur lanu daa
defe ay kéemaan yu bare?”
23 Ci kaw loolu dinaa leen
wax dëgg ne leen: “Ma-
suma leena xam; soreleen
ma, yéen ñiy def bàkkaar.”

### *Léebu ñaari tabaxkat yi*

24 «Képp ku dégg nag lii
ma leen wax, te di ko jëfe,
dinga mel ni nit ku am xel,
ku tabax këram, samp ko
ciw doj. 25 Ba mu noppee,
taw bi daldi sóob, wal mi
ñëw, ngelaw li jóg, ñu dal ci
kaw kër ga; waaye màbbul,
ndaxte mu ngi jàpp ca doj
wa. 26 Waaye képp ku dégg
lii ma leen wax te jëfewuloo
ko, dinga mel ni nit ku ñàkk

xel, ku tabax këram ci gan-
nuus bi. 27 Ba mu noppee,
taw bi daldi sóob, wal mi
ñëw, ngelaw li jóg, ñu dal ci
kaw kër ga; mu màbb, ba ne
tasar.»
28 Bi Yeesu waxee loolu
ba noppi, mbooloo ma
daldi waaru ca njàngleem,
29 ndaxte jàngal na leen ak
sañ-sañ bu seeni xutbakat
amul.

# 8

*Yeesu faj na ku gaana*

1 Bi loolu amee Yeesu wàcc
ca tund wa, te mbooloo mu
bare topp ko. 2 Noonu ku
gaana ñëw, sukk ci kana-
mam ne ko: «Sang bi, soo
ko bëggee, man nga maa
faj.» 3 Yeesu tàllal lox-
oom, laal ko naan: «Bëgg
naa ko, wéral.» Ca saa sa
ngaanaam daldi deñ. 4 Yeesu
ne ko: «Déglul, bu ko wax
kenn, waaye demal won sa
bopp sarxalkat bi, te nga
jébbal Yàlla sarax, si yoonu
Musaa santaane, ngir mu
nekk seede ci ñoom.»

*Ngëmu njiitu xare bi*

5 Gannaaw loolu Yeesu
duggoon na Kapernawum.
Bi mu fa duggee nag, ab nji-
itu xare fekksi ko. Mu ñaan
ko, 6 ne ko: «Sang bi, sama
surga dafa làggi, tëdd ca kër
ga te sonn lool.» 7 Yeesu
ne ko: «Dinaa ñëw faj ko.»
8 Waaye njiit la ne ko: «Sang
bi, yeyoowuma nga dugg ci
sama kër; waxal genn kàddu
rekk, te sama surga dina
wér. 9 Ndaxte man itam
maa ngi nekk ci ndigal, te
ame naa ay xarekat ci sama
ndigal. Su ma nee kii: “De-
mal,” mu dem. Mbaa ma
ne keneen ki: “Ñëwal,” mu
ñëw. Te su ma nee sama
jaam: “Defal lii,” mu def ko.»
10 Bi ko Yeesu déggee,
mu waaru, ne ña topp ci
moom: «Ci dëgg maa ngi
leen koy wax, masumaa gis
ci bànni Israyil ku gëme ni
kii. 11 Maa ngi leen koy
wax, ñu bare dinañu ñëw,
jóge ci penku ak sowu, bokk
lekk ak Ibraayma ak Isaaxa
ak Yanqóoba ci nguuru Yàlla
Aji Kawe ji. 12 Waaye ñi
waroona bokk ca nguur ga,
dees na leen sànni ci biti ci
lëndëm gi. Foofa dees na fa
jooy tey yéyu.» 13 Ci kaw
loolu Yeesu wax njiit la ne
ko: «Ñibbil, na ame, ni nga
ko gëme.» Noonu ca waxtu
woowa sax surga ba daldi
wér.

*Yeesu faj na jarag yu bare*

14 Gannaaw loolu Yeesu
dem kër Piyeer. Ba mu
eggee, mu fekk gorob Piyeer
bu jigéen tëdd ak yaram wu
tàng. 15 Bi mu ko gisee,
Yeesu laal loxoom, tàngoor
wa daldi wàcc; soxna sa jóg,
di ko topptoo.
16 Ca ngoon sa ñu indil ko
ñu bare ñu rab jàpp. Yeesu
dàq rab ya ak kàddoom te
faj ñi wopp ñépp. 17 Loolu
mu def, def na ko, ngir la ñu
waxoon jaarale ko ci yonent
Yàlla Esayi am, bi mu naan:
«Fab na sunuy wopp, gàddu
sunuy jàngoro.»
18 Bi Yeesu gisee mbooloo
ma ko wër nag, mu sant
taalibe ya, ñu jàll dex ga.

19 Laata ñuy jàll, benn xutbakat daldi ñëw ci moom ne ko: «Kilifa gi, dinaa la topp fépp foo jëm.»
20 Waaye Yeesu ne ko: «Till yi am nañu seeni kàmb, te picci asamaan am nañu ay tàgg, waaye Doomu nit ki amul fu mu noppal boppam.» 21 Noonu keneen ca taalibe ya ne ko: «Sang bi, may ma, ma jëkka dem suuli sama baay.» 22 Yeesu ne ko: «Toppal ci man te bàyyi ñi dee, ñu suul seeni néew.»

*Yeesu dalal na ngelaw li*

23 Bi mu ko waxee, Yeesu dugg ca gaal ga, ay taalibeem topp ko. 24 Ca saa sa ngelaw lu bare daldi yëngal dex ga, ba duus ya sàng gaal ga. Fekk booba Yeesu nelaw. 25 Noonu taalibe ya daldi jegesi, yee ko naan: «Sang bi, musal nu, nu ngiy dee!» 26 Waaye Yeesu ne leen: «Yéen ñi néew ngëm, lu tax ngeen tiit?» Ci kaw loolu mu jóg, daldi gëdd ngelaw li ak duus yi. Lépp dal, ba ne nemm. 27 Bi ko nit ña gisee, ñu waaru naan: «Kii kan la ci biir nit ñi, ba ngelaw li ak dex gi di ko déggal?»

*Yeesu faj na ñaar ñu rab jàpp*

28 Bi Yeesu jàllee nag, ba teer ca diiwaanu waa Gadara, ñaar ñu rab jàpp daldi génn ca sëg ya, ñëw kar ko. Ñaar ñooñu nag, ñu soxor lañu woon, ba kenn ñemewul woona jaar foofa.
29 Ña rab jàpp daldi xaacu naan: «Yaw Doomu Yàlla ji, loo nuy fexeel? Ndax danga noo bëgga mbugal, bala waxtu way jot?»

30 Fekk amoon na ca wet ya géttu mbaam-xuuux yu bare yuy for. 31 Rab ya nag ñaan ko ne: «Boo nu dàqee, sànni nu ca géttu mbaam-xuux ya.» 32 Yeesu ne leen: «Demleen.» Rab ya nag daldi génn, dugg ca mbaam-xuux ya, ñu daldi bartalu, daanu ca dex ga, lab ca ndox ma.

33 Ba sàmm ya gisee loolu, ñu daw, dem dëkk ba, nettaliji lépp ak la xewoon ca ña rab jàpp. 34 Noonu dëkk ba bépp génn seeti Yeesu. Ba ñu ko gisee nag, ñu ñaan ko, mu génn seen réew.

# 9

*Yeesu faj na ku làggi*

1 Bi loolu amee Yeesu dugg cig gaal, jàll dex ga, dellu dëkkam. 2 Foofa ñu indil ko ku tëdd ci basaŋ, fekk yaramam wépp làggi. Bi Yeesu gisee seen ngëm, mu ne ku làggi ka: «Na sa xel dal, sama waay, baal nañu la say bàkkaar.»

3 Bi mu waxee loolu, ay xutbakat daldi ne ci seen biir: «Nit kii mu ngi sosal Yàlla.» 4 Waaye Yeesu xam seen xalaat ne leen: «Lu tax ngeen am xalaat yu bon ci seen xol? 5 Ma wax ne: “Baal nañu la say bàkkaar,” walla ma ne: “Jógal te dox,” lan moo ci gëna yomb?
6 Waaye xamleen ne, Doomu

nit ki am na ci àddina sañ-
sañu baale bàkkaar yi.» Ci
kaw loolu Yeesu ne ku làggi
ka: «Jógal, jël sa basaŋ te
nga ñibbi.» 7 Noonu làggi
ba daldi jóg, ñibbi. 8 Ba
mbooloo ma gisee loolu, ñu
daldi ragal te màggal Yàlla,
mi dénk sañ-sañ bu tollu
noonu doom Aadama yi.

*Yeesu woo na Macë, mu nekk taalibeem*

9 Bi Yeesu jógee foofa, mu
gis nit ku tudd Macë, toog ca
juuti ba. Yeesu ne ko: «Kaay
topp ma.» Noonu Macë jóg,
daldi ko topp.

10 Gannaaw ga Yeesu doon
lekk ca kër ga, te ay juu-
tikat ak i boroom bàkkaar
yu bare dikk, bokk lekk
ak Yeesu ak taalibeem ya.
11 Bi ko Farisen ya gisee
nag, ñu ne taalibe ya: «Lu
tax seen kilifa di lekkandoo
ak ay juutikat ak ay bo-
room bàkkaar?» 12 Waaye
bi ko Yeesu déggee, mu
ne: «Ñi wér soxlawuñu
fajkat, ñi wéradi ñoo ko
soxla. 13 Mbind mi nee na:
“Yërmande laa bëgg, waaye
du rendi saraxi mala.” Dem-
leen nag te seet lu wax joo-
juy tekki. Ndaxte ñëwuma,
ngir woo ñi jub, waaye
bàkkaarkat yi laay woo.»

*Ndax warees na woor?*

14 Gannaaw loolu taalibey
Yaxya ñëw ci Yeesu ne ko:
«Lu tax nuy woor, nun ak
Farisen yi, te say taalibe
duñu woor?» 15 Yeesu ne
leen: «Ndax gan yi ñëw ci
céet dinañu naqarlu dara,
li feek boroom céet gaa ngi
ànd ak ñoom? Waaye bés
yaa ngi ñëw yu ñuy jële
boroom céet gi ci seen biir;
booba nag dinañu woor.
16 Xam ngeen ne, kenn du
daax mbubb mu màggat
ak sekkit wu bees; ndaxte
sekkit wi day ñoddi mbubb
mi, te xottiku bi gëna yaatu.
17 Te it duñu def biiñ bu bees
ci mbuusi der yu màggat.
Lu ko moy, mbuus yi dañuy
toj, biiñ bi tuuru te mbuus yi
yàqu. Waaye biiñ bu bees,
dees na ko def ci mbuus yu
bees. Noonu ñoom ñaar
duñu yàqu.»

*Yeesu dekkal na doomu njiitu jàngu ba te faj jigéen*

18 Bi leen Yeesu di wax
loolu, benn njiitu jàngu
daldi ñëw, sukk ci kanamam
ne ko: «Sama doom ju
jigéen dafa faatu léegi,
waaye ñëwal, teg ko say
loxo, te dina dundaat.»
19 Noonu Yeesu jóg, topp ko,
moom ak ay taalibeem.

20-21 Bi ñuy dem nag,
amoon na ca mbooloo ma
jigéen juy xëpp deret diirub
fukki at ak ñaar. Mu defe
ne su laalee mbubbam rekk,
dina wér. Mu jegeñsi Yeesu
nag, doxe ko gannaaw, laal
catu mbubbam.
22 Bi mu ko defee Yeesu
waññiku ne ko: «Na sa xel
dal, soxna si, sa ngëm faj na
la.» Noonu jigéen ja daldi
wér ca saa sa.
23 Bi Yeesu eggee kër njiit
la, mu gis ñiy liit ak tox-
oro, ak mbooloo may def
coow lu bare. 24 Mu ne
leen: «Génnleen, janq bi
deewul, day nelaw rekk.» Bi

ko mbooloo ma déggee, ñu
daldi ko ñaawal. 25 Waaye
ñu génne leen, Yeesu dugg,
jàpp loxob janq ba, mu daldi
jóg. 26 Noonu xibaaru li mu
def daldi siiw ca réew ma.

*Yeesu faj na ñaari gumba*

27 Bi Yeesu jógee foofa,
ñaari gumba topp ko, di
wax ca kaw naan: «Yërëm
nu, yaw Sëtu Daawuda bi!»
28 Noonu Yeesu dugg ca kër
ga, gumba ya toppsi ko.
Yeesu ne leen: «Ndax gëm
ngeen ne man naa def li
ngeen ma laaj?» Ñu ne ko:
«Waaw, Sang bi.» 29 Kon
Yeesu daldi laal seeni bët ne
leen: «Na am, ni ngeen ko
gëme.» 30 Ca saa sa seeni
bët daldi ubbiku. Yeesu
dénk leen bu wér ne leen:
«Moytuleen kenn xam ko.»
31 Waaye ñu génn rekk, sii-
wal turam fu nekk.

*Yeesu faj na ki rab jàpp*

32 Bi ñu fa jógee nag,
amoon na ñeneen ñu ñëw fi
moom, indil ko ku rab jàpp,
mu luu. 33 Yeesu dàq rab
wa, luu ba daldi wax. Bi ñu
ko gisee, mbooloo ma waaru,
ñu ne: «Lu mel nii, masuñu
koo gis ci Israyil.» 34 Waaye
Farisen ya ne: «Ci kàttanu
buuru rab yi lay dàqe rab
yi.»

*Yeesu yërëm na mbooloo mi*

35 Noonu Yeesu wër dëkk
yu mag ya yépp ak yu ndaw
ya, di leen jàngal ci seeni
jàngu, tey yégle xibaaru
jàmm bi jëm ci nguuru
Yàlla, di faj jàngoro yépp ak
wéradi yépp.
36 Bi Yeesu gisee mbooloo
ma, mu yërëm leen, ndaxte
dañoo sonn ba ne yogg,
mel ni xar yu amul sàmm.
37 Noonu mu ne taalibeem
ya: «Ngóob mi yaatu
na, waaye liggéeykat yi
barewuñu. 38 Ñaanleen
nag Boroom ngóob mi, mu
yebal ay liggéeykat, ñu góob
toolam.»

# 10

*Yeesu yónni na fukki ndaw ya ak ñaar*

1 Noonu Yeesu woo ca
moom fukki taalibeem ya ak
ñaar, jox leen sañ-sañu dàq
rab yi, tey faj jàngoro yépp
ak wéradi yépp.
2 Fukki ndaw ak ñaar, ya
Yeesu yónni woon nag, nii
lañu tuddoon:

ku jëkk ki mooy Simoŋ mi ñuy wax Piyeer,
ak Andare mi bokk ak moom ndey ak baay;
Saag doomu Sebede, ak Yowaana rakkam;
3 Filib ak Bartelemi;
Tomaa ak Macë, juutikat ba woon;
Saag doomu Alfe, ak Tade;
4 Simoŋ, mi bokk ca mbooloo, ma ñu tudde Ñi farlu ci moom seen réew;
ak Yudaa Iskariyo, mi nara wor Yeesu.

5 Yeesu yónni fukk
ñooñule ak ñaar, jox leen
ndigal ne leen: «Buleen
dem ci ñi dul Yawut mbaa
dugg ci benn dëkku waa
Samari. 6 Waaye demleen

ci bànni Israyil, ñoom ñi
réer niy xar. [7] Bu ngeen
demee nag, yégleleen naan:
“Nguuru Yàlla Aji Kawe ji
jegesi na.” [8] Fajleen ñi wopp,
dekkal ñi dee, fajleen gaana
yi te dàq rab yi. Cig neen
ngeen ame, mayeleen cig
neen. [9] Buleen dajale wurus,
xaalis mbaa xànjar ci seeni
maxtume. [10] Buleen wut
it mbuus ngir tukki mbaa
ñaari turki, ay dàll mbaa aw
yet, ndaxte liggéeykat yeyoo
na dundam.

[11] «Bu fekkee ne agsi
ngeen ci dëkk bu mag mbaa
bu ndaw, nangeen fa seet ku
fa am faayda, dal ca moom
ba kera ngeen jóge dëkk ba.
[12] Bu ngeen di dugg ci kër
nag, nuyooleen. [13] Bu fekkee
ne kër ga yeyoo na ko, na
seen jàmm wàcc ci ñoom,
waaye bu ko yeyoowul, na
seen yéene délsi ci yéen.
[14] Koo xam ne gàntu na leen,
mbaa mu tanqamlu seeni
wax, génnleen ca kër ga
mbaa ca dëkk ba, yëlëb seen
pëndu tànk. [15] Ci dëgg maa
ngi leen koy wax, keroog
bésub àtte ba, waa réewu
Sodom ak Gomor ñooy tane
dëkk boobu.

[16] «Dégluleen, maa ngi
leen di yónni, mel ni ay xar
ci biir ay bukki. Muusleen
nag niy jaan, te lewet niy
pitax. [17] Waaye moytuleen
nit ñi, ndaxte dinañu leen
jébbal àttekat yi te dóor
leen ay yar ci seeni jàngu.
[18] Dees na leen yóbbu ngir
man ci kanam i boroom
réew ak i buur, ngir ngeen
seede ma ci ñoom ak ci ñi
dul Yawut. [19] Boo xamee
ne nag jébbale nañu leen,
buleen am xel ñaar ci li
ngeen di wax, mbaa ni
ngeen koy waxe. Ndaxte ca
waxtu woowa sax dingeen
jot li ngeen wara wax; [20] du
yéenay wax, waaye Xelum
seen Baay mooy wax ci yéen.

[21] «Mag dina joxe rakkam
cig dee, baay joxe doomam;
ay doom it dinañu jóg, bañ
seeni waajur, di leen reylu.
[22] Te yéen nag, ñépp di-
nañu leen bañ ndax sama
tur; waaye ku muñ ba muj
ga, mucc. [23] Boo xamee ne
fitnaal nañu leen ci dëkk bii,
demleen ca ba ca kanam. Ci
dëgg maa ngi leen koy wax,
dungeen mana wër dëkki Is-
rayil yépp, te Doomu nit ki
ñëwul.»

[24] Yeesu teg ca ne: «Taal-
ibe gënul kilifaam, te jaam
gënul sangam. [25] Bu taalibe
yemee ak kilifaam demin,
doy na; jaam it ni sangam.
Ndegam tudde nañu boroom
kër gi Beelsebul, astamaak
waa kër gi. [26] Kon nag
buleen leen ragal, ndaxte
amul dara lu nëbbu, lu
ñu warula biral, mbaa luy
kumpa lu ñu warula sii-
wal. [27] Li ma leen wax
ci biir lëndëm, waxleen ko
ci leer; li ma leen déey,
yégleleen ko ci kaw taax yi.
[28] Te buleen ragal ñu mana
rey yaram, te manuñoo rey
ruu, waaye ragal-leen ki
mana sànk yaram ak ruu
ci sawara. [29] Ñaari picci
ramatu, ndax duñu ko jaay
ci dërëm? Waaye benn ci

ñoom du daanu ci suuf te
soobul seen Baay. 30 Seen
kawari bopp sax, waññees
na leen. 31 Kon buleen ragal
dara, yéena gën ndiiraanu
ramatu.

32 «Koo xam ne nangu nga
ma ci kanam nit ñi, man
itam dinaa la nangu ci sama
kanam Baay, bi nekk ci kaw.
33 Waaye ku ma gàntu ci
kanam nit ñi, man itam di-
naa la gàntu ci sama kanam
Baay, bi nekk ci kaw.

34 «Te it buleen defe ne
damaa ñëw ngir indi jàmm
ci àddina; ñëwuma ngir
indi jàmm, waaye jaasi
laa indaale. 35 Ndaxte
ñëw naa ngir féewale
doom ak baayam, doom ju
jigéen ak ndeyam, jabar
ak goroom; 36 te nooni nit
ñooy waa këram. 37 Ku
ma gënalul sa ndey walla
sa baay, yeyoowuloo ma;
ku ma gënalul sa doom
ju góor walla ju jigéen,
yeyoowuloo ma. 38 Koo xam
ne kii nanguwuloo ñàkk sa
bakkan, ba mel ni ku ñu
daaj ci bant, te nga topp
ma, yeyoowuloo ma. 39 Kuy
rawale sa bakkan, ñàkk ko,
te ku ñàkk sa bakkan ndax
man, jotaat ko.

40 «Te lii itam am na, ku
leen nangu, nangu na ma,
te ku ma nangu, nangu na
ki ma yónni. 41 Ku nangu
yonent ndax yónnentam,
dina jot ci peyu yonent;
te ku nangu ku jub ndax
njubteem, dina jot ci peyu
ku jub. 42 Ci dëgg maa ngi
leen koy wax, koo xam ne kii
may na kaasu ndox mu sedd
rekk kenn ci ñi gëna ndaw,
ndax sama taalibe la, kooku
du ñàkk yoolam mukk.»

# 11

1 Ba Yeesu joxee fukki taal-
ibeem ya ak ñaar ndigal
yooyu, mu jóge fa, ngir dem
jàngleji ak a waare ci seeni
dëkk.

*Yaxya yónnee na, di laaj Yeesu*

2 Gannaaw loolu Yaxya
dégg ca kaso ba jëfi Almasi
bi. Mu yónni ci moom nag
ay taalibeem, 3 ne ko: «Ndax
yaa di Ki wara ñëw, walla
danoo wara xaar keneen?»

4 Yeesu ne leen: «Demleen
nettali Yaxya li ngeen dégg
te gis ko. 5 Gumba yaa ngi
gis, lafañ yiy dox, gaana yi
wér, tëx yiy dégg, ñi dee
di dekki, te néew doole ñaa
ngi dégg xibaaru jàmm bi.
6 Yaw mi sa ngëm yolomul
ndax man, barkeel nga.»

7 Bi nga xamee ne taal-
ibe ya Yaxya yónni woon
ci Yeesu dem nañu, Yeesu
daldi wax ak mbooloo ma ci
mbirum Yaxya ne leen: «Lu
ngeen seeti woon ca màndiŋ
ma? Xanaa barax buy jaayu
ci ngelaw li? 8 Kon lu ngeen
seeti woon nag? Nit ku
sol yére yu rafet? Waaye
ñi sol yére yu rafet ñu ngi
dëkk ci këri buur. 9 Lu
tax ngeen génn nag? Ngir
gis ab yonent? Waaw, wax
naa leen ne ëpp na yonent.
10 Yaxya male moo di ki ñu
waxoon ci Mbind mi naan:
“Maa ngi yónni sama ndaw,
mu jiitu la,

te xàllal la yoon ci sa
kanam.”
11 Ci dëgg maa ngi leen
koy wax, ci li jigéen jur,
ku sut Yaxya masula feeñ.
Waaye ba tey ki gëna ndaw
ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji
moo ko sut. 12 Ci li dale
ci jamonoy Yaxya ba léegi,
nit ñaa ngi góor-góorlu ngir
dugg ci nguuru Yàlla, te
ñi sawar ñoo ci am wàll.
13 Ndaxte li yonent yi wax
ak li yoonu Musaa tëral
ñu ngi doon dox, ba kera
Yaxya di feeñ. 14 Te Yaxya
moomu, su ngeen bëggee
nangu lii, mooy Ilyaas bi
waroona ñëw. 15 Déglul bu
baax, yaw mi am ay nopp.

16 «Niti jamono jii nag, lan
laa leen mana méngaleel?
Ñu ngi nirook xale yu toog ca
pénc ma, di woo seeni xarit,
17 ne leen:
“Liital nanu leen ak toxoro,
te fecculeen,
woyal nanu leen woyi dëj, te
jooyuleen.”
18 Ndaxte Yaxya feeñ na,
lekkul, naanul, ngeen daldi
ne: “Dafa ànd ak rab.”
19 Gannaaw gi nag, Doomu
nit ki ñëw na, lekk, naan,
ngeen daldi ne: “Kii daal
bëgg na lekk, di naan biiñ,
tey xaritoo ak ay juutikat ak
ay boroom bàkkaar.” Waaye
li xam-xamu Yàlla di jur,
mooy firndeel ne dëgg la.»

*Yeesu gëdd na ay dëkk*

20 Gannaaw loolu Yeesu
daldi gëdd dëkk, ya mu
defe woon la ëpp cay
kéemaanam, ndaxte tu-
ubuñu seeni bàkkaar. 21 Mu
ne: «Dingeen torox, yéen
waa Korasin ak waa Bet-
sayda, ndaxte kéemaan yi
ma def ci yéen, bu ñu leen
defoon ci dëkku Tir walla
ci dëkku Sidon, kon réccu
nañu bu yàgg, xëppoo
dóom, sol saaku. 22 Waaye
maa ngi leen koy wax,
keroog bés pénc ma Tir ak
Sidon ñoo leen di tane. 23 Te
yaw dëkku Kapernawum,
ndax dees na la yékkati bu
kawe? Déedéet, dees na
la daane bu suufe. Ndaxte
kéemaan yi ma def ci yaw,
bu ñu leen defoon ci dëkku
Sodom, kon mu nekk ba tey.
24 Waaye maa ngi leen koy
wax, keroog bés pénc ma
Sodom moo lay tane.»

*Woote bu mag bi*

25 Ca jamono joojale Yeesu
wax na lii: «Yaw Baay, Bo-
room asamaan ak suuf, maa
ngi lay sant ci li nga nëbb
yëf yii ñi am xam-xam ak ñi
am xel, te xamal leen gone
yi. 26 Waaw, Baay, ndaxte
looloo la neex.» 27 Yeesu teg
ca ne: «Sama Baay jébbal na
ma lépp, te kenn manu maa
xam, man Doom ji, ku dul
Baay bi; kenn it manula xam
Baay bi, ku dul man Doom ji,
ak ku ma ko bëgga xamal.

28 «Ñëwleen ci man,
yéen ñépp ñi sonn te diis,
dinaa leen may noflaay.
29 Jébbaluleen ci man te
jàng ci man, ndaxte lewet
naa te woyof, te dingeen am
noflaay ci seen xol. 30 Ndaxte
sama kilifteef lewet na te
sama yen diisul.»

# 12

*Yeesu nee na, mooy boroom bésub noflaay bi*

[1] Amoon na benn bésub
noflaay Yeesu jaar ci ay tool
yu ñor, fekk ay taalibeem
xiif; ñu daldi fàq ay gub
nag, di lekk. [2] Farisen ya
nag gis ko, ne Yeesu: «Gisal,
say taalibe ñu ngi def lu
jaaduwul ci bésub noflaay
bi.»
[3] Noonu Yeesu ne
leen: «Ndax jànguleen
la Daawuda defoon, ba
mu xiifee, moom ak ña
mu àndaloon? [4] Xanaa
yéguleen, ni mu dugge
woon ca kër Yàlla ga, gis
fa mburu, ya ñu teewal ca
kanam Yàlla, mu daldi ko
lekk. Fekk jaaduwul mu
lekk ca, moom walla ña mu
àndaloon; sarxalkat rekk a
ko sañoona lekk. [5] Te it ndax
jànguleen ci yoonu Musaa,
ne sarxalkat ya ca kër Yàlla
ga teraluñu bésub noflaay
bi, te tooñuñu? [6] Waaye
maa ngi leen koy wax, am
na ci seen biir ku sut kër
Yàlla ga. [7] Mbind mi nee na:
“Yërmande laa bëgg, waaye
du rendi saraxi mala.” Su
ngeen xamoon lu wax joojuy
tekki, kon dungeen teg tooñ
ñi tooñul. [8] Ndaxte Doomu
nit ki mooy boroom bésub
noflaay bi.»

*Yeesu faj na nit ku loxoom làggi*

[9] Bi loolu amee Yeesu jóge
foofa, dugg ci seen jàngu,
[10] te amoon na fa nit ku loxoom làggi. Noonu Farisen
ya laaj ko: «Faj ci bésub
noflaay bi, ndax loolu jaadu
na?» Fekk ñuy wut buntu
tuumaal ko. [11] Yeesu ne leen:
«Ku fi amoon xar, mu daanu
ci kàmb ci bésub noflaay
bi, ndax doo ko jàpp, génne
ko? [12] Nit nag, ndax ëppul
maana xar? Kon def lu baax
ci bésub noflaay bi jaadu
na.»
[13] Noonu Yeesu ne nit ka:
«Tàllalal sa loxo!» Mu tàllal
ko nag, loxoom daldi wér,
mel ni ba ca des.
[14] Farisen ya génn nag,
daldi gise, ngir fexee reylu
Yeesu. [15] Waaye bi ko Yeesu
yégee, mu sore foofa; te ñu
bare topp ko, mu wéral leen
ñoom ñépp. [16] Te mu dénk
leen bu wóor, ñu bañ koo
siiwal. [17] Def na noonu, ngir
amal la ñu waxoon jaarale
ko ci yonent Yàlla Esayi, bi
mu naan:
[18] «Kii mooy sama Ndaw li ma tànn,
di sama Soppe bi neex sama xol.
Dinaa def sama Xel ci moom,
muy yégal xeet yi yoonu njub.
[19] Du xëccoo mbaa muy wax ci kaw,
te kenn du dégg baatam ci mbedd yi.
[20] Du dammte barax bu banku,
te mees guy saxar, du ko fey,
ba kera mu yégal njub, ba daan.
[21] Ci turam la xeet yi di ame yaakaar.»

*Ku rab jàpp, mu gumba te luu*

[22] Booba ñu indil ko ku
rab jàpp, mu gumba te luu.
Yeesu faj ko, ba ku luu ki
di wax tey gis. [23] Noonu

mbooloo mépp yéemu naan:
«Ndax kii du Sëtu Daawuda
bi?»
24 Bi Farisen ya déggee
loolu nag, ñu ne: «Kii
ci kàttanu Beelsebul, buuru
rab yi, lay dàqe rab yi.»
25 Waaye Yeesu xam seen
xalaat ne leen: «Réew mu
xeex boppam tas, te dëkk
mbaa kër guy xeex boppam
du mana yàgg. 26 Bu Sey-
taane dàqee Seytaane nag,
xeex na boppam; kon naka
la nguuram di mana yàgge?
27 Te it bu fekkee ne man
damay dàq ay rab ci kàttanu
Beelsebul, seeni taalibe nag,
ci gan kàttan lañu leen di
dàqe? Kon ñoo leen di àtte.
28 Waaye bu fekkee ne ci
Xelum Yàlla laay dàqe rab,
kon nguuru Yàlla agsi na ba
ci yéen.
29 «Su fi amee nit ku bare
doole, te nit bëgga dugg ci
këram, nangu alalam, naka
la koy defe? Xanaa dafay
jëkka yeew ku bare doole
ka, ba noppi doora toj këram
gépp. 30 Noonu ku farul ak
man, yaa ngi may xeex, ku
dajalewul ak man, yaa ngi
tasaare.»

*Ku sosal Xelu Yàlla mi*

31 Yeesu teg ca ne: «Loolu
moo tax maa ngi leen koy
wax, bàkkaar walla sos wu
mu mana doon, dinañu ko
baale, waaye ku sosal Xelum
Yàlla, duñu ko baal. 32 Ku
sosal Doomu nit ki, dinañu
ko baal, waaye ku sosal Xel
mu Sell mi, duñu ko baal
mukk, du ci àddina si, du
ci àllaaxira. 33 Neeleen
garab gi baax na, moom ak
meññeefam, walla ngeen
ne garab gi bon na, moom
ak meññeefam; ndaxte
garab, meññeefam lañu koy
xàmmee. 34 Yéen ñi fees
ak daŋar ni ay co, naka
ngeen mana waxe lu baax,
fekk dangeen bon? Ndaxte
gémmiñ, la fees xol lay wax.
35 Noonu nit ku baax, lu baax
lay wax, jële ko ca fa mu
denc lu baax, te nit ku bon,
lu bon lay wax, jële ko ca
fa mu denc lu bon. 36 Maa
ngi leen di wax ne keroog
bés pénc, nit ñi dinañu làyyi
ndax wax ju nekk ju amul
njariñ, ju ñu masa wax.
37 Ndaxte dees na la àtte ni
ku jub ci say wax, walla ñu
daan la ci say wax.»

*Yeesu nanguwula def kéemaan*

38 Ci kaw loolu ay xutbakat
ak ay Farisen wax ak Yeesu
ne ko: «Kilifa gi, danoo
bëggoon, nga won nu
kéemaan guy firndeel sag
yónnent.» 39 Yeesu ne leen:
«Yéenay laaj firnde, yéen
niti jamono ju bon jii, yéen
ñi fecci seen kóllëre ak Yàlla,
waaye dungeen jot jenn
firnde ju dul firndey yonent
Yàlla Yunus. 40 Ndaxte ni
Yunus nekke woon ñetti
guddi ak ñetti bëccëg ci biir
rabu géej wu mag, noonu la
Doomu nit ki di nekke ñetti
guddi ak ñetti bëccëg ci biir
suuf. 41 Keroog bés pénc
waa dëkku Niniw dinañu
jógandoo ak niti jamono
jii, yey leen; ndaxte bi leen
Yunus waaree, tuub nañu
seeni bàkkaar, te ku sut
Yunus a ngi fi. 42 Te it ca

bés pénc buur bu jigéen, ba dëkkoon ca sudd, dina jógandoo ak niti jamono jii, yey leen; ndaxte dafa jóge ca catul àddina, ngir déglu xam-xamu Suleymaan, te ku sut Suleymaan a ngi fi.

43 «Boo xamee ne rab
wa jàppoon nit génn na ci moom, day wër ay bérab yu wow, di wut fu mu noppaloo, waaye du ko gis.
44 Noonu da naan: “Naa dellu ca sama kër, ga ma génne woon.” Bu ñëwee nag, mu fekk kërug neen, ñu bale ko, defar ko ba lépp jekk.
45 Bu ko gisee nag, mu dem wooyi yeneen juróom ñaari rab yu ko gëna soxor, ñu dugg, sanc fa; ba tax muju nit kooku mooy yées njàlbéenam. Noonu lay nekke ak niti jamono ju bon jii.»

*Ndeyu Yeesu ak i doomi ndeyam*

46 Bi Yeesu nekkee di wax
ak mbooloo ma, ndeyam ak ay rakkam daldi ñëw, taxaw ci biti, bëgga wax ak moom.
47 Noonu kenn nit ne ko: «Sa yaay ak say rakk ñu ngi nii taxaw ci biti, bëgga wax ak yaw.»
48 Waaye Yeesu ne ko: «Kan mooy sama ndey ak ñan ñooy samay rakk?»
49 Noonu mu joxoñ ay taalibeem naan: «Ñii ñooy sama ndey ak samay rakk.
50 Ndaxte ku def sama coobarey Baay bi nekk ci kaw, yaa di sama rakk, sama jigéen ak sama ndey.»

# 13

*Léebu beykat ba*

1 Bés booba Yeesu
génnoon na ca kër ga, toog ca wetu dex ga.
2 Mbooloo mu bare dajaloo ca moom, ba tax mu dugg cig gaal, toog; mbooloo mépp taxaw ca tefes ga.

3 Noonu Yeesu dégtal leen lu bare ciy léeb ne leen: «Dafa amoon beykat bu demoon jiyi.
4 Bi muy saaw toolam nag, lenn ci pepp mi wadd ci kaw yoon wi, picc yi daldi ñëw, lekk ko lépp.
5 Leneen ci pepp mi wadd ci bérab bu bare ay doj te néew suuf, mu daldi sax bu gaaw, ndaxte suuf si barewul.
6 Waaye bi jant bi naajee, mu lakk, wow, ndaxte amul ay reen.
7 Leneen nag wadd ci biir ay xaaxaam, xaaxaam yi daldi jóg, tanc ko.
8 Li ci des dal ci suuf su baax, nangu ba def ay gub; lii àntu ba mat téeméeri yoon lu ëpp la mu ji woon, lii mat juróom benn fukk, li ci des fanweer.
9 Déglul bu baax, yaw mi am ay nopp.»

*Lu tax Yeesu di wax ay léeb*

10 Bi Yeesu waxee ba
noppi, ay taalibeem jegeñsi, laaj ko lu tax mu di leen wax ciy léeb.
11 Noonu mu ne leen: «May nañu leen, ngeen xam mbóoti nguuru Yàlla Aji Kawe ji, waaye ñale mayuñu leen ko.
12 Ndaxte ku am, dinañu la dollil, ba nga barele; waaye ku amul,

li nga am as néew, dinañu
ko nangu.
13 “Dañuy xool te duñu gis,
di déglu waaye duñu dégg te
duñu xam,”
moo tax ma di leen wax ciy
léeb. 14 Li Esayi waxoon
ci kàddug Yàlla am na ci
ñoom, bi mu naan:
“Dingeen déglu bu baax
waaye dungeen xam
dara;
di xool bu baax waaye
dungeen gis dara.
15 Ndaxte xolu xeet wii dafa
dërkiis;
dañuy déglu ak nopp yu
naqari,
tey gëmm seeni bët,
ngir baña gis ak seeni bët,
dégg ak seeni nopp,
te xam ci seen xol,
ñu wañññiku ci man, ma
wéral leen.”
16 «Waaye yéen barkeel
ngeen, ndaxte seeni bët a ngi
gis te seeni nopp di dégg!
17 Ndaxte ci dëgg maa ngi
leen koy wax, ay yonent yu
bare ak nit ñu jub ñu bare
bëggoon nañu gis li ngeen
di gis waaye gisuñu ko, te
dégg li ngeen di dégg waaye
dégguñu ko.

### *Yeesu firi na léebu beykat bi*

18 «Yéen nag dégluleen
li léebu beykat biy tekki.
19 Boo xamee ne nit mu ngi
déglu wax ju jëm ci nguuru
Yàlla te xamu ko, Ibliis day
ñëw, këf li ñu def ci xolam;
kooku mooy ki jot ci jiwu wi
ci kaw yoon wi. 20 Ki jot ci
jiwu wi ci bérab bu bare ay
doj nag, mooy ki dégg wax
ji, am ci bànneex bu gaaw;
21 waaye du yàgg, ndaxte
wax ji saxul ci moom. Bu
jaaree ci nattu nag, mbaa ñu
fitnaal ko ndax kàddu gi, mu
dàggeeku ci saa si. 22 Ki
jot ci jiwu wi ci xaaxaam yi
mooy ki dégg wax ji, waaye
soxlay àddina ak naxi alal
tanc wax ji, ba du jur njariñ.
23 Ki jot ci jiwu wi ci suuf su
baax si nag, mooy ki dégg
wax ji te xam ko; mu ju-
ral ko njariñ, muy lu mat
téeméeri yoon lu ëpp la ñu
ji woon, muy juróom benn
fukk mbaa fanweer.»

### *Léebu jëmb bi*

24 Noonu Yeesu dégtal leen
beneen léeb ne leen: «Ngu-
uru Yàlla Aji Kawe ji dafa
mel ni nit ku ji jiwu wu
baax ci toolam. 25 Waaye
bi nit ñi di nelaw, noonam
ñëw, ji jëmb ci biir dugub
ji, daldi dem. 26 Bi dugub ji
saxee nag, jëmb bi saxaale
ak moom.
27 «Noonu surgay boroom
kër ga ñëw ci moom ne ko:
“Góor gi, xanaa jiwuloo jiwu
wu baax ci sa tool? Fu jëmb
bi jóge nag?” 28 Mu ne
leen: “Noon a ko def.” Surga
ya ne ko: “Ndax nu dem
dindi ko?” 29 Mu ne leen:
“Déedéet, ngir baña buddi-
waale dugub ji, bu ngeen koy
dindi. 30 Bàyyileen ñoom
ñaar, ñu màgg, ba ngóob
ma jot. Bu ngóob ma jo-
tee nag, dinaa wax ñi koy
góob: ‘Jëkkleena dindi jëmb
bi, takk ko ay say, lakk ko,

waaye ngeen semb dugub ji
ci sama sàq.′ ″»

*Léebu doomu fuddën gi*

31 Yeesu waxaat leen be-
neen léeb ne leen: «Ngu-
uru Yàlla Aji Kawe ji dafa
mel ni doomu fuddën bu
nit jël, ji ko ci toolam.
32 Doomu fuddën moo gëna
tuuti ci jiwu yépp, waaye bu
saxee, mooy sut ci gàncaxi
tóokër yi, di nekk garab, ba
picci asamaan ñëw, tàgg ciy
caram.»

*Léebu lawiir bi*

33 Yeesu teg ca beneen léeb
ne leen: «Nguuru Yàlla Aji
Kawe ji dafa mel ni lawiir bu
jigéen jël, jaxase ko ak ñetti
andaari fariñ, ba kera tooyal
bépp di funki.»
34 Loolu Yeesu wax
mbooloo ma, ëmb na ko lépp
ciy léeb, te waxuleen dara
lu dul ciy léeb. 35 Noonu am
la ñu waxoon jaarale ko cib
yonent, bi mu naan:
«Dinaa leen wax ciy léeb,
di yégle yëf yu nëbbu li
dale ca njàlbéen ga ba
bésu tey.»
36 Ci kaw loolu Yeesu bàyyi
mbooloo ma, dugg ca kër
ga. Taalibeem yi ñëw ci
moom ne ko: «Firil nu
léebu jëmb, bi sax ci tool
bi.» 37 Noonu Yeesu ne leen:
«Doomu nit ki mooy ji jiwu
wu baax wi; 38 àddina mooy
tool bi; ñi bokk ci nguuru
Yàlla ñoo di jiwu wu baax
wi; ñi bokk ci Ibliis ñooy
jëmb bi; 39 Seytaane mooy
noon bi ko ji; tukkitel àddina
mooy ngóob mi, te malaaka
yi ñooy góobkat yi. 40 Ni
ñu dajalee jëmb ba, lakk ko,
noonu lay nekke, bu àddina
tukkee. 41 Doomu nit ki
dina yebal ay malaakaam,
ñu jële ci nguuram lépp luy
yóbbe nit bàkkaar, ak ñiy
def bàkkaar, 42 sànni leen
ci sawara; foofa dees na fa
jooy te yéyu. 43 Booba nag
ñu jub ñi dinañu leer ni
jant bi ci seen nguuru Baay.
Déglul bu baax, yaw mi am
ay nopp.»

*Léebu alal ju nëbbu ak léebu per ba*

44 Yeesu teg ca ne: «Ngu-
uru Yàlla Aji Kawe ji dafa
mel ni alal ju nëbbu cib tool.
Nit ki ko gis nëbbaat ko;
xolam sedd, ba mu dem jaay
li mu am lépp, jënd tool ba.
45 «Te it nguuru Yàlla Aji
Kawe ji dafa mel ni jaaykat
buy wut per yu rafet. 46 Am
bés mu gis per buy jar njég
lu réy. Mu dem nag, jaay li
mu am lépp, jënd ko.»

*Léebu mbaalum géej ga*

47 Yeesu waxaat ne: «Ngu-
uru Yàlla Aji Kawe ji dafa
mel ni mbaal mu ñu wàcce
ci géej, mu jàpp jën wu
nekk. 48 Bi mbaal mi feesee
nag, ñu ñoddi ko ci tefes gi,
ba noppi ñu taxaw, dajale
yu baax yi ciy ndab, waaye
sànni yi bon. 49 Noonu
lay mel, bu àddina tukkee.
Malaaka yi dinañu génn,
tànn ñu bon ñi ci biir ñu jub
ñi, 50 sànni leen ci sawara.
Foofa dees na fa jooy te
yéyu.»

*Léebu boroom kër ga*

51 Noonu Yeesu laaj taalibe
ya ne leen: «Loolu lépp,
ndax xam ngeen lu muy
tekki?» Ñu ne ko: «Waaw.»
52 Yeesu ne leen: «Kon nag
xutbakat bu nekk bu jàng
ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji,
dafa mel ni boroom kër buy
génne ci dencukaayam yu
bees ak yu màggat.»

*Yeesu ci dëkku Nasaret*

53 Bi nga xamee ne Yeesu
dégtal na léeb yooyu ba
noppi, mu jóge fa, 54 dem
fa mu yaroo. Mu di leen
jàngal ci seen jàngu, ba ñu
waaru ne: «Xam-xam bii
ak kéemaan yii, fu mu ko
jële? 55 Ndax kii du doomu
minise bi, te ndeyam tudd
Maryaama? Ndax rakkam
yu góor duñu Saag, Yuus-
ufa, Simoŋ ak Yuda? 56 Te
ay rakkam yu jigéen, ndax
nekkuñu fi ak nun? Lii lépp
nag, fu mu ko jële?» 57 Kon
ñu daldi koy xeeb.

Noonu Yeesu ne leen:
«Dees na faaydaal yonent,
waaye du ci réewam ak ci
këram.» 58 Te Yeesu defu fa
kéemaan yu bare ndax seen
ngëmadi.

# 14

*Yaxya faatu na*

1 Ca jamono joojale Erodd
boroom diiwaanu Galile
dégg na tur, wa Yeesu am.
2 Noonu mu ne ay surgaam:
«Kooku mooy Yaxya mi
dekki; moo tax mu ànd ak
kàttanu def ay kéemaan.»

3 Ndaxte Erodd jàppoon
na Yaxya, yeew ko, tëj.
Ndaxte Erodd takkoon na
Erojàdd jabaru Filib magam,
4 te Yaxya daan ko wax:
«Jaaduwul nga denc ko.»
5 Erodd nag bëgg koo rey,
waaye dafa ragal nit ñi, ci li
ñu teg Yaxya ab yonent.

6 Bi ñu ca tegee ab diir nag,
ñuy màggal bés ba Erodd
juddu woon, te doomu
Erojàdd ju jigéen di fecc
ci biir gan ñi. Loolu neex
Erodd, 7 ba mu dig ko ci kaw
ngiñ ne ko: «Loo laaj, dinaa
la ko jox.» 8 Noonu ndaw
sa daldi topp la ko ndey ji
digaloon, ne Erodd: «Indil
ma fii ci biir ndab boppu
Yaxya.»

9 Bi ko buur ba déggee,
mu am naqar, waaye ngiñ la
ak gan ña tax mu santaane,
ñu jox ko ko. 10 Mu yónnee
nag, ngir ñu dagg boppu
Yaxya ca kaso ba. 11 Ñu
indi bopp bi ci biir ndab,
jox ko janq ba, mu jox ko
ndeyam. 12 Noonu taalibey
Yaxya ñëw, fab néew ba,
suul ko; ba noppi dem, wax
ko Yeesu.

*Yeesu bareel na mburu ya*

13 Bi Yeesu déggee deewu
Yaxya nag, mu jóge fa, dugg
cig gaal, di dem ca bérab
bu wéet. Waaye bi ko nit
ñi yégee, ñu daldi jóge ci
dëkk yi, topp ko ak seeni
tànk. 14 Yeesu génn ci gaal
gi nag, gis mbooloo mu réy,
mu yërëm leen, ba faj ñi ci
wopp.

15 Ca ngoon sa taalibe yi
ñëw ci moom ne ko: «Fii
àllub neen la, te léegi mu
guddi. Doo yiwi mbooloo

mi, ngir ñu dem ci dëkk yu
ndaw yi, jënd lu ñu mana
lekk?» 16 Waaye Yeesu ne
leen: «Matul ñu dem, yéen
joxleen leen lu ñu lekk.»
17 Ñu ne ko: «Amunu fi
lu dul juróomi mburu ak
ñaari jën.» 18 Yeesu ne leen:
«Indil-leen ma ko fii.»

19 Ci kaw loolu Yeesu sant
mbooloo ma, ñu toog ca ñax
ma. Mu jël juróomi mburu
ya ak ñaari jën ya, xool ci
kaw, sant Yàlla. Mu damm
mburu ma, jox ko taalibe
ya, ñu séddale ko nit ña.
20 Noonu ñépp lekk ba suur.
Te ñu dajale dammit ya ca
des, mu nekk fukki pañe ak
ñaar yu fees. 21 Gannaaw
jigéen ña ak gone ya, góor
ña doon lekk matoon nañu
juróomi junni.

*Yeesu dox na ci kaw ndox ma*

22 Bi loolu amee Yeesu sant
taalibe ya, ñu dugg gaal ga
te jàll dex ga, jiituji ko, muy
yiwi mbooloo ma. 23 Bi mu
ko yiwee nag, mu yéeg ca
tund wa, ngir wéet ak Yàlla.
Noonu guddi jot, fekk mu
nekk fa moom rekk.

24 Bi mu fa nekkee nag,
gaal ga sore na tefes ga, te
duus ya di ko yëngal bu
metti, ndax ngelaw la leen
soflu. 25 Ca njël nag Yeesu
jëm ci ñoom, di dox ci kaw
dex gi. 26 Waaye bi ko taalibe
yi gisee, muy dox ci kaw
dex ga, ñu daldi jommi naan:
«Njuuma la!» daldi tiit bay
yuuxu. 27 Waaye ca saa sa
Yeesu ne leen: «Takkleen
seen fit, man la, buleen tiit!»

28 Ci kaw loolu Piyeer jël
kàddu gi ne ko: «Sang bi,
bu dee yaw, sant ma, ma
dox ci kaw ndox mi, ñëw
ci yaw.» 29 Yeesu ne ko:
«Kaay!» Piyeer nag wàcc ca
gaal ga, di dox ci kaw ndox
mi, jëm ci Yeesu. 30 Waaye
bi mu gisee ni ngelaw li met-
tee, mu daldi tiit, tàmbalee
suux. Mu woote ne: «Sang
bi, wallu ma!» 31 Ca saa sa
Yeesu tàllal loxoom, jàpp ko
naan: «Yaw mi néew ngëm,
lu tax nga am xel ñaar?»
32 Noonu ñu dugg ca gaal
ga, ngelaw li ne tekk. 33 Ñi
nekk ci gaal gi nag sukk ci
kanamam ne ko: «Ci dëgg
yaa di Doomu Yàlla ji.»

34 Bi loolu amee ñu jàll,
teer ca diiwaanu Senesaret.
35 Ña fa dëkk xàmmi Yeesu,
yónnee nag ca diiwaan
bépp, indil ko ñu wopp
ñépp. 36 Noonu ñu ñaan
ko, mu may leen ñu laal cati
mbubbam rekk, te ku ko laal
daldi wér.

# 15

*Farisen ya ak aada ya*

1 Ca jamono jooja amoon
na bés ay Farisen ak ay
xutbakat jóge Yerusalem,
ñëw ci Yeesu ne ko: 2 «Lu
tax say taalibe di moy aaday
yoon, yi maam yi tëral?
Ndaxte duñu raxas seeni
loxo, bu ñuy lekk.» 3 Waaye
Yeesu ne leen: «Yéen itam
lu tax ngeen di moy li
Yàlla santaane, ngir topp
seeni aada? 4 Yàlla nee na:
“Teralal sa ndey ak sa baay,”
te it: “Ku móolu sa ndey

walla sa baay, dees na la
rey.” 5 Waaye yéen dangeen
ne: “Ku wax sa ndey walla
sa baay: ‘Li ngeen wara
jariñoo ci man, jébbal naa
ko Yàlla,’ 6 kooku amatul
warugaru teral baayam.”
Noonu tebbi ngeen kàddug
Yàlla ndax seen aada. 7 Yéen
ñi naaféq, Esayi waxoon na
bu baax ci kàddug Yàlla ci
seen mbir, bi mu naan:

8 “Xeet wii ñu ngi may teral
ci seen gémmiñ,
waaye seen xol sore na ma.
9 Seen màggal amul benn
njariñ,
ci li ñuy jàngle dénkaaney
nit kese.”»

10 Noonu Yeesu woo
mbooloo mi ci moom ne
leen: «Dégluleen te xam:
11 du li dugg ci gémmiñ mooy
indil nit sobe, waaye li ciy
génne mooy indil nit sobe.»

12 Bi taalibeem ya déggee
loolu, ñu ñëw ci moom ne
ko: «Ndax xam nga ne,
Farisen yi dañoo mer ndax
loolu nga wax?» 13 Yeesu ne
leen: «Garab gu sama Baay
bi ci kaw jiwul, dees na ko
buddi. 14 Bàyyileen leen, ay
gumba lañu yuy wommat ay
gumba; bu gumba dee wom-
mat moroomam nag, kon di-
nañu daanu ñoom ñaar ci
kàmb.»

15 Piyeer nag jël kàddu
gi, laaj Yeesu: «Firil nu
léeb wi.» 16 Noonu Yeesu
ne ko: «Ndax ba tey seen
xol dafa tëju, yéen itam?
17 Xamuleen ne, lépp lu
dugg ci gémmiñ, ci biir lay
jëm tey génn ca bérab bu
làqu? 18 Waaye li génn ci
gémmiñ mu ngi jóge ci xol;
loolu mooy indil nit sobe.
19 Ndaxte ci xol la xalaat
yu bon di jóge, ak bóom,
njaaloo, ndoxaanu yàqute,
càcc, seede lu dul dëgg ak
saaga. 20 Yooyu ñooy indil
nit sobe, waaye lekk ak loxo
yoo raxasul du tax nit am
sobe.»

*Yeesu faj na doomu jigéen, ja askanoo réewu Kanaan*

21 Gannaaw loolu Yeesu
jóge fa, dem ci diiwaanu Tir
ak Sidon. 22 Ba mu fa àggee
nag, jigéenu waa Kanaan, ja
dëkk ca wàll yooyu, daldi
génn, di wax ca kaw ne ko:
«Yaw sang bi, Sëtu Daawuda
bi, yërëm ma! Rab jàpp
na sama doom ju jigéen, te
dafa sonn lool.» 23 Waaye
Yeesu waxu ko dara. Ay
taalibeem nag ñëw ci moom
ne ko: «Doo ko yiwi, mu
ngi nuy topp, di yuuxu ci
sunu kaw.» 24 Yeesu ne:
«Yónniwuñu ma, lu dul ci
xari bànni Israyil yu réer.»

25 Waaye jigéen ja ñëw,
sukk ci kanamam naan:
«Sang bi, wallusi ma!»
26 Yeesu ne ko: «Jël ñamu
gone yi, sànni ko xaj yi,
rafetul.» 27 Waaye jigéen
ja ne ko: «Waaw, sang bi,
teewul xaj yi di lekk ruusit,
yi rot ci seen lekkukaayu
boroom.» 28 Ci kaw loolu
Yeesu ne ko: «Yaw jigéen
ji, sa ngëm réy na; na am,
ni nga ko bëgge.» Noonu
doomam daldi wér ca saa
sa.

*Yeesu faj na ñu wopp*

29 Bi loolu amee Yeesu
jóge foofa, ñëw ci weti dexu
Galile; mu yéeg ca aw tund,
toog fa. 30 Ba mu fa nekkee,
nit ñu bare ñëw ci moom,
indaale ay lafañ, ay làggi,
ay gumba, ay luu ak ñeneen
ñu bare. Ñu teg leen ci
tànki Yeesu, mu faj leen.
31 Nit ñépp waaru, ndaxte
gis nañu luu yuy wax, làggi
yu wér, lafañ yuy dox, ak
gumba yuy gis. Ñu daldi
màggal Yàlla Buuru Israyil.

### *Yeesu bareel na ay mburu ñaareel bi yoon*

32 Gannaaw loolu Yeesu
woo ci moom taalibeem
ya ne leen: «Yërëm naa
mbooloo mi, ndaxte toog
nañu fi man ñetti fan, te am-
atuñu lu ñu lekk. Bëgguma
leena yiwi te lekkuñu, ngir
bañ ñu tële ci yoon wi.»
33 Noonu taalibeem ya laaj
ko: «Waaye fu nuy jële
ci àll bi mburu mu doy
ngir mbooloo mu tollu nii?»
34 Yeesu ne leen: «Ñaata
mburu ngeen am?» Ñu ne
ko: «Juróom ñaari mburu
ak ay jën yu ndaw.»

35 Ci kaw loolu Yeesu sant
mbooloo mi, ñu toog ci
suuf. 36 Mu fab juróom
ñaari mburu yi ak jën yi,
sant Yàlla, damm leen, jox
leen taalibe yi, ñu séddale
leen mbooloo mi. 37 Noonu
ñépp lekk ba suur. Te ñu
dajale juróom ñaari dàmba
yu fees ak dammit yi ci
des. 38 Gannaaw jigéen ñi
ak gone yi, góor ñi ci lekk
matoon nañu ñeenti junni.

39 Noonu Yeesu yiwi
mbooloo mi, dugg ci gaal,
ñëw ci wàlli Magadan.

# 16

### *Kéemaan gu jóge ci asamaan*

1 Amoon na ay Farisen ak
ay Sadusen yu ñëw ci Yeesu.
Ñu fexe koo fiir, ba laaj ko
ne: «Won nu kéemaan guy
firndeel sag yónnent, te mu
jóge ci asamaan.» 2 Noonu
Yeesu ne leen: «Ngoon gi
dangeen naan: “Du taw
suba ndax asamaan si dafa
xonq.” 3 Te suba gi ngeen
naan: “Tey daal dina taw,
ndax asamaan si dafa xonq
te xiin.” Kon man ngeena
ràññee melow asamaan,
waaye manuleena ràññee
firndey jamono ji nu tollu.
4 Yéenay laaj firnde, yéen
niti jamono ju bon jii, yéen
ñi fecci seen kóllëre ak
Yàlla. Waaye dungeen jot
genn firnde gu dul firndeg
Yunus.» Bi Yeesu waxee
loolu, mu jóge ci ñoom,
dem.

5 Gannaaw loolu taalibe
yi jàllaat dex gi, fekk fàtte
nañoo yóbbaale mburu.
6 Noonu Yeesu ne leen:
«Wottuleen te moytu lawi-
iru Farisen ya ak Sadusen
ya.» 7 Bi ko taalibe yi
déggee, ñu daldi werante
ci seen biir naan: «Nun
de indaalewunu mburu.»
8 Waaye Yeesu yég loolu
ne leen: «Yéen ñi néew
ngëm, lu tax ngeen di
werante ci seen biir, ndaxte
indaalewuleen mburu?
9 Ndax xamaguleen ba

tey? Xanaa fàttalikuwuleen
juróomi mburu ya ngir
juróomi junniy góor ña, ak
ñaata pañe ngeen dajale
woon ciy dammit? 10 Te
ndax fàttalikuwuleen itam
juróom ñaari mburu ya ngir
ñeenti junniy góor ña, ak
ñaata dàmba ngeen dajale
woon ciy dammit? 11 Kon
nag lu tax xamuleen ne wax-
uma mburu? Waaye damaa
bëgg, ngeen moytu lawiiru
Farisen ya ak Sadusen ya.»
12 Noonu ñu xam ne, Yeesu
waxul woon lawiiru mburu,
waaye ñu moytu njànglem
Farisen ya ak Sadusen ya.

*Piyeer wax na ne, Yeesu mooy Almasi bi*

13 Bi ñu fa jógee, Yeesu
dem ca diiwaanu Sesare bu
Filib. Foofa mu laaj taal-
ibeem ya: «Lu nit ñiy wax
ci Doomu nit ki; mooy kan?»
14 Taalibe yi ne: «Am na
ñu naan, Yaxya, ñeneen ñi,
Ilyaas; ñi ci des ne, Yeremi
walla keneen ci yonent yi.»
15 Noonu Yeesu ne leen:
«Waaye yéen, ku ngeen may
teg?» 16 Ci kaw loolu Simoŋ
Piyeer ne: «Yaa di Almasi
bi, Doomu Yàlla Aji Dund
ji.» 17 Yeesu ne ko: «Barkeel
ñeel na la, Simoŋ doomu
Yunus, ndaxte du nit moo la
xamal lii, waaye sama Baay
bi nekk ci kaw. 18 Te maa
ngi lay wax lii: yaa di Piyeer,
te ci kaw doj wu réy woowu
laay samp mbooloom ñi ma
gëm, te dooley dee du ko
manal dara. 19 Dinaa la
jox caabiy nguuru Yàlla Aji
Kawe ji; li nga yeew ci
àddina, dees na ko yeew
ci asamaan; li nga yiwi ci
àddina dees na ko yiwi ci
asamaan.» 20 Noonu Yeesu
dénk taalibe yi bu wóor ne
leen: «Buleen wax kenn ne
maay Almasi bi.»

21 Li dale ci jamono jooja,
Yeesu tàmbali na xamal taal-
ibeem yi ne war na dem
Yerusalem, daj fa coono yu
bare, jóge ca njiit ya, ca
sarxalkat yu mag ya ak ca
xutbakat ya; ñu rey ko, mu
dekki ca ñetteelu fan ba.
22 Bi mu waxee ba noppi,
Piyeer woo ko ci pegg, bëgg
koo yedd ne ko: «Yàlla tere,
Boroom bi, loolu du la dal.»
23 Waaye Yeesu waññiku,
daldi ne Piyeer: «Sore ma
Seytaane, bu ma xatal; yëfi
nit ngay fonk, waaye du yëfi
Yàlla.»

24 Gannaaw loolu Yeesu ne
taalibeem ya: «Ku bëgga
aw ci samay tànk, na bàyyi
boppam, te gàddu bant bi
ñu ko wara daaj, doora topp
ci man. 25 Ndaxte koo
xam ne bëgg ngaa rawale
sa bakkan, dinga ko ñàkk,
waaye ku ñàkk sa bakkan
ngir man, jotaat ko. 26 Te
it moom àddina sépp lu
muy jariñ nit, bu ñàkkee
bakkanam? Te nit, lu
mu wara weccee bakkanam?
27 Ndaxte Doomu nit ki dina
ñëw ci ndamul Baayam, ànd
ak ay malaakaam; bés booba
dina delloo ku nekk ay
jëfam. 28 Ci dëgg maa ngi
leen koy wax, am na ñi fi
taxaw, ñoo xam ne duñu
dee, te gisuñu Doomu nit ki
ñëw ci nguuram.»

# 17

*Ndamu Yeesu jolli na ci moom*

1 Juróom benni fan gannaaw gi, Yeesu àndoon na ak Piyeer, Saag ak Yowaana rakkam, yóbbu leen fu wéet ci tund wu kawe lool.
2 Mu soppiku fa seen kanam, xar kanamam di melax nib jant, te ay yéreem weex ni leer.
3 Naka noonu ñu gis yonenti Yàlla Musaa ak Ilyaas, di waxtaan ak Yeesu.
4 Piyeer nag daldi wax Yeesu ne ko: «Sang bi, bég nanu ci sunu teew fii; soo ko bëggee, dinaa fi defar ñetti mbaar, benn yaw, benn Musaa ak benn Ilyaas.»
5 Waaye bi muy wax, niir wu leer muur leen, te baat jib ca niir wa naan: «Kii mooy sama Doom ji ma bëgg, ci moom laa ame bànneex; dégluleen ko.»
6 Bi taalibe yi déggee baat bi, ñu ne nërëm ci suuf, daldi tiit lool.
7 Waaye Yeesu jegeñsi, laal leen naan: «Jógleen, buleen ragal dara.»
8 Noonu ñu xool ci kaw, waaye gisatuñu kenn ku dul Yeesu rekk.
9 Bi loolu amee ñu wàcc ca tund wa. Bi ñuy wàcc nag, Yeesu sant leen ne: «Buleen nettali kenn li ngeen gis, ba kera Doomu nit ki dekki.»
10 Noonu taalibe ya laaj ko: «Lu tax xutbakat ya nag di wax ne, Ilyaas mooy jëkka ñëw?»
11 Yeesu ne leen: «Waaw, dëgg la, Ilyaas war na ñëw, jubbanti lépp.
12 Teewul maa ngi leen di wax ne, Ilyaas ñëw na te xàmmiwuñu ko, waaye def nañu ko la leen neex. Noonu it dañoo nara sonal léegi Doomu nit ki.»
13 Ndax wax jooju nag, taalibe ya xam ne ci mbirum Yaxya la leen doon wax.

*Yeesu faj na xale bu rab jàpp*

14 Bi nga xamee ne wàcc nañu, ba ñëw ca mbooloo ma, genn góor ñëw ci moom, sukk
15 naan: «Sang bi, yërëmal sama doom, ndaxte mu ngi say, di am coono bu metti; léeg-léeg mu daanu ci sawara, léeg-léeg mu daanu ci ndox.
16 Indi naa ko ci say taalibe, waaye manuñu koo faj.»
17 Noonu Yeesu ne: «Yéen niti jamono jii, yéen ñi gëmadi te dëng, ba kañ laa wara nekk ak yéen, ba kañ laa leen di wara muñal?» Mu ne leen: «Indil-leen ma xale bi fii.»
18 Noonu Yeesu tëkku rab wa, rab wa génn ca xale ba, mu daldi wér ca saa sa.
19 Bi loolu amee taalibe ya ñëw ci Yeesu, laaj ko ci pegg: «Lu tax nun manunu woona dàq rab wi?»
20-21 Yeesu ne leen: «Seen ngëm gu néew a tax. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, su ngeen amee ngëm gu tuuti sax niw peppu fuddën, kon dingeen ne tund wii: “Jógeel fii, toxu fale,” te dina fa dem, ba dara du leen të.»

*Yeesu waxaat na ne dina dee, dekki*

22 Bi ñuy wër diiwaanu Galile nag, Yeesu ne leen: «Léegi ñu jébbal Doomu nit

ki ci loxoy nit ñi; 23 dinañu
ko rey, mu dekki ca ñetteelu
fan ba.» Bi ko taalibe ya
déggee, ñu am naqar lool.

*Yeesu fey na warugaru kër Yàlla ga*

24 Gannaaw loolu Yeesu
ak taalibe ya ñëw Kapernawum. Bi ñu fa àggee
nag, laajkati warugaru kër
Yàlla ga ñëw ci Piyeer ne
ko: «Ndax seen kilifa du fey
posetu ñaari daraxma ngir
warugar wi?» 25 Piyeer ne
leen: «Ahakay!»
Ba ñu eggee kër ga nag,
Yeesu jëkka wax ne Piyeer:
«Waaw, lu ciy sa xalaat,
Simoŋ? Buuri àddina si, ñan
lañuy laaj juuti walla galag?
Seeni doom walla ñi bokkul
ci njaboot gi?» 26 Piyeer
ne ko: «Xanaa ñi bokkul ci
kër gi.» Yeesu ne ko: «Kon
doom yi nag mucc nañu
ci. 27 Waaye bëgguma nu
naqaral leen; demal sànni
oos ca dex ga te nga génne
jën wa jëkka xëcc. Boo
ubbee gémmiñam, dinga ca
gis posetu estateer. Jël ko
nag, jox leen ko ngir man ak
yaw.»

# 18

*Kan moo gëna màgg?*

1 Ca waxtu woowu taalibe
ya ñëwoon nañu ci Yeesu,
laaj ko: «Kan moo gëna
màgg ci nguuru Yàlla mi
nekk ci kaw?» 2 Noonu Yeesu
woo xale, teg ko ci seen
biir, 3 ne leen: «Ci dëgg
maa ngi leen koy wax, su
ngeen waññikuwul ci Yàlla,
ba mel niy xale, dungeen
dugg mukk ci nguuru Yàlla
Aji Kawe ji. 4 Kuy suufeelu
nag, ba mel ni xale bii, kooku
mooy ki gëna màgg ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji. 5 Te
it ku nangu ci sama tur xale
bu mel ni kii, man mii nga
nangu. 6 Waaye ku yóbbe
bàkkaar kenn ci ñi gëna
tuuti ñi ma gëm, li gën ci
moom mooy ñu takk doj wu
réy ci baatam, sànni ko ca fa
gëna xóot ca géej ga.

*Ñi yóbbe nit bàkkaar*

7 «Yaw àddina, dinga
torox ndax say fiir yiy yóbbe
nit bàkkaar. Fiir manta
ñàkk, waaye toroxte dal na
nit ki koy lal. 8 Boo xamee
ne sa loxo mbaa sa tànk mu
ngi lay yóbbe bàkkaar, dagg
ko, sànni ko fu sore. Ndaxte
nga lafañ walla ñàkk loxo
te dugg ci dund gu wóor
gi, moo gën ci yaw, nga am
ñaari loxo walla ñaari tànk,
te ñu sànni la ci sawara su
dul fey mukk. 9 Boo xamee
ne sa bët mu ngi lay yóbbe
bàkkaar, luqi ko, sànni ko
fu sore. Ndaxte nga patt
te dugg ci dund gu wóor
gi, moo gën ci yaw, nga am
ñaari bët, te ñu sànni la ci
sawara.
10-11 «Te it wottuleena
xeeb kenn ci ñi gëna tuuti,
ndax kat seeni malaakaa ngi
sax ci jataayu sama Baay bi
nekk ci kaw. Maa leen wax
loolu.

*Xar mu réer ma*

12 «Luy seen xalaat ci
lii? Su fi amoon nit ku
am téeméeri xar, te benn
ci ñoom réer, lu muy def?

Ndax du bàyyi ca parlukaay
ba juróom ñeent fukki xar
ya ak juróom ñeent, te dem
wuti ma réer? 13 Bu ko gisee,
mbég mi mu am ci moom
mooy ëpp mbég, mi mu am
ci juróom ñeent fukki xar ya
ak juróom ñeent ya réerul.
14 «Noonu it seen Baay bi
nekk ci kaw bëggul kenn ci
ñi gëna tuuti sànku.

*Mbaalug bàkkaar yi*

15 «Te lii itam, bu sa
mbokk defee bàkkaar,
demal yedd ko, yéen ñaar
rekk. Bu la dégloo,
kon gindi nga sa mbokk.
16 Waaye bu la dégluwul,
àndal ak kenn mbaa ñaar,
ngir mbir mi dëggu ci li ko
ñaar walla ñett seede. 17 Bu
leen dégluwul ñoom itam,
wax ko mbooloom ñi gëm.
Bu dégluwul mbooloo ma
nag, nga teg ko ni ku gëmul
Yàlla mbaa ab juutikat. 18 Ci
dëgg maa ngi leen koy
wax, lépp lu ngeen yeew ci
àddina, dees na ko yeew ci
asamaan, te lépp lu ngeen
yiwi ci àddina, dees na ko
yiwi ci asamaan.
19 «Maa ngi leen koy wax
it, bu ñaar ci yéen déggoo
ci àddina, ngir ñaan lu mu
mana doon, sama Baay bi
nekk ci kaw dina leen ko
may. 20 Ndaxte fu ñaar walla
ñetti nit booloo ci sama tur,
maa ngi ci seen biir.»

*Jaraaf ju amul yërmande*

21 Noonu Piyeer ñëw ci
Yeesu, laaj ko: «Boroom bi,
bu ma sama mbokk tooñee,
ñaata yoon laa ko wara
baal? Xanaa ba ci juróom
ñaari yoon?» 22 Yeesu ne ko:
«Waxuma la ba ci juróom
ñaari yoon, waaye ba ci
juróom ñaar fukki juróom
ñaari yoon.
23 «Loolu moo tax nguuru
Yàlla Aji Kawe ji dafa mel ni
buur bu bëgga waññ alalam
ak ay jaraafam. 24 Ba mu
tàmbalee waññ nag, ñu in-
dil buur ba ku ko ameel
ay milyoŋ* yu baree bare,
25 waaye jaraaf ja amul lu
mu feye. Kon nag sangam
santaane, ñu jaay ko moom
ak soxnaam ak ay doomam
ak lépp lu mu am, ngir fey
bor ba. 26 Kon jaraaf ja
daanu ciy tànkam ne ko:
"Muñal ma, dinaa la fey
lépp." 27 Noonu sangam
yërëm ko, bàyyi ko, baal ko
bor ba.
28 «Bi loolu amee jaraaf
ja génn, gis benn moroomu
jaraafam bu ko ameel ay
junni†. Mu daldi ko jàpp,
poñe ko ne ko: "Fey ma
li nga ma ameel." 29 Kon
moroomam daanu ci suuf,
ñaan ko ne: "Muñal ma, di-
naa la fey." 30 Waaye moom
nanguwu ko, mu dem, tëj ko
kaso, ba kera mu fey li mu
ko ameel.
31 «Bi ay moroomam gisee
loolu nag, ñu am naqar wu
réy, daldi dem, xamal seen
sang li xew lépp. 32 Sang
ba nag woolu jaraaf ba ne
ko: "Yaw jaraaf ju soxor nga!

* **18:24** Maanaam fukki junniy talaŋ. Seetal Xaalis ci Leeral yi. † **18:28** Maanaam téeméeri denariyon. Seetal Xaalis ci Leeral yi.

Baal naa la sa bor bépp,
ndaxte tinu nga ma. 33 Lu
tax yaw itam yërëmoo sa
moroom, ni ma la yërëme?”
34 Noonu sang ba mer, jébbal
ko ñiy fitnaale ca kaso ba, ba
kera muy fey li mu ko ameel
lépp.

35 «Noonu la leen sama
Baay bi ci kaw di def, bu
ngeen baalul ku nekk seen
mbokk ak xol bu sedd.»

# 19

### *Ñi fase, ak ñi baña séy ngir jaamu Yàlla*

1 Bi nga xamee ne Yeesu
wax na loolu ba noppi, mu
jóge Galile, dem ci wàllu
réewu Yawut yi, gi féete
ci gannaaw dexu Yurdan.
2 Mbooloo mu bare topp ko,
mu faj leen fa.

3 Bi mu fa nekkee, ay
Farisen ñëw ci moom, bëgg
koo fiir; ñu ne ko: «Ndax
jaadu na nit fase soxnaam,
saa su ko neexee?» 4 Yeesu
ne leen: «Xanaa jànguleen
ne, ca njàlbéen ga Aji Bind
ji sàkk na leen, kii góor,
kii jigéen, 5 te mu ne:
“Looloo tax góor di teqa-
likook ndeyam ak baayam,
ànd ak soxnaam, ñoom ñaar
doon benn.” 6 Kon nag
nekkatuñu ñaar waaye benn
lañu. Lu Yàlla takk nag, bu
ko nit tas.»

7 Bi Yeesu waxee loolu,
Farisen ya laaj ko ne:
«Waaye Musaa santaane na,
nit jox soxnaam kayitu pase,
tàggook moom. Lu tax mu
wax loolu nag?» 8 Yeesu ne
leen: «Musaa may na leen,
ngeen fase seen soxna, ndax
seen xol dafa dëgër, waaye
ca njàlbéen ga demewul
woon noonu. 9 Te it maa ngi
leen koy wax, koo xam ne
kii fase nga sa soxna te du
njaaloo tax, boo séyaatee ak
keneen, njaaloo nga.»

10 Bi ko taalibe ya déggee,
ñu ne ko: «Bu dee noonu
la digganteb góor ak jigéen
mel, baña séy moo gën.»
11 Yeesu ne leen: «Du ñépp
ñoo mana nangu loolu,
waaye ñi ko Yàlla jagleel
rekk. 12 Ndaxte am na ñu
judduwaale tële, am na ñu
tële ci loxoy nit, te am na ñu
baña séy ngir nguuru Yàlla
Aji Kawe ji. Ku ko mana
nangu, nangu ko.»

### *Xale yu ndaw yi*

13 Gannaaw loolu amoon
na ay nit ñuy indil Yeesu ay
xale, ngir mu teg leen ay
loxoom, ñaanal leen. Waaye
taalibe ya gëdd leen. 14 Bi
Yeesu gisee loolu, mu ne
leen: «Bàyyileen xale yi, te
buleen leen tere, ñu ñëw
fi man. Ndaxte ñu mel ni
ñoom, ñoo yelloo nguuru
Yàlla Aji Kawe ji.» 15 Noonu
Yeesu teg leen ay loxoom, ba
noppi jóge fa.

### *Waxambaane wu bare alal*

16 Bi muy dem nag, nit
daldi ñëw ci moom ne ko:
«Kilifa gi, lan laa wara
def ci lu baax, ngir mana
am dund gu dul jeex?»
17 Yeesu ne ko: «Lu tax nga
laaj ma ci wàllu lu baax?
Kenn kepp moo baax. Boo
bëggee dugg ca dund googu

ci kaw, nanga sàmm ndi-
gal yi.» [18] Waxambaane wa
laaj ko: «Yan la?» Yeesu
ne ko: «Yii: bul bóome,
bul njaaloo, bul sàcc, bul
seede lu dul dëgg, [19] teralal
sa ndey ak sa baay, te
it: nanga bëgg sa moroom,
ni nga bëgge sa bopp.»
[20] Waxambaane wa ne ko:
«Sàmm naa yooyu yépp, lu
ma deseeti?»

[21] Noonu Yeesu ne ko:
«Boo bëggee mat sëkk,
demal jaay li nga am,
jox ko miskin yi te dinga
woomle ca asamaan. Boo
noppee, ñëwal topp ci man.»
[22] Waaye bi waxambaane wa
déggee loolu, mu jóge fa ak
tiis, ndaxte ku bare woon
alal la.

[23] Noonu Yeesu wax taal-
ibeem ya ne leen: «Ci dëgg
maa ngi leen koy wax, bo-
room alal dugg ci nguuru
Yàlla Aji Kawe ji, lu jafee
ngoogu! [24] Ma waxaat leen
ko: giléem jaar ci bën-bënu
puso moo gëna yomb bo-
room alal dugg ci nguuru
Yàlla Aji Kawe ji.» [25] Bi nga
xamee ne taalibe ya dégg
nañu loolu, ñu daldi waaru
lool ne ko: «Kan moo mana
mucc nag?» [26] Noonu Yeesu
xool leen ne: «Loolu të na
nit, waaye dara tëwul Yàlla.»

[27] Bi ko Piyeer déggee,
mu daldi ne: «Waaw, nun
nag, dëddu nanu lépp, topp
la; kon nu nuy mujje nun?»
[28] Yeesu ne leen: «Ci dëgg
maa ngi leen koy wax,
bés baa ngi ñëw bu Yàllay
yeesalaat lépp, te Doomu
nit ki toog ci jalam, bi soloo
ndam. Bés boobu nag, yéen
ñi ma topp dingeen toog ci
fukki jal ak ñaar, di àtte
fukki giir ak ñaar yu bànni
Israyil. [29] Koo xam ne kii
dëddu nga ngir sama tur ay
kër, ay doomi ndey yu góor
walla yu jigéen, ndey walla
baay, ay doom walla ay tool,
dinga ko jotaat téeméeri
yoon, ba noppi am dund gu
dul jeex. [30] Waaye ñu bare ci
ñi jiitu, ñooy mujji; ñi mujj,
ñooy jiituji.

# 20

*Léebu liggéeykat yi ñu jël ci waxtu yu wuute*

[1] «Noonu nguuru Yàlla Aji
Kawe ji dafa mel ni bo-
room kër bu génn ci suba
teel, ngir jël ay liggéeykat
ndax toolu reseñam. [2] Mu
juboo ak liggéeykat ya ci
bëccëg posetu denariyon,
door leena yebal ca toolam.
[3] Ci yoor-yoor mu génn, gis
ñeneen ñu toog ca pénc ma
te liggéeyuñu. [4] Mu ne
leen: “Demleen yéen itam
ca tool ba, te dinaa leen
fey lu jaadu.” [5] Ñu dem
ca. Mu génnaat ci digg
bëccëg ak ci tisbaar, defaat
noonu. [6] Mu génnati ci
tàkkusaan, gis ñeneen di
tendeefal. Mu ne leen: “Lu
tax ngeen yendoo tendeefal,
te liggéeyiwuleen?” [7] Ñu ne
ko: “Kenn jëlu nu.” Mu ne
leen: “Demleen yéen itam ca
tool ba.”

[8] «Bi nga xamee ne timis
jot na, boroom tool ba
ne jawriñ ja: “Woowal

liggéeykat yi te fey leen
seen bëccëg, tàmbali ci
ñi mujja ñëw, ba ci ñi fi
jëkk.” 9 Noonu ñi mu
jël ci tàkkusaan ñëw, ku
nekk jot posetu denariyon.
10 Gannaaw ga nag ñi mu
jëkka jël ñëw, yaakaar ne
dinañu jot lu ëpp loolu,
waaye ñoom itam ñu jot
ku nekk benn denariyon.
11 Bi ñu ko jotee nag, ñu
tàmbalee ñaxtu ca boroom
kër ga, 12 naan: “Ñi mujja
ñëw, benn waxtu rekk lañu
liggéey, ba noppi nga yemale
leen ak nun, ñi yenu coonob
bëccëg bi ak naaj wu metti
wi.” 13 Waaye boroom kër
ga ne kenn ci ñoom: “Sama
waay tooñuma la. Ndax
juboowunu woon ci benn
denariyon? 14 Kon fabal li
nga moom te dem. Su ma
bëggee fey ku mujja ñëw,
li ma la fey yaw, 15 ndax
sañumaa def ak sama alal li
ma neex? Walla ndax danga
am kiñaan ci li ma yéwén?”
16 Noonu ñi mujj ñooy jiituji,
ñi jiitu ñooy mujj.»

*Yeesu xamle na ñetteelu yoon ne dina dee, dekki*

17 Gannaaw loolu Yeesu
di dem Yerusalem, ànd ak
fukki taalibe yi ak ñaar.
Noonu mu wéetoo ak ñoom,
di leen xamal ci yoon wi lii:
18 «Nu ngi jëm Yerusalem,
te dees na jébbal Doomu nit
ki sarxalkat yu mag ya ak
xutbakat ya. Dinañu ko àtte,
teg ko dee, 19 jébbal ko ñi dul
Yawut, ngir ñu di ko ñaawal
te di ko dóor ay yar, ba noppi
daaj ko ci bant. Waaye ca
ñetteelu fan ba dina dekki.»

*Li doomi Sebede ñaan Yeesu*

20 Ci kaw loolu doomi
Sebede ya ànd ak seen ndey,
ñëw ci Yeesu. Ndey ja sukk,
di ko ñaansi lenn. 21 Yeesu
ne ko: «Loo bëggoon?» Mu
ne ko: «Damaa bëggoon
nga santaane ne, boo nek-
kee ci sa nguur, sama ñaari
doom ñii toog ak yaw, kenn
ci sa ndijoor, ki ci des ci
sa càmmoñ.» 22 Yeesu ne
ko: «Xamuleen li ngeen di
ñaan. Ndax man ngeena
naan kaasu naqar, bi may
naan?» Ñu ne ko: «Man
nañu ko.» 23 Yeesu ne
leen: «Ci dëgg dingeen naan
sama kaas, waaye toog ci
sama ndijoor mbaa sama
càmmoñ, du man maa koy
maye, waaye sama Baay
moo koy may ñi mu ko waa-
jal.»
24 Bi nga xamee ne fukki
taalibe ya dégg nañu loolu,
ñu mere ñaari doomi ndey
ya. 25 Waaye Yeesu woo leen
ne leen: «Xam ngeen ne ci
xeeti àddina, njiit yi dañu
leen di dóor yetu nguur,
te kilifa yi dañu leen di
not. 26 Buleen mel ni ñooñu.
Waaye ku bëgga nekk kilifa
ci yéen, na nekk seen surga,
27 te ku bëgga nekk njiit, na
nekk seen jaam. 28 Ndaxte
noonu la Doomu nit ki ñëwe,
du ngir ñu nekk ay surgaam,
waaye muy seen surga, ba
joxe bakkanam ngir njotug
ñu bare.»

*Yeesu faj na ñaari gumba*

29 Gannaaw loolu Yeesu
génn Yeriko, te mbooloo mu
bare topp ko. 30 Fekk
ñaari gumba toog ci wetu
yoon wa. Bi gumba ya
déggee ne Yeesu di jaar, ñu
daldi yuuxu ne ko: «Sang
bi, yaw Sëtu Daawuda bi,
yërëm nu!» 31 Waaye nit
ña gëdd leen, ngir ñu noppi.
Teewul gumba ya gëna yu-
uxu naan: «Sang bi, yaw
Sëtu Daawuda bi, yërëm
nu!» 32 Noonu Yeesu daldi
taxaw, woo leen ne: «Lu
ngeen bëgg, ma defal leen
ko?» 33 Ñu ne ko: «Sang
bi, na sunuy bët ubbiku.»
34 Noonu Yeesu yërëm leen,
laal seeni bët, ñu daldi gis ca
saa sa, topp ci moom.

# 21

*Yeesu dugg na Yerusalem*

1 Gannaaw loolu Yeesu ak
taalibe ya jege woon nañu
Yerusalem, ba agsi dëkku
Betfase ci wetu tundu Oliw
ya. Noonu Yeesu yebal ñaari
taalibe, 2 ne leen: «Demleen
ci dëkk bi ci seen kanam.
Bu ngeen eggee, dingeen gis
mbaam mu ñu yeew ak cum-
buram; yiwileen leen, indil
ma leen. 3 Te bu leen kenn
waxee dara, ngeen ne ko:
“Boroom bi da leena soxla.”
Kon ca saa sa dina leen
bàyyi, ñu dem.»

4 Yeesu def na noonu, ngir
la ñu waxoon jaarale ko cib
yonent am, bi mu naan:
5 «Waxal waa Siyoŋ:
“Seen buur a ngi ñëw ci
yéen;
ku lewet la, te war mbaam-
sëf,
dig cumbur, doomu
mbaam.”»

6 Noonu taalibe ya dem,
def loolu leen Yeesu sant.
7 Ñu indi mbaam ma, moom
ak cumbur ga, lal ci seeni
yére, Yeesu toog ca. 8 Ña ëpp
ca mbooloo ma lal seeni yére
ca yoon wa, ñenn ña dagg ay
cari garab, lal leen it ca yoon
wa. 9 Mbooloom ña ko jiitu
ak ña ko topp ñépp di wax
ca kaw naan:
«Osaana, yaw Sëtu
Daawuda bi!
Yaw miy ñëw ci turu Boroom
bi, ku barkeel nga!
Ca bérab yu gëna kawe,
nañu ne: “Osaana!”»

10 Bi nga xamee ne Yeesu
dugg na Yerusalem, dëkk ba
bépp yëngatu ne: «Kii moo
di kan?» 11 Mbooloo ma ne
leen: «Kii moo di yonentu
Yàlla Yeesu, bi jóge Nasaret
ci Galile.»

*Yeesu dàq na jaaykat ya ca kër Yàlla ga*

12 Bi loolu amee Yeesu
dugg ca kër Yàlla ga, dàq
ñépp ña fay jaay ak ña
fay jënd. Mu daaneel taa-
bali weccikatu xaalis ya ak
tooguy jaaykati pitax ya,
13 naan: «Mbind mi nee
na: “Sama kër dinañu ko
wooye këru ñaan ci Yàlla,”
waaye yéen def ngeen ko
këru sàcc.»

14 Noonu ay gumba ak ay
lafañ ñëw ci moom ca kër
Yàlla ga, mu faj leen.

15 Bi nga xamee ne sarx-
alkat yu mag ya ak xutbakat
ya gis nañu yëf yu doy waar
ya mu def, te dégg xale yu
ndaw ya nekk ca kër Yàlla

ga, di wax ci kaw naan: «Os-
aana, yaw Sëtu Daawuda
bi!» ñu daldi mer. 16 Noonu
ñu ne Yeesu: «Ndax dégg
nga li ñuy wax?» Yeesu ne
leen: «Waaw, dégg naa ko.
Ndax masuleena jàng lii ci
Mbind mi:
“Ci gémmiñu perantal ak ñiy
nàmp
sàkkal nga sa bopp ay
cant”?»
17 Bi Yeesu waxee loolu,
mu bàyyi leen, génn dëkk
ba, jëm Betani, fanaan fa.

*Yeesu rëbb na garabu figg ga*

18 Ci suba teel Yeesu
délsi ca dëkk ba, mu xiif.
19 Noonu mu séen garabu
figg ca yoon wa, waaye bi
mu fa agsee, gisu ci dara lu
dul ay xob rekk. Ci kaw loolu
Yeesu ne ko: «Dootuloo
meññ mukk!» Ca saa sa figg
ga daldi wow.
20 Bi nga xamee ne taal-
ibe ya gis nañu loolu, ñu
waaru naan: «Nan la figg
gi daldi wowe ci taxawaay
bi?» 21 Noonu Yeesu ne
leen: «Ci dëgg maa ngi leen
koy wax, su ngeen gëmee te
baña werante, dingeen def li
ma def figg gi, rax-ca-dolli bu
ngeen nee tund wale: “Jógal
tàbbi ca géej ga,” dina ko
def. 22 Te lépp lu ngeen laaj
cig ñaan, bu ngeen ci boolee
ngëm, dingeen ci jot.»

*Sañ-sañu Yeesu*

23 Gannaaw loolu Yeesu
dugg ca kër Yàlla ga, di fa
jàngle. Bi muy jàngle nag
sarxalkat yu mag ya ak njiiti
xeet wa ñëw ci moom ne ko:
«Yëf yii ngay def, ci ban sañ-
sañ nga koy defe? Ku la may
boobu sañ-sañ?» 24 Yeesu ne
leen: «Man itam dinaa leen
laaj lenn; bu ngeen ma ko
waxee, kon dinaa leen wax
ci ban sañ-sañ laay defe yëf
yii. 25 La Yaxya daan def, di
sóob nit ñi ci ndox, fu mu
ko jële, ci Yàlla walla ci nit
ñi?» Ci kaw loolu ñu daldi
werante ci seen biir naan:
«Bu nu nee: “Ci Yàlla,” dina
nu laaj: “Lu tax gëmuleen
ko kon?” 26 Te bu nu nee: “Ci
nit ñi,” kon mbooloo mi dal
ci sunu kaw, ndaxte ñépp
teg nañu Yaxya ab yonent.»
27 Ñu ne Yeesu nag: «Loolu
xamunu ko.» Noonu Yeesu
ne leen: «Kon man itam
duma leen wax ci ban sañ-
sañ laay defe yëf yii.

*Léebu ñaari doom ya*

28 «Lu di seen xalaat ci
lii? Kenn nit amoon na ñaari
doom. Am bés mu ñëw ca
taaw ba ne ko: “Sama doom,
demal tey liggéeyi ca sama
toolu reseñ.” 29 Taaw ba
ne ko: “Demuma,” waaye
gannaaw loolu xelam yedd
ko, mu dem. 30 Gannaaw
gi, baay ba ñëw ca tofo ba,
wax ko noonu. Mu ne ko:
“Waaw,” waaye demul.»
31 Noonu Yeesu laaj leen:
«Kan ci ñaari doom yooyu
moo def coobarey baayam?»
Ñu ne: «Taaw ba.» Yeesu
ne leen: «Ci dëgg maa ngi
leen koy wax, juutikat yi ak
jigéeni moykat yi ñoo leen
jëkka dugg ci nguuru Yàlla
Aji Kawe ji. 32 Ndaxte Yaxya
ñëw na ci yéen ci yoonu
njub, te gëmuleen ko; waaye
juutikat yi ak jigéeni moykat

yi gëm nañu ko. Te gannaaw
bi ngeen gisee loolu, seen xel
soppikuwul sax, ba ngeen
gëm ko.»

*Léebu beykat, yi rey doomu boroom tool bi*

33 Yeesu teg ca ne:
«Dégluleen beneen léeb.
Amoon na fi benn boroom
kër bu jëmbët toolu reseñ.
Mu ñag tool bi, gas ci biir
pax, ngir nal ci reseñ yi. Mu
tabax wottukaay, batale ko
ay beykat, daldi tukki.

34 «Bi nga xamee ne
bëgg nañoo witt reseñ yi,
mu yónni ay surgaam ci
beykat yi, ngir jot wàllam
ci meññeef mi. 35 Waaye
beykat yi jàpp surga yi,
kenn ki ñu dóor ko ay
yar, keneen ki ñu rey ko,
ki ci des ñu sànni ko ay
doj. 36 Boroom kër gi nag
yónniwaat yeneen surga yu
ëpp yu jëkk ya, beykat yi
def leen noonu ñoom itam.
37 Mujj mu yónni doomam
naan: “Xëy na ñu weg sama
doom.” 38 Waaye bi beykat
yi gisee doom ji, ñu ne ci
seen bopp: “Kii moo wara
donn tool bi; nan ko rey,
moom ndonoom.” 39 Ñu
jàpp ko nag, génne ko tool
bi, rey ko.»

40 Noonu Yeesu laaj leen:
«Bu boroom tool bi ñëwee
nag, na muy def beykat yi?»
41 Ñu ne ko: «Dina rey
reyin wu ñaaw nit ñu soxor
ñooñu, batale tool bi yeneen
beykat, yi koy jox wàllam ci
jamonoy meññeef.»

42 Kon Yeesu ne leen:
«Xanaa masuleena jàng lii ci
Mbind yi?
“Doj wi tabaxkat yi sànni;
mujj na di doju koñ;
ci Boroom bi la loolu jóge,
te yéemu nanu ci.”
43 «Loolu moo tax maa ngi
leen koy wax, dinañu leen
xañ nguuru Yàlla, dénk ko
xeet wuy def ay jëfam. 44 Ku
dal ci doj wii, dammtoo; ku
mu dal ci sa kaw, rajaxe la.»

45 Bi nga xamee ne sarx-
alkat yu mag ya ak Farisen
ya dégg nañu léebam yooyu,
ñu xam ne ñoom lay wax.
46 Noonu ñu di ko fexee jàpp,
waaye ragal nañu nit ña,
ndaxte ñépp teg nañu ko ab
yonent.

# 22

*Léebu céet ga*

1 Gannaaw loolu Yeesu
nettali leen beneen léeb ne
leen: 2 «Nguuru Yàlla Aji
Kawe ji dafa mel ni buur
buy waajal céetu doomam ju
góor. 3 Noonu mu yónni ay
surgaam, ngir ñu woo gan
yi ca céet ga, waaye gan
yi bëgguñoo ñëw. 4 Kon
mu yónneeti yeneen surga
ne leen: “Bu ngeen de-
mee, yégal-leen gan yi sama
woote bii: ‘Reer yi noppi
na, reylu naa samay nag ak
samay jur gu duuf; lépp sotti
na, ñëwleen ci reer yi.’ ”
5 Waaye ba tey wuyuwuñu
ko; ñu dem, kenn ki ca
toolam, kenn ki jaayaani,
6 ña ca des jàpp surga ya,
toroxal leen, rey leen.

7 «Noonu buur mer, daldi
yónni ay xarekatam, ngir ñu
rey bóomkat yooyule, lakk
seen dëkk. 8 Ci kaw loolu mu
ne surga ya: “Reeri céet gi
noppi na, waaye ñi ñu woo
yeyoowuñu ko. 9 Demleen
nag buntu dëkk ba, woo ku
ngeen fa gis ci reeri céet gi.”
10 Noonu surga ya génn ca
yoon ya, boole ña ñu fa gis
ñépp, ñu bon ña ak ñu baax
ña, ba néegu reer ya fees ak
ay gan.

11 «Bi nga xamee ne buur
bi dugg na nag, ngir seetsi
gan yi, mu gis fa nit ku
solul mbubb mu ñu wara
sol ca céet ga. 12 Buur
ne ko: “Sama waay, naka
nga dugge fii, te amuloo
mbubbum céet?” Waa ji
ne miig. 13 Noonu buur ba
ne ay surgaam: “Yeewleen
ko ci tànk yi ak ci loxo yi,
sànni ko ci biti ci lëndëm
gi. Foofa dees na fa jooy tey
yéyu.” 14 Ndaxte ñi ñu woo
bare nañu, waaye ñi ñu tànn
barewul.»

*Galag gi ñuy fey buur bi Sesaar*

15 Booba Farisen ya dem
gise, ba xam lu ñu wara def,
ngir fiir Yeesu ci waxam.

16 Noonu ñu yónni ci
moom seeni taalibe ak ñi
far ak buur bi Erodd ne ko:
«Kilifa gi, xam nanu ne ku
wóor nga, te ragaloo kenn,
ndaxte seetuloo jëmmi nit,
waaye dangay xamle yoonu
Yàlla ci bu wóor. 17 Wax
nu nag loo xam ci lii: ndax
jaadu na, nu fey buur bi
Sesaar galag walla déet?»

18 Waaye Yeesu xam seen
njublaŋ, mu ne leen nag:
«Lu tax ngeen bëgg maa fiir,
yéen naaféq yi? 19 Wonleen
ma poset, bi ñuy feye galag.»
Ñu daldi ko jox nag benn
posetu denariyon. 20 Yeesu
ne leen: «Kan lañu ci def
nataalam ak turam?» 21 Ñu
ne ko: «Sesaar.» Noonu mu
ne leen: «Joxleen nag Sesaar
li Sesaar moom, te jox Yàlla
li Yàlla moom.»

22 Bi nga xamee ne dégg
nañu loolu, ñu waaru, bàyyi
ko, daldi dem.

*Sadusen yi ak ndekkite li*

23 Bés boobale ay Sadusen
ñëw ci moom. Sadusen
yi nag ñoom gëmuñu ne
ndekkite am na. Noonu
ñu laaj ko naan: 24 «Kilifa
gi, Musaa nee woon na:
“Boo xamee ne góor dee na
te amul doom, na rakkam
donn jabaram, ngir sàkkal
magam njaboot.” 25 Amoon
na ci nun nag juróom ñaari
góor, ñu bokk ndey ak baay.
Taaw ba am jabar ba noppi,
faatu; rakk ja donn jabar ja,
ndaxte amul woon doom.
26 Ñaareel ba ak ñetteel
ba def noonu, ba ci juróom
ñaareel ba. 27 Gannaaw
ñoom ñépp, jigéen ja
faatu. 28 Bu ndekkite
taxawee nag, jabaru kan
lay doon ci juróom ñaar
ñi, ndaxte ñépp jël nañu
ko?» 29 Waaye Yeesu ne
leen: «Yéena ngi cig réer,
ndaxte xamuleen Mbind
mi mbaa kàttanu Yàlla.
30 Ndaxte keroog ndekkite
li kenn du am jabar, kenn
du am jëkkër, waaye dinañu

mel ni malaaka yi ci kaw.
31 Te lu jëm ci ndekkitel ñi
dee, xanaa masuleena jàng
la leen Yàlla waxoon ne:
32 “Maay Yàllay Ibraayma
ak Yàllay Isaaxa ak Yàllay
Yanqóoba”? Li ciy génn
mooy, nekkul Yàllay ñi dee
waaye Yàllay ñiy dund la.»
33 Bi nga xamee ne mbooloo
ma dégg nañu loolu, ñu
waaru ndax li mu jàngle.

*Ban santaane moo gëna màgg ci yoonu Musaa?*

34 Gannaaw gi, Farisen ya
yég nañu ne yey na Sadusen
ya. Kon nag ñu daldi daje.
35 Noonu kenn ci ñoom, ka
nekk xutbakat, fexe koo fiir.
Mu laaj ko: 36 «Kilifa gi,
ban ndigal moo gëna màgg
ci yoonu Musaa?» 37 Yeesu
ne ko: «“Nanga bëgg Yàlla
sa Boroom ak sa xol bépp
ak sa bakkan bépp ak sa
xel mépp.” 38 Loolu moo
di li jëkk te ëpp ci li Yàlla
santaane. 39 Te ñaareel bi
noona la mel: “Nanga bëgg
sa moroom, ni nga bëgge
sa bopp.” 40 Ñaari ndi-
gal yooyu tënk nañu yoonu
Musaa wépp, moom ak waxi
yonent yi.»

*Ndax Almasi bi mooy sëtu Daawuda?*

41 Bi Farisen ya dajee nag,
Yeesu laaj leen: 42 «Lu ngeen
xalaat ci Almasi bi; kan
la nekk sëtam?» Ñu ne
ko: «Daawuda.» 43 Noonu
Yeesu ne leen: «Lu tax nag
Daawuda, bi muy wax ci
kàttanu Xelu Yàlla mi, di ko
wooye “Boroom bi” ne:

44 “Boroom bi wax na sama Boroom:
‘Toogal ci sama ndijoor,
ba kera may daaneel
say noon ci sa kanam.’ ”

45 Gannaaw Daawuda nag
wooye na ko: “Boroom bi,”
nu muy nekke sëtam?» 46 Ci
kaw loolu kenn manu koo
tontu genn kàddu. Te li dale
ci bés booba kenn ñemeetu
koo laaj dara.

# 23

*Yeesu gëdd na xutbakat ya ak Farisen ya*

1 Gannaaw loolu Yeesu
waxoon na mbooloo ma ak
taalibeem ya ne leen:
2 «Xutbakat ya ak Farisen
ya ñu ngi toog ci jalu Musaa.
3 Lépp lu ñu leen wax nag,
defleen ko te sàmm ko,
waaye buleen roy seeni jëf,
ndaxte dañuy wax waaye
duñu ko jëfe. 4 Dañuy takk
say yu diis, yen leen ci nit ñi,
waaye duñu ko nangoo laal
sax ak seen cati baaraam.
5 Dañuy def seeni jëf yépp,
ngir nit ñi gis leen, di takk
ay téere yu réy, tey réyal
seeni laari mbubb. 6 Ca reeri
xew yi, toogu yu yiw lañuy
taamu, tey féete kanam ca
jàngu ya. 7 Dañoo bëgg
ñépp nuyoo leen ñaari loxo
ca pénc ma, di leen wooye
“kilifa gi.” 8 Waaye yéen
buñu leen wooye “kilifa gi,”
ndaxte kenn rekk moo di
seen Kilifa, te yéen ñépp ay
bokk ngeen. 9 Te buleen
tudde kenn seen “baay” ci
àddina, ndaxte kenn rekk
moo di seen Baay, ki ci
kaw. 10 Buñu leen tudde

it ay “njiit,” ndaxte kenn
rekk moo di seen Njiit, mooy
Kirist. [11] Ki gëna mag ci yéen
mooy ki nangoo nekk seen
surga. [12] Kuy yékkatiku dees
na la suufeel; kuy suufeelu,
ñu yékkati la.

[13-14] «Yéen xutbakat yi
ak Farisen yi, naaféq yi,
dingeen torox! Ndaxte
yéena ngi tëj nguuru Yàlla
Aji Kawe ji ci kanam nit ñi;
yéen dungeen ci dugg, te
dungeen bàyyi ku ci bëgga
dugg, mu dugg ci.

[15] «Yéen xutbakat yi
ak Farisen yi, naaféq yi,
dingeen torox! Ndaxte
yéena ngi wër géej ak suuf,
ngir sàkku benn taalibe, ba
noppi ngeen def ko nitu
sawara, ku leen yées ñaari
yoon.

[16] «Yéen njiit yu gumba yi,
dingeen torox! Yéena ngi
wax ne: “Ku giñe kër Yàlla
gi, ngiñ li duggul, waaye ku
giñ ci wurusu kër Yàlla gi,
dugg na.” [17] Yéen ñi dof
te gumba! Lan moo gëna
màgg, wurus wi walla kër
Yàlla, gi tax wurus wi sell?
[18] Dangeen ne it: “Ku giñe
sarxalukaay bi ci kër Yàlla
gi, ngiñ li duggul, waaye ku
giñ ci sarax si ci kawam,
dugg na.” [19] Gumba yi!
Lan moo gëna màgg, sarax
si walla sarxalukaay bi tax
sarax si sell? [20] Ku giñe sarx-
alukaay bi, giñ nga ci sarx-
alukaay bi ak li ci kawam
lépp. [21] Ku giñe kër Yàlla gi,
giñ nga ci kër Yàlla gi ak ki ci
dëkk. [22] Ku giñ ci asamaan,
giñ nga ci jalu Buur Yàlla ak
ki ci toog.

[23] «Yéen xutbakat yi
ak Farisen yi, naaféq yi,
dingeen torox! Ndaxte
yéena ngi sàkk asaka ci
naana ak anet ak kumin,
te sàggane yi gëna màgg
ci yoonu Musaa, maanaam
njub, yërmande ak ngëm.
Loolu ngeen wara def,
waxuma nag ngeen bàyyi
la ca des. [24] Yéen njiit
yu gumba yi! Yéena ngi
segg wallax-njaan, tey wann
giléem.

[25] «Yéen xutbakat yi
ak Farisen yi, naaféq yi,
dingeen torox! Ndaxte
yéena ngi setal bitib kaas
bi ak ndab li, waaye ci biir
dafa fees ak càcc ak ëppal.
[26] Farisen yu gumba yi!
Jëkkleena setal biir kaas bi
ak ndab li, ngir biti bi itam
set.

[27] «Yéen xutbakat yi
ak Farisen yi, naaféq yi,
dingeen torox! Ndaxte
yéena ngi mel ni bàmmeel
yu ñu weexal. Ci biti am
nañu melo wu rafet, waaye
ci biir dañoo fees ak yaxi ñi
dee ak tilim ju nekk. [28] Yéen
itam, ci ngistal dangeena
mel ni ñu jub, waaye ci seen
biir dangeen fees ak naaféq
ak lu bon.

[29] «Yéen xutbakat yi
ak Farisen yi, naaféq yi,
dingeen torox! Ndaxte
yéena ngi tabax xabruy
yonent yi, tey rafetal
bàmmeeli ñu jub ñi. [30] Te
yéena ngi wax ne: “Bu nu
fekke woon sunu jamonoy

maam, dunu ànd ak ñoom
ciy tuur deretu yonent yi.”
31 Seede ngeen nii ne yey
ngeen seen bopp, te yéenay
doomi ñi doon rey yonent yi,
32 di aw seen tànki baay, ba
yées leen sax. 33 Yéen ñi mel
ni ay jaan, te fees ak daŋar
niy co, naka ngeen di mucce
mbugalu sawara? 34 Moo
tax maa ngi leen di yónnee
ay yonent ak ay boroom
xam-xam ak ay xutbakat.
Ñenn ñi dingeen leen rey te
daaj leen ci bant; ñeneen ñi
dingeen leen dóor ay yar ci
seeni jàngu, di leen fitnaal
ci dëkkoo dëkk. 35 Noonu
deretu ñi jub, ji ñu tuur jépp
ci àddina, dina xëppu ci
seen kaw, li dale ci deretu
Abel mi jub, ba ci deretu
Sakari doomu Baraki, mi
ngeen rey ci diggante bérab
bu sell bi ak sarxalukaay bi.
36 Ci dëgg maa ngi leen koy
wax, loolu lépp dina dal ci
niti jamono jii.

37 «Yerusalem, Yerusalem,
yaw miy rey yonent yi, tey
sànni ay doj ndaw yi, ba
ñu dee, aka maa bëggoona
dajale say doom, ni ginaar
di uufe ay cuujam, te nan-
guwuleen! 38 Kon nag Yàlla
dina bërgël seen kër, ba mu
gent. 39 Ndaxte maa ngi
leen koy wax, dungeen ma
gisati li dale tey, ba kera
ngeen ne: “Yaw miy ñëw ci
turu Boroom bi, ku barkeel
nga!”»

# 24

*Yàqug Yerusalem ak del-
lusig Doomu nit ki*

1 Bi Yeesu waxee ba noppi,
mu génn ca kër Yàlla ga,
dem. Noonu ay taalibeem
ñëw ci moom, ngir won ko
tabaxi kër Yàlla ga. 2 Mu
ne leen: «Du gis ngeen yii
yépp? Ci dëgg maa ngi leen
koy wax, lii lépp dina daanu,
ba doj dootul des ci kaw
doj.»

3 Noonu bi nga xamee
ne Yeesu toog na ca tundu
Oliw ya, taalibeem ya ñëw
ci moom cig wet. Ñu ne ko:
«Wax nu kañ la loolu di am,
te luy tegtale ne yaa ngi ñëw
te àddina di tukki?»

4 Yeesu ne leen: «Moy-
tuleen, bu leen kenn nax.
5 Ndaxte ñu bare dinañu
ñëw ci sama tur ne: “Maa
di Kirist,” te dinañu nax ñu
bare. 6 Dingeen dégg ay
xare ak coowi xare; wot-
tuleen, buleen ci tiit, ndaxte
loolu war na am, waaye
booba mujug jamono ji jo-
tagul. 7 Xeet dina jóg, xeex
ak weneen xeet, réew xeex
ak meneen réew. Dina
am ay xiif ak ay yëngu-
yënguy suuf ci bérab yu
bare. 8 Waaye loolu lépp
mooy ndoortel metit yi, mel
ni jigéen juy matu. 9 Bu
boobaa dees na leen jébbale,
mitital leen, rey leen; te
xeet yépp dinañu leen bañ
ndax sama tur. 10 Bu
loolu amee ñu bare dinañu
dàggeeku, di booleente tey
bañante. 11 Te it ñu bare
ñuy mbubboo turu yonent
dinañu feeñ, nax nit ñu
bare. 12 Te gannaaw lu bon
day law, mbëggeelug ñi ëpp
dina wàññiku. 13 Waaye ku

muñ ba ca muj ga, mucc.
14 Noonu xibaaru jàmm bii ci nguuru Yàlla, dees na ko yégle ci àddina sépp, ngir mu nekk seede ci xeet yépp. Bu loolu amee mujug jamono ji jot.

15 «Dina am bés bu li ñuy wax: "Lu araam luy yàqe" dina tege ca bérab bu sell ba. Mooy li ñu doon wax jaarale ko ci yonent Yàlla Dañeel; ku ko jàng, nanga ko xam.
16 Bu ngeen gisee loolu nag, ku nekk ci biir diiwaanu Yude, nanga daw ca tund ya;
17 ku nekk ci kaw taax ma, bul wàcc ngir fab say yëf, ya nekk ci biir kër ga;
18 ku nekk ca tool ba, bul ñibbi ngir fab sa mbubb.
19 Ngalla jigéen ñi ëmb ca bés yooyu, ngalla it ñiy nàmpal!
20 Ñaanleen nag seen gàddaay bumu nekk jamonoy seddaayu lolli, walla bésub noflaay bi.
21 Ndaxte booba dina am metit wu réy wu masula am, ba àddina sosoo ak tey, te dootul am mukk.
22 Te bu ñu wàññiwul bés yooyu, kenn du mucc, waaye dees na leen wàññi ndax ñi Yàlla tànn.

23 «Booba nag, bu leen kenn waxee: "Kaayleen gis, Kirist a ngi fi," mbaa: "Mu nga fale," buleen ko gëm.
24 Ndaxte ñi mbubboo turu Kirist ak ñi mbubboo turu yonent dinañu feeñ, di joxe ay firnde yu réy ak ay kéemaan, ba ciy nax sax ñi Yàlla tànn, su loolu manoona am.
25 Wax naa leen ko lu jiitu.

26 «Bu ñu leen waxee nag: "Seetleen, mu nga nale ca àll ba," buleen génn, mbaa ñu ne: "Seetleen, mu ngi nii ci biir kër gi," buleen ko gëm.
27 Ndaxte ni melax di fàqe penku, te lerax ba sowu, noonu la ñëwug Doomu nit ki di mel.
28 Fa médd nekk, fa la tan yiy dajee.

29 «Gannaaw metitu bés yooyule nag, ca saa sa jant bi dina lëndëm te weer wi dootul leer; biddiiw yi dinañu fàq, daanu ci asamaan, te kàttani asamaan yi yëngu.
30 Booba firnde ji taxaw, Doomu nit ki feeñ ci asamaan, te xeeti àddina sépp dinañu jooy. Dinañu gis Doomu nit ki di ñëw ci niiri asamaan si, ànd ak kàttan ak ndam lu réy.
31 Dina yónni ay malaakaam ak baatu liit bu dégtu, ñu dajale ñi mu tànn ci ñeenti xébla yi, fa asamaan dale ba fu mu yem.»

32 Yeesu teg ca ne: «Jàngleen misaalu garabu figg ga. Boo xamee ne ay bànqaasam duy nañu, tey xobam sëq, xam ngeen ne nawet jege na.
33 Noonu yéen itam bu ngeen gisee loolu lépp, xamleen ne jege na, mu ngi ci bunt bi sax.
34 Ci dëgg maa ngi leen koy wax, niti jamono jii duñu wéy te loolu lépp amul.
35 Asamaan ak suuf dinañu wéy, waaye samay wax du wéy mukk.

*Yàlla rekk moo xam bés ba*

36 «Waaye bés booba walla
waxtu wa, kenn xamul kañ
lay doon; du malaaka yi ci
kaw, du sax man Doom ji,
waaye Baay bi rekk moo ko
xam. 37 Ni bési Nóoyin ya,
noonu lay mel, bu Doomu nit
ki di ñëw. 38 Ndaxte ca bés
ya jiitu mbënn ma, nit ñaa
ngi doon lekk di naan, góor
ñaa ngi doon takk jabar, tey
maye seeni doom, ba bés ba
Nóoyin duggee ca gaal ga;
39 xalaatuñu woon dara, ba
kera ndoxum mbënn ma di
dikk, yóbbu leen. Noonu lay
mel ci ñëwug Doomu nit ki.

40 «Bu boobaa ci ñaar ñu
nekk cib tool, dinañu jël
kenn ki, bàyyi ki ci des. 41 Ci
ñaari jigéen ñuy wol ca ëtt
ba, dinañu jël kenn ki, bàyyi
ki ci des. 42 Yewwuleen
nag, ndaxte xamuleen bés
bu seen Boroom di ñëw.
43 Waaye xamleen lii: bu
boroom kër gi xamoon, ci
ban waxtu ci guddi la sàcc
bi di ñëw, kon dina yewwu
te du ko bàyyi, mu toj
këram. 44 Loolu moo tax
yéen itam taxawleen jonn,
ndaxte Doomu nit ki dina
ñëw ci waxtu wu ngeen ko
séenuwul.»

45 Yeesu teg ca ne: «Kan
moo nekk surga bu takku
te teey, bu njaatigeem teg
ci waa kër gi, ngir mu leen
di dundal ca jamono ja?
46 Bu njaatigeem ñëwee te
gis muy def noonu, surga
boobu dina am ngërëm. 47 Ci
dëgg maa ngi leen koy wax,
njaatige bi dina ko teg ci
alalam jépp. 48 Waaye bu
dee surga bu bon bu naan ci
xelam: "Sama njaatige day
yéexa ñëw," 49 mu tàmbalee
dóor ay bokki surgaam, di
lekk te naan ak naankat ya,
50 kon njaatige ba dina ñëw
ci bés bu mu ko séenuwul ak
waxtu wu mu xamul. 51 Dina
ko dóor ay yar yu metti, jox
ko añub naaféq. Foofa dees
na fa jooy tey yéyu.

# 25

*Léebu fukki janq ya*

1 «Booba nguuru Yàlla Aji
Kawe ji dina mel ni fukki
janq, ñu fab seeni làmp,
génn, gatanduji boroom séet
ba. 2 Fekk juróom ca janq
ya di ñu am xel, juróom
ya ca des ñàkk xel. 3 Ñi
ñàkk xel nag fab nañu seeni
làmp, waaye fabaalewuñu
diw; 4 waaye ñi am xel
ñoom fab nañu seeni làmp,
fabaale diw ciy njaq. 5 Ni
boroom séet bi yéexee ñëw
nag, ñépp gëmméentu bay
nelaw.
6 «Noonu ci xaaju guddi
baat jib ne: "Boroom séet
baa ngi, génnleen, gatandu
ko." 7 Bi ko janq ya déggee,
ñu jóg, defar seeni làmp.
8 Ñi ñàkk xel wax ñi am xel:
"Mayleen nu ci seen diw,
ndaxte sunuy làmp ñu ngi
bëgga fey." 9 Waaye ñi am
xel ne leen: "Li nu yor du
doy ngir nun ak yéen. Tee
ngeena dem ca jaaykat ya,
jënd?"
10 «Bi nga xamee ne dem
nañu jëndi, boroom séet ba
agsi. Ñi amoon diw ci seeni
làmp, ànd ak boroom séet

ba ca reer ya. Noonu bunt
ba tëj. 11 Gannaaw loolu
janq ya ca des agsi naan:
“Sang bi, Sang bi, ubbil nu!”
12 Mu ne leen: “Ci dëgg maa
ngi leen koy wax, xawma
leen.”
13 «Yewwuleen nag,
ndaxte xamuleen bés ba
mbaa waxtu wa.

*Léebu surga, ya njaatige bi dénk xaalisam*

14 «Te it nguuru Yàlla
dafa mel ni kuy tukki bitim
réew. Bi muy laata dem,
mu woo ay surgaam, batale
leen alalam, ku nekk lu mu
àttan. 15 Kenn ka, mu dénk
ko juróomi milyoŋ*, keneen
ka, mu dénk ko ñaar; ka ca
des, benn; daldi tukki.
16 «Bi mu demee nag, ki
jot juróomi milyoŋ ya dem,
di ci jula, ba amaat yeneen
juróom. 17 Noonu it ki jot
ñaar amaat yeneen ñaar.
18 Waaye ki jot benn milyoŋ
dem, gas pax, nëbb fa xaal-
isu njaatigeem.
19 «Gannaaw diir bu
yàgg njaatigeb surga ya
délsi, daldi leen laaj
alalam. 20 Noonu ki jot
juróomi milyoŋ ya jegeñsi,
indi yeneen juróom naan:
“Kilifa gi, dénk nga ma
juróomi milyoŋ; seetal, ame
naa ci yeneen juróom.”
21 Njaatigeem ne ko: “Def
nga lu baax, surga bu baax
nga te takku. Gannaaw
takku nga ci lu tuuti, dinaa
la dénk lu bare. Kaay bokk
ci sama mbég.” 22 Naka
noona ki jot ñaari milyoŋ
it jegeñsi ne ko: “Kilifa gi,
dénk nga ma ñaari milyoŋ,
seetal, ame naa ci yeneen
ñaar.” 23 Njaatigeem ne ko:
“Def nga lu baax, surga bu
baax nga te takku. Gannaaw
takku nga ci lu tuuti, dinaa
la dénk lu bare. Kaay bokk
ci sama mbég.”
24 «Gannaaw loolu nag, ki
jot benn milyoŋ jegeñsi ne
ko: “Kilifa gi, xamoon naa
ne, nit ku néeg nga; dangay
dajale foo jiwul, tey góob
foo faruwul. 25 Moo tax ma
ragaloon la, ba dem, nëbb sa
xaalis ci biir suuf; mi ngii, fa-
bal li nga moom.” 26 Waaye
njaatigeem ne ko: “Surga bu
bon nga te tayel! Gannaaw
xamoon nga ne damay da-
jale fu ma jiwul, tey góob fu
ma faruwul, 27 kon waroon
ngaa yóbbu sama xaalis ca
denckati xaalis ya. Bés bu
ma ñëwee nag, ma mana
jot li ma moom ak la mu
jur.” 28 Noonu njaatige bi
ne: “Nanguleen xaalis bi ci
moom, jox ko boroom fukki
milyoŋ yi. 29 Ndaxte ku
am dinañu la dolli, ba nga
barele, waaye ku amul, li
nga am as néew sax, dinañu
ko nangu. 30 Te sànnileen
surga bu amul njariñ bi ci
biti ci lëndëm gi. Foofa dees
na fa jooy te yéyu.”

*Àtteb xeet yi*

31 «Boo xamee ne Doomu
nit ki mu ngi ñëw ci
ndamam, ànd ak malaaka
yépp, booba dina falu ni

* **25:15** Maanaam juróomi talaŋ. Seetal Xaalis ci Leeral yi.

buur, toog ci jalam bu soloo
ndam. 32 Bu boobaa dees
na dajale xeeti àddina yépp
ci kanamam, te dina leen
xàjjale, ni sàmm di xàjjalee
xar yi ak bëy yi, 33 mu teg
xar yi ci ndijooram, bëy yi ci
càmmoñam.
34 «Noonu Buur bi dina
wax ñi féete ndijoor:
“Agsileen, yéen ñi sama
Baay barkeel, jël-leen nguur,
gi ñu leen waajal li dale
ci njàlbéenug àddina.
35 Ndaxte xiifoon naa,
ngeen jox ma, ma lekk;
te mar, ngeen jox ma,
ma naan; nekkoon naa ab
doxandéem, ngeen fat ma;
36 te rafle, ngeen wodd ma;
woppoon naa, ngeen seetsi
ma; te ñu tëj ma, ngeen ñëw
fi man.” 37 Ci kaw loolu ñi
jub dinañu ne: “Boroom bi,
kañ lanu la gisoon, nga xiif,
nu jox la, nga lekk; mbaa nga
mar, nu jox la, nga naan?
38 Kañ lanu la gisoon, nga
nekk ab doxandéem, nu fat
la; mbaa nga rafle, nu wodd
la? 39 Kañ lanu la gisoon,
nga wopp mbaa ñu tëj la, nu
ñëw ci yaw?” 40 Noonu Buur
bi dina leen ne: “Ci dëgg
maa ngi leen koy wax, saa
yu ngeen defalee loolu kenn
ki gëna ndaw ci sama bokk
yii, man ngeen ko defal.”
41 «Gannaaw loolu dina
wax ñi ci càmmoñam:
“Soreleen ma yéen ñi
alku, te dem ci sawara
su dul fey, si ñu sàkkal
Seytaane ak ay malaakaam.
42 Ndaxte xiifoon naa waaye
joxuleen ma, ma lekk; te
mar waaye joxuleen ma,
ma naan. 43 Nekkoon
naa ab doxandéem, waaye
fatuleen ma; te rafle, waaye
wodduleen ma; woppoon
naa te ñu tëj ma, waaye
seetsiwuleen ma.” 44 Ci kaw
loolu dinañu ne: “Boroom
bi, kañ lanu la gisoon, nga
xiif, mbaa nga mar, nga
nekk ab doxandéem mbaa
rafle, nga wopp mbaa ñu
tëj la, te topptoowunu la?”
45 Kon dina leen ne: “Ci dëgg
maa ngi leen koy wax, saa
su ngeen ko defalul kenn ci
ñi gëna ndaw, man ngeen
ko defalul.” 46 Noonu ñii
dinañu sóobu ci mbugal
gu dul jeex, waaye ñi jub
dinañu tàbbi ci dund gu dul
jeex.»

# 26

*Njiiti yoon yi fexeel nañu Yeesu*

1 Bi nga xamee ne Yeesu
wax na loolu lépp ba noppi,
mu ne taalibeem ya: 2 «Xam
ngeen ne ñaari fan a des ci
màggalu bésu Mucc ba, te
dinañu wor Doomu nit ki,
daaj ko ci bant.»
3 Booba nag sarxalkat yu
mag ya ak njiiti xeet wa da-
jaloo ca kër gu réy gu sarx-
alkat bu mag ba, tudd Kayif.
4 Ñu daldi gise, ba xam lu
ñu mana fexe, ba jàpp Yeesu,
reylu ko. 5 Waaye ñu ne:
«Bumu doon ci bésu màggal
bi, ngir yëngu-yëngu baña
am ci nit ñi.»

*Jigéen ja tuur na latkoloñ ci boppu Yeesu*

6 Bi nga xamee ne Yeesu
nekkoon na dëkku Betani ca

kër Simoŋ ma gaana woon,
[7] jenn jigéen ñëw ci moom,
yor njaq lu ñu yette doj wu
ñuy wax albaatar. Njaq la
def latkoloñ ju jar lu baree
bare. Noonu bi Yeesu toogee
di lekk, jigéen ji tuur ko ci
boppu Yeesu. [8] Waaye bi
ko taalibe ya gisee, ñu daldi
mer ne: «Yàq gii, lu muy
jariñ? [9] Maneesoon na koo
jaay ci lu bare, jox xaalis bi
miskin yi.»

[10] Yeesu nag xam la ñu
wax, mu ne leen: «Jigéen
ji defal na ma jëf ju rafet;
lu tax ngeen di ko sonal?
[11] Miskin yaa ngi ak yéen
bés bu nekk, waaye dungeen
ma gis ba fàww. [12] Kii, ci li
mu tuur latkoloñ jii ci sama
yaram, def na ko ngir waajal
sama rob. [13] Ci dëgg maa
ngi leen koy wax, fépp fu
ñuy yéene xibaaru jàmm bi
ci àddina sépp, dinañu fa
fàttali it li jigéen jii def.»

*Yudaa wor na Yeesu*

[14] Ca waxtu woowu kenn
ci fukki taalibe ya ak ñaar,
ku tudd Yudaa Iskariyo, dem
ca sarxalkat yu mag ya, [15] ne
leen: «Lan ngeen ma mana
jox, ngir ma jébbal leen
Yeesu?» Noonu sarxalkat
ya daldi ko waññal fanweeri
poseti estateer. [16] Li dale ci
saa soosa nag Yudaa di fexe
jamono ju mu leen mana
jébbal Yeesu.

*Reer bu mujj bi*

[17] Bés bu jëkk ca màggal,
ga ñuy wax Mburu ma amul
lawiir, taalibe yi ñëw ci
Yeesu ne ko: «Foo bëggoon
nu defaral la reeru bésu
Mucc ba?» [18] Yeesu ne
leen: «Demleen ca dëkk
ba, jëm ca diw, ngeen ne
ko: "Kilifa gi nee na: Sama
jamono jege na; ci sa kër
laay màggalsi bésu Mucc
ba, man ak samay taalibe."»
[19] Noonu taalibe yi defar
reeru bésu Mucc ba, na leen
Yeesu waxe woon.

[20] Bi nga xamee ne timis
jot na, Yeesu toog di lekk,
moom ak fukki taalibe yi ak
ñaar. [21] Bi ñuy lekk, mu
ne leen: «Ci dëgg maa ngi
leen koy wax, kenn ci yéen
dina ma wor.» [22] Taalibe ya
am naqaru xol bu réy; ku
nekk daldi ne ko: «Mbaa du
man, Boroom bi?» [23] Yeesu
ne leen: «Ki dugal loxoom
ak man ci ndab li, kooku
moo may wor. [24] Doomu
nit ki mu ngi dem, ni
ñu ko waxe ci Mbind mi,
waaye ki koy wor dina torox;
bañoona juddu moo gënoon
ci moom.» [25] Yudaa, mi ko
nara wor, laaj ko: «Mbaa du
man, kilifa gi?» Yeesu ne ko:
«Wax nga ko.»

[26] Noonu bi ñuy lekk,
Yeesu jël mburu, sant Yàlla,
damm ko, jox ko taalibe
ya. Mu ne leen: «Jël-
leen lekk, lii sama yaram
la.» [27] Gannaaw loolu mu
jël kaas, sant Yàlla, jox leen
ko. Mu ne leen: «Yéen
ñépp naanleen ci, [28] ndaxte
lii mooy sama deret, ji fas
kóllëre gi, te mu tuuru,
ngir ñu bare jot mbaalug
bàkkaar yi. [29] Maa ngi
leen di wax, dootuma naan
gannaaw-si-tey ndoxum re-

señ mii, ba kera may naan ak yéen ndoxum reseñ mu bees ci sama nguuru Baay.»

30 Gannaaw loolu ñu woy Yàlla, ba noppi génn, dem ca tundu Oliw ya.

31 Booba Yeesu ne leen: «Yéen ñépp dingeen ma dàggeeku ci guddi gii, ndaxte bind nañu:
“Dinaa dóor sàmm bi,
xari jur gi tasaaroo.”
32 Waaye bu ma dekkee, dinaa leen jiituji Galile.» 33 Piyeer nag daldi jël kàddu gi naan: «Bu la ñépp dàggeekoo, man duma la dàggeeku mukk.» 34 Yeesu ne ko: «Ci dëgg maa ngi la koy wax, ci guddi gii, bala ginaar a sab, dinga ma weddi ñetti yoon.» 35 Piyeer ne ko: «Boo xamee ne sax, damaa wara dee ak yaw, duma la weddi mukk.» Taalibe yépp it waxe noonu.

*Yeesu ñaan na ci toolu Setsemane ci biir tiis wu réy*

36 Bi loolu amee Yeesu ànd ak ñoom ba ca bérab bu tudd Setsemane, mu ne taalibe ya: «Toogleen fii, ma dem fale, ñaan fa.» 37 Bi mu waxee loolu, mu ànd ak Piyeer ak ñaari doomi Sebede, daldi am tiis ba xonet. 38 Mu ne leen: «Sama xol dafa tiis, ba may bëgga dee; toogleen fi, xool ak man.» 39 Bi mu waxee loolu, Yeesu dem ci kanam tuuti, ne nërëm ci suuf, di ñaan ne: «Sama Baay, bu manee am, na ma kaasu naqar bii teggi! Moona, bumuy ci sama coobare, waaye na sa coobare am.»

40 Noonu mu ñëw ca taalibe ya, fekk leen ñuy nelaw. Mu ne Piyeer: «Amuleen sax dooley xoolandoo ak man benn waxtu? 41 Xool-leen te ñaan, ngir baña daanu cig fiir. Seen xol jag na, waaye seen bind a woyof.» 42 Yeesu delluwaat di ñaan ne: «Sama Baay, bu fekkee ne kaasu naqar bii manu maa teggi te naanuma ko, kon na sa coobare am.» 43 Yeesu ñëwaat ca taalibe ya, fekk leen ñuy nelaw, ndaxte seeni bët dañoo diis. 44 Mu daldi leen bàyyi, waxaat loolu ñetteel bi yoon.

45 Noonu mu ñëw ca taalibe ya ne leen: «Nelawleen léegi te noppalu. Waxtu wu ñu ma wara jébbale ci loxoy bàkkaarkat yi, jege na. 46 Jógleen nu dem; xoolleen, ki may wor a ngi nii, di ñëw.»

*Jàpp nañu Yeesu*

47 Bi muy wax loolu nag, Yudaa, mi bokkoon ca fukki taalibe ya ak ñaar te naroon koo wor, agsi, ànd ak mbooloo mu bare, jóge ca sarxalkat yu mag ya ak ca njiiti xeet wa, te gànnaayoo jaasi ak yet. 48 Fekk Yudaa moomu joxoon na leen tegtal ne leen: «Ki may fóon, moom la; jàppleen ko.» 49 Mu daldi ñëw ci Yeesu nag ne ko: «Salaammaalikum, kilifa gi!» daldi ko fóon bu tàng. 50 Yeesu ne ko: «Sama xarit, xam naa lu tax nga ñëw.» Noonu ñu daldi jegesi, song ko, jàpp ko.

51 Ca saa sa kenn ci ñi ànd ak Yeesu bocci jaaseem, dóor

surgab sarxalkat bu mag ba,
nopp ba dagg. 52 Waaye
Yeesu ne ko: «Roofal sa
jaasi ci mbaram, ndaxte ku
bocci jaasi, jaasi moo lay
rey. 53 Xanaa xamuloo ne
man naa laaj sama Baay, te
dina ma may ci taxawaay
bi mbooloom malaaka mu
xel dajul*? 54 Waaye su ma
ko defoon, nan la Mbind mi
mana ame? Ndaxte Mbind
mi nee na, nii la wara ame.»

55 Booba Yeesu ne
mbooloo mi: «Jóg ngeen
ngir jàpp ma, gànnaayoo
jaasi ak yet, mel ni ñuy topp
sàcc. Moona daa naa toog
bés bu nekk ca kër Yàlla ga,
di jàngle, te jàppuleen ma.
56 Waaye lii lépp xew na,
ngir amal Mbindi yonent yi.»
Ci kaw loolu taalibe yépp
dëddu ko, daw.

*Yeesu taxaw na ci kanam kureelu àttekat ya*

57 Ña jàppoon Yeesu
yóbbu ko kër Kayif, sarx-
alkat bu mag ba, fa xutbakat
ya ak njiit ya daje. 58 Piyeer
topp ko fu sore, ba ci ëttu
sarxalkat bu mag ba; mu
dugg, toog ak surga ya, ngir
seet nu mbir may mujje.

59 Noonu sarxalkat yu mag
ya ak kureelu àttekat ya di
seet naaféq bu mana seede
ci Yeesu, ba ñu man koo
rey, 60 waaye manuñu koo
am. Teewul ñu bare ñëwoon
nañu, di seede lu dul dëgg.
Ba mujj ñaari nit ñëw naan:
61 «Kii nee woon na: "Man
naa toj kër Yàlla ga, tabaxaat
ko ci ñetti fan."»

62 Ci kaw loolu sarxalkat
bu mag ba jóg ne ko: «Ndax
doo wax dara? Loo xam ci li
ñii seede ci yaw?» 63 Waaye
Yeesu ne cell. Sarxalkat bu
mag ba ne ko: «Giñloo naa
la ci Yàlla miy dund, nga
wax nu, ndax yaa di Almasi
bi, Doomu Yàlla ji.» 64 Yeesu
ne ko: «Wax nga ko. Maa
ngi leen koy wax it, li dale
fii dingeen gis Doomu nit
ki toog ci ndijooru Aji Man
ji, di ñëw ci niiri asamaan
si.» 65 Bi mu déggee loolu,
sarxalkat bu mag ba daldi
mer lool, ba xotti ay yéreem,
daldi ne: «Weddi na Yàlla,
lu nu doyeeti seede? Dégg
ngeen ni mu weddee. 66 Lu
ngeen ci xalaat?» Ñu ne ko:
«Yoon teg na ko dee.»

67 Ci kaw loolu ñu daldi
tifli ci xar kanamam, dóor ko
ay kurfeñ. Ñeneen talaata
ko, 68 ne ko: «Yaw Kirist,
yonent bi, ndax xam nga ku
la dóor?»

*Piyeer weddi na Yeesu*

69 Bi looluy xew, Piyeer
moom ma nga toogoon ca
biti ca ëtt ba. Noonu benn
mbindaan ñëw ci moom ne
ko: «Yaw itam àndoon nga
ak Yeesum Galile.» 70 Waaye
Piyeer weddi ko ci kanam
ñépp ne ko: «Xawma li
ngay wax.» 71 Bi mu ko
waxee, mu jëm ca bunt ba,
te beneen mbindaan gis ko,
mu wax ña fa nekkoon:
«Kii àndoon na ak Yeesum
Nasaret.» 72 Waaye Piyeer

* **26:53** Maanaam fukki mbooloo ak ñaar yu malaaka; mbooloo mu nekk def juróom benni junni.

weddiwaat, boole ko ak ay
ngiñ ne ko: «Xawma nit
kooku.»
73 Nees-tuut ña fa taxa-
woon ñëw ci Piyeer ne ko:
«Ci lu wóor ne yaw itam
bokk nga ci ñoom, ndaxte sa
waxin feeñal na la.» 74 Bi mu
ko déggee, Piyeer daldi giñ
ak di waat ne: «Xawma nit
kooku.» Te ci taxawaay gi-
naar daldi sab. 75 Noonu Piy-
eer fàttaliku la Yeesu wax-
oon ne: «Bala ginaar a sab,
dinga ma weddi ñetti yoon.»
Mu daldi génn, di jooy jooy
yu metti.

# 27

*Yudaa am na naqar lool, ba xaru*

1 Ci suba teel sarxalkat
yu mag yépp ak njiiti xeet
wa gise, ngir fexee reylu
Yeesu. 2 Ñu yeew ko, yóbbu
ko, jébbal ko Pilaat boroom
réew ma.
3 Bi nga xamee ne Yudaa,
mi woroon Yeesu, gis na
ne daan nañu ko, mu am
naqaru xol. Mu dem nag
ca sarxalkat yu mag ya ak
njiit ya, delloo leen fanweeri
poset yu xaalis, 4 ne leen:
«Am naa bàkkaar ci li ma
wor nit ku tooñul, ngir ñu
rey ko.» Ñu ne ko: «Lu ciy
sunu yoon? Loolu yaa ko
yég.» 5 Noonu Yudaa sànni
xaalis ba ca kër Yàlla ga,
jóge fa, dem, takk buum ci
baatam, xaru.
6 Sarxalkat yu mag ya
nag fab xaalis ba, naan:
«Jaaduwul nu def xaalis bii
ci dencukaayu xaalis bi ci
kër Yàlla gi, ndaxte njégu
deret la.» 7 Ñu daldi diisoo
nag, jënd ca xaalis ba toolu
defarkatu ndaa ya, ngir di fa
suul doxandéem ya. 8 Loolu
moo tax ñu wooye tool
booba ba tey Toolu deret.
9 Noonu la ñu waxoon jaar-
ale ko ci yonent Yàlla Yeremi
am, bi mu naan: «Fab nañu
fanweeri poseti xaalis ya,
mooy njég li bànni Israyil
xayma woon ci nit ki; 10 ñu
joxe ko ngir toolu defarkatu
ndaa ya, ni ma ko Boroom bi
sante.»

*Yeesu taxaw na ci kanam Pilaat*

11 Gannaaw loolu Yeesu
taxaw ca kanam boroom
réew ma, boroom réew ma
laaj ko: «Ndax yaa di bu-
uru Yawut yi?» 12 Yeesu ne
ko: «Wax nga ko,» waaye
waxul dara ca la ko sarx-
alkat yu mag ya ak njiit ya
jiiñ. 13 Noonu Pilaat ne ko:
«Xanaa dégguloo li ñu la
jiiñ lépp?» 14 Waaye Yeesu
waxu ko ci dara, ba tax bo-
room réew ma waaru lool.
15 Ca màggal gu nekk
nag boroom réew ma daan
na may mbooloo ma, ñu
tànn kenn ca ña ñu tëjoon,
mu daldi leen ko bàyyil.
16 Fekk booba amoon nañu
ku ñu tëjoon, ku siiw te
tudd Barabas. 17 Bi nga
xamee ne daje nañu nag,
Pilaat laaj leen: «Kan ngeen
bëgg, ma bàyyi ko, Barabas
walla Yeesu mi ñuy wax
Kirist?» 18 Ndaxte xam-
oon na ne kiñaan rekk a
taxoon, ñu jébbal ko ko.
19 Te it bi mu toogee sax

ca jalu àttekaay ba, sox-
naam yónnee ci moom ne
ko: «Bul dugg ci yëfi ku jub
kooku, ndaxte tey gént naa
ci moom te sonn naa ci lool.»
20 Waaye sarxalkat yu mag
ya ak njiit ya xiir mbooloo
ma, ñu laaj Barabas te reylu
Yeesu.
21 Noonu boroom réew ma
laaj leen: «Kan ci ñaar ñii
ngeen bëgg, ma bàyyil leen
ko?» Ñu ne ko: «Barabas.»
22 Pilaat ne leen: «Nan
laay def nag Yeesu, mi tudd
Kirist?» Ñépp ne ko: «Daaj
ko ci bant, ba mu dee!»
23 Boroom réew ma ne leen:
«Lu tax? Gan tooñ la def?»
Waaye ñu daldi yuuxu bu
gëna kawe naan: «Daaj ko
ci bant!»
24 Naka Pilaat xam ne du
ci man dara, fekk na sax
yëngu-yëngu bi gëna am
doole, mu daldi fab ndox,
raxas ay loxoom ca kanam
mbooloo ma ne leen: «Set
naa ci deretu ku jub kii;
nu ngeen xam, defleen ko.»
25 Ñépp ne ko: «Na deretam
dal ci sunu kaw ak sunu kaw
njaboot.»
26 Noonu Pilaat bàyyil leen
Barabas, mu dóorlu Yeesu ay
yar, jébbal ko, ngir ñu daaj
ko ci bant.

*Xarekat ya ñaawal nañu Yeesu*

27 Bi ñu ko defee xarekati
boroom réew ma fab Yeesu,
yóbbu ko ci biir kër ga,
ñu daldi woo mbooloom
xarekat ya yépp ci moom.
28 Noonu ñu summi ko, so-
lal ko mbubbum xarekat mu
xonq curr. 29 Ñu ràbb kaalag
dég, teg ko ci boppam, teg
bantu xat ci loxol ndijooram,
sukk ci kanamam, di ko
ñaawal ne ko: «Nuyu nanu
la, yaw buuru Yawut yi!»
30 Ba noppi ñu daldi tifli ci
kawam, fab bantu xat ba,
dóor ko ci boppam. 31 Bi ñu
ko ñaawalee ba noppi, ñu
summi mbubbum xarekat
ma, solaatal ko ay yéreem,
yóbbu ko, ngir daaj ko ci
bant.

*Daaj nañu Yeesu ci bant bi*

32 Bi nga xamee ne génn
nañu, ñu daje ak nit ku
dëkk Siren te tudd Simoŋ;
ñu ga ko, ngir mu gàddu
bant, ba ñu wara daaj Yeesu.
33 Ñu ñëw nag fa ñuy wax
Golgota, biy tekki «bérabu
Kaaŋu bopp.» 34 Bi ñu fa
eggee, ñu jox ko biiñ, ñu def
ci lu wex. Waaye bi mu ko
mosee, nanguwu koo naan.
35 Noonu ñu daaj ko ca
bant ba, ñu daldi séddoo ay
yéreem, tegoo ko ay bant,
36 ba noppi toog fa, di ko
wottu. 37 Te it ñu teg ci kaw
boppam mbind, mu xamle lu
tax ñu rey ko, mu ne: «Kii
mooy Yeesu, buuru Yawut
yi.»
38 Booba it ñu daajaale
ak moom ñaari taskati réew
ma, kenn ci ndijooram, ka ca
des ci càmmoñam.
39 Ña fa doon romb di
ko xas, di wëcc seen bopp
ndax sib ko, 40 naan: «Yaw
mi mana toj kër Yàlla ga,
tabaxaat ko ci ñetti fan,
musalal sa bopp; boo nekkee
Doomu Yàlla, wàccal ci bant
bi!» 41 Sarxalkat yu mag
ya ak xutbakat ya ak njiit

ya it di ko ñaawal naan:
42 «Waa jii musal na ñeneen
te manula musal boppam!
Ndegam mooy buuru Israyil,
na wàcc léegi ci bant bi, nu
gëm ko. 43 Gannaaw dénk
na boppam Yàlla, kon na ko
Yàlla musal, bu ko soppee,
ndaxte nee na: “Maay
Doomu Yàlla.”» 44 Taskati
réew ma it, ya ñu daajaale
ak moom, di ko xas noonule.

*Yeesu saay na*

45 La tàmbalee digg
bëccëg, ba ci tisbaar, réew
mépp lëndëm. 46 Noonu
ci wetu ñetti waxtu Yeesu
daldi wootee kàddu gu
dëgër naan: «Eli, Eli, lema
sabaktani?» liy tekki «Sama
Yàlla, sama Yàlla, lu tax nga
dëddu ma?» 47 Ñenn ña ca
ña fa taxaw nag, bi ñu ko
déggee, ñu ne: «Mu ngi
woo yonent Yàlla Ilyaas.»
48 Ca saa sa kenn ci ñoom
daw, jël aw sagar, capp ko
ci bineegar, mu teg ko ci
kaw bant, jox ko ko, mu
muucu. 49 Waaye ña ca des
ne: «Bàyyil, nu seet ba xam
Ilyaas dina ñëw, musal ko.»
50 Noonu Yeesu wootewaat
ak kàddu gu dëgër, delloo
ruuwam Yàlla.

51 Ca saa sa ridob bérab
bu sell ba ca kër Yàlla ga
xar ñaar, li dale ci kaw ba
ci suuf; suuf si yëngu, doj yi
toj, bàmmeel yi ubbiku, 52 te
ñu bare ci jëmmi nit ñu sell
ñu dee, dekki. 53 Te gannaaw
ndekkitel Yeesu ñu génn ca
bàmmeel ya, dugg ca dëkk
bu sell ba, te feeñu ñu bare.
54 Noonu njiitu xare bi ak
ñi ànd ak moom di wottu
Yeesu, bi ñu gisee suuf si
yëngu ak li xew, ñu daldi tiit
lool ne: «Ci dëgg, kii Doomu
Yàlla la.»
55 Amoon na fa it ay jigéen
yu bare yu leen dànd, di
seetaan. Te ñoo jóge woon
Galile, ànd ak Yeesu, di ko
topptoo. 56 Xàmmi nañu
ci: Maryaama mi dëkk Mag-
dala, Maryaama ndeyu Saag
ak Yuusufa, ak ndeyu doomi
Sebede ya.

*Rob nañu Yeesu*

57 Ca ngoon amoon na taal-
ibeb Yeesu mu ñëw, tudd
Yuusufa te dëkk Arimate; ku
bare alal la woon. 58 Mu
dem ca Pilaat, laaj ko néewu
Yeesu. Pilaat santaane, ñu
jox ko ko. 59 Noonu Yuus-
ufa fab jëmm ja, laxas ko
ci càngaay lu set, 60 dugal
ko ca bàmmeel bu bees, ba
mu yettaloon boppam ciw
doj. Mu béraŋ doj wu mag
ca buntu bàmmeel ba, dem.
61 Fekk Maryaamam Mag-
dala ak Maryaama ma ca
des ñoo fa toogoon janook
bàmmeel ba.
62 Ba bët setee nag, ca
bés ba topp bésu Waajal
ba, sarxalkat yu mag ya
ak Farisen ya dajaloo, jëm
ci Pilaat. 63 Ñu ne ko:
«Boroom réew mi, fàttaliku
nanu ne, naxkat booba wax-
oon na, bi muy dund naan:
“Gannaaw ñetti fan dinaa
dekki.” 64 Danoo bëggoon
nag, nga santaane, ñu wottu
bàmmeel ba, ba am ñetti
fan, ngir bañ taalibeem ya
ñëw, sàcc néew ba, tey yégle

ne dekki na. Bu ko defee nax bu mujj boobu dina yées bu jëkk ba.» 65 Pilaat ne leen: «Amleen, ay wottukat a ngi nii. Demleen wottuji ko, ni ngeen mane.» 66 Noonu ñu dem, tëj bàmmeel ba bu wóor, ñu tay ca doj wa màndarga, teg fa wottukat ya.

# 28

*Yeesu Kirist dekki na*

1 Gannaaw bésub noflaay ba nag, ca fajar ga, ca bés bu jëkk ca ayu-bés ga, Maryaamam Magdala ak Maryaama ma ca des dem, seeti bàmmeel ba.
2 Fekk suuf yëngu woon na bu metti, ndaxte benn malaakam Boroom bi wàcc na ci asamaan, ñëw béraŋ doj wa, toog ci kaw.
3 Meloom mel na ni melax, ay yéreem weex tàll ni perkaal. 4 Ñi doon wottu tiit bay lox, daldi mel ni ñu dee.

5 Noonu malaaka ma ne jigéen ña: «Buleen tiit. Xam naa ne yéena ngi wut Yeesu, ma ñu daajoon ca bant ba,
6 waaye nekkatu fi, ndaxte dekki na, ni mu ko waxe woon. Ñëwleen seet fi mu tëddoon, 7 te ngeen dem bu gaaw, wax ay taalibeem ne dekki na te jiituji na leen Galile; foofa ngeen koy gise. Lii laa leen wax.»

8 Bi loolu amee nag jigéen ña daldi jóge bu gaaw ca bàmmeel ba, tiit ak mbég mu réy di jax seen xol, ñu daldi daw, ngir yégal ko taalibe ya.

9 Ba ñuy dem nag, Yeesu taseek ñoom ne leen: «Maa ngi leen di nuyu.» Jigéen ña jegesi, laxasu cay tànkam, di ko màggal. 10 Yeesu ne leen: «Buleen tiit, waaye demleen yégal samay bokk, ñu dem Galile; foofa lañu may gise.»

11 Ba ñuy dem, ñenn ca wottukat ya ñëw ca dëkk ba, xamal sarxalkat yu mag ya lépp lu xew. 12 Noonu sarxalkat ya dajaloo ak njiit ya, ñu diisoo; ba noppi ñu fab xaalis bu bare, jox ko xarekat ya, 13 ne leen: «Nangeen wax lii: “Ay taalibeem ñëw nañu ci guddi, sàcc ko, bi nuy nelaw.”
14 Te bu ko boroom réew mi yégee nag, dinanu ko neexal, ngir rawale leen.»
15 Wottukat ya nag fab xaalis ba, def la ñu leen santoon. Te nettali boobu siiw na ci Yawut yi ba bésu tey.

16 Noonu fukki taalibe ya ak benn dem ci biir Galile, ca tund wa leen Yeesu digaloon. 17 Bi ñu gisee Yeesu, ñu màggal ko, waaye ñenn ñi am xel ñaar. 18 Yeesu jegesi ne leen: «Sañ-sañ bépp, jox nañu ma ko ci kaw ak ci suuf. 19 Demleen nag sàkk ay taalibe ci xeet yépp, sóob leen ci ndox ci turu Baay bi ak Doom ji ak Xel mu Sell mi; 20 ngeen jàngal leen, ñuy sàmm lépp li ma leen sant. Maa ngi ànd ak yéen bés bu nekk, ba kera àddina di tukki.»

# Xibaaru jàmm bi ci Almasi bi Yeesu, ni ko Yàlla jaaralee ci MÀRK

*Waareb Yaxya*

1 Xibaaru jàmm bu Yeesu
Kirist, Doomu Yàlla*, nii la
tàmbalee. 2 Bind nañu ci
téereb yonent Yàlla Esayi
naan:

«Maa ngi yónni sama ndaw
ci sa kanam,
mu xàllal la sa yoon.
3 Baat a ngi xaacu ca màndiŋ
ma naan:
“Xàll-leen yoonu Boroom bi,
jubal-leen fi muy jaar.”»

4 Noonu Yaxya feeñ ca
màndiŋ ma, di sóob nit
ñi ci ndox, tey waaree nii:
«Tuubleen seeni bàkkaar,
ba noppi ma sóob leen ci
ndox, ngir Yàlla baal leen
seeni bàkkaar.» 5 Kon waa
diiwaanu Yude ñépp ak waa
dëkku Yerusalem ñépp daldi
génn jëm ci moom, di nangu
seeni bàkkaar fi kanam
ñépp, Yaxya sóob leen ca
dexu Yurdan. 6 Yaxya nag
mi ngi soloon mbubb mu ñu
ràbbe kawaru giléem, takk
laxasaayu der ci ndiggam.
Ay njéeréer la doon dunde
ak lem. 7 Mu waare ne: «Am
na kuy ñëw sama gannaaw
koo xam ne kii moo ma
ëpp kàttan; yeyoowuma sax
sëgg, ngir tekki ay dàllam.
8 Maa ngi leen di sóob ci
ndox, waaye moom dina
leen sóob ci Xel mu Sell mi.»

*Yaxya sóob na Yeesu ci dexu Yurdan*

9 Booba Yeesu jóge na
dëkku Nasaret ci diiwaanu
Galile, ñëw, Yaxya sóob ko
ci dexu Yurdan. 10 Bi muy
génn ndox mi, mu daldi gis
asamaan xar, te Xelum Yàlla
di wàcc ci melow pitax, ñëw
ci moom. 11 Te baat bu
jóge asamaan jib ne: «Yaa di
sama Doom, ji ma bëgg; ci
yaw laa ame bànneex.»

*Yeesu dékku na ay nattu ci pexey Seytaane*

12 Ci kaw loolu Xelum Yàlla
daldi jéñ Yeesu, mu dem ca
màndiŋ ma. 13 Mu nekk fa
ñeent fukki fan, jànkoonte
ak fiiri Seytaane; mu dëkk ci
biir rabi àll yi, te malaakay
Yàlla di ko topptoo.

*Yeesu tànn na ñeenti taalibe*

14 Bi nga xamee ne jàpp
nañu Yaxya, Yeesu dem ca
diiwaanu Galile, di waare
xibaaru jàmm bu Yàlla bi,
15 naan: «Jamono ji mat na,
nguuru Yàlla jegesi na; tu-
ubleen seeni bàkkaar te gëm
xibaaru jàmm bi.»

16 Am bés Yeesu doon dox
ca tefesu dexu Galile, mu gis
fa ñaar ñu bokk ndey ak
baay, di Simoŋ ak Andare

* **1:1** Doomu Yàlla: tur wii tekkiwul ne, Yàlla moo jur Yeesu mook Maryaama, ndaxte loolu araam na. Tekkiwul it ne, dañoo màggal nit, ba di ko méngale ak Yàlla. Waaye day tekki ne Yeesu mooy Kàddug Yàlla, di ki dippeekoo ci Yàlla te feeñal jikkoom. Ku gis doom, xam nu baayam mel. Ku gis Yeesu kon, xam nu Yàlla mel.

rakkam, ñuy sànni seeni mbaal ci dex gi, ndaxte ay nappkat lañu woon. 17 Yeesu ne leen: «Ñëwleen topp ci man, dinaa leen def napp-kati nit.» 18 Ci saa si ñu bàyyi seeni mbaal, topp ci moom.

19 Bi Yeesu demee ba ca kanam, mu gis Saag doomu Sebede, ak Yowaana, mi mu bokkal ndey ak baay, ñu nekk ci gaal gi, di defar seeni mbaal. 20 Noonu Yeesu woo leen, ñu daldi bàyyi seen baay Sebede ci gaal gi, moom ak surga ya, tey topp ci moom.

*Yeesu faj na nit ku am rab*

21 Gannaaw loolu ñu dem Kapernawum. Ca bésub noflaay nag Yeesu daldi dugg ci jàngu bi, di leen jàngal. 22 Te ñu waaru ca njàngleem, ndaxte jàngal na leen ak sañ-sañ bu seeni xutbakat amul.

23 Noonu am na ci jàngu bi nit ku rab jàpp. Mu daldi yuuxu naan: 24 «Yaw Yeesum Nasaret, loo nuy fex-eel? Ndax dangaa ñëw, ngir alag nu? Xam naa la, yaa di Aji Sell, ji jóge ci Yàlla.» 25 Waaye Yeesu gëdd ko naan: «Noppil te génn ci moom!» 26 Noonu rab wi daldi sayloo nit ki te génn ci moom ak yuux gu réy.

27 Bi loolu amee ñépp waaru, ba laajante naan: «Kii mooy kan? Mii njàngle lu bees la te ànd ak sañ-sañ. Day sant rab yi sax, ñu di ko déggal.» 28 Noonu turam daldi siiw ci diiwaani Galile gépp.

*Yeesu faj na jarag yu bare*

29 Bi nga xamee ne génn nañu ci jàngu bi, ñu ànd ak Saag ak Yowaana, dem ci kër Simoŋ ak Andare. 30 Fekk gorob Simoŋ bu jigéen tëdd wopp ak yaram wu tàng; ñu daldi ko yégal Yeesu. 31 Mu ñëw nag ci moom, jàpp lox-oom, yékkati ko. Noonu tàngoor wi daldi wàcc, te soxna si di leen topptoo.

32 Ca ngoon sa nag, bi jant sowee, ñu indil Yeesu ñi wopp ñépp ak ñi rab jàpp ñépp, 33 ba dëkk bi bépp dajaloo ci buntu kër gi. 34 Noonu mu wéral ñu bare, ñu wopp ak ay jàngoro yu wuute, te dàq ay rab yu bare. Waaye mu tere rab yi, ñu wax dara, ndaxte xam nañu ko.

*Yeesu wéetoo na ak Yàlla*

35 Ca njël laata bët di set, Yeesu jóg dem ca bérab bu wéet, di fa ñaan Yàlla. 36 Simoŋ nag ak ñi ànd ak moom di ko seet fu nekk. 37 Bi ñu ko gisee, ñu ne ko: «Ñépp a ngi lay seet.»

38 Waaye Yeesu ne leen: «Nanu dem feneen ci dëkk yi nu wër, ma waare fa itam, ndaxte moo tax ma génn.» 39 Noonu mu wër ci diiwaanu Galile gépp, di waare ci seeni jàngu, tey dàq rab yi.

*Yeesu faj na ku gaana*

40 Am bés ku gaana ñëw ci moom, sukk, ñaan ko ne: «Soo ko bëggee, man nga maa wéral.» 41 Yeesu yërëm ko, tàllal loxoom, laal ko

naan: «Bëgg naa ko, wéral.»
42 Ca saa sa ngaanaam daldi
deñ, mu wér.
43 Noonu Yeesu yebal
ko, dénk ko bu wér naan:
44 «Moytula wax kenn dara,
waaye demal won sa bopp
sarxalkat bi, te nga jébbal
Yàlla sarax, si yoonu Musaa
santaane, ngir ñu xam ne
wér nga, te mu nekk seede
ci ñoom.» 45 Waaye naka la
waa ji génn, mu di yéene
ci kaw li xewoon, te di
ko jéebaane, ba tax Yeesu
manatula fàŋŋaaral dugg
cib dëkk, waaye mu nekk
ci biti ciy bérab yu wéet. Ba
tey nit ñi jóge fu nekk, di ko
fa fekk.

# 2

### *Yeesu faj na ku làggi*

1 Bi ay fan weesoo, Yeesu
délsi dëkku Kapernawum,
mu siiw ne mu ngi ci kër
gi. 2 Noonu nit ñu bare
dajaloo fa, ba kenn amatul
foo taxaw, du ci bunt bi
sax. Te Yeesu di leen yégal
kàddu gi. 3 Noonu, am ñu
ko indil ku yaramam wépp
làggi, ñeenti nit jàppoo ko.
4 Waaye manuñu koo jege
ndax mbooloo mi. Kon ñu
daldi teggi kaw kër gi, di bëtt
fa tiim bérab ba Yeesu nekk,
daldi yoor basaŋ, ga làggi
ba tëdd. 5 Bi Yeesu gisee
seen ngëm, mu ne làggi ba:
«Sama waay, baal nañu la
say bàkkaar.»
6 Fekk ay xutbakat toog fa,
ñu di werante ci seen xel
naan: 7 «Kii kan la, ba saña
wax lii; mi ngi sosal Yàlla.
Ana ku mana baale bàkkaar
yi, ku dul Yàlla doŋŋ?»
8 Waaye Yeesu yég ci xe-
lam li ñuy werante ci seen
biir, ne leen: «Lu tax ngeen
di werantee nii ci seen xel?
9 Lan moo gëna yomb, ma
wax ku làggi ki: “Baal nañu
la say bàkkaar,” walla ma
wax ko: “Jógal, jël sa basaŋ,
tey dox”? 10 Waaye xam-
leen ne, Doomu nit ki am
na ci àddina sañ-sañu baale
bàkkaar yi.» Ci kaw loolu
mu ne làggi ba: 11 «Maa
ngi la koy sant, jógal, jël sa
basaŋ te nga ñibbi.» 12 Ca
saa sa mu jël basaŋam te
génn fa kanam ñépp. Noonu
ñépp waaru, di màggal Yàlla
naan: «Lu mel ni lii, masunu
koo gis.»

### *Yeesu woo na Lewi*

13 Gannaaw loolu Yeesu
génnaat, aw booru dex ga,
mbooloo mépp di ñëw ci
moom, mu di leen jàngal.
14 Bi Yeesu di romb, mu gis
ku ñuy wax Lewi, doomu
Alfe, toog ca juuti ba. Yeesu
ne ko: «Kaay topp ci man.»
Mu jóg, daldi topp ci moom.
15 Bi loolu amee Yeesu ak
i taalibeem di lekk ci kër
Lewi, fekk ay juutikat ak ay
boroom bàkkaar yu bare di
lekkandoo ak ñoom, ndaxte
ñu bare ci ñoom a ko top-
poon. 16 Waaye xutbakat
yi bokk ci Farisen yi, bi ñu
gisee ne dafa bokk lekk ak
ay juutikat ak ay boroom
bàkkaar, ñu daldi laaj taal-
ibe yi: «Lu tax muy lekkan-
doo ak ay juutikat ak ay
boroom bàkkaar?» 17 Noonu
Yeesu dégg ko, mu ne leen:

«Ñi wér soxlawuñu fajkat,
ñi wéradi ñoo ko soxla;
ñëwuma woo ñi jub, waaye
bàkkaarkat yi laay woo.»

*Ndax warees na woor?*

18 Taalibey Yaxya nag ak
Farisen yi daan nañu woor.
Ñu ñëw nag fi Yeesu ne ko:
«Lu tax taalibey Yaxya yi
ak yu Farisen yi di woor,
te say taalibe duñu woor?»
19 Yeesu ne leen: «Ndax
gan, yi ñëw cig céet, dinañu
woor, fekk boroom céet gi
ànd ak ñoom? Duñu woor,
li feek boroom céet gaa ngi
ànd ak ñoom. 20 Waaye bés
yaa ngi ñëw, yu ñuy jële
boroom céet gi; bés boobaa
nag dinañu woor.
21 «Kenn du daax mbubb
mu màggat ak sekkit wu
bees; ndaxte sekkit wi day
ñoddi mbubb mi, te xottiku
bi gëna yaatu. 22 Te kenn du
def biiñ bu bees ci mbuusi
der yu màggat. Lu ko moy,
biiñ bi day toj mbuus yi,
ba mbuus yi yàqu, biiñ bi
tuuru. Waaye biiñ bu bees,
ci mbuus yu bees lañu koy
def.»

*Yeesu nee na, mooy boroom bésub noflaay bi*

23 Amoon na benn bésub
noflaay Yeesu jaar ciy tool
yu ñor. Bi ñuy dem nag,
ay taalibeem daldi fàq ay
gub. 24 Noonu Farisen ya
ne Yeesu: «Gisal, lu tax say
taalibe di def lu jaaduwul ci
bésub noflaay bi?»
25 Yeesu ne leen: «Ndax
jànguleen la Daawuda
defoon, ba mu amee soxla
te xiif, moom ak ña
mu àndaloon? 26 Xanaa
yéguleen li amoon ci bési
Abiyatar sarxalkat bu mag
bi, ni Daawuda dugge woon
ca kër Yàlla ga, lekk mburu,
ya ñu teewal ca kanam Yàlla,
jox ci it ña mu àndaloon;
fekk jaaduwul kenn lekk ko,
ku dul sarxalkat?»
27 Yeesu dellu ne leen:
«Yàlla sàkkul nit ngir bésub
noflaay bi, waaye sàkk
na bésub noflaay ngir nit.
28 Noonu Doomu nit ki mooy
boroom bésub noflaay bi.»

# 3

*Yeesu faj na nit ku loxoom làggi*

1 Am beneen bés, Yeesu
duggaat ci jàngu bi, fekk
amoon na fa nit ku lox-
oom làggi. 2 Am na fa
nag ay Farisen, ñuy xool
Yeesu, ba xam ndax dina
ko faj ci bésub noflaay
bi, ngir ñu man koo tu-
umaal. 3 Yeesu ne ku lox-
oom làggi: «Jógal, taxaw
ci kanam ñépp.» 4 Noonu
Yeesu ne leen: «Lan moo
jaadu, nu def ko bésub
noflaay bi, lu baax mbaa lu
bon; nu musal nit mbaa nu
rey nit?» Waaye ñu ne cell.
5 Ci kaw loolu Yeesu xool
leen ak mer, am naqar ndax
seen xol bu fatt; ba noppi mu
ne nit ki: «Tàllalal sa loxo.»
Nit ki tàllal ko, loxoom daldi
wér péŋŋ. 6 Ca saa sa nag
Farisen ya génn, daldi gise
ak ñi far ak buur bi Erodd,
ngir fexe koo reylu.

*Mbooloo mu bare topp na Yeesu*

7 Gannaaw loolu Yeesu ak
ay taalibeem jóge fa, jëm
dex ga. Fekk mbooloo
mu mag mu jóge diiwaanu
Galile, topp ko. 8 Te it nit
ñu bare dégg la mu def, ñu
ñëw fi moom, jóge diiwaanu
Yude ak dëkku Yerusalem,
ca diiwaanu Idume, ca gan-
naaw dexu Yurdan ak ci
wàlli Tir ak Sidon. 9-10 Booba
nag Yeesu faj na ñu bare, ba
mboolem ñi am i jàngoro di
ko song, ngir laal ko. Noonu
Yeesu wax ay taalibeem, ñu
wutal ko gaal, ngir mbooloo
mi bañ koo buux. 11 Fekk
booba képp ku rab jàpp ku
ko gis, daanu fa kanamam di
yuuxu naan: «Yaa di Doomu
Yàlla.» 12 Waaye Yeesu gëdd
rab yi bu wér, ngir ñu bañ
koo siiwal.

*Yeesu tànn na fukki ndaw yi ak ñaar*

13 Gannaaw loolu Yeesu
yéeg ci tund wi, woo ñi
ko neex, ñu daldi ñëw ci
moom. 14 Noonu mu tànn
ci fukk ak ñaar, tudde leen
ay ndawam, ngir ñu ànd ak
moom te mu yónni leen, ñu
waareji, 15 mu joxaale leen
sañ-sañu dàq ay rab. 16 Fukk
ak ñaar ñii la tànn:

Simoŋ, mi mu tudde Piyeer,
17 Saag doomu Sebede, ak Yowaana mi mu bokkal ndey ak baay— ñoom ñi mu wooye Bowanerses, maanaam «Ñi aaytal ni dënnu gi»—
18 Andare ak Filib,
Bartelemi ak Macë,
Tomaa ak Saag doomu Alfe,
Tade ak Simoŋ, mi bokk ca mbooloo, ma ñu tudde Ñi farlu ci moom seen réew;
19 ak Yudaa Iskariyo mi nara wor Yeesu.

*Ku sosal Xelu Yàlla mi*

20 Am beneen bés Yeesu
ñëwaat ca kër ga. Te
mbooloo mu bare da-
jaloowaat fa, ba tax
manuñoo lekk sax. 21 Bi ko
ay bokkam déggee nag, ñu
ñëw, ngir jàppsi ko naan:
«Dafa tàggoo ak sagoom.»
22 Te it xutbakat ya jóge
Yerusalem ne: «Beelsebul
jàpp na ko; ci kàttanu buuru
rab yi lay dàqe rab yi.»

23 Noonu Yeesu woo leen,
wax ak ñoom ciy léeb ne
leen: «Naka la Seytaane
mana dàqe Seytaane?
24 Réew mu xeex boppam,
du mana yàgg. 25 Te kër
gu xeex boppam, du mana
yàgg. 26 Bu Seytaane nag
jógee, ba xeex boppam,
xàjjalikoo dikkal na ko te
du mana yàgg, waaye dina
tas.

27 «Su fi amee nit ku bare
doole, naka la kenn mana
dugge ci këram, nangu
alalam? Xanaa dafay jëkka
yeew ku bare doole ka, ba
noppi doora toj këram gépp.
28 Ci dëgg maa ngi leen koy
wax, lépp dees na ko baal nit
ñi, muy bàkkaar, muy sosal
Yàlla wu mu mana doon.
29 Waaye kuy sosal Xel mu
Sell mi deesu ko baal mukk;
gàddu na bàkkaar ba fàww.»

30 Yeesu wax na loolu,
ndaxte nee woon nañu, rab
jàpp na ko.

*Ndeyu Yeesu ak ay rakkam*

31 Noonu ndeyu Yeesu ak
ay rakkam ñëw, ñu taxaw
ci biti, yónnee, woo ko.
32 Fekk booba mbooloo nga
toog, wër ko. Ñu ne ko
nag: «Sa yaay ak say rakk ñu
ngi taxaw ci biti, di la laaj.»
33 Waaye Yeesu ne leen:
«Kan mooy sama ndey? Ñan
ñooy samay rakk?» 34 Noonu
mu xool ñi ko wër naan:
«Sama yaay ak samay rakk
a ngii; 35 ndaxte kuy def
coobarey Yàlla, kooku mooy
sama rakk ak sama jigéen ak
sama ndey.»

# 4

*Léebu beykat bi*

1 Am beneen yoon Yeesu
nekk ci wetu dex ga, di
jànglewaat. Mbooloo mu
bare dajaloosi, ba tax mu
yéeg cig gaal, dugg ca dex
ga; mbooloo mépp taxaw ca
tefes ga.

2 Noonu Yeesu daldi leen
jàngal lu bare ciy léeb. Ci
njàngleem nag mu ne leen:
3 «Dégluleen, dafa amoon
beykat bu demoon jiyi. 4 Bi
muy saaw toolam nag, lenn
ci pepp mi wadd ci kaw yoon
wi, picc yi daldi ñëw, lekk
ko lépp. 5 Leneen ci pepp
mi wadd ci bérab bu bare
ay doj te néew suuf, mu
daldi sax bu gaaw, ndaxte
suuf si barewul. 6 Waaye
bi jant bi naajee, mu lakk,
wow, ndaxte amul ay reen.
7 Leneen nag wadd ci biir ay
xaaxaam, xaaxaam yi daldi
sax, tanc ko, te meññul dara.
8 Li ci des dal ci suuf su baax,
mu jóg, sax, di focci ay gub;
lii àntu, ba mat fanweeri
yoon lu ëpp la mu ji woon,
lii mat juróom benn fukk, lii
mat téeméer.»

9 Noonu Yeesu ne leen:
«Déglul bu baax, yaw mi am
ay nopp.»

10 Gannaaw loolu ba Yeesu
nekkee fu wéet, fukki taal-
ibe ak ñaar ña, ak ñeneen
ñu daan ànd ak ñoom,
laaj ko ci mbirum léeb
yi. 11 Mu ne leen: «Yéen
may nañu leen, ngeen xam
mbóoti nguuru Yàlla, waaye
ñi ci biti léeb ay ëmb lépp.
12 Noonu la, ngir:

“Ñuy xool bu baax waaye
duñu gis dara,
di déglu bu baax waaye
duñu xam dara,
ngir bañ ñu tuub seeni
bàkkaar te Yàlla baal
leen.”»

13 Noonu Yeesu ne leen:
«Ndax xamuleen léeb wii?
Nu ngeen xame nag léeb yi
ci des? 14 Ki ji nag, kàddu
gi lay ji. 15 Ki féete ci yoon
wi mooy ki dégg, Seytaane
ñëw ci saa si, këf kàddu, gi
ñu def ci moom. 16 Ki jot
kàddu gi ci bérab bu bare
ay doj mooy ki dégg kàddu
gi, nangu ko ak mbég ci saa
si, 17 waaye du yàgg, ndaxte
wax ji saxul ci moom. Bu
jaaree ci nattu nag, mbaa ñu
fitnaal ko ndax kàddu gi, mu
dàggeeku ci saa si. 18 Ki jot
jiwu wi ci xaaxaam yi mooy
ki dégg kàddu gi, 19 waaye
soxlay àddina ak naxi alal ak
bëgge solu ko, tanc kàddu

gi, ba du meññ dara. 20 Ki
jot kàddu gi ci suuf su baax
si nag, mooy ki ko dégg te
nangu ko, ba jariñ; kii mat
fanweeri yoon lu ëpp la ñu
ji woon, kii mat juróom benn
fukk, kii mat téeméer.»

*Léebu làmp bi*

21 Yeesu ne leen itam:
«Ndax nit dina jël làmp,
dëpp ci leget walla def ko
ci ron lal? Ndax du ko
wékk? 22 Amul dara luy
kumpa lu ñu warula siiwal,
mbaa mu làqu te warul ne
fàŋŋ. 23 Déglul bu baax, yaw
mi am ay nopp.»
24 Mu ne leen: «Seetleen
bu baax li ngeen di dégg.
Dees na leen nattal ak natt,
bi ngeen di nattale, te dollil
leen. 25 Ku am, dees na la
dollil; ku amul, li nga am as
néew, dees na ko nangu.»

*Léebu jiwu wi*

26 Yeesu teg ci ne: «Ngu-
uru Yàlla dafa mel ni nit
ku ji tool. 27 Muy nelaw
walla muy xool, guddi mbaa
bëccëg, jiwu wi sax, di
màgg, te xamul naka la ko
defe. 28 Suuf day meññ
moom ci boppam, mu sax,
focci, def i gub. 29 Bu gub
yi ñoree nag, mu dagg ko,
ndaxte ngóob jot na.»

*Léebu doomu fuddën gi*

30 Yeesu ne leen ati: «Lu
nu mana méngaleel nguuru
Yàlla? Walla ban léeb lanu
ko mana misaale? 31 Dafa
mel ni doomu fuddën, bi
gëna tuuti ci jiwu yépp;
32 waaye boo ko jiyee, day
jóg, màgg, ba sut gàncaxi
tóokër yépp; mu sax ay
bànqaas yu réy, ba picci
asamaan tàgg ci keram.»
33 Noonu Yeesu dégtal leen
yeneen léeb yu bare yu
mel ni yii, di leen xamal
kàddu gi, aju ci lu ñu àttan.
34 Daawu leen wax dara lu
dul ciy léeb. Waaye bu
wéetee ak ay taalibe, daan
na leen firil lépp.

*Yeesu dalal na ngelaw li*

35 Bés booba nag ci ngoon
Yeesu ne taalibe yi: «Nanu
jàll dex gi.» 36 Mu yiwi
mbooloo mi nag, ay taal-
ibeem jël ko ni mu mel ci
gaal gi; te yeneen gaal ànd
ak moom. 37 Naka noona
ngelaw lu mag daldi jóg,
duus yi sàng gaal gi, ba mu
bëgga fees. 38 Fekk Yeesu
tëdd di nelaw ci ngegenaay
ci taatu gaal gi.
Taalibe yi daldi ko yee
naan: «Kilifa gi, ndax sunu
bakkan soxalu la?» 39 Ci kaw
loolu Yeesu jóg, daldi gëdd
ngelaw li, ne dex gi: «Noppil
te dal!» Noonu ngelaw li dal,
ba lépp ne nemm. 40 Yeesu
ne taalibe ya: «Lu tax ngeen
tiit? Ndax gëmaguleen?»
41 Ñu daldi ragal lool, naan
ci seen biir: «Kii moo di kan,
ba ngelaw li ak dex gi sax di
ko déggal?»

# 5

*Yeesu faj na ku rab jàpp*

1 Noonu ñu jàll dex ga, ba
teer ci diiwaanu waa Serasa.
2 Bi Yeesu génnee gaal
gi, nit ku rab jàpp jóge
ca sëg ya, daldi ñëw kar

ko. 3 Kooku nag ca sëg
ya la dëkk, te kenn manu
koo yeew, du ak càllala
sax. 4 Ndaxte ay yoon yu
bare jéngoon nañu ko te
yeew ko ak ay càllala, waaye
waa ji daldi dagg càllala yi
te damm jéng yi, ba kenn
amul woon kàttanu téye ko.
5 Guddi ak bëccëg mu nga
woon ca sëg ya ak ca tund
ya, di yuuxu te jam yara-
mam ak ay xeer.

6 Bi mu gisee Yeesu fu sore
nag, mu daldi dawsi, sukk fa
kanamam, 7 di xaacu naan:
«Yaw Yeesu Doomu Yàlla Aji
Kawe ji, loo may fexeel? Ci
turu Yàlla, bu ma mbugal.»
8 Ndaxte Yeesu da ko ne:
«Yaw rab wu bon wi, génnal
ci nit ki.»

9 Noonu Yeesu laaj ko:
«Noo tudd?» Mu ne ko:
«Coggal laa tudd, ndaxte ñu
bare lanu.» 10 Muy ñaan
Yeesu lool, ngir mu bañ
leena dàq ca réew ma.

11 Fekk amoon na fa ca
tund wa géttu mbaam-xuux
yu bare yuy for. 12 Rab ya
ñaan Yeesu: «Jox nu ndigal,
nu dugg mbaam-xuux ya.»
13 Mu may leen ko. Noonu
rab ya génn nit ka, dugg
mbaam-xuux ya, ñu daldi
bartalu, daanu ca dex ga,
lab fa. Mbaam-xuux ya nag
matoon nañu ñaari junni.

14 Noonu sàmm ya daw
ca dëkk ba ak ca àll ba,
nettaliji mbir mi, ba nit ñi
ñëw, seet li xew. 15 Ñu ñëw
nag ci Yeesu, gis ka rab ya
jàppoon toog, sol ay yére te
ànd ak sagoom. Ñu daldi
ragal. 16 Ña fekke woon mbir
ma nag nettali leen mbirum
nit ka ak mbaam-xuux ya.
17 Ci kaw loolu ñu daldi ñaan
Yeesu, mu sore seen réew.

18 Bi Yeesu di dugg ci gaal
gi, ki rab ya jàppoon ñaan
Yeesu, ngir ànd ak moom.
19 Waaye Yeesu mayu ko ko.
Mu ne ko: «Ñibbil ci say
bokk, nettali leen ni la Bo-
room bi yërëme, ba defal la
lii lépp.» 20 Noonu waa ji
dem ci diiwaanu Fukki dëkk
yi, daldi fa yégle la ko Yeesu
defal, ba ñépp waaru.

### *Yeesu dekkal na doomu Yayrus te faj jigéen*

21 Noonu Yeesu jàllaat dex
ga, taxaw ca tefes ga. Te
nit ñu bare dajaloo, wër ko.
22 Kenn ci njiiti jàngu ba nag,
tudd Yayrus, ñëw ci moom.
Naka la gis Yeesu, mu daanu
ciy tànkam, 23 di ko sarxu lu
bare naan: «Sama doom ju
jigéen mi ngi bëgga faatu;
kaay teg ko loxo, ngir mu
wér te dund.» 24 Noonu
Yeesu ànd ak moom.

Bi muy dem, mbooloo mu
réy topp ko, di ko tanc.
25 Amoon na fa nag jigéen ju
doon xëpp deret diirub fukki
at ak ñaar. 26 Sonnoon na
lool ci loxoy fajkat yu bare,
sànk ci alalam jépp te jëlewu
ci genn tan, waaye faf wopp
ja yokku. 27-28 Noonu mu
déggoon turu Yeesu, ne ci
boppam: «Su ma laalee ay
yéreem rekk, dinaa wér.»
Mu jaxasoo ak mbooloo mi
nag, doxe ko gannaaw, laal
mbubbam. 29 Ci saa si deret

ji taxaw, mu yég ci yaramam
ne jàngoroom deñ na.

30 Yeesu yég ci saa si ne,
doole génn na ci moom. Mu
walbatiku nag ne mbooloo
mi: «Ana ku laal samay
yére?» 31 Ay taalibeem ne
ko: «Xanaa gisuloo mbooloo
mi lay wër; ngay laaj: “Ku
ma laal?”» 32 Waaye Yeesu di
xool li ko wër, ngir gis ku ko
def. 33 Noonu jigéen ja ñëw,
daanu ciy tànkam, wax ko
dëgg gépp; mu tiit bay lox,
ndaxte xam na li xewoon ci
yaramam. 34 Yeesu ne ko:
«Soxna si, sa ngëm faj na
la; demal ci jàmm, te na sa
jàngoro wàcc.»

35 Bi Yeesu di wax nag, am
na ku jóge ca kër njiit la, mu
ñëw naan: «Sa doom faatu
na; matatul nuy sonal kilifa
gi.» 36 Waaye Yeesu jàppul
wax jooju; mu ne njiit la:
«Gëmal rekk te baña tiit.»
37 Noonu Yeesu dem, ànd
ak Piyeer, Saag ak Yowaana
rekk, ndaxte mayul keneen,
mu ànd ak moom.

38 Naka lañu ñëw ci kër
njiit li, Yeesu dégg coow li;
ñii di jooy, ñii di yuuxu.
39 Mu dugg ne leen: «Lu
ngeen di soow, tey jooy?
Janq bi deewul, day nelaw
rekk.» 40 Waaye ñu di ko
ñaawal. Noonu Yeesu génne
ñépp, woo baayu janq bi
ak yaay ji ak ñi mu àndal,
dugg fa janq bi nekk. 41 Mu
jàpp loxoom ne ko: «Talita
kumi,» liy tekki: «Janq bi,
maa ngi la koy wax, jógal.»

42 Ca saa sa janq bi jóg,
daldi dox, ndaxte amoon na
fukki at ak ñaar. Ñépp daldi
waaru, ba ne jomm. 43 Ci
kaw loolu Yeesu dénk leen
bu wóor, ñu bañ koo siiwal;
teg ca naa: «Mayleen janq
bi, mu lekk.»

# 6

*Yeesu ci dëkku Nasaret*

1 Bi loolu amee Yeesu jóge
fa, dellu réewam, ànd ak
taalibe yi.

2 Bésub noflaay bi nag mu
jàngal leen ci seen jàngu, ba
mbooloom ñi ko dégg waaru
naan: «Lii, fu mu ko jële, te
xam-xam bii mu yor, lu mu
doon, ba muy def kéemaan
yii? 3 Ndax kii du minise bi?
Ndax du doomu Maryaama
te magu Saag, Yuusufa, Yuda
ak Simoŋ? Te ay rakkam yu
jigéen ndax nekkuñu fi ak
nun?» Kon nag ñu daldi ko
xeeb.

4 Noonu Yeesu ne leen:
«Dees na faaydaal yonent,
waaye du ci réewam, ciy
bokkam mbaa ci këram.»
5 Yeesu manu faa def ay
kéemaan yu bare, lu dul
teg loxo yenn jarag, wéral
leen. 6 Mu waaru ndax seen
ngëmadi.

*Yeesu yónni na fukki taal-
ibe ya ak ñaar*

Bi loolu amee Yeesu di wër
dëkk ya, di jàngle. 7 Noonu
mu woo ci moom fukki taal-
ibe ya ak ñaar, jox leen sañ-
sañu dàq rab yi, yónni leen,
ñu ànd ñaar-ñaar.

8 Mu digal leen nii: «Bu
ngeen di dem, buleen
yóbbaale dara; du mburu
mbaa mbuus mbaa xaalis
ci seeni maxtume, waaye

yemleen ci aw yet rekk.
9 Sol-leen ay dàll te yem ci
benn turki.» 10 Mu ne leen:
«Këer gu ngeen dugg, dal-leen
fa, ba kera ngeen jóge dëkk
ba. 11 Koo xam ne gàntu
na leen, mbaa mu tanqamlu
leen, génnleen fa, yëlëb seen
pëndu tànk, ngir seede leen
seen réer.»
12 Noonu taalibe ya dem,
di waare naan: «Tuubleen
seeni bàkkaar.» 13 Ñu dàq
ay rab yu bare, te diw boppi
jarag yu bare, wéral leen.

*Yaxya faatu na*

14 Noonu Erodd buur bi
dégg loolu, ndaxte turu
Yeesu siiwoon na. Mu ne
nag: «Yaxya dekki na, moo
tax mu ànd ak kàttanu def
ay kéemaan.» 15 Ñeneen ne:
«Kii Ilyaas la.» Ñi ci des
ne: «Yonent la, bu mel ni
yonent yu jëkk ya.» 16 Waaye
bi ko Erodd déggee, mu
ne: «Yaxya male ma dagglu
boppam, moom moo dekki.»
17 Fekk Erodd yónnee
woon na, jàpp Yaxya, yeew
ko, tëj. Ndaxte Erodd
takkoon na Erojàdd jabaru
Filib magam. 18 Te Yaxya
ne ko: «Jaaduwul nga denc
sa jabaru mag.» 19 Moo tax
Erojàdd ëmbal ko mer, ba
bëgg koo rey, waaye manu
koo def. 20 Ndaxte Erodd
dafa ragal Yaxya, ba sàmm
bakkanam, xam ne ku jub la
te sell. Bu ko daan déglu it,
day jaaxle lool, teewul mu
bég ci déglu ko.
21 Noonu bés bu yell ñëw,
ba Erodd doon màggal bésu
juddoom; mu woo ca xew
wa ay jaraafam ak kilifay
xare ba ak njiiti diiwaanu
Galile. 22 Booba doomu
Erojàdd dugg di fecc, mu
neex Erodd ak gan ñi, ba
buur bi ne janq bi: «Laaj ma
loo bëgg, dinaa la ko jox.»
23 Mu boole ci ngiñ ne ko:
«Loo ma mana laaj, dinaa
la ko jox, ba ci genn-wàllu
réew mi sax.»
24 Noonu janq bi génn
ne ndeyam: «Lu may
laaj?» Mu ne ko: «Laajal
boppu Yaxya.» 25 Mu
daldi gaawantu dugg nag
ci kanam buur bi ne ko:
«Damaa bëgg, nga indil
ma léegi boppu Yaxya ci
biir ndab.» 26 Bi ko buur
ba déggee, mu am naqar
wu réy. Waaye bëggu koo
gàntu ndax ngiñ li ak gan
ñi. 27 Mu daldi yónni nag
xarekat, jox ko ndigal, mu
indil ko boppu Yaxya. Waa
ji dem, dagg boppu Yaxya ca
kaso ba, 28 indi bopp bi ci
biir ndab, jox ko janq bi, mu
daldi ko jox yaayam. 29 Ba
taalibey Yaxya déggee loolu,
ñu ñëw, fab néew ba, suul ko
ci bàmmeel.

*Yeesu bareel na ay mburu*

30 Gannaaw loolu ndaw yi
dajaloo ci wetu Yeesu, nettali
li ñu def ak li ñu jàngle lépp.
31 Ci kaw loolu Yeesu ne
leen: «Nanu beddeeku, dem
ci bérab bu wéet; ngeen
noppalu fa tuuti.» Waxoon
na loolu, ndaxte amoon na
ñu bare ñu doon dem ak a
dikk, ba amuñu sax jot ngir
lekk. 32 Noonu ñu dugg cig
gaal, dem ca bérab bu wéet.

33 Bi ñuy dem nag, am
ñu leen gis, xàmmi leen,
ñu daldi jóge ci dëkk yépp,
daw, jiitu leen fa. 34 Bi
Yeesu génnee gaal gi, mu
gis mbooloo mu réy, yërëm
leen, ndaxte dañoo mel ni
xar yu amul sàmm. Kon mu
daldi leen jàngal lu bare.

35 Ca ngoon sa taalibe yi
ñëw ci moom ne ko: «Fii
àllub neen la, te léegi mu
guddi. 36 Yiwil mbooloo mi
nag, ñu dugg ci àll bi ak
dëkk yi nu wër, jënd lu
ñu lekk.» 37 Waaye Yeesu
ne leen: «Yéen joxleen leen
lu ñu lekk.» Ñu ne ko:
«Xanaa nu jënd lu tollook
peyu juróom ñetti weer ci
mburu, jox leen ñu lekk?»
38 Yeesu laaj leen: «Ñaata
mburu ngeen am? Dem-
leen seeti.» Ñu dem seeti
ne ko: «Juróomi mburu ak
ñaari jën.» 39 Noonu Yeesu
sant mbooloo mi, ñu def ay
géew, toog ci ñax mu naat
mi. 40 Ñu toog nag ay géewi
juróom fukk ak téeméer.

41 Bi loolu amee Yeesu jël
juróomi mburu yi ak ñaari
jën yi, xool ci kaw, sant
Yàlla, ba noppi mu damm
mburu yi, jox ko taalibe yi,
ngir ñu séddale ko mbooloo
mi. Ñaari jën yi it mu
séddale ko ñépp. 42 Noonu
ñépp lekk ba suur. 43 Te it ñu
dajale la desoon ca dammiti
mburu ak jën ya, mu nekk
fukki pañe ak ñaar yu fees.
44 Ñu lekkoon nag matoon na
limu juróomi junniy góor.

*Yeesu dox na ci kaw ndox mi*

45 Ci kaw loolu Yeesu sant
ay taalibeem, ñu dugg ci gaal
gi, jàll ba Betsayda, bi muy
yiwi mbooloo mi. 46 Bi mu
tàggtoo ak mbooloo mi, mu
yéeg ca tund wa, ñaan fa
Yàlla. 47 Noonu guddi jot,
fekk gaal gi nekk ci diggu
dex gi, te Yeesu rekk moo
nekk ca tefes ga.

48 Booba mu gis taalibe
yi sonn lool ci joow gaal gi
ndax li leen ngelaw li soflu.
Ca njël nag mu jëm ci ñoom,
di dox ci kaw dex gi, ba xaw
leena raw. 49 Bi ñu ko gisee
nag, muy dox ci kaw dex gi,
ñu foog ne njuuma la, daldi
yuuxu. 50 Ndaxte ñépp gis ko
te jommi ci. Waaye mu wax
ak ñoom ci saa si ne leen:
«Takkleen seen fit, man la,
buleen tiit!» 51 Noonu mu
fekksi leen ci gaal gi, ngelaw
daldi ne tekk. 52 Njàqarey
taalibe ya nag weesu dayo,
ndaxte seen xol dafa fatt,
ba réere mbir kéemaan, gi
Yeesu defoon ci mburu yi.

53 Bi nga xamee ne jàll
nañu, ba egg diiwaanu Sene-
saret, ñu teer fa, 54 génn ca
gaal ga. Ci saa si nit ñi
xàmmi ko, 55 ñu daldi daw ca
diiwaan ba bépp, te fépp fu
ñu ko dégg ñu di ko indil ñu
wopp, tëdd ci seeni lal. 56 Te
fu mu mana aw, ci dëkk yu
mag mbaa yu ndaw walla ci
àll bi, ñu indil ko jarag yi ci
pénc yi, ñaan ko, mu may
leen ñu laal cati mbubbam
rekk. Te képp ku ko laal
daldi wér.

# 7

### *Farisen ya ak aada ya*

1 Amoon na bés nag,
ay Farisen ak ay xutbakat
yu jóge Yerusalem ñëw
ci Yeesu. 2 Ñu gis yenn
ciy taalibeem di lekk, fekk
seeni loxo setul, maanaam
raxasuwuñu woon, ni ko
aada santaanee. 3 Farisen
yi nag ñoom ak Yawut yi
yépp dañuy topp aaday
yoon, yi maam yi tëral, te
fandee leen gënal lekk ak
loxo yu ñu raxasul. 4 Te it
bu ñu jógee pénc ma, su
ñu sanguwul set, duñu lekk.
Am nañu it yeneen aada yu
bare, maanaam ni nga wara
raxase ay kaas, ay njaq ak ay
satala, ba ñu laab.

5 Noonu Farisen ya ak xut-
bakat ya laaj ko ne: «Lu
tax say taalibe duñu topp
aaday yoon, yi maam yi
tëral, waaye ñuy lekk ak
loxo yu setul?» 6 Yeesu ne
leen: «Esayi waxoon na bu
baax ci kàddug Yàlla ci seen
mbir, yéen naaféq yi, bi mu
bindee:

“Xeet wii, ñu ngi may teral ci seen gémmiñ,
waaye seen xol sore na ma.
7 Seen màggal amul benn njariñ,
ci li ñuy jàngle dénkaaney nit kese.”»

8 Yeesu neeti leen: «Dëddu
ngeen ndigali Yàlla, jublu
ci aaday nit.» 9 Mu teg
ca ne leen: «Xelu ngeen
ci tebbi ndigali Yàlla, ngir
sàmm seen aada. 10 Ndaxte
Musaa nee na: “Teralal sa
ndey ak sa baay,” teg ca
ne: “Ku móolu sa yaay
walla sa baay, dees na
la rey.” 11 Waaye yéen
dangeen ne: ku ne sa yaay
walla sa baay: “Li nga wara
jariñoo ci man Korban la,”
—maanaam saraxu Yàlla
la— 12 dootuleen ko bàyyi,
mu defal dara ndeyam
walla baayam. 13 Noonu
tebbi ngeen kàddug Yàlla
ndax seen aada, ji ngeen di
donnante. Te it yéena ngi
def yeneen yu bon yu mel
nii.»

14 Noonu Yeesu waxaat ak
mbooloo mi ne leen: «Yéen
ñépp dégluleen ma te xam.
15-16 Li ci biti, tey dugg nit, du
ko mana indil sobe, waaye li
génn ci nit, loolu mooy indil
nit sobe.»

17 Bi nga xamee ne jóge
nañu ci mbooloo mi, dugg ci
kër gi, taalibe yi laaj Yeesu,
mu firil leen wax ju làqu
jooju. 18 Yeesu ne leen:
«Ndax yéen itam seen xol
dafa tëju? Xanaa xamuleen
ne, dara lu jóge biti, dugg ci
nit, du ko mana indil sobe,
19 ndaxte du dugg ci xol,
waaye ci biiram lay jëm, ba
noppi daldi génn ca bérab
bu làqu?» Ci li mu wax loolu
Yeesu daganal na bépp ñam.

20 Yeesu ne leen ati: «Li
génn ci nit, loolu mooy indil
nit sobe. 21 Ndaxte ci biir,
ci xolu nit, la xalaat yu bon
di jóge ak ndoxaanu yàqute,
càcc ak bóom, 22 njaaloo
ak bëgge, coxor, naaféq,
ñaawteef, ñeetaan, saaga,
réylu ak jëfi ndof. 23 Lu bon
loolu lépp day génn ci nit, di
ko indil sobe.»

*Yeesu faj na doomu jigéen, ja dëkk Tir*

24 Gannaaw loolu Yeesu
jóge fa, jëm weti dëkku Tir.
Bi mu fa eggee, mu dugg
ci kër, te bëggul kenn xam
ko, waaye jataayam manula
umpe.
25 Amoon na fa nag jigéen
ju rab jàpp doomam ju
jigéen. Bi mu déggee ne,
Yeesoo nga fa, mu ñëw,
daanu ciy tànkam, 26 fekk
jigéen ja ci xeetu Gereg la
bokkoon, juddoo wàlli Fenisi
ci diiwaanu Siri.
Noonu jigéen ja ñaan ko,
mu dàq rab wi ci doomam.
27 Waaye Yeesu ne ko: «Na
gone yi jëkka lekk, ba regg;
fab ñamu gone yi, sànni ko
xaj yi, rafetul.» 28 Jigéen
ji ne ko: «Waaw, sang bi,
teewul xaj yi di lekk ruusit,
yi rot ci lekkukaayu gone yi.»
29 Ci kaw loolu Yeesu ne ko:
«Ndax wax jooju demal ci
jàmm, rab wa génn na sa
doom.»
30 Noonu mu ñibbi, fekk
doom ji tëdd cib lal te mucc
ci rab wi.

*Yeesu faj na ku tëx te luu*

31 Bi loolu amee Yeesu
jóge na weti Tir, jaar ci
wàlli dëkku Sidon, dem dexu
Galile, ba noppi dugg ci biir
diiwaan, bi ñuy wax Fukki
dëkk yi.
32 Foofa ñu indil ko ku
tëx te dër lool, ñaan ko
mu teg ko loxo. 33 Noonu
Yeesu yóbbu ko, ba ñu
sore mbooloo mi, mu def
ay baaraamam ciy noppam,
daldi tifli, laal làmmiñam.
34 Mu yërëm ko, ba binni
ci xolam, xool ci asamaan,
daldi ne: «Effata,» liy tekki
«Ubbikuleen.» 35 Ci saa si
ay noppam daldi dégg te
làmmiñam yiwiku, muy wax
bu leer.
36 Bi mu ko defee Yeesu
tere leen, ñu wax ko kenn,
waaye lu mu leen ko gëna
tere, ñu gën ko nee sii-
wale. 37 Ñu waaru lool naan:
«Lépp lu mu def, lu yéeme
la. May na sax tëx yi ñuy
dégg, ak luu yi ñuy wax.»

# 8

*Yeesu bareel na mburu yi ñaareel bi yoon*

1 Ca bés yooya mbooloo
mu réy amaatoon na, te
amuñu woon lu ñu lekk.
Noonu Yeesu woo taalibe
ya ne leen: 2 «Yërëm naa
mbooloo mi, ndaxte toog
nañu fi man ñetti fan, te
amatuñu lu ñu lekk. 3 Su ma
leen yiwee ak seen xiif, di-
nañu tële ci yoon wi, ndaxte
am na ñu jóge fu sore.»
4 Taalibe yi ne ko: «Waaye
fii àllub neen la; fu nuy jële
lu doy ngir dundal leen?»
5 Yeesu laaj leen: «Ñaata
mburu ngeen am?» Ñu ne
ko: «Juróom ñaar.»
6 Noonu Yeesu sant
mbooloo mi, ñu toog ci suuf.
Mu jël juróom ñaari mburu
yi, sant Yàlla, damm leen,
jox leen taalibe yi, ngir ñu
séddale leen mbooloo mi;
taalibe yi def ko. 7 Amoon
na fa it tuuti jën yu ndaw.
Yeesu jël ko, sant Yàlla, wax
taalibe yi, ñu séddale leen
itam mbooloo mi. 8 Noonu
nit ñi lekk ba suur, ba noppi

taalibe yi dajale juróom
ñaari dàmba yu fees ak
dammit yi ci des. 9 Ña
ko fekke nag matoon nañu
ñeenti junniy góor.
10 Bi ko Yeesu defee, mu
yiwi leen, daldi dugg ak taal-
ibe ya ca gaal ga, dem ca
wàlli Dalmanuta.

*Kéemaan gu jóge ci asamaan*

11 Noonu Farisen yi ñëw, di
werante ak moom; ñu fexe
koo fiir, ba laaj ko kéemaan
gu jóge ci asamaan tey firn-
deel yónnentam. 12 Waaye
Yeesu binni ci xolam ne leen:
«Lu tax niti jamono jii di laaj
kéemaan? Ci dëgg maa ngi
leen koy wax, duñu jot genn
kéemaan.» 13 Ci kaw loolu
Yeesu bàyyi leen, duggaat ci
gaal gi, di jàll dex gi.

*Lawiiru Farisen yi*

14 Taalibe yi nag fàtte
woon nañu yóbbaale
mburu, te amuñu woon lu
dul benn mburu ci gaal gi.
15 Noonu Yeesu artu leen
ne: «Wottuleen te moytu
lawiiru Farisen yi ak ñi far
ak buur bi Erodd.»
16 Taalibe yi nag daldi
werante naan: «Nun
de indaalewunu mburu.»
17 Waaye Yeesu yég loolu ne
leen: «Lu tax ngeen di wer-
ante ci li ngeen indaalewul
mburu? Xanaa gisaguleen
te xamuleen? Ndax seen xol
dafa fatt ba tey? 18 Ndax ay
gumbay njàccaar ngeen, te
seeni nopp naqari? Xanaa
fàttalikuwuleen; 19 bi ma
dammee juróomi mburu ya
ngir juróomi junni ña, ñaata
pañe yu fees ak ay dammit
ngeen ca dajale woon?» Ñu
ne ko: «Fukk ak ñaar.»
20 Yeesu neeti leen: «Te
bés bi ma dammee juróom
ñaari mburu yi ngir ñeenti
junni ñi, ñaata dàmba yu
fees ak dammit ngeen dajale
woon?» Ñu ne ko: «Juróom
ñaar.»
21 Noonu Yeesu ne leen:
«Ndax seen xol dafa tëju ba
tey?»

*Yeesu faj na ku gumba ca dëkku Betsayda*

22 Gannaaw loolu ñu ñëw
ci Betsayda. Foofa ñu indil
Yeesu ku gumba, di ko ñaan,
mu laal ko. 23 Yeesu nag jàpp
loxob gumba gi, yóbbu ko,
ba génn dëkk bi. Mu def tiflit
ciy bëtam, teg ko loxo naan:
«Ndax gis nga dara?» 24 Waa
ji xool ne ko: «Gis naa ay
nit, ñu mel ni ay garab, te
ñu ngi dox.» 25 Kon Yeesu
laalaat bët yi, gumba gi ne
xefeet, daldi wér, ba gis lépp
bu leer. 26 Ci kaw loolu Yeesu
sant ko mu ñibbi ne ko: «Bul
dugg ca dëkk ba.»

*Piyeer wax na ne, Yeesu mooy Almasi bi*

27 Bi loolu amee Yeesu ànd
ak ay taalibeem, dem ca
dëkk, yi wër Sesare bu Filib.
Bi ñuy dem nag, mu laaj
taalibe yi: «Nit ñi, lu ñu wax
ne man moom laa?» 28 Ñu
ne ko: «Am na ñuy ne yaa di
Yaxya; ñeneen ne, Ilyaas; ñi
ci des ne yaay kenn ci yonent
yi.»
29 Noonu Yeesu laaj leen:
«Yéen nag, ku ngeen wax ne
moom laa?» Piyeer ne ko:

«Yaa di Almasi bi.» 30 Ci
kaw loolu Yeesu dénk leen
bu wóor, ñu bañ koo wax
kenn.

*Yeesu xamal na ne dina dee, dekki*

31 Booba Yeesu tàmbali na
leena xamal ne, Doomu nit
ki war na sonn lu bare; njiit
ya, sarxalkat yu mag ya ak
xutbakat ya dëddu ko, ñu
rey ko, mu dekki ci ñetti
fan. 32 Noonu mu xamal leen
mbir mi, ba mu leer nàññ.

Bi ko Piyeer déggee, mu
woo ko ci pegg, daldi ko
yedd. 33 Waaye Yeesu geestu,
gis yeneen taalibe yi, mu
daldi yedd Piyeer ne ko:
«Sore ma Seytaane; yëfi nit
ngay fonk, waaye du yëfi
Yàlla.»
34 Noonu Yeesu woo
taalibe yi ak mbooloo mi
ne leen: «Ku bëgga topp
ci samay tànk, na bàyyi
boppam te gàddu bant bi
ñu ko wara daaj, doora
topp ci man. 35 Ndaxte koo
xam ne bëgg ngaa rawale
sa bakkan, dinga ko ñàkk,
waaye ku ñàkk sa bakkan
ngir man ak ngir xibaaru
jàmm bi, dinga ko jotaat.
36 Ndaxte moom àddina
sépp, lu muy jariñ nit, bu
ñàkkee bakkanam? 37 Te
nit, lu mu wara weccee
bakkanam? 38 Ku ma rusa
faral, te nanguwul samay
wax ci kanam niti jamono jii,
ñi fecci seen kóllëre ak Yàlla
te topp bàkkaar, Doomu nit
ki dina la rusa xam, bés bu
ñëwee ci ndamu Baayam,
ànd ak malaaka yu sell yi.»

# 9

1 Mu ne leen ati: «Ci dëgg
maa ngi leen koy wax, am
na ñi fi taxaw, ñoo xam ne
duñu dee, te gisuñu nguuru
Yàlla ñëw ak doole.»

*Ndamu Yeesu jolli na ci moom*

2 Juróom benni fan gan-
naaw gi, Yeesu àndoon na
ak Piyeer, Saag ak Yowaana,
mu yóbbu leen ñoom rekk
fu wéet ci tund wu kawe
lool. Foofa jëmmam soppiku
ci seen kanam; 3 ay yéreem
di ray-rayi, weex tàll, te
fóotukatu àddina manu
leen weexale nii. 4 Noonu
ñu gis yonenti Yàlla Ilyaas
ak Musaa, di wax ak Yeesu.
5 Piyeer daldi ne Yeesu:
«Kilifa gi, bég nanu ci sunu
teew fii; nanu defar ñetti
mbaar, benn yaw, benn
Musaa ak benn Ilyaas.»
6 Fekk xamul lu muy wax,
ndaxte tiitaange jàpp na
leen ñoom ñett ñépp.
7 Noonu niir muur leen, te
baat jibe ca niir wa naan:
«Kii mooy sama Doom ji
ma bëgg, ci moom laa ame
bànneex; dégluleen ko.»
8 Ci saa si taalibe yi xool,
waaye gisatuñu kenn ku dul
Yeesu rekk.
9 Bi loolu amee ñu wàcc ca
tund wa. Bi muy wàcc nag,
Yeesu sant leen ne: «Buleen
nettali kenn li ngeen gis, ba
kera Doomu nit ki dekki na.»
10 Ñu téye wax jooju ci seen
biir, di sotteente xel, ba xam
lu ndekkite looluy tekki.
11 Noonu taalibe yi laaj
Yeesu: «Lu tax xutbakat yi di
naan, Ilyaas moo wara jëkka

ñëw?» 12 Yeesu ne leen:
«Waaw, Ilyaas dina jëkka
ñëw, jubbanti lépp. Waaye
itam lu tax bind nañu ne,
Doomu nit ki war na sonn
lu bare, ñu xeeb ko, dëddu
ko. 13 Waaye maa ngi leen
di wax ne, Ilyaas ñëw na, te
def nañu ko la leen neex, ni
ko Mbind mi waxe.»

### *Yeesu faj na xale bu rab jàpp*

14 Bi nga xamee ne Yeesu
ñëw na, ba jege taalibe yi,
mu gis mbooloo mu bare
wër leen, te ay xutbakat di
werante ak ñoom. 15 Naka
la mbooloo mi gis Yeesu, ñu
waaru, daldi daw nuyu ko.
16 Noonu Yeesu laaj leen:
«Ci lan ngeen di werante
ak ñoom?» 17-18 Kenn ci
mbooloo mi ne ko: «Kilifa
gi, rab jàpp na sama doom,
ba luuloo ko. Saa su ko
jàppee, daf koy daaneel ci
suuf, gémmiñ gi di fuur, muy
yéyu, ne jàdd. Ñaan naa say
taalibe, ñu dàq ko, waaye
manuñu ko.» 19 Yeesu ne
leen: «Yéen niti jamono jii,
yéen ñi gëmadi, ba kañ laa
wara nekk ak yéen, ba kañ
laa leen wara muñal? Indil-
leen ma xale bi.» 20 Ñu
indil ko ko. Bi xale bi gisee
Yeesu nag, rab wi sayloo ko
ci saa si, mu daanu ci suuf,
di xalangu, gémmiñ giy fuur.
21 Yeesu laaj baay bi: «Lii
kañ la ko dal?» Baay bi
ne ko: «Li dale ci ngoneem.
22 Léeg-léeg rab wi bëmëx
ko ci sawara, léeg-léeg mu
bëmëx ko ci ndox, ngir rey
ko. Soo ko manee, yërëm nu
te xettali nu.» 23 Yeesu ne ko:
«Nga ne: “Soo ko manee,”
ku gëm man na lépp.»
24 Ci saa si baayu xale bi
wax ci kaw naan: «Gëm naa,
dàqal ma sama ngëmadi.»
25 Yeesu gis nag ne,
mbooloo maa ngi daw, wërsi
ko, mu daldi gëdd rab wi nag
ne ko: «Génnal ci moom,
yaw rab wu luu te tëx, te
bu ko jàppaat; wax naa la
ko.» 26 Noonu rab wa daldi
yuuxu, sayloo xale bi, génn.
Xale bi ne nemm, mel ni ku
dee, ba tax ñu bare ne: «Dee
na.» 27 Waaye Yeesu jàpp
loxoom, jógloo ko, xale bi
daldi taxaw.
28 Bi Yeesu duggee ci kër gi,
taalibe yi laaj ko ci pegg: «Lu
tax manunu ko woona dàq?»
29 Yeesu ne leen: «Yu mel ni
yii, ñaan ci Yàlla rekk a leen
di dàq.»
30 Bi loolu amee ñu jóge
fa, jaar ci diiwaanu Galile,
Yeesu bëggul kenn yég ko.
31 Ndaxte muy jàngal taalibe
yi ne leen: «Dees na jébbal
Doomu nit ki ci loxoy nit, te
dinañu ko rey, mu dekki ci
ñetti fan.» 32 Waaye taalibe
yi xamuñu lu wax joojuy
tekki, te ñemewuñu ko koo
laaj.

### *Kan moo gëna màgg?*

33 Bi nga xamee ne egg
nañu dëkku Kapernawum,
te dugg ci kër gi, Yeesu
laaj leen ne: «Lu ngeen
doon waxtaane ci yoon wi?»
34 Waaye ñu ne cell, ndaxte
ñu ngi fa doon werante, ba
xam ku gëna màgg ci ñoom.
35 Noonu Yeesu toog, woo
fukki taalibe ya ak ñaar ne

leen: «Ku bëgga jiitu, na
topp ci gannaaw ñépp te
nekk surgab ñépp.» 36 Bi
ko Yeesu waxee, mu jël xale,
indi ko ci biir géew bi, ba
noppi leewu ko naan: 37 «Ku
nangu xale bu mel ni bii
ci sama tur, man mii nga
nangu; te ku ma nangu,
du man mii sax nga nangu
waaye ki ma yónni.»

### *Waa jiy dàq ay rab*

38 Bi loolu amee Yowaana
ne ko: «Kilifa gi, danoo gis
nit kuy dàq ay rab ci sa tur,
nu tere ko ko, ndax li mu
bokkul ci nun.» 39 Waaye
Yeesu ne ko: «Buleen ko
tere, ndaxte kenn manula
def kéemaan ci sama tur, ba
noppi di ma xarab. 40 Ku
nu sotul, far na ak nun.
41 Ci dëgg maa ngi leen
koy wax, koo xam ne kii
may na leen kaasu ndox
rekk, ndax yéena ngi bokk
ci man Kirist, kooku du ñàkk
yoolam mukk.

### *Ñi yóbbe nit bàkkaar*

42 «Waaye ku yóbbe
bàkkaar kenn ci ñi gëna
tuuti ñi ma gëm, li gën ci
moom, moo di ñu takk doj
wu réy ci baatam, sànni ko
ci géej. 43-44 Boo xamee ne
sa loxo mu ngi lay yóbbe
bàkkaar, dagg ko. Ndaxte
ñàkk loxo te tàbbi ci dund
gu wóor gi, moo gën ci
yaw, nga am ñaari loxo te
tàbbi ci sawara su dul fey
mukk. 45-46 Te bu la sa tànk
di yóbbe bàkkaar, dagg ko.
Nga lafañ te tàbbi ci dund
gu wóor gi moo gën, nga am
ñaari tànk, ñu sànni la ci
sawara. 47 Te bu la sa bët
di yóbbe bàkkaar, luqi ko.
Nga patt te dugg ci nguuru
Yàlla, moo gën ci yaw, nga
am ñaari bët, ñu sànni la ci
sawara. 48 Foofa:
“Sax ya duñu dee mukk,
te sawara sa du fey.”
49 Ñépp sawara lañu leen di
xorome. 50 Xorom lu baax la,
waaye bu sàppee, nan lañu
koy delloo cafkaam? Amleen
xorom te ngeen jàmmoo.»

# 10

### *Pase*

1 Gannaaw loolu Yeesu
jóge fa, dem ca wàlli réewu
Yawut yi, ya ca gannaaw
dexu Yurdan. Bi mu fa de-
mee, mbooloo mu bare ñëw
fi moom. Yeesu daldi leen
jàngal, ni mu ko daan defe.
2 Noonu ay Farisen ñëw
ci moom, lalal ko fiir, ñu
laaj ko: «Ndax jaadu na,
nit fase soxnaam?» 3 Yeesu
ne leen: «Lu leen yoonu
Musaa sant?» 4 Ñu ne ko:
«Musaa maye na, nit bind
kayitu pase, tàggook sox-
naam.» 5 Waaye Yeesu ne
leen: «Dénkaane boobu mu
leen bindal, bind na ko ndax
seen xol dafa fatt. 6 Waaye
ca njàlbéen ga “Yàlla sàkk
na leen, kii góor, kii jigéen.
7 Looloo tax góor di teqa-
likook ndeyam ak baayam,
ànd ak soxnaam, 8 ñoom
ñaar doon benn.” Kon
nekkatuñu ñaar waaye benn
lañu. 9 Lu Yàlla takk nag, bu
ko nit tas.»
10 Bi ñu delloo ca kër ga
nag, taalibe ya laaj ko ci

mbirum loolu. 11 Noonu
Yeesu ne leen: «Ku fase sa
soxna, takk jeneen, njaaloo
nga, di tooñ ku jëkk ka. 12 Te
jigéen ji tas, séyaat ak ke-
neen, njaaloo nga.»

### *Xale yu ndaw yi*

13 Bi loolu wéyee ñu indil
Yeesu ay xale, ngir mu teg
leen ay loxoom. Waaye taal-
ibe ya gëdd nit ñi. 14 Bi ko
Yeesu gisee nag, mu metti ko
lool, mu ne leen: «Bàyyileen
xale yi, ñu ñëw fi man!
Buleen leen tere, ndaxte ñu
mel ni ñoom ñoo yelloo ngu-
uru Yàlla. 15 Ci dëgg maa
ngi leen koy wax, ku woyoful
ni xale, nangu nguuru Yàlla,
doo ci mana dugg.» 16 Noonu
Yeesu leewu leen, teg leen ay
loxoom, barkeel leen.

### *Waxambaane wu bare alal*

17 Gannaaw loolu bi Yeesu
nekkee ci kaw yoon wi di
dem, am ku daw, sukk ci
kanamam ne ko: «Kilifa gu
baax gi, lu ma wara def,
ngir am wàll ci dund gu
dul jeex gi?» 18 Yeesu ne
ko: «Lu tax nga wooye ma
ku baax ki? Yàlla rekk a
baax. 19 Xam nga ndigal
yi: “Bul bóome, bul njaaloo,
bul sàcc, bul seede lu dul
dëgg, bul nangu alalu jaam-
bur, teralal sa ndey ak sa
baay.”» 20 Waa ji ne ko:
«Kilifa gi, loolu lépp sàmm
naa ko li dale ci samag ndaw
ba tey.»
21 Noonu Yeesu xool ko,
am cofeel ci moom, mu ne
ko: «Lenn rekk moo la dese.
Demal jaay li nga am, jox ko
miskin yi, te dinga woomle
ci asamaan; boo noppee, nga
ñëw topp ci man.» 22 Waaye
ci wax jooju xar kanamam
lëndëm, mu jóge fa ak tiis,
ndaxte ku bare woon alal la.
23 Noonu Yeesu xool taal-
ibe yi ko wër ne leen:
«Boroom alal dugg ci ngu-
uru Yàlla, lu jafee ngoogu!»
24 Wax jooju nag daldi jaaxal
taalibe yi lool. Waaye Yeesu
neeti leen: «Samay xarit,
dugg ci nguuru Yàlla, lu
jafee ngoogu! 25 Giléem jaar
ci bën-bënu puso moo gëna
yomb boroom alal dugg ci
nguuru Yàlla.» 26 Wax
jooju gënatee jaaxal taal-
ibe ya, ñu naan ci seen
biir: «Kon nag ku mana
mucc?» 27 Noonu Yeesu xool
leen naan: «Loolu të na
nit, waaye tëwul Yàlla; Yàlla
man na lépp.»
28 Ci kaw loolu Piyeer daldi
ko ne: «Nun de dëddu nanu
lépp te topp la!» 29 Yeesu ne
ko: «Ci dëgg maa ngi leen
koy wax, képp ku dëddu kër,
doomu ndey yu góor walla
yu jigéen, ndey walla baay,
doom walla suuf ndax man
ak xibaaru jàmm bi, 30 dinga
am tey jii téeméeri yoon ay
kër, doomi ndey yu góor
ak yu jigéen, ndey, doom
ak suuf, ñoom ak ay fitnay
noon, te ëllëg nga am dund
gu dul jeex. 31 Waaye ñu
bare ci ñi jiitu ñooy mujji; ñi
mujj ñooy jiituji.»

### *Yeesu xamle na ne dina dee, dekki*

32 Gannaaw loolu ñu ànd
jëm Yerusalem, Yeesu jiitu;

taalibe yi am njàqare, te ñi
ci topp tiit. Noonu Yeesu
woowaat fukk ak ñaar ña cig
wet, xamal leen li nara xew
ci mbiram. 33 Mu ne leen:
«Noo ngi dem Yerusalem, te
dees na jébbal Doomu nit ki
ci loxoy sarxalkat yu mag ya
ak xutbakat ya. Dinañu ko
àtte, teg ko dee, jébbal ko ñi
dul Yawut, 34 ñu ñaawal ko,
di tifli ci kawam, dóor ko ay
yar, rey ko. Waaye gannaaw
ñetti fan dina dekki.»

### *Li doomi Sebede ñaan Yeesu*

35 Gannaaw loolu Saag
ak Yowaana, doomi Sebede,
ñëw ci Yeesu. Ñu ne ko:
«Kilifa gi, danoo bëggoon
nga may nu li nu lay ñaan.»
36 Yeesu ne leen: «Lu ngeen
bëggoon, ma may leen
ko?» 37 Ñu ne ko: «Bés
boo soloo sa ndam, nga
may nu, nu toog, kii ci sa
ndijoor, kii ci sa càmmoñ.»
38 Waaye Yeesu ne leen:
«Xamuleen li ngeen di ñaan.
Ndax man ngeena naan
kaasu naqar, bi may naan?
Ndax man ngeena sóobu ci
metit, yi ma nara sóobu?»
39 Ñu ne ko: «Waaw, man
nanu ko.» Noonu Yeesu
ne leen: «Dingeen naan
kaasu naqar, bi may naan,
tey sóobu ci metit, yi ma
nara sóobu, 40 waaye toog
ci sama ndijoor mbaa sama
càmmoñ, du man maa koy
maye. Ñi ñu ko waajal rekk
a ko yelloo.»

41 Bi nga xamee ne fukki
taalibe ya ca des dégg nañu
loolu, ñu daldi mere Saag ak
Yowaana. 42 Waaye Yeesu
woo leen naan: «Xam ngeen
ne ci xeeti àddina, ñi ñu teg
njiit dañu leen di dóor yetu
nguur, te kilifa yi di leen
not. 43 Buleen mel ni ñooñu.
Waaye ku bëgga nekk kilifa
ci yéen, na nekk seen surga,
44 te ku bëgga nekk njiit, na
nekk seen jaam. 45 Ndaxte
noonu la Doomu nit ki ñëwe
sax, du ngir ñu nekk ay sur-
gaam, waaye ngir muy seen
surga, ba joxe bakkanam
ngir njotug ñu bare.»

### *Yeesu faj na ku gumba*

46 Bi loolu wéyee ñu agsi
ca dëkku Yeriko. Bi ko
Yeesu di génn, ànd ak taal-
ibe ya ak mbooloo mu xawa
bare, am gumba gu tudd
Bartime— liy tekki «doomu
Time», toog ci wetu yoon
wi, di yelwaan. 47 Noonu
mu dégg ne, Yeesum Nasaret
moo fay romb; mu daldi yu-
uxu naan: «Yërëm ma, yaw
Sëtu Daawuda bi!» 48 Ci kaw
loolu ñu bare gëdd ko, ngir
mu noppi. Teewul mu gëna
yuuxu naan: «Yaw Sëtu
Daawuda bi, yërëm ma!»

49 Noonu Yeesu taxaw,
daldi ne: «Wooleen ko!»
Ñu woo nag gumba gi ne
ko: «Na sa xel dal! Jógal!
Mu ngi lay woo.» 50 Bi
mu ko déggee, mu sànni
malaanam, ne bërét, dem ci
Yeesu. 51 Yeesu ne ko: «Loo
bëggoon ma defal la ko?»
Gumba gi ne ko: «Kilifa gi,
damaa bëgga gis.» 52 Noonu
Yeesu ne ko: «Demal ci
jàmm. Sa ngëm faj na la.»

Ci saa si gumba gi gis, daldi topp Yeesu ci yoon wi.

# 11

### *Yeesu dugg na Yerusalem*

1 Gannaaw loolu Yeesu ak taalibe ya jege nañu Yerusalem, ba agsi dëkki Betfase ak Betani ci wetu tundu Oliw ya. Noonu Yeesu yebal ñaar ciy taalibeem,
2 ne leen: «Demleen ci dëkk bi ci kanam. Bu ngeen fa duggee, dingeen fa gis cumbur gu kenn masula war. Yiwileen ko, indi. 3 Bu leen
kenn nee: “Lu ngeen di def?” neleen ko: “Boroom bi da koo soxla, te léegi mu delloosi ko.”»
4 Taalibe ya dem nag, ñu gis cumbur ga ci mbedd mi, mu yeewe cib buntu kër. 5 Bi
ñu koy yiwi nag, am na ca ña fa taxaw, ñu ne leen: «Lu ngeen nar, bay yiwi cumbur gi?» 6 Taalibe yi wax leen, ni leen Yeesu digale woon, nit ñi bàyyi leen, ñu dem.

7 Ñu indi cumbur gi Yeesu nag, lal ci seeni yére, mu toog ci. 8 Ñu bare lal seeni yére ci yoon wi, ñenn ñi dagg ay cari garab ci tool yi, lal leen it ci yoon wi. 9 Ñiy
jiitu ak ñiy topp ci Yeesu ñépp di wax ci kaw naan:

«Osaana!
Yaw miy ñëw ci turu Boroom
bi, ku barkeel nga!
10 Nguuru sunu maam
Daawuda giy ñëw
dina barkeel!
Ci bérab yu gëna kawe,
nañu ne: “Osaana!”»

11 Noonu Yeesu dugg Yerusalem, dem kër Yàlla ga, xool lépp, ba noppi génn dem dëkku Betani, moom ak fukki taalibe ya ak ñaar, ndaxte dafa guddi.

### *Yeesu dàq na jaaykat ya ca kër Yàlla ga*

12 Bët set ñu génn Betani,
fekk Yeesu xiif. 13 Noonu
mu séen fu sore garabu figg gu sëq, mu dem seeti, ndax am na ay doom. Waaye bi mu fa eggee, gisul lu dul ay xob, ndaxte jamonoy figg duggagul. 14 Ci kaw loolu
mu ne garab gi: «Dootuloo meññ mukk!» Taalibe yi dégg loolu mu wax.
15 Bi ñu eggee Yerusalem, Yeesu dugg ci kër Yàlla gi, daldi dàq ñi fay jaay ak ñi fay jënd. Mu daaneel taabali weccikatu xaalis yi ak tooguy jaaykati pitax yi, 16 te
mayul kenn, mu yóbbu am njaay ci kër Yàlla gi. 17 Mu di
leen jàngal ne leen: «Ndax waxuñu ci Mbind mi:

“Dees na wooye sama kër
këru ñaan ci Yàlla ngir xeet
yépp.”
Waaye yéen def ngeen ko këru sàcc.»
18 Bi ko sarxalkat yu mag ya ak xutbakat ya déggee nag, ñu ragal ko, ndaxte mbooloo mépp dañoo waaru ci njàngleem. Noonu ñu seet pexem reylu ko.
19 Bi timis jotee Yeesu ak taalibe yi génn dëkk bi.

### *Garabu figg gi ñu rëbb*

20 Ci suba si, bi ñuy dem,
ñu gis ne garabu figg gi dee
na, ba wow koŋŋ. 21 Noonu
Piyeer fàttaliku li xewoon,
ne Yeesu: «Kilifa gi, xoolal,
figg gi nga rëbb dee na, ba
wow!»
22 Yeesu ne: «Gëmleen
Yàlla. 23 Ci dëgg maa ngi
leen koy wax, ku ne tund
wale: "Jógal, tàbbi ca géej
ga," te nga gëm ne loolu
dina am, bañ cee boole xel
ñaar, kon sa ñaan nangu.
24 Moo tax maa ngi leen koy
wax, bu ngeen di ñaan Yàlla,
lépp lu ngeen ko mana laaj,
gëmleen ne jot ngeen ko, te
dingeen ko am. 25-26 Te it bu
ngeen di ñaan, fekk ngeen
jàppal kenn dara, baal-leen
ko, ngir seen Baay bi ci kaw
baal leen seeni tooñ, yéen
itam.»

*Sañ-sañu Yeesu*

27 Gannaaw loolu ñu dug-
gaat Yerusalem, te Yeesu
doon doxantu ca ëtti kër
Yàlla ga. Noonu sarxalkat
yu mag ya ak xutbakat ya ak
njiit ya dab ko 28 ne ko: «Yëf
yii ngay def, ci ban sañ-sañ
nga koy defe? Te ku la may
sañ-sañu def ko?»
29 Yeesu ne leen: «Man
itam dinaa leen laaj lenn;
bu ngeen ma ci tontoo, kon
dinaa leen wax ci ban sañ-
sañ laay defe yëf yii. 30 La
Yaxya daan def, di sóob nit
ñi ci ndox, fu mu ko jële, ci
Yàlla walla ci nit ñi?»
31 Bi ñu ko déggee, ñuy
werante ci seen biir naan:
«Bu nu nee: "Ci Yàlla,"
kon dina nu laaj: "Lu
tax gëmuleen ko kon?"
32 Waaye bu nu nee: "Ci nit
ñi," kon mbooloo mi dal ci
sunu kaw;» ndaxte ñépp teg
nañu Yaxya ab yonent. 33 Ñu
wax Yeesu nag ne: «Loolu de
xamunu ko.» Noonu Yeesu
ne leen: «Kon man itam
duma leen wax ci ban sañ-
sañ laay defe yëf yii.»

# 12

*Léebu beykat yi*

1 Noonu Yeesu daldi leen
wax ciy léeb. Mu ne leen:
«Amoon na fi nit ku jëmbët
toolu reseñ. Mu ñag tool bi,
gas pax ngir nal ci reseñ yi,
tabax wottukaay, ba noppi
batale ko ay beykat, daldi
tukki.
2 «Bi tool bi ñoree nag, mu
yónni surga ci ñoom, ngir
jot wàllam ci meññeef gi.
3 Waaye ñu jàpp ko, dóor ko
ay yar, dàq ko, mu dellu ak
loxoy neen. 4 Mu yónniwaat
beneen surga, waaye ñu
dóor ko ci bopp, toroxal ko.
5 Mu yónneeti beneen surga,
ñu rey ko. Mu yónni ñeneen
ñu bare, ñii ñu dóor leen, ñii
ñu rey.
6 «Noonu mu dese ko kenn
rekk, di doomam ji mu
bëgg. Mujj mu yónni ko
naan: "Xëy na ñu weg sama
doom." 7 Waaye beykat yi
daldi ne ci seen biir: "Kii
moo wara donn tool bi; nan
ko rey, moom ndono li."
8 Ñu jàpp ko nag, rey, sànni
ci biti.»
9 Noonu Yeesu laaj leen:
«Boroom tool bi nag, lu muy
def? Xanaa ñëw, rey beykat
ya, dénk tool ba ñeneen.

10 Ndax masuleena jàng wax jii ci Mbind mi?
“Doj wi tabaxkat yi sànni, mujj na di doju koñ;
11 ci Boroom bi la loolu jóge, te yéemu nanu ci.”»
12 Noonu kilifa yi di wut pexem jàpp ko, ndaxte xam nañu ne ñoom lay wax. Waaye ragal nañu mbooloo mi, ba ñu bàyyi ko fa, dem.

*Galag gi ñuy fey buur bi Sesaar*

13 Bi loolu amee ñu yónni ci Yeesu ay Farisen ak ñu far ak buur bi Erodd, ngir fiir ko ci waxam.
14 Ñu ñëw ci moom nag ne ko: «Kilifa gi, xam nanu ne ku wóor nga, te ragaloo kenn, ndaxte seetuloo jëmmi nit, waaye dangay xamle yoonu Yàlla ci bu wóor. Wax nu, ndax jaadu na, nu fey buur bi Sesaar galag am déet? Nu fey ko walla nu bañ koo fey?»
15 Waaye Yeesu xam na seen naaféq, mu ne leen: «Lu tax ngeen bëgg maa fiir? Indil-leen ma posetu denariyon, ma seet.»
16 Ñu jox ko poset bi. Noonu Yeesu laaj leen: «Kan lañu ci def nataalam ak turam?» Ñu ne ko: «Sesaar.»
17 Noonu Yeesu ne leen: «Joxleen nag Sesaar li Sesaar moom, te jox Yàlla li Yàlla moom.» Ñu daldi waaru ci mbiram.

*Sadusen yi ak ndekkite li*

18 Gannaaw loolu ay Sadusen ñëw ci moom, ngir laaj ko lenn. Sadusen yi nag gëmuñu ne ndekkite am na.
19 Ñu ne ko: «Kilifa gi, Musaa bindal na nu ne, ku magam faatu, te bàyyiwul doom ak soxnaam, kooku war na donn jigéen ji, ba yékkati giiru magam.
20 «Amoon na fi nag juróom ñaari góor, ñu bokk ndey ak baay. Taaw ba takk jabar, faatu, te bàyyiwul doom.
21 Ñaareel ba takk jigéen ja, faatu moom itam te bàyyiwul doom. Ñetteel bi it noonu.
22 Mbir mi dem na nag, ba juróom ñaar ñooñu ñépp dem, te kenn bàyyiwu fi doom. Mujj jigéen ja faatu moom itam.
23 Ci ndekkite li nag kan ci ñoom moo ko wara donn, fekk ku nekk ci juróom ñaar ñi mas na koo takk?»
24 Yeesu ne leen: «Mbaa du dangeena nekk cig réer, ci li ngeen xamul Mbind mi mbaa kàttanu Yàlla?
25 Ndaxte keroog ndekkite li kenn du am jabar, kenn du am jëkkër, waaye dinañu mel ni malaaka yi ci kaw.
26 Te sax li jëm ci mbirum ndekkite, xanaa jànguleen lii Yàlla wax ci Tawreetu Musaa ci saarum ngarab si: “Maay Yàllay Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba”?
27 Li ci génn mooy, nekkul Yàllay ñi dee, waaye Yàllay ñiy dund la. Kon sóobu ngeen cig réer.»

*Ban ndigal moo gëna màgg ci yoonu Musaa*

28 Bi ñuy werante, benn xutbakat ñëw, dégg seen waxtaan, gis ne Yeesu tontu na leen tont lu leer. Mu laaj

ko nag: «Ci ndigal yi, ban
moo ci gëna màgg?»
29 Noonu Yeesu ne ko:
«Bii: “Dégluleen, yéen
bànni Israyil! Yàlla sunu
Boroom mooy Boroom bi, te
kenn la. 30 Kon nanga bëgg
Yàlla sa Boroom ak sa xol
bépp ak sa bakkan bépp,
sa xel mépp ak sa kàttan
gépp.” 31 Te ñaareel bi, lii la:
“Nanga bëgg sa moroom, ni
nga bëgge sa bopp.” Ndigal
yii ñoo sut yépp.»
32 Xutbakat bi ne ko:
«Waaw, kilifa gi, li nga wax
dëgg la: Yàlla kenn la, te
amul jeneen Yàlla ju dul
moom. 33 Te nga bëgg ko ak
sa xol bépp ak sa xel mépp
ak sa kàttan gépp moo dàq
bépp sarax bu ñuy yóbbu
ngir màggal Yàlla ak bu ñuy
lakk ca sarxalukaay ba.»
34 Bi Yeesu gisee nag ne
tontu na ak xel, mu ne ko:
«Sorewuloo nguuru Yàlla.»
Bi mu waxee loolu, kenn
ñemeetu koo laaj dara.

*Mbaa Almasi bi mooy sëtu Daawuda?*

35 Bi nga xamee ne Yeesu
ma nga doon jàngle ca
kër Yàlla ga, mu laaj nit
ñi: «Lu tax xutbakat yi di
wax ne, Almasi bi mooy
sëtu Daawuda? 36 Daawuda
moom wax na ci kàttanu Xel
mu Sell mi naan:

“Boroom bi nee na sama Boroom:
‘Toogal ci sama ndijoor,
ba kera may daaneel
say noon ci sa kanam.’ ”

37 Gannaaw Daawuda nag
wooye na ko: “Boroom
bi,” nu muy nekke sëtam?»
Noonu mbooloo mu mag mi
di ko déglu ak bànneex.
38 Bi Yeesu di jàngle nag,
mu ne leen: «Moytuleen
xutbakat yi; dañoo bëgg di
doxantu, sol ay mbubb yu
réy, te ñépp di leen nuyoo
ñaari loxo ci pénc mi. 39 Ci
jàngu yi, féete kanam lañuy
wut, te toogu yu yiw lañuy
taamu ci reeri xew yi. 40 Ñu
ngi lekk alalu jigéen ñi seeni
jëkkër faatu, di ñaan Yàlla
ay ñaani ngistal yu gudd.
Seen mbugal dina gëna tar.»

*Saraxu soxna si*

41 Noonu Yeesu toog ca kër
Yàlla ga, janook ndab, yi ñuy
def sarax ngir Yàlla, muy
xool nit ña cay dugal seen
xaalis. Am nag ay boroom
alal yu ci di def xaalis bu
bare. 42 Gannaaw ga daal
benn jigéen ju jëkkëram
faatu, te mu ñàkk, ñëw, def
ci ñaari poseti xànjar*, yu
matul sax dërëm.
43 Bi ko Yeesu gisee, mu
woo taalibe yi ne leen: «Ci
dëgg maa ngi leen koy wax,
li jigéen ju ñàkk jee du-
gal ca defukaay ya moo
ëpp maana alalu ñeneen
ñi ñépp. 44 Ñoom ñépp
dañu sàkk ci seen barele,
waaye moom dafa sàkk ci
néewleem, ba far ko joxe
lépp, toog.»

* **12:42** Mooy posetu lepton. Seetal Xaalis ci Leeral yi.

# 13

*Yàqug Yerusalem ak del-
lusig Doomu nit ki*

1 Bi Yeesu di jóge ca kër
Yàlla ga, kenn ca taalibe ya
ne ko: «Kilifa gi, xoolal! Ni
mu réye ay doj, te rafete ni
ay taax!» 2 Waaye Yeesu ne
leen: «Du gis ngeen taax yu
réy yii yépp? Lii lépp dina
daanu, ba doj dootul des ci
kaw doj.»

3 Gannaaw loolu, bi nga
xamee ne Yeesu toog na ci
tundu Oliw ya, jàkkaarlook
kër Yàlla ga, Piyeer, Saag,
Yowaana ak Andare fekki ko
cig wet, laaj ko: 4 «Wax nu
kañ la loolu di am? Te luy
tegtal ne, mbir yii yépp a ngi
bëgga mat?»

5 Noonu Yeesu ne leen:
«Moytuleen, bu leen kenn
nax. 6 Ñu bare dinañu ñëw
ci sama tur naan: “Moom
laa,” te dinañu nax ñu bare.
7 Bu ngeen déggee ay xare
ak coowi xare, wottuleena
tiit; loolu war na am, waaye
mujug jamono ji jotagul.
8 Xeet dina jóg, xeex ak
weneen xeet, réew xeex ak
meneen réew. Te yëngu-
yënguy suuf dina am ciy
bérab yu bare, ak ay xiif.
Loolu lépp mooy ndoortel
metit yi, mel ni jigéen juy
matu.

9 «Moytuleen. Dees na
leen jébbal àttekat ya, di
leen dóor ay yar ca jàngu ya.
Dinañu leen dëj ci kanam i
boroom réew ak i buur ndax
sama tur, ngir ngeen nekk
seede ci ñoom. 10 Fàww
xibaaru jàmm bi jëkka jib
ci xeet yépp. 11 Saa su ñu
leen jàppee nag, dëj leen ci
péncum layoo, buleen jàq ci
li ngeen wara wax; li ngeen
jot ca waxtu woowa waxleen
ko, ndaxte du yéenay wax
waaye Xel mu Sell mi.

12 «Mag dina joxe rakkam
cig dee, baay joxe doomam;
ay doom it dinañu jóg, di
bañ seeni waajur, di leen
reylu. 13 Te ñépp dinañu
leen bañ ndax sama tur;
waaye ku muñ ba ca muj ga,
mucc.

14 «Bés baa ngi ñëw, bu
li ñuy wax “Lu araam luy
yàqe” tegee ca bérab bu mu
yelloowul; kiy jàng, na xam.
Bu ngeen gisee loolu nag,
ku nekk ci biir diiwaanu
Yude, nanga daw ca tund
ya. 15 Ku nekk ci kaw
taax mi, bul wàcc ngir dugg
kër gi, fab say yëf ya fa
nekk. 16 Ku nekk ci tool
bi, bul ñibbi ngir fab sa
mbubb. 17 Ngalla jigéen ñi
ëmb ca bés yooya, ngalla it
ñiy nàmpal. 18 Ñaanleen
ngir seen gàddaay baña tase
ak jamonoy seddaayu lolli.
19 Ndaxte booba dina am
metit wu réy wu masula
am, ba àddina sosoo ak tey,
te dootul am mukk. 20 Te
bu fekkul woon Boroom bi
wàññi bés yooyu, kenn du
mucc, waaye fekk na mu
wàññi leen ndax gaayam ñi
mu tànn.

21 «Booba nag, bu leen
kenn waxee: “Kaayleen gis,
Kirist a ngi fi,” mbaa: “Xool-
leen, mu nga fale,” buleen ko
gëm. 22 Ndaxte ñiy mbubboo
turu Kirist ak ñiy mbubboo
turu yonent, dinañu feeñ,

di joxe ay firnde yu réy
ak ay kéemaan, ba ciy nax
sax ñi Yàlla tànn, su loolu
manoona am. 23 Wax naa
leen ko lu jiitu. Kon nag
moytuleen.
24 «Waaye booba, gan-
naaw metit yooyu:
"Jant bi dina lëndëm
te weer dootul leer;
25 biddiiw yi di daanoo
asamaan,
te kàttani asamaan yiy
yëngu."
26 «Noonu dees na gis
Doomu nit ki ñëw ci niir
yi, ànd ak kàttan ak ndam
lu réy. 27 Dina yónni ay
malaakaam, ñu dajale ñi mu
tànn ci ñeenti xébla yi, fa
àddina dale, ba fa asamaan
yem.»
28 Yeesu teg ca ne:
«Jàngleen misaalu garabu
figg ga. Boo xamee ne ay
bànqaasam duy nañu, tey
xobam sëq, xam ngeen ne
nawet jege na. 29 Noonu
itam bu ngeen gisee loolu
lépp xew, xamleen ne jege
na; mu ngi ci bunt bi sax.
30 Ci dëgg maa ngi leen koy
wax, niti jamono jii duñu
wéy, te loolu lépp amul.
31 Asamaan ak suuf dinañu
wéy, waaye samay wax du
wéy mukk.

*Yàlla rekk moo xam bés ba*

32 «Waaye bés boobu ak
waxtu woowu, kenn xamul
kañ lay doon; du malaaka
yi ci kaw, du sax Doom ji,
waaye Baay bi rekk moo ko
xam. 33 Moytuleen te xool!
Xamuleen kañ la waxtu wi di
jot.
34 «Mi ngi mel ni nit ku
tukki, mu dénk këram ay
surgaam, ku nekk ak sa sas,
te sant bëkk-néeg bi, mu
xool. 35 Yéen nag xool-leen,
ndaxte xamuleen kañ la bo-
room kër gi di délsi, muy ci
timis mbaa ci xaaju guddi,
muy ci fajar mbaa njël. 36 Bu
nee jalañ, bumu leen bett,
ngeen di nelaw. 37 Li ma
leen wax, ñépp laa ko wax:
"Xool-leen!"»

# 14

*Njiiti yoon yi fexeel nañu Yeesu*

1 Booba nag sarxalkat yu
mag ya ak xutbakat ya
ñu ngi doon fexeel Yeesu,
ngir jàpp ko, reylu. Fekk
booba ñaari fan a des ci
màggalu bésu Mucc ba ak
màggalu Mburu ma amul
lawiir. 2 Kon nag ñu ne:
«Bumu doon ci bésu màggal
bi, ngir yëngu-yëngu baña
am ci nit ñi.»

*Jigéen diw na boppu Yeesu ak latkoloñ*

3 Bi nga xamee ne Yeesu
nekkoon na dëkku Betani,
mu dem këru Simoŋ ma
gaana woon, di fa lekk.
Noonu jigéen ñëw, yor njaq
lu ñu defare doj wu tudd
albaatar. Njaq li def latkoloñ
ju raxul ju ñuy wax nàrd, tey
jar lu baree bare. Jigéen ji
toj njaq li, tuur latkoloñ ci
boppu Yeesu.
4 Waaye amoon na fa ñu
mer, di xultu ci seen biir
naan: «Yàq gii, lu muy
jariñ? 5 Maneesoon na
jaay latkoloñ jii ci lu tollook

peyug atum lëmm, jox ko
miskin yi.» Noonu ñu daldi
gëdd jigéen ji.
6 Waaye Yeesu ne leen:
«Bàyyileen ko. Defal na ma
jëf ju rafet; lu tax ngeen di
ko sonal? 7 Miskin yaa ngi
ak yéen bés bu nekk, te man
ngeen leena dimbali saa su
leen neexee, waaye dungeen
ma gis ba fàww. 8 Jigéen
ji def na li mu man; diw
na sama yaram ak latkoloñ,
ngir waajal sama rob, laata
moo jot. 9 Ci dëgg maa
ngi leen koy wax, fépp fu
ñuy yéene xibaaru jàmm bi
ci àddina sépp, dinañu fa
fàttali it li jigéen jii def.»

*Yudaa wor na Yeesu*

10 Ca waxtu woowu kenn
ci fukki taalibe ya ak ñaar,
ku tudd Yudaa Iskariyo, dem
ca sarxalkat yu mag ya, ngir
wori Yeesu. 11 Bi ñu ko
déggee, ñu am ca bànneex
bu réy, dig ko xaalis. Noonu
mu fexe jamono ju mu leen
mana jébbal Yeesu.

*Reer bu mujj bi*

12 Bés bu jëkk ca màggal,
ga ñuy wax Mburu ma amul
lawiir, taalibey Yeesu laaj ko:
«Foo bëgg, nu defaral la
reeru bési Mucc bi?» Bés bu
jëkk booba nag mooy bés, ba
ñu farala rendi gàttub bésu
Mucc ba. 13 Noonu Yeesu
yebal ñaar ci taalibe yi ne
leen: «Demleen ca dëkk ba,
foofa góor gu yenu njaq lu
def ndox, dina taseek yéen,
ngeen topp ko. 14 Kër gi mu
dugg nag, ngeen ne boroom
kër gi: “Kilifa gi nee na:
Ana néegu gan, bi may lekke
reeru bésu Mucc bi, man ak
samay taalibe?” 15 Dina leen
won néeg bu féete kaw te
yaa, ñu defar ko, ba lépp
jekk. Foofa ngeen nuy de-
farale reer bi.» 16 Bi mu
ko waxee, taalibe ya dem ca
dëkk ba, gis lépp, ni leen ko
Yeesu waxe woon. Noonu ñu
defar reer bi.
17 Bi nga xamee ne timis
jot na, Yeesu ñëw, ànd ak
fukki taalibe yi ak ñaar.
18 Ñu toog, di lekk. Bi ñuy
lekk nag, Yeesu ne leen: «Ci
dëgg maa ngi leen koy wax,
kenn ci yéen, ku bokk ak
man di lekk sax, dina ma
wor.» 19 Taalibe yi nag am
naqar, ñu daldi ko ne kenn-
kenn: «Mbaa du man?»
20 Mu ne leen: «Kenn ci
yéen fukk ak ñaar la, kuy
cappandoo ak man ci ndab
li. 21 Doomu nit ki mu ngi
dem, ni ñu ko waxe ci Mbind
mi, waaye ki koy wor dina
torox. Bañoona juddu moo
gën ci moom.»
22 Noonu bi ñuy lekk,
Yeesu jël mburu, sant Yàlla,
jox leen ko naan: «Jël-
leen, lii sama yaram la.»
23 Gannaaw loolu mu jël
kaas, sant Yàlla, jox leen ko,
ñépp naan ci. 24 Mu ne
leen: «Lii mooy sama deret,
ji fas kóllëre gi, te tuurul ñu
bare. 25 Ci dëgg maa ngi
leen koy wax, dootuma naan
gannaaw tey ndoxum reseñ
mii, ba kera ma ciy naan bu
bees ci nguuru Yàlla.»
26 Noonu ñu woy Yàlla, ba
noppi génn, dem ca tundu

Oliw ya.

*Yeesu wax na ne, Piyeer dina ko weddi*

27 Booba Yeesu ne leen:
«Yéen ñépp dingeen ma
dàggeeku, ndaxte bind
nañu:
“Dinaa dóor sàmm bi,
xari jur gi tasaaroo.”
28 Waaye bu ma dekkee, di-
naa leen jiituji Galile.»
29 Kon Piyeer ne ko:
«Bu la ñépp dàggeekoo,
man duma la bàyyi mukk.»
30 Waaye Yeesu ne ko: «Ci
dëgg maa ngi la koy wax,
guddig tey, bala ginaar a
sab ñaari yoon, dinga ma
weddi ñetti yoon.» 31 Waaye
Piyeer gëna sax ca la mu
waxoon naan: «Boo xamee
ne sax, damaa wara dee ak
yaw, duma la weddi mukk.»
Taalibe yépp it waxe noonu.

*Yeesu ñaan na ca toolu Setsemane ci biir tiis wu réy*

32 Noonu ñu dem ca bérab
bu tudd Setsemane. Yeesu
ne taalibe yi: «Toogleen fii,
ma dem ñaani.» 33 Mu ànd
ak Piyeer, Saag ak Yowaana,
daldi jàq, ba xonet. 34 Mu ne
leen: «Sama xol dafa tiis, ba
ma bëgga dee; toogleen fii,
xool.»
35 Noonu Yeesu dem ci
kanam tuuti, daanu ci suuf,
di ñaan ne, waxtu wi teggi
ko, bu loolu manoona am.
36 Mu ne: «Abba, Baay, yaw
mi dara tëwul, teggil ma
kaasu naqar bii. Moona
bumu doon sama coobare,
waaye na sa coobare am.»
37 Noonu mu délsi ci taal-
ibe yi, fekk ñuy nelaw.
Mu ne Piyeer: «Simoŋ,
dangaa nelaw? Amuloo
sax dooley xoolandoo ak
man benn waxtu? 38 Xool-
leen te ñaan, ngir baña
daanu cig fiir. Seen xol
jag na, waaye seen bind a
woyof.» 39 Beneen yoon
Yeesu dem, di ñaane noonu,
40 délsiwaat, fekk leen ñuy
nelaw, ndaxte seeni bët
dañoo diis. Xamuñu lu ñu
koy tontoo.
41 Ñetteelu yoon mu délsi
ci ñoom ne leen: «Yéena
ngi nelaw tey noppalu ba
tey! Jeex na. Waxtu wi jot
na; ñu ngi wor Doomu nit
ki ci loxoy bàkkaarkat yi.
42 Jógleen nu dem; ki may
wor a ngi nii, di ñëw.»

*Jàpp nañu Yeesu*

43 Bi Yeesu di wax, Yudaa
mi bokkoon ci fukki taalibe
ya ak ñaar, agsi, ànd ak
mbooloo mu bare, mu jóge
ca sarxalkat yu mag ya, ca
xutbakat ya ak ca njiiti xeet
wa, te gànnaayoo jaasi ak
yet.
44 Fekk ki ko naroona wor
joxoon na leen tegtal ne
leen: «Ki may fóon, moom
la; jàppleen ko, yóbbu ko te
wottu ko bu baax.» 45 Noonu
mu ñëw ci Yeesu ne ko:
«Kilifa gi,» daldi ko fóon.
46 Bi mu ko defee nit ñi song
Yeesu nag, jàpp ko. 47 Waaye
kenn ci ñi fa taxaw bocci
jaaseem, dóor surgab sarx-
alkat bu mag bi, nopp bi
dagg.
48 Yeesu ne leen: «Jóg
ngeen ngir jàpp ma,
gànnaayoo jaasi ak yet, mel
ni ñuy topp sàcc. 49 Moona

daan naa toog bés bu nekk
ca kër Yàlla ga, di jàngle, te
jàppuleen ma. Waaye lii am
na, ngir Mbind mi am.» 50 Ci
kaw loolu, ñépp dëddu ko,
daw.
51 Fekk amoon na ca
waxambaane wu lëkkaayoo
woon sér, topp Yeesu, ñu
daldi ko jàpp. 52 Waaye
waxambaane wa wacc fa sér
bi, daldi daw, def yaramu
neen.

### *Yeesu taxaw na ci kanam kureelu àttekat yi*

53 Ñi jàpp Yeesu yóbbu ko
ci sarxalkat bu mag bi, te
foofa la sarxalkat yu mag
yi, njiit yi ak xutbakat yi
yépp dajaloo. 54 Piyeer nag
topp ko fu sore, ba ci ëttu
sarxalkat bu mag bi, mu toog
fa ak alkaati yi, di jaaru ci
taal bi.
55 Noonu sarxalkat yu mag
yi ak kureelu àttekat yi yépp
di wut ku mana seede lu
daan Yeesu, ba ñu man koo
reylu, waaye gisuñu kenn.
56 Teewul sax naaféq ñu
bare ñëw, seede ci Yeesu lu
dul dëgg, waaye seen seede
ànduñu. 57 Ba mujj naaféq
taxaw, seede ci moom naan:
58 «Nun daal dégg nanu, mu
ne: “Dinaa toj kër Yàlla,
gii loxoy nit liggéey, tabax
ci ñetti fan geneen gu nit
liggéeyul.”» 59 Waaye ba tey
seeni wax ànduñu.
60 Ci kaw loolu sarxalkat
bu mag bi taxaw ci seen
kanam ne Yeesu: «Doo
tontu? Lu la nit ñi di
jiiñ?» 61 Waaye Yeesu ne
cell, waxul dara. Sarxalkat
bu mag bi dellu nag ne
ko: «Ndax yaa di Almasi
bi, Doomu Yàlla ju tedd ji?»
62 Yeesu ne ko: «Moom laa.
Te dingeen gis Doomu nit ki
toog ci ndijooru Aji Man ji, di
ñëw ci niiri asamaan.»
63 Bi ko sarxalkat bu mag
bi déggee nag, mu daldi
mer, ba xotti ay yéreem
naan: 64 «Weddi na Yàlla, lu
nu doyeeti seede? Lu ngeen
ci xalaat?» Noonu ñépp teg
ko dee. 65 Ci kaw loolu ñu
daldi tifli ci moom, takk ay
bëtam, di ko dóor ay kurfeñ,
naan ko: «Yaw wax nu ci
kàddug Yàlla, ku la dóor?»
Ba noppi alkaati yi teeru ko
ak ay pes.

### *Piyeer weddi na Yeesu*

66 Piyeer nag ma nga
toogoon ci ëtt bi féete suuf.
Noonu benn mbindaanu
sarxalkat bu mag ba romb
fa. 67 Mu gis Piyeer di
jaaru, xool ko jàkk naan:
«Yaw itam àndoon nga ak
Yeesum Nasaret moomu.»
68 Waaye Piyeer weddi ko
naan: «Xawma li ngay wax,
dégguma ci dara.» Mu daldi
génn, dem ca buntu kër ga.
69 Foofa nag mbindaan mi
gisaat ko, mu ne ñi fa taxaw:
«Waa jii ci ñoom la bokk.»
70 Waaye Piyeer weddiwaat
ko.
Nees-tuut ñi fa taxaw ne
Piyeer: «Yaw mi de, ci lu
wóor bokk nga ci, nde waa
Galile nga.» 71 Waaye Piy-
eer daldi giñ ak a waat
naan: «Xawma nit ki ngay
wax.» 72 Ci saa si ginaar
sab ñaareelu yoon. Noonu
Piyeer fàttaliku li ko Yeesu

wax: «Bala ginaar a sab ñaari yoon, dinga ma weddi ñetti yoon.» Mu daldi jooy jooy yu metti.

# 15

*Yeesu taxaw na ci kanam Pilaat, boroom réew ma*

1 Ci suba teel sarxalkat yu mag yi gise, ñoom ak njiit yi ak xutbakat yi ak kureelu àttekat yi yépp. Ñu yeew nag Yeesu, daldi ko yóbbu, jébbal ko Pilaat.

2 Noonu Pilaat laaj ko: «Ndax yaa di buuru Yawut yi?» Yeesu ne ko: «Wax nga
ko.» 3 Te sarxalkat yu mag yi di ko jiiñ lu bare. 4 Kon nag
Pilaat laajaat ko: «Déggal lépp li ñu lay jiiñ. Xanaa amoo ci tont?» 5 Waaye ba
tey Yeesu waxul dara, ba tax Pilaat waaru.

6 Màggal gu nekk nag Pilaat daan na may mbooloo mi, ñu tànn kenn ci ñi ñu tëjoon, mu bàyyil leen ko.
7 Fekk booba amoon na ku ñu tëj, tudd Barabas, ku bokk ci ña bëggoona tas réew mi, boole ci rey nit.
8 Noonu mbooloo mi ñëw, laaj Pilaat, mu defal leen la mu daan def. 9-10 Pilaat
nag xam ne kiñaan rekk a taxoon sarxalkat yu mag yi jébbal ko Yeesu. Kon mu ne mbooloo mi: «Xanaa ma bàyyil leen buuru Yawut yi?»
11 Waaye sarxalkat yu mag yi xiir mbooloo mi, ñu laaj Pilaat, mu bàyyil leen Barabas.

12 Kon Pilaat ne leen: «Lan laay def nag ak ki ngeen di wooye buuru Yawut yi?»
13 Ñu daldi yuuxuwaat naan: «Daaj ko ci bant, ba mu
dee!» 14 Pilaat ne leen: «Lu tax? Gan tooñ la def?» Waaye mbooloo mi di yuuxu bu gëna kawe: «Daaj
ko ci bant!» 15 Noonu Pilaat, mi wuta neex mbooloo mi, bàyyil leen Barabas, ba noppi mu dóorlu Yeesu ay yar, jébbal ko, ngir ñu daaj ko ci bant.

*Xarekat yi ñaawal nañu Yeesu*

16 Bi loolu amee ñu dugal Yeesu ci biir kër boroom réew ma, mooy bérab bu ñuy wax Peretoriyum, ñu daldi woo mbooloom
xarekat yépp. 17 Noonu ñu solal ko mbubb mu xonq curr, ràbb kaalag dég, teg
ko ci boppam. 18 Ñu daldi ko wax bu kawe: «Nuyu nanu la, yaw buuru Yawut
yi!» 19 Ñu di ko dóor ci bopp ak bant, di ko tifli, daldi
sukk, màggal ko. 20 Bi ñu ko ñaawalee noonu ba noppi, ñu summi mbubb mu xonq mi, solaatal ko ay yéreem, yóbbu ko, ngir daaj ko ci bant.

*Rey nañu Yeesu ci kaw bant ba*

21 Amoon na nag nit ku dëkk Siren, tudd Simoŋ, di baayu Alegsàndar ak Rufus. Fekk booba mu romb fa, jóge ca wet, ga féete ak tool ya, ñu ga ko ngir mu gàddu
bant bi. 22 Noonu ñu yóbbu Yeesu ca bérab bu ñuy wax Golgota, liy tekki «bérabu
Kaaŋu bopp.» 23 Ñu bëgg koo jox biiñ bu ñu boole ak

naan gu tudd miir, waaye
nanguwu ko.
24 Foofa ñu daaj Yeesu
ci bant, daldi séddoo ay
yéreem, tegoo ko ay bant,
ba xam ku nekk, looy am;
25 booba fekk yoor-yoor di
jot. 26 Mbind mi xamle
lu tax ñu rey ko nee na:
«Kii mooy buuru Yawut yi.»
27-28 Booba it ñu daajaale
ak moom ñaari taskati réew
mi, kenn ci ndijooram, ki ci
des ci càmmoñam.
29 Ña fa doon romb di
ko xas, di wëcc seen bopp
ndax sib ko, naan: «Waaw
kay, yaw mi bëgga toj kër
Yàlla gi, tabaxaat ko ci ñetti
fan, 30 wàccal ci bant bi te
musal sa bopp!» 31 Noonu
it sarxalkat yu mag yi ak
xutbakat yi di ko ñaawal ci
seen biir naan: «Kii musal
na ñeneen waaye manula
musal boppam. 32 Almasi
bii, di buuru Israyil, na wàcc
léegi ci bant bi, nu gis ko
te gëm.» Ñi ñu daajaale ak
moom it di ko xarab.

*Yeesu saay na*

33 Li tàmbalee digg
bëccëg, ba ci tisbaar, réew
mépp lëndëm. 34 Ci tisbaar
nag Yeesu wootee kàddu gu
dëgër naan: «Elowi, Elowi,
lema sabaktani?» liy tekki:
«Sama Yàlla, sama Yàlla, lu
tax nga dëddu ma?» 35 Ñenn
ci ña fa taxaw nag, bi ñu
ko déggee, ñu ne: «Mu ngi
woo yonent Yàlla Ilyaas.»
36 Noonu kenn daw, jël aw
sagar, capp ko ci bineegar,
mu teg ko ci bant, jox ko
ko, mu muucu. Mu ne:
«Bàyyileen, nu seet, ba xam
Ilyaas dina ñëw, wàcce ko.»
37 Noonu Yeesu wootewaat
ak kàddu gu dëgër, delloo
ruuwam Yàlla.
38 Bi mu ko defee ridob
bérab bu sell ba ca kër Yàlla
ga xar ñaar, li dale ci kaw ba
ci suuf. 39 Njiitu xare nag, bi
taxawoon ci kanam Yeesu, bi
mu gisee ni Yeesu deeye, mu
ne: «Ci dëgg, nit kii Doomu
Yàlla la!»
40 Amoon na fa nag ay
jigéen, ñu leen dànd, di
xool. Xàmmi nañu ci:
Maryaama mi dëkk Mag-
dala, Maryaama yaayu Saag
mu ndaw ak Yuusufa, ak
Salome. 41 Bi Yeesu nek-
kee Galile, jigéen ñooñu ñoo
ko doon topp, di ko topp-
too. Amoon na fa it yeneen
jigéen yu bare yu àndoon ak
moom, ba ñëw Yerusalem.

*Rob nañu Yeesu*

42 Booba nag bésu Waajal
la woon, maanaam bés bu
jiitu bésub noflaay bi. Ca
ngoon sa nag, 43 Yuusufa mi
dëkk Arimate takk aw fitam,
dem Pilaat, laaj ko néewu
Yeesu. Yuusufa moomu nag,
ku siiw la woon ci kureelu
àttekat yi, te doon séentu
moom itam nguuru Yàlla.
44 Bi Pilaat déggee ne, Yeesu
faatu na xaat, mu waaru.
Mu woolu nag njiit li, laaj ko,
ndax yàgg na faatu. 45 Bi
ko ko njiit li dëggalee, Pilaat
jox néew bi Yuusufa.
46 Noonu Yuusufa jënd
càngaay, wàcce néew bi,
laxas ko ci, dugal ko cib
bàmmeel bu ñu yett ci xeer.
Bi mu ko defee mu béraŋ aw

doj, ube ko buntu bàmmeel
bi. 47 Maryaamam Magdala
nag ak Maryaama yaayu Yu-
usufa xool fu mu ko denc.

# 16

*Yeesu Kirist dekki na*

1 Bi bésub noflaay bi
wéyee, Maryaamam Mag-
dala, Maryaama yaayu Saag,
ak Salome, jënd cuuraay,
ngir dem xeeñal néewu
Yeesu. 2 Kon bés bu jëkk ci
ayu-bés gi, ñu njëlu dem ca
bàmmeel ba, 3-4 di laajante:
«Ku nuy béraŋal doj, wiy ub
bàmmeel bi?» Doj woowu
nag bu réya réy la woon.

Noonu ñu xool, gis ne
doj wa deñ. 5 Ñu dugg
ci bàmmeel bi, gis ca ndi-
joor waxambaane wu sol
mbubb mu weex, ñu daldi
tiit. 6 Mu ne leen: «Buleen
tiit. Yéena ngi seet Yeesum
Nasaret, mi ñu daajoon ci
bant bi. Nekkatu fi, dekki
na; gisleen fi ñu ko tëraloon.
7 Kon nag demleen, ne Piyeer
ak taalibe ya: “Mi ngi leen
di jiitu Galile. Foofa ngeen
koy gise, ni mu leen ko waxe
woon.”»

8 Noonu jigéen ñi génn,
dawe bàmmeel ba, tiit bay
lox. Te waxuñu kenn dara
ndax seen tiit.

9 Bi Yeesu dekkee nag
ci suba teel ca bés bu
jëkk ca ayu-bés ga, mu
jëkka feeñu Maryaama mu
dëkk Magdala, mi mu dàqe
woon juróom ñaari rab.
10 Maryaama nag dem net-
tali ko ñi àndoon ak Yeesu,
fekk ñuy naqarlu, di jooy.
11 Bi ñu déggee ne, Yeesoo
ngi dund te Maryaama gis na
ko, gëmuñu ko.

12 Gannaaw loolu Yeesu
feeñu ñaar ci ñoom ci je-
neen jëmm, ñuy jaar ci yoon
wi, jëm àll ba. 13 Ñu
waññiku nag, wax ko ña ca
des, waaye ba tey gëmuñu
leen ñoom it.

14 Gannaaw ga it Yeesu
feeñu fukki taalibe yi ak
benn, bi ñuy lekk. Mu yedd
leen ndax seen ngëmadi ak
seen dëgër bopp, ci li ñu
baña gëm ñi ko gisoon, bi
mu dekkee.

15 Mu ne leen: «Dem-
leen ci àddina sépp, yégal
xibaaru jàmm bi mbindeef
yépp. 16 Ku gëm te ñu
sóob ko ci ndox, dina mucc;
ku gëmul, dees na ko daan.
17 Ñi ma gëm dinañu ànd ak
firnde yii: ci sama tur di-
nañu dàq rab yi, di wax làkk
yu bees, 18 di jàpp jaan ak
seeni loxo; te bu ñu naanee
lu ñu tooke, du leen wàññi
dara, te jarag ju ñu teg loxo,
mu wér.»

19 Gannaaw bi Boroom bi
Yeesu waxee ak ñoom, mu
yékkatiku, dem asamaan,
toog ci ndijooru Yàlla.
20 Taalibe ya dem waareji,
te loxob Boroom bi ànd ak
ñoom, di dëggal kàddu gi
ak firnde, yi ci ànd.

# Xibaaru jàmm bi ci Almasi bi Yeesu, ni ko Yàlla jaaralee ci LUUG

*Ubbite gi*

1 Yaw Teyofil mu tedd mi,
xam nga ne, nit ñu bare
sasoo nañoo bind ab nettali
bu jëm ci mbir, yi xewoon ci
sunu biir, 2 li dëppook waxi
seede, yi ko teewe woon li
dale ca ndoorte la te ñu mujj
nekk jawriñi kàddug Yàlla.
3 Léegi nag kon man ci sama
wàll, gëstu naa ci lépp li
ko dale ca njàlbéen ga, te
fas naa la ko yéenee bindal,
nettali la ni xew-xew yooyu
deme woon tembe. 4 Noonu
dinga mana xam ne li ñu la
jàngaloon lu wér péŋŋ la.

*Jibril yégle na juddub Yaxya*

5 Ca jamonoy Erodd, mi
nekkoon buur ca réewu
Yawut ya, amoon na sarx-
alkat bu ñu tudde Sakari
te bokk ca mbootaayu sarx-
alkat, ya askanoo ci Abiya.
Soxnaam Elisabet askanoo
moom itam ci Aaróona.
6 Sakari ak soxnaam ñu
jub lañu ca kanam Yàlla,
di topp ni mu ware ndigal
yi ak dogali Boroom bi
yépp. 7 Waaye amuñu doom,
ndaxte Elisabet manula am
doom, te it fekk ñoom ñaar
ñépp ay màggat lañu.

8 Benn bés nag Sakari
doon def liggéeyu sarxaleem
ca Yàlla, ndaxte mbootaayam
a aye keroog. 9 Bi ñuy tegoo
bant, ni ko sarxalkat yi daan
defe naka-jekk, ngir xam
kan mooy dugg ca bérab bu
sell ba ca kër Yàlla ga, ngir
taal fa cuuraay, bant ba tegu
ci Sakari.

10 Ca waxtu wa ñuy taal
cuuraay la, mbooloo maa
nga woon ca biti, di ñaan.
11 Noonu benn malaakam
Boroom bi daldi feeñu
Sakari, taxaw ca féeteek
ndijooru sarxalukaay, ba
ñuy taal cuuraay ca kawam.
12 Naka la ko Sakari gis,
fitam daldi dem, mu tiit.
13 Waaye malaaka ma ne
ko: «Bul ragal dara Sakari,
ndaxte sa ñaan nangu na.
Elisabet sa soxna dina la
jural doom, te dinga ko
tudde Yaxya. 14 Sa mbég lay
doon, sa xol sedd ci, te ñu
bare dinañu bég ci juddoom,
15 ndaxte dina nekk ku
màgg ca kanam Yàlla. Du
naan biiñ walla dara luy
màndil, te bu juddoo, Xel
mu Sell mi daldi ko solu.
16 Dina delloosi niti Israyil yu
bare ci Yàlla seen Boroom.
17 Mooy jiitu, di yégle ñëwug
Boroom bi, ànd ak xel mi ak
doole, ji yonent Yàlla Ilyaas
amoon, ngir jubale xoli baay
yi ak doom yi, ngir delloo
ñi déggadi ci maanduteg
ñi jub. Noonu dina waajal
mbooloo muy teeru Boroom
bi.»

18 Sakari daldi ne malaaka
ma: «Nan laay xame ne
loolu dëgg la? Ndaxte mag
laa, te sama soxna it màggat
na.» 19 Malaaka ma ne ko:

«Man maay Jibril miy taxaw
ci kanam Yàlla. Dañu maa
yónni ngir ma wax ak yaw
te yégal la xibaaru jàmm
boobu. 20 Léegi nag gan-
naaw gëmuloo li ma wax,
dinga luu te dootuloo mana
wax, ba kera sama wax di
am, bu jamonoom jotee.»

21 Fekk na booba mbooloo
maa ngi xaar, jaaxle lool ci li
Sakari yàgg ca bérab bu sell
ba. 22 Waaye bi mu génnee
nag, manula wax ak ñoom.
Noonu nit ña xam ne dafa
am lu ko feeñu ca bérab bu
sell ba. Dafa luu, ba di leen
liyaar.

23 Bi Sakari matalee
liggéeyu sarxaleem ba
noppi, mu daldi ñibbi. 24 Bi
mbir yooyu weesoo, Elisabet
soxnaam ëmb, di ko nëbb
lu mat juróomi weer 25 te
naan: «Lii mooy yiw wi ma
Boroom bi defal, ba fajal ma
li doon sama gàcce ci nit ñi!»

### *Jibril yégle na juddub Yeesu*

26 Bi Elisabet nekkee ci
juróom benni weeram, Yàlla
yónni na malaakaam Jibril
ca dëkku Nasaret ca dii-
waanu Galile. 27 Mu yebal ko
ca janq bu ñu may waa ju
bokk ci askanu Daawuda te
ñu koy wax Yuusufa, waaye
àndaguñu. Janq baa ngi
tudd Maryaama. 28 Malaaka
ma dikk ca moom ne ko:
«Jàmm nga am, yaw mi Bo-
room bi defal aw yiw; mu
ngi ak yaw.»

29 Waxi malaaka ma daldi
jaaxal Maryaama, muy
xalaat lu nuyoo boobu mana
tekki. 30 Malaaka ma ne ko:
«Bul ragal dara Maryaama,
ndaxte Yàlla tànn na la ci
yiwam. 31 Dinga ëmb, jur
doom ju góor; nanga ko
tudde Yeesu. 32 Ku màgg
lay nekki, te dinañu ko
wooye Doomu Aji Kawe
ji. Boroom bi Yàlla dina
ko jébbal nguuru Daawuda
maamam. 33 Noonu dina
yilif askanu Yanqóoba ba
fàww, te nguuram du am
àpp.»

34 Maryaama laaj malaaka
ma ne ko: «Naka la loolu
mana ame? Man de, janq
laa ba tey.» 35 Malaaka
ma ne ko: «Xel mu Sell
mi dina wàcc ci yaw, te
Aji Kawe ji dina la yiir ci
kàttanam. Moo tax xale
biy juddu dinañu ko wooye
Ku sell ki, Doomu Yàlla ji.
36 Elisabet sa mbokk mi it
dina am doom ju góor cig
màggatam. Ki ñu doon
wooye ku manula am doom,
mu ngi ci juróom benni
weeram. 37 Ndaxte dara
tëwul Yàlla.» 38 Maryaama
ne ko: «Jaamub Boroom bi
laa. Na Yàlla def ci man li
nga wax.»

Ci noonu malaaka ma
daldi dem.

### *Maryaama seeti na Elisabet*

39 Ci jamono jooju
Maryaama jóg, gaawantu
dem ci benn dëkk bu
nekkoon ca tund ya ca
diiwaanu Yude. 40 Mu
dugg ca kër Sakari, daldi
nuyu Elisabet. 41 Naka la
Elisabet dégg Maryaama
di nuyoo, doomam daldi
yëngatu ci biiram. Noonu

Xelum Yàlla mu Sell mi daldi
solu Elisabet. 42 Elisabet wax
ca kaw ne: «Barkeel nañu
la ci jigéen ñi, barkeel doom
ji nga ëmb! 43 Man maay
kan, ba ndeyu sama Boroom
ñëw di ma seetsi? 44 Maa
ngi lay wax ne naka laa la
dégg ngay nuyoo rekk, sama
doom ji yëngu ci sama biir
ndax mbég. 45 Barke ñeel
na la, yaw mi gëm ne li la
Boroom bi yégal dina mat!»

*Maryaama woy na mbaaxu Yàlla*

46 Noonu Maryaama daldi
ne:

47 «Sama xol a ngi màggal
Boroom bi,
sama xel di bég ci Yàlla sama
Musalkat,
48 ndaxte fàttaliku na ma,
man jaamam bu woyof bi.
Gannaaw-si-tey, niti jamono
yépp dinañu ma
wooye ki ñu barkeel,
49 ndaxte Ku Màgg ki defal
na ma lu réy.
Turam dafa sell.
50 Day wàcce yërmandeem
ci ñi ko ragal,
ci seeni sët ba ci seeni
sëtaat.
51 Wone na jëf yu mag ci
dooley loxoom,
te tas mbooloom ñiy réy-
réylu,
52 daaneel boroom doole yi
ci seen nguur,
yékkati baadoolo yi.
53 Ñi xiif, reggal na leen ak
ñam wu neex,
te dàq boroom alal yi, ñu
daw ak loxoy neen.
54 Wallu na bànni Israyil giy
jaamam,
di fàttaliku yërmandeem,
55 ni mu ko dige woon sunuy
maam,
jëmale ko ci Ibraayma ak
askanam ba fàww.»

56 Noonu Maryaama toog
fa Elisabet lu wara tollook
ñetti weer, sooga ñibbi.

*Juddub Yaxya*

57 Gannaaw loolu jamono
ji Elisabet wara mucc agsi,
mu daldi jur doom ju
góor. 58 Dëkkandoom yi ak
bokkam yi yég ne, Boroom
bi won na ko yërmande ju
réy, ñu ànd ak moom bég.
59 Bi bés ba délsee, ñu
ñëw xarafalsi xale ba, bëgg
koo dippee baayam Sakari.
60 Waaye yaayam ne leen:
«Déedéet, Yaxya lay tudd.»
61 Ñu ne ko: «Amoo menn
mbokk mu tudd noonu.»
62 Ñu daldi liyaar baayam,
ngir xam nan la bëgg ñu
tudde xale ba. 63 Sakari laaj
àlluwa, bind ci ne: «Yaxya
la tudd.» Ñépp daldi waaru.
64 Ca saa sa Yàlla dindi luu
gi, Sakari daldi waxaat, di
màggal Yàlla. 65 Waa dëkk
ba bépp jaaxle, xew-xew
yooyu siiw ca tundi Yude
yépp. 66 Ñi dégg nettali,
bi jëm ci mbir yooyu, dañu
koo denc ci seen xol te naan:
«Nu xale bii di mujje nag?»
Ndaxte leeroon na ne doo-
ley Boroom baa ngi ànd ak
moom.

*Sakari sant na Yàlla*

67 Sakari baayu Yaxya
daldi fees ak Xel mu Sell mi.
Noonu mu wax ci kàddug
Yàlla ne:

68 «Cant ñeel na Boroom bi,
Yàllay Israyil,

ndaxte wallusi na mbooloom,
ba jot leen!
69 Feeñal na nu Musalkat bu am doole,
bi soqikoo ci askanu Daawuda jaamam,
70 ni mu yéglee woon bu yàgg jaarale ko ci yonentam yu sell yi.
71 Dina nu musal ci sunuy noon,
jële nu ci sunu loxoy bañaale.
72 Yàlla wone na yërmandeem, ji mu digoon sunuy maam,
te di fàttaliku kóllëre, gi mu fas ak ñoom,
73 di ngiñ, li mu giñaloon sunu maam Ibraayma naan,
74 dina nu teqale ak sunuy noon,
ngir nu man koo jaamu ci jàmm,
75 nu sell te jub ci kanamam sunu giiru dund.

76 Yaw nag doom, dinañu lay wooye yonentu Aji Kawe ji,
ndaxte dinga jiitu, di yégle ñëwug Boroom bi, di ko xàllal yoon wi.
77 Dinga xamal mbooloom ni leen Boroom bi mana musale,
jaare ko ci seen mbaalug bàkkaar,
78 ndaxte Yàlla sunu Boroom fees na ak yërmande,
ba tax muy wàcce ci nun jant buy fenk,
79 ngir leeral ñi toog ci lëndëm,
takkandeeru dee tiim leen,
ngir jiite nu ci yoonu jàmm.»

80 Noonu Yaxyaa ngi doon màgg, te xelam di ubbiku. Mu dëkk ca màndiŋ ma, ba bés ba muy feeñu bànni Israyil.

# 2

*Yeesu juddu na ca Betleyem*

1 Ca jamono jooja buur
bu mag bu ñuy wax Ogust
joxe ndigal ne, na ñépp
binduji. 2 Mbindu mooma,
di mu jëkk ma, daje na ak
jamono, ja Kiriñus nekke bo-
room réewu Siri. 3 Noonu
ku nekk dem binduji ca sa
dëkku cosaan. 4 Yuusufa
nag daldi jóge Nasaret ca
diiwaanu Galile, jëm ca di-
iwaanu Yude ca Betleyem,
dëkk ba Daawuda cosaanoo,
ndaxte ci askanu Daawuda
la bokk. 5 Mu dem binduji,
ànd ak Maryaama soxnaam,
fekk booba Maryaama ëmb.
6 Bi ñu nekkee Betleyem,
waxtu wa mu waree mucc
agsi. 7 Mu taawloo doom ju
góor, mu laxas ko ci ay lay-
taay, tëral ko ca lekkukaayu
jur ga, ndaxte xajuñu woon
ca dalukaay ba.

*Malaaka feeñu na ay sàmm*

8 Fekk booba amoon na
ca gox ba ay sàmm yu
daan fanaan ca tool ya,
di wottu jur ga. 9 Noonu
benn malaakam Boroom bi
feeñu leen, ndamu Boroom
bi daldi leer, melax, wër
leen. Tiitaange ju réy jàpp
leen. 10 Waaye malaaka mi
ne leen: «Buleen tiit, ndaxte
dama leen di xamal xibaaru

jàmm buy indi mbég mu
réy ci nit ñépp. 11 Tey
jii ca dëkku Daawuda, ab
Musalkat juddul na leen
fa, te mooy Almasi bi, di
Boroom bi. 12 Ci firnde
jii ngeen koy xàmmee:
dingeen gis liir bu ñu laxas
ci ay laytaay, tëral ko ci
lekkukaayu jur.»

13 Bi mu waxee loolu,
yeneen malaaka yu bare
yu jóge asamaan, ànd ak
moom, di sant Yàlla naan:

14 «Nañu màggal Yàlla ca
asamaan su kawe sa,
te ci àddina, na jàmm wàcc
ci nit, ñi mu nangu
ndax yiwam!»

15 Bi malaaka ya delloo ca
asamaan, sàmm yi di wax-
ante naan: «Nanu dem boog
Betleyem, seeti la fa xew, li
nu Boroom bi xamal.»

16 Ñu daldi gaawantu dem,
gis Maryaama ak Yuusufa,
ak liir, ba ñu tëral ca
lekkukaayu jur ga. 17 Bi
ñu leen gisee, ñu nettali la
ñu leen waxoon ca mbirum
xale ba. 18 Ñi dégg li
sàmm yi doon wax ñépp
daldi waaru lool. 19 Waaye
Maryaama moom, takkoon
na mbir yooyu yépp, di ko
xalaat ci xolam. 20 Noonu
sàmm ya dellu ca seen jur,
di màggal Yàlla, di ko sant
ci li ñu déggoon lépp te gis
ko, ndaxte lépp am na, ni ko
Boroom bi waxe woon.

### *Yóbbu nañu Yeesu ca kër Yàlla ga ca Yerusalem*

21 Bi bés ba délsee ja-
monoy xarafal xale ba agsi.
Ñu tudde ko Yeesu, ni ko
malaaka ma diglee woon,
laata ko yaayam di ëmb.

22 Noonu jamono ji ñu
leen waroona sellale* agsi,
ni ko yoonu Musaa tërale.
Waajuri Yeesu yi daldi koy
yóbbu ca dëkku Yerusalem,
ngir sédde ko Boroom bi.
23 Ndaxte bind nañu ci
yoonu Boroom bi ne: «Bépp
taaw bu góor, nañu ko
sédde Boroom bi.» 24 Bi ñu
ko yóbboo, def nañu itam
sarax, ni ko yoonu Boroom
bi santaanee: «ñaari pitaxu
àll walla ñaari xati yu
ndaw.»

25 Amoon na ca Yerusalem
nit ku tudd Simeyon. Nit
ku fonkoon yoonu Yàlla la
te déggal ko, doon séentu
jamono, ji Yàlla wara dëfal
bànni Israyil. Xel mu Sell
mi mu ngi ci moom, 26 te
xamal na ko ne du dee mukk
te gisul Almasib Boroom bi.
27 Noonu Xelum Yàlla daldi
yóbbu Simeyon ba ca kër
Yàlla ga. Bi waajuri Yeesu
indee xale ba, ngir sédde ko
Yàlla, ni ko yoon wi santaa-
nee, 28 Simeyon jël xale bi,
leewu ko, daldi sant Yàlla ne:

29 «Boroom bi, nanga yiwi sa
jaam,
mu noppaluji ci jàmm, ni
nga ko waxe.
30 Ndaxte sama bët tegu na
ci mucc gi nga lal,
31 xeet yépp seede ko.
32 Muy leer giy leeral xeet yi,

* **2:22** sellale: yaayu liir ba dina toog ab àpp. Gannaaw loolu dinañu ko sellal ci rendil ko sarax. Noonu dina set.

di ndamu Israyil say gaa.»
33 Waajuri Yeesu yi waaru
ci li ñu doon wax ci xale
bi. 34 Noonu Simeyon
ñaanal leen, ba noppi ne
Maryaama: «Xale bii Yàllaa
ko yónni, ngir ñu bare ci
Israyil daanu te yékkatiku.
Def na ko it muy firnde ju
ñuy weddi, 35 ba naqar dina
xar sa xol ni jaasi. Noonu
xalaati ñu bare feeñ.»
36 Amoon na it ca
Yerusalem yonent bu ñuy
wax Aana. Doomu Fanuwel
mi askanoo ci Aser la woon,
te Aana màggatoon na
lool. Bi mu séyee, dëkk
na juróom ñaari at ak
jëkkëram. 37 Jëkkër ja
gaañu, te séyaatul. Léegi
amoon na juróom ñett fukki
at ak ñeent. Mi ngi dëkke
woona jaamu Yàlla guddi ak
bëccëg ca kër Yàlla ga, di
ñaan ak di woor. 38 Aana
yem ca waxi Simeyon ya,
daldi gërëm Yàlla tey yégal
mbiri liir ba ñépp ñi doon
séentu jamono, ji Yàlla wara
jot Yerusalem.
39 Bi waajuri Yeesu yi
matalee seen warugar ci
lépp lu yoonu Boroom bi
santaane woon, ñu dellu
seen dëkku Nasaret ca dii-
waanu Galile. 40 Xale baa
nga doon màgg, di dëgër,
mu fees ak xel te yiwu Yàlla
ànd ak moom.

### *Yeesu ca kër Yàlla ga*

41 At mu jot nag waajuri
Yeesu yi daan nañu dem
Yerusalem, ngir màggali
bésu Mucc ba. 42 Noonu
bi Yeesu amee fukki at ak
ñaar, ñu dem màggal ga,
ni ñu ko daan defe naka-
jekk. 43 Bi màggal ga tasee,
ñu dëpp ñibbi, waaye xale
ba Yeesu des Yerusalem,
te ay waajuram yéguñu
ko. 44 Ñu xalaat ne, Yeesu
dafa àndoon ak ñeneen,
ñi ñu bokkaloon yoon. Bi
ñu doxee bésub lëmm, ñu
tàmbali di ko seet ci seen
bokk yi ak seen xame yi.
45 Bi ñu ko gisul nag, ñu daldi
dellu Yerusalem, seeti ko.
46 Ca gannaaw ëllëg sa ñu
fekk ko ca kër Yàlla ga, mu
toog ci jànglekati Yawut yi,
di déglu ak di laajte. 47 Ñépp
ñi dégg li mu wax yéemu
ci xel, mi mu àndal, ak ni
mu doon tontoo. 48 Naka
la ko waajuram yi gis, ñu
daldi waaru. Yaayam ne ko:
«Sama doom, lu tax nga def
nu lii? Man ak sa baay nu
ngi la doon seet, jaaxle lool.»
49 Mu ne leen: «Lu tax ngeen
may seet? Xanaa xamuleen
ne damaa wara nekk ci sama
kër Baay?»
50 Waaye xamuñu li
kàddoom yi doon tekki.
51 Noonu Yeesu daldi ànd
ak ñoom, dellu Nasaret
te déggal ay waajuram.
Fekk yaayam moom takk
mbir yooyu yépp ci xolam.
52 Yeesoo ngi doon màgg ci
jëmm, tey yokku ci xam-xam
te neex Yàlla ak nit ñi.

# 3

### *Waareb Yaxya*

1 Fukkeelu at ak juróom
ci nguuru Tibeer Sesaar,

fekk Poñsë Pilaat yilif dii-
waanu Yude, Erodd yilif di-
iwaanu Galile, Filib magam
yilif diiwaanu Iture ak bu
Tarakonit, te Lisañas yilif
Abilen. 2 Te it Anas ak
Kayif nekkoon sarxalkat yu
mag ya. Ca jamono jooja la
kàddug Yàlla wàcc ci Yaxya,
doomu Sakari, ca màndiŋ
ma. 3 Yaxya daldi dugg àll,
bi wër dexu Yurdan gépp, di
waaree nii: «Tuubleen seeni
bàkkaar, ba noppi ma sóob
leen ci ndox, ngir Yàlla baal
leen seeni bàkkaar.»
4 Loolu lañu bind ci téereb
waxi yonent Yàlla Esayi
naan:

«Am na baat buy xaacu ca
màndiŋ ma ne:
“Xàll-leen yoonu Boroom bi,
jubal-leen fi muy jaar.
5 Nañu sëkk xur yi,
maasale tund yi ak jànj yi.
Yoon yi dëng ñu jubbanti
leen,
yi ñagas ñu rataxal leen.
6 Bu ko defee bépp mbindeef
dina gis mucc gi Yàlla
tëral.”»

7 Mbooloo ma daan ñëw
ngir mu sóob leen ci
ndox, Yaxya daan na leen
wax naan: «Yéen ñi fees
ak daŋar mel ni ay co!
Ku leen artu ngeen daw
merum Yàlla mi nara wàcc?
8 Jëfeleen nag ni ñu tuub
seeni bàkkaar, te baña nax
seen bopp naan: “Nun
daal doomi Ibraayma lanu,”
ndaxte maa ngi leen koy
wax, Yàlla man na defal
Ibraayma ay doom ci doj
yii. 9 Sémmiñ wi tiim na
reeni garab yi. Garab nag
gu meññul doom yu baax,
dees na ko gor, sànni ko ci
sawara si.»

10 Mbooloo ma laaj ko ne:
«Lan lanu wara def nag?»
11 Mu ne leen: «Ku am ñaari
mbubb, nga jox menn mi
ki amul. Ku am ñam itam,
nga bokk ko ak ki amul.»
12 Ay juutikat itam ñëw ca
Yaxya, ngir mu sóob leen
ci ndox; ñu ne ko: «Kilifa
gi, lu nu wara def?» 13 Mu
ne leen: «Laajleen rekk lu
jaadu.» 14 Ay xarekat laaj
nañu ko ne: «Li jëm ci nun
nag?» Mu ne leen: «Buleen
néewal doole kenn, jël xaal-
isam ci kaw ay tëkku mbaa
ci seede lu dul dëgg. Waaye
doylooleen li ñu leen di fey.»

15 Mbooloo maa ngay xaar,
di séentook a laaj ci seen xel,
ndax Yaxya mooy Almasi bi.
16 Noonu Yaxya wax leen
ñoom ñépp ne leen: «Man
maa ngi leen di sóob ci ndox.
Waaye ki ma ëpp kàttan
dina ñëw te yeyoowumaa
tekki ay dàllam. Kooku dina
leen sóob ci Xel mu Sell
mi ak sawara. 17 Layoom
mu ngi ci loxoom, ngir jéri
dàgga ja, ba mu set; pepp
ma dina ko def ca sàqam,
waaye xatax ba dina ko lakk
ci sawara su dul fey mukk.»

18 Noonu Yaxya teg ca ye-
neen dénkaane yu bare, di
yégal nit ña xibaaru jàmm
ba. 19 Waaye Yaxya yedd
na Erodd boroom diiwaanu
Galile, ndaxte dafa takkoon
Erojàdd jabaru magam, te
it boole woon na ci yeneen

ñaawteef, 20 ba faf tëj Yaxya
kaso.

*Yaxya sóob na Yeesu ci ndox*

21 Noonu Yaxya sóob
mbooloo mépp ci ndox,
sóobaale it Yeesu. Bi Yeesu
di ñaan nag, asamaan daldi
ubbiku. 22 Noonu Xel mu
Sell mi daldi wàcc ci moom,
yor jëmmu pitax, te baat bu
jóge asamaan jib ne: «Yaa
di sama Doom, ji ma bëgg;
ci yaw laa ame bànneex.»

*Cosaanu Yeesu Kirist*

23 Bi Yeesu di tàmbali
liggéeyam, amoon na lu
wara tollu ci fanweeri at, di
doomu Yuusufa ci bëti nit ñi.
Te Yuusufa mooy doomu Eli,
24 miy doomu Matat.
Matat, Lewi mooy baayam;
Lewi, Melki;
Melki, Yanayi; Yanayi, Yuusufa;
25 Yuusufa, Matacas; Amos;
Naxum; Esli; Nagayi.
26 Nagayi, Maat; Matacas; Semeyin; Yoseg; Yoda.
27 Yoda, Yowanan mooy
baayam; Yowanan,
Resa;
Resa, Sorobabel. Kooku
Salacel a ko jur; Salacel, Neri;
28 Neri, Melki; Adi; Kosam;
Elmadam; Er.
29 Er, Yeesu; Eliyeser; Yorim;
Matat; Lewi;
30 Simeyon; Yuda; Yuusufa;
Yonam; Eliyakim.
31 Eliyakim, Meleya; Meleya,
Mena;
Mena, Matata; Matata,
Natan;
Natan, Daawuda. 32 Daawuda
mooy doomu Isayi;
Isayi, Obedd; Bowas;
Salmon; Nason.
33 Nason; Aminadab; Aminadab, Admin;
Arni; Esron; Peres; Yuda;
34 Yanqóoba; Isaaxa;
Ibraayma; Teraa;
Naxor;
35 Serug; Rew; Peleg; Eber;
Sela. 36 Sela, Kaynam
mooy baayam; Kaynam, Arpagsàdd;
Arpagsàdd, Sem; Sem,
Nóoyin; Nóoyin,
Lemeg;
37 Lemeg, Matusalem; Enog,
Yeredd; Maleleel; Kaynan;
38 Enos; Set; Set doomu
Aadama;
Aadama doomu Yàlla.

# 4

*Yeesu dékku na ay nattu ci pexey Seytaane*

1 Noonu Yeesu fees ak
Xel mu Sell mi, jóge dexu
Yurdan. 2 Xelum Yàlla mi
yóbbu ko ca màndiŋ ma,
mu nekk fa ñeent fukki fan,
jànkoonte ak fiiri Seytaane.
Lekkul woon dara ci fan
yooya, te gannaaw gi mu
xiif.
3 Noonu Seytaane ne ko:
«Boo dee Doomu Yàlla, san-
tal doj wii mu nekk mburu.»
4 Yeesu ne ko: «Mbind mi
nee na: “Nit du dunde
mburu rekk.”»
5 Seytaane yóbbu na ko
fu kawe. Ci xef ak xippi
mu won ko réewi àddina
sépp, 6 ne ko: «Dinaa la
jox bépp sañ-sañu nguur
yii ak seen ndam ndaxte
jébbal nañu ma ko, te ku
ma soob laa koy jox. 7 Kon

boo ma màggalee, dinga
moom lépp.» 8 Yeesu ne ko:
«Mbind mi nee na: “Nanga
màggal Yàlla sa Boroom te
jaamu ko moom rekk.”»

9 Seytaane yóbbu na ko
Yerusalem, teg ko ca njob-
baxtalu kër Yàlla ga ne ko:
«Boo dee Doomu Yàlla, tëbal
jëm ci suuf, 10 ndaxte Mbind
mi nee na:

“Dina jox ay malaakaam ndi-
gal ci sa mbir,
ñu sàmm la,
11 dinañu la leewu ci seeni
loxo,
ngir nga baña fakktalu ciw
doj.”»

12 Yeesu ne ko: «Bind nañu
ne: “Bul diiŋat Yàlla, sa
Boroom.”»
13 Bi mu ko lalalee fiiram
yi mu am yépp, Seytaane
daldi sore Yeesu, di xaar ye-
neen jamono.

### *Yeesu ci dëkku Nasaret*

14 Yeesu dellu diiwaanu
Galile, fees ak dooley Xelum
Yàlla, te turam siiw ca dii-
waan booba bépp. 15 Muy
jàngle ca seeni jàngu, te
ñépp di ko tagg.

16 Yeesu dem Nasaret fa
mu yaroo, te ca bésub
noflaay ba, mu dugg ca
jàngu ba, ni mu ko daan
defe. Noonu mu taxaw ngir
jàngal mbooloo mi. 17 Ñu
jox ko téereb yonent Yàlla
Esayi. Bi mu ko ubbee, mu
gis bérab, ba ñu bind aaya
yii:

18 «Xelum Boroom baa ngi ci
man,
ndaxte moo ma tànn,
ngir ma yégal néew doole yi
xibaaru jàmm bi.
Dafa maa yónni, ngir ma
yégal jaam ñi ne di-
nañu leen goreel,
yégal gumba yi ne dinañu
gis,
te jot ñi ñu not,
19 tey yégle atum yiw, mi
jóge ci Boroom bi.»

20 Bi mu jàngee aaya
yooyu ba noppi, mu ub téere
bi, delloo ko ki koy denc,
toog. Ñépp ña nekkoon
ca jàngu ba dékk koy bët.
21 Noonu mu daldi ne: «Tey
jii, loolu Mbind mi wax mat
na, bi ngeen koy déglu.»
22 Ñépp di seede lu rafet
ci Yeesu, di waaru ci wax
ju neex, ji mu doon yégle,
ñu naan: «Ndax kii du
doomu Yuusufa?» 23 Mu
daldi leen ne: «Xam naa ne
dingeen ma ne: “Fajkat bi,
fajal sa bopp. Yég nanu li
xew Kapernawum, defal lu
ni mel fii ci réew mi nga
dëkk.”» 24 Mu tegaat ca ne:
«Ci dëgg maa ngi leen koy
wax, ab yonent kenn du ko
teral ca réewam. 25 Ci dëgg
maa ngi leen koy wax, ca
jamonoy Ilyaas, bi mu tawul
lu mat ñetti at ak genn-
wàll, te xiif bu metti am ca
réew mépp, amoon na ca Is-
rayil jigéen yu bare yu seen
jëkkër faatu. 26 Moona Yàlla
yónniwul Ilyaas ci kenn ci
ñoom, waaye mu yebal ko
ci jigéen ju jëkkëram faatu,
ju dëkk Sarebta, ca wetu
Sidon. 27 Te it amoon na ca
Israyil, ca jamonoy yonent
Yàlla Alyaasa, ay nit ñu bare
ñu gaana. Waaye fajul ci

kenn ku dul Naamaan, mi
dëkkoon réewu Siri.»
28 Bi ñu déggee wax
yooya, ñépp ña nekkoon
ca jàngu ba daldi fees ak
mer. 29 Noonu ñu jóg, génne
ko dëkk ba, yóbbu ko ca
mbartalum tund, wa ñu sanc
seen dëkk, ngir bëmëx ko
ci suuf. 30 Waaye moom
mu jaar ci seen biir, dem
yoonam.

*Yeesu faj na nit ku am rab*

31 Gannaaw loolu Yeesu
dem Kapernawum, ab dëkk
ca diiwaanu Galile. 32 Mu
jàngal leen ca bésub noflaay
ba, ñu waaru ca njàngleem,
ndaxte dafa wax ak sañ-sañ.
33 Noonu am na ci jàngu
bi nit ku rab jàpp. Mu
daldi xaacu ne: 34 «Moo!
Yaw Yeesum Nasaret, loo
nuy fexeel? Ndax dangaa
ñëw ngir alag nu? Xam naa
la, yaa di Aji Sell ji jóge
ci Yàlla!» 35 Waaye Yeesu
gëdd ko naan: «Noppil te
génn ci moom!» Noonu rab
wi daaneel nit ki ci suuf ci
kanam ñépp, daldi génn ci
moom te gaañu ko.
36 Bi loolu amee ñépp
waaru, ñuy waxante ci seen
biir naan: «Céy jii wax! Ci
sañ-sañ ak doole lay sant rab
yi, ñu daldi génn.» 37 Noonu
turam siiw ca diiwaan bépp.

*Yeesu faj na jarag yu bare*

38 Bi mu jógee ci jàngu bi,
Yeesu dafa dem kër Simoŋ.
Gorob Simoŋ bu jigéen dafa
feebar, ba yaram wi tàng
lool. Ñu ñaan Yeesu, mu
dimbali leen ci. 39 Mu ran-
dusi, tiim ko, gëdd tàngoor
wi, mu dem. Noonu tàngoor
wi wàcc, soxna si jóg ca saa
sa, di leen topptoo.
40 Bi jant sowee, ñu indil
Yeesu ñi wopp ñépp ak ay
jàngoro yu wuute. Kenn ku
nekk mu teg la loxo, wéral
la. 41 Te it ay rab di génn
ca nit ña te di yuuxu naan:
«Yaay Doomu Yàlla!» Noonu
mu gëdd leen, te mayu leen,
ñu wax dara, ndaxte xam
nañu ne mooy Almasi bi.
42 Ca njël gu jëkk Yeesu
génn, dem ca bérab bu
wéet. Mbooloo ma di ko
seet. Bi ñu ko gisee, ñu koy
wuta téye, ngir bañ mu dem.
43 Mu ne leen: «Damaa wara
dem ci yeneen dëkk yi, ngir
yégle xibaaru jàmm bi ci
nguuru Yàlla, ndaxte looloo
tax ñu yónni ma.» 44 Noonu
mu dem di waare ca jàngu
ya ca réewu Yawut ya.

## 5

*Yeesu woo na ay taalibe*

1 Benn bés Yeesu taxaw
ca tefesu dexu Senesaret.
Mbooloo ma wër ko, di bu-
uxante ngir déglu kàddug
Yàlla. 2 Noonu mu gis ñaari
gaal yu teer ca tefes ga,
nappkat ya ca wàcce, di
raxas seeni mbaal. 3 Mu
dugg ci genn gaal, fekk muy
gu Simoŋ, mu ne ko, mu
joow ba sore tuuti. Noonu
Yeesu toog ca gaal ga, di
jàngal mbooloo ma.
4 Bi mu jànglee ba noppi,
mu ne Simoŋ: «Joowal gaal
gi, ba fa ndox ma gëna
xóote, ngeen sànni fa seeni
mbaal ngir napp.» 5 Simoŋ

ne ko: «Kilifa gi, coono
lanu fanaane biig te jàppunu
dara. Waaye nag dinaa ko
sànni ci sa ndigal.»
6 Naka lañu sànni mbaal
yi, jàpp jën yu bare, ba
mbaal yay tàmbalee xëtt.
7 Noonu ñu daldi liyaar
seen àndandoo, yi nekk ca
geneen gaal ga, ngir ñu ñëw
dimbali leen. Ñooñu agsi,
ñu feesal ñaari gaal yi, ba
ñuy bëgga suux. 8 Naka
la Simoŋ Piyeer gis loolu,
daldi sukk ci kanam Yeesu
ne ko: «Sore ma Boroom
bi, ndaxte nitu bàkkaar
laa!» 9 Wax na loolu nag,
ndax jën yu bare ya ñu
mbaaloon daf koo jaaxal,
moom ak ña mu àndaloon
10 ak ña mu bokkaloon
liggéey ba, maanaam ñaari
doomi Sebede yi di Saag ak
Yowaana. Yeesu ne Simoŋ:
«Bul ragal dara; gannaaw-si-
tey, ay nit ngay mbaal jëme
ci man.» 11 Noonu ñu teer ca
tefes ga, bàyyi lépp, di topp
ci moom.

### *Yeesu faj na ku gaana*

12 Ni Yeesu nekke woon
ci ab dëkk, am fa ku gaana
ba daj. Bi mu gisee Yeesu,
mu daldi dëpp jëëm ci
suuf, ñaan ko: «Sang bi,
soo ko bëggee, man nga
maa wéral.» 13 Yeesu tàllal
loxoom, laal ko naan: «Bëgg
naa ko, wéral.» Ca saa
sa ngaanaam daldi deñ.
14 Yeesu sant ko ne: «Bu
ko wax kenn, waaye demal
won sa bopp sarxalkat bi,
te nga jébbal Yàlla sarax
si yoonu Musaa santaane,
ngir ñu xam ne wér nga, te
mu nekk seede ci ñoom.»
15 Noonu turu Yeesu di gëna
siiw. Mbooloo mu bare di
ñëw ci moom, ngir déglu
ko te mu faj seeni jàngoro.
16 Waaye Yeesu moom di
beddeeku ci bérab yu wéet
ya, di ñaan.

### *Yeesu faj na ku làggi*

17 Am na bés Yeesu doon
jàngle. Amoon na ca
mbooloo, ma teewoon, ñu
bokkoon ca Farisen ya ak
ay xutbakat yu jóge ca
dëkk yépp, ya ca Galile ak
ya ca Yude ak Yerusalem.
Yeesu àndoon na ak dooley
Boroom bi, ba muy faj ay
jarag.
18 Noonu ay nit ñëw,
jàppoo basaŋ, ga ñu tëral
nit ku yaram wépp làggi.
Ñu di ko wuta dugal ca kër
ga, ngir indi ko ca Yeesu.
19 Waaye gisuñu fu ñu koy
awale ndax mbooloo ma.
Ñu daldi yéeg ca kaw kër
ga nag, xeddi tiwiil ya, yoor
waa ja ak basaŋ ga, wàcce
ko ca kanam Yeesu ca biir
mbooloo ma. 20 Bi Yeesu
gisee seen ngëm, mu ne
làggi ba: «Sama waay, baal
nañu la say bàkkaar.»
21 Xutbakat yi ak Farisen
yi di werante ci seen xel
naan: «Kii mooy kan bay
sosal Yàlla? Ana ku mana
baale bàkkaar yi, ku dul
Yàlla doŋŋ?»
22 Waaye Yeesu xam seen
xalaat, ne leen: «Lu tax
ngeen di werante ci seen
xel? 23 Ma wax ne: “Baal
nañu la say bàkkaar,” walla
ma ne: “Jógal te dox,” lan

moo ci gëna yomb? 24 Waaye xamleen ne, Doomu nit ki am na ci àddina sañ-sañu baale bàkkaar yi.» Ci kaw loolu Yeesu ne ku làggi ba: «Maa ngi la koy sant, jógal, jël sa basaŋ te nga ñibbi.» 25 Nit ka jóg ca saa sa ci kanam ñépp, jël basaŋ, ga ñu ko tëraloon, ñibbi tey màggal Yàlla. 26 Mbooloo mépp waaru, di màggal Yàlla. Ñu ragal tey wax naan: «Gis nanu tey ay mbir yu ëpp xel.»

*Yeesu woo na Lewi*

27 Gannaaw loolu Yeesu génn, gis ab juutikat bu tudd Lewi, mu toog ca juuti ba. Mu ne ko: «Kaay topp ci man.» 28 Lewi jóg, bàyyi lépp, daldi ko topp. 29 Noonu Lewi togglu ay ñam yu bare ci këram, ngir teral Yeesu. Juutikat yu bare ak yeneen gan ñu nga fa woon, di lekkandoo ak ñoom. 30 Farisen yi ak seeni xutbakat di xultu taalibey Yeesu yi ne leen: «Lu tax ngeen di lekkandoo ak di naanandoo ak ay juutikat ak ay boroom bàkkaar?» 31 Yeesu ne leen: «Ñi wér soxlawuñu fajkat, ñi wéradi ñoo ko soxla. 32 Ñëwuma ngir woo ñi jub, waaye ngir woo bàkkaarkat yi, ñu tuub seeni bàkkaar.»

*Yeesu xamle na lu tax ay taalibeem soxlawuñoo woor*

33 Noonu ñu ne Yeesu: «Taalibey Yaxya yi ak yu Farisen yi dinañu faral di woor ak di ñaan ci Yàlla, waaye say taalibe ñu ngiy lekk ak di naan.» 34 Yeesu ne leen: «Ndax man ngeena woorloo gan, yi ñëw cig céet, li feek boroom céet gaa ngi ànd ak ñoom? 35 Waaye bés yaa ngi ñëw, yu ñuy jële boroom céet gi ci seen biir. Bés yooyu nag, dinañu woor.»

36 Te it Yeesu wax leen léeb wii: «Kenn du jël mbubb mu bees, xotti ci sekkit, daaxe ko mbubb mu màggat. Lu ko moy, dina xotti mbubb mu bees mi, te sekkit, wi mu ci jële, du ànd ak mbubb mu màggat mi. 37 Te kenn du def biiñ bu bees ci mbuusi der yu màggat. Lu ko moy, biiñ bu bees bi day toj mbuus yi, biiñ bi tuuru, mbuus yi yàqu. 38 Waaye dañoo wara def biiñ bu bees ci mbuus yu bees. 39 Ku naan biiñ bu màggat du bëgg bu bees bi, ndax day wax ne: “Bu màggat bi baax na.”»

# 6

*Yeesu nee na, mooy boroom bésub noflaay bi*

1 Amoon na benn bésub noflaay Yeesu di dem, jaar ci ay tool yu ñor. Taalibeem ya di fàq ay cëgg, di leen boxom ci seeni loxo tey lekk. 2 Am ay Farisen yu ne: «Lu tax ngeen di def lu jaaduwul ci bésub noflaay bi?» 3 Yeesu ne leen: «Ndax jànguleen la Daawuda defoon, ba mu xiifee, moom ak ña mu àndaloon? 4 Xanaa yéguleen, ni mu dugge woon ca kër Yàlla ga, jël mburu, ya ñu teewal ca kanam Yàlla, lekk ca, jox

ca ña mu àndaloon? Fekk jaaduwul kenn lekk ko, ku dul sarxalkat.» 5 Yeesu dellu ne leen: «Doomu nit ki mooy boroom bésub noflaay bi.»

### *Yeesu faj na nit ku loxoom làggi*

6 Beneen bésub noflaay, Yeesu dugg ci jàngu bi, di fa jàngle. Amoon na fa nit ku loxol ndijooram làggi.
7 Xutbakat yi ak Farisen yi ñu ngi ko doon xool, ba xam ndax dina ko faj ci bésub noflaay bi, ngir ñu am lu ñu ko tuumaale. 8 Waaye Yeesu xam seen xalaat, daldi ne ku loxoom làggi: «Jógal taxaw ci kanam ñépp.» Nit ka daldi jóg taxaw. 9 Yeesu ne leen: «Ma laaj leen, lan moo jaadu, nu def ko bésub noflaay bi, lu baax mbaa lu bon; nu musal nit mbaa nu lor nit?» 10 Ci kaw loolu mu xool leen ñoom ñépp, ba noppi ne nit ka: «Tàllalal sa loxo.» Mu tàllal ko, loxoom daldi wér péŋŋ. 11 Waaye nit ña mer ba fees, di rabat pexe yu jëm ca Yeesu.

### *Yeesu tànn na fukki ndaw yi ak ñaar*

12 Ca bés yooya Yeesu yéeg ca tund wa ngir ñaan, mu fanaan fa, di ñaan ci Yàlla. 13 Bi bët setee, Yeesu woo taalibeem yi, tànn ci fukk ak ñaar, tudde leen ay ndawam:

14 Simoŋ, mi Yeesu tudde Piyeer,
ak Andare, mi bokk ak Piyeer ndey ak baay;
Saag ak Yowaana,
Filib ak Bartelemi,
15 Macë ak Tomaa,
Saag doomu Alfe,
ak Simoŋ mi bokk ci mbooloo,
ma ñu tudde Ñi farlu ci moom seen réew;
16 Yudaa doomu Saag,
ak Yudaa Iskariyo, mi mujja wor.

### *Barke ak toroxte*

17 Yeesu ànd ak ndaw ya, wàcc tund ya, daldi taxaw ca joor ga, fa mbooloom taalibe mu takku nekkoon. Amoon na fa it ay nit ñu bare ñu jóge ca réewu Yawut ya mépp ak ca dëkku Yerusalem ak dëkk yi nekk ca wetu géej ga, maanaam Tir ak Sidon. 18 Dañoo ñëw ngir déglu ko, te it ngir mu faj leen. Ñi rab jàpp it faju nañu. 19 Ñépp a ngi ko doon wuta laal ndax doole jiy jóge ci moom, di faj ñépp.

20 Yeesu xool ay taalibeem, ne leen:
«Yéen ñi néew doole, barkeel ngeen,
ndaxte nguuru Yàlla, yéena ko yelloo.
21 Yéen ñi xiif léegi, barkeel ngeen,
ndax dingeen regg.
Yéen ñiy naqarlu léegi, barkeel ngeen,
ndax dingeen ree.
22 Barkeel ngeen, bu leen nit ñi bañee, di leen dàq ak a saaga, di sib seen tur ngir Doomu nit ki. 23 Bu boobaa bégleen te bànneexu, ndax seen yool dina réy ci laaxira. Ndaxte noonu la maami seeni bañ daan fitnaale yonent yi.

24 Waaye nag yéen boroom
alal yi, torox ngeen,
ndaxte jot ngeen ba noppi
seen bànneex.
25 Yéen ñiy lekk ba suur
léegi, torox ngeen,
ndax ëllëg dingeen xiif.
Yéen ñiy ree léegi, torox
ngeen,
ndax dingeen am aw naqar,
ba jooy xàcc.
26 Torox ngeen bu leen ñépp
dee waxal lu baax, ndaxte
noonu la seeni maam daan
jëfe ak ña doon mbubboo
yonent.

*Mbëggeel ci noon yi*

27 «Waaye maa ngi leen
koy wax, yéen ñi may déglu,
soppleen seeni bañaale tey
defal lu baax ñi leen bañ.
28 Yéeneleen lu baax ñi leen
di móolu, te ñaanal ñi leen
di sonal. 29 Ku la talaata cib
lex, jox ko ba ca des. Kuy
nangu sa mbubb mu mag,
bul téye sa turki. 30 Képp
ku la ñaan, may ko, te ku
nangu say yëf, bu ko ko laaj.
31 Defal-leen nit ñi li ngeen
bëgg, ñu defal leen ko.
32 «Su ngeen soppee ñi
leen sopp, ban ngërëm
ngeen ciy am? Ndaxte
bàkkaarkat yi sax sopp
nañu ñi leen sopp. 33 Te bu
ngeen defalee lu baax ñi leen
koy defal, ban ngërëm ngeen
ciy am? Bàkkaarkat yi it
dañuy def noonu. 34 Te bu
ngeen dee leble te yaakaar ci
ndelloo, ban ngërëm ngeen
ciy am? Bàkkaarkat yi it
dañuy lebal seeni moroom,
ngir ñu delloo leen ko.
35 Waaye soppleen seeni
noon, di leen defal lu baax,
tey leble, baña yaakaar ñu
delloo leen ko. Noonu seen
yool dina mag te dingeen
wone ne yéenay doomi
Aji Kawe ji, ndaxte Yàlla
day wone mbaaxam ci ñu
goreedi ñi ak ñu soxor ñi.
36 Nangeen am yërmande, ni
seen Baay ame yërmande.

*Buleen àtte*

37 «Buleen àtte seeni
moroom ak ñaaw njort, te
deesu leen àtte. Buleen
daan kenn, te deesu leen
daan. Baal-leen ñi ci
des, te dinañu leen baal.
38 Mayeleen te dinañu leen
may. Dinañu leen ëmbal
natt bu baax bu ñu rokkos
te yëngal ko, mu fees bay
tuuru. Ndaxte dees na leen
nattal ak natt, bi ngeen di
nattale.»
39 Noonu Yeesu wax na
leen beneen léeb ne leen:
«Ndax gumba man na wom-
mat moroomam? Mbaa
duñu daanu ñoom ñaar ci
kàmb? 40 Taalibe gënul kili-
faam, waaye taalibe bu jàng
ba wàcc, dina yem ak kili-
faam demin.
41 «Lu tax ngay xool ñax gi
ci sa bëtu mbokk, te gisuloo
gànj gi ci sa bët yaw? 42 Nan
nga mana waxe sa mbokk:
“Sama xarit, may ma, ma
dindil la ñax gi ci sa bët,”
yaw mi gisul gànj gi nekk
ci sa bët? Naaféq! Jëkkala
dindi gànj gi ci sa bët, te
noonu dinga mana gis bu
leer, ngir dindi ñax gi ci sa
bëtu mbokk.

*Garab gi ak meññeef gi*

43 «Garab gu baax du
meññ doom yu bon, te
garab gu bon du meññ
doom yu baax. 44 Ndaxte
garab, meññeefam lañu koy
xàmmee. Deesul witte figg
ci dédd, walla reseñ ci xaax-
aam. 45 Noonu nit ku baax,
lu baax lay wax, ndax loolu
la denc ci xolam, te nit ku
bon, lu bon lay wax, ndaxte
denc na lu bon ci xolam.
Ndaxte gémmiñ, la fees xo-
lam lay wax.

*Ñaari tabaxkat yi*

46 «Lu tax ngeen may
wooye “Boroom bi, Boroom
bi,” te dungeen def li may
wax? 47 Képp ku ñëw ci
man, di dégg samay wax te
di ko jëfe, ma won leen nu
muy mel. 48 Dafa mel ni
nit kuy tabax kër, mu gas fu
xóot, jot doj wu réy, samp
fa kër ga. Bi mbënn ma
ñëwee, wal ma dafa dal ca
kër ga te yënguwul, ndaxte
nit ka dafa tabax kër ga
tabax bu dëgër. 49 Waaye
képp ku dégg samay wax te
jëfewuloo ko, dinga mel ni
nit ku tabax këram ci suuf,
bañ koo defal fondamaa. Bi
wal ma dalee ca kër googa,
dafa màbb ca saa sa, lépp
yàqu yaxeet.»

# 7

*Ngëmu njiitu xare bi*

1 Bi Yeesu waxee la mu
naroona wax lépp ca kanam
mbooloo ma, mu daldi dem
Kapernawum. 2 Amoon na
fa njiitu xare. Njiit la nag,
surgaam bu mu bëggoon
lool dafa feebaroon, bay
bëgga dee. 3 Bi mu déggee
mbiri Yeesu, mu yónni ca
moom ay Yawut, di magi
dëkk ba, ngir ñaan ko, mu
ñëw faj surga ba. 4 Bi
magi dëkk ba agsee ca Yeesu,
ñu sàkku ci moom ndimbal,
ñaan ko: «Ki nu yónni ci
yaw de, yelloo na ndimbal,
5 ndaxte sopp na sunu xeet
te moo nu tabaxal sax sunu
jàngu.»

6 Noonu Yeesu daldi ànd
ak ñoom. Waaye bi ñuy
bëgga agsi ca kër ga, njiit
la yebal ay xaritam ngir ñu
wax Yeesu ne: «Sang bi,
bul sonal sa bopp, ndaxte
yeyoowuma nga dugg sama
kër. 7 Looloo tax it ma xalaat
ne awma darajay gatandu
la. Waxal genn kàddu rekk,
te sama surga dina wér.
8 Ndaxte man itam maa ngi
nekk ci ndigal, te ame naa
ay xarekat ci sama ndigal.
Su ma nee kii: “Demal,” mu
dem. Mbaa ma ne keneen ki:
“Ñëwal,” mu ñëw. Te su ma
nee sama jaam: “Defal lii,”
mu def ko.»
9 Bi ko Yeesu déggee, mu
waaru. Noonu mu wal-
batiku ca mbooloo, ma topp
ci moom, ne leen: «Maa ngi
leen koy wax, ci bànni Is-
rayil sax, masuma cee gis ku
gëme nii.» 10 Noonu ndaw
ya daldi dellu ca kër ga. Bi
ñu agsee, ñu gis ne surga ba
wér na.

*Yeesu dekkal na doomu jigéen ju jëkkëram faatu*

11 Yàggul dara Yeesu dem
ci dëkk bu ñuy wax Nayin.
Taalibeem yi ak mbooloo mu

bare ànd ak moom. 12 Bi
muy agsi ca buntu dëkk ba,
fekk ñuy rob néew boo xam
ne kenn rekk la woon ci
ndeyam, ji jëkkëram faatu
woon. Te mbooloo mu bare
ca dëkk ba di gunge soxna
sa. 13 Bi ko Boroom ba gisee,
mu daldi koy yërëm ne ko:
«Bul jooyati.» 14 Mu jegeñsi,
laal jaat ga, ñi ko jàppoo
taxaw. Mu ne: «Waxam-
baane wi, jógal, ndigal la.»
15 Noonu nit ka dee woon jóg
toog, tàmbalee wax. Yeesu
delloo ko yaay ja. 16 Ñépp
tiit, bay màggal Yàlla, di
wax naan: «Yonent bu mag
feeñ na ci sunu biir! Yàlla
wallusi na mbooloom!»
17 La ñu wax ci mbiri
Yeesu daldi siiw ca réewu
Yawut ya ak la ko wër yépp.

*Yeesu jàngle na ci mbirum Yaxya*

18 Taalibey Yaxya ya
nettali mbir yooyu yépp
seen kilifa. Noonu Yaxya
woo ñaar ci ay taalibeem,
19 yónni leen ci Boroom bi,
ngir laaj ko: «Ndax yaw yaa
di Ki wara ñëw, walla danoo
wara xaar keneen?» 20 Bi
taalibe ya agsee ca Yeesu,
ñu ne ko: «Yaxya moo nu
yebal, nu laaj ndax yaa di Ki
waroona ñëw, walla danuy
xaar keneen?»
21 Ca waxtu woowa Yeesu
wéral nit ñu bare ci seeni
feebar ak ci seeni metit, di
dàq ay rab tey gisloo ay
gumba. 22 Noonu mu wax
ndaw ya ne leen: «Demleen
nettali Yaxya li ngeen gis te
dégg ko. Gumba yaa ngi gis,
lafañ yiy dox, gaana yi wér,
tëx yiy dégg, ñi dee di dekki,
te néew doole ñaa ngi dégg
xibaaru jàmm bi. 23 Yaw mi
sa ngëm yolomul ndax man,
barkeel nga.»
24 Bi ndawi Yaxya yi
demee, Yeesu daldi wax
ak mbooloo ma ci mbirum
Yaxya ne leen: «Lu ngeen
seeti woon ca màndiŋ ma?
Xanaa barax buy jaayu ci
ngelaw li? 25 Kon lu ngeen
seeti woon nag? Nit ku sol
yére yu rafet? Waaye ñiy
soloo noonu, tey dund dund
gu neex ñu ngi dëkk ci këri
buur. 26 Kon lu ngeen seeti
woon? Yonent? Waaw, wax
naa leen ne ëpp na yonent.
27 Yaxya male moo di ki ñu
waxoon ci Mbind mi naan:
“Maa ngi yónni sama ndaw,
mu jiitu la,
te xàllal la yoon ci sa
kanam.”
28 Maa ngi leen koy wax, ci li
jigéen jur, ku sut Yaxya ma-
sula feeñ. Waaye ba tey ki
gëna ndaw ci nguuru Yàlla
moo ko sut.»
29 Nit ñépp ñi doon déglu
Yeesu, ba ci juutikat yi sax,
dëggal nañu ne Yàlla ku jub
la, ndaxte nangu nañu Yaxya
sóob leen ci ndox. 30 Waaye
Farisen ya ak xutbakat ya
dañoo bañ, mu sóob leen
ci ndox, di wone noonu ne
gàntu nañu li leen Yàlla
bëggaloon.
31 Yeesu tegaat ca ne: «Kon
lan laa mana méngaleel niti
jamono jii? Lan lañuy
nirool? 32 Ñu ngi nirook
xale yu toog ca pénc ma tey
woowante naan:

"Liital nanu leen ak toxoro,
te fecculeen,
woyal nanu leen woyi dëj, te
jooyuleen."
33 Ndaxte Yaxya feeñ na,
lekkul mburu, naanul biiñ,
ngeen daldi ne: "Dafa ànd
ak rab." 34 Gannaaw gi
nag Doomu nit ki ñëw na,
lekk, naan, ngeen daldi ne:
"Kii daal bëgg na lekk, di
naan biiñ, tey xaritoo ak
ay juutikat ak ay boroom
bàkkaar." 35 Waaye li xam-
xamu Yàlla di jur, mooy firn-
deel ne dëgg la.»

*Yeesu ca kër Simoŋ Farisen ba*

36 Amoon na ab Farisen
bu ñaan Yeesu, mu ñëw
lekkandoo ak moom. Yeesu
dem kër waa ja, toog ca
lekkukaay. 37 Fekk amoon
na ca dëkk ba jigéen juy
moy Yàlla. Bi mu yégee
ne, Yeesoo ngay lekk ca
kër Farisen ba, mu dem,
yóbbaale njaq lu ñu defare
doj wu ñuy wax albaatar te
def latkoloñ. 38 Bi jigéen ja
agsee, mu taxaw ca gannaaw
tànki Yeesu, di jooy. Noonu
ay rongooñam tooyal tànki
Yeesu, jigéen ja di leen fomp
ak kawaram, di leen fóon te
ciy sotti latkoloñ ja.

39 Naka la Farisen, bi woo
woon Yeesu ci këram, gis
loolu, mu wax ci xelam
naan: «Bu nit kii doonoon
yonent, kon dina xam kuy
jigéen ji koy laal ak ni mu
nekke bàkkaarkat.» 40 Yeesu
ne ca tonn, daldi ne Farisen
ba: «Simoŋ, am na lu ma
la wara wax.» Simoŋ ne ko:
«Waxal, kilifa gi.»

41 Yeesu ne ko: «Da fee
amoon ñaari nit ñu ameel
bor benn leblekat. Kenn
kaa ngi ko ameel téeméeri
junni ci xaalis, ki ci des fukki
junni*. 42 Waaye kenn ci
ñoom manu koo fey. Noonu
mu baal leen bor ya. Ci ñaar
ñooñu nag kan moo ko ciy
gëna bëgg?» 43 Simoŋ ne
ko: «Xanaa ki ñu baal bor bi
gëna bare.»

Yeesu ne ko: «Àtte nga
dëgg,» 44 daldi walbatiku ca
jigéen ja, ne Simoŋ: «Ndax
gis nga jigéen jii? Dugg
naa sa kër, te joxewuloo
ndox, ngir raxas samay
tànk. Waaye moom, raxas
na samay tànk ak ay
rongooñam, ba noppi fomp
leen ak kawaram. 45 Bi ma
agsee, fóonuloo ma, waaye
moom, bi ma duggee ba
léegi tàyyiwul ci di fóon
samay tànk. 46 Defuloo
diw ci sama bopp, waaye
moom, sotti na latkoloñ
ci samay tànk. 47 Moo
tax ma di la wax ne, su
wonee mbëggeel gu réye
nii, dafa fekk ñu baal ko
bàkkaaram yu bare. Waaye
ki mbëggeelam néew dafa
fekk ñu baal ko lu tuuti.»

48 Yeesu daldi ne jigéen ja:
«Baal nañu la say bàkkaar.»
49 Noonu ñi doon lekkandoo
ak moom di wax ci seen
xel naan: «Kii am sañ-sañu
baale bàkkaar mooy kan?»

* **7:41** téeméeri junni: maanaam juróomi téeméeri denariyon; fukki junni: maanaam juróom fukki denariyon. Seetal Xaalis ci Leeral yi.

50 Waaye Yeesu ne jigéen ja:
«Sa ngëm musal na la. De-
mal ci jàmm.»

# 8

*Léebu beykat bi*

1 Gannaaw loolu Yeesu di
dem ca ay dëkk yu mag
ak yu ndaw, di waaraate
ak di yégle xibaaru jàmm
bi jëm ci nguuru Yàlla.
Fukki taalibe ya ak ñaar
ànd ak moom, 2 ak ay
jigéen yu mu teqale woon
ak rab te jële leen ci seeni
wopp, ñu di: Maryaama,
mi ñuy wooye Maryaamam
Magdala, mi Yeesu tàggale
woon ak juróom ñaari rab;
3 Sànn, soxnas ku ñuy wax
Kusa, mi doon wottu alalu
Erodd; ak Susànn ak ñeneen
jigéen. Jigéen ñooñu ñoo
doon joxe seen alal, ngir
dimbali Yeesu ak ay taal-
ibeem.

4 Dëkk ak dëkk nit ña
di fa jóge jëm ca Yeesu,
ba mbooloo mu bare da-
jaloo, mu wax leen léeb wii:
5 «Dafa amoon beykat bu
demoon jiyi. Bi muy saaw
toolam nag, lenn ci pepp mi
wadd ci kaw yoon wi, nit ñi
joggi ci, picci asamaan lekk
ko lépp. 6 Leneen wadd
ci bérab bu bare ay doj.
Naka la sax rekk, daldi wow,
ndaxte suuf si tooyul woon.
7 Leneen nag wadd ci biir
ay xaaxaam, ñu saxandoo,
xaaxaam ya tanc ko. 8 Li ci
des dal ci suuf su baax, sax,
nangu ba meññ téeméeri
yoon lu ëpp la mu ji woon.»

Gannaaw loolu Yeesu wax
ak kàddu gu dëgër ne:
«Déglul bu baax, yaw mi am
ay nopp.»

9 Taalibey Yeesu yi laaj
ko lu léeb woowu di tekki.
10 Mu ne leen: «May nañu
leen, ngeen xam mbóoti
nguuru Yàlla, waaye ñi ci
des, dama leen di wax ci ay
léeb. Noonu la, ngir:

“Ñuy xool te duñu mana gis,
di dégg te duñu mana xam.”

11 «Lii la léebu beykat bi
di tekki. Kàddug Yàlla mooy
jiwu wi. 12 Ki féete ci yoon
wi mooy ki dégg. Gannaaw
gi, Seytaane dafay ñëw, këf
kàddu, gi ñu def ci xolam,
ngir mu baña gëm te Yàlla
musal ko. 13 Ki nekk ci bérab
bu bare ay doj, mooy ki dégg
kàddu gi, ba noppi nangu
ko ak mbég. Waaye wax ji
saxul ci moom. Dina gëm
ab diir, waaye bu nattu yi
agsee, mu daldi dàggeeku.
14 Ki jot ci jiwu wi ci xaax-
aam yi mooy ki dégg kàddu
gi, waaye nees-tuut soxla yi
ak alal ak bànneexi àddina
tanc ko, ba du àgg cig mat.
15 Ki jot ci jiwu wi ci suuf su
baax si nag, mooy ki dégg
kàddu gi te denc ko ci xol bu
baax bu gore, te muñ ba jur
njariñ.

*Léebu làmp bi*

16 «Kenn du taal làmp,
dëpp ci leget, walla mu di ko
def ci ron lal. Daf koy wékk,
ngir mu leeral ñiy dugg.
17 Amul dara luy kumpa lu
ñu dul siiwal bés, walla lu
làqu lu ñu dul feeñal, ba
mu ne fàŋŋ. 18 Seetleen

bu baax, ni ngeen di dégloo kàddu gi. Ku am, dees na la dollil, waaye ku amul, dees na nangu sax li nga xalaatoon ne am nga ko ba noppi.»

### *Ñiy waa kër Yeesu dëgg*

19 Noonu ndeyu Yeesu ak ay rakkam ñëw seetsi ko, waaye manuñu woona agsi ci moom, ndaxte nit ña
dañoo bare. 20 Am ku ko yégal ne: «Sa yaay ak say rakk ñu ngi nii taxaw ci biti,
bëgg laa gis.» 21 Waaye mu daldi leen ne: «Sama yaay ak samay rakk, ñooy ñiy déglu kàddug Yàlla, te di ko topp.»

### *Yeesu dalal na ngelaw li*

22 Benn bés Yeesu àndoon na ak ay taalibeem, dugg ci gaal. Mu ne leen: «Nanu jàll dex gi.» Noonu ñu dem.
23 Bi ñuy dem nag, Yeesu daldi nelaw. Ngelaw lu am doole daldi ñëw, yëngal dex gi, gaal gi fees ak ndox, ba
ñu bëgga suux. 24 Noonu taalibe yi jegesi Yeesu, yee ko ne: «Kilifa gi, kilifa gi, nu ngiy dee!»

Ci kaw loolu Yeesu jóg, daldi gëdd ngelaw li ak duus yi. Lépp dal, ba ne nemm.
25 Yeesu ne taalibe yi: «Ana seen ngëm?» Ñu daldi tiit te waaru, naan ci seen biir: «Kii moo di kan? Mi ngi jox ndigal ngelaw li ak ndox mi, ñu koy déggal.»

### *Yeesu faj na ku rab jàpp*

26 Noonu ñu teer ca diiwaanu waa Serasa, fa jàkkaarloo ak diiwaanu
Galile. 27 Bi Yeesu di wàcc ca gaal ga, ku rab jàpp ca waa dëkk ba ñëw, kar ko. Yàgg na def yaramu neen te dëkkul ca kër, waaye ca sëg
ya lay nekk. 28 Bi mu gisee Yeesu, mu yuuxu, daanu ciy tànkam, daldi xaacu ne: «Yaw Yeesu Doomu Yàlla Aji Kawe ji, loo may fexeel? Maa ngi lay ñaan, nga bañ maa mbugal.»

29 Dafa wax loolu, ndaxte Yeesu santoon na rab wi, mu génn ci moom. Rab wa dafa ko doon farala jàpp. Nit ñi daan nañu ko wottu, di ko yeew ak ay càllala, ak di ko jéng, mu di leen dagg, rab wi di ko xiir ca bérab yu wéet.

30 Noonu Yeesu laaj ko: «Noo tudd?» Mu ne ko: «Coggal laa tudd.» Dafa wax loolu, ndaxte rab yu
baree ko jàppoon. 31 Rab yooyoo ngi ko doon ñaan, ngir mu bañ leena sant, ñu dem ca kàmb gu xóot gi.

32 Fekk amoon na fa géttu mbaam-xuux yu bare, yuy for ca tund wa. Rab ya ñaan Yeesu, mu may leen, ñu dugg mbaam-xuux ya.
Mu may leen ko. 33 Noonu rab ya génn nit ka, dugg mbaam-xuux ya, ñu daldi bartalu, daanu ca dex ga,
lab. 34 Sàmm ya gis li xew, daw nettaliji mbir mi ca
dëkk ba ak ca àll ba. 35 Nit ñi génn, ngir seet li xew.

Bi ñu agsee ca Yeesu, ñu fekk fa nit, ka rab ya bàyyi woon, toog ca kanam Yeesu, sol ay yére te ànd ak sa-
goom. Ñu daldi ragal. 36 Ña

fekke woon mbir ma nag,
nettali leen naka la Yeesu
wérale ki rab ya jàppoon.
37 Ci kaw loolu waa dii-
waanu Serasa bépp ragal,
ba ñaan Yeesu mu jóge fa.
Noonu Yeesu dugg ci gaal
gi, di bëgga dem. 38 Nit
ki Yeesu tàggale woon ak
rab ya ñaan ko, ngir ànd ak
moom. Waaye Yeesu wañño
ko ne ko: 39 «Ñibbil, nettali li
la Yàlla defal lépp.» Noonu
waa ji dem di wër dëkk ba
yépp, di fa yégle la ko Yeesu
defal.

*Yeesu dekkal na doomu Yayrus te faj jigéen*

40 Bi Yeesu dëppee dellu,
mbooloo ma di ko teeru,
ndaxte ñépp a ngi ko doon
xaar. 41 Noonu nit ñëw, tud-
doon Yayrus te nekk njiitu
jàngu ba. Bi mu agsee, mu
daanu ci tànki Yeesu, sarxu
ko mu ñëw këram, 42 ndaxte
jenn doomam ju jigéen, ji
mu amoon kepp te muy tollu
ci fukki at ak ñaar, ma nga
doon waaja dee.

Bi Yeesuy dem, nit ñaa
ngi doon buuxante, di ko
tanc. 43 Amoon na nag ca
mbooloo ma jigéen ju doon
xëpp deret diirub fukki at
ak ñaar, te kenn manu ko
woona faj. 44 Jigéen ja
jegeñsi Yeesu nag, doxe ko
gannaaw, laal catu mbub-
bam. Ca saa sa deret ji dal.

45 Yeesu laaj nit ña ne:
«Ana ku ma laal?» Ku nekk
di miim. Noonu Piyeer ne
ko: «Kilifa gi, nit ñépp a ngi
lay wër, di la tanc wet gu
nekk.» 46 Waaye Yeesu ne:
«Am na ku ma laal, ndaxte
yég naa ne am na doole ju
génn ci man.» 47 Te jigéen ja
xam ne manul woona nëbb
li mu def. Mu daldi daanu
ci tànki Yeesu, di lox. Noonu
mu nettali ci kanam ñépp li
taxoon mu laal Yeesu, ak ni
mu wére ca saa sa. 48 Yeesu
ne ko: «Soxna si, sa ngëm faj
na la. Demal ci jàmm.»

49 Bi Yeesu di wax nag, am
na ku jóge ca kër njiit la, mu
ñëw naan: «Sa doom faatu
na; matatul ngay sonal kilifa
gi.» 50 Yeesu dégg kàddu
yooyu, daldi ne njiit la: «Bul
tiit. Gëmal rekk te dina
dundaat.»

51 Bi Yeesu agsee ca kër
ga, nanguwul kenn dug-
gaaleek moom, ñu dul Piy-
eer, Yowaana, Saag ak waa-
juri xale ba. 52 Ña fa nekk
ñépp di yuuxu ak di jooy
xale bi. Noonu Yeesu ne
leen: «Bàyyileen seen jooy
yi. Janq bi deewul, day
nelaw rekk.» 53 Waaye ñu di
ko ñaawal, ndaxte xamoon
nañu ne dee na. 54 Waaye
Yeesu jàpp loxob janq ba,
woo ko ne ko: «Xale bi,
jógal.» 55 Noonu ruuwu xale
ba délsiwaat, mu daldi jóg
ca saa sa. Yeesu santaane ñu
may ko, mu lekk. 56 Waajuri
xale bi daldi waaru. Waaye
Yeesu tere leen, ñu wax kenn
li xew.

# 9

*Yeesu yónni na fukki taalibe yi ak ñaar*

1 Benn bés Yeesu dajale
fukki taalibe ya ak ñaar, jox
leen doole ak sañ-sañu dàq

rab yépp ak di faj jàngoro
yi. 2 Noonu mu yónni leen
ñuy yégle nguuru Yàlla ak di
faj jarag yi. 3 Mu ne leen:
«Bu ngeen di dem, buleen
yóbbaale dara, du yet mbaa
mbuus mbaa mburu mbaa
xaalis. Buleen yor it ñaari
turki. 4 Kër gu ngeen dugg,
dal-leen fa, ba kera ngeen di
fa jóge. 5 Fépp fu leen nit
ñi gàntoo, génnleen ca dëkk
booba te ngeen yëlëb seen
pëndu tànk, ngir seede leen
seen réer.»

6 Noonu ñu dem dëkk ak
dëkk, di fa yégle xibaaru
jàmm bi, tey wéral jarag yi.

7 Bi Erodd boroom di-
iwaanu Galile déggee li
Yeesu ak ay taalibeem
doon def lépp, mu jaaxle,
ndaxte amoon na, ñu doon
wax ci mbiri Yeesu naan:
«Yaxya moo dekki.» 8 Am
it ñuy wax naan: Ilyaas
moo délsi. Ñeneen naan:
«Kenn ci yonent yu jëkk yaa
dekki.» 9 Waaye Erodd ne:
«Yaxya, man mii maa dagglu
boppam. Kon kii ma dégg
ay jalooreem, mooy kan?»
Noonu mu koy fexee gis.

*Yeesu bareel na ay mburu*

10 Bi ndaw ya délsee, ñu
nettali Yeesu la ñu defoon
lépp. Noonu mu yóbbaale
leen, ñu sore nit ñi, jëm ca
dëkk bu ñuy wax Betsayda.
11 Bi ko nit ña yégee, ñu
toppi ko. Yeesu teeru leen,
di leen wax ci mbirum ngu-
uru Yàlla, te di wéral ñi ko
aajowoo.

12 Ca ngoon sa fukki taal-
ibe ya ak ñaar ñëw ci
Yeesu ne ko: «Yiwil mbooloo
mi, ñu dugg ci dëkk yi ak
àll bi ko wër, ngir am lu
ñu lekk ak fu ñu fanaan,
ndaxte fii àllub neen la.»
13 Waaye Yeesu ne leen:
«Joxleen leen lu ñu lekk.»
Ñu ne ko: «Amunu lu dul
juróomi mburu ak ñaari
jën. Xanaa ndax nu dem
jëndal mbooloo mii lu ñu
lekk?» 14 Ndaxte lu wara mat
juróomi junniy góor a nga fa
teewoon. Yeesu ne taalibe
ya: «Neeleen mbooloo mi
ñu toog def ay géewi juróom
fukki nit.» 15 Taalibe ya def
ko, toogloo nit ña.

16 Bi loolu amee Yeesu jël
juróomi mburu yi ak ñaari
jën yi, xool ci kaw, gërëm
Yàlla, ba noppi mu damm
leen, jox taalibe yi, ngir
ñu séddale ko mbooloo mi.
17 Noonu ñépp lekk ba suur.
Bi ñu dajalee desit ya, ñu
feesal fukki pañe ak ñaar.

*Piyeer wax na ne, Yeesu mooy Almasi bi*

18 Benn bés Yeesu bed-
deeku mbooloo ma, di ñaan;
taalibe yi nekk ci wetam. Mu
laaj leen ne: «Nit ñi, ku ñu
wax ne moom laa?» 19 Ñu ne
ko: «Am na ñu naan, yaa di
Yaxya; ñeneen ne, Ilyaas; ñi
ci des ne yaay kenn ci yonent
yu jëkk yaa dekki.»

20 Yeesu ne leen: «Yéen
nag ku ngeen ne moom laa?»
Piyeer ne ko: «Yaa di Almasi,
bi Yàlla yónni.» 21 Noonu
Yeesu daldi leen dénk, tere
leen ñu wax ko kenn, 22 teg
ca ne: «Doomu nit ki war
na sonn lu bare; sarxalkat
yu mag ya ak xutbakat ya

dëddu ko, ñu rey ko, mu
dekki ca ñetteelu fan ba.»
23 Noonu Yeesu ne leen
ñoom ñépp: «Ku bëgga aw
ci samay tànk, na bàyyi bop-
pam, gàddu bés bu nekk
bant, bi ñu ko wara daaj,
doora topp ci man. 24 Ndaxte
koo xam ne bëgg ngaa
rawale sa bakkan, dinga ko
ñàkk, waaye ku ñàkk sa
bakkan ngir man, dinga ko
jotaat. 25 Ndaxte moom
àddina sépp, lu muy jariñ
nit, su fekkee ne dafay ñàkk
bakkanam walla mu loru?
26 Ku ma rusa faral, te nan-
guwul samay wax, Doomu
nit ki dina la rusa xam,
bés bu ñëwee ci ndamam
ak ci ndamu Baay bi ak lu
malaaka yu sell yi. 27 Ci dëgg
maa ngi leen koy wax, am na
ñi fi taxaw ñoo xam ne duñu
dee te gisuñu nguuru Yàlla
gi.»

*Ndamu Yeesu jolli na ci moom*

28 Bi ñu ca tegee luy tollook
ayu-bés gannaaw bi Yeesu
waxee loolu, mu ànd ak
Piyeer, Yowaana ak Saag,
yéeg ca kaw tund wa ngir
ñaan. 29 Bi muy ñaan, xar
kanamam daldi soppiku, ay
yéreem weex tàll bay melax.
30 Am ñaari nit di waxtaan
ak moom, muy yonenti Yàlla
Musaa ak Ilyaas. 31 Ñoo
feeñ ci ndamu Yàlla, di
waxtaane ci demug Yeesu,
gi muy àggalee yenam ci
Yerusalem. 32 Fekk Piy-
eer ak ñi mu àndal doon
gëmméentu, waaye bi ñu
yewwoo bu baax, ñu gis
ndamu Yeesu, ak ñaari nit
ñu taxaw ci wetam. 33 Bi nit
ñooñu di sore Yeesu, Piyeer
ne ko: «Kilifa gi, bég nanu
ci sunu teew fii; nanu de-
far ñetti mbaar, benn yaw,
benn Musaa ak benn Ilyaas.»
Fekk xamul la mu doon wax.
34 Bi mu koy wax, niir ñëw
muur leen, taalibe yi daldi
tiit, bi leen niir wa ëmbee.
35 Noonu baat jibe ca niir wa
naan: «Kii mooy sama Doom
ji ma fal; dégluleen ko.»
36 Bi baat ba waxee ba
noppi, Yeesu rekk des fa.
Taalibe ya noppi, baña net-
tali kenn ca jamono jooja la
ñu gisoon.

*Yeesu faj na ku rab jàpp*

37 Ca suba sa Yeesu ak
taalibe ya wàcce ca tund wa,
mbooloo mu bare ñëw, di ko
gatandu. 38 Nit xaacu ci biir
mbooloo mi naan: «Kilifa gi,
maa ngi lay ñaan, nga seet
sama doom, ndaxte moom
kepp laa am. 39 Léeg-léeg
rab jàpp ko, mu daldi yuuxu
ca saa sa, rab wi di ko sayloo,
gémmiñ gi di fuur. Du faral
di génn ci moom te dina
ko sonal. 40 Ñaan naa say
taalibe, ñu dàq ko, waaye
manuñu ko.» 41 Yeesu ne
leen: «Yéen niti jamono jii,
yéen ñi gëmadi te dëng, ba
kañ laa wara nekk ak yéen
te di leen muñal? Indil ma
sa doom.»
42 Bi xale biy agsi, rab
wi di ko daaneel ci suuf,
muy say. Waaye Yeesu daldi
gëdd rab wa, wéral xale
ba, daldi ko delloo baayam.
43 Ku nekk waaru na ndax
màggug Yàlla.

Bi ñuy yéemu ci li mu
doon def, Yeesu ne taal-
ibeem ya: 44 «Dégluleen bu
baax lii ma leen di wax:
dinañu jébbal Doomu nit ki
ci loxoy nit ñi.» 45 Waaye
taalibe ya xamuñu kàddu
googu. Yàlla dafa leen nëbb
li muy tekki, ba ñu bañ koo
xam, te ñemewuñu koo laaj
Yeesu.

*Kan moo gëna màgg?*

46 Werante am ci biir taal-
ibe yi, ñuy laajante kan
moo gëna màgg ci ñoom.
47 Yeesu mi xam seen xalaat,
jël ab xale, teg ci wetam
ne leen: 48 «Ku nangu xale
bii ci sama tur, man mii
nga nangu; te ku ma nangu,
nangu nga ki ma yónni;
ndaxte ki gëna woyof ci
yéen ñépp, kooku moo gëna
màgg.»
49 Bi loolu amee Yowaana
jël kàddu gi ne: «Kilifa
gi, danoo gis nit kuy dàq
ay rab ci sa tur, nu tere
ko ko, ndaxte bokkul ci
nun.» 50 Waaye Yeesu ne ko:
«Buleen ko tere, ndaxte ku
la sotul, far na ak yaw.»

*Bañ nañoo nangu Yeesu ca Samari*

51 Bi jamono ji jegeñsee,
ji Yeesu waree jóge àddina
dem asamaan, mu sigiñu ci
dem Yerusalem. 52 Noonu
mu yebal ay ndaw, ñu jiitu
ko. Ñu dem nag, dugg ci
ab dëkk ci diiwaanu Samari,
ngir wutal ko fa fu mu
dal. 53 Waaye waa dëkk ba
nanguwuñu ko, ndaxte mi
ngi jublu woon Yerusalem.
54 Bi taalibe yi tudd Saag
ak Yowaana gisee loolu, ñu
ne: «Boroom bi, ndax dan-
gaa bëgg nu ne, na sawaras
asamaan dal ci seen kaw,
faagaagal leen?» 55 Waaye
Yeesu walbatiku, yedd taal-
ibe ya, 56 ba noppi ñu daldi
dem wuti beneen dëkk.

*Ki bëgga topp Yeesu warula geestu gannaawam*

57 Bi ñuy dem, am ci
yoon wi ku ne Yeesu: «Di-
naa la topp fépp foo jëm.»
58 Waaye Yeesu ne ko: «Till
yi am nañu seeni kàmb, te
picci asamaan am nañu ay
tàgg, waaye Doomu nit ki
amul fu mu noppal bop-
pam.» 59 Yeesu ne keneen:
«Toppal ci man.» Waaye
kooku ne ko: «Sang bi,
may ma, ma jëkka dem
suuli sama baay.» 60 Mu
ne ko: «Bàyyil ñi dee, ñu
suul seeni néew. Yaw de-
mal, yégle nguuru Yàlla.»
61 Keneen ne ko: «Sang bi,
dinaa la topp, waaye may
ma, ma jëkka tàgguji sama
waa kër.» 62 Yeesu ne ko:
«Kuy ji, di geestu, yeyoowula
liggéey ci nguuru Yàlla.»

# 10

*Yeesu yebal na juróom ñaar fukki taalibe ak ñaar*

1 Gannaaw loolu Boroom
bi tànn na yeneen juróom
ñaar fukki taalibe ak ñaar,
yebal leen, ñu ànd ñaar
ak ñaar, jiituji ko ca dëkk
yépp ak ca bérab yépp, ya
mu naroona dem moom
ci boppam. 2 Mu ne leen:
«Ngóob mi yaatu na, waaye
liggéeykat yi barewuñu.

Ñaanleen nag Boroom
ngóob mi, mu yebal ay
liggéeykat, ñu góob toolam.
3 Demleen! Maa ngi leen di
yónni, mel ni ay mbote ci
biir ay bukki. 4 Buleen yor
xaalis walla mbuus walla ay
dàll. Buleen nuyu kenn ci
yoon wi.

5 «Kër gu ngeen mana
dugg, nangeen jëkk ne: “Na
jàmm wàcc ci kër gi.” 6 Bu
fa nitu jàmm nekkee, seen
yéene dina ko indil jàmm.
Lu ko moy, seen yéene dina
délsi ci yéen. 7 Dal-leen
ca kër googa, tey lekk ak
a naan lu ñu leen di jox,
ndaxte liggéeykat yelloo na
jot peyam. Buleen dem nag
kër ak kër.

8 «Dëkk bu ngeen mana
dugg, te waa dëkk ba teeru
leen, lu ñu leen jox, lekkleen
ko. 9 Nangeen wéral jaragi
dëkk ba, te ngeen ne leen:
“Nguuru Yàlla jegesi na
leen.” 10 Waaye bu ngeen
duggee ci dëkk te teeruwuñu
leen, demleen ca mbedd ya
te ne leen: 11 “Seen pëndu
dëkk, bi taq ci sunuy tànk
sax, noo ngi koy faxas, ngir
seede leen seen réer. Waaye
nag xamleen ne nguuru
Yàlla jegesi na.” 12 Maa ngi
leen koy wax, bu bés baa,
waa Sodom ñooy tane dëkk
boobu.

13 «Dingeen torox, yéen
waa Korasin ak waa Bet-
sayda, ndaxte kéemaan yi
ma def ci yéen, bu ñu
leen defoon ci dëkku Tir
walla ci dëkku Sidon, kon
tuub nañu seeni bàkkaar
bu yàgg, xëppoo dóom, sol
saaku. 14 Moona ca bés pénc
ba, Tir ak Sidon ñoo leen di
tane. 15 Te yaw dëkku Kaper-
nawum, ndax dees na la
yékkati bu kawe? Déedéet,
dees na la daane bu suufe.

16 «Ku leen déglu, déglu
na ma; ku leen bañ, bañ na
ma. Te ku ma bañ, bañ na ki
ma yónni.»

17 Juróom ñaar fukki taal-
ibe yi ak ñaar délsi, fees ak
mbég te naan: «Boroom bi,
rab yi sax déggal nañu nu
ndax sa tur.» 18 Yeesu ne
leen: «Maa ngi doon séen
Seytaane wàcce asamaan
ni sawaras melax. 19 Gis
ngeen, jox naa leen sañ-
sañu joggi ci jaan yi ak ci
jiit yi, daan dooley bañaale
bi, te dara du leen mana
gaañ. 20 Moona li leen
rab yi déggal, bumu tax
ngeen bég, waaye bégleen
ndax li ñu bind seen tur ci
asamaan.»

21 Ca saa soosu Xel mu Sell
mi feesal Yeesu ak mbég, mu
daldi ne: «Yaw Baay, Bo-
room asamaan ak suuf, maa
ngi lay sant ci li nga nëbb yëf
yii ñi am xam-xam ak ñi am
xel, te xamal leen gone yi.
Waaw, Baay, ndaxte looloo
la neex.» 22 Yeesu teg ca ne:
«Sama Baay jébbal na ma
lépp, te kenn manula xam,
man Doom ji, maay kan, ku
dul Baay bi; kenn manula
xam it kan mooy Baay bi, ku
dul man Doom ji, ak ku ma
ko bëgga xamal.»

23 Gannaaw bi mu waxee
loolu, Yeesu walbatiku ca
taalibe ya ne leen ñoom

rekk: «Ñi seeni bët di gis li
ngeen di gis, am nañu mbég.
24 Ndaxte maa ngi leen koy
wax, yonent yu bare ak buur
yu bare bëggoon nañoo gis
li ngeen di gis, waaye gisuñu
ko, te dégg li ngeen di dégg,
waaye dégguñu ko.»

*Nit ku baax ku dëkk Samari*

25 Noonu benn xutbakat
daldi jóg, ngir fexee fiir
Yeesu ne ko: «Kilifa gi, lan
laa wara def, ba am dund
gu dul jeex?» 26 Yeesu ne
ko: «Lu ñu bind ci yoonu
Musaa? Lan nga ciy jàng?»
27 Nit ka ne ko: «“Nanga
bëgg Yàlla sa Boroom ak sa
xol bépp ak sa bakkan bépp,
sa kàttan gépp ak sa xel
mépp,” te it: “Nanga bëgg
sa moroom, ni nga bëgge sa
bopp.”» 28 Yeesu ne ko nag:
«Li nga wax dëgg la. Boo
defee loolu, dinga dund ba
fàww.» 29 Waaye xutbakat
ba bëggoona am aw lay, ne
Yeesu: «Kan mooy sama mo-
room nag?»

30 Yeesu ne ko: «Dafa
amoon nit ku jóge woon
Yerusalem, jëm Yeriko. Ay
sàcc dogale ko, futti ko, dóor
ko ba muy bëgga dee, dem
bàyyi ko fa. 31 Faf ab sarx-
alkat jaar ca yoon wa, séen
nit ka, teggi. 32 Benn waay it
bu soqikoo ci giiru Lewi, aw
ca bérab booba, séen waa ja,
teggi. 33 Waaye benn waay
bu dëkk Samari bu doon
tukki, ñëw ba jege waa ja,
gis ko, yërëm ko. 34 Noonu
mu ñëw, sotti diw ak biiñ
ca gaañu-gaañu ya, lëmës
ko. Gannaaw loolu mu teg
ko ci mbaamam, yóbbu ko
ci fanaanukaay, di ko topp-
too. 35 Bi bët setee, mu
génne ñaari poseti xaalis*,
jox ko boroom kër ga ne ko:
“Nanga topptoo nit kooku.
Bés bu ma fi jaaraatee, dinaa
la fey, man ci sama bopp,
lépp loo ci dolli ci xaalis.”»

36 Yeesu teg ca ne: «Lu
ciy sa xalaat? Kan ci ñett
ñooñu moo jëfe ni kuy jëf
jëme ci moroomam, ba ñu
gisee nit, ka sàcc ya do-
gale woon?» 37 Xutbakat ba
ne ko: «Xanaa ki ko won
yërmandeem.» Yeesu ne
ko nag: «Demal tey def ni
moom.»

*Màrt ak Maryaama teeru nañu Yeesu*

38 Bi Yeesu ak ay taal-
ibeem nekkee ci yoon wi, mu
dugg ci benn dëkk, fekk fa
jigéen ju tudd Màrt, ganale
ko. 39 Màrt nag amoon
rakk ju tudd Maryaama, ma
nga toog ci tànki Boroom
bi, di déglu ay kàddoom.
40 Fekk Màrt jàpp lool ca
waañ wa. Noonu mu ñëw ci
wetu Yeesu ne ko: «Boroom
bi, doo ci wax dara, boo
gisee sama rakk ji bàyyi ma
ak liggéey bi yépp? Ne ko
mu jàpple ma.» 41 Boroom
bi ne ko: «Màrt, Màrt, yu
baree ngi fees sa xol, nga
am ay téq-téq ndax loolu.
42 Moona de, lenn rekk a am
solo. Maryaama dafa tànn

* **10:35** Maanaam ñaari denariyon. Seetal Xaalis ci Leeral yi.

cér bi gën, te kenn du ko
nangu ci moom.»

# 11

*Ni ñuy ñaane ci Yàlla*

1 Am bés Yeesu di ñaan ci
benn bérab. Bi mu noppee,
kenn ci taalibeem yi ne ko:
«Boroom bi, jàngal nu, nan
lanu wara ñaane, ni ko
Yaxya jàngle ay taalibeem.»
2 Yeesu ne leen: «Bu ngeen
dee ñaan, nangeen ne:

Baay, yal na sa tur di lu ñu
sellal,
yal na sa nguur ñëw.
3 Yal nanga nu may bés bu
nekk lu nu dunde.
4 Yal nanga nu baal sunuy
bàkkaar,
ndaxte nun itam danuy baal
ñépp ñi nu tooñ.
Yàlla boo nu teg ci yoonu
nattu.»

5 Yeesu teg ca ne leen: «Mi
ngi mel ni, nga dem seeti
sa xarit ci xaaju guddi ne
ko: “Xarit, lebal ma ñetti
mburu.
6 Dafa am sama
xarit bu ma ganesi, te awma
dara lu ma ko jox.”

7 «Waaye kooku nekk ci
biir néegam, dina ko ne:
“Bu ma lakkal, tëj naa bunt
bi ba noppi te tëdd naa
maak sama njaboot; manu-
maa jóg di la jox dara.”
8 Maa ngi leen koy wax,
su jógul jox ko li muy laaj
ndax li ñu xaritoo it, ndax
la kee ñàkk jom dina tax
mu jox ko lépp li mu soxla.
9 Moo tax ma ne, ñaanleen,
ñu may leen; seetleen, te
dingeen gis; fëggleen, ñu
ubbil leen.
10 Ndaxte képp
kuy ñaan, dinga am; kuy
seet, dinga gis; kuy fëgg,
ñu ubbil la.
11 Bu la sa
doom ñaanee jën, yaw miy
baayam, ndax dinga ko baña
jox jën, jox ko jaan?
12 Walla
mu ñaan la nen, nga jox ko
jiit?
13 Ndegam yéen ñi bon
yéena mana jox seeni gone
lu baax, astamaak Baay bi
nekk ci kaw dina jox Xel mu
Sell mi ñi ko koy ñaan!»

*Yeesu ak Beelsebul*

14 Am bés Yeesu dàq rab
wu luu. Naka la rab wa
génn, luu ba daldi wax,
ba mbooloo may yéemu.
15 Waaye am ca mbooloo ma
ay nit, ñu doon wax naan:
«Ci kàttanu Beelsebul, bu-
uru rab yi, lay dàqe rab yi.»

16 Am ñeneen ñu fexe koo
fiir, ba laaj ko kéemaan gu
jóge ci asamaan tey firn-
deel yónnentam.
17 Waaye
Yeesu xam seen xalaat ne
leen: «Réew mu xeex bop-
pam tas, kër gu xeex bop-
pam gent.
18 Te it bu Sey-
taane xeexee boppam, naka
la nguuram di mana yàgge?
Damay wax loolu, ndaxte
nee ngeen, damay dàq rab
jaarale ko ci kàttanu Beelse-
bul.
19 Te it bu fekkee
ne man damay dàq ay rab
ci kàttanu Beelsebul, seeni
taalibe nag ci gan kàttan
lañu leen di dàqe? Kon ñoo
leen di àtte.
20 Waaye bu
fekkee ne ci baaraamu Yàlla
laay dàqe rab, kon nguuru
Yàlla agsi na ba ci yéen.

21 «Su nit ku bare doole
gànnaayoo, di wottu këram,
alalam dina raw.
22 Waaye
bu ku ko ëpp doole ñëwee,

daan ko, dafay nangu
gànnaay ya mu yaakaaroon,
ba noppi séddale alal ja.
23 Ku farul ak man, yaa ngi
may xeex, ku dajalewul ak
man, yaa ngi tasaare.

24 «Boo xamee ne rab,
wa jàppoon nit, génn na ci
moom, day wër ay bérab
yu wow, di wut fu mu
noppaloo, waaye du ko gis.
Noonu da naan: "Naa dellu
ca sama kër, ga ma jóge."
25 Bu ñëwee nag, mu fekk
këram, ñu bale ko, defar ko
ba lépp jekk. 26 Bu ko gisee
nag, mu dem wooyi yeneen
juróom ñaari rab yu ko gëna
soxor. Ñu dugg, sanc fa; ba
tax mujug nit kooku mooy
yées njàlbéenam.»

27 Bi Yeesu di wax loolu,
jenn jigéen yékkati baatam
ca biir mbooloo ma ne: «Céy
jigéen ji la ëmb te nàmpal
la moo barkeel!» 28 Waaye
Yeesu ne ko: «Neel kay,
ki barkeel mooy kiy déglu
kàddug Yàlla te di ko topp.»

*Firndeg yonent Yàlla Yunus*

29 Naka la mbooloo may
gëna takku, Yeesu ne: «Niti
jamono jii dañoo bon. Ñu
ngi laaj firnde, waaye duñu
jot genn firnde gu dul firn-
deg Yunus. 30 Ndaxte ni
Yunus nekke woon firnde
ci waa dëkku Niniw, noonu
la Doomu nit kiy nekke
firnde ci niti jamono jii.
31 Keroog bés pénc buur bu
jigéen, ba dëkkoon ca sudd,
dina jógandoo ak niti ja-
mono jii, yey leen; ndaxte
dafa jóge ca catul àddina,
ngir déglu xam-xamu Suley-
maan, te ku sut Suleymaan
a ngi fi. 32 Te it ca bés
pénc, waa dëkku Niniw di-
nañu jógandoo ak niti ja-
mono jii, yey leen, ndaxte
bi leen Yunus waaree, tuub
nañu seeni bàkkaar, te ku
sut Yunus a ngi fii.

*Léebu làmp bi*

33 «Kenn du taal làmp, ba
noppi di ko dugal cig kàmb,
walla di ci këpp leget. Daf
koy wékk, ngir mu leeral ñiy
dugg. 34 Bët mooy làmpu
yaram. Bu sa bët wéree,
kon sa yaram wépp leer.
Waaye bu sa bët woppee,
kon sa yaram wépp lëndëm.
35 Moytul ndax leer gi nekk
ci yaw du lëndëm. 36 Kon
bu sa yaram wépp nekkee
ci leer te amul genn wet
gu laal ci lëndëm, dina leer
nàññ, mel ni leeraayu làmp
ne ràyy ci sa kaw.»

*Yeesu yedd na Farisen yi ak xutbakat yi*

37 Bi Yeesu waxee ba
noppi, benn Farisen wax
ko, mu ñëw lekke këram.
Yeesu dugg ca kër ga, toog
ca lekkukaay ba. 38 Farisen
bi nag daldi jaaxle, bi mu
gisee ne Yeesu raxasuwul,
laata muy lekk. 39 Noonu
Boroom bi ne ko: «Waaw,
yéen Farisen yi, yéena ngi
setal bitib kaas bi ak ndab li,
waaye ci biir dangeena fees
ak càcc ak mbon! 40 Yéena
ñàkk xel! Xanaa du ki
defar biti moo defar biir
itam? 41 Sarxeleen li nekk
ci biir te seen lépp dina sell.

42 Yéen Farisen yi dingeen
torox! Ndaxte yéena ngi
sàkk asaka ci naana ak ru
ak léjum bu nekk, waaye
sàggane ngeen njubte ak
mbëggeel ci Yàlla. Loolu
ngeen wara def, waxuma
nag ngeen sàggane la ca des.
43 Yéen Farisen yi, dingeen
torox! Ndaxte ca jàngu ya,
toogu ya féete kanam ngeen
di taamu te bëgg ñépp di
leen nuyoo ñaari loxo ca
pénc ma. 44 Dingeen torox,
ndaxte dangeena mel ni ay
bàmmeel yu raaf, ba nit ñi
di ci dox te teyuñu ko.»

45 Kenn ci xutbakat yi ne
ca tonn ne: «Kilifa gi, boo
waxee loolu, yaa ngi nuy
xas, nun itam.» 46 Noonu
Yeesu neeti leen: «Yéen
itam xutbakat yi, dingeen
torox! Ndaxte dangeen
di sëf nit ñi say yu diis,
waaye dungeen nangoo laal
sëf bi sax ak seen cati
baaraam. 47 Dingeen torox,
ndaxte yéena ngi tabax
xabruy yonent, yi seeni
maam reyoon. 48 Dangeen di
seede noonu ne ànd ngeen
ak li seen maam defoon,
ndaxte ñoo rey yonent yi,
yéen ngeen tabax xabru yi.
49 Looloo tax Yàlla mi xam
lépp ne: "Dinaa leen yónnee
ay yonent ak ay ndaw. Ñenn
ñi dinañu leen fitnaal, rey
leen." 50 Kon nag Yàlla dina
mbugal niti jamono jii ndax
dereti yonent yi ñu tuur, ba
àddina sosoo ak léegi, 51 la
dale ca Abel ba ci Sakari,
moom mi ñu rey ci diggante
sarxalukaay bi ak bérab bu
sell bi. Waaw, maa ngi leen
koy wax, Yàlla dina mbugal
niti jamono jii ndax loolu.
52 Yéen xutbakat yi, dingeen
torox, ndaxte yéena yóbbu
caabiy xam-xam; dugguleen
ci, te ku ci bëgga dugg,
ngeen tere ko ko.»

53 Bi Yeesu génnee bérab
boobu, Farisen ya ak xut-
bakat ya ëmbal ko mer te
di ko seetlu ci fànn gu nekk,
54 di ko yeeru, bëgga këf
waxam bu awul yoon.

# 12

*Yeesu artu na taalibeem yi cig naaféq*

1 Gannaaw loolu, naka la
mbooloo ma dajaloo ba mat
ay junniy junniy nit, di tan-
cante, Yeesu tàmbalee wax
jëmale ca taalibeem ya ne
leen: «Moytuleen lawiiru
Farisen ya, li di naaféq.
2 Amul dara lu nëbbu lu
ñu warula biral, mbaa lu
kumpa lu ñu warula siiwal.
3 Looloo tax lu ngeen wax ci
biir lëndëm, dees na ko dégg
ci leer. Lu ngeen déey nit ci
biir néeg, dees na ko yégle
ci kaw taax yi.

4 «Maa ngi leen koy wax,
samay xarit, buleen ragal
ñu mana rey yaram, ba
noppi dootuñu mana def
dara. 5 Dinaa leen wax
nag ki ngeen wara ragal:
ragal-leen ki nga xam ne bu
reyee ba noppi, am sañ-sañu
sànni ca sawara. Waaw,
maa ngi leen koy wax, ragal-
leen kooku. 6 Juróomi
picci ramatu, ndax duñu
ko jaay ci ñaari dërëm?

Moona Yàlla fàttewul benn
ci ñoom. 7 Seen kawari bopp
sax waññees na leen. Kon
buleen ragal dara, yéena gën
ndiiraanu ramatu.

8 «Te maa ngi leen koy
wax, képp ku ma nangu ci
kanam nit ñi, Doomu nit
ki dina la nangu ci kanam
malaakay Yàlla yi. 9 Waaye
ku ma gàntu ci kanam nit
ñi, dinañu la gàntu ci kanam
malaakay Yàlla yi. 10 Ku
sosal Doomu nit ki, dinañu
la baal, waaye kuy sosal Xel
mu Sell mi, duñu la ko baal.

11 «Bu ñu leen yóbboo ca
jàngu ya, ca kanam kilifa ya
ak àttekat ya, buleen am xel
ñaar ci li ngeen wara tontu
ak nan ngeen wara tontoo,
walla lu ngeen wara wax,
12 ndaxte Xel mu Sell mi dina
leen xamal ca waxtu woowa
li ngeen wara wax.»

*Léebu nit ku ñàkk xel ki*

13 Am ca mbooloo ma ku
ne Yeesu: «Kilifa gi, joxal
ndigal sama mag, mu sédd
ma ci sunu ndono.» 14 Yeesu
ne ko: «Sama waay, kan
moo ma fal àttekat ci seen
kaw, walla mu teg ma fi, ma
di leen séddaleel seen alal?»
15 Noonu mu ne leen ñoom
ñépp: «Moytuleen bëgge,
ndaxte bakkanu nit ajuwul
ci alalam, ak lu mu baree
bare.»

16 Noonu mu dégtal leen
wii léeb ne: «Dafa amoon
waa ju bare alal, te ay
toolam nangu lool, 17 muy
werante ci xelam naan: “Nu
ma wara def? Ndaxte am-
atuma fu ma dajale sama
ngóob mi.” 18 Noonu mu
ne: “Nii laay def: daaneel
sama sàq yi, defaraat yu
gëna réy, ba man cee dajale
sama dugub ji ak sama am-
am bépp. 19 Te dinaa kañ
sama bopp ne: ‘Yaw mii, am
nga alal ju bare ju mana dem
ay ati at; noppalal sa yaram,
di lekk, di naan, tey bég.’ ”
20 Waaye Yàlla ne ko: “Ñàkk
xel! Guddig tey, dees na jël
sa bakkan. Kon li nga dajale
lépp, ku koy moom?”

21 «Kiy dajale alal ngir
boppam nag te amul dara ca
kanam Yàlla, lu mel nii moo
lay dal.»

*Wóolu Yàlla*

22 Noonu Yeesu daldi
ne taalibeem yi: «Loolu
moo tax maa ngi leen koy
wax, buleen seen bakkan
jaaxal, ci lu ngeen wara
lekk. Buleen jaaxle it ngir
seen yaram ci lu ngeen
wara sol, 23 ndaxte bakkan
moo gën lekk, te yaram a
gën koddaay. 24 Seetleen
baaxoñ yi: duñu ji, duñu
góob, amuñu dencukaay,
amuñu sàq, teewul Yàllaa
ngi leen di dundal. Céy
ni ngeen ëppe maana picc
yi! 25 Ana kan ci yéen ci
kaw njaaxleem, moo mana
yokk waxtu ci àppam? 26 Su
fekkee lu tuuti loolu rekk
manuleen koo def, kon lu
tax ngeen di jaaxle ci li ci
des?

27 «Seetleen ni tóor-tóori
ñax mi di saxe. Duñu
liggéey, duñu ëcc, waaye
maa ngi leen di wax ne
Suleymaan sax ci ndamam
soluwul woon ni benn ci
ñoom. 28 Yéen ñi néew
ngëm! Bu Yàlla woddee nii

ñaxum tool yi, miy sax tey,
te bu subaa ñu def ko ci taal
bi, ndax du leen gëna wodd?
29 Buleen di wut lu ngeen di
lekk walla lu ngeen di naan;
te buleen ci jaaxle. 30 Ndaxte
loolu lépp, ñi xamul Yàlla
ñoo koy wut. Te seen Baay
xam na ne soxla ngeen ko.
31 Waaye wutleen nguuram,
te loolu lépp dina leen ko ci
dollil.

32 «Buleen ragal dara,
yéen coggal ju ndaw ji,
ndaxte dafa soob seen
Baay, mu jagleel leen
nguuram. 33 Jaayleen seen
alal, sarxe ko, ngir sàkku ay
mbuusi xaalis yu dul bënn,
maanaam alal ju dul jeex ca
laaxira; foofa sàcc du ko jege
te max du ko yàq. 34 Ndaxte
fu sa alal nekk, fa la sa xol
nekk itam.

*Farlu gi*

35 «Takkuleen bu dëgër te
bàyyi làmp yi tàkk. 36 Mel-
leen ni ay surga yuy xaar
seen njaatige buy jóge ca
céet ga, ndax bu fëggee
bunt ba, ñu ubbil ko ca
saa sa. 37 Surga yooyee
seen njaatige fekkul ñuy
nelaw, ba mu agsee, ñoo
gëna yeyoo ngërëm. Ci
dëgg maa ngi leen koy wax,
njaatige bi dina sol yérey
waañ, wax leen ñu toog lekk,
ba noppi indil leen ñam wi.
38 Su fekkee seen njaatige
ci xaaju guddi lay ñëw sax,
walla bu suuf seddee, te fekk
leen noonu, surga yooyu
ñoo gëna yeyoo ngërëm.
39 Waaye xamleen lii: bu
boroom kër gi xamoon ban
waxtu la sàcc bi di ñëw,
du ko bàyyi, mu toj këram.
40 Yéen itam taxawleen jonn,
ndaxte Doomu nit ki dina
ñëw ci waxtu wu ngeen ko
séenuwul.»

41 Piyeer ne Yeesu: «Bo-
room bi, ndax dangay dégtal
léeb wii ngir nun rekk
walla ngir mbooloo mépp?»
42 Boroom bi ne ko: «Kan
moo nekk surga bu takku te
teey, bu njaatigeem teg ci
waa kër gi, ngir mu leen di
dundal ci jamono ji? 43 Bu
njaatigeem ñëwee te gis mu
def noonu, surga boobu dina
am ngërëm. 44 Ci dëgg maa
ngi leen koy wax, njaatige bi
dina ko teg ci alalam jépp.
45 Waaye su fekkee surga
ba da ne ci xelam: “Sama
njaatige day yéexa ñëw,” ba
tax mu tàmbalee dóor surga
ya ca des ak mbindaan ya,
di lekk te di naan, di màndi,
46 kon njaatige ba dina ñëw
ci bés bu mu ko séenuwul ak
waxtu wu mu xamul. Dina
ko dóor ay dóor yu metti, jox
ko añub ñi gëmul Yàlla.

47 «Surga bi xam bëgg-
bëggu njaatigeem, te waajul
mbaa mu takku def ko, di-
nañu ko dóor dóor yu metti.
48 Waaye surga bi xamul
bëgg-bëggu njaatigeem, te
def lu yelloo ay dóor, dinañu
ko dóor dóor yu néew. Ku
ñu jox lu bare dees na la
feyeeku lu bare. Ku ñu dénk
lu bare, dees na la laajaat lu
ko ëpp.

*Jàmm walla féewaloo ci biir nit ñi*

[49] «Damaa ñëw ngir indi
sawara si ci àddina, te
bëgg naa xaat taal bi tàkk.
[50] Fàww ñu sóob ma ci metit,
te ba looluy mat, duma
noppalu. [51] Ndax dangeena
xalaat ne damaa ñëw ngir
indi jàmm ci àddina?
Déedéet. Maa ngi leen koy
wax, damaa ñëw ngir indi
féewaloo. [52] Gannaaw-si-
tey, bu juróomi nit bokkee
genn kër, dinañu féewaloo.
Ñett dinañu féewaloo ak
ñaar ñi ci des, ñaar ñi
féewaloo ak ñett ñooñu.
[53] Baay dina féewaloo ak
doom, doom ak baayam.
Ndey dina féewaloo ak
doomam ju jigéen; doom ju
jigéen ji ak ndeyam. Goro
dina féewaloo ak soxnas
doomam; soxnas nit ak
goroom.»

*Lan mooy jamonoy tey jii*

[54] Yeesu neeti mbooloo
ma: «Bu ngeen gisee mu xiin
ci sowu, dangeen naan ca
saa sa: “Dina taw,” te mooy
am. [55] Te bu ngeen yégee
ngelaw liy uppe sudd, ngeen
ne: “Dina tàng tàngaay
wu metti,” te mooy am.
[56] Naaféq yi ngeen doon!
Man ngeena ràññee melow
asamaan ak suuf, waaye lu
tax manuleena ràññee li ja-
monoy léegi ji di tekki?

[57] «Lu tax it dungeen
àtteel seen bopp liy jëf ju
jub? [58] Bu la nit jiiñee
dara, ba ngeen ànd di dem
ca àttekat ba, nanga fexee
juboo ak moom ci yoon wi.
Lu ko moy, dina la yóbbu
ci yoon, yoon jébbal la ca
loxoy alkaati ba, mu tëj la.
[59] Maa ngi la koy wax, doo
génn foofa mukk te feyuloo
fiftin bi ci mujj.»

# 13

*Ku tuubul bàkkaaram, sànku*

[1] Ca jamono jooju ay
nit ñëw ca Yeesu, nettali
mbirum waa Galile, ya
Pilaat reylu woon, jaxase
seen deret ak dereti mala,
yi ñu rendi woon, jébbal
leen Yàlla. [2] Mu ne leen:
«Mbaa du dangeena xalaat
ne, waa Galile yooyu dañoo
gëna nekk bàkkaarkat ña
ca des, ndax coono bi ñu
daj? [3] Maa ngi leen di wax
ne du dëgg. Waaye su
ngeen tuubul seeni bàkkaar,
dingeen sànku noonu, yéen
ñépp itam. [4] Te fukki nit
ak juróom ñett ñooñu dee,
bi taaxum kaw ma ca goxu
Silowe daanoo ci seen kaw,
ndax dangeena yaakaar ne
ñoo gëna nekk ay tooñkat
ñeneen ñi dëkk Yerusalem
yépp? [5] Maa ngi leen di
wax ne du dëgg. Waaye su
ngeen tuubul seeni bàkkaar,
dingeen sànku noonu, yéen
ñépp itam.»

[6] Noonu mu daldi leen wax
léeb wii: «Nit amoon na
ci toolam garab gu ñu naan
figg. Benn bés mu ñëw
di ko raas-si, fekku fa benn
doom. [7] Noonu mu ne surga
ba: “Ñetti at a ngii may
ñëw di raas-si garab gii te
duma ci fekk dara. Gor ko.
Lu tax muy xatal tool bi?”
[8] Surga ba ne ko: “Sang

bi, bàyyiwaat ko fi at mii.
Dinaa wàqi taat wi, def ci
tos. 9 Xëy na dina meññi. Bu
ko deful, nga gor ko.”»

### *Yeesu faj na jigéen ju xuuge ci bésub noflaay bi*

10 Benn bésub noflaay
Yeesoo ngi doon jàngle ci ab
jàngu. 11 Amoon na fa jigéen
ju rab jàppoon, ba feebarloo
ko lu wara mat fukki at ak
juróom ñett; dafa xuuge
woon te manul woona siggi
dara. 12 Bi ko Yeesu gisee,
mu woo ko ne ko: «Soxna si,
sa feebar deñ na.» 13 Noonu
mu teg ko ay loxoom, soxna
sa siggi ca saa sa, di màggal
Yàlla. 14 Waaye njiitu jàngu
ba mer, ndax li Yeesu fajoon
nit ca bésub noflaay ba,
mu ne mbooloo ma: «Am
na juróom benni fan yu
nit ñi wara liggéey. Kon
war ngeena ñëw faju ci bés
yooyu, waaye du ci bésub
noflaay bi.» 15 Boroom bi ne
ko: «Naaféq yi! Ndax bésub
noflaay bi, kenn ku nekk ci
yéen du yiwee ca gétt ga
yëkkam walla mbaamam
ngir wëggi ko? 16 Jigéen
jii nag bokk ci askanu
Ibraayma te Seytaane tënk
ko fukki at ak juróom ñett,
ndax kenn waru koo yiwi ci
bésub noflaay bi?»
17 Naka la wax loolu,
noonam yépp daldi rus,
waaye mbooloo mi di bég
ci jëf yu yéeme, yi mu doon
def yépp.

### *Léebu doomu fuddën gi*

18 Noonu Yeesu neeti:
«Lan la nguuru Yàlla di
nirool? Lan laa ko mana
méngaleel? 19 Mi ngi mel
ni doomu fuddën gu nit jël,
ji ko ci toolam. Mu sax, nekk
garab, ba picci asamaan
ñëw, tàgg ciy caram.»

### *Léebu lawiir bi*

20 Mu neeti: «Lan laa
mana méngaleek nguuru
Yàlla? 21 Mi ngi mel ni lawiir
bu jigéen jël, jaxase ko ak
ñetti andaari fariñ, ba kera
tooyal bépp di funki.»

### *Bunt bu xat bi*

22 Yeesoo ngi doon jaar
ci ay dëkk yu mag ak yu
ndaw, di jàngle te jublu
Yerusalem. 23 Am ku ko
ne: «Boroom bi, ndax ñiy
mucc ñu néew lay doon?»
Yeesu ne leen: 24 «Defleen
seen kem kàttan, ngir dugg
ci bunt bu xat bi, ndaxte maa
ngi leen koy wax, ñu bare
dinañu jéema dugg, waaye
duñu ko man. 25 Jamono
dina ñëw, ju boroom kër gi
di jóg, tëj buntam. Dingeen
nekk ci biti di fëgg naan:
“Boroom bi, ubbil nu!” Mu
ne leen: “Xawma fu ngeen
bokk.” 26 Bu ko defee ngeen
naan: “Noo doon bokk di
lekk ak a naan, te jàngle
nga ci sunuy pénc.” 27 Mu
ne leen: “Nee naa leen
xawma fu ngeen bokk. Yéen
ñépp soreleen ma, defkati lu
bon yi!” 28 Foofa dingeen
jooy, di yéyu, bu ngeen
gisee seeni maam Ibraayma,
Isaaxa, Yanqóoba ak yonent
yépp ci nguuru Yàlla, te ñu
dàq leen ca biti. 29 Ay nit
dinañu jóge penku ak sowu,
nor ak sudd, ñëw, bokk lekk

ci ñam, yi Yàlla di joxe ci
nguuram. 30 Noonu ñenn ci
ñi mujj ñooy jiituji; te ci ñi
jiitu, ñooy mujji.»

### *Dinañu yàq Yerusalem*

31 Ca jamono jooja ay
Farisen ñëw ca Yeesu ne
ko: «Jógeel fii, dem feneen,
ndaxte Erodd a ngi lay wuta
rey.» 32 Noonu mu ne leen:
«Demleen ne bukki boobu
ne ko: “Xoolal, maa ngi dàq
rab yi tey wéral nit ñi tey
ak suba. Ca ñetteelu fan ba,
ma àgg fa ma Yàlla jëmale.”
33 Waaye fàww ma dox sama
itte tey, suba ak gannaaw
suba, ndaxte wareesula reye
ab yonent feneen fu dul
Yerusalem.
34 «Yerusalem, Yerusalem,
yaw miy rey yonent yi, tey
sànni ay doj ndaw yi, ba
ñu dee, aka maa bëggoona
dajale say doom, ni ginaar
di uufe ay cuujam te nan-
guwuleen! 35 Kon nag Yàlla
dina bërgël seen kër. Te maa
ngi leen koy wax, dungeen
ma gisati, ba kera ngeen ne:
“Yaw miy ñëw ci turu Bo-
room bi, ku barkeel nga!”»

## 14

### *Yeesu ca kërug Farisen*

1 Benn bésub noflaay
Yeesu dem ci këru benn
kilifag Farisen yi, ngir lekke
fa. Nit ñaa ngi ko doon
xool bu baax. 2 Faf am ca
kanamam nit ku feebaroon,
ay tànkam newi. 3 Yeesu
yékkati baatam, ne xutbakat
ya ak Farisen ya: «Ndax
jaadu na, nu faj ci bésub
noflaay bi?»
4 Waaye ñépp ne cell.
Yeesu daldi laal jarag ja, faj
ko, ba noppi ne ko mu ñibbi.
5 Gannaaw loolu mu ne leen:
«Ku sa doom walla sa yëkk
daanu ci teen, ndax doo dem
génneji ko ca saa sa, fekk sax
bésub noflaay la?» 6 Amuñu
woon dara lu ñu ciy teg.

7 Yeesu gis ni gan yi
doon tànne toogu yu yiw
yi, mu daldi leen wax léeb
wii: 8 «Bu ñu la wooyee
ci xewu céet, bul jël toogu
bu yiw. Man na am woo
nañu it nit ku la ëpp daraja.
9 Kon ki leen woo yéen ñaar
ñépp man na ñëw ci yaw
ne la: “Joxal toogu bi nit
kii.” Noonu dinga rusa
dem ca toogu bu gannaawe
ba. 10 Waaye bu ñu la
wooyee, demal ca toogu bu
gannaawe ba. Bu ko defee
ki la woo, bu agsee ne la:
“Sama xarit, àggal ca kaw.”
Loolu dina la sagal ci ñi
nga toogandool ci lekkukaay
bi. 11 Ndaxte képp kuy
yékkatiku dees na la suufeel,
te kuy suufeelu, ñu yékkati
la.»

12 Noonu Yeesu ne ki ko
woo woon lekk: «Boo dee
woote añ walla reer, bul
woo rekk say xarit, say
doomi ndey, say bokk, walla
say dëkkandoo yu am alal.
Lu ko moy ñooñu itam di-
nañu la woo, fey la bor
bi. 13 Waaye boo dee woote
lekk, wool néew doole yi,
làggi yi, lafañ yi ak gumba
yi. 14 Soo ko defee, dinga
barkeel, ndaxte duñu la ko
mana fey, waaye dinga jot

sag pey, bés bi ñi jub di
dekki.»

*Léebu ñiy jégglu ci ngan gi*

15 Bi mu déggee wax
yooyu, kenn ca gan ya ne
Yeesu: «Kiy lekk ci ñam,
yi Yàlla di joxe ci nguuram,
barkeel nga!» 16 Yeesu ne
ko: «Dafa amoon nit ku
togglu ay ñam, woo ay nit ñu
bare. 17 Bi waxtuw lekk jotee
mu yónni surga ca ña muy
ganale, fàttali leen: “Man
ngeena ñëw, ndaxte lépp
sotti na léegi.”

18 «Waaye ñu tàmbali di
jégglu ci ngan gi ñoom
ñépp. Ku jëkk ka ne ko:
“Damaa jënd tool léegi, te
fàww ma dem seeti ko. Maa
ngi lay ñaan, nga jéggal
ma.” 19 Keneen ne: “Damaa
jënd léegi fukki yëkk, te
damay dem nii, jéem leena
beyloo ba xam. Maa ngi
lay ñaan, nga jéggal ma.”
20 Keneen ne ko: “Damay
sooga takk jabar, looloo tax
duma mana ñëw.”

21 «Surga ba dellu ca
njaatigeem nettali ko loolu
lépp. Noonu boroom kër
ga mer, daldi ne surga ba:
“Demal gaaw ca pénc ya ak
ca mbedd ya ca dëkk ba, te
indil ma fii néew doole yi, ñu
làggi ñi, gumba yi ak lafañ
yi.”

22 «Surga ba ñëwaat ne
ko: “Sang bi, def naa li nga
ma sant, waaye bérab bi
feesul.” 23 Noonu njaatige ba
ne ko: “Génnal dëkk bi te
dem ca yoon ya ak ca tool
ya, xiir nit ñi, ñu duggsi, ngir
sama kër fees. 24 Maa ngi
leen koy wax, ci ñi ma woo
woon ci sama reer bi, kenn
du ci ñam.”»

*Ab taalibe war na dëddu lépp, topp Yeesu*

25 Am mbooloo yu réy yu
toppoon ci Yeesu, ba muy
dem ca yoon wa. Mu
geestu ne leen: 26 «Képp
ku ñëw ci man te gënalu
ma ko baayam, yaayam,
soxnaam, ay doomam, ay
magam ak ay rakkam, walla
sax bakkanam, du mana
nekk sama taalibe. 27 Képp
koo xam ne nanguwuloo
ñàkk sa bakkan, ba mel
ni ku ñu daaj ci bant, te
nga topp ma, doo mana
nekk sama taalibe. 28 Su
kenn ci yéen bëggee tabax
taaxum kaw, ndax du jëkka
toog, xalaat ñaata la ko
wara dikke, ngir seet ba
xam ndax am na xaalis
bu mana àggale liggéey bi?
29 Lu ko moy, su yékkatee
fondamaa bi te manu koo
àggale, ñi koy gis dinañu ko
ñaawal, naan ko: 30 “Waa jii
dafa tàmbalee tabax, waaye
manu koo àggale.” 31 Walla
boog ban buur mooy dugg
ci xare ak beneen buur
te jëkkula toog, seet ba
xam moom ak fukki junniy
xarekat man na xeex ak kiy
ñëw ak ñaar fukki junniy
xarekat? 32 Su ko manul,
dafay yónni ndaw ca be-
neen buur ba, fi ak ma ngay
sore, ngir ñu juboo. 33 Naka
noonu itam ku nekk ci yéen,
bu dëdduwul li mu am lépp,
du mana nekk sama taalibe.

34 «Xam ngeen nag ne
xorom lu baax la, waaye bu
sàppee, nan lañu koy delloo
cafkaam? 35 Du jariñ suuf, te
du nekk tos. Dañu koy sànni
ca biti. Déglul bu baax, yaw
mi am ay nopp.»

# 15

*Léebu xar mu réer ma*

1 Ay juutikat ak ay boroom
bàkkaar daan jegesi Yeesu
ngir déglu ko. 2 Farisen ya
ak xutbakat ya di ñurumtu
naan: «Waa jii mi ngi
nangoo nekk ak ay boroom
bàkkaar ak a lekkandook
ñoom!» 3 Noonu Yeesu
daldi leen wax léeb wii
ne leen: 4 «Kan ci yéen
soo amoon téeméeri xar,
te benn réer ci, nooy def?
Ndax doo bàyyi ca parlukaay
ba juróom ñeent fukki xar
ya ak juróom ñeent, toppi
ma réer, ba gis ko? 5 Te
boo ko gisee, dinga ko gàddu
ak bànneex, yóbbu ko kër
ga. 6 Boo àggee ca kër
ga, dinga woo say xarit
ak say dëkkandoo ne leen:
“Kaayleen bànneexu ak
man, ndaxte gis naa sama
xar ma réeroon.”
7 «Maa ngi leen di wax
lii: ci noonule, dina am
mbég ci asamaan, bu
benn bàkkaarkat tuubee
ay bàkkaaram. Te mbég
moomu mooy ëpp mbég, mi
fay am, ngir juróom ñeent
fukk ak juróom ñeent ñu
jub, te soxlawuñoo tuub
seeni bàkkaar.

*Léebu xaalis bu réer ba*

8 «Te it bu jigéen dencoon
fukki libidoor, benn réer ca,
nu muy def? Ndax du taal
ab làmp, bale kër ga, seet
fu nekk, ba gis ko? 9 Bu
ko gisee, dina woo ay xari-
tam ak ay dëkkandoom ne
leen: “Kaayleen bànneexu
ak man, ndaxte gis naa sama
alal ja réeroon.” 10 Maa ngi
leen di wax lii: ci noonule
la malaakay Yàlla yi di ame
mbég ci benn bàkkaarkat
bu tuubee ay bàkkaaram.»

*Doom ju réer ja*

11 Yeesu dellu ne leen:
«Dafa amoon góor gu am
ñaari doom. 12 Benn bés
caat ma ne baay ba: “Baay,
damaa bëggoon, nga jox ma
li may wara féetewoo ci
ndono li.” Noonu baay ba
daldi leen séddale alalam.
13 Ay fan yu néew gannaaw
gi, caat ma fab yëfam yépp,
dem ca réew mu sore, yàq
fa alalam ci topp nafsoom.
14 Bi mu sànkee alalam jépp,
xiif bu metti dal ca réew ma,
mu tàmbalee ñàkk. 15 Mu
dem nag, di liggéeyal ku
dëkk ca réew ma, kooku
yebal ko ca ay toolam ngir
mu sàmm mbaam-xuux ya.
16 Mu xiif ba bëgga lekk
ca ñamu mbaam-xuux ya,
ndaxte kenn mayu ko dara.
17 Mujj xelam délsi, mu ne:
“Sama baay am na ay surga
yu bare, te dañuy lekk ba
suur. Man nag maa ngi fii di
bëgga dee ak xiif! 18 Damay
jóg, dem ca sama baay ne
ko: ‘Baay, tooñ naa Yàlla,
tooñ naa la; 19 yeyootumaa

nekk sa doom; boole ma ci
say surga.’ ”
20 «Mu daldi jóg, jëm kër
baayam. Waaye bi muy
soreendi kër ga, baayam
séen ko, yërëm ko, daldi
daw laxasu ko, fóon ko.
21 Doom ja ne ko: “Baay,
tooñ naa Yàlla, tooñ naa la;
yeyootumaa nekk sa doom.”
22 Waaye baay ba ne ay
surgaam: “Gaawleen indi
mbubb, mi gëna rafet, solal
ko ko. Te ngeen roof ab
jaaro ci loxoom te solal ko
ay dàll. 23 Indileen sëllu wu
duuf wa te rey ko, nu lekk
te bànneexu; 24 ndaxte sama
doom jii dafa dee woon te
dundaat na, dafa réeroon
te feeñ na.” Noonu ñu
tàmbalee bànneexu.
25 «Fekk booba taaw baa
nga woon ca tool ya. Bi mu
ñëwee, ba jub kër ga, mu
dégg ñuy tëgg, di fecc. 26 Mu
daldi woo kenn ca surga ya
nag, laaj ko lu xew. 27 Mu
ne ko: “Sa rakk moo délsi,
te sa baay rey na sëllu wu
duuf wa, ndaxte ñibsi na ci
jàmm.”
28 «Ci kaw loolu taaw ba
daldi mer, baña dugg ca kër
ga. Baayam daldi génn, ngir
ñaan ko mu dugg. 29 Waaye
taaw ba wax baayam ne
ko: “Seetal ñaata at laa
la liggéeyal, mel ni jaam,
te masumaa moy sa ndi-
gal, waaye yaw, masuloo
ma may sax tef, ngir ma
bànneexu, man ak samay
xarit. 30 Waaye bi sa doom
jii dikkee, moom mi yàq sa
alal ci ndoxaan, reyal nga ko
sëllu wu duuf wi.” 31 Noonu
baay bi ne ko: “Sama doom,
yaa ngi ak man bés bu nekk,
te li ma am lépp, yaa ko
moom. 32 Waaye war nanoo
bànneexu te bég, ndaxte sa
rakk jii dafa dee woon te
dundaat na, dafa réeroon te
feeñ na.”»

# 16

*Léebu bëkk-néeg bu njublaŋ bi*

1 Yeesu neeti ay taalibeem:
«Benn boroom alal moo
amoon bëkk-néeg bu ñu jiiñ
ne dafay pasar-pasaree alal
ji. 2 Waa ja woo ko ne ko: “Li
may dégg ci yaw mooy lan?
Leeralal ma ni nga liggéeye
ak sama alal, ndaxte dootoo
nekkati sama bëkk-néeg.”
3 «Bëkk-néeg bi di xalaat
naan: “Nu may def nag,
segam sama njaatige dafa
may dàq ci liggéey bi mu
ma joxoon? Dem beyi?
Awma kàttanam. Yelwaani?
Rus naa ko. 4 Xam naa ni
may def, ba su ma ñàkkee
sama liggéey, ay nit fat
ma.” 5 Noonu mu daldi
woolu kenn ku nekk ca
ña ameeloon njaatigeem
bor. Ka jëkka ñëw, mu
ne ko: “Ñaata nga ameel
sama njaatige?” 6 Mu
ne ko: “Téeméeri bidoŋi
diwu oliw.” Bëkk-néeg ba
ne ko: “Sa kayit a ngii.
Toogal fii gaaw te bind
juróom fukk.” 7 Mu neeti
keneen: “Yaw nag, ñaata
nga ko ameel?” Mu ne ko:
“Téeméeri saakuy pepp.”
Bëkk-néeg ba ne ko: “Sa
kayit a ngii. Bindal juróom

ñett fukk.” 8 Njaatige ba
nag daldi naw ni bëkk-néeg
bu njublaŋ boobu muuse
woon. Ndaxte ñi bokk ci
àddina ñoo gëna muus ci
li ñu jote ci seen diggante
ak seen moroom, ba raw ñi
bokk ci leeru Yàlla.»
9 Yeesu teg ca ne:
«Maa ngi leen di wax lii:
sàkkuleen ay xarit jaare ko
ci alalu àddina, ngir bu alal
nekkatul, ñu man leena fat
ca dal yu sax ya. 10 Nit ku
maandu ci yëf yu néew, dina
maandu itam ci yu bare.
Ku jubadi ci yëf yu néew,
du jub ci yu bare. 11 Su
fekkeente ne nag jubuleen ci
alalu àddina, kon ku leen di
dénk alal ju wóor ji? 12 Te su
ngeen maanduwul ci alal ji
ngeen moomul, kon ku leen
di jox alal ji ngeen moom?
13 «Benn jaam manula
jaamoondoo ñaari sang;
fàww nga bañ kii, bëgg ki ci
des, walla nga jàpp ci kenn
ki, xeeb ki ci des. Manuleena
boole jaamu Yàlla ak jaamu
Alal.»
14 Farisen yi déglu li Yeesu
doon wax lépp, tàmbali
di ko reetaan, ndaxte
ñu bëggoon xaalis lañu.
15 Waaye Yeesu ne leen:
«Yéen yéena ngi fexee jub
ci kanam nit ñi waaye Yàlla
xam na seen xol. Ndaxte li
nit ñiy fonk, Yàlla sib na ko.
16 «Yoonu Musaa wi ak
waxi yonent yi ñu ngi fi
woon ba kera Yaxya di ñëw.
La ko dale foofa nag, yégle
nañu xibaaru jàmm bi ci
nguuru Yàlla, te ñépp a ngi
góor-góorlu, ngir dugg ci.
17 Waaye nag asamaan ak
suuf jóge fi moo gëna yomb
randal wenn rëdd ci arafu
yoonu Musaa.
18 «Ku fase sa soxna, ba
noppi takk keneen, njaaloo
nga, te ku takk jigéen ju
jëkkëram fase, njaaloo nga.

*Boroom alal ji ak Lasaar*

19 «Dafa amoon boroom
alal juy sol yére yu rafet
te jafe, tey dund bés bu
set dund gu neex. 20 Fekk
miskin mu ñuy wax Lasaar
daan tëdd ca buntu këram,
fees dell ak ay góom, 21 te
bu sañoon, di lekk ci desiti
ñam wiy rot ci lekkukaayu
boroom alal ji. Xaj yi sax
daan nañu ñëw, di mar ay
góomam.
22 «Noonu miskin ma dee,
malaaka yi yóbbu ko ca
wetu Ibraayma. Boroom
alal ja itam dee, ñu suul
ko. 23 Bi ñu koy mbugal ca
sawara, mu téen, séen fu
sore Ibraayma ak Lasaar ci
wetam. 24 Noonu mu yu-
uxu ne: “Maam Ibraayma,
yërëm ma! Yebalal Lasaar,
mu sëpp catul baaraamam
ci ndox, seralal ma sama
làmmiñ, ndaxte maa ngi
sonn lool ci sawara sii!”
25 Ibraayma ne ko: “Sama
doom, fàttalikul ne jot nga
sa bànneex ci àddina, fekk
Lasaar dëkk ci tiis. Looloo
tax xolam sedd fii, yaw nag,
ngay sonn. 26 Rax-ca-dolli it
am na kàmb gu xóot sunu
diggante ak yéen, ba tax ñi
bëgga jóge fii jëm ci yéen,
walla ñi bëgga jóge foofu
jëmsi ci nun, duñu ko man.”

27 «Noonu boroom alal
ja ne: “Kon nag maam,
maa ngi lay ñaan, nga
yebal Lasaar ca sama kër
baay, 28 ndaxte am naa
fa juróomi rakk. Na leen
artu, ngir ñu baña ñëw
ñoom itam ci bérabu metit
wii.” 29 Ibraayma ne ko:
“Say doomu baay, ñu ngeek
yoonu Musaa ak téerey
yonent yi. Nañu leen
déggal.” 30 Boroom alal
ja ne ko: “Déedéet, maam
Ibraayma, waaye su kenn
dekkee, dem ca ñoom,
dinañu tuub seeni bàkkaar.”
31 Waaye Ibraayma ne ko:
“Su ñu dégluwul Musaa ak
yonent yi, kon ku dekki sax,
du tax ñu gëm.”»

# 17

### *Bàkkaar, ngëm, ak warugaru jaam*

1 Yeesu waxaat ay taal-
ibeem ne leen: «Fiir yuy
yóbbe nit bàkkaar manta
ñàkk, waaye toroxte dal na
ki koy lal. 2 Ñu takk doj
wu réy ci baatam, sànni ko
ci géej moo gën ci moom
muy daaneel ci bàkkaar
kenn ci ñi gëna tuuti ci ñii.
3 Wottuleen seen bopp.

«Bu sa mbokk tooñee,
yedd ko. Bu réccoo, baal
ko. 4 Te su la tooñee juróom
ñaari yoon ci bés bi, te ñëw
ci yaw juróom ñaari yoon ne
la: “Tuub naa ko,” nanga ko
baal.»

5 Ndaw ya wax Boroom bi
ne ko: «Yokkal sunu ngëm.»
6 Boroom bi ne leen: «Su
ngeen amee ngëm gu tuuti
sax niw peppu fuddën, kon
dingeen mana ne garab gii:
“Buddeekul, dem jëmbëtu
ca géej ga,” te dina def li
ngeen wax.

7 «Kan ci yéen bu amoon
surga bu beyi walla bu
sàmmi ba ñëw, ndax dafa
ko naa: “Kaay lekk”?
8 Déedéet. Xanaa kay da
ko naan: “Defaral ma reer
bi. Takkul te tibbal ma, ba
ma lekk te naan, ba noppi
nga doora lekk te naan.” 9 Li
surga ba topp ndigal, ndax
tax na mu yelloo ngërëm?
Déedéet. 10 Noonu yéen
itam bu ngeen toppee li ñu
leen sant lépp ba noppi,
dangeena war ne: “Ay surga
rekk lanu. Sunu warugar
lanu def.”»

### *Yeesu faj na fukki gaana*

11 Bi muy dem Yerusalem
ba tey, Yeesu jaar ci dig
wiy xàjjale Samari ak Galile.
12 Bi muy jub benn dëkk,
fukki gaana ñëw, dogale ko.
Ñu taxaw dànd ko, di wax ca
kaw naan: 13 «Yeesu, kilifa
gi, yërëm nu!» 14 Naka la
leen Yeesu di gis, naan leen:
«Demleen won seen bopp
sarxalkat ya.»

Bi ñuy dem, ñu daldi
set. 15 Kenn ci ñoom gis
ne wér na, daldi dëpp, di
màggal Yàlla ak baat bu
xumb. 16 Mu dëpp jëëm ca
tànki Yeesu, di ko gërëm.
Fekk nitu Samari la woon.
17 Noonu Yeesu daldi ne:
«Xanaa du fukk yépp a wér?
Ana juróom ñeent ña nag?
18 Amul kenn ci ñoom ku
ñëw gërëm Yàlla ku dul

doxandéem bii!» 19 Noonu
Yeesu ne ko: «Jógal dem; sa
ngëm faj na la.»

*Li xew bu Doomu nit ki ñëwee*

20 Farisen yi laaj Yeesu ne
ko: «Kañ la Yàlla di tëral
nguuram?» Mu ne leen: «Bu
Yàlla di wàcce nguuram ci
nit ñi, kenn du ko mana teg
bët. 21 Duñu mana wax it ne:
“Xool-leen, mi ngi fii,” walla:
“Ma nga fale,” ndaxte ngu-
uru Yàlla wàcc na ci seen
biir.»
22 Noonu mu ne taalibe
ya: «Jamono dina ñëw, fu
ngeen di bëgga gis su doon
sax benn fan ci jamono ju
Doomu nit ki di ñëw, waaye
dungeen ko gis. 23 Dees na
leen ne: “Mi ngi fii!” walla:
“Ma nga fale!” Buleen dem,
mbaa ngeen di leen topp.
24 Ndaxte ni melax naan
ràyye ci asamaan, di leeral
gii wet, ba ca gee, noonu
it la Doomu nit ki di mel
ci bésam. 25 Waaye balaa
booba fàww mu sonn lool te
niti jamono jii dëddu ko.
26 «La xewoon ca bési
Nóoyin, dina xewaat ci bési
Doomu nit ki. 27 Nit ñaa ngi
doon lekk ak di naan, di jël
jabar ak a séyi, ba bés ba
Nóoyin duggee ca gaal ga.
Noonu mbënn ma ñëw, rey
leen ñoom ñépp.
28 «Dina mel it ni la xe-
woon ca bési Lóot. Nit ñaa
ngi doon lekk ak di naan, di
jënd ak di jaay, di ji ak di
tabax. 29 Waaye bés ba Lóot
génnee Sodom, Yàlla tawloo
sawara ak tamarax, rey leen
ñoom ñépp. 30 Noonu lay
mel, bés bu Doomu nit kiy
feeñ.
31 «Ca bés boobee ku
nekk ca kaw kër ga te
ay bagaasam nekk ca biir,
bumu wàcc jëli leen. Te
it ku nekk ca tool ya, bu
mu ñibbi. 32 Fàttalikuleen
soxnas Lóot! 33 Kuy wuta
rawale sa bakkan, dinga ko
ñàkk, waaye ku ko ñàkk,
dinga dund. 34 Maa ngi
leen koy wax: ca jamono
jooju, ñaar dinañu bokka
tëdd guddi, dees na yóbbu
kenn ki, bàyyi ka ca des.
35-36 Ñaari jigéen dinañu
wolandoo, dees na yóbbu
kenn ci, bàyyi ka ca des.»
37 Taalibe yi ne Yeesu: «Fu
loolu di xewe, Boroom bi?»
Yeesu ne leen: «Fa médd
nekk, la tan yiy dajee.»

# 18

*Léebu àttekat bi ak jigéen ju jëkkëram faatu*

1 Noonu Yeesu wax leen
itam léeb wii ngir xamal
leen ne war nañoo sax ci
ñaan te baña xàddi. 2 Nee
na: «Dafa amoon cib dëkk,
benn àttekat bu ragalul
Yàlla te faalewul mbindeef.
3 Amoon na itam ca dëkk ba
jigéen ju jëkkëram faatu ju
daan faral di ñëw ci moom,
naan ko: “Àtte ma ak sama
noon!” 4 Àttekat ba bañ lu
yàgg, waaye am bés mu ne
ci xelam: “Ragaluma Yàlla
te faalewuma mbindeef,
5 waaye jigéen jii lakkal na
ma; kon dinaa ko àtte, ngir
mu bañatee ñëw sonal ma.
Dina rey ak ay wax.”»

6 Boroom bi tegaat ca
ne: «Dégluleen bu baax li
àttekat bu bon boobu wax;
7 ndax Yàlla du àtte jub
mbooloom mi mu tànn te
ñu koy ñaan wall guddi ak
bëccëg? Ndax dina leen
xaarloo? 8 Maa ngi leen koy
wax, dina leen àtte jub ci
lu gaaw. Waaye bu Doomu
nit ki ñëwee, ndax dina fekk
ngëm ci àddina?»

*Léebu Farisen bi ak juutikat bi*

9 Yeesu waxaat léeb wii
nit, ñi foog ne jub nañu tey
xeeb ñi ci des. 10 Mu ne:
«Dafa amoon ñaari nit ñu
dem ca kër Yàlla ga, di ñaan.
Kenn ki ab Farisen la, ki
ci des juutikat. 11 Farisen
baa nga taxaw di ñaan ci
xelam naan: “Yaw Yàlla,
maa ngi lay sant ci li ma
melul ni ñeneen ñiy sàcc, di
def lu jubadi te di njaaloo,
rawatina juutikat bii. 12 Ayu-
bés gu nekk damay woor
ñaari yoon, di joxe asaka ci
lépp lu ma wut.”
13 «Juutikat ba moom,
ma nga taxaw fu sore te
bëggula siggi sax, xool ca
asamaan. Waaye ma ngay
fëgg dënnam te naan: “Yaw
Yàlla, yërëm ma, man miy
bàkkaarkat.”»
14 Yeesu teg ca ne: «Maa
ngi leen koy wax, nit kooku,
ba muy ñibbi këram, moom
la Yàlla àtte ni ku jub, waaye
du Farisen ba. Ndaxte képp
kuy yékkatiku dees na la
suufeel, te kuy suufeelu, ñu
yékkati la.»

*Liir yi*

15 Amoon na ay nit, ñuy in-
dil Yeesu ay liir, ngir mu teg
leen ay loxoom. Bi taalibe
ya gisee loolu, ñu gëdd leen.
16 Waaye Yeesu woo leen ne:
«Bàyyileen xale yi, ñu ñëw
ci man, te buleen leen tere,
ndaxte ñu mel ni ñoom ñoo
yelloo nguuru Yàlla. 17 Ci
dëgg, maa ngi leen koy wax,
ku woyoful ni xale, nangu
nguuru Yàlla, doo ci mana
dugg.»

*Njiitu Yawut bu bare alal*

18 Benn njiitu Yawut laaj
Yeesu ne ko: «Kilifa gu baax
gi, lu ma wara def, ba am
wàll ci dund gu dul jeex?»
19 Yeesu ne ko: «Lu tax nga
wooye ma ku baax? Yàlla
rekk a baax. 20 Xam nga
ndigal yi: “Bul njaaloo, bul
bóome, bul sàcc, bul seede
lu dul dëgg, teralal sa ndey
ak sa baay.”» 21 Njiit la ne
ko: «Loolu lépp sàmm naa
ko li dale ci sama ndaw ba
tey.» 22 Bi Yeesu déggee
loolu, mu ne ko: «Lenn rekk
moo la dese. Jaayal li nga am
lépp, séddale ko miskin yi te
dinga woomle ca asamaan;
boo noppee, nga ñëw topp ci
man.» 23 Bi nit ka déggee
loolu, mu am tiis, ndaxte ku
bare woon alal la. 24 Yeesu
xool ko, daldi ne: «Boroom
alal, dugg ci nguuru Yàlla, lu
jafee ngoogu! 25 Giléem jaar
ci bën-bënu puso moo gëna
yomb boroom alal dugg ci
nguuru Yàlla.» 26 Ñi doon
déglu daldi ne: «Kon nag
ku mana mucc?» 27 Yeesu
ne leen: «Li të nit ñi, tëwul
Yàlla.»

28 Noonu Piyeer ne: «Nun
de, dëddu nanu li nu am
lépp, topp la.» 29 Yeesu ne
leen: «Ci dëgg maa ngi leen
koy wax, képp ku dëddu kër
walla soxna walla ay doomi
ndey walla ay waajur walla
ay doom ngir nguuru Yàlla,
30 dinga am tey jii ay yooni
yoon, ak dund gu dul jeex
ëllëg.»

*Yeesu xamle na ñetteelu yoon ne dina dee, dekki*

31 Yeesu wéetoo ak fukki
taalibe yi ak ñaar ne leen:
«Nu ngi dem Yerusalem, te
li yonent yi bindoon lépp ci
mbirum Doomu nit ki dina
mat. 32 Dinañu ko jébbal
ñi dul Yawut, ñu ñaawal
ko, saaga ko, tifli ci kawam.
33 Gannaaw bu ñu ko dóoree
ay yar ba noppi, dinañu ko
rey, waaye ca ñetteelu fan
ba dina dekki.»
34 Waaye taalibe ya
dégguñu li mu leen doon
wax; kàddu yooyu ump na
leen, te xamuñu li waxi
Yeesu yooyu tekki.

*Yeesu faj na ku gumba*

35 Bi Yeesu di agsi dëkku
Yeriko, am gumba gu too-
goon ca wetu yoon wa, di
yelwaan. 36 Naka la gumba
ga dégg mbooloo di jàll, mu
laaj lan moo xew. 37 Ñu wax
ko ne: «Yeesum Nasaret
moo fay jaar.» 38 Noonu
mu yuuxu ne: «Yeesu, Sëtu
Daawuda, yërëm ma!» 39 Ñi
jiitu woon gëdd ko, ngir mu
noppi. Waaye muy gëna yu-
uxu naan: «Sëtu Daawuda,
yërëm ma!» 40 Noonu Yeesu
taxaw, santaane ñu indil ko
ko. Bi mu jegesee, Yeesu
laaj ko ne: 41 «Loo bëggoon
ma defal la ko?» Mu ne ko:
«Sang bi, damaa bëgga gis.»
42 Noonu Yeesu ne ko: «Na
say bët gis! Sa ngëm faj na
la.» 43 Ca saa sa mu daldi
gis. Noonu mu topp ci Yeesu,
di màggal Yàlla. Mbooloo
mépp gis loolu, di sant Yàlla.

# 19

*Yeesu dugg na ca kër Sase*

1 Yeesu dugg na Yeriko,
jaar ca dëkk ba, di dem.
2 Waaye amoon na fa waa
ju ñuy wax Sase. Njiitu
juutikat la, te di ku bare
alal. 3 Bëgg na gis kan
mooy Yeesu, waaye dafa gàtt
lool, ba manu koo gis ndax
mbooloo ma. 4 Noonu mu
daw, jiituji ca yoon wa, yéeg
ci genn garab ngir gis Yeesu,
ndaxte foofa la naroona jaar.
5 Bi Yeesu dikkee ba tollook
garab ga nag, mu téen ne ko:
«Sase, wàccal gaaw, ndax
tey sa kër laa wara dal.»
6 Sase daldi gaawantu
wàcc, ganale ko ak mbég.
7 Ñépp gis loolu, di ñurum-
ñurumi naan: «Mi ngi dal
cig këru boroom bàkkaar.»
8 Waaye Sase taxaw ne
Boroom bi: «Déglul Boroom
bi, dogu naa may sama genn-
wàllu alal miskin yi, te lu
ma masa njublaŋ nit, jël
alalam, dinaa ko fey ñeenti
yoon lu ni tollu.» 9 Yeesu
ne ko: «Mucc gi wàcc na
tey ci kër gii, ndaxte nit kii,
ci askanu Ibraayma la bokk
itam. 10 Ndaxte Doomu nit

ki ñëw na, ngir seet te musal ñi réer.»

*Léebu surga, ya buur bi dénk xaalisam*

[11] Bi nit ñi doon déglu kàddu yooyu, Yeesu teg ca léeb, ndaxte jege woon na Yerusalem, te ñoom foogoon nañu ne nguuru Yàlla dafay daldi feeñ ca saa sa.
[12] Mu ne nag: «Dafa amoon boroom juddu bu rafet bu demoon ci réew mu sore, ngir ñu fal ko buur te mu délsiwaat.
[13] Noonu mu woo fukk ci ay surgaam, jox ku nekk benn libidoor*, ne leen: "Liggéeyleen ci, ba may ñibsi."
[14] Waaye waa réewam bëgguñu ko. Noonu ñu yónni ndaw ci gannaawam ne: "Bëggunu nit kii yilif nu."

[15] «Bi ñu ko falee buur nag, ba mu délsi, mu woolu surga, ya mu joxoon wurus wa, ngir xam nan lañu ci liggéeye.
[16] Ku jëkk ka ñëw ne ko: "Sang bi, sa libidoor bii jur na fukki libidoor."
[17] Buur ba ne ko: "Def nga lu baax, surga bu baax nga. Segam wone nga ne takku nga ci lu tuuti, falul ci fukki dëkk."
[18] Surga ba ca topp ñëw ne: "Sang bi, sa libidoor ba indi na juróomi libidoor."
[19] Buur ba ne ko: "Yaw, falul ci juróomi dëkk."
[20] Keneen ñëw ne: "Sang bi, sa libidoor baa ngi nii. Dama koo fasoon ci sekkit, denc ko.
[21] Dama laa ragaloon, ndaxte ku néeg nga. Dangay nangu loo dénkaanewul, di dajale loo jiwul."
[22] Buur ba ne ko: "Ci say wax laa lay àtte, surga bu bon bi! Xamoon nga ne, nit ku néeg laa, di nangu lu ma dénkaanewul, te dajale lu ma jiwul.
[23] Lu tax nag yóbbuwoo sama xaalis ca denckati xaalis ya? Bés bu ma ñëwee nag, ma mana jot sama xaalis ak la mu jur."

[24] «Ci kaw loolu mu ne ña taxawoon ca wetam: "Nanguleen libidoor bi ci moom, jox ko boroom fukki libidoor yi."
[25] Ñu ne ko: "Sang bi, am na fukki libidoor ba noppi."
[26] Buur ba ne leen: "Maa ngi leen koy wax, ku am, dinañu la dolli, waaye ku amul, li nga am as néew sax, dinañu ko nangu.
[27] Waaye sama noon yi, ñi bëggul woon ma doon seen buur, indileen fii, rey leen ci sama kanam."»

*Yeesu dugg na Yerusalem*

[28] Bi mu waxee loolu ba noppi, Yeesu dafa daldi jiitu, jëm Yerusalem.
[29] Bi muy jege dëkki Betfase ak Betani, ci wetu tund wu ñuy wax tundu Oliw ya, Yeesu yebal ñaar ci ay taalibeem,
[30] ne leen: «Demleen ci dëkk bi ci kanam. Bu ngeen fa duggee, dingeen fa gis cumbur gu kenn masula war. Yiwileen ko, indi.
[31] Bu leen kenn laajee: "Lu tax ngeen koy yiwi?" neleen ko: "Boroom bi da koo soxla."»

[32] Ñaari ndaw ya dem, fekk mbir ya deme, na leen ko Yeesu waxe woon.
[33] Bi

---

* **19:13** Maanaam mina. Seetal Xaalis ci Leeral yi.

ñuy yiwi cumbur ga nag, ay
boroomam ne leen: «Lu tax
ngeen di yiwi cumbur gi?»
34 Ñu ne: «Ndaxte Boroom
bi da koo soxla.» 35 Noonu
ñu indil cumbur gi Yeesu,
daldi lal seeni yére ca kaw,
yéegal ca Yeesu.

36 Bi muy dem, nit ñi
di lalal Yeesu seeni yére ci
yoon wi. 37 Bi ñu agsee fa
mbartalum tundu Oliw ya
doore, taalibeem yépp fees
ak mbég, tàmbalee màggal
Yàlla ca kaw ndax kéemaan
yu bare yi ñu gis. 38 Ñu ngi
naan:

«Yaw buur biy ñëw ci turu
Boroom bi, ku barkeel
nga!
Na jàmm am ca asamaan, te
ndam li féete ca bérab
yu gëna kawe!»

39 Waaye ay Farisen yu
nekkoon ca mbooloo ma ne
Yeesu: «Kilifa gi, yeddal sa
taalibe yi!» 40 Noonu mu
ne: «Maa ngi leen koy wax,
bu ñu noppee ñoom, doj yiy
xaacu.»

41 Bi Yeesu jegee dëkk ba,
ba séen ko, mu jooy ko
42 naan: «Céy yaw itam,
boo xamoon bésub tey yi la
mana indil jàmm! Waaye
fi mu ne manuloo koo gis.
43 Bés dina ñëwi yu say
noon di jal, wërale la. Di-
nañu la tëj ci biir, tanc la.
44 Dinañu la yàqate, yaw ak
sa waa dëkk. Doj dootul des
ci kaw doj ci yaw, ndaxte
ràññeewoo jamono ji Yàlla
ñëwe, wallusi la.»

*Yeesu jàngle na ca kër Yàlla ga*

45 Gannaaw loolu Yeesu
dugg ca kër Yàlla ga, daldi
dàq ña fay jaay, 46 naan leen:
«Mbind mi nee na: “Sama
kër këru ñaan ci Yàlla lay
doon; waaye yéen def ngeen
ko këru sàcc.”»

47 Bés bu nekk Yeesu di
jàngle ca kër Yàlla ga. Sarx-
alkat yu mag ya ak xutbakat
ya, ñoom ak njiiti xeet wa,
ñu ngi ko doon wuta reylu.
48 Waaye xamuñu woon lan
lañu mana def, ndaxte nit
ñépp a ngi ko doon déglu,
bañ benn baat raw leen.

# 20

*Sañ-sañu Yeesu*

1 Benn bés Yeesu doon
jàngal nit ña ca kër Yàlla ga,
di leen yégal xibaaru jàmm
bi. Sarxalkat yu mag ya
ak xutbakat ya ak njiit ya
ñëw ne ko: 2 «Wax nu ci
ban sañ-sañ ngay defe yëf
yii, walla kan moo la may
boobu sañ-sañ.» 3 Yeesu ne
leen: «Man itam dinaa leen
laaj lenn: waxleen ma, 4 la
Yaxya daan def, di sóob nit
ñi ci ndox, fu mu ko jële, ci
Yàlla walla ci nit ñi?» 5 Ñu
waxtaan ci seen biir naan:
«Bu nu nee: “Ci Yàlla,” dina
laaj: “Lu tax gëmuleen ko
kon?” 6 Te bu nu nee: “Ci nit
ñi,” mbooloo mépp dinañu
nu sànni ay xeer, ndaxte
gëm nañu ne Yaxya yonent
la woon.» 7 Noonu ñu ne
ko xamuñu fu mu ko jële.
8 Yeesu ne leen: «Kon man
itam duma leen wax ci ban
sañ-sañ laay defe yëf yii.»

*Léebu beykat yi*

9 Noonu Yeesu daldi wax
nit ña léeb wii: «Amoon

na nit ku jëmbët toolu re-
señ, batale ko ay beykat,
dem tukki tukki bu yàgg.
10 Bi tool bi ñoree nag, mu
yónni surga ci ñoom, ngir
jot wàllam ci meññeef gi.
Waaye beykat yi dóor ko
ay yar, dàq ko, mu dellu
ak loxoy neen. 11 Mu
yónniwaat beneen surga, ñu
dóor ko moom itam, toroxal
ko, dàq ko, mu dellu ak
loxoy neen. 12 Mu yónneeti
ñetteelu surga, ñu gaañ ko,
dàq ko.

13 «Boroom tool ba daldi
ne: "Nan laay def nag? Di-
naa yónni sama doom, sama
reeni xol. Xëy na ñu weg
ko, moom." 14 Waaye bi
beykat yi gisee doom ji, ñu
ne ci seen biir: "Kii moo
wara donn tool bi; nan ko
rey, moom ndono li." 15 Ñu
génne ko tool bi nag, rey ko.»

Noonu Yeesu laaj leen:
«Nu leen boroom tool bi di
def, nag? 16 Xanaa ñëw, rey
beykat yooyu, dénk tool ba
ñeneen.» Bi Yeesu waxee
loolu, nit ña ne ko: «Yàlla
tere!» 17 Waaye Yeesu ne
leen jàkk, daldi ne: «Kon
nag lu baat yii ci Mbind mi
di tekki:

"Doj wa tabaxkat ya sànni,
mujj na di doju koñ."

18 Képp ku dal ci doj woowu,
dammtoo, te ku mu dal ci sa
kaw, rajaxe la.»

19 Xutbakat ya ak sarxalkat
yu mag ya ñu ngi doon wuta
jàpp Yeesu ca taxawaay ba,
ndaxte xam nañu ne ñoo tax
mu wax léeb woowu. Waaye
ragal nañu mbooloo ma.

### *Galag gi ñuy fey buur bi Sesaar*

20 Noonu ñu koy yeeru,
daldi yónni ay nit ñu
mbubboo njub, sas leen ñu
fexe koo jàpp ci ay waxam,
ngir jébbal ko boroom réew,
ma yor kilifteef ak sañ-sañ.
21 Ñu daldi ñëw ci Yeesu ne
ko: «Kilifa gi, xam nanu ne
li ngay wax te di ko jàngle
lu jub la. Amuloo parlàqu,
waaye dangay xamle yoonu
Yàlla ci bu wóor. 22 Wax nu,
ndax jaadu na, nu fey buur
bi Sesaar galag walla déet.»

23 Waaye Yeesu xam
na seen pexe ne leen:
24 «Wonleen ma posetu
denariyon. Kan lañu ci def
nataalam ak turam?» Ñu ne
ko: «Sesaar.» 25 Noonu mu
ne leen: «Joxleen nag Sesaar
li Sesaar moom, te jox Yàlla
li Yàlla moom.»
26 Noonu manuñu ko
woona jàpp ciy waxam ci
kanam mbooloo ma; ñu
waaru ci tontam, ba wedam.

### *Sadusen ak ndekkite li*

27 Noonu ay nit, ñu bokk
ci Sadusen yi, ñëw ci moom.
Sadusen yi nag ñoom weddi
nañu ndekkite li. Noonu
ñu laaj ko ne: 28 «Kilifa
gi, Musaa bindal na nu
ne, ku magam faatu te
bàyyiwul doom ak soxnaam,
kooku war na donn jigéen
ji, ba yékkati giiru magam.
29 Amoon na fi nag juróom
ñaari góor ñu bokk ndey ak
baay. Taaw ba takk jabar,
faatu, te bàyyiwul doom.
30-31 Ñaareel ba takk jigéen
ja, def noonu; ak ñetteel

ba, ba juróom ñaar ñépp
faatu te bàyyiwuñu doom.
32 Gannaaw ga nag jigéen ja
it faatu. 33 Ci ndekkite li nag,
kan ci ñoom moo wara donn
jigéen ja, fekk ku nekk ci
juróom ñaar ñi mas na koo
takk?»

34 Yeesu ne leen: «Ci
àddina sii, góor ñi ak jigéen
ñi dañuy séy. 35 Waaye
ña ñu àtte ne yeyoo nañoo
bokk ci dundu ëllëg ak ci
ndekkite li, kenn du am
jabar, kenn du am jëkkër.
36 Dafa fekk ne manatuñoo
dee, ndaxte dañuy mel ni
malaaka yi. Ay doomi Yàlla
lañu ndaxte doomi ndekkite
lañu. 37 Te Musaa sax wone
na ne, néew yi dinañu dekki,
ci saarum ngarab si. Foofa
Musaa wooye na fa Boroom
bi: "Yàllay Ibraayma, Yàllay
Isaaxa, di Yàllay Yanqóoba."
38 Kon nag nekkul Yàllay ñi
dee waaye Yàllay ñiy dund
la, ndaxte Yàllaa tax ñépp di
dund.»

39 Ci kaw loolu ay xutbakat
ne ko: «Li nga wax dëgg la,
kilifa gi!»

40 Ndaxte kenn ci ñoom
ñemeetu koo laaj dara.

*Mbaa Almasi bi mooy sëtu Daawuda?*

41 Noonu Yeesu ne leen:
«Lu tax nit ñi di wax
ne, Almasi bi mooy sëtu
Daawuda? 42 Ndaxte
Daawuda moom ci boppam
moo ne ci Sabóor:

"Boroom bi nee na sama Boroom:
'Toogal ci sama ndijoor,
43 ba kera may daaneel
say noon ci sa kanam.' "

44 Gannaaw Daawuda nag
wooye na ko "Boroom bi,"
nu muy nekke sëtam?»

45 Bi ko nit ña fa nekkoon
ñépp doon déglu, Yeesu ne
ay taalibeem: 46 «Moytuleen
xutbakat yi; dañoo bëgg di
doxantu, sol ay mbubb yu
réy, te ñépp di leen nuyoo
ñaari loxo ci pénc mi. Ci
jàngu yi, toogu yu féete
kanam lañuy wut, te toogu
yu yiw lañuy taamu ci reeri
xew yi. 47 Ñu ngi lekk
alalu jigéen ñi seen jëkkër
faatu, di ñaan Yàlla ay ñaani
ngistal yu gudd. Seen mbugal dina gëna tar.»

# 21

*Saraxu soxna si*

1 Noonu Yeesu siggi, séen
ay boroom alal ñuy dugal
seen sarax ca ndab ya ca kër
Yàlla ga. 2 Mu gis itam jenn
jigéen ju jëkkëram faatu te
mu ñàkk, ju fa def ñaari
poseti xànjar*. 3 Noonu mu
daldi ne: «Ci dëgg, maa ngi
leen koy wax, jigéen ju ñàkk
jee moo ëpp ñeneen ñépp
lu mu joxe. 4 Ñoom ñépp
dañu sàkk ci seen barele,
waaye moom dafa sàkk ci
néewleem, ba joxe xaalis bi
mu waroona dunde.»

*Yàqug Yerusalem ak dellusig Doomu nit ki*

5 Noonu ay nit doon wax
ci lu jëm ca kër Yàlla ga,
ak ni ñu ko rafetale ak ay
doj yu jafe ak alal ju ñu

---

* **21:2** Mooy posetu lepton. Seetal Xaalis ci Leeral yi.

jébbal Yàlla. Waaye Yeesu ne leen: 6 «Li ngeen gis fii lépp, jamono dina ñëw joo xam ne dina daanu, ba doj dootul des ci kaw doj.»

7 Ñu laaj ko ne: «Kilifa gi, kañ la loolu di am? Ak luy tegtal ne looloo ngi waaja xew?» 8 Yeesu ne: «Moytuleen, bu leen kenn nax. Ndaxte ñu bare dinañu ñëw ci sama tur ne: “Moom laa,” walla ñu naan: “Jamono ji jegesi na.” Buleen topp ñooñu. 9 Bu ngeen déggee ay xare ak ay réew yu jóg, wottuleena tiit, ndaxte fàww yooyule jëkka am. Waaye taxul mujug jamono daldi taxaw.»

10 Noonu mu teg ca ne: «Xeet dina jóg, xeex ak weneen xeet, réew dina xeex ak meneen réew. 11 Suuf dina yëngu yëngu yu réy, te wopp ak xiif dina am ci bérab yu bare. Dina am it ay xew-xew yu raglu ak ay firnde yu mag yuy jóge asamaan. 12 Waaye bala looloo xew, dees na leen jàpp, fitnaal leen, di leen jébbal àttekat yi ca jàngu ya, tëj leen kaso. Dees na leen yóbbu ci kanam i buur ak i boroom réew ndax sama tur. 13 Loolu dina leen ubbil bunt, ba ngeen man maa seedeel. 14 Fasleen yéenee baña wut lay ngir musal seen bopp. 15 Ndaxte man ci sama bopp maa leen di jox kàddu ak xel moo xam ne seeni noon duñu ko mana teggi, mbaa ñu di ko weddi. 16 Seeni waajur sax ak seeni doomi ndey, seeni bokk ak seeni xarit, dinañu leen jébbal àttekat yi, ba ñu rey ñenn ci yéen. 17 Te ñépp dinañu leen bañ ndax sama tur. 18 Waaye seen genn kawar sax du neen. 19 Seen muñ moo leen di musal.

20 «Bu ngeen gisee ay xarekat wër dëkku Yerusalem, xamleen ne jamono, ji ñu koy yàq, agsi na. 21 Kon nag ku nekk ci biir diiwaanu Yude, nanga daw ca tund ya; ku nekk ci biir dëkk bi, nanga ko génn; te ku nekk ca tool ya, bul dugg ca dëkk ba! 22 Ndaxte ci bés yooyu Yàlla dina fey jëf yi, te li ñu bindoon ci téereb Yàlla dina mat. 23 Ngalla jigéen ñi ëmb ca bés yooya, ngalla it ñiy nàmpal! Ndaxte tiis wu metti dina am ci réew mi, te Yàlla dina wàcce meram ci waa réew mii. 24 Dees na leen reye ak i jaasi, jàpp leen jaam, yóbbu leen ci réewi àddina sépp. Te ñi dul Yawut dinañu nappaaje Yerusalem, ba kera jamonoy ñi dul Yawut mat.

25 «Ay firnde dinañu feeñ ci jant bi, ci weer wi ak ci biddiiw yi. Ci kaw suuf xeet yi dinañu tiit, jaaxle ndax riiru géej gi ak yëngu-yëngub duus yi. 26 Bu boobaa nit ñiy xëm ndax tiitaange, bu ñuy xalaat musiba, yi nara wàcc ci àddina, ndaxte dees na yëngal kàttani asamaan. 27 Noonu dinañu gis Doomu nit ki di ñëw ciw niir, ànd ak kàttan ak ndam lu réy. 28 Bu mbir yooyu di tàmbalee xew nag, boo yaboo ngeen siggi, téen, ndaxte seen njot jubsi na.»

29 Noonu Yeesu misaal
leen lii: «Xool-leen garabu
figg ak yeneen garab yi.
30 Bu ñu gisee ñu sëq,
soxlawuleen kenn wax
leen ne, nawet bi jubsi na
xaat. 31 Noonu itam bu
ngeen gisee loolu lépp xew,
xamleen ne nguuru Yàlla
jege na.

32 «Ci dëgg maa ngi leen
koy wax, niti jamono jii
duñu wéy, te loolu lépp
amul. 33 Asamaan ak suuf
dinañu wéy, waaye samay
wax du wéy mukk.

34 «Moytuleen seen nafsu
diigal leen ci yàqute ak ci
màndite ak ittey àddina,
ba bés boobu bett leen ni
mbaal. 35 Ndaxte dina dal
ci ñépp ñi nekk ci kaw
suuf. 36 Yewwuleen, di sax
ci ñaan, ngir ngeen mana
mucc ci loolu lépp wara xew,
te mana taxaw ak kóolute ci
kanam Doomu nit ki.»

37 Yeesoo ngi daan yendoo
jàngle ca kër Yàlla ga, te
bu guddee mu dem ca tund
wu ñuy wax tundu Oliw ya,
fanaan fa. 38 Te nit ñépp
dañu daan teela xëy ca kër
Yàlla ga, di ko déglu.

# 22

*Njiiti yoon yi fexeel nañu Yeesu*

1 Màggalu Mburu ma
amul lawiir jege woon na,
te ñu di ko wax bésu Mucc
ba. 2 Sarxalkat yu mag ya ak
xutbakat ya di wut pexem
reylu Yeesu, ndaxte dañoo
ragaloon nit ña. 3 Noonu
Seytaane daldi solu Yudaa,
mi ñuy wooye Iskariyo te mu
bokkoon ca fukki taalibe ya
ak ñaar. 4 Noonu Yudaa dem
waxtaani ak sarxalkat yu
mag ya ak kilifay wottukati
kër Yàlla ga, ba xam nan
la leen di jébbale Yeesu.
5 Ñu am ca bànneex bu
réy, dig ko xaalis. 6 Yudaa
nangu, di fexe jamono ju mu
leen mana jébbal Yeesu, fu
mbooloo ma nekkul.

*Reer bu mujj ba*

7 Bésu màggalu Mburu
ma amul lawiir agsi, ca
bés boobu lañu waroona
rendi gàttub bésu Mucc ba.
8 Noonu Yeesu yebal Piyeer
ak Yowaana ne leen: «Dem-
leen, defaral nu reeru bésu
Mucc ba.» 9 Ñu ne ko: «Fan
nga bëggoon, nu defare ko
fa?» 10 Mu ne leen: «Bu
ngeen duggee ca dëkk ba,
góor gu yenu njaq lu def
ndox, dina taseek yéen. Top-
pleen ci moom ba ca kër
ga muy dugg, 11 te ngeen
ne boroom kër ga: “Kilifa
gi nee na: Ana néegu gan,
bi may lekke reeru bésu
Mucc ba, man ak samay taal-
ibe?” 12 Noonu dina leen
won néeg bu féete kaw, te
yaa, ñu defar ko ba noppi.
Foofa ngeen koy defare.»

13 Ñu dem, gis lépp, ni leen
ko Yeesu waxe woon. Noonu
ñu defar reer bi.

14 Bi waxtu wi jotee Yeesu
toog ak ndaw yi, 15 ne leen:
«Yàkkamti woon naa lool
lekk ak yéen reeru bésu
Mucc bii, laata ñu may sonal.
16 Ndaxte maa ngi leen koy
wax, dootuma ko lekk mukk,
lu dul ba kera mu mat ci
nguuru Yàlla.»

17 Noonu mu fab kaas,
daldi sant Yàlla ne: «Jël-
leen kaas bii, séddoo ko.
18 Ndaxte maa ngi leen koy
wax, dootuma naan ndoxum
reseñ mi, ba kera Yàlla di
tëral nguuram.»

19 Gannaaw loolu mu jël
mburu, sant Yàlla, damm
ko, joxleen ko ne: «Lii
sama yaram la, wi ma joxe
ngir yéen. Defleen lii, ngir
fàttaliku ma.»
20 Noonu itam bi ñu lek-
kee ba noppi, mu jël kaas
bi ne leen: «Kaas bii mooy
misaal kóllëre gu bees gi
Yàlla fas jaarale ko ci sama
deret, ji tuuru ngir yéen.
21 Waaye nag loxob ki may
wor a ngi nekk ak man ci
ndab li. 22 Doomu nit ki
mu ngi dem, ni ñu ko do-
gale. Waaye ki koy wor dina
torox.» 23 Noonu taalibe yi di
laajante ci seen biir, kan ci
ñoom mooy nara def loolu.

24 Taalibe ya it di werante,
ngir xam kan ci ñoom moo
gëna màgg. 25 Yeesu ne leen:
«Buuri xeeti àddina dañu
leen di dóor yetu nguur,
te kilifa yi dañuy sàkku
ngërëm. 26 Waaye yéen
buleen def noonu. Ki gëna
màgg ci yéen, na nekk ni
ki gëna ndaw, te njiit mel
ni surga. 27 Ki toog ca
lekkukaay ba, moom ak sur-
gaam, ñoom ñaar kan moo
ci gëna màgg? Xanaa du ki
toog ci lekkukaay bi? Waaye
man maa ngi ci seen biir ni
surga. 28 Yéen nag yéenay ñi
ànd ak man ci samay fitna.
29 Man nag jox naa leen
sañ-sañu nguuru, ni ma ko
sama Baay joxe. 30 Dingeen
lekkandoo te naanandoo ak
man ci sama nguur. Te
dingeen toog ci jal yi, di àtte
fukki giir ak ñaar yu bànni
Israyil.»

31 Yeesu teg ca ne:
«Simoŋ, Simoŋ! Seytaane
ñaan na, ñu jébbal leen
ko, ngir mu teqale leen ni
ñu teqalee dugub ak xatax.
32 Waaye man ñaanal naa la,
ngir sa ngëm dëgër. Te yaw,
boo délsee, nanga dëgëral
sa bokki taalibe yi.» 33 Piyeer
ne ko: «Boroom bi, àttan
naa ànd ak yaw ca kaso,
ba ci dee sax.» 34 Yeesu ne
ko: «Piyeer, maa ngi la koy
wax, bala ginaar a sab tey
jii, dinga weddi ñetti yoon
ne xam nga ma.»

35 Noonu Yeesu ne leen:
«Ba ma leen yebalee te
yóbbaalewuleen woon
xaalis, mbuus, walla dàll,
ndax ñàkkoon ngeen dara?»
Ñu ne ko: «Déedéet.» 36 Mu
ne leen: «Léegi nag képp ku
am xaalis, na ko jël; te ku am
mbuus, na ko jël; ku amul
jaasi, na jaay mbubbam,
jënde ko jaasi. 37 Ndaxte
maa ngi leen koy wax, lii
Mbind mi wax fàww mu am
ci man, bi mu nee: “Boole
nañu ko ak ñu bon ña.”
Ndaxte loolu jëm ci man mi
ngi mat.» 38 Noonu taalibe
ya ne ko: «Boroom bi, ñaari
jaasee ngii.» Mu ne leen:
«Doy na.»

*Yeesu ñaan na ca tundu Oliw ya*

39 Noonu Yeesu génn, dem
ca tundu Oliw ya, ni mu ko
daan defe naka-jekk. Taal-
ibeem ya topp ci moom. 40 Bi
mu agsee ca bérab ba, mu ne
leen: «Ñaanleen, ngir baña
daanu cig fiir.» 41 Noonu
mu dànd leen, ba fu aw
saan mana tollu, daldi sukk
di ñaan ne: 42 «Baay, soo
ko bëggee, teggil ma kaasu
naqar bii. Moona bumu
doon sama coobare, waaye
na sa coobare am.» 43 Noonu
malaakam Yàlla daldi koy
feeñu, may ko doole. 44 Ci
biir tiis, Yeesu gëna sawar ci
ñaan gi, ñaqam mel ni lumbi
deret dal ci suuf.
45 Bi mu ñaanee ba noppi,
mu jóg, délsi ci taalibe yi,
fekk leen ñuy nelaw, ndaxte
seen xol dafa sonnoon ak
tiis. 46 Noonu mu ne leen:
«Lu tax ngeen di nelaw?
Jógleen ñaan, ngir baña
daanu cig fiir.»

### *Jàpp nañu Yeesu*

47 Bi Yeesu di wax,
mbooloo mu bare agsi;
ku ñuy wax Yudaa te mu
bokkoon ci fukki ndaw yi
ak ñaar jiite leen. Yudaa
jegeñsi Yeesu, bëgg koo
fóon. 48 Waaye Yeesu ne
ko: «Ci fóon ngay jébbale
Doomu nit ki ay noonam!»
49 Bi ñi àndoon ak Yeesu
gisee liy bëgga xew, ñu ne:
«Boroom bi, ndax nu dóore
jaasi?» 50 Kenn ci ñoom nag
dóor surgab sarxalkat bu
mag ba, noppu ndijooram
dagg. 51 Waaye Yeesu daldi
ne: «Bàyyileen.» Mu laal
noppu waa ja, wéral ko.

52 Noonu Yeesu ne sarx-
alkat yu mag ya ak kilifay
wottukati kër Yàlla ga ak nji-
iti xeet, wa ko jàppsi woon:
«Jóg ngeen, gànnaayoo jaasi
ak yet, mel ni ñuy topp sàcc.
53 Moona maa nga woon ak
yéen bés bu nekk ca kër
Yàlla ga, te jàppuleen ma.
Waaye léegi seen waxtu la,
di jamonoy lëndëm.»

### *Piyeer weddi na Yeesu*

54 Ñu jàpp Yeesu, yóbbu
ko ca kër sarxalkat bu mag
ba. Piyeer topp fu sore.
55 Amoon na taal ca diggu
ëtt ba, ay nit toog, wër ko,
Piyeer itam toog ci seen biir.
56 Ab mbindaan gis ko, mu
toog, taal bi di ko leeral,
mu ne ko jàkk ne: «Nit kii
itam àndoon na ak moom.»
57 Waaye Piyeer weddi ko ne:
«Soxna si, xawma kooku.»
58 Nees-tuut keneen gis ko
ne: «Yaw itam ci ñoom nga
bokk.» Piyeer ne ko: «Sama
waay, bokkuma ci.»

59 Bi ñu tegee lu mat
waxtu, keneen dikkaat ca
wax ja ne: «Ci lu wóor nit
kii àndoon na ak moom, nde
Galile la jóge.» 60 Waaye
Piyeer ne ko: «Sama waay,
xawma li ngay wax!» Bi
kàddoom di daanu, faf gi-
naar daldi sab. 61 Noonu
Boroom bi geestu, xool Piy-
eer. Te Piyeer fàttaliku la
ko Boroom bi waxoon ne:
«Bala ginaar a sab tey jii,
dinga ma weddi ñetti yoon.»
62 Piyeer daldi génn, di jooy
jooy yu metti.

*Ay alkaati ñaawal nañu Yeesu*

63 Nit ñaa nga jàppoon
Yeesu, di ko ñaawal ak di
ko dóor. 64 Ñu ngi takkoon
ay bëtam, di ko laaj, naan
ko: «Yaw, wax nu ci kàddug
Yàlla, ku la dóor?» 65 Ñu
ngi ko doon tifaar it yeneen
saaga.

*Yeesu taxaw na ci kanam Pilaat ak Erodd*

66 Bi bët setee, kureelu nji-
iti xeet wa, maanaam sarx-
alkat yu mag ya ak xut-
bakat ya, daldi daje, indi
Yeesu ci seen kanam. 67 Ñu
ne ko: «Soo dee Almasi
bi, wax nu ko.» Mu ne
leen: «Su ma leen ko waxee,
dungeen ma gëm. 68 Te
su ma leen laajee, dungeen
tontu. 69 Waaye gannaaw-si-
tey, Doomu nit ki dina toog
ci ndijooru Yàlla, Aji Man ji.»
70 Noonu ñépp ne: «Kon nag
yaay Doomu Yàlla ji?» Mu
ne leen: «Yéen ci seen bopp
wax ngeen ne moom laa.»
71 Ñu daldi ne nag: «Lu nuy
doyeeti seede léegi, ndegam
nun ci sunu bopp noo ko
nangoo ci gémmiñam!»

# 23

1 Gannaaw loolu kureelu
àttekat ya yépp daldi jóg,
yóbbu Yeesu ca Pilaat.
2 Foofa ñu tàmbali di ko
sosal naan: «Fekk nanu nit
kii, muy fàbbi sunu réew, di
leen teree fey galag Sesaar,
te mi ngi teg boppam Almasi,
maanaam buur.» 3 Noonu
Pilaat laaj ko: «Ndax yaa di
buuru Yawut yi?» Yeesu ne
ko: «Wax nga ko.» 4 Pilaat
ne sarxalkat yu mag ya ak
mbooloo ma: «Gisuma genn
tooñ ci nit kii.» 5 Waaye ñu
sax ci seeni wax naan: «Mi
ngi jógloo mbooloo mi, di
jàngle ci réewu Yawut ya
mépp, li dale ci Galile ba
fii.»

6 Bi Pilaat yégee baat
yooyu, mu laajte ne: «Ndax
nit kii Galile la dëkk?» 7 Bi
mu yégee ne Yeesoo ngi
nekk ci diiwaan bi Erodd
yilif, mu yónnee ko Erodd,
mi nekkoon ci jamono jooju
ci Yerusalem.

8 Bi Erodd gisee Yeesu, mu
am mbég mu réy. Bu yàgg
ba tey dafa koo bëggoona
gis, ndaxte déggoon na
ñuy wax ci ay mbiram
te yaakaaroon na ne dina
ko gis mu def kéemaan.
9 Noonu mu laaj ko ay
laaj yu bare, waaye Yeesu
waxul dara. 10 Sarxalkat
yu mag ya ak xutbakat yaa
nga fa woon, di ko jiiñ bu
metti. 11 Noonu Erodd ak ay
xarekatam toroxal Yeesu, di
ko ñaawal. Gannaaw loolu
mu solal ko mbubb mu rafet,
delloo ko Pilaat. 12 Erodd
ak Pilaat dañoo ñi bañante
woon bu jëkk, waaye ca bés
booba doon nañu ay xarit.

13 Pilaat daldi woo sarx-
alkat yu mag ya, njiit ya
ak mbooloom Yawut ya ne
leen: 14 «Indil ngeen ma
nit kii, ne ma day jàddloo
yoon mbooloo mi. Léegi nag
man mii laaj naa ko ci seen
kanam, waaye gisuma tooñ
ci moom ak li ngeen koy jiiñ
lépp. 15 Erodd itam gisul
tooñ gu mu def, ndegam

mu yónneewaat nu ko. Nit
kii deful genn tooñ gu jar
ñu koy rey. [16-17] Kon nag
dinaa ko dóorlu ay yar te
bàyyi ko.» [18] Waaye ñu bokk
di yuuxu, ñoom ñépp naan:
«Reyal kii te bàyyi Barabas!»
[19] Dañoo tëjoon Barabas,
ndaxte dafa jéema tas dëkk
ba, te rey nit. [20] Pilaat wax-
aat ak mbooloo ma, ndaxte
dafa bëggoona bàyyi Yeesu.
[21] Waaye ñuy yuuxu naan:
«Daaj ko ci bant! Daaj ko ci
bant, ba mu dee!»
[22] Pilaat ne leen ñetteel bi
yoon: «Lu tax? Gan tooñ la
def? Gisuma ci moom dara
lu jar dee. Kon dinaa ko
dóorlu ay yar te bàyyi ko.»
[23] Waaye ñoom ñu sax ca la
ñu waxoon, di gëna yuuxu
naan, ñu daaj ko ci bant.
Coow la yey Pilaat. [24] Muj gi
Pilaat dogal, ñu defal leen li
ñu bëgg. [25] Mu bàyyil leen
ki ñu ko ñaanoon, kooku ñu
tëjoon kaso, ndax tas réew
ma ak rey nit. Waaye mu
jébbal leen Yeesu ci seeni
loxo.

*Daaj nañu Yeesu ci bant*

[26] Bi ñuy yóbbu Yeesu,
ñu jàpp ku ñuy wax Simoŋ
te mu dëkk Siren, ku jóge
ca wet, ga féete ak tool
ya, sëf ko bant, ba ñuy
wara daaj Yeesu, ngir mu
gàddu ko, topp ci moom.
[27] Mbooloo mu baree nga ko
toppoon, te jigéen ñu ba-
ree ngi doon yuuxu, di ko
jooy. [28] Yeesu daldi wal-
batiku ca ñoom ne: «Yéen
jigéeni Yerusalem, buleen
ma jooy! Jooyleen seen bopp
ak seeni doom. [29] Ndaxte ja-
mono dina ñëw, ju ñu naan:
“Jigéen ñi masula jur ak
ñi masula nàmpal, barkeel
ngeen!” [30] Bu keroogee,

“Nit ñi dinañu ne tund
yi: ‘Daanuleen ci sunu
kaw!’
te naan jàŋj yi: ‘Suul-leen
nu!’ ”

[31] Ndaxte su ñu defee nii
garab gu tooy gi, lu ñuy def
garab gu wow gi?»
[32] Yóbbaale nañu itam
ñeneen, ñuy ñaari defkati
lu bon, ngir rey leen. [33] Bi
xarekat ya agsee ba ca
bérab, ba ñuy wooye Kaaŋu
bopp, ñu daaj fa Yeesu
ca bant, daajaale ñaari
defkati lu bon ya, kenn ca
ndijooram, ka ca des ca
càmmoñam.
[34] Ci kaw loolu Yeesu ne:
«Baay, baal leen, ndaxte xa-
muñu li ñuy def.» Xarekat
ya tegoo ay bant yéreem,
ngir séddoo ko. [35] Mbooloo
maa nga fa taxaw di see-
taan. Njiit ya di ko reetaan
naan: «Musal na ñeneen;
na musal boppam, su fekkee
mooy Almasi bi, ki Yàlla fal!»
[36] Xarekat ya it di ko ñaawal.
Ñu jegesi, jox ko bineegar te
naan: [37] «Su fekkee ne yaay
buuru Yawut yi, musalal sa
bopp!»
[38] Ñu daaj mbind, mu tiim
ko naan: «Kii mooy buuru
Yawut yi.»
[39] Kenn ca defkatu lu bon
ya ñu wékkoon ci bant, di
ko xas, naan ko: «Xanaa
du yaw yaay Almasi bi?
Musalal sa bopp te musal
nu!» [40] Waaye ka ca des

yedd moroom ma, naan ko:
«Xanaa ragaloo Yàlla, yaw
mi ñuy mbugal ni moom?
41 Nun yelloo nanu sunu
mbugal, waaye moom deful
dara.» 42 Noonu mu ne:
«Yeesu, fàttaliku ma, boo
délsee ci sa nguur.» 43 Yeesu
ne ko: «Ci dëgg maa ngi la
koy wax, tey jii dinga texe ak
man ca jataayu Yàlla.»

### *Yeesu saay na*

44-45 Noonu digg bëccëg
daldi jot, jant ba nëbbu,
réew mépp daldi lëndëm
këruus lu mat ñetti waxtu.
Ridob bérab bu sell ba ca kër
Yàlla ga daldi xar ñaar.

46 Yeesu woote ak kàddu
gu dëgër naan: «Baay,
jébbal naa la sama ruu!» Bi
mu waxee loolu, mu delloo
ruuwam Yàlla. 47 Bi njiitu
xare ba gisee li xewoon, mu
màggal Yàlla ne: «Dëgg-
dëgg nit kii ku jub la woon.»

48 Nit ña fa dajaloo woon
ñépp, di seetaan li xew,
ba ñu gisee loolu, ñu dellu
seen kër, fëgg seen dënn, di
jooy. 49 Xamey Yeesu yépp
ak jigéen, ña ko toppe woon
Galile, dànd leen, di xool li
xew.

### *Rob nañu Yeesu*

50-51 Nit ku ñuy wax Yu-
usufa dem ca Pilaat. Mi
ngi dëkk Arimate ca dii-
waanu Yude. Yuusufaa nga
bokkoon ca kureelu àttekat
yi. Nit ku baax la woon
te jub, te àndul woon ci li
ñu dogaloon te jëf ko. Da
doon séentu nguuru Yàlla.
52 Mu dem ca Pilaat, laaj ko
néewu Yeesu. 53 Gannaaw
loolu mu wàcce ko ca bant
ba, laxas ko ci càngaay,
dugal ko cib bàmmeel bu
ñu yett ciw doj te masuñu
caa def kenn. 54 Fekk
bésu Waajal la woon, te
bésub noflaay baa ngi doon
tàmbali. 55 Jigéen ña gungee
woon Yeesu Galile, ànd ak
Yuusufa, gis bàmmeel ba ak
na ñu ca dence néewu Yeesu
ba. 56 Noonu ñu dellu de-
fari cuuraay ak latkoloñ ngir
néew ba. Ca bésub noflaay
ba ñu noppalu, ni ko yoon wi
santaanee.

# 24

### *Yeesu Kirist dekki na*

1 Bés bu jëkk ca ayu-bés
ga, jigéen ña jóg ca fajar,
dem ca bàmmeel ba. Ñu
ngi yoroon cuuraay lu ñu
defaroon. 2 Bi ñu agsee,
ñu fekk ñu béraŋ doj, wa
uboon bàmmeel ba. 3 Ñu
dugg ca bàmmeel ba, waaye
fekkuñu fa néewu Boroom
bi Yeesu. 4 Noonu ba ñu
nekkee ak seen njaaxle, am
na ñaar ñu leen feeñu, sol
yére yuy melax. 5 Jigéen ña
am tiitaange ju mag, daldi
dëpp seen jë ci suuf. Waaye
ñu ne leen: «Lu tax ngeen
di seet kiy dund ci biir néew
yi? 6 Nekkatu fi; dekki
na. Fàttalikuleen la mu
leen waxoon, ba mu nek-
kee Galile. 7 Nee woon na:
“Fàww ñu jébbal Doomu nit
ki bàkkaarkat yi, ñu rey
ko ci bant, mu dekki ca
ñetteelu fan ba.”» 8 Noonu
ñu daldi fàttaliku kàdduy
Yeesu ya.

9 Bi ñu jógee bàmmeel ba,
ñu dem nettaliji loolu lépp

fukki ndaw ya ak benn, ak
ña ca des ñépp. 10 Jigéen ña
ñoo doon Maryaamam Mag-
dala, Sànn, ak Maryaama
yaayu Saag. Yeneen jigéen
yi leen gunge woon itam net-
tali loolu ndaw ya. 11 Waaye
ñu teg wax jooju ay jeneer,
ba gëmuñu jigéen ñooñu.
12 Waaye Piyeer daldi jóg,
daw, dem ca bàmmeel ba.
Bi mu àggee, mu sëgg,
yër, gisul lu dul càngaay
la. Noonu mu dëpp ñibbi,
jaaxle lool ci li xew.

*Yeesu feeñu na ñaari taal-
ibe yu jëm Emayus*

13 Ca bés boobu ñaar
ci taalibe yi di dem ci
dëkku Emayus, te mu sore
Yerusalem ci lu mat fukki
kilomet. 14 Ñu waxtaane li
xewoon lépp. 15 Bi ñuy wax-
taan ak a sotteente xalaat,
Yeesu ci boppam dab leen,
ànd ak ñoom, 16 fekk seeni
bët muuru, ba manu ko
woona xàmmi. 17 Yeesu
ne leen: «Lan ngeen di
waxtaane nii ci yoon wi?»
Noonu ñu taxaw, seen xol
jeex. 18 Kenn ci ñoom,
ki tudd Këleyopas ne ko:
«Xanaa yaw rekk yaa ñëw
Yerusalem te umple li fi xe-
woon bés yii?» 19 Yeesu ne
leen: «Lu fi xew?» Ñu ne ko:
«Mbirum Yeesum Nasaret.
Ab yonent la woon bu doon
def ay jëf yu mag, di wax
ay kàddu yu am doole, ci
kanam nit ñi ak ca kanam
Yàlla. 20 Waaye sunuy sarx-
alkat yu mag ak sunuy njiit
ñoo ko jébbal nguur gi ngir
ñu àtte ko, teg ko dee, ba
daaj ko ci bant. 21 Nun nag
danoo yaakaaroon ne mooy
kiy nara jot Israyil. Waaye
bi loolu xewee ak léegi, tey
la ñetteelu fan bi. 22 Teewul
nag am na ay jigéen yu
bokk ci nun yu nu jaaxal.
Dañoo fajaru ca bàmmeel
ba, 23 waaye fekkuñu fa
néewam. Ñu délsi, nettali
nu ne, ay malaaka feeñu
nañu leen, yégal leen ne mi
ngi dund. 24 Ñenn ci sunu
àndandoo yi dem nañu ca
bàmmeel ba, fekk lépp mel,
na ko jigéen ña waxe woon.
Waaye moom gisuñu ko.»

25 Noonu Yeesu ne leen:
«Yéen daal, yéena ñàkk
xel, te seen xol yéexa gëm
li yonent yi yégle woon!
26 Xanaa du Almasi bi dafa
waroona daj boobu coono te
dugg ci ndamam?» 27 Noonu
mu tàmbalee ci yonent Yàlla
Musaa ba ci yonent yépp,
tekkil leen li Mbind mi wax
lépp ci ay mbiram.

28 Bi ñuy jub dëkk, ba ñu
jëmoon nag, Yeesu def ni
kuy jubal yoonam. 29 Waaye
ñu téye ko ne ko: «Toogal fii
ci nun, ndaxte jant baa ngi
so, te léegi mu guddi.»

Noonu mu dugg, toog ca
ñoom. 30 Bi ñu tàmbali
di reer, Yeesu jël mburu
ma, gërëm Yàlla, ba noppi
damm ko, jox leen ko. 31 Bi
mu defee loolu, lépp leer
ci seeni bët, ñu daldi ko
xàmmi. Waaye Yeesu ne
mes, gisatuñu ko. 32 Noonu
ku nekk naan sa moroom:
«Ndax sa xol seddul woon,

bi muy wax ak nun ci yoon
wi, te muy tekki Mbind mi?»
33 Ñu daldi jóg ca saa
sa, dellu Yerusalem, fekk fa
fukki ndaw ya ak benn, ak
yeneen taalibe. 34 Ñooñu
ne leen: «Dëgg la, Boroom
bi dekki na, te feeñu na
Simoŋ!» 35 Ñaari taalibe ya
ñoom it daldi leen nettali la
xewoon ca yoon wa ak ni
ñu xàmmee Yeesu, bi mu
dammee mburu ma.

*Yeesu feeñu na ay taalibeem*

36 Bi ñaari taalibe ya dee
wax noonu, Yeesu taxaw
moom ci boppam ci seen biir
ne leen: «Na jàmm wàcc
ci yéen.» 37 Ñu daldi tiit,
foog ne dañoo gis njuuma.
38 Waaye Yeesu ne leen: «Lu
tax ngeen jaaxle, ak lu tax
ngeen di xel ñaar ci seen
xol? 39 Xool-leen samay loxo
ak samay tànk. Man mii
la. Laal-leen ma te xam,
njuuma amul yaram walla
ay yax, ni ngeen gise, ma am
ko.» 40 Bi mu leen waxee
loolu, mu won leen ay lox-
oom ak ay tànkam. 41 Waaye
ba tey manuñu woona gëm
ndax seen mbég ak jaaxle.
Noonu Yeesu laaj leen ne:
«Ndax am ngeen fii lu ñu
lekk?» 42 Ñu jox ko dogu jën
wu ñu lakk. 43 Mu jël ko,
lekk ci seen kanam.
44 Noonu mu ne leen: «Bi
ma nekkee ak yéen, wax-
oon naa leen baat yii: li ñu
bind lépp ci samay mbir ci
yoonu Musaa ak ci téerey
yonent yi ak ci Sabóor dafa
wara am.» 45 Noonu mu
ubbi seen xel, ngir ñu xam
li Mbind mi di wax. 46 Mu
ne leen: «Fàww Almasi bi
sonn, mu dee te dekki ca
ñetteelu fan ba, ni ñu ko
binde, 47 te it ñuy yégle
xeet yépp ci turam, dale ko
ci Yerusalem ne war nañoo
tuub seeni bàkkaar, Yàlla
baal leen. 48 Yéenay samay
seede. 49 Te man dinaa leen
yónnee li sama Baay dige.
Yéen nag toogleen ci dëkk bi,
ba ñu sol leen doole ji jóge ci
kaw.»

*Yeesu tàggu na ay taalibeem*

50 Gannaaw loolu Yeesu
yóbbu leen ca wetu Be-
tani. Foofa mu yékkati
ay loxoom, barkeel leen.
51 Bi mu leen dee bar-
keel, mu tàggoo ak ñoom,
Yàlla yéege ko asamaan.
52 Taalibe ya màggal ko,
daldi dellu Yerusalem, fees
ak mbég. 53 Foofa daawuñu
jóg ca kër Yàlla ga, di gërëm
Yàlla.

# Xibaaru jàmm bi ci Almasi bi Yeesu, ni ko Yàlla jaaralee ci YOWAANA

*Yeesu Kirist moo di Kàddu gi ak leer gu wóor gi*

1 Ca njàlbéen ga fekk na
Kàddu gi am, te Kàddu gi ma
nga woon ak Yàlla, te Kàddu
gi Yàlla la woon. 2 Moo
di ki nekkoon ak Yàlla ca
njàlbéen ga. 3 Ci moom lañu
sàkke lépp. Amul dara lu
ñu sàkk lu jaarul ci moom.
4 Ci moom la dund nekk, te
dund googu mooy leeral nit
ñi. 5 Leer gi feeñ na ci biir
lëndëm, te lëndëm gi jàppu
ko.

6 Yàlla yónni woon na nit
ku ñu naan Yaxya. 7 Kooku
ñëw na, doon ab seede, ngir
wax ci mbirum leer gi. Ñëw
na ngir ñépp dégg li mu wax
te gëm. 8 Moom ci boppam
du woon leer gi, waaye ñëw
na ngir seedeel leer gi.

9 Kàddu googu mooy leer
gu wóor, giy ñëw ci àddina
te di leeral nit ku nekk. 10 Ci
àddina la nekkoon, àddina
si ñu sàkk jaarale ko ci
moom, te àddina xamu ko.
11 Ñëw na ci réewam, te
ay ñoñam nanguwuñu ko.
12 Teewul ñi ko nangu te
gëm ci turam, may na leen,
ñu am sañ-sañu nekk doomi
Yàlla. 13 Ñooñu judduwuñu
ci deret walla ci bëgg-bëggu
yaram, walla ci coobarey nit.
Ñu ngi juddu ci Yàlla.

14 Kàddu gi ñëw, doon nit,
dëkk ci sunu biir. Gis nañu
ndamam, mu fees ak yiw
ak dëgg, ndam li Baay bi
jox jenn Doomam ji mu am
kepp.

15 Yaxyaa ngi koy seedeel
te yégle na lii; nee na: «Moo
taxoon ma wax ne: “Dina
ñëw sama gannaaw waaye
moo ma gëna màgg, ndaxte
nekk na laata may juddu.”»

16 Kàddu gi fees na ak
yiw, te nun ñépp jot nanu
ci sunu wàll, mu barkeel nu
ay yooni yoon. 17 Ndigali
Yàlla yi, ci gémmiñu Musaa
lañu leen jaarale; yiw wi ak
dëgg gi, Yeesu Kirist moo
ko indaale. 18 Kenn masula
gis Yàlla, waaye Bàjjo bi, di
Yàlla te nekk ak Baay bi, moo
ko xamle.

*Yaxya nee na, du Almasi bi*

19 Lii mooy seedes Yaxya.
Amoon na bés Yawut ya
yónni ay sarxalkat ca Yaxya,
ñu ànd ak ñu soqikoo ci
giiru Lewi. Ñu nga jóge
Yerusalem, ñëw ci moom, di
ko laaj mooy kan. 20 Yaxya
tontu na leen te nëbbu ci
dara, wóoral na leen ne
moom du Almasi bi.

21 Ñu laaj ko ne: «Kon
yaay kan? Ndax yaa di
Ilyaas?» Mu ne leen:
«Déedéet, duma Ilyaas.» Ñu
ne ko: «Ndax yaa di Yonent,
bi wara ñëw?» Mu ne leen:
«Déedéet.» 22 Noonu ñu
laaj ko ne: «Wax nu yaay
kan, ngir nu mana tontu ñi

nu yónni. Nga ne yaa di
kan?» 23 Yaxya wax leen li
yonent Yàlla Esayi waxoon
ne: «Man maa di baat biy
yégle ci màndiŋ mi ne:
“Xàll-leen yoonu Boroom
bi!”»
24 Amoon na ñu bokk ca
Farisen ya, yu àndoon ca
mbooloo, ma ñu yónni woon
ca Yaxya. 25 Ñooñu laaj ko
ne: «Gannaaw doo Almasi
bi, doo Ilyaas, doo Yonent bi
wara ñëw, lu tax ngay sóob
nit ñi ci ndox?» 26 Yaxya ne
leen: «Man maa ngi sóobe
ci ndox, waaye am na ci
seen biir ku ngeen xamul.
27 Kookooy ñëw sama gan-
naaw, te man sax yeyoowu-
maa tekki ay dàllam.»
28 Lii xewoon na ci dëkku
Betani, ca gannaaw dexu
Yurdan, fa Yaxya doon
sóobe.

*Yeesu moo di Gàttub Yàlla*

29 Ca ëllëg sa, bi Yaxya
gisee Yeesu, muy ñëw ci
moom, mu ne: «Xool-leen!
Kii mooy Gàttub Yàlla, bi
ñu nara rendi, ngir dindi
bàkkaaru àddina. 30 Moo
taxoon ma wax ne: “Am
na kuy ñëw sama gannaaw,
waaye moo ma gëna màgg,
ndaxte nekk na laata may
juddu.” 31 Xawma woon
kooku kan la waroona doon,
waaye xamal ko bànni Is-
rayil moo tax ma ñëw, di
sóob nit ñi ci ndox.»
32 Ci kaw loolu Yaxya
seede na lii: «Gis naa Xelu
Yàlla mi ci melow pitax,
mu jóge ci asamaan, tegu
ci moom. 33 Bi loola laata
am, xawma woon mooy kan,
waaye Yàlla, mi ma yebal
may sóobe ci ndox, nee
woon na ma: “Dinga gis Xel
mu Sell mi wàcc, tegu ci kaw
nit. Kooku moo di ki leen
di sóob ci Xel mu Sell mi.”»
34 Yaxya teg ca ne: «Gis naa
loolu te seede naa ne moom
moo di Doomu Yàlla ji.»

*Ñi jëkka doon taalibey Yeesu*

35 Ca ëllëg sa Yaxya
taxawaatoon na ca bérab
booba, ànd ak ñaari taal-
ibeem. 36 Bi mu gisee Yeesu
muy romb, mu daldi ne: «Kii
mooy Gàttub Yàlla bi!»
37 Ñaari taalibe ya dégg
li mu wax, daldi dem toppi
Yeesu. 38 Yeesu geestu, gis
ne ñoo ngi koy topp. Mu
ne leen: «Lu ngeen soxla
woon?» Ñu ne ko: «Foo
dëkk, Ràbbi?»
Ràbbi mi ngi tekki «Kil-
ifa gi». 39 Yeesu ne leen:
«Kaayleen gis.» Noonu ñu
dem, seeti fa mu daloon,
ngoonalal ko. Ci tàkkusaani
kaw la woon.
40 Kenn ci ñoom ñaar, ñi
déggoon li Yaxya wax te
topp Yeesu, ma nga tud-
doon Andare, mi bokkoon ak
Simoŋ Piyeer ndey ak baay.
41 Andare dafa daldi dem
seeti Simoŋ ne ko: «Gis nanu
Almasi bi.» Baat boobu mi
ngi tekki «Kirist». 42 Noonu
mu yóbbu ko ci Yeesu. Yeesu
xool ko ne ko: «Yaa di
Simoŋ, doomu Yowaana. Di-
nañu la wooye Sefas.» Se-
fas mi ngi tekki «Piyeer»,
maanaam «xeer».

*Yeesu woo na Filib ak Nataneel*

43 Ca ëllëg sa mu fas
yéenee dem diiwaanu Galile
te mu gis Filib. Yeesu ne ko:
«Toppal ci man.»
44 Filib mu nga dëkkoon
Betsayda, dëkku Andare ak
Piyeer. 45 Filib dajeek Nata-
neel ne ko: «Gis nanu ki
yoonu Musaa wi ak yonent
yi doon wax. Mu ngi tudd
Yeesu, doomu Yuusufa, te
dëkk Nasaret.» 46 Nataneel
ne ko: «Aa! Ndax dara lu
baax man na jóge Nasaret?»
Filib ne ko: «Ñëwal gis.»
47 Naka la Yeesu gis Nata-
neel jëmsi ci moom, mu
daldi ne ci mbiram: «Xool-
leen, nitu Israyil dëgg a
ngee di ñëw; du dox benn
tànku caaxaan.» 48 Nataneel
ne ko: «Noo ma xame?»
Yeesu ne ko: «Bi la Filib di
laata woo, gis naa la, bi nga
nekkee ca ker garabu figg
ga.» 49 Nataneel wax ko ne:
«Kilifa gi, yaay Doomu Yàlla
ji, yaa di buuru Israyil!»
50 Yeesu ne ko: «Ndax li
ma ne, gis naa la ca ker
garab ga, moo tax nga gëm?
Dinga gis mbir yu gëna réy
yii.» 51 Noonu mu teg ca
ne: «Ci dëgg-dëgg maa ngi
leen koy wax, dingeen gis
asamaan ubbiku, malaaka
yiy baagante kaw ak suuf, di
wàcc ci Doomu nit ki.»

# 2

*Yeesu dem na céet ga ca dëkku Kana*

1 Ñaari fan gannaaw loolu
ag céet am ca dëkku Kana
ca diiwaanu Galile. Yaayu
Yeesu teewe woon na ko.
2 Woo woon nañu it Yeesu ca
céet ga ak ay taalibeem. 3 Ca
biir xew wa, biiñ ba daldi
jeex. Yaayu Yeesu ne ko:
«Amatuñu biiñ.» 4 Yeesu ne:
«Soxna si, loo ma bëggal?
Ndaxte sama waxtu jotagul.»
5 Yaayam daldi ne surga ya:
«Defleen lépp lu mu leen
wax.»
6 Foofa amoon na fa
juróom benni ndaa yu ñu
yett ci doj, yu Yawut ya
daan jëfandikoo ngir seen
sangu set. Ndaa lu nekk man
na def daanaka téeméeri
liitar. 7 Yeesu ne surga ya:
«Duyleen ndaa yi.» Ñu
duy leen, ba ñu fees bay
rembat. 8 Noonu Yeesu ne
leen: «Tanqleen ci léegi, yót
ko njiitu xew wi.» Ñu daldi
ko ciy yót. 9 Ki jiite xew wa
ñam ndox, ma Yeesu soppi
biiñ. Xamul woon fu biiñ
booba jóge, waaye surga
ya tanqoon ndox ma, ñoom
xamoon nañu ko. Naka
noonu mu woo boroom céet
ga ne ko: 10 «Ci xew yépp,
naan gu neex gi lañuy jëkke.
Bu nit ñi doyalee, ñu sooga
génne ga ca des. Waaye
yaw dangaa dencoon gi gëna
neex ba nëgëni.»
11 Firnde jii ame ca Kana,
ca diiwaanu Galile, moo
doon kéemaan gi Yeesu
jëkka def. Ci noonu la
wonee màggaayam te ay
taalibeem gëm nañu ko.
12 Bi loolu weesoo, mu
ànd ak yaayam, ay rakkam
ak i taalibeem, dem dëkku
Kapernawum. Waaye
yàgguñu fa.

*Yeesu dàq na jaaykat ya ca kër Yàlla ga*

13 Màggalu Yawut, gi ñuy
wax bésu Mucc ba, mu ngi
doon jubsi. Yeesu dem
Yerusalem, 14 dugg ca kër
Yàlla ga. Bi mu fa de-
mee, fekk na ca ëtt ba ay
jaaykati nag ak yu xar ak
yu pitax, ak weccikatu xaalis
ya toog. 15 Noonu Yeesu
ràbb ab yar, daldi leen koy
dàqe, ngir ñu génn ëttu kër
Yàlla ga, ñoom ak xar ya ak
nag ya. Mu tasaare xaalisu
weccikat ya, daaneel taabal
ya, 16 daldi ne jaaykati pitax
ya: «Jëleleen fi lii! Sama kër
Baay, buleen ko def marse!»
17 Taalibeem ya fàttaliku
Mbind mii: «Cawarte gi ma
am ci sa kër, mu ngi mel ni
taal buy tàkk ci sama biir.»

18 Noonu Yawut ya ne
ko: «Ban firnde nga nuy
won ngir dëggal ne am nga
sañ-sañu def lii nga def?»
19 Yeesu ne leen: «Daaneel-
leen kër Yàlla gii, ma daldi
koy yékkati ci ñetti fan.»
20 Ñu ne ko: «Nga ne kër
Yàlla, gii ñu tabax ci ñeent
fukki at ak juróom benn,
man nga koo yékkati ci ñetti
fan!»

21 Waaye kër Yàlla, gi
Yeesu doon wax, nekkul
woon ab tabax, aw yaramam
ci boppam moo ko taxoon
di wax. 22 Gannaaw ga nag,
bi Yeesu deeyee ba dekki, la
taalibeem ya fàttaliku li mu
waxoon, daldi gëm Mbind
mi ak wax, ja leen Yeesu
waxoon.

23 Bi Yeesu nekkee
Yerusalem ci màggalu bésu
Mucc ba, ñu bare gis
kéemaan, yi mu doon def,
daldi gëm ci turam. 24 Waaye
Yeesu wóoluwu leen woon,
ndaxte xamoon na leen
ñoom ñépp, 25 te it soxlawul
ñu koy xamal dara ci nit,
ndaxte moom ci boppam
xam na xolu nit.

# 3

*Yeesu waxtaan na ak nji-
itu diine*

1 Amoon na ca Farisen ya
nit ku ñu naan Nikodem te
mu bokk ca kilifay Yawut
ya. 2 Genn guddi mu ñëw
ca Yeesu ne ko: «Kilifa gi,
xam nanu ne Yàllaa la yónni
ngir nga jàngal nu, ndaxte
kenn manula def firnde yii
ngay wone te Yàlla àndul
ak moom.» 3 Yeesu ne
ko: «Ci dëgg-dëgg maa ngi
la koy wax, képp ku jud-
duwaatul* doo mana seede
nguuru Yàlla.» 4 Nikodem
ne ko: «Nit ku xas ba
màggat, nan lay mana jud-
duwaate? Ndax day dellu
ci biiru yaayam ngir jud-
duwaat?»
5 Yeesu ne ko: «Ci dëgg-
dëgg maa ngi la koy wax,
ku judduwul ci ndox ak ci
Xelum Yàlla, doo mana bokk
ci nguuru Yàlla. 6 Lu jud-
doo ci nit, nit la; waaye lu
juddoo ci Xelum Yàlla, xel
la. 7 Li ma ne: “Fàww
ngeen judduwaat,” bumu la
jaaxal. 8 Ngelaw fu ko neex
lay jublu. Yaa ngi koy dégg

* **3:3** judduwaat: ci làkku gereg, baat bi Yeesu wax mi ngi tekki «judduwaat» walla «juddoo ci kàttan gu jóge ci kaw».

waaye xamuloo fu mu jóge,
xamuloo fu mu jëm. Noonu
la mel it ci képp ku juddoo ci
Xelum Yàlla.»
9 Ci baat yooyu Nikodem
ne ko: «Nu loolu mana
ame?»
10 Yeesu ne ko: «Yaw yaay
jàngal bànni Israyil te xam-
uloo mbir yii? 11 Ci dëgg-
dëgg maa ngi la koy wax,
noo ngi wax li nu xam, di
nettali li nu gis, waaye nan-
guwuleena gëm li nu seede.
12 Gannaaw gëmuleen li ma
leen di wax ci mbiri àddina,
naka ngeen mana gëme, bu
ma leen waxee ci mbiri
asamaan? 13 Kenn masula
yéeg ci asamaan su dul ki
fa jóge, muy Doomu nit
ki. 14 Te itam na Musaa
sampe woon ab bant ca
diggu màndiŋ ma, takk ca
jaan, ja mu defare woon
xànjar, fàww ñu yékkatee
noonu Doomu nit ki, 15 ngir
képp ku ko gëm am ci moom
dund gu dul jeex.»
16 Ndaxte Yàlla dafa
bëgg àddina, ba joxe jenn
Doomam ji mu am kepp, ngir
képp ku ko gëm am dund
gu dul jeex te doo sànku
mukk. 17 Yàlla yónniwul
Doomam ci àddina ngir mu
daan nit ñi, waaye ngir
musal leen. 18 Képp ku ko
gëm deesu la daan, waaye
ku ko gëmul daan nañu la
ba noppi, ndaxte gëmuloo ci
turu Doom ji Yàlla am kepp.
19 Ci nii la àtte bi ame: leer gi
ñëw na ci àddina, waaye nit
lëndëm gi lañu taamu ndax
seeni jëf yu bon. 20 Képp
kuy def lu bon day bañ leer
gi te du ci ñëw, ndax ragal
ay jëfam di feeñ bëccëg
ndarakàmm. 21 Waaye ku
def lu jub day ñëw ci leer
gi, ngir ñu xam ne def na ay
jëfam ci kanam Yàlla.

*Yeesu moo gëna màgg Yaxya*

22 Gannaaw loolu Yeesu
ànd ak ay taalibeem, dem
ca biir diiwaanu Yude, toog
fa ak ñoom ab diir, di sóob
nit ñi ci ndox. 23 Yaxya
moom itam doon na sóobe
ci ndox ci dëkku Aynon, ca
wetu dëkku Salim, ndaxte
diiwaan booba bare woon
na ndox. Nit ñi daan nañu
ñëw ci moom, mu di leen
sóob. 24 Booba tëjaguñu
Yaxya ci kaso. 25 Foofa
ay taalibey Yaxya tàmbalee
werante ak benn Yawut ci
mbirum sangu set. 26 Ci kaw
loolu ñu dem ca Yaxya ne ko:
«Kilifa gi, ndax fàttaliku nga
kooka nga seede woon te mu
nekkoon ak yaw ca gannaaw
dexu Yurdan? Moom de, ma
ngay sóobe ci ndox léegi te
ñépp a ngay dem ca moom!»
27 Yaxya ne leen: «Kenn
manula am dara lu ko Yàlla
joxul. 28 Yéen ci seen bopp
man ngeena seede ne wax-
oon naa ne duma Almasi bi
waaye dañu maa yónni ma
jiitusi ko. 29 Kiy céetal moo
moom séetam. Waaye xar-
itu kiy céetal dafay taxaw
di ko déglu, tey bég, bu
déggee baatam. Mbég
moomu moo di sama bos tey,
te fi mu nekk mat na sëkk.
30 Li war moo di moom, mu
gëna màgg te man, ma gëna
féete suuf.»

[31] Ki jóge ci kaw moo
féete kaw ñépp; ki jóge
ci suuf nag, ci suuf rekk
la mana bokk, te ni niti
àddina lay waxe. Ki jóge
asamaan [32] day wax li mu
gis ak li mu dégg, waaye
kenn nanguwul li mu seede.
[33] Képp ku nangu seedeem
nangu nga ne Yàlla, dëgg
lay wax. [34] Ndaw li Yàlla
yónni, kàddug Yàlla lay
wax, ndaxte mayu Xel mu
Sell, mi Yàlla sol ci moom,
amul dayo. [35] Baay bi dafa
bëgg Doom ji, te jox na ko
sañ-sañ ci lépp. [36] Ku gëm
Doom ji, am nga dund gu dul
jeex; ku déggadil Doom ji,
amuloo dund, waaye merum
Yàllaa ngi la tiim.

# 4

*Yeesu waxtaan na ak jigéen ji amoon juróomi jëkkër*

[1] Amoon na benn bés
Farisen yi dégg ne, ñiy topp
Yeesu ñoo ëpp ñiy topp
Yaxya, te ñi Yeesu sóob ci
ndox ñoo ëpp ñi Yaxya sóob.
[2] Fekk Yeesu moom ci bop-
pam daawul sóob kenn ci
ndox, waaye ay taalibeem
ñoo daan sóobe. [3] Bi Yeesu
yégee loolu nag, mu jóge
Yude, dellu diiwaanu Galile.

[4] Bi muy dem Galile, wa-
roon na jaar ci diiwaanu
Samari. [5] Noonu mu agsi ci
wetu dëkku Sikar ci tool, bi
Yanqóoba mayoon doomam
Yuusufa. [6] Foofa la teenu
Yanqóoba nekkoon. Yeesu
toog ca pindu teen ba, di
noppalu ndax coonob tukki
ba. Ca digg bëccëg la woon.

[7] Noonu jigéenu waa
Samari ñëw fa di root. Yeesu
ne ko: «May ma ndox, ma
naan.» [8] Fekk booba nag,
taalibey Yeesu ya dañoo
demoon ca biir dëkk ba, di
jënd lu ñu lekk.

[9] Jigéen ja ne ko: «Yaw,
ngay Yawut, man maay
jigéen ju dëkk Samari; nan
nga ma mana ñaane ndox?»

Jigéen ja wax na loolu, ndaxte Yawut ya bokkuñu woon ak waa Samari ndab yu ñuy lekke.

[10] Noonu nag Yeesu ne ko:
«Soo xamoon li Yàlla maye,
xam ki lay ñaan ndox, kon
yaw ci sa bopp, yaa koy
ñaan, te moom dina la may
ndoxum dund.» [11] Jigéen
ja ne ko: «Sang bi, teen
bi xóot na te amuloo baag,
kon fooy jële ndoxum dund?
[12] Xanaa kay xalaatuloo ne
yaa gëna màgg sunu maam
Yanqóoba, moom mi nu
gasal teen bii, mu naan ci
moom ak i doomam, wëgg
cig juram?»

[13] Yeesu wax ko ne: «Ku
naan ci ndoxum teen bii,
balaa yàgg mu maraat,
[14] waaye ndox mi may joxe,
ku ci naan du marati mukk,
ndaxte day nekk ci moom
bëtu ndox buy ball, di joxe
dund gu dul jeex.»

[15] Noonu jigéen ja daldi
ko ne: «Sang bi, may ma
ci ndox moomu, ngir ma
bañatee mar, bay ñëw ba fii
di rootsi.» [16] Yeesu ne ko:
«Demal wooyi sa jëkkër te

ñëw.» 17 Jigéen ja ne ko:
«Awma jëkkër de.» Yeesu
ne ko: «Wax nga dëgg
ne amuloo jëkkër, 18 ndaxte
amoon nga juróomi jëkkër,
te ki nga nekkal léegi du sa
jëkkër. Li nga wax dëgg la.»
19 Jigéen ja ne ko: «Sang
bi, gis naa ne ab yonent
nga. 20 Nun nag, naka-jekk
sunuy maam ca tund wee
ngay séen lañu daan jaamoo
Yàlla, waaye yéen Yawut yi,
dangeen ne Yerusalem lañu
wara jaamoo Yàlla.»
21 Yeesu ne ko: «Jigéen
ji, gëmal lii ma lay wax:
dina am jamono joo xam ne
du ci tund wale te du ci
Yerusalem ngeen di jaamoo
Baay bi. 22 Yéen waa Samari,
xamuleen li ngeen di jaamu.
Nun Yawut yi, xam nanu
li nuy jaamu, ndaxte kiy
musal àddina ci Yawut yi la
jóge. 23 Waaye jamono dina
ñëw, te agsi na ba noppi, ja-
mono joo xam ne jaamukat
yi dëgg dinañu jaamu Baay
bi ci xel ak ci dëgg. Ñooñu
nag, ñooy jaamu Baay bi, ni
mu ko bëgge. 24 Yàlla xel
la, kon ñi koy jaamu war
nañu koo jaamu ci xel ak
ci dëgg.» 25 Jigéen ja ne
ko: «Xam naa ne Almasi
bi —maanaam Kirist— dina
ñëw te bu ñëwee, dina nu
leeralal lépp.» 26 Yeesu ne
ko: «Maa di Almasi bi, man
miy wax ak yaw.»

*Taalibey Yeesu ya délsi nañu*

27 Noonu nag taalibey
Yeesu ya délsi, gis muy wax
ak ab jigéen. Ñu daldi jaaxle
lool. Waaye kenn ñemewu
ko woon ne: «Looy laaj?»
walla: «Lu tax ngay wax ak
moom?»
28 Noonu jigéen ja wacc fa
njaqam, daldi dem ca dëkk
ba ne leen: 29 «Kaayleen gis;
nit a nga fee ku ma wax lépp
lu ma masa def. Ndax kooku
du Almasi bi?» 30 Noonu waa
dëkk ba jóg, jëm ca Yeesu.
31 Fekk taalibey Yeesu ya
di ko gétën ne: «Kilifa gi,
lekkal.» 32 Waaye Yeesu
ne leen: «Am na ñam wu
may lekk, te xamuleen ko.»
33 Taalibe ya nag di laajante
naan: «Ndax dafa am ku
ko indil lekk?» 34 Yeesu ne
leen: «Sama ñam moo di
def coobarey ki ma yónni
te àggale liggéey, bi mu
ma sant. 35 Du dangeen
naan: "Fii ak ñeenti weer
ñu góob"? Waaye man,
dama leen naan: xool-leen
tool yi, ñoo ngi ñor ba weex
tàll, di xaar ku leen góob.
36 Kiy góob tool yi mu ngi jot
xaat peyam; day dajale nit ñi
ngir dund gu dul jeex, ni ñuy
dajalee pepp. Kon boog kiy ji
dina bégandoo ak kiy góob.
37 Wax ji ñu wax ne: "Kenn
dina ji, keneen góob," dëgg
la. 38 Yebal naa leen, ngeen
góob tool bu ngeen beyul.
Ñeneen a ko bey, te yéena
ko jariñoo.»

*Ñu bare ci waa Samari gëm nañu Yeesu*

39 Bi jigéen ja nee waa
dëkk ba: «Wax na ma li
ma def lépp,» ñu bare gëm
nañu Yeesu. 40 Ñu daldi
dikk ñaan Yeesu, mu dal ak
ñoom. Yeesu toog fa ñaari

fan. [41] Ñu bare gëm ko ndax
li mu doon wax. [42] Ñu ne
jigéen ja: «Léegi gëm nanu,
te du li nga wax moo tax
waaye li nu gisal sunu bopp.
Te xam nanu ne dëgg-dëgg
kii moo di Musalkatu àddina
si.»

*Yeesu faj na xale ba bëggoona dee*

[43] Bi Yeesu amee ñaari fan
ca dëkk ba, mu jóge fa, jëm
diiwaanu Galile, [44] ndaxte
moom ci boppam nee woon
na: «Ab yonent, kenn du
ko faaydaal ca réewam.»
[45] Bi mu agsee Galile, nit ñi
teeru ko, ndaxte ñoom itam
teewoon nañu ca màggalu
bésu Mucc ba ca Yerusalem,
te gisoon nañu la mu fa de-
foon lépp.

[46] Noonu kon mu délsi
Kana ci Galile, dëkk ba mu
soppee woon ndox ma biiñ.
Amoon na benn dagu buur
bu dëkkoon Kapernawum
te doomam feebar. [47] Bi
mu déggee ne, Yeesu jóge
na Yude, ñëw Galile, mu
dikk ci moom, ñaan ko mu
ñëw këram, wéral doomam,
ji wopp bay bëgga dee.
[48] Yeesu ne ko: «Yéen daal,
dungeen gëm mukk, fi ak
gisuleen ay firnde walla ay
kéemaan.» [49] Dagu buur ba
neeti ko: «Sang bi, ñëwal,
bala sama doom di dee.»
[50] Yeesu ne ko: «Demal, sa
doom dina dund.» Kilifa ga
gëm la ko Yeesu wax, daldi
dem. [51] Bi muy dellu këram
nag, ay surgaam gatandu ko.
Ñu daldi ne ko: «Xale bi dina
dund!» [52] Mu laaj leen ci ban
waxtu la tàmbalee tane, ñu
ne ko: «Démb ca njolloor la
am ag féex.» [53] Noonu baayu
xale ba daldi seetlu ne, ca
waxtu woowa la ko Yeesu
ne woon: «Sa doom dina
dund.» Moom ak njabootam
gépp, ñu daldi gëm Yeesu.

[54] Lii mooy ñaareelu
firnde, bi Yeesu def ci Galile,
gannaaw bi mu jógee Yude.

# 5

*Yeesu faj na jarag*

[1] Gannaaw loolu Yawut ya
amoon nañu genn màggal,
moo tax Yeesu demoon
Yerusalem. [2] Ca wetu
benn ci bunti dëkk ba nag,
maanaam ca Buntu xar ya,
am na fa bët bu tudd Betesda
ci làkku yawut, te ñu wërale
ko ak juróomi mbaar. [3] Ca
suufu mbaar yooyu la jarag
yu bare, yu deme niki ay
gumba, ay lafañ ak ay làggi,
daan tëdd, di xaar ndox mi
yëngatu; [4] ndaxte, ci ni ñu
ko nettalee, benn malaakam
Boroom bi da daan wàcc
léeg-léeg di jax ndox mi. Bu
ndox mi masaa yëngu ba
noppi, jarag ju ca jiitu, wopp
joo amaan, daldi wér ca saa
sa.

[5] Amoon na fa benn waay
bu feebaroon lu mat fan-
weeri at ak juróom ñett. [6] Bi
ko Yeesu séenee mu tëdd,
te mu xam ne woppam ji
yàggoon na lool, mu laaj ko
ne: «Ndax bëgg ngaa wér?»
[7] Jarag ja ne ko: «Sang bi,
duma am ku ma sóob ci
ndox mi, bu yëngoo; su ma
ciy fexee dem, ñu jëkk ma
ci.» [8] Yeesu ne ko: «Jógal, jël
sa basaŋ te dox.» [9] Ca saa sa

mu daldi wér, jël basaŋam,
daldi dox.
Mbir moomu dafa daje
woon ak bésub noflaay ba,
10 looloo tax ba Yawut ya
daldi ne nit ku wér ka: «Tey
bésub noflaay la, te sunu
yoon aaye na, ngay yor sa
basaŋ.» 11 Mu ne leen: «Ki
ma faj moo ma ne: “Jëlal
sa basaŋ te dox.”» 12 Ñu ne
ko nag: «Ku la ne: “Jëlal sa
basaŋ te dox”?» 13 Waaye
waa ji xamul ki ko wéral,
fekk booba Yeesu dem na, te
nit ñu bare teewoon nañu ca
bérab ba.
14 Bi ñu ca tegee ab diir,
Yeesu dajeek moom ca kër
Yàlla ga ne ko: «Déglul, fii
mu ne, wér nga; bul defati
bàkkaar, ngir ragal lu yées
lii dal la.»

### *Sañ-sañu Doomu Yàlla ji*

15 Noonu nit ka dellu ne
Yawut ya, Yeesu moo ko fa-
joon. 16 Looloo tax Yawut ya
di wuta sonal Yeesu, ndaxte
daan na jëfe noonu ca bésub
noflaay ba. 17 Waaye Yeesu
wax na leen ne: «Sama Baay
nekk na ba tey ci liggéey, kon
man itam damay liggéey.»
18 Baat boobu moo tax ba
Yawut yi gën koo wuta rey,
ndaxte yemul woon rekk ci
baña topp ndigalu bésub
noflaay ba, waaye dafa wax
it ne, Yàlla Baayam la, ba teg
boppam Yàlla.
19 Noonu Yeesu ne leen:
«Ci dëgg-dëgg maa ngi leen
koy wax, Doom ji manula def
dara moom ci boppam; li mu
gis Baay bi di def rekk lay
def. Li Baay bi di jëf la Doom
ji itam di jëf. 20 Ndaxte Baay
bi bëgg na Doom ji, ba di ko
won lépp lu muy def, te dina
ko won jëf yu ëpp kéemaan
yii, ngir ngeen gëna waaru.
21 Maanaam, ni Baay bi di
dekkale ñu dee ñi, di leen
jox dund, noonu la Doom
ji di joxe dund ñi mu ko
bëgga jox. 22 Baay bi du àtte
kenn; àtte bi yépp, jox na
ko Doom ji, 23 ngir ñépp di
teral Doom ji, ni ñuy terale
Baay bi. Ku teralul Doom ji,
teraloo Baay, bi ko yónni.
24 «Ci dëgg-dëgg maa ngi
leen koy wax, ku dégg sama
kàddu te gëm ki ma yónni,
am nga dund gu dul jeex te
doo jaar ca àtte ba, ndaxte
génn nga ci dee, tàbbi ci
dund. 25 Ci dëgg-dëgg maa
ngi leen koy wax, jamono
dina ñëw te agsi na ba noppi,
mooy jamono, ji ñu dee ñi
di dégg baatu Doomu Yàlla
ji, te ku ko dégg dinga
dund. 26 Ndaxte ni Baay bi
ame dund moom ci boppam,
noonu it la ko maye Doom ji,
mu am ko ci boppam. 27 Jox
na Doom ji itam sañ-sañu
àtte, ndaxte mooy Doomu
nit ki.
28 «Bu leen ci dara jaaxal;
ndaxte jamonoo ngi ñëw ju
néew yépp, yi nekk ci seen
bàmmeel, di dégg baatam
tey génn. 29 Ñi daan jëf lu
baax dinañu dekki, dund ba
fàww, waaye ñi daan jëf lu
bon, dinañu dekki, ñu daan
leen. 30 Manumaa def dara
man ci sama bopp. Ni ma
Baay bi di digale rekk laay
àttee, te sama àtte bu jub la,

ndaxte defuma sama bëgg-
bëgg, ci waawi ki ma yónni
doŋŋ laay aw.

*Firnde yi wone sañ-sañu Yeesu*

31 «Su ma seedeelee sama
bopp, sama wax du am
maana. 32 Waaye keneen
moo may seedeel, te bir na
ma ne la muy wax ci man
dëgg la.
33 «Yéen yónni ngeen ay
ndaw ci Yaxya, te seede
na dëgg. 34 Man ci sama
bopp soxlawuma seedes
nit; waaye nag damay wax
loolu rekk, ngir ngeen mucc.
35 Yaxya meloon na ni làmp
buy tàkk tey leeral, te nangu
ngeena bànneexu ab diir ci
leeram.
36 «Waaye yor naa ci man
seede su gëna mag si ma
Yaxya di seedeel: maa ngi
def jëf, yi ma Baay biy
sant. Jëf yooyu may def
nag ñooy seede ne, Baay bi
moo ma yónni. 37 Te Baay
bi ma yónni, moom itam
seede na ma. Masuleena
dégg baatam te masuleena
gis xar kanamam, 38 te
kàddoom saxul ci yéen,
ndaxte gëmuleen ki mu
yónni. 39 Yéena ngi gëstu
Mbind yi, ndaxte dangeen
cee yaakaar dund gu dul
jeex. Mbind yooyu nag far,
ci sama mbir lañuy wax;
40 te bëgguleena ñëw ci man
ngir am dund!
41 «Wutuma tagg yu jóge
ci nit. 42 Waaye yéen, xam
naa leen; leer na ma ne
amuleen ci seen xol benn
mbëggeel ci Yàlla. 43 Man
ñëw naa ci sama turu Baay,
te nanguwuleen ma, waaye
bu keneen dikkee ci turu
boppam, ngeen nangu ko.
44 Bëgg ngeen ku leen di
tagg, te wutuleen ngërëm, li
jóge ci jenn Yàlla rekk ji am.
Kon nan ngeen mana gëme?
45 «Buleen xalaat ne maa
leen di jiiñ dara ci sama
kanam Baay. Musaa, mi
ngeen yaakaar, moo leen di
booleek moom. 46 Bu ngeen
gëmoon Musaa, dingeen
ma gëm man itam, ndaxte
seedeel na ma. 47 Waaye su
fekkee gëmuleen li Musaa
bind, kon nu ngeen mana
gëme samay wax?»

# 6

*Yeesu dundal na mbooloo mi*

1 Gannaaw loolu Yeesu
dafa jàll dexu Galile,
maanaam dexu Tiberyàdd.
2 Mbooloo mu bare topp ci
moom, ndaxte gisoon nañu
firnde yooyee mu wone, bi
mu wéralee jarag ya. 3 Yeesu
daldi yéeg ca kaw tund wa,
toog fa ak ay taalibeem.
4 Fekk na booba bésu Mucc
ba, di màggalu Yawut ya,
jubsi. 5 Bi Yeesu xoolee, gis
mbooloo mu réy di ñëw ci
moom, mu ne Filib: «Fu
nuy jële mburu, mu nu leen
mana dundale?»
6 Bi muy wax loolu it,
da doon seetlu Filib, ndaxte
xamoon na booba li mu nara
def. 7 Filib ne ko: «Peyug
juróom ñetti weer sax, bu
nu ko amoon, du leen mana
doy ci mburu, ba kenn ku
nekk ci ñoom am ci dog wu

ndaw.» 8 Keneen ca taalibe
ya di Andare, mi bokk ak
Simoŋ Piyeer ndey ak baay,
ne ko: 9 «Am na fi ci mbooloo
mi ab xale bu yor juróomi
mburu* ak ñaari jën, waaye
loolu lu muy jariñ mbooloo
mu tollu nii?» 10 Yeesu
daldi ne taalibe ya: «Na
ñépp toog.» Fekk ñax mu
bare amoon ca bérab ba.
Noonu góor ñépp àgg suuf.
Waroon naÑoo mat juróomi
junni. 11 Yeesu daldi jël
mburu ya, gërëm Yàlla, ba
noppi séddale ko ña fa too-
goon. Mu jox leen itam jën,
ba ñu doyal sëkk.

12 Bi ñu lekkee ba regg,
Yeesu ne taalibe ya: «Da-
jaleleen desitu mburu mi,
ba dara du ci réer.» 13 Ñu
dajale ko, daldi feesal fukki
pañe ak ñaar ak desiti
juróomi mburu, yi ñu doon
lekk.

14 Bi nit ña gisee firnde
jooju Yeesu wone, ñu
ne: «Dëgg-dëgg kii mooy
Yonent, bi wara ñëw ci
àddina!» 15 Yeesu gis ne
dañu koo nara jëlsi, fal ko
buur. Mu bàyyi leen fa, dellu
moom rekk ca tund wa.

### *Yeesu dox na ci ndox*

16 Bi timis jotee taalibeem
ya wàcc ca tefes ga, 17 dugg
ci gaal, di jàll dex gi, jëm
dëkku Kapernawum. Booba
guddi woon na, te Yeesu
agseegul ci ñoom. 18 Dex
gi yëngu na lool, ndaxte da
doon ngelaw ak doole. 19 Bi
ñu joowee lu wara tollook
juróom benni kilomet, ñu
séen Yeesu, muy dox ci kaw
dex gi, jëm ci ñoom, ñu
daldi tiit. 20 Waaye Yeesu
ne leen: «Man la, buleen
tiit!» 21 Noonu ñu nangu
koo dugal ca gaal ga, gaal ga
daldi teer ca saa sa ca fa ñu
bëggoona wàcc.

22 Ca ëllëg sa mbooloo,
ma des ca geneen wàllu
dex ga, gis ne genn gaal
ga fa nekkoon rekk dem
na. Xam nañu ne Yeesu
bokku ko woon ak taal-
ibe ya, ndaxte ñoom rekk
a àndoon. 23 Waaye ye-
neen gaal yu jóge dëkku
Tiberyàdd ñëw, teer ca wetu
fa ñu lekke woon mburu
ma, gannaaw bi Boroom
bi santee Yàlla ba noppi.
24 Bi mbooloo ma gisee ne
Yeesu walla taalibe ya kenn
nekkatu fa, ñu dugg ca gaal
yooyu, dem seeti ko Kaper-
nawum.

### *Yeesu mooy ñam wiy joxe dund*

25 Bi ñu fekkee Yeesu ca
geneen wàllu dex ga, ñu ne
ko: «Kilifa gi, kañ nga fi
ñëw?»

26 Yeesu ne leen: «Ci
dëgg-dëgg maa ngi leen
koy wax, firnde yi ngeen
gis taxul ngeen may seet.
Yéena ngi may wër ndax
mburu, mi ngeen lekk ba
suur. 27 Buleen liggéeyal
ñam wuy yàqu; li gën mooy
ñam wu sax abadan tey joxe
dund gu dul jeex. Ñam
woowule, Doomu nit ki dina
leen ko jox, ndaxte moom la

* **6:9** Mburu yu ndaw yu ñu defare sungufu lors, doon lekku ñi néew doole.

Yàlla Baay bi tànn, mu nekk
ndawam.»
28 Noonu ñu laaj ko ne:
«Lu nu wara liggéey, ngir
matal jëf yi neex Yàlla?»
29 Yeesu ne leen: «Jëf ji neex
Yàlla, moo di gëm ki mu
yónni.»

30 Ñu ne ko: «Ban firnde
nga nu mana won, ngir
nu gëm la? Ban liggéey
nga nara def? 31 Sunuy
maam dunde nañu mànn ca
màndiŋ ma, ndaxte Mbind
mi nee na: “Jox na leen,
ñu lekk ñam wu wàcce ca
asamaan.”»
32 Yeesu waxaat ne: «Ci
dëgg-dëgg maa ngi leen
koy wax, du Musaa moo
leen jox ñam woowu wàcce
ca asamaan; sama Baay ci
boppam, moo leen di jox
ñam wu wóor, wi wàcce ca
asamaan. 33 Ndaxte ñam, wi
Yàlla di joxe, mooy ñam wiy
wàcce ci asamaan tey jox
àddina si dund.» 34 Ñu ne ko
nag: «Sang bi, kon dee nu
faral di jox ci ñam woowe!»

35 Yeesu ne leen: «Man
maay ñam wiy joxe dund.
Ku ñëw ci man, doo xiif
mukk; te ku ma gëm, doo
mar. 36 Waaye wax naa leen
ko ba noppi; gis ngeen ma
te taxul ngeen gëm! 37 Képp
ku ma Baay bi jox dina ñëw
ci man, te duma dàq mukk
ki may fekksi. 38 Ndaxte
wàccewuma ci asamaan
ngir def sama bëgg-bëgg,
waaye damay matal bëgg-
bëggu ki ma yónni. 39 Lii
mooy bëgg-bëggu ki ma
yónni: bu ma ñàkk kenn ci
ñi mu ma may, te dafa bëgg
it ma dekkal leen keroog bés
bu mujj ba. 40 Ndaxte lii
mooy bëgg-bëggu Baay bi:
képp ku gis Doom ji te gëm
ko, am dund gu dul jeex, te
bés bu mujj ba, dinaa ko
dekkal!»

41 Yawut ya tàmbali di
ñurumtoo Yeesu, ndaxte
dafa ne: «Maay ñam wi
wàcce ci asamaan.» 42 Ñu
naan: «Ndax kii du Yeesu,
doomu Yuusufa? Xam nanu
ndeyam ak baayam. Kon
nag lu tax léegi mu naan,
mi ngi jóge asamaan?»

43 Yeesu ne leen:
«Bàyyileen seen ñurumtu
bi. 44 Kenn manula ñëw ci
man te Baay, bi ma yónni,
xiirtalu la ci; te man dinaa
la dekkal keroog bés bu mujj
ba. 45 Yonent yi bind nañu
kàddu gii: “Yàlla dina leen
jàngal ñoom ñépp.” Kon
nag ku déglu te nangu waxi
Baay bi, dina ñëw ci man.
46 Tekkiwul ne kenn mas na
gis Baay bi. Ki jóge ci Yàlla
doŋŋ a ko gis. 47 Ci dëgg-
dëgg maa ngi leen koy wax,
ku gëm am nga dund gu dul
jeex. 48 Maay ñam wiy joxe
dund. 49 Seeni maam lekk
nañu mànn ca màndiŋ ma,
teewul dee nañu. 50 Waaye
ñam wiy wàcce ci asamaan,
ku ko lekk, doo dee. 51 Man
maay ñam wiy dund te
wàcce ci asamaan. Ku lekk
ci ñam wii, dinga dund ba
fàww. Te it ñam wi may
joxeji, sama yaram la; dama
koy joxe ngir àddina mana
dund.»

52 Noonu Yawut ya wer-
ante werante wu tàng ci

seen biir naan: «Naka la nu
waa jii mana joxe yaramam,
ngir nu lekk ko?»
53 Yeesu ne leen: «Dëgg-
dëgg maa ngi leen koy wax,
bu ngeen lekkul yaramu
Doomu nit ki te naanuleen
deretam, dungeen am dund
ci yéen. 54 Ku lekk sama
yaram te naan sama deret,
am nga dund gu dul jeex,
te dinaa la dekkal keroog
bés bu mujj ba. 55 Ndaxte
sama yaram mooy ñam wu
wóor wi, te sama deret mooy
naan gu wóor gi. 56 Kiy
lekk sama yaram tey naan
sama deret dina sax ci man,
ma dëkk ci moom. 57 Baay
bi ma yónni mu ngi dund,
te maa ngi dund jaarale ko
ci moom; noonu itam ku
may lekk dina dund jaar-
ale ko ci man. 58 Kon nag
ñam wi wàcce ci asamaan
a ngi noonu; bokkul ak ñam
wa seeni maam lekkoon te
faatu. Ku lekk ñam wii may
wax dinga dund ba fàww.»
59 Baat yooyu la Yeesu
wax, bi mu doon jàngle ca
jàngu ba ca Kapernawum.

### *Taalibey Yeesu yu bare weddi nañu*

60 Bi ñu dégloo Yeesu ba
noppi, taalibeem yu bare
nee nañu: «Njàngle mii de,
jafe na! Kan moo ko mana
déglu?»
61 Yeesu gis ne taalibeem
yaa ngi ñurumtoo loolu, mu
ne leen: «Ndax li ma wax da
leena jaaxal? 62 Lan mooy
am nag, bu fekkee gis ngeen
Doomu nit ki dellu, yéeg fa
mu jëkkoona nekk? 63 Xelu
Yàlla mi mooy joxe dund;
ñam wi jariñul dara. Kàddu
yi ma leen wax, ci Xelum
Yàlla lañu jóge te ñooy joxe
dund. 64 Waaye am na ci
seen biir ñu ko gëmul.»
Ndaxte Yeesu xamoon na
ca njàlbéen ga ñan ñoo
ko waroona gëmadi ak kan
moo ko waroona wor. 65 Mu
dolli ca it ne: «Looloo tax ma
ne, kenn manula ñëw ci man
te Baay bi mayu la, nga agsi.»
66 Ci loolu taalibeem yu
bare dëpp, bañatee ànd ak
moom. 67 Yeesu daldi wax
ak fukki taalibe yi ak ñaar
ne leen: «Mbaa bëgguleena
dem, yéen itam?» 68 Simoŋ
Piyeer ne ko: «Boroom bi,
ci kan lanuy dem? Yaa yor
kàddu yiy joxe dund gu dul
jeex. 69 Léegi nun gëm nanu
te xam nanu ne yaa di Aji
Sell, ji jóge ci Yàlla.» 70 Yeesu
ne leen: «Xanaa du maa
leen tànn, yéen fukk yi ak
ñaar? Moona, am na ci
yéen koo xam ne seytaane
la!» 71 Yudaa miy doomu
Simoŋ Iskariyo la doon wax.
Ndeke Yudaa, la muy bokk
lépp ca fukki taalibe ya ak
ñaar, moo ko naroona wor.

# 7

### *Yeesu ca màggalu Mbaar ya*

1 Gannaaw loolu Yeesu
doon na wër diiwaanu
Galile. 2 Bëggul woona
dem diiwaanu Yude, ndaxte
Yawut ya dañu ko doon wuta
rey.
Fekk na bésu xewu Yawut
ya, ñu koy wax màggalu
Mbaar ya, mu ngi doon jubsi.

3 Noonu rakki Yeesu yu góor
ya ne ko: «Jóge fi te dem dii-
waanu Yude, ngir say taalibe
gis, ñoom itam, jaloore yi
ngay def. 4 Ku bëgga siiw,
doo nëbb say jëf. Boo demee
bay wone jaloore yu mel
ni, fexeel ba ñépp gis la.»
5 Rakkam yi dañu doon wax
loolu, ndaxte ñoom itam
gëmuñu ko woon.

6 Yeesu ne leen: «Sama
waxtu jotagul. Ci yéen nag,
waxtu yépp a baax. 7 Àddina
du leen bañ waaye bañ na
ma, man, ndaxte maa wax
ne seeni jëf baaxul. 8 Yéen
nag demleen màggal ga.
Demaguma màggal googu,
ndaxte sama waxtu jotagul.»
9 Bi mu leen waxee loolu ba
noppi, moom mu des Galile.

10 Bi rakkam ya demee ca
màggal ga, Yeesu itam sooga
dem te kenn yégu ko; sii-
walul demam. 11 Fekk Yawut
yaa nga ko doon seet ca
màggal ga te naan: «Ana
waa ji?» 12 Ca biir mbooloo
ma ñu ngi doon déeyante, di
wax ci ay mbiram. Ñii naan:
«Nit ku baax la.» Ñee naan:
«Déedéet, day nax nit ñi.»
13 Waaye kenn ñemewu koo
tudd ca kaw, ndaxte dañoo
ragaloon Yawut ya.

*Yeesu jàngle na ca màggal ga*

14 Bi ñu demee ba ca
diggu màggal ga, Yeesu dem
di jàngle ca kër Yàlla ga.
15 Yawut ya nag jaaxle, daldi
ne: «Nu waa jii def ba xam
lii lépp, moom mi jàngul?»

16 Yeesu daldi leen wax ne:
«Li may jàngle, jógewul ci
man, waaye ci ki ma yónni la
jóge. 17 Ku fas yéenee wéy
ci bëgg-bëggu Yàlla, dina
xam ndax sama njàngle ci
Yàlla la jóge, walla ci sama
coobare. 18 Nit kiy wax ci
coobareem nag, day wuta
màggal boppam, waaye kiy
wuta màggal ki ko yónni,
dëgg rekk lay wax te jubadi-
wul fenn. 19 Xanaa du Musaa
moo leen jox ndigali Yàlla yi?
Waaye kenn ci yéen sàmmu
ko! Lu tax ngeen bëgg maa
rey?» 20 Mbooloo ma ne ko:
«Xanaa dangaa am ay rab!
Ku lay wuta rey?»

21 Yeesu ne leen: «Benn
jaloore rekk laa def, te yéen
ñépp ngeen jaaxle! 22 Li leen
Musaa jox ndigalu xarafal
gone yi —jógewul kat ci
Musaa; mi ngi tàmbalee ci
seen maami cosaan— moo
tax ba ngeen nangoo xarafal
nit ci bésub noflaay bi. 23 Bu
ngeen manee xarafal nit ci
bésub noflaay bi, ngir baña
wàcc yoonu Musaa, lu tax
nag ngeen mere ma, ndax
li ma ci wéral nitu lëmm?
24 Bàyyileen di àtte ci ni
ngeen di gise, te di àtte
dëgg.»

*Ndax Yeesu mooy Almasi bi?*

25 Am na ci waa Yerusalem
ñu doon wax naan: «Xanaa
du nit kii lañuy wuta rey?
26 Xool-leen, mi ngi waaraate
ci biir nit ñi, te kenn du
ko wax dara. Ndax sunu
kilifa yi dañoo xam ne mooy
Almasi bi? 27 Waaye waa ji,
xam nanu fu mu jóge, te saa

su Almasi bi dee dikk, kenn
du xam fu mu bàyyikoo.»

28 Yeesu di jàngle ca kër
Yàlla ga, daldi wax ca kaw
ne: «Ndax xam ngeen ma te
xam fi ma jóge? Ñëwaluma
sama bopp, waaye ki ma
yónni, ku wóor la. Yéen
xamuleen ko. 29 Man xam
naa ko, ndaxte ca moom
laa jóge, te itam moo ma
yónni.»

30 Noonu ñu koy wuta
jàpp, waaye kenn manalu ko
woon dara, ndaxte waxtoom
jotagul woon. 31 Moona nag,
ñu bare ca mbooloo ma gëm
nañu ko. Ñu nga naan:
«Ndax bés bu Almasi bi dik-
kee, ay firndeem dina ëpp
yu nit kii?» 32 Farisen ya
daldi dégg la mbooloo ma
doon déeyante ci mbirum
Yeesu. Sarxalkat yu mag
ya ak Farisen ya yebal ay
alkaati yu daan wottu kër
Yàlla ga, ngir ñu jàppi ko.

33 Yeesu wax ne: «Dinaa
nekk ak yéen fi ak ab diir,
sooga dem ci ki ma yónni.
34 Dingeen ma seet, waaye
dungeen ma gis; te dungeen
mana dem fa may nekk.»

35 Yawut ya di laajante ci
seen biir naan: «Fu muy
dem fu nu ko dul fekk?
Mbaa du dafa nara dem
ca Yawut, ya gàddaaye ca
Gereg ya, te jàngali Gereg
ya? 36 Lan la baat yii mu wax
di tekki: “Dingeen ma seet
waaye dungeen ma gis,” ak:
“Dungeen mana dem fa may
nekk”?»

37-38 Bés ba mujjoon ca
màggal ga moo ca ëpp solo;
keroog Yeesu taxaw, wax
ca kaw ne: «Ku mar, na
ñëw ci man; ku gëm, na
naan! Ndaxte Mbind mi
nee na: “Ndox mu bare
muy dundale dina xellee ci
dënnam.”» 39 Booba li ko
taxoon di wax mooy Xelu
Yàlla, mi ñi ko gëm naroona
jot. Fekk na joxeeguñu woon
Xelu Yàlla mi, ndaxte ndamu
Yeesu feeñagul woon.

40 Bi ñu déggee wax jooja,
am ay nit ca mbooloo ma
ñu naan: «Dëgg-dëgg kii
mooy Yonent bi wara ñëw.»
41 Ñeneen naan: «Mooy
Almasi bi.» Ña ca des it
ne: «Waaye nan la Almasi
bi mana jógee Galile?
42 Mbind mi wax na ne,
Almasi bi ci xeetu Daawuda
lay wàcce te Betleyem,
dëkku Daawuda, lay jóge.»
43 Noonu féewaloo daldi am
ca biir mbooloo ma ndax
Yeesu. 44 Am na ca ñoom ñu
ko bëggoona jàpp, waaye
kenn manalu ko woon dara.

*Njiiti Yawut yi gëmuñu Yeesu*

45 Bi alkaati ya delloo,
sarxalkat yu mag ya ak
Farisen ya laaj leen ne:
«Lu tax indiwuleen ko?»
46 Alkaati ya ne leen: «Kenn
masula waxe ni nit kooku!»
47 Noonu Farisen ya laaj
leen: «Mbaa naxuñu leen,
yéen itam? 48 Ndax am na
kenn ci sarxalkat yi walla
ci Farisen yi ku ko gëm?
Déedéet. 49 Waaye mbooloo
mi xamuñu yoonu Musaa;
ñu alku lañu!»

50 Nikodem bokkoon na ca
Farisen ya fa nekkoon. Fekk

moo seeti woon Yeesu lu ji-
itu. Mu ne leen: 51 «Ndax
ci sunu yoon, man nañoo
daan kenn te dégluwuñu ko,
mbaa ñu xam lu mu def?»
52 Ñu ne ko: «Mbaa du
yaw itam dangaa bokk ci
diiwaanu Galile? Gëstul,
kon dinga xam ne benn
yonent masula jóge Galile.»
53 Gannaaw loolu ku ci nekk
dellu sa kër.

# 8

*Jigéen ji doon njaaloo*

1 Yeesu moom, dem ca
tundu Oliw ya. 2 Ca ëllëg
sa ca fajar, mu dellu ca
kër Yàlla ga, mbooloo ma
fa teewoon wër ko. Mu
toog, tàmbali di leen jàngal.
3 Xutbakat ya ak Farisen ya
indi jenn jigéen ju ñu bet-
toon muy njaaloo, ñu tax-
awal ko ca diggu mbooloo
ma. 4 Noonu ñu ne Yeesu:
«Kilifa gi, jigéen jii de, dañu
koo bett muy njaaloo. 5 Ci
ndigali Yàlla yi, jigéen ju
njaaloo, Musaa dafa san-
taane ñu sànni ko ay xeer,
ba mu dee. Yaw nag, lu ciy
sa xalaat?»

6 Loolu nag, dañu ko doon
wax ngir seetlu ko, ndaxte
bëggoon nañoo tiiñal Yeesu.
Yeesu sëgg, di bind ak
baaraamam ci suuf. 7 Bi laaj
ya baree, mu siggi ne leen:
«Ku masula def bàkkaar ci
yéen, na ko jëkka sànniy
xeer.» 8 Noonu mu sëggaat,
dellu di bind ci suuf.

9 Bi ñu déggee loolu, ñuy
rocceeku kenn-kenn, mag ña
jiitu. Yeesu rekk des fa,
jigéen ja taxaw ca kanamam.
10 Mu daldi siggi ne ko:
«Jigéen ji, ana ñi la doon jiiñ
njaaloo? Ndax kenn tegu la
tooñ?» 11 Mu ne ko: «Kenn,
Sang bi.» Yeesu ne ko: «Man
it ci sama wàll, duma la
daan. Demal, waaye bul
defati bàkkaar.»

*Li Yeesuy wax mooy dëgg*

12 Yeesu jubluwaat ca
mbooloo ma ne leen: «Man
maay leeru àddina si. Ku ma
topp doo dox cig lëndëm,
waaye dinga am leeru
dund.»

13 Farisen ya ne ko: «Yaw
yaay seedeel sa bopp, kon li
ngay wax du dëgg.» 14 Yeesu
ne leen: «Maa ngi seedeel
sama bopp, teewul li may
wax di dëgg, ndaxte xam
naa fa ma bàyyikoo, xam
fa ma jëm. Waaye yéen
xamuleen fa ma bàyyikoo ak
fa ma jëm. 15 Ci gis-gisu
àddina ngeen di àttee; man
duma àtte kenn. 16 Teewul
nag, su ma demee bay àtte,
bu jub lay doon, ndaxte du
man rekk ay àtte, waaye
Baay, bi ma yónni, daf ciy
ànd ak man. 17 Seen yoon
dafa wax ne seedes ñaari nit
a gëna wóor. 18 Man maa
ngi seedeel sama bopp, te
Baay bi ma yónni mi ngi may
seedeel itam.»

19 Ñu laaj ko ne: «Kuy sa
baay?» Yeesu ne leen: «Xa-
muleen ma, xamuleen sama
Baay. Bu ngeen ma xamoon,
xam ko.»

20 Bi muy wax loolu,
Yeesoo nga doon jànglee
ca kër Yàlla ga, ca wetu
fa ñu doon denc asaka ya.

Kenn manu ko woona jàpp, ndaxte waxtoom jotagul.

21 Yeesu dellu ne leen: «Maa ngi dem; dingeen ma seet, waaye seen bàkkaar ngeen di deeyaale. Fa ma jëm, dungeen fa mana dem.»

22 Yawut yay waxante naan: «Nee na kat, fa mu jëm, dunu fa mana dem. Mbaa du day xaruji?» 23 Yeesu ne leen: «Yéen, fii ngeen bawoo, ci suuf, waaye man ca kaw laa jóge. Àddina ngeen soqikoo, waaye man bokkuma ci. 24 Looloo tax ma ne, ci seeni bàkkaar ngeen di dee. Bu ngeen gëmul ki ma nekk, dingeen dee ci seeni bàkkaar.» 25 Ñu ne ko: «Yaay kan?» Mu ne leen: «Li ma leen waxoon ca njàlbéen ga. 26 Li ma mana wax ci yéen ba àtte leen, bare na. Waaye ki ma yónni, ku wóor la, te li mu ma wax rekk laay jottali àddina.»

27 Xamuñu woon ne, Yàlla Baay bee tax muy wax. 28 Yeesu nag ne leen: «Bu ngeen yékkatee Doomu nit ki, dingeen xam ne Maay ki Nekk*. Dingeen xam ne it, duma def dara man ci sama bopp. Li ma Baay biy jàngal rekk laay wax. 29 Te it ki ma yónnee ngi ànd ak man; masu maa bàyyi ma wéet, ndaxte li ko neex rekk laay def.» 30 Bi ñuy dégg Yeesu di wax loolu, ñu bare daldi koy gëm.

*Waa kër Ibraayma*

31 Yeesu ne Yawut ya ko gëmoon: «Bu ngeen saxee ci li ma wax, nekk ngeen samay taalibe ci lu wóor. 32 Te it dingeen xam dëgg gi, te dëgg gi dina leen goreel.»

33 Ñu ne ko: «Nun ci Ibraayma lanu soqikoo te masunoo nekk jaamu kenn. Nan nga nu mana waxe ne dinañu leen goreel?»

34 Yeesu ne leen: «Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, képp kuy bàkkaar, jaamu bàkkaar la. 35 Te jaam du bokk ci kër gi ba fàww, waaye doom, moom, ci kër gi la bokk ba fàww. 36 Kon nag bu leen Doom ji defee gor, dingeen doon ay gor tigi. 37 Xam naa ne askanu Ibraayma ngeen. Waaye yéena ngi may wuta rey, ndaxte li may jàngle xajul ci yéen. 38 Li ma sama Baay won laay wax; waaye yéen, li leen seen baay di wax ngeen di def.»

39 Ñu ne ko: «Ibraayma mooy sunu baay.» Yeesu ne leen: «Bu ngeen dee waa kër Ibraayma, dingeen jëfe ni moom. 40 Léegi nag yéena ngi may wuta rey, man mi leen jottali dëgg, gi ma jële ca Yàlla. Ibraayma deful lu ni mel. 41 Li ngeen donne ci seen baay rekk ngeen di def.» Ñu ne ko: «Nun de, dunu doomi araam. Benn baay rekk lanu am, mooy Yàlla.»

* **8:28** Maay ki Nekk mooy turu Yàlla, wi mu feeñal yonentam Musaa, te ëmb melo wu sax wu Yàlla.

### *Waa kër Seytaane*

42 Yeesu ne leen: «Bu Yàlla
doon seen baay, dingeen
ma bëgg, ndaxte ca moom
laa jóge, ñëw ci ndigalam.
Ñëwaluma sama bopp,
waaye moo ma yónni. 43 Lu
tax dégguleen li ma leen
wax? Li ko waral moo
di manuleen koo déglu.
44 Seytaane mooy seen baay,
te bëgg-bëggam ngeen di
bëgg di def. Bóomkat
la masa doon. Du taxaw
mukk ci dëgg, ndaxte dëgg
nekkul ci moom. Buy fen,
dëppoo na ak jikkoom,
ndaxte fenkat la, te ci moom
la fen soqikoo. 45 Waaye
man damay wax dëgg, moo
tax gëmuleen ma. 46 Kan
ci yéen moo mana seede ne
bàkkaar naa? Su ma waxee
dëgg nag, lu tax dungeen
ma gëm? 47 Ku nekk doomu
Yàlla dina déglu ay waxam.
Waaye nekkuleen doomi
Yàlla, looloo tax dungeen
déglu.»

### *Li Yeesu seede ci mbiram*

48 Yawut ya ne ko: «Ndax
danoo waxul dëgg, bu nu
nee, nitu Samari nga te dan-
gaa am ay rab?»

49 Yeesu ne leen: «Awma
rab; waaye sama Baay
laay teral, te yéen dangeen
may toroxal. 50 Wutumaa
màggal sama bopp. Keneen
a ma koy wutal te mooy
àtte. 51 Ci dëgg-dëgg maa
ngi leen koy wax, kuy sàmm
sama wax doo dee mukk.»
52 Yawut ya ne ko: «Léegi
wóor nanu ne dangaa am
ay rab! Ibraayma faatu na,
yonent yépp faatu, yaw nga
naan: “Kuy sàmm sama wax
doo ñam dee.” 53 Sunu baay
Ibraayma faatu na; mbaa
du dangaa defe ne yaa ko
gëna màgg? Yonent yi itam
faatu nañu. Waaw, loo teg
sa bopp?»

54 Yeesu ne leen: «Su
ma dee màggal sama bopp,
du am maana. Sama Baay
a may màggal, moom mi
ngeen naan, mooy seen
Yàlla. 55 Xamuleen ko nag;
man maa ko xam. Su ma
ne woon xawma ko, ab
fenkat laay doon ni yéen.
Waaye xam naa ko te maa
ngi sàmm waxam. 56 Seen
baay Ibraayma bég na, bi
mu yégee sama ngan. Bi
mu ko gisee it, bég na ci
lool.» 57 Yawut ya ne ko:
«Amaguloo juróom fukki
at, ba noppi naan gis nga
Ibraayma?» 58 Yeesu ne leen:
«Ci dëgg-dëgg maa ngi leen
koy wax, laata ñuy sàkk
Ibraayma, fekk na ma doon
ki ñuy wax Maay ki Nekk†.»

59 Noonu ñu for ay xeer,
bëgg ko koo sànni ngir rey
ko. Waaye Yeesu nëbbu,
génn kër Yàlla ga.

# 9

### *Yeesu faj na gumbag jud-duwaale*

1 Amoon na fu Yeesu
jaaroon, gis fa waa
ju judduwaale gumba.
2 Taalibeem ya laaj ko
ne: «Kilifa gi, lu tax waa
jii judduwaale gumba?

† **8:58** Seetal ci 8.28.

Ndax bàkkaaram a ko
waral, walla bu waajuram?»
3 Yeesu ne leen: «Ajuwul
ci bàkkaaram walla ci bu
waajuram. Waaye loolu dafa
am, ngir jëfi Yàlla yi feeñ ci
moom. 4 Bëccëg lanu wara
matal jëfi ki ma yónni; guddi
dina ñëwi, goo xam ne kenn
du ci mana liggéey. 5 Ci
bi may nekk àddina, maay
leeru àddina.»
6 Bi Yeesu waxee loolu
ba noppi, dafa daldi tifli,
jaxase lor wa ak ban, tay
ko ci bëti gumba ga ne
ko: 7 «Demal sëlmu ci bëtu
Silowe.» Silowe mi ngi tekki
«Yónni nañu ko.» Gumba ga
daldi dem sëlmuji, délsi di
gis.
8 Dëkkandoom yi ak ñi
ko xame woon bu jëkk ci
yelwaan naan: «Xanaa du
kii moo daan toog, di yel-
waan?» 9 Ñii naan: «Moom
la de!» Ñee naan: «Du
moom! Dañoo niroo rekk.»
Mu daldi leen ne: «Man la
de!» 10 Ñu ne ko: «Lu ubbi
say bët?» 11 Mu ne leen: «Ku
ñuy wax Yeesu moo tooyal
ban, tay ko ci samay bët,
ne ma: "Demal sëlmu ci
bëtu Silowe." Ma dem nag
sëlmuji, daldi gis.» 12 Ñu ne
ko: «Ana waa ji?» Mu ne
leen: «Xawma fu mu nekk.»

### *Farisen laaj nañu gumba, gi ñu wéral*

13 Noonu ñu daldi indil
Farisen yi nit ki gumba
woon. 14 Ndekete Yeesu, bés
bi mu tooyale ban, ubbi bëti
gumba ga, bésub noflaay la
woon. 15 Looloo tax Farisen
ya di laajaat waa ja fi mu
jaar bay gis léegi. Mu ne
leen: «Dafa tay ban ci samay
bët, ma sëlmuji, ba fi ma
nekk maa ngi gis.»
16 Ci noonu am ca Farisen
ya ñu naan: «Ki def lii, man-
ula jóge ca Yàlla, ndaxte top-
pul ndigalu bésub noflaay
bi.» Ñeneen it di wax ne:
«Nan la boroom bàkkaar
mana wonee yii firnde?»
Noonu ñu daldi féewaloo
ci seen biir. 17 Farisen ya
laajaat ka gumba woon ne
ko: «Yaw, loo wax ci moom?
Yaw de la ubbil say bët.» Mu
ne leen: «Yonent la.»
18 Yawut ya manuñu
woona nangu ne, nit ka
dafa gumba woon tey gis
léegi, ñu daldi wooluji
ay waajuram, 19 laaj leen
ne: «Ndax kii mooy seen
doom, ji ngeen ne gumba
judduwaale la? Kon fu
mu jaar, bay gis léegi?»
20 Waajur ya ne leen: «Xam
nanu ne daal, sunu doom la
te dafa judduwaale gumba.
21 Waaye ni mu def léegi
bay gis, xamunu ko, te
xamunu it ki ko ubbil ay
bëtam. Laajleen ko; magum
jëmm la, te man na tontul
boppam.»
22 Ragal Yawut ya nag
moo taxoon waajuri nit ka
waxe noonu, ndaxte Yawut
ya dañoo mànkoo woon ne,
képp ku seede ne Yeesu
mooy Almasi bi, ñu dàq la
ca jàngu ba. 23 Looloo tax
waajur ya ne: «Laajleen ko;
magum jëmm la.»
24 Farisen ya dellu
woowaat ka gumba woon

ne ko: «Waxal sa digganteek
Yàlla. Xam nanu ne waa
joojee boroom bàkkaar la.»
25 Mu ne: «Xawma ndax
boroom bàkkaar la am déet.
Li ma xam daal mooy gumba
woon naa, te léegi maa ngi
gis.» 26 Ñu laaj ko ne: «Lu
mu la def? Nu mu la ubbile
say bët?» 27 Mu ne leen:
«Wax naa leen ko ba noppi,
waaye dégluwuleen ma. Lu
ngeen bëgg ci ma di ko wax,
di waxaat? Xanaa dangeena
bëgga nekk yéen itam ay
taalibeem?» 28 Ci kaw loolu
ñu daldi ko saaga ne ko:
«Yaw yaay taalibeem. Nun,
taalibey Musaa lanu. 29 Xam
nanu ne Yàlla wax na ak
Musaa; waaye kii, xamunu
sax fu mu jóge.»

30 Waa ja ne leen: «Loolu
de, doy na waar! Xamuleen
fu mu jóge, te moo ubbi
samay bët! 31 Xam nanu
ne Yàlla du déglu boroom
bàkkaar. Waaye nag, dina
déglu ki koy ragal tey def
coobareem. 32 Bi àddina
sosoo ba tey, masuñoo dégg
nit ku ubbi bëti gumbag jud-
duwaale. 33 Kon nit kookee
nag, bu jógewul woon ca
Yàlla, du mana def dara.»
34 Ñu ne ko: «Yaw, ci
biir bàkkaar nga juddoo, ba
noppi di nu jàngal?» Noonu
ñu dàq ko ca jàngu ba.

*Ngumbag xel*

35 Yeesu daldi yég ne dàq
nañu nit ka. Bi mu dajeek
moom, mu ne ko: «Ndax
gëm nga Doomu nit ki?»
36 Waa ja ne ko: «Wax ma
mooy kan, Sang bi, ba ma
man koo gëm.» 37 Yeesu ne
ko: «Gis nga ko ba noppi,
te mooy kiy wax ak yaw.»
38 Waa ja ne: «Boroom bi,
gëm naa la.» Noonu mu
jaamu Yeesu. 39 Yeesu ne ko:
«Àttee ma taxa ñëw àddina,
ngir ñi gumba gis, ñiy gis
gumba.» 40 Bi Farisen ya
nekkoon ak moom déggee
loolu, ñu ne ko: «Xanaa
kon nun it danoo gumba?»
41 Yeesu ne leen: «Bu ngeen
gumba woon, dungeen am
bàkkaar, waaye fi ak yéena
ngi naan: “Nu ngi gis,” ci
bàkkaar ngeen di dëkk.

# 10

*Misaal ci mbirum sàmm bi ak xar yi*

1 «Ci dëgg-dëgg maa ngi
leen koy wax, ku jaar fe-
neen fu dul ci buntu gétt
gi, kooku sàcc la, saay-saay
la. 2 Waaye ki jaar ci
bunt bi, mooy sàmmu xar
yi. 3 Wottukat bi dina ko
ubbil bunt bi, xar yiy dégg
baatam. Xar yi mu moom
nag, bu ci nekk dina la woo
ci sa tur, ba noppi nga topp
ko ci biti. 4 Sàmm bi, bu
génnee yi mu moom yépp,
dina leen jiitu, ñu topp ko,
ndaxte xam nañu baatam.
5 Waaye duñu topp jaambur;
dañu koy daw, ndaxte mi-
inuñu baatam.»

6 Yeesu misaaloon na leen
loolu, waaye xamuñu lu mu
leen doon wax. 7 Noonu
Yeesu newaat: «Ci dëgg-
dëgg maa ngi leen koy wax,
man maay buntu gétt gi.
8 Ñi ma fi jiitu ñépp ay

sàcc lañu, ak ay saay-saay;
waaye xar yi dégluwuñu
leen. 9 Man maay bunt bi;
ku jaar ci man, dinga mucc,
dinga mana dugg ak a génn,
dinga am it mbooy goo mana
fore. 10 Sàcc bi moom, day
sàccsi rekk, di rey ak a
yàq. Man damaa ñëw, ngir
nit ñi am dund, ba nekk ci
naataange.

11 «Man maay sàmm bu
baax bi. Sàmm bu baax bi
day joxe bakkanam ngir ay
xaram. 12 Ki dul sàmm bi tey
liggéeyal xaalis rekk waaye
moomul xar yi, bu séenee
bukki, day daw, bàyyi fa xar
ya. Bu ko defee bukki ba dal
ca coggal ja, jàpp ca, tasaare
ya ca des. 13 Booba surga day
daw, ndaxte xaalis rekk lay
liggéeyal, faalewul xar ya.

14-15 «Man maay sàmm bu
baax bi. Ni ma xame Baay
bi te Baay bi xame ma
ni, noonu laa xame samay
xar, te ñoom it ni lañu
ma xame. Te it kat di-
naa joxe sama bakkan ngir
xar yi. 16 Am naa yeneen
xar yu bokkul ci gétt gii.
War naa leena indi, ñoom
it, te dinañu déglu sama
baat. Benn coggal ay am
ak benn sàmm. 17 Baay bi
bëgg na ma, ndaxte damay
joxe sama bakkan ngir jëlaat
ko. 18 Kenn du ko jële ci
man; maa koy joxe ci sama
coobarey bopp. Am naa it
sañ-sañu joxe ko te am naa
sañ-sañu jëlaat ko. Loolu la
ma sama Baay sant.»

19 Kàddu yooyee ñoo
féewalewaat Yawut yi. 20 Ñu
bare ca ñoom naan: «Dafa
ànd ak rab! Dafa dof! Lu tax
ngeen koy déglu?» 21 Waaye
ñeneen naan: «Nit ku am ay
rab du waxe nii. Ndax rab
man na ubbi bëti gumba?»

### *Yawut ya nanguwuñu Yeesu*

22 Am bés ñu doon màggal
ca Yerusalem Bés ba ñu
sellale woon kër Yàlla ga;
ci jamonoy sedd la woon.
23 Yeesoo nga woon ca kër
Yàlla ga, di doxantu ca biir
Werandaa bu Suleymaan.
24 Yawut ya wër ko ne
ko: «Kañ nga nuy dindi ci
kumpa? Boo dee Almasi bi,
wax ko mu leer.»

25 Yeesu ne leen: «Wax
naa leen ko ba noppi, waaye
gëmuleen. Jëf yi may def
ci sama turu Baay ñoo may
seede. 26 Waaye gëmuleen
ndaxte bokkuleen ci samay
xar. 27 Samay xar dinañu
dégg sama baat; xam naa
leen te ñu ngi may topp.
28 Dama leen di jox dund gu
dul jeex; duñu sànku mukk,
te kenn du leen jële ci sama
loxo. 29 Baay bi ma leen
jox, moo gëna màgg lépp,
te kenn manula jële dara ci
loxob Baay bi. 30 Man ak
Baay bi benn lanu.»

31 Yawut ya daldi foraat
ay xeer, bëgg koo sànni,
ngir rey ko. 32 Noonu Yeesu
ne leen: «Def naa ci seen
kanam jëf yu baax yu bare
ci ndigalu Baay bi. Ban ci
jëf yooyu moo tax ba ngeen
bëgg maa sànni ay doj?»
33 Yawut ya ne ko: «Jëf
ju baax taxul nu bëgg laa

sànniy xeer, waaye dangay
suufeel turu Yàlla; yaw, nit
rekk nga, ba noppi di def sa
bopp Yàlla!»
34 Yeesu ne leen: «Bind
nañu ci seen téereb yoon
ne: “Yàlla nee na: Ay yàlla
ngeen.” 35 Yàlla wooye na
“ay yàlla” ñi mu yónnee
kàddoom, te xam nanu ne
kenn manula randal waxi
Yàlla. 36 Kon nu ngeen mana
waxe ne damay suufeel turu
Yàlla ndax li ma ne Doomam
laa, man mi Yàlla tànn,
yónni ma ci àddina? 37 Su
ma deful sama jëfi Baay,
buleen ma gëm; 38 waaye su
ma ko defee, bu ngeen ma
gëmul sax, gëmleen boog
samay jëf, ngir ngeen xam
te nangu ne maa ngi nekk ci
Baay bi te Baay bi nekk na
ci man.» 39 Ñu di ko wuta
jàppaat, waaye mu bàyyi
leen fa, dem.

40 Yeesu génn, jàllaat dexu
Yurdan, toog fa Yaxya daan
sóobe ci ndox bu jëkk. 41 Nit
ñu bare ñëw ci moom, te
naan: «Yaxya deful benn
kéemaan, waaye li mu
wax ci kii yépp, dëgg la.»
42 Noonu ñu bare gëm ko.

# 11

*Deewu Lasaar*

1 Amoon na benn waay
bu woppoon, ñu koy wax
Lasaar. Ma nga dëkkoon
Betani, moom ak Maryaama
ak Màrt, mi mu bokkaloon
ndey ak baay. 2 Maryaama
mooy jigéen jiy sottiji
latkoloñ ci tànki Boroom
bi, fompe ko kawaram.
Moom la càmmiñam Lasaar
woppoon. 3 Ñaari jigéeni
Lasaar yónnee ca Yeesu
ne ko: «Boroom bi, sa
xarit wopp na.» 4 Bi Yeesu
déggee xibaar boobu, mu
ne: «Lasaar de, woppam
jooju du ko mujje; day wone
ndamu Yàlla, tey màggal
Doomu Yàlla ji.»

5 Yeesu soppoon na Màrt
ak Maryaama ak Lasaar. 6 Bi
mu yégee nag ne Lasaar
wopp na, mu toogaat yeneen
ñaari fan ca bérab, ba mu
nekkoon. 7 Gannaaw loolu
mu ne taalibe ya: «Nanu
dellu Yude.» 8 Taalibe ya
ne ko: «Kilifa gi, yàggul
dara waa Yude doon nañu
la wuta rey ak i xeer, nga
di fa dellu?» 9 Yeesu ne
leen: «Xanaa du bëccëg
fukki waxtook ñaar la? Kuy
dox bëccëg, du fakktalu,
ndaxte day gis leeru àddina
si. 10 Waaye kuy dox guddi,
dina fakktalu, ndaxte leer
nekkul ci moom.» 11 Yeesu
wax loolu, teg ca ne: «Sunu
xarit Lasaar nelaw na,
waaye maa ngi dem yee
ko.» 12 Taalibe ya ne ko:
«Boroom bi, bu nelawee
kay, kon dina wér.»

13 Yeesu dafa bëggoona
wax ne, Lasaar dee na,
waaye taalibe yi dañoo
xalaatoon ne mbiri nelaw
rekk lay wax. 14 Ci kaw
loolu Yeesu wax ci lu leer
ne: «Lasaar dee na. 15 Bég
naa ngir yéen ndax li ma
fa nekkul, ngir seen ngëm
gëna dëgër. Waaye nanu
ko seeti.» 16 Noonu Tomaa,
ki turam di tekki «Séex

bi», daldi ne yeneen taalibe
ya: «Nanu dem nun itam,
deeyandoo ak moom!»

*Yeesu mooy ndekkite, mooy dund*

17 Bi Yeesu agsee, mu fekk
ne bi ñu dencee Lasaar ak
léegi, mat na ñeenti fan.
18 Betani ma nga woon ca
wetu Yerusalem, diggante bi
matul woon sax ñetti kilo-
met. 19 Yawut yu bare
ñëwoon nañu kër Màrt ak
Maryaama, ngir dëfal leen ci
seen deewu càmmiñ.
20 Bi Yeesu ñëwee, Màrt
yég ko, dem di dajeek
moom; fekk booba Maryaa-
maa nga toogoon ca kër ga.
21 Màrt ne Yeesu: «Boroom
bi, boo fi nekkoon de, sama
càmmiñ li du dee. 22 Waaye
xam naa ne fii nu tollu sax,
loo ñaan Yàlla, mu may la
ko.» 23 Yeesu ne ko: «Sa
càmmiñ dina dekki.» 24 Màrt
ne ko: «Xam naa ne dina
jóg bésu ndekkite la, keroog
bés bu mujj ba.» 25 Yeesu ne
ko: «Man maay ndekkite li,
maay dund gi. Ku ma gëm,
boo deeyee it, dinga dund.
26 Rax-ca-dolli kuy dund te
gëm ma, doo dee mukk.
Ndax gëm nga loolu?» 27 Mu
ne ko: «Waaw, Boroom bi.
Gëm naa ne yaay Almasi bi,
di Doomu Yàlla, ji wara ñëw
àddina.»
28 Bi Màrt waxee loolu, mu
daldi dem wooyi Maryaama
ne ko ci pett: «Kilifa gaa ngi
fi; mi ngi lay laaj.» 29 Bi
Maryaama déggee loolu,
mu daldi jóg, gaawantu dem
ca Yeesu. 30 Te fekk duggagul
woon ca dëkk ba, waaye ma
nga woon ba tey ca bérab,
ba mu daje woon ak Màrt.
31 Noonu Yawut, ya nekkoon
ca kër ga di dëfal Maryaama,
gis ko mu ne bërét génn, ñu
daldi koy topp, defe ne day
jooyi ca bàmmeel ba.
32 Bi Maryaama agsee
nag ca Yeesu, ba gis ko,
mu daanu ciy tànkam ne
ko: «Boroom bi, boo fi
nekkoon, sama càmmiñ du
dee.» 33 Yeesu gis ne mi
ngi jooy te Yawut yi ànd ak
moom itam ñu ngi jooy. Mu
daldi jàq, am naqar wu réy.
34 Mu ne leen: «Fu ngeen ko
denc?» Ñu ne ko: «Kaay gis,
Sang bi.»
35 Yeesu jooy. 36 Noonu
nag, Yawut ya ne: «Gis
ngeen ni mu ko bëgge
woon!» 37 Waaye am na ca
ñoom ñu doon wax naan:
«Moom mi ubbi bëti gumba
gi, ndax manul woona fexe
ba Lasaar du dee?»

*Lasaar dekki na*

38 Yeesu dellu am naqar
wu réy, daldi dem ca
bàmmeel ba. Pax la mu
ñu yett ci doj, ube ko xeer.
39 Yeesu ne: «Dindileen xeer
wi!» Màrt, jigéenu ku dee
ki ne ko: «Boroom bi, dina
xasaw xunn fii mu nekk,
ndaxte am na ci bàmmeel
bi ñeenti fan.» 40 Yeesu ne
ko: «Ndax waxuma la ne
boo gëmee, dinga gis ndamu
Yàlla?» 41 Ñu daldi dindi
xeer wa. Yeesu xool ci kaw,
ne jàkk asamaan, ñaan Yàlla
ne: «Baay, sant naa la ci
li nga ma déglu ba noppi.
42 Xam naa ne doo jóg ci di
ma déglu, waaye dama koy

wax, ngir nit ñi ma wër gëm
ne yaa ma yónni.»
43 Bi mu waxee loolu,
Yeesu woote ak baat bu
dëgër ne: «Lasaar, ñëwal
ci biti!» 44 Néew bi daldi
génn, ñu gis càngaay, li ñu
takke woon tànk yi ak loxo
yi, ak kaala, gi ñu muure
woon kanam gi. Yeesu ne
leen: «Tekkileen ko, bàyyi
ko mu dem.»

*Pexe yi jëm ci Yeesu*

45 Yawut yu bare ca ña
ñëwoon kër Maryaama te
gis li Yeesu defoon, daldi koy
gëm. 46 Waaye amoon na
it ñu demoon ci Farisen ya,
nettali leen la Yeesu defoon.
47 Farisen ya ak sarxalkat yu
mag ya woo kureelu àttekat
ya ne: «Nit kii kat, kéemaan
yi muy def a ngi bëgga bare.
Lu nuy def nag? 48 Ndaxte
su nu ko bàyyee mu jàppoo
nii, ñépp dinañu ko gëm, te
kilifay Room yi dinañu ñëw,
daaneel sunu kër Yàlla gi, tas
sunu réew!»
49 Amoon na ca ñoom
ku ñuy wax Kayif te mu
nekkoon sarxalkat bu mag
ba at mooma; mu ne leen:
«Xamuleen ci mbir mi dara.
50 Xanaa xamuleen ne, kenn
nit rekk dee ngir ñépp, mooy
li gën ci yéen? Bu ko defee
réew mi du tas.»
51 Loolu Kayif waxu ko
woon ci sagoom, waaye li
mu nekkoon sarxalkat bu
mag ba at mooma, moo
tax Yàlla xiirtal ko mu ne,
Yeesu dina dee ngir réew mi.
52 Du woon rekk ngir xeet
woowu, waaye ngir itam
doomi Yàlla, yi tasaaroo
yépp, dajaloo nekk benn.
53 Keroog la njiiti Yawut ya
dogu ci rey Yeesu. 54 Taxoon
na ba Yeesu dootul doxantu
ci biir Yawut ya. Noonu mu
dem ca gox bu jege màndiŋ
ma, ca dëkku Efrayim. Foofa
nag la toog ak ay taalibeem.
55 Bésu Mucc baa ngi
doon jubsi, mu doonoon
ag màggal ci Yawut yi, ba
ñu bare ca waa àll ba di
dem Yerusalem balaa booba,
ngir sanguji set. 56 Ñu ngi
doon wut Yeesu tey wax-
ante ca kër Yàlla ga naan:
«Lu ngeen ci xam? Ndax
dina ñëw ci màggal gi walla
déet?» 57 Sarxalkat yu mag
ya ak Farisen ya daldi san-
taane ne, bu kenn xamee fu
Yeesu nekk, mu yégle ko,
ngir ñu man koo jàpp.

# 12

*Maryaama sotti na latkoloñ ci tànki Yeesu*

1 Juróom benni fan laata
ñuy màggal bésu Mucc
ba, Yeesu dem na Betani,
dëkku Lasaar, mi mu dekkal.
2 Foofa ñu defaral ko fa
reer. Màrt moo ko doon
séddale, te Lasaar bokkoon
na ca gan ña. 3 Noonu
Maryaama daldi jël liibaru
latkoloñ ju raxul ju ñuy
wax nàrd, tey jar lu baree
bare. Mu sotti ko ci tànki
Yeesu, ba noppi fomp ko ak
kawaram. Xetu latkoloñ gi
gilli ci kër gi yépp. 4 Kenn
ca taalibey Yeesu ya, muy
Yudaa Iskariyo, mi ko nara
wor, daldi ne: 5 «Lu tax

jaayewuñu latkoloñ jii peyu
atum lëmm, jox ko miskin
yi?» 6 Waaye bi muy wax
loolu, xalaatul woon miskin
yi, ndaxte sàcc la woon; moo
yoroon boyetu xaalis bi, te
daan ci sàkk.
7 Waaye Yeesu ne ko:
«Bàyyi ko! Jekkoon na mu
denc ko ngir bés bu ñu may
suul. 8 Miskin yaa ngi ak
yéen bés bu nekk, waaye
dungeen ma gis ba fàww.»
9 Bi ñu yégee ne Yeesoo
nga fa, mbooloom Yawut
mu bare daldi dem Be-
tani. Yeesu rekk yóbbuwu
leen fa woon, waaye
dañoo bëggoona gisaale
Lasaar, mi Yeesu dekkaloon.
10 Sarxalkat yu mag ya dogu
ci ne dañuy reyaale Lasaar,
11 ndaxte moo waral Yawut
yu bare dëddu leen, gëm
Yeesu.

### *Yeesu dugg na Yerusalem*

12 Ca ëllëg sa mbooloo
mu bare, ma ñëwoon ca
màggalu bésu Mucc ba,
yég ne Yeesoo ngi jëmsi
Yerusalem. 13 Ñu daldi jël
cari garab, génn di ko teeru.
Ñuy xaacu naan:
«Osaana!
Yaw miy ñëw ci turu Boroom
bi, ku barkeel nga!
Na Yàlla barkeel buuru Is-
rayil!»
14 Yeesu wut cumbur, war
ko; ndaxte Mbind mi nee na:
15 «Buleen ragal, waa Siyoŋ.
Gis ngeen, seen buur a ngi
ñëw,
war mbaam mu ndaw.»
16 Yooyu yépp, taalibe ya
xamuñu woon ca saa sa lu
muy tekki; waaye gannaaw
bi ndamu Yeesu feeñee, ñu
fàttaliku ne, Mbind mi yégle
woon na loolu ci moom, te
amal nañu ko.
17 Ña nekkoon ak Yeesu
ñépp, bi muy wooyee Lasaar
mu génn ca bàmmeel ba
te mu dekkal ko, demoon
nañu, nettali la ñu gis.
18 Looloo tax mbooloo ma
teeru ko, ndaxte yégoon
nañu firnde jooju. 19 Farisen
yi nag di waxante naan:
«Gis ngeen, manuleen ci
dara; ñépp a ngi koy topp!»

### *Yeesu wax na ci ni mu wara faatoo*

20 Ca mbooloo ma, amoon
na ca ay Gereg yu bokk ca
ña ñëwoon Yerusalem ngir
jaamu Yàlla diirub màggal
ga. 21 Ñëw nañu ci Filib, mi
dëkk Betsayda ci diiwaanu
Galile, ne ko: «Sang bi,
danoo bëggoona gis Yeesu.»
22 Filib dem wax ko Andare;
ñu ànd, waxi ko Yeesu.
23 Mu ne leen: «Waxtu
wi ñu wara feeñale ndamu
Doomu nit ki jot na. 24 Ci
dëgg-dëgg maa ngi leen koy
wax, fi ak peppu dugub
ji wadd ci suuf jaarul ci
dee, du mana weesu li mu
doon: pepp doŋŋ. Waaye
bu deeyee, dina jur pepp yu
bare. 25 Ku bëgg bakkanam
dina ko ñàkk, waaye ku ko
bañ ci àddina sii, dina ko
denc ngir dund gu dul jeex
gi. 26 Ku bëgga doon sama
surga, na ma topp. Bu ko
defee, fu ma nekk, fa lay
nekk moom itam. Ku may
liggéeyal, sama Baay dina ko
teral.

27 «Léegi nag damaa jàq.
Lu may wara wax? Mbaa
du dama naan: “Baay, musal
ma ci li nara xew waxtu
wiy ñëw?” Déedéet, ñëw
naa sax ngir jaar ci waxtu
woowu. 28 Baay, màggalal
sa tur!» Noonu ñu dégg
baat bu jóge asamaan naan:
«Màggal naa ko ba noppi, te
dinaa ko màggalaat.»

29 Mbooloo ma fa teewoon
te dégg baat ba daldi ne:
«Dënnu la woon!» Ñeneen
naan: «Malaakaa doon wax
ak moom.» 30 Waaye Yeesu
ne leen: «Taxuma baat
boobu jolli, waaye yéena
tax. 31 Àtteb àddina si jot na:
léegi ñu dàq malaaka mu
bon, mi jiite àddina si. 32 Te
man, bu ñu ma yékkatee,
ma tiim suuf, dinaa xiirtal
nit ñépp ci man.» 33 Ci baat
yooyu la doon misaale ni mu
wara faatoo.

34 Mbooloo ma ne ko:
«Jàng nanu ci sunu téereb
yoon ne, Almasi bi dina sax
ba fàww. Kon yaw, nan nga
mana waxe ne: “Doomu nit
ki dina yékkatiku?” Kuy
Doomu nit kooku?»

35 Yeesu ne leen: «Leer
gi dootul yàgg ak yéen.
Doxleen, ci bi ngeen dee am
leer, ngir lëndëm bañ leena
bett. Ndaxte kuy dox ci
lëndëm doo xam foo jëm.
36 Kon ci bi ngeen dee am
leer gi, gëmleen ko, ngir
ngeen doon doomi leer.»

*Yeesu bàyyi na Yawut ya ci seen ngëlëm*

Bi mu waxee loolu ba
noppi, Yeesu dafa dem,
nëbbatuji leen. 37 Firnde
yi mu leen won yépp taxul
ñu gëm ko, 38 ngir li yonent
Yàlla Esayi waxoon am:

«Boroom bi, ana ku gëm sunu waare?
Kan la Boroom bi won dooleem?»

39 Manuñu woona gëm,
ndaxte Esayi dafa waxaat
ne:

40 «Yàlla dafa gumbaal seeni bët,
def ba ñu dëgër bopp,
ngir seeni bët baña gis,
seen xel baña xam,
ñu baña waññiku ci man ngir ma wéral leen.»

41 Esayi dafa wax loolu,
ndaxte gisoon na ndamu
Yeesu te mi ngi doon wax ci
ay mbiram.

42 Fekk na ci biir njiit yi
sax, ñu bare gëmoon nañu
Yeesu, waaye Farisen yee tax
fésaluñu ko, ndaxte dañoo
ragaloon, ñu dàq leen ca
jàngu ba. 43 Ngërëmu nit
a leen gënaloon ngërëmu
Yàlla.

44 Yeesu yégle ne: «Ku
ma gëm, gëmuloo ma waaye
gëm nga ki ma yónni. 45 Ku
ma gis, gis nga ki ma yónni.
46 Ni ag leer laa wàcce ci
àddina, ngir ku ma gëm
du des ci lëndëm. 47 Ku
dégg samay wax te toppu
leen, du man maa koy daan,
ndaxte wàccuma ngir daan
àddina, waaye damaa ñëw
ngir musal ko. 48 Ku ma bed-
deeku te nanguwul samay
wax, dina fekk fii li koy
daan: sama njànglee koy
daan keroog bés bu mujj ba.
49 Ndaxte waxuma ci sama
coobare, waaye Baay bi ma

yónni ci boppam, moo ma
sant li ma wara wax ak li ma
wara jàngle. 50 Te xam naa
ne li muy santaane day joxe
dund gu dul jeex. Kon li ma
wax, dama koy wax, ni ma
ko Baay bi sante.»

# 13

*Yeesoo raxas na tànki taalibeem*

1 Laata màggalu bésu
Mucc ba la woon. Yeesu
xamoon na ne waxtu wi mu
wara génne àddina, dem
ca wetu Baay ba, jot na.
Ku bëgg ñoñam yi nekk ci
àddina la, te bëgg na leen
ba fa mbëggeel mana yem.
2 Yeesu ak taalibe yaa
ngi doon reer. Fekk na
booba Seytaane xiirtal Yu-
daa, doomu Simoŋ Iskariyo,
ngir mu wori Yeesu. 3 Yeesu
xamoon na ne Yàlla joxoon
na ko sañ-sañ ci lépp, xam
it ne ca Yàlla la jóge te ca
moom lay delluwaat. 4 Mu
daldi jóge ca reer ba, summi
mbubbam, daldi jël ab sar-
bet, laxas ko ci ndiggam.
5 Noonu mu sotti ndox ci ab
këll, daldi tàmbali di raxas
tànki taalibe ya, di leen fomp
ak sarbet, ba mu laxasaayoo.
6 Bi mu agsee ba ca
Simoŋ Piyeer, kooku ne
ko: «Boroom bi, ndax yaw
dangaa nara raxas samay
tànk?» 7 Yeesu ne ko:
«Xamoo fii mu nekk li may
def, waaye dinga ko xami.»
8 Piyeer ne ko: «Déedéet,
duma nangu mukk nga
raxas samay tànk.» Yeesu
ne ko: «Su ma la raxasul,
doo bokk ak man dara.»
9 Simoŋ Piyeer ne ko: «Kon
nag Boroom bi, bul yem rekk
ci tànk yi, waaye raxasaaleel
loxo yi ak bopp bi!» 10 Yeesu
ne ko: «Ku sangu ba noppi,
soxlaatula raxas lu dul ay
tànkam, ndaxte set na wecc.
Yéen nag set ngeen, waaye
du ñépp!» 11 Fekk Yeesu
xamoon na ki ko nara wor,
looloo tax mu ne: «Setuleen
yéen ñépp.»
12 Bi mu leen raxasalee
seeni tànk ba noppi, Yeesu
dafa solaat mbubbam, dellu
toogaat ne leen: «Ndax
xam ngeen li ma leen de-
fal? 13 Yéena ngi may wooye
“Kilifa gi” ak “Boroom bi,”
te wax ngeen dëgg, moom
laa. 14 Kon bu fekkee ne
man miy Boroom bi tey
Kilifa gi, maa leen raxasal
seeni tànk, yéen itam war
ngeen di raxasalante seeni
tànk. 15 Bàyyil naa leen
fi royukaay, ngir ngeen di
jëf, nii ma jëfeek yéen.
16 Ci dëgg-dëgg maa ngi
leen koy wax, jaam gënula
màgg sangam, mbaa ndaw,
ki ko yónni. 17 Gannaaw
xam ngeen loolu, bu ngeen
doxalee noonu, dingeen bég.

*Yeesu yégle na ne Yudaa moo koy wor*

18 «Yéen ñépp taxuleen
may wax; xam naa ñi ma
tànn. Waaye li Mbind mi
wax, fàww mu am, bi ñu
naan: “Ki lekk sama dugub
wéq na ma.” 19 Maa ngi leen
koy wax ci teel, bala looloo
ñëw, ngir bu ñëwee, ngeen
gëm ne Maay ki Nekk. 20 Ci
dëgg-dëgg maa ngi leen koy

wax, ku nangu kenn ci ñi
may yónni, nangu nga ma,
man itam; te ku ma nangu,
nangu nga ki ma yónni.»
21 Bi Yeesu waxee loolu
ba noppi, mu jàq, biral ne:
«Ci dëgg-dëgg maa ngi leen
koy wax, kenn ci yéen dina
ma wor.» 22 Taalibe yi di
xoolante, te xamuñu kan lay
wax. 23 Ka Yeesu bëggoon
te mu bokkoon ca taalibe
ya, ma nga sóonu woon ca
kaw Yeesu. 24 Kooku la
Simoŋ Piyeer liyaar, ngir mu
laaj Yeesu ki ko taxoon di
wax. 25 Taalibe ba daldi
walbatiku ca Yeesu, laaj ko
ne: «Boroom bi, kooku kan
la?» 26 Yeesu ne ko: «Dinaa
capp dogu mburu ci ndab li;
ki ma koy jox, kooku la.»
Noonu Yeesu jël dogu
mburu, capp ko ca ndab la,
daldi koy jox Yudaa, doomu
Simoŋ Iskariyo. 27 Naka la
Yudaa jël dog wa, Seytaane
dugg ci moom. Yeesu ne ko:
«Gaawantul ci li ngay def!»
28 Amul kenn ca ña fa too-
goon ku xam lu tax mu wax
ko loolu. 29 Waaye gannaaw
Yudaa moo yoroon boyetu
xaalis bi, am ñu xalaat ne,
Yeesu dafa koo wax, mu dem
jëndi li war ci màggal gi,
walla mu ne ko mu dem
sarax miskin yi. 30 Yudaa
nag jël dogu mburu ma,
daldi génn ca saa sa. Booba
guddi woon na.

*Yeesu yégle na ne, Piyeer dina ko weddi*

31 Bi Yudaa génnee, Yeesu
ne: «Léegi nag ndamu
Doomu nit ki feeñ na, te
ndamu Yàlla feeñ na itam ci
moom. 32 Te bu ma feeñalee
ndamu Yàlla, Yàlla itam
ci teewaayam dina feeñal
ndamu Doomu nit ki, te dina
ko def léegi. 33 Samay soppe,
sama nekk ak yéen dootul
yàgg. Dingeen may seet,
waaye maa ngi leen di wax
léegi li ma waxoon Yawut
ya: fa ma jëm, dungeen
fa mana dem. 34 Maa ngi
leen di jox ndigal lu bees:
bëgganteleen. Nangeen di
bëggante ni ma leen bëgge.
35 Ni ñuy xame ne samay
taalibe ngeen, mooy ngeen
bëggante.»
36 Simoŋ Piyeer laaj ko
ne: «Boroom bi, foo jëm?»
Yeesu ne ko: «Fa ma jëm,
manuloo ma faa topp léegi,
waaye dinga ma toppi ca
kanam.» 37 Piyeer ne ko:
«Boroom bi, lu tax manuma
laa topp léegi? Àttan
naa joxe sama bakkan ngir
yaw!» 38 Yeesu ne ko: «Àttan
ngaa joxe sa bakkan ngir
man? Ci dëgg-dëgg maa ngi
la koy wax, bala ginaar a
sab, dinga ma weddi ñetti
yoon.

## 14

*Yeesu dëfal na xolu taalibeem yi*

1 «Buleen jàq. Gëmleen
Yàlla te gëm ma. 2 Am na
néeg yu bare ca sama kër
Baay, bu dul woon noonu,
ma wax leen ko, ndaxte
maa ngi dem defaral leen
fa ngeen di dëkk. 3 Te
su ma leen defaralee bérab
booba ba noppi, dinaa délsi,
yóbbaale leen, ba fu ma

nekk, ngeen nekk fa, yéen
itam. [4] Te fa ma jëm, xam
ngeen yoon wi.»

*Yeesu mooy yoon wi jëm ci Yàlla*

[5] Tomaa ne ko: «Boroom
bi, xamunu fa nga jëm. Kon
nan lanuy mana xame yoon
wi?»
[6] Yeesu ne ko: «Man
maay yoon wi, maay dëgg
te dund it man la. Kenn du
ñëw ci Baay bi te jaarul ci
man. [7] Ndegam xam ngeen
ma, dingeen xam itam sama
Baay. Lu weesu tey, xam
ngeen ko te gis ngeen ko.»
[8] Filib ne ko: «Boroom
bi, won nu Baay bi; loolu
doy na nu.» [9] Yeesu ne
ko: «Ni ma yàggeek yéen
te ba tey Filib, xamuloo ma?
Ku ma gis, gis nga Baay
bi. Kon nag nan ngay mana
laaje naan: “Won nu Baay
bi”? [10] Xamuloo ne maa
ngi nekk ci Baay bi te Baay
baa ngi ci man? Kàddu yi
ma leen di wax jógewuñu ci
man, waaye Baay bi nekk ci
man mooy matal ay jëfam.
[11] Gëmleen li ma leen wax
ne maa ngi ci Baay bi te
Baay baa ngi ci man; walla
boog, gëmleen ndax jëf yi.
[12] Ci dëgg-dëgg maa ngi leen
koy wax: képp ku ma gëm
dina def, moom itam, jëf yi
may def. Dina def sax yu
gëna màgg, ndaxte maa ngi
dem ci Baay bi. [13] Te it
lu ngeen ñaan ci sama tur
dinaa ko def, ngir Doom ji
feeñal ndamu Baay bi. [14] Lu
ngeen ñaan ci sama tur, maa
koy def.

*Yeesu dig na leen Xel mu Sell mi*

[15] «Bu ngeen ma bëggee,
dingeen topp sama ndigal.
[16] Te dinaa ñaan Baay bi,
mu jox leen beneen Dimba-
likat*, buy nekk ak yéen ba
abadan. [17] Kooku mooy Xelu
Yàlla, mi yor dëgg. Àddina
du ko mana nangu, ndaxte
gisu ko te xamu ko. Yéen
xam ngeen ko, ndaxte mi ngi
dëkk ak yéen te dina nekk
ci yéen. [18] Duma leen bàyyi
ngeen wéet. Dinaa délsi ci
yéen. [19] Des na tuuti ci
kanam, àddina du ma gisati;
waaye yéen dingeen ma gis.
Dinaa dund, moo tax yéen
itam dingeen dund. [20] Bu
keroogee, dingeen xam nag
ne nekk naa ci sama Baay,
yéen it nekk ngeen ci man, te
maa ngi nekk ci yéen. [21] Ki
ma bëgg, mooy kiy nangu
samay ndigal te di ko topp.
Ku ma bëgg, Baay bi bëgg
la, te man dinaa la bëgg, di
la feeñu.»
[22] Yudaa —du Yudaa
Iskariyo de, beneen la
woon— ne ko: «Boroom
bi, lu xew, ba nga nar noo
feeñu nun rekk, te doo feeñu
àddina sépp?» [23] Yeesu ne
ko: «Ku ma bëgg dina sàmm
sama kàddu. Sama Baay

* **14:16** Dimbalikat bi: Yeesu nee na, Dimbalikat bi xel la, kon bët du ko gis. Xel moomu dina wàcc, fekk taalibe yaa ngiy dund. Gannaaw bi Yeesu yéegee asamaan te bésu Pàntakot ñëw, ca la Dimbalikat bi wàcc ci ñi gëm Yeesu. Noonu ba tey, kuy taalibeb Yeesu, ci sa xol lay dëkk.

dina ko bëgg te nun dinanu
ñëw ci moom te dëkk ci
moom. [24] Ku ma bëggul doo
sàmm sama kàddu. Li may
wax nag, jógewul ci man,
waaye mi ngi soqikoo ci ki
ma yónni.

[25] «Lii dama leen koy wax
ci bi may nekk ak yéen.
[26] Waaye Dimbalikat, bi leen
Baay bi di yónnee ci sama
tur, muy Xelam mu Sell,
dina leen jàngal lépp, di
leen fàttali li ma leen wax-
oon lépp. [27] Jàmm laa
leen bàyyeel, sama jàmm
laa leen jox, jàmm ju àddina
manula joxe. Buleen jàq,
buleen tiit.

[28] «Dégg ngeen li ma leen
wax: “Dinaa dem, waaye
dinaa délsi ci yéen.” Bu
ngeen ma bëggoon, dingeen
bég ci li may dem ca Baay
ba, ndaxte Baay bee ma gëna
màgg. [29] Wax naa leen ko
nag léegi, bala looloo ñëw,
ngir bu waxtu wa agsee,
ngeen gëm. [30] Lu weesu tey
duma amati jotu waxtaan ak
yéen, ndaxte malaaka mu
bon mi jiite àddina saa ngi
ñëw. Kooku manalu ma
dara. [31] Waaye àddina si
war na xam ne bëgg naa
Baay bi te ni ma ko Baay bi
sante, ni laay jëfe. Jógleen,
nu dem!

# 15

### *Yeesu, garab gu wóor gi*

[1] «Man maay garab* gu
wóor gi, te sama Baay mooy
beykat bi. [2] Car bu soqikoo
ci man te meññul, dina ko
dog, sànni. Waaye car bu
ci meññ, dina ko tenqi, ngir
mu gëna meññ. [3] Yéen nag,
Baay bi setal na leen jaarale
ko ci kàddu gi ma leen wax,
ni beykat di tenqee garabam.
[4] Saxleen ci man; ma sax,
man itam, ci yéen. Ni car
manula ame ay doom, bu
saxul ci garab, noonu itam
dungeen mana meññ li may
jëfe ci yéen, bu ngeen saxul
ci man.

[5] «Man maay garab gi;
yéen yéenay car yi. Ki sax
ci man te ma sax ci moom,
dina meññ, ndaxte bu ngeen
saxul ci man, dungeen man
dara. [6] Ku saxul ci man
dinañu ko sànni ci biti, mu
mel ni car bu ñu dagg, ba
mu wow. Car yu wow nag,
dañu leen di buub, sànni
ci sawara, ñu lakk. [7] Bu
ngeen saxee ci man te saxal
samay wax ci seen xol, lu
ngeen ñaan mu nangu. [8] Liy
feeñal sama ndamu Baay
moo di, ngeen di gëna meññ
tey wone noonu ne samay
taalibe ngeen.

[9] «Ni ma Baay bi bëggee,
noonu itam laa leen bëgge.
Saxleen ci mbëggeel googu
ma am ci yéen. [10] Bu
ngeen toppee samay ndi-
gal, dingeen sax ci sama
mbëggeel, ni ma toppe
sama ndigali Baay, ba tax ma
sax ci mbëggeelam. [11] Wax
naa leen loolu, ngir ngeen
bokk ci sama mbég, te seen
bos mat sëkk. [12] Sama ndigal
mooy ngeen bëggante, ni

* **15:1** Garab googu, lawtan la guy meññ ay doomi reseñ.

ma leen bëgge. 13 Genn
mbëggeel manula weesu
joxe sa bakkan ngir say
xarit. 14 Samay xarit ngeen,
ci kaw ngeen def li ma
santaane. 15 Dootuma leen
wooye jaam, ndaxte jaam
du xam li sangam di def.
Xarit laa leen wooye, ndaxte
xamal naa leen li ma jële
lépp ci sama Baay. 16 Du
yéen yéena ma tànn, waaye
man maa leen tànn, sas leen
ngeen dem, meññ meññeef
gu sax, ngir Baay bi def
lu ngeen ko ñaan ci sama
tur. 17 Li may santaane nag,
mooy ngeen bëggante.

*Nit ñi bañ nañu Yeesu ak ay taalibeem*

18 «Bu leen àddina bañee,
xamleen ne man lañu jëkka
bañ. 19 Ñi bokk ci ñoom lañu
bëgg. Bu ngeen bokkoon
ci ñoom, dinañu leen bëgg,
ni ñu bëgge seeni ñoñ.
Waaye bokkuleen ci àddina,
ndaxte maa leen tànn, ber
leen. Looloo tax ñu bañ
leen. 20 Fàttalikuleen li
ma leen wax: "Jaam gënula
màgg sangam." Bu ñu ma
sonalee, dinañu leen sonal
yéen itam. Bu ñu toppee
sama wax, dinañu topp seen
wax yéen itam. 21 Waaye
loolu lépp dinañu leen ko
def ndax man, ndaxte xa-
muñu ki ma yónni. 22 Su ma
ñëwul woon, ne leen dara,
duñu am bàkkaar. Waaye
léegi amuñu lay ngir seeni
bàkkaar. 23 Ku ma bañ,
bañ nga itam sama Baay.
24 Su ma deful woon ci seen
biir jëf yu kenn deful, kon
duñu am bàkkaar. Waaye
léegi nag gis nañu samay jëf
te teewul ñu bañ nu, man
ak sama Baay. 25 Waaye
loolu am na ngir kàddu gi
am, kàddu gii ñu bind ci
seen yoon: "Bañ nañu ma ci
dara."
26 «Dimbalikat bi† dina
ñëw, mooy Xel mi jóge ci
Baay bi tey yor dëgg gi. Dina
jóge ci Baay bi, ma yebal ko
ci yéen. Moom nag, moo
may seedeeli. 27 Te yéen
itam dingeen seede samay
mbir, ndaxte yéena nekkoon
ak man ca njàlbéen ga.

# 16

1 «Loolu dama leen koo
wax ngir seen ngëm baña
wàññiku. 2 Dinañu leen dàq
ca jàngu ya, te dinañu dem
ba jamono joo xam ne ñi
leen di rey dañuy xalaat ne
ñu ngi màggal turu Yàlla.
3 Dinañu agsi foofu, ndaxte
xamuñu Baay bi te xamuñu
ma. 4 Loolu nag, wax naa
leen ko, ngir bu waxtu wi jo-
tee ngeen fàttaliku ne yégal
naa leen ko. Waxuma leen
ko ca njàlbéen ga, ndaxte
maa ngi nekkoon ak yéen.

*Jëfi Dimbalikat bi*

5 «Léegi nag maa ngi dem
ca ka ma yónni, te kenn ci
yéen laaju ma fi ma jëm.
6 Seen xol dafa jeex ndax
li ma leen wax. 7 Moona
de, ci sama wàll, dëgg laa
leen di wax. Li gën ci
yéen mooy ma dem, ndaxte

† **15:26** Seetal ci 14.16, 17 ak 26. * **16:7** Seetal ci 14.16, 17 ak 26.

su dul loolu, Dimbalikat bi*
du ñëw ci yéen; waaye su
ma demee, dinaa leen ko
yónnee. 8 Te bu dikkee, dina
yey niti àddina ci lu jëm ci
seen bàkkaar, ci lu jëm ci
sama njubte ak ci lu jëm
ci àtte ba. 9 Ci mbiri seen
bàkkaar, dina leen yey ci li
ñu ma gëmul. 10 Ci mbiri
sama njubte, dina leen yey
ndaxte maa ngi dem ci Baay
bi te dungeen ma gisati. 11 Ci
mbiri àtte ba, dina leen yey
ndaxte àtte nañu malaaka
mu bon mi jiite àddina si, ba
daan ko.
12 «Li ma leen wara wax
bare na, waaye dungeen ko
mana dékku. 13 Bu Xelum
Yàlla mi yor dëgg gi dikkee
nag, dina leen gindi ci lépp
li jëm ci yoonu dëgg, ndaxte
du wax ci coobarey boppam,
waaye lu ko Baay bi wax,
mu jottali leen ko. Dina
leen yégal mbir yu ñëwagul.
14 Dina ma màggal, ndaxte
lu mu leen wax, ci man la
ko jële. 15 Lépp lu Baay bi
am, maa ko moom. Looloo
tax ma ne leen, lu mu leen
jottali, ci man la ko jële.

*Naqar wa, soppaliku na bànneex*

16 «Ci kanam tuuti
dungeen ma gisati. Bu ñu
ci tegee ab diir, ngeen gisaat
ma.»
17 Loolu Yeesu wax, tax na
ba am ca taalibe ya, ñu wax-
ante ne: «Lu muy wax nii:
“Ci kanam tuuti dungeen ma
gisati; bu ñu ci tegee ab diir,
ngeen gisaat ma,” ak naan:
“Ndaxte maa ngi dem ca
Baay ba”?» 18 Ñu ne: «“Teg
cab diir,” lu muy tekki? Xa-
munu li muy bëgga wax.»
19 Yeesu gis ne am na lu ñu
ko bëgga laaj, mu ne leen:
«Dama ne: “Ca kanam tuuti,
dungeen ma gis, te bu ñu ca
tegee ab diir, ngeen gisaat
ma.” Ndax loolu ngeen
di laajante ci seen biir?
20 Ci dëgg-dëgg maa ngi
leen koy wax, dingeen jooy
xàcc, waaye àddina dina
bég; dingeen jàq, waaye
seen njàqare dina soppaliku
bànneex. 21 Jigéen ju nekk
ci mat, dafay jàq, ndaxte
waxtu wi mu wara jur jot na.
Waaye bu doom ji juddoo,
dina fàtte coonoom ndaxte
day bég ci li doom ji gane
àddina. 22 Noonu nag ngeen
di jàqe, yéen itam. Waaye
dinaa leen gisaat, seeni xol
sedd, te seen mbég moomu,
kenn du ko mana dindi.
23 Bés boobu dootuleen ma
laaj dara. Ci dëgg-dëgg maa
ngi leen koy wax, Baay bi
dina leen may lu ngeen ko
ñaan ci sama tur. 24 Ba léegi
ñaanaguleen dara ci sama
tur. Ñaanleen, mu nangu.
Bu ko defee seen mbég mat
sëkk.

*Yeesu not na àddina*

25 «Loolu lépp, dama leen
koo wax ci ay misaal. Ja-
mono dina ñëw, ju ma
dootul wax ak yéen ci ay
misaal, waaye ju ma leen
dee wax lu leer ci Baay bi.
26 Bu keroogee dingeen ñaan
ci sama tur. Neewuma di-
naa leen ñaanal Baay bi,
27 ndaxte Baay bi ci boppam
bëgg na leen. Bëgg na leen

ndaxte bëgg ngeen ma te gëm ngeen ne ci Yàlla laa jóge. 28 Jóge naa ca Baay bi, ñëw àddina. Léegi maa ngi génn àddina, fekki Baay bi.»

29 Taalibe yi ne ko: «Léegi yaa ngi wax lu leer te misaaloo! 30 Léegi gis nanu ne xam nga lépp, te soxlawul kenn di la laaj dara. Looloo tax nu xam ne yaa ngi jóge ci Yàlla.» 31 Yeesu ne leen: «Ndax gëm ngeen léegi? 32 Waxtu waa ngi ñëw te agsi na ba noppi, dingeen tasaaroo, ku nekk ñibbi, ma des man rekk. 33 Waaye nag déedéet, wéetuma, ndaxte Baay baa ngi may wéttali. Dama leen wax loolu, ngir ngeen am jàmm ci man. Dingeen am nattu ci àddina, waaye takkleen fit yi; not naa àddina.»

# 17

*Yeesu ñaanal na boppam*

1 Bi mu waxee loolu ba noppi, Yeesu dafa xool ci kaw, ne jàkk asamaan, ñaan Yàlla ne:

«Baay, waxtu wi tax ma ñëw ci àddina agsi na. Feeñalal ndamu Doom ji, ngir moom itam mu mana feeñal sa ndam. 2 Ndaxte jox nga ko sañ-sañ ci bépp mbindeef, ngir mu may dund gu dul jeex gi ñi nga ko dénk. 3 Dund gu dul jeex gi nag, mooy ñu xam la, yaw jenn Yàlla ju wóor ji am, te ñu xam it ki nga yónni, muy Yeesu Kirist. 4 Wone naa sa ndam ci àddina, ndax li ma matal liggéey, bi nga ma santoon. 5 Léegi nag Baay, ci sa teewaay, feeñalal ci man ndam, li ma amoon ci sa wet, laata àddina di sosu.

*Yeesu ñaanal na ay taalibeem*

6 «Xamal naa sa tur nit, ñi nga tànne ci àddina te dénk ma leen. Bokkoon nañu ci yaw, nga dénk ma leen, te sàmm nañu sa kàddu. 7 Xam nañu léegi ne loo ma joxaan, ci yaw la jóge, 8 ndaxte xamal naa leen kàddu yi nga ma jox, te nangu nañu ko. Wóor na leen ne ci yaw laa jóge, te gëm nañu ne yaa ma yónni. 9 Ñoom laay ñaanal. Ñaanaluma waa àddina, waaye maa ngi ñaanal ñi nga ma dénk, ndaxte ci yaw lañu bokk. 10 Lu ma am, yaa ko moom, te loo am, maa ko moom; te ñoom ñoo feeñal sama ndam. 11 Nekkatuma ci àddina, waaye ñoom ñu ngi ci; man, ci yaw laa jëm. Baay bu sell bi, sàmm leen ci sa dooley tur woowu nga ma jox, ngir ñu nekk benn, ni nu nekke benn, man ak yaw. 12 Bi ma nekkee ak ñoom, daan naa leen sàmm ci sa dooley tur, tur wi nga ma jox. Wottu naa leen, ba kenn ci ñoom sànkuwul, lu dul kiy aji réer ji*, ngir li Mbind mi waxoon am.

13 «Waaye léegi maa ngi jëmsi ci yaw, te maa ngi wax nii ci bi may nekk àddina, ngir ñu fees ak sama mbég. 14 Jottali naa leen

* **17:12** aji réer ji: Yudaa Iskariyo la.

sa kàddu, te àddina bañ
leen, ndax li ñu mel ni man,
baña bokk ci àddina soosu.
15 Ñaanuma nga jële leen
àddina, waaye nga yiir leen
ci Ibliis. 16 Dañoo mel ni
man; bokkuñu ci àddina.
17 Samp leen ci dëgg, ngir ñu
sell. Sa kàddu mooy dëgg.
18 Ni nga ma yónnee àddina,
noonu laa leen yónnee ci nit
ñi. 19 Sellal naa sama bopp
ngir ñoom, ngir ñu sampu ci
dëgg te sell.

*Yeesu ñaanal na ñi koy gëm ëllëg*

20 «Ñaanaluma leen ñoom
rekk, waaye itam ñi may
gëm ëllëg ndax seen wax.
21 Damay ñaan ngir ñépp
doon benn. Baay, na ñooñu
nekk benn ci nun, ni nga
nekke ci man te ma nekke
ko ci yaw. Nañu ànd,
ba àddina gëm ne yaa ma
yónni. 22 Boole naa leen ci
ndam, li nga ma sol, ngir ñu
àndandoo, ni nu ànde man
ak yaw. 23 Man ci ñoom,
yaw it ci man, ngir ñu gëna
ànd, nekk benn, ba àddina
xam ne yaa ma yónni, xam
ne bëgg nga leen, ni nga ma
bëgge.

24 «Baay, bëgg naa, ñi nga
ma dénk nekk ak man fa ma
jëm, ngir ñu gis sama ndam,
li nga ma sol, ndaxte bëgg
nga ma, laata àddina di sosu.

25 «Baay, yaw ku jub
ki, waa àddina xamuñu la,
waaye man xam naa la, te ñii
xam nañu ne yaa ma yónni.
26 Xamal naa leen sa tur te
dinaa ko gëna xamle, ngir
mbëggeel, gi nga am ci man,
nekk ci ñoom, te man it ma
nekk ci ñoom.»

# 18

*Jàpp nañu Yeesu*

1 Bi mu waxee noonu ba
noppi, Yeesu jóge fa ak i taal-
ibeem, jàll xuru Sedoron,
dugg cib tool. 2 Yudaa mi
ko naroona wor xamoon na
it bérab ba, ndaxte Yeesu
daan na fa dem ak ay taal-
ibeem. 3 Yudaa daldi fa
dem, yóbbaale mbooloom
xarekat ak ay alkaati yu
ko sarxalkat yu mag ya ak
Farisen ya jox. Ñu yor
ay jum ak ay làmp ak it
gànnaay.

4 Noonu Yeesu, mi xamoon
li ko waroona dal lépp, jubsi
leen ne leen: «Ku ngeen di
seet?» 5 Ñu ne ko: «Yeesum
Nasaret.» Yeesu ne: «Man
la.»

Fekk Yudaa mi ko nara
wor a nga ànd ak ñoom. 6 Bi
leen Yeesu nee: «Man la,»
ñu daldi dellu gannaaw, ba
daanu. 7 Yeesu laajaat leen
ne: «Ku ngeen di seet?» Ñu
ne ko: «Yeesum Nasaret.»
8 Mu ne leen: «Wax naa
leen ne man la. Bu fekkee
ne nag man ngeen di seet,
bàyyileen ñii ma àndal, ñu
dem.»

9 Noonu la baat boobu
mu waxoon ame: «Baay,
kenn sànkuwul ci ñi nga ma
dénk.»

10 Bi Yeesu waxee loolu ba
noppi, Simoŋ Piyeer bocci
jaasi, ji mu yoroon, daldi
dóor surgab sarxalkat bu
mag ba, noppu ndijooram
dagg. Surga boobu mi ngi
tuddoon Malkus. 11 Waaye

Yeesu ne Piyeer: «Roofal jaasi ji ci mbaram. Ndax warumaa naan kaasu naqar, bi ma Baay bi sédd?»

*Yóbbu nañu Yeesu ca Anas*

12 Mbooloom xarekat ya ak seen kilifa ak alkaatiy Yawut ya jàpp Yeesu, daldi yeew,
13 jëkk koo yóbbu ca Anas, ndaxte Anas mooy gorob Kayif, mi doon sarxalkat bu mag ba at mooma.
14 Kayif moo digaloon Yawut ya ne: «Li gën moo di kenn rekk dee, ngir mbooloo mi mucc.»

*Piyeer weddi na Yeesu*

15 Bi ñuy yóbbu Yeesu, Simoŋ Piyeer ak keneen ca taalibe ya toppoon nañu ko. Keneen kooku nag, xamante na ak sarxalkat bu mag ba, moo waral mu duggaaleek Yeesu ca biir kër kilifa ga.
16 Waaye Piyeer, moom, des ca buntu kër ga. Noonu taalibe boobu xamante woon ak sarxalkat bu mag ba génn, wax ak jigéen, ja doon wottu buntu kër ga, fexe Piyeer dugg ci biir.
17 Mbindaan mi doon wottu bunt bi ne Piyeer: «Mbaa yaw it bokkuloo ci taalibey waa ji?» Mu ne ko: «Déedéet, bokkuma ci.»
18 Booba dafa seddoon, ba surga ya ak alkaati ya boyal ab taal, di ca jaaru. Piyeer itam taxaw, di jaaru ak ñoom.

*Sarxalkat bu mag ba seetlu na Yeesu*

19 Sarxalkat bu mag ba daldi laaj Yeesu ci lu jëm ci taalibeem yi ak ci njàngleem mi.
20 Yeesu ne ko: «Ci mbooloo laa doon waxe. Ci kër Yàlla ga ak ci ay jàngu, fa Yawut yépp di daje, laa mas di jànglee. Masumaa wax dara di ko nëbb.
21 Lu tax nga may laaj? Laajal ñi doon déglu li ma leen wax. Ñoom xam nañu li ma doon wax.»
22 Bi Yeesu waxee loolu, kenn ci alkaati yi nekkoon ci wetam daldi koy pes ne ko: «Ndax nii ngay tontoo sarxalkat bu mag bi?»
23 Yeesu ne ko: «Su ma waxee lu jaaduwul, wone ko; waaye su ma waxee lu jub, lu tax nga may dóor?»
24 Anas daldi koy yebal ca Kayif, sarxalkat bu mag ba, ñu yeew ko ba tey.

*Piyeer dellu weddi Yeesu*

25 Fekk na booba Simoŋ Piyeer, moom, ma nga taxaw di jaaru rekk. Ñu laaj ko ne: «Mbaa yaw it bokkuloo ci taalibey waa ji?» Waaye Piyeer weddi ko ne: «Déedéet, bokkuma ci.»
26 Kenn ci surgay sarxalkat bu mag ba, di mbokku ka Piyeer coroon noppam, ne Piyeer: «Xanaa du yaw laa gisoon ak moom ca tool ba?»
27 Waaye Piyeer dellu weddi ko. Noonu ginaar daldi sab.

*Yeesu ca kër Pilaat*

28 Bi loolu wéyee ñu jële Yeesu ca Kayif, yóbbu ko ca kër boroom réew ma. Ci waxtuw njël la woon. Waaye Yawut ya yéeguñu ca taaxum kaw ma. Dañoo bañoona taq sobe, ngir mana lekk ca ñamu bésu

Mucc ba. 29 Looloo tax Pilaat
boroom réew ma génn,
dajeek ñoom. Mu laaj leen
ne: «Lu ngeen di jiiñ waa
jii?» 30 Ñu ne ko: «Bu deful
woon lu bon, duñu la ko
jébbalsi.» 31 Pilaat ne leen:
«Jël-leen ko, yéen, te àtte ko
ci seen yoon.» Yawut yi ne
ko: «Yoon mayu nu, nu àtte
nit, teg ko dee.»

32 Noonu la kàddug Yeesu
gi ame, ci li mu misaaloon ni
mu wara faatoo.
33 Gannaaw loolu Pilaat
duggaat ca taaxum kaw ma,
woo Yeesu ne ko: «Ndax
yaa di buuru Yawut yi?»
34 Yeesu ne ko: «Ndax
yaa ko xalaat, wax ko, am
dañu la koo xelal ci man?»
35 Pilaat ne ko: «Mbaa xalaa-
too ne man Yawut laa? Sa
xeet ak sarxalkat yu mag
yi ñoo ma la jébbal. Lan
nga def?» 36 Yeesu ne
ko: «Sama kilifteef nekkul
ci àddina. Bu sama kilif-
teef nekkoon àddina, sama
surga yi dinañu xeex, ngir
bañ ñu jébbal ma Yawut yi.
Waaye sama kilifteef nekkul
àddina.» 37 Pilaat ne ko:
«Kon yaw buur nga?» Yeesu
ne ko: «Wax nga ko; buur
laa. Lii moo tax ma juddu,
ñëw àddina: ngir wax dëgg
gi. Ku bokk ci dëgg dina
nangu li ma wax.» 38 Pilaat
laaj ko ne: «Luy dëgg?»

Bi mu waxee loolu ba
noppi, Pilaat daldi génnaat,
jëm ca Yawut ya ne leen:
«Gisuma ci moom genn
tooñ. 39 Seen aada laaj
na, ma bàyyil leen kenn,
saa su ñuy def màggalu
bésu Mucc bi. Xanaa ma
bàyyil leen “buuru Yawut
yi”?» 40 Noonu ñu daldi
yuuxuwaat: «Déedéet,
waxunu kii; Barabas lanu
wax!» Fekk Barabas moomu
taskatu réew la woon.

# 19

*Àtte nañu Yeesu ci dee*

1 Noonu Pilaat joxe ndi-
gal, ñu dóor Yeesu ay yar.
2 Xarekat ya ràbb kaalag
dég, teg ko ci boppu Yeesu,
solal ko mbubbum xarekat
mu xonq curr. 3 Ñu di ko
jegeñsi, di ko pes, naan ko:
«Nuyu nanu la, yaw buuru
Yawut yi!»

4 Pilaat génnaat ne leen:
«Gis ngeen, maa ngi leen koy
indil ci biti, ngir ngeen xam
ne waa jii, gisuma ci moom
genn tooñ.»

5 Yeesu nag génn, tegoo
mbubbum xarekat mu xonq
mi ak kaalag dég gi. Pilaat
it ne leen: «Waa jaa ngii!»
6 Waaye bi ñu ko gisee, sarx-
alkat yu mag ya ak alkaati
ya di yuuxoo naan: «Daaj
ko ci bant! Daaj ko ci bant,
ba mu dee!» Pilaat ne leen:
«Jël-leen ko, yéen, daaj ko
ci bant, ndaxte gisuma ci
moom genn tooñ.» 7 Yawut
yi ne ko: «Am nanu aw yoon,
te ci yoon woowu, war na
dee ndaxte teg na boppam
Doomu Yàlla.»
8 Bi Pilaat déggee wax
jooju, dafa gëna tiit, 9 dugg
ca taax ma, daldi ne Yeesu:
«Foo jóge?» Waaye Yeesu
tontuwu ko. 10 Pilaat ne
ko: «Man ngay baña waxal?
Xanaa xamuloo ne am naa

sañ-sañu bàyyi la, te am
naa itam sañ-sañu daaj la
ci bant?» 11 Yeesu ne ko:
«Amuloo benn sañ-sañ ci
man su dul bi la Yàlla jox.
Looloo tax ba ki ma jébbal
ci say loxo am na bàkkaar,
bi gëna réy.»

12 Booba nag la Pilaat doon
fexee bàyyi Yeesu. Waaye
Yawut ya di yuuxoo naan:
«Boo bàyyee kii, doo xaritu
buur bi Sesaar. Nit ku
teg boppam buur, noonub
Sesaar la!» 13 Bi Pilaat
déggee loolu, mu daldi
génne Yeesu ca biti, dem
toog ca jalub àttekaay ba,
ca fu ñuy wax Bérabu doj
ya. Ci làkku yawut ñu naan
ko Gabata. 14 Booba ñu ngi
waajal màggalu bésu Mucc
ba, ca weti digg bëccëg.
Pilaat ne Yawut ya: «Seen
buur a ngii!» 15 Waaye ñuy
yuuxoo naan: «Na dee! Na
dee! Daaj ko ci bant!» Pilaat
ne leen: «Ndax seen buur
bi, dama koo wara daaj ci
bant?» Sarxalkat yu mag ya
ne ko: «Amunu benn buur
bu dul Sesaar!» 16 Noonu
Pilaat jébbal leen Yeesu, ngir
ñu daaj ko ci bant.

### *Daaj nañu Yeesu ci bant*

Bi leen ko Pilaat jébbalee,
ñu jël ko, yóbbu. 17 Yeesu
ci boppam gàddu bant ba,
génn ngir dem ca fa ñuy
wax bérabu Kaaŋu bopp; ñu
koy wooye Golgota ci làkku
yawut. 18 Foofa la xarekat ya
daaje Yeesu ca bant ba. Ci
noonu it ñu daajaale ñaari
nit ci wetam, mu nekk ca
digg ba.

19 Pilaat santaane itam ñu
bind, teg ko ca kaw bant, ba
ñu ko daajoon. Mbind ma lii
la wax: «Kii mooy Yeesum
Nasaret, buuru Yawut yi.»
20 Mbind mooma, Yawut yu
bare jàng nañu ko, ndaxte
fa ñu daajoon Yeesu ca bant
ba jege woon na dëkk ba,
te mbind ma ci làkku yawut
la woon, ci làkku waa Room
ak ci gereg. 21 Noonu sarx-
alkat yu mag yu Yawut ya
ne Pilaat: «Bul bind: “Buuru
Yawut,” bindal rekk: “Kii
moo ne mooy buuru Yawut
yi.”» 22 Pilaat ne leen: «Xas
naa koo bind, du deñ.»

23 Xarekat ya, bi ñu daa-
jee Yeesu ca bant ba, ba
noppi dañoo jël ay yéreem,
séddale ko ñeenti cér, ku
nekk benn. Jël nañu it
mbubbam bu ñu ràbb ca
kaw ba ci suuf te amul
benn ñaw. 24 Xarekat ya di
waxante naan: «Mbubb mi,
bunu ko xotti, waaye nanu
ko tegoo ay bant, ngir xam
ku koy moom.» Noonu la
Mbind mi waroona ame, bi
mu naan:

«Séddoo nañu samay yére,
tegoo ay bant sama mbubb.»

Loolu nag la xarekat ya def.

25 Ca wetu bant, ba ñu
daajoon Yeesu, yaayam a
nga fa taxawoon, moom ak
doomu ndeyam ju jigéen,
Maryaama soxnas Këlópas,
ak Maryaama mi dëkk Mag-
dala. 26 Bi Yeesu gisee
yaayam taxaw ci wetu taal-
ibe, bi mu bëggoon, mu ne
ko: «Soxna si, sa doom a
ngi,» 27 neeti taalibe ba: «Sa
yaay a ngi nii.» Booba la ko

taalibe ba yóbbu këram, yor
ko.

### *Yeesu saay na*

28 Bi loolu wéyee, gan-
naaw Yeesu xam na ne
lépp mat na léegi, mu ne
nag, ngir amal Mbind mi:
«Damaa mar.» 29 Amoon na
foofa gutt bu fees ak binee-
gar. Noonu ñu jël sagar,
tooyal ko ca, takk ko ci caru
garab gu ñuy wax isob, teg
ko ci gémmiñu Yeesu. 30 Bi
Yeesu muucoo bineegar bi,
mu ne: «Lépp mat na!»
Noonu mu sëgg, delloo ru-
uwam Yàlla.

31 Keroog ba ñu dee waajal
bésub noflaay ba la woon, te
Yawut ya bëgguñu néew ya
des ca bant ya, ndaxte bésub
noflaay boobu fonkoon nañu
ko lool. Ñu ñaan Pilaat,
mu dammlu tànki ña ñu
daajoon, te jële leen fa.
32 Noonu xarekat ya dem,
damm tànki ku jëkk ka, teg
ca ka ca des, ca ña ñu daa-
jaale woon ak Yeesu. 33 Bi
ñu agsee ci Yeesu, dammuñu
ay tànkam, ndaxte gis nañu
ne booba faatu na. 34 Waaye
kenn ca xarekat ya daldi
jël xeej, jam ko ko ci wet,
ca saa sa deret ak ndox di
tuuru. 35 Kiy nettali mbir
yooyu, da cee teg bëtam, te
li muy wax dëgg la. Moom
ci boppam xam na ne li muy
wax dëgg la, ngir yéen itam
ngeen gëm, 36 ndaxte loolu
dafa xew ngir Mbind mi am:
«Benn yaxam du damm.»
37 Leneen it Mbind mi wax
na ko: «Dinañu gis ki ñu
jamoon.»

### *Rob nañu Yeesu*

38 Gannaaw loolu Yuus-
ufa mi dëkk Arimate ñaan
Pilaat ngir yóbbu néewu
Yeesu. Yuusufa taalibe Yeesu
la woon ci lu kenn yégul,
ndaxte dafa ragaloon Yawut
ya. Pilaat may ko ko.
Yuusufa daldi dem, yóbbu
néewu Yeesu. 39 Nikodem
itam ñëw, moom mi ma-
soona seeti Yeesu guddi. Mu
indaale lu wara tollook fan-
weeri kiloy cuuraay lu ñu
defare ndàbbi miir ak banti
alowes. 40 Ñu jël néewu
Yeesu, laxas ko ci càngaay,
boole ko ak cuuraay li, ni
ko Yawut yi tàmmoo def, bu
ñuy waajal néew. 41 Tool
a nga woon ca wetu bérab,
ba ñu daajoon Yeesu, te
ca tool booba amoon na fa
bàmmeel bu ñu masula suul
kenn. 42 Ca bésu Waajal
la woon, ba Yawut ya doon
waajal bésub noflaay ba, te
bàmmeel ba jege woon na.
Foofa lañu denc Yeesu.

# 20

### *Yeesu Kirist dekki na*

1 Bés ba jiitu ca ayu-bés ga,
Maryaamam Magdala jóg ca
fajar, dem ca bàmmeel ba.
Bi mu agsee, mu gis ne
dindi nañu xeer, wa ñu ko
ube woon. 2 Mu daw, dem
ca Simoŋ Piyeer ak ca be-
neen taalibe ba, maanaam
ka Yeesu bëggoon, ne leen:
«Jële nañu néewu Boroom
ba ca bàmmeel ba, te xam-
unu fu ñu ko yóbbu.»

3 Piyeer ak beneen taalibe
ba daw, dem ca bàmmeel
ba. 4 Ñoom ñaar ñépp a

ngi doon daw, waaye be-
neen taalibe ba raw Piy-
eer, jëkk ko ca bàmmeel
ba. 5 Duggul nag, dafa sëgg,
yër, séen càngaay la ca
suuf. 6 Noonu Simoŋ Piyeer,
mi ko toppoon, agsi, daldi
dugg. Mu séen càngaay la ci
suuf, 7 ak kaala ga muuroon
boppu Yeesu. Waaye kaala
googu àndul ak càngaay la;
dañu ko laxas, teg ko ci
wet. 8 Noonu keneen ka
jiitu woon ca bàmmeel ba,
duggsi moom itam. Naka la
gis, daldi gëm. 9 Taalibe yi
xamaguñu woon Mbind mi
doon wone ne Yeesu dafa
wara dekki. 10 Noonu taalibe
ya dëpp, ñibbi.

### *Yeesu feeñu na Maryaamam Magdala*

11 Maryaama nag moom,
ma nga desoon ca biti, ca
wetu bàmmeel ba, di jooy.
Bi muy jooy, mu sëgg, yër
ci biir, 12 séen ñaari malaaka
yu sol mbubb yu weex, toog
ca bérab, ba ñu dencoon
Yeesu; kenn ka féeteek bopp
bi, ki ci des ca tànk ya.
13 Malaaka ya laaj ko ne:
«Jigéen ji, looy jooy?» Mu
ne leen: «Dañoo jël sama
Boroom, te xawma fu ñu ko
yóbbu.»
14 Bi mu waxee loolu,
mu geestu, séen Yeesu mu
taxaw, waaye xamul woon
ne moom la. 15 Yeesu laaj
ko ne: «Jigéen ji, looy jooy?
Kooy seet?» Mu foog ne
boroom tool ba la, ne ko:
«Sëriñ bi, bu fekkee yaa ko
yóbbu, wax ma foo ko denc,
ma jëli ko.» 16 Noonu Yeesu
ne ko: «Maryaama.» Mu
walbatiku, làkk ko ci yawut
ne ko: «Ràbbuni!» Ràbbuni
mooy tekki «Kilifa gi».
17 Yeesu ne ko: «Bu ma
téye, ndaxte yéegaguma ca
Baay ba. Waaye demal, ne
samay bokk, maa ngi yéeg
ca sama Baay biy seen Baay,
ca sama Yàlla jiy seen Yàlla.»
18 Noonu Maryaamam Mag-
dala dem, yégali ko taalibe
ya ne leen: «Gis naa Boroom
bi!» Mu daldi leen nettali li
mu ko wax.

### *Yeesu feeñu na taalibe yi*

19 Bés boobu ca ngoon sa,
taalibe yaa nga daje woon ca
genn kër, tëju ca biir ndax
ragal Yawut ya. Yeesu ne
tëll ci seen biir ne leen: «Na
jàmm wàcc ci yéen!» 20 Mu
daldi leen won ay loxoom ak
wetam. Bi ñu gisee Boroom
bi, taalibe ya daldi bég lool.
21 Yeesu dellu ne leen: «Na
jàmm wàcc ci yéen! Ni ma
Baay bi yónnee, noonu laa
leen di yónnee, man itam.»
22 Bi mu waxee loolu, mu
ëf leen ne leen: «Sol naa
leen Xelu Yàlla mu Sell mi.
23 Ñi ngeen di baal seeni
bàkkaar, baal nañu leen
ba noppi; ñi ngeen baalul,
baaluñu leen.»

### *Yeesu ak Tomaa*

24 Fekk na Tomaa, mi bokk
ci fukki taalibe yi ak ñaar,
te turam di tekki «Séex bi»,
nekku fa woon, bi Yeesu
ñëwee. 25 Yeneen taalibe yi
ne ko: «Gis nanu Boroom
bi!» Mu ne leen: «Su ma
gisul fa ñu daajoon pont ya
ci ay loxoom, te defuma ca
sama baaraam, su ma tegul

it sama loxo ci wetam, duma
ko gëm mukk.»

26 Bi ñu ca tegee ayu-bés,
taalibe Yeesu ya dajewaat ca
biir kër ga, Tomaa itam a
nga fa woon. Bunt yépp tëju
woon nañu, waaye Yeesu
ne tëll ci seen biir ne leen:
«Na jàmm wàcc ci yéen!»
27 Noonu mu ne Tomaa: «In-
dil sa baaraam fii te seet
sama loxo; indil sa loxo, teg
ko ci sama wet. Bàyyil di
weddi te nga gëm.» 28 Tomaa
ne ko: «Sama Boroom, sama
Yàlla!» 29 Yeesu ne ko: «Li
nga ma gis a tax nga gëm?
Ki bég mooy ki gëm te gisu
ma!»

30 Yeesu wone na it ci
kanam taalibe ya yeneen
firnde yu ñu nettaliwul ci
téere bii. 31 Waaye li ci nekk,
bind nañu ko ngir ngeen
gëm ne Yeesu mooy Almasi
bi, Doomu Yàlla ji, te seen
ngëm may leen, ngeen am ci
moom dund.

# 21

*Yeesu feeñu na juróom ñaari taalibe*

1 Bi ñu ca tegee ab diir,
Yeesu feeñuwaat na ay taal-
ibeem ca tefesu dex gu ñuy
wax Tiberyàdd. Nii la deme
woon: 2 Taalibey Yeesu yii
àndoon nañu: Simoŋ Piy-
eer; Tomaa, ki turam di
tekki «Séex bi»; Nataneel,
mi dëkk Kana ca diiwaanu
Galile; doomi Sebede ak ye-
neen ñaari taalibe. 3 Simoŋ
Piyeer ne leen: «Maa ngi
nappi.» Ñu ne ko: «Nun
it danuy ànd ak yaw.» Ñu
dugg gaal, daldi dem. Waaye
guddi googu jàppuñu dara.

4 Ci fajar gi Yeesu taxaw
ca tefes ga, waaye taalibe yi
xàmmiwuñu ko. 5 Yeesu ne
leen nag: «Bokk yi, xanaa
jàppuleen jën?» Ñu ne ko:
«Déedéet.» 6 Mu ne leen:
«Sànnileen mbaal mi ci ndi-
jooru gaal gi, bu ko defee
ngeen jàpp.» Ñu sànni fa
mbaal ma, mu fees ak jën,
ba manuñu ko woona génne
ndox mi.

7 Taalibe ba Yeesu
bëggoon, ne Piyeer: «Bo-
room bi la!» Bi Simoŋ
Piyeer déggee loolu, dafa
woddoo mbubbam, ndaxte
dafa summiku woon, daldi
sóobu ci dex gi. 8 Yeneen
taalibe ya xëcc mbaal, mi
fees dell ak jën, jëme ko
ca tefes ga, ndaxte gaal ga
sorewul woon; diggante bi
waroon na tollook téeméeri
meetar.

9 Bi ñu teeree, ñu gis ab
taal, ñu ciy lakk ay jën, teg
mburu ca wet ga. 10 Yeesu
ne leen: «Indileen ci jën,
yi ngeen jàpp.» 11 Simoŋ
Piyeer yéeg ca gaal ga, daldi
xëcc mbaal ma ca tefes ga,
mu fees dell ak jën yu mag;
matoon na téeméeri jën ak
juróom fukk ak ñett. Te li
muy baree bare lépp, taxul
mbaal ma dog. 12 Yeesu
ne leen: «Ñëwleen ndékki.»
Kenn ci taalibe yi ñemewu
koo laaj ki mu doon, ndaxte
xam nañu ne Boroom bi la.
13 Yeesu jegeñsi, jël mburu
mi, jox leen, jox leen it jën.
14 Bi Yeesu dekkee ba tey, bii

mooy ñetteelu yoon, bi mu
feeñoo ay taalibeem.

*Yeesu ak Piyeer*

15 Bi ñu ndékkee ba noppi,
Yeesu ne Simoŋ Piyeer:
«Simoŋ doomu Yowaana,
ndax gën nga maa bëgg, ni
ma ñii bëgge?» Mu ne ko:
«Ahakay, Boroom bi, xam
nga ne bëgg naa la.» Yeesu
ne ko: «Topptool ma sama
mbote yi.»
16 Noonu mu waxaat
ko ne: «Simoŋ doomu
Yowaana, ndax bëgg nga
ma?» Mu ne ko: «Ahakay,
Boroom bi, xam nga ne
bëgg naa la.» Yeesu ne ko:
«Sàmmal ma sama xar yi.»
17 Mu neeti ko ñetteel
bi yoon: «Simoŋ doomu
Yowaana, bëgg nga maam?»
Piyeer am naqar ci li mu ko
laaj ñetti yoon: «Ndax bëgg
nga ma?» Mu ne ko: «Bo-
room bi, xam nga lépp; xam
nga ne bëgg naa la.» Yeesu
ne ko: «Topptool ma sama
xar yi. 18 Ci dëgg-dëgg Piy-
eer, maa ngi la koy wax, bi
nga dee ndaw yaa doon takk
sa geño, di dem fu la neex.
Waaye boo màggatee, dinga
tàllal say loxo, keneen takkal
la sa geño, yóbbu la foo
bëggul.» 19 Ci baat yooyu la
Yeesu doon misaale nan la
Piyeer wara faatoo ngir jollil
ndamu Yàlla. Noonu Yeesu
ne ko: «Toppal ci man!»
20 Piyeer geestu, gis taalibe
bi Yeesu bëggoon, di ñëw
ci seen gannaaw. Taalibe
boobu mooy ki sóonu woon
ca Yeesu, ba ñuy lekk, te
laajoon ko ne: «Boroom bi,
kan moo lay wori?» 21 Piyeer
gis ko, daldi ne Yeesu: «Kii
nag, Boroom bi, nu muy mu-
jje?» 22 Yeesu ne ko: «Su ma
neexoon mu dund, ba ma
délsi, lu ciy sa yoon? Yaw
toppal ci man.»
23 Noonu am, ci bokki taal-
ibe yi, ñu xalaat ne, taalibe
boobu du dee. Moona Yeesu
masul ne Piyeer, du dee;
waaye li mu wax mooy: «Su
ma neexoon mu dund, ba
ma délsi, lu ciy sa yoon?»
24 Taalibe boobu mooy
seede mbir yooyu, bind leen,
te xam nanu ne li muy wax
dëgg la.
25 Yeesu def na yeneen jëf
yu bare. Su ñu ko doon net-
tali, bind lépp, xalaat naa ne
téere yi duñu xaj ci àddina.

# JËFI NDAW YA KIRIST YÓNNI

*Yeesu Kirist yéeg na ci asamaan*

1 Yaw Teyofil, téere bu
jëkk, ba ma bindoon, ëmb
na lépp li Yeesu tàmbali
woona jëf ak a jàngle, 2 ba
ci bés, ba ko Yàlla yéege ci
asamaan. Lu ko jiitu joxoon
na ay ndigal, jaare ci Xel
mu Sell mi, jëm ci ndaw ya
mu tànnoon. 3 Gannaaw ay
coonoom, ñëw na ci ñoom,
di leen won ay firnde yu
bare te wér ne mu ngi dund;
mu feeñu leen diirub ñeent
fukki fan, di diisoo ak ñoom
ci lu jëm ci nguuru Yàlla.
4 Am bés muy lekk ak
ñoom, mu sant leen ne:
«Buleen sore Yerusalem,
waaye ngeen xaar li Baay
bi dige woon te ma waxoon
leen ko. 5 Ndaxte Yaxya daa
na sóob nit ñi ci ndox, waaye
yéen dees na leen sóob ci
Xel mu Sell mi fi ak ay fan
yu néew.»
6 Bi ñu dajaloo ak moom
nag, ñu laaj ko: «Boroom
bi, ndax ci jamono jii
ngay yékkatiwaat nguuru
Israyil?» 7 Mu ne leen:
«Ngeen xam jamono yi ak
saa, yi Baay bi dogal ci sañ-
sañam, loolu mayuñu leen
ko. 8 Waaye bu Xel mu Sell
mi ñëwee ci yéen, dingeen
jot kàttan te nekk samay
seede ci dëkku Yerusalem,
ca diiwaani Yude ak Samari
yépp ak ba fa àddina yem.»
9 Bi mu waxee loolu, te ñu
di ko xool, Yàlla yéege na ko,
te aw niir jël ko, làq ko seeni
bët. 10 Bi muy dem nag, te
ñu ne jàkk asamaan, ñaar
ñu sol yu weex daldi ne seef,
taxaw ci seen wet. 11 Ñu
ne leen: «Yéen waa Galile,
lu tax ngeen taxaw, di xool
ci asamaan? Yeesu male
ñu jële ci seen biir, yéege
ko asamaan, dina délsi ni
ngeen ko gise, muy dem
asamaan.»

*Ñu tànn Macas, mu wu-utu Yudaa, nekk ndaw*

12 Bi loolu amee ñu jóge
ca tund, woowu ñuy wax
tundu Oliw ya, te mu dend
ak Yerusalem lu tollu ak
kilomet*, ñu daldi dellu
Yerusalem. 13 Bi ñu dikkee,
ñu yéeg ca néeg, ba sut ca
taax ma, fa ñuy dal.

Ñoo doon Piyeer ak
Yowaana,
Saag ak Andare,
Filib ak Tomaa,
Bartelemi ak Macë,
Saag doomu Alfe,
ak Simoŋ mi bokkoon ci
mbooloo mi ñuy wax
Ñi farlu ci moom seen
réew;
ak Yudaa doomu Saag.

14 Ñoom ñépp ñoo bokk
menn xel, di wéy ci ñaan ci
Yàlla, ànd ak jigéen ñi ak
Maryaama, ndeyu Yeesu, ak
rakki Yeesu yu góor.
15 Ca bés yooya nag Piy-
eer taxaw ca digg bokk

* **1:12** kilomet: maanaam li ñu maye Yawut yi, ñu dox ko ci bésub noflaay bi.

ya, di mbooloo mu tollu ni
téeméer ak ñaar fukk. 16 Mu
ne leen: «Bokk yi, li Xel
mu Sell mi waxoon ci Mbind
mi jaarale ko ci gémmiñu
Daawuda, fàww mu am.
Waxoon na ci mbirum Yu-
daa, mi wommat ñi jàpp
Yeesu 17 te mu bokkoon ci
nun, ba am cér ci liggéey bi.»

18 —Pey gi Yudaa jotoon
ci ñaawteefam, mu jënd ci
tool, daanu fa, ba fàcc, ay
butitam tuuru. 19 Loolu sii-
woon na ci waa Yerusalem,
moo tax ci seen làkk ñuy
tudde tool ba Akeldama,
maanaam «Toolu deret».—

20 Piyeer teg ca ne:
«Ndaxte lii lañu bind ci
téereb Sabóor:

“Na këram gental,

bu fa kenn dëkk.”

Te it:

“Na keneen bey sasam.”

21 Kon ñeel na nu, nu tànn
kenn ci ñi bokk ak nun, diir
bi Yeesu doon dem ak a dikk
ci sunu biir, 22 li dale ci bi
ko Yaxya sóobee ci ndox, ba
bés ba ko Yàlla jële ci sunu
biir, yéege ko. Kooku war
na ànd ak nun, di seedeel
ndekkitel Yeesu.»

23 Bi ko Piyeer waxee, ñu
tudd ñaar: Yuusufa, mi ñu
dippee Barsabas te di ko
dàkkentale Yustus, moom
ak Macas. 24 Ñu ñaan ci
Yàlla ne: «Boroom bi, yaw
mi xam xolu nit ñépp, won
nu ki nga tànn ci ñaar ñii,
25 mu yenu liggéeyu nekk
sa ndaw, wuutu Yudaa, mi
ko bàyyi, dem bérabam.»
26 Noonu ñu boole leen, te-
goo ay bant, bant ba dal ca
Macas, mu fekki fukki ndaw
ya ak benn.

# 2

### *Ñëwug Xel mu Sell mi ca màggalu Pàntakot*

1 Bi bésu màggalu
Pàntakot agsee, ñoom ñépp
booloo nañu ci benn bérab.
2 Ca saa sa riir jollee
asamaan, mel ni ngelaw lu
gaaw te bare doole, daldi
fees dell kër, ga ñu toog. 3 Te
ay làmmiñ yu mel ni sawara
feeñu leen, ñu tasaaroo ci
seen biir, toŋ ca kaw kenn
ku nekk. 4 Noonu ñu fees ak
Xel mu Sell mi ñoom ñépp,
ñu daldi wax yeneen làkk,
ni leen Xel mu Sell mi maye,
ñu wax ko.

5 Fekk booba amoon na ay
Yawut yu daloon Yerusalem,
doon ay nit ñu ragal Yàlla te
bokk ci xeeti àddina yépp.
6 Bi nit ñi déggee riir ma
nag, ñépp dajaloo, daldi
waaru ci li ñu leen dégg,
ñuy wax ku nekk sa làkk.
7 Ñu waaru te yéemu naa:
«Gisleen, ñiy wax ñépp,
ndax duñu waa diiwaanu
Galile? 8 Naka la mana
ame nag, nu di leen dégg,
kenn ku nekk ci nun, ñuy
wax ci sa làmmiñ, wi nga
nàmp? 9 Nun ñi ay Pàrt,
waa Medi ak waa Elam, nun
ñi dëkk Mesopotami, réewu
Yawut yi, Kapados, Pont ak
Asi, 10 di waa Firisi, Pam-
fili, Misra ak weti Libi, yi
dend ak Siren, nun ak gan
ñi jóge Room, 11 Yawut yi ak
ñi tuub ci yoonu Yawut yi,
waa Keret ak waa Arabi, nun

ñépp nu ngi leen di dégg,
ñuy yégle màggaayi Yàlla ci
sunuy làkk!»
12 Noonu ñépp
waaru, ba jaaxle lool, ñuy
waxante ci seen biir ne: «Lii
lu muy tekki?»
13 Waaye
ñenn ñi di leen ñaawal ne:
«Waay! Ñii dañoo màndi ak
biiñ.»

*Piyeer yégal na mbooloo mi xibaaru jàmm bi*

14 Ci kaw loolu Piyeer
taxaw, ànd ak fukki ndaw
ya ak benn, mu wax ci kaw,
di yégal mbooloo ma ne:
«Bokki Yawut yi ak yéen
ñépp ñi dëkk Yerusalem,
dégluleen bu baax te xam lii
ma leen di wax!
15 Nit ñii
màndiwuñu, ci ni ngeen ko
fooge, ndaxte nu ngi ci yoor-
yoor rekk.
16 Waaye lii mooy
li Yàlla waxoon, jaarale ko ci
yonentam Yowel ne:
17 "Yàlla nee na: Ci bés yu
mujj yi,
dinaa tuur ci sama Xel ci
kaw nit ñépp;
seen xeet wu góor ak wu
jigéen dinañu wax ci
kàddug Yàlla;
waxambaane yi dinañu gis
ay peeñu
te màggat yi di gént ay gént.
18 Waaw, ci bés yooyu dinaa
tuur ci sama Xel
ci sama kaw jaam yu góor ak
yu jigéen,
te dinañu wax ci kàddug
Yàlla.
19 Dinaa wone ay kéemaan
ci kaw ci asamaan
ak ay firnde ci suuf ci
àddina,
muy deret, sawara ak ay
niiri saxar.
20 Jant bi dina daldi lëndëm,
weer wi deretal,
bala bésu Boroom biy ñëw,
di bés bu mag, bi ànd
ak ndam.
21 Booba nag ku woo Boroom
bi ci aw turam,
dinga mucc."
22 «Yéen bokki Israyil,
dégluleen wax jii! Yeesu
mi dëkk Nasaret, nit la
woon, ku Yàlla dëggal ci
seen kanam ciy kéemaan,
ay jaloore ak firnde, ya Yàlla
defoon jaarale ko ci moom
ci seen biir; yéen xam ngeen
ko.
23 Moom nag jébbale
nañu ko, jaar ci nas, bi Yàlla
dogaloon te xam ko lu jiitu;
te yéen rey ngeen ko ci daaj
ko ci bant, jaarale ko ci
loxoy bàkkaarkat.
24 Waaye
Yàlla dekkal na ko, daggal
ko buumi dee, ndaxte dee
manu koo téye.
25 Daawuda
wax na ci mbiram ne:
"Saa su ne gis naa Boroom bi
ci sama kanam;
gannaaw mu ngi ci sama
ndijoor,
duma raf.
26 Moo tax sama xol
sedd, may woy sama
bànneex,
te it sama yaram di tëdd ci
yaakaar.
27 Ndaxte doo bàyyi sama
ruu ci barsàq,
te doo seetaan sa waa ju sell,
mu yàqu.
28 Xamal nga ma yoonu
dund;
dinga ma béglooji ci sa
kanam."
29 «Bokk yi, man naa
leena wax lu wóor ci
mbirum maam Daawuda,
ne dee na te suul nañu ko;

bàmmeelam mu ngi ci nun
ba tey. [30] Waaye yonent
la woon, te xamoon na ne
Yàlla digoon na ko ci ngiñ
ne dina teg ci nguuram
kenn ci askanam. [31] Kon gis
na lu ñëwagul, di wax ci
mbirum ndekkitel Kirist ne
bàyyiwuñu ko ci barsàq, te
yaramam yàquwul. [32] Yeesu
moomu nag, Yàlla dekkal na
ko; nun ñépp seede nanu
ko. [33] Yàlla yéege na ko ak
ndijooram, te jot na ci Baay
bi Xel mu Sell mi ñu dige
woon, ba tuur lii ngeen gis
te dégg ko. [34] Ndaxte du
Daawudaa yéeg ci asamaan,
waaye moom ci boppam nee
na:

“Boroom bi wax na sama
Boroom:
‘Toogal ci sama ndijoor,
[35] ba kera may daaneel
say noon ci sa kanam.’ ”

[36] «Na bànni Israyil gépp
xam bu wóor nag ne Yeesu
moomu ngeen daajoon ci
bant, Yàlla def na ko Boroom
ak Almasi bi.»

[37] Bi ko mbooloo ma
déggee, naqaru xol wu
metti jàpp leen; ñu daldi ne
Piyeer ak ndaw ya ca des:
«Bokk yi, lu nu wara def?»
[38] Piyeer ne leen: «Tuubleen
seeni bàkkaar, te kenn ku
nekk ci yéen, ñu sóob ko
ci ndox ci turu Yeesu Kirist.
Noonu Yàlla dina leen baal
seeni bàkkaar te may leen
Xel mu Sell mi. [39] Ndaxte
li Yàlla dige woon, yéena
ko moom ak seeni doom ak
ñu sore ñépp, di ñépp ñi
Yàlla sunu Boroom di woo ci
moom.» [40] Noonu mu artu
leen ak yeneen wax yu bare,
di leen dénk ne: «Rëccleen
ci niti jamono ju dëng jii.»

[41] Ñi nangu ay waxam nag,
ñu sóob leen ci ndox, te
ca bés booba lu mat limub
ñetti junniy nit yokku nañu
ci ñoom.

*Mbooloom ña gëm Kirist*

[42] Ñoom nag ñuy wéy ci
njànglem ndaw yi ak cig
bokk, ci damm mburu ak
ñaan ci Yàlla. [43] Ragal jàpp
ñépp, te ndaw yi di def ay
kéemaan ak ay firnde yu
bare. [44] Ñi gëm nag dañoo
booloo te bokk lépp. [45] Ñu
jaay seeni suuf ak seen alal,
séddoo ko, ku nekk ak la
ngay soxla. [46] Te bés bu
nekk ñu saxoo teew ak benn
xalaat ca kër Yàlla ga, tey
damm mburu ca kër ya; ñuy
lekk seen ñam ak xol bu laab
tey bég, [47] di màggal Yàlla
te am yiw ci wetu nit ñépp.
Noonu bés bu nekk Boroom
bi di yokk ca mbooloo ma ñi
mucc.

# 3

*Piyeer faj na nit ku lafañ*

[1] Am bés Piyeer ak
Yowaana dem, ba bëgga
dugg ca kër Yàlla ga ca
waxtuw ñaan, maanaam
tisbaar. [2] Fekk ñu indi fa
nit ku judduwaale lafañ, ñu
di ko teg bés bu nekk ca
bunt, ba ñuy wooye Bunt
bu rafet ba, ca kër Yàlla ga,
ngir muy yelwaan ña fay
dugg. [3] Bi mu gisee Piyeer ak
Yowaana nag, ñuy dugg ca
kër Yàlla ga, mu dékk leen
loxo. [4] Ci kaw loolu Piyeer
ak Yowaana ne ko jàkk, te

Piyeer ne ko: «Xool nu.»
5 Lafañ bi xool leen, yaakaar
ne dina jot dara ci ñoom.

6 Noonu Piyeer ne ko:
«Awma xaalis, awma wurus,
waaye li ma am, dinaa la ko
jox: ci turu Yeesu Kirist mu
Nasaret doxal!» 7 Mu jàpp
ci loxol ndijooram, yékkati
ko. Ci saa si ay tànkam ak
ay kostanam dëgër. 8 Mu
tëb, daldi taxaw, di dox. Mu
dugg ak ñoom ca kër Yàlla
ga, muy dox, di tëb tey sant
Yàlla. 9 Noonu ñépp gis ko,
muy dox, di sant Yàlla. 10 Te
ñu xàmmi ko, ne moo daan
toog, di yelwaan ca Bunt bu
rafet ba ca kër Yàlla ga. Ñu
daldi waaru lool te yéemu ci
li ko dikkal.

*Waareb Piyeer*

11 Naka waa ji taq ci
Piyeer ak Yowaana, ñépp
waaru; ñu daldi daw, fekksi
leen ca bérab ba ñuy wax
Werandaa bu Suleymaan.
12 Bi Piyeer gisee loolu nag,
mu ne mbooloo mi: «Yéen
waa Israyil, lu tax ngeen
waaru ci lii? Lu tax ngeen
di nu xool jàkk, mel ni
ci sunu kàttan, mbaa ci
sunu ragal Yàlla lanu doxloo
kii? 13 Yàllay Ibraayma
ak Isaaxa ak Yanqóoba, di
Yàllay sunuy maam, màggal
na Ndawam Yeesu; yéena
xàcceek moom, ba jébbal ko
Pilaat, fekk naroon na koo
bàyyi. 14 Yéen xeeb ngeen
Aji Sell ji te Jub, te tinul
ab reykat. 15 Bóom ngeen
Aji Dundal ji, waaye Yàlla
dekkal na ko; seede nanu
ko nun ñépp. 16 Ci gëm
turam la nit, kii ngeen di gis
te xam ko, dëgëre; waaw,
turu Yeesu ak ngëm gi jóge
ci moom, moo tax mu wér
péŋŋ ci seen kanam, yéen
ñépp.

17 «Léegi nag bokk yi,
xam naa ne ñàkka xam
a tax ngeen def ko, yéen
ak seeni kilifa. 18 Waaye
noonu la Yàlla amale li mu
yégle woon lu jiitu jaar-
ale ko ci gémmiñug yonent
yépp naan, Almaseem dina
sonn. 19 Tuubleen seeni
bàkkaar nag te waññiku ci
Yàlla, ngir seeni bàkkaar
far. 20 Noonu jamonoy
péex dina bawoo ci Boroom
bi, te muy yebal Almasi bi
mu leen jagleel, maanaam
Yeesu. 21 Asamaan war na
koo yor, ba jamono ju ñuy
defaraat lépp, di jamono ji
Yàlla waxoon jaarale ko ci
gémmiñug yonentam yu sell
yépp, li dale ci njàlbéenug
àddina. 22 Ndaxte Musaa
nee woon na: “Boroom bi
seen Yàlla dina leen feeñalal
ci seen xeet Yonent ni man;
nangeen ko déggal ci lépp
lu mu leen wax. 23 Képp
ku déggalul Yonent boobu,
dees na la far ci xeet wi.”

24 «Li dale sax ci Samiyel
ak ñi ci topp, bépp yonent
bu wax yégle na bés yii.
25 Yéen nag yéenay donn
yonent yi ak kóllëre, gi Yàlla
fasoon ak seeni maam, bi
mu naan Ibraayma: “Xeeti
àddina yépp dinañu barkeel
ci ki soqikoo ci yaw.” 26 Yàlla
feeñal na Ndawam, jëkk koo
yebal ci yéen, ngir barkeel

leen, ci waññi leen kenn ku
nekk ci say bàkkaar.»

# 4

*Piyeer ak Yowaana ci kanam kureelu àttekat ya*

[1] Bi ñuy wax ak mbooloo
ma, sarxalkat ya ak kilifag
ñiy wottu kër Yàlla ga ak
Sadusen ya daanu ci seen
kaw. [2] Ñu mer lool ci li ñuy
waar nit ñi, di yégle ndekki-
tel ñi dee, sukkandikoo ko ci
ndekkitel Yeesu. [3] Noonu ñu
jàpp leen, tëj leen ba ca ëllëg
sa, ndaxte mu nga doon
tàmbalee guddi. [4] Waaye ñu
bare ca ña dégg wax ja gëm
nañu, te limu góor ñi gëm
yokku na, ba mat juróomi
junni.

[5] Ca ëllëg sa nag kili-
fay Yawut yi ak njiit yi
ak xutbakat yi dajaloo ci
Yerusalem. [6] Ràññee nañu
ci: Anas, miy sarxalkat bu
mag bi, Kayif, Yowaana,
Alegsàndar ak bokki sarx-
alkat bu mag bi. [7] Ñu dëj
Piyeer ak Yowaana ca digg
ba, laaj leen ne: «Lii ngeen
def, ci gan kàttan, mbaa ci
turu kan, ngeen ko defe?»

[8] Ci kaw loolu Piyeer daldi
fees ak Xel mu Sell mi, ne
leen: «Yéen kilifay xeet wi
ak njiit yi, [9] bu fekkee ne xet-
tali nit ku wopp, ba mu wér,
moo tax ngeen dëj nu ci pénc
mi tey, [10] nangeen xam lii,
yéen ñépp ak bànni Israyil
gépp: ci turu Yeesu Kirist
mu Nasaret, mi ngeen daa-
joon ca bant te Yàlla dekkal
ko, ci tur woowu la nit kii
jële ag wér, ba taxaw ci seen
kanam. [11] Yeesu moomu
mooy:

“Doj wi ngeen xeeboon,
yéen tabaxkat yi,
te moo doon doju koñ.”

[12] Te mucc amul ci keneen,
ndaxte ci ron asamaan amul
weneen tur wu ñu maye ci
nit ñi, wu nu wara mucce.»

[13] Kon bi ñu gisee fit, wi
Piyeer ak Yowaana àndal, te
ñu xam ne masuñoo jàng
mbaa ñuy gëstu ci diine, ñu
daldi waaru, ràññee ne daa
nañu ànd ak Yeesu. [14] Te bi
ñu gisee nit, ka ñu fajoon,
taxaw ak ñoom, manuñu
caa teg dara. [15] Noonu
ñu santaane, ñu génne leen,
ñu daldi gise ci seen biir,
[16] ne: «Lu nuy def ak ñii?
Ndaxte def nañu kéemaan
gu siiw; loolu leer na ñi dëkk
Yerusalem ñépp, te manunu
koo weddi. [17] Waaye ngir
mbir mi baña law ci xeet
wi, nanu leen aaye, ñu
baña waxati ak kenn ci tur
woowu.»

[18] Noonu ñu woo leen, ñu
tere leen bu wóor, ñu waxati
mbaa waare dara ci turu
Yeesu. [19] Waaye Piyeer ak
Yowaana ne leen: «Bu fek-
kee ne déggal leen te bàyyi
Yàlla mooy li jub ci kanam
Yàlla, seetleen. [20] Waaye
nun manunoo baña wax li
nu gis te dégg ko.» [21] Noonu
kilifa yi tëkkuwaat leen,
yiwi leen, ñu dem. Ndaxte
amuñu benn bunt ci ñoom
ngir mbugal leen, fekk ñépp
di màggal Yàlla ci li xewoon.
[22] Ndaxte nit, ka ñu fajoon ci
kéemaan googu, weesoon na
ñeent fukki at.

### *Mbooloom ñi gëm ñaan na ci Yàlla*

23 Bi ñu leen yiwee nag,
ñu dem ci seeni bokk, net-
tali leen li sarxalkat yu mag
ya ak njiit ya waxoon lépp.
24 Bi ko bokk ya déggee
nag, ñu mànkoo, diis seen
kàddu Yàlla ne: «Boroom
bi, yaa sàkk asamaan, suuf,
géej ak lépp li nekk ci seen
biir. 25 Yaa wax, jaar ci sunu
maam Daawuda sa jaam, mi
doon gémmiñu Xel mu Sell
mi, ne:
“Lu tax xeeti àddina di bax?
Lu tax ñuy fexe lu manula
am?
26 Buuri àddina dañoo
booloo,
te kilifa yi dajaloo,
di bañ Boroom bi ak Al-
maseem.”
27 Ndaxte ci dëgg ci dëkk bii,
Erodd ak Poñsë Pilaat ànd
ak xeeti àddina ak bànni Is-
rayil, likkoo nañu, ngir daa-
neel sa Ndaw lu sell li nga
fal, di Yeesu, 28 te def lépp,
li sa kàttan ak sa ndigal
tëraloon. 29 Léegi nag Bo-
room bi, seetal seeni tëkku
te may nu, nun say jaam,
nuy wax sa kàddu ak fit.
30 Tàllalal sa loxo, ci wéral
ak ci wone ay kéemaan ak
ay firnde, jaarale ko ci turu
Yeesu, sa Ndaw lu sell li.»
31 Bi ñu ñaanee ba noppi,
bérab ba ñu booloo woon
daldi yëngatu; te ñoom
ñépp fees ak Xel mu Sell mi,
ñuy wax kàddug Yàlla ak fit
wu dëgër.

### *Mbooloom ñu gëm ñi*

32 Noonu mbooloom ñu
gëm ñi bokk menn xel ak
benn xalaat. Kenn daawul
aakimoo dara ci alalam,
waaye ñoo bokkoon lépp.
33 Te ndaw yi di seedeel
ndekkitel Yeesu Boroom bi
ak kàttan gu réy. Te yiw wu
yaatu ëmb leen, ñoom ñépp.
34 Kenn ci ñoom ñàkkul
dara, ndaxte képp ku nekk
boroom suuf mbaa am ay
kër, jaay na ko, indi njég li,
35 teg ko ci loxoy ndaw ya;
ñu di ci sédd, kenn ku nekk
li mu soxla.
36 Noonu amoon na fa
ku tudd Yuusufa, te ndaw
yi dàkkentale ko Barnabas,
miy tekki «Kiy dëgëral fit
yi,» mu soqikoo ci giiru
Lewi, te juddoo dunu Sipar.
37 Moom nag jaay na tool, ba
mu moom, indi xaalis ba, teg
ko ci loxoy ndaw ya.

# 5

### *Anañas ak Safira*

1 Naka noonu nit ku
tudd Anañas, ànd ak Safira
jabaram, jaay làccu suuf.
2 Mu dencal boppam benn
cér ca njég la, ànd ca ak
jabaram; ba noppi mu indi
cér ba ca des, teg ko ci loxoy
ndaw ya.
3 Bi mu ko defee Piyeer
ne ko: «Anañas, lu tax nga
bàyyi Seytaane dugg la, ba
fees sa xol, ngay wor Xel mu
Sell mi, ci li nga dencal sa
bopp benn cér ci njég li? 4 Bi
mu jaragul, ndax moomuloo
ko woon? Te bi mu jaree,
ndax yilifuloo woon njég li?
Lu tax nga fas ci sa xol def
nii? Woruloo nit ñi, waaye
Yàlla nga wor.»

5 Bi Anañas déggee baat
yooyu, mu daanu dee. Ñi
ko dégg ñépp tiit, ba ne
nërëm. 6 Noonu waxam-
baane ya jóg, ñu sàng ko,
yóbbu ko, jébbal Yàlla.

7 Ñetti waxtu gannaaw ga,
jabaram duggsi, fekk xamul
la fa xew. 8 Piyeer daldi ko
ne: «Wax ma, ndax lii mooy
njégu tool bi?» Mu ne ko:
«Waawaaw, lii la.»
9 Ci kaw loolu Piyeer ne ko:
«Lu tax ngeen ànd, di diiŋat
Xelu Boroom bi? Ñi denci
woon sa jëkkër ñu ngi nii ci
bunt bi, te dinañu la yóbbu.»
10 Ca saa sa mu daanu ciy
tànkam, dee. Bi waxam-
baane ya agsee nag, ñu fekk
ko, mu faatu; ñu yóbbu ko,
def ko ci wetu jëkkëram.
11 Noonu tiitaange ju mag
tàbbi ci mbooloom ñi gëm
ñépp ak ñi ko dégg ñépp.

*Ndawi Kirist yi faj nañu ñu bare*

12 Bi loolu amee ay
kéemaan ak ay firnde yu
bare di xew ci nit ñi, jaare
ca loxoy ndaw ya. Ñépp
di booloo ca Werandaa bu
Suleymaan ca kër Yàlla ga.
13 Te kenn ci ña ca des
ñemewula booloo ak ñoom,
waaye nit ñépp di leen
màggal. 14 Moona ay nit ñu
gëna bare, góor ak jigéen,
di gëm Boroom bi, tey taq
ci ñoom. 15 Nit ñi indi sax
ñu wopp ca mbedd ya, teg
leen ca ay lal yu ndaw ak
ay leeso, ngir bu Piyeer di
jaar, doonte takkandeeram
sax yiir ñenn ci ñoom. 16 Te
it nit ñu bare dajaloo, jóge
ca dëkk ya wër Yerusalem,
ñu indi ay jarag ak ñu rab
yu bon sadd; te ñoom ñépp
daldi wér.

*Fitnaal nañu ndaw yi*

17 Booba sarxalkat bu mag
ba jóg ak gàngooram gépp,
maanaam kureelu Sadusen
ga fa dëkk. Kiñaan gu mag
jàpp leen, 18 ba ñu jàpp
ndaw ya, tëj leen ca kaso ba.
19 Waaye ci guddi malaakam
Boroom bi ubbi buntu kaso
ba, génne leen ci biti naan:
20 «Demleen taxaw ca kër
Yàlla ga, te xamal nit ñi lépp
lu jëm ci dund gu wóor gii.»
21 Bi ñu déggee loolu, ñu
dugg ca kër Yàlla ga ci suba
teel, daldi waare.
Bi ñu koy def, sarxalkat
bu mag ba ak gàngooram
ñëw, woolu kureelu àttekat
ya, maanaam mbooloom nji-
iti bànni Israyil gépp; ñu
yónnee, ngir jëli ndaw ya
ca kaso ba. 22 Waaye bi
wottukati kër Yàlla ga agsee
ca kaso ba, gisuñu leen fa;
ñu daldi délsi, yégle ko 23 ne:
«Fekk nanu kaso ba tëju bu
wóor ak wottukat ya taxaw
ca bunt ya, waaye bi nu ko
tijjee, fekkunu kenn ci biir.»
24 Bi kilifag wottukati kër
Yàlla ga ak sarxalkat yu mag
ya déggee loolu, ñu daldi ciy
jaaxle lool, ñuy laajante, fu
lii di mujj.
25 Noonu benn waay ñëw,
yégal leen ne: «Nit ñi ngeen
tëjoon ñu ngi taxaw ca kër
Yàlla ga, di jàngal nit ñi.»
26 Ci kaw loolu kilifa ga ak
wottukat ya dem jëli leen;
waaye boolewuñu ci fitna,

ngir ragal nit ñi sànni leen
ay xeer.
27 Bi ñu leen indee, ñu dëj
leen ci kanam mbooloo ma.
Sarxalkat bu mag ba laaj
leen 28 ne: «Ndax terewunu
leen ci lu wér, ngeen waare
ci tur woowu, te fi mu
ne dajal ngeen Yerusalem
ak seeni waare, rax-ca-dolli
yéena ngi nuy fexee taqal
deretu nit kooku.»
29 Waaye Piyeer ak ndaw
ya ne leen: «Déggal
Yàlla moo gën déggal nit.
30 Yàllay sunuy maam
dekkal na Yeesu, mi ngeen
bóomoon ci wékk ko ca bant
ba. 31 Te Yàlla yékkati na ko
ci ndijooram, mu nekk Buur
ak Musalkat, ngir may bànni
Israyil réccu, ba mu baal
leen seeni bàkkaar. 32 Seede
nanu loolu, nun ak Xel mu
Sell, mi Yàlla may ñi koy
déggal.»
33 Bi ñu déggee loolu, ñu
mer ba seen xol di dagg, ñu
bëgg leena rey. 34 Waaye
amoon na fa nit ku tudd
Gamaleel, bokk ci tariixab
Farisen ya, di xutbakat bu
tedd ci yoonu Musaa, mu jóg
ca mbooloo ma, santaane ñu
génne leen tuuti. 35 Bi ñu
ko defee mu ne leen: «Yéen
bokki Israyil, moytuleen li
ngeen di def nit ñooñu.
36 Ndaxte bu yàggul Tëdas
jógoon na, mbubboo daraja,
ba lu mat ñeenti téeméeri
nit takktoo ak moom. Tëdas
moomu nag reyees na ko, te
ñi ko toppoon ñépp tasaa-
roo, ba seen pexe nasax.
37 Gannaawam it Yudaa mu
Galile jóg, ca jamono ja ñu
doon bind waa réew ma,
mu jógloo nit ñu bare, ñu
ànd ak moom. Moom itam
dee na, te ay nitam ñépp
tasaaroo. 38 Léegi maa ngi
leen di wax, génnleen ci
mbirum ñooñu te bàyyi leen
ñu dem. Ndaxte bu seen pas-
pas mbaa seen jëf dee pexem
nit, dina yàqu. 39 Waaye bu
fekkee ne ndogalu Yàlla la,
dungeen ko mana fanq, ngir
ragala jànkoonte ak Yàlla.»
40 Bi mu waxee loolu, ñu
fekk ko ci xalaatam; ñu woo
ndaw ya, daldi leen dóor
ay yar, tere leen, ñu waxati
dara ci turu Yeesu, ba noppi
bàyyi leen, ñu dem.
41 Ndaw ya nag jóge ca
kanam kureelu àttekat ya,
bég ci li leen Yàlla jàppe, ñu
yeyoo yenu toroxte ngir Tur
wa*. 42 Noonu bés bu nekk
ca kër Yàlla ga ak ca kër ya,
daawuñu noppee jàngle ak
a xamle xibaaru jàmm bi, ne
Yeesu mooy Almasi bi.

# 6

*Sàkk nañu ñiy topptoo
yëfi mbooloo ma*

1 Ca bés yooyu, naka taal-
ibe yi di gëna bare, Yawut
yiy làkk gereg tàmbalee
ñaxtu ci mbirum Yawut tigi
yi, te lii a ko waral: jigéen ñi
seen jëkkër dee, te ñu bokk
ci ñoom, naraalewuñu leen
ca ndimbal, la ñuy séddale
bés bu nekk. 2 Noonu
fukki ndaw ya ak ñaar
woo mbooloom taalibe ya

* **5:41** Tur wa mooy turu Boroom bi Yeesu Kirist.

ne leen: «Nu bàyyi kàddug
Yàlla, di topptoo mbirum
séddale, loolu jekkul ci nun.
3 Kon nag bokk yi, tànnleen
juróom ñaari nit ci seen biir,
ñu am seede su rafet te fees
ak Xel mu Sell mi ak sago,
nu dénk leen liggéey bii.
4 Waaye nun dinanu wéy ci
ñaan ci Yàlla ak ci yenub
xamle kàddu gi.»

5 Lii ñu wax nag neex na
mbooloo mépp. Noonu ñu
tànn Ecen, di nit ku fees
ak ngëm ak Xel mu Sell mi,
boole ci Filib ak Porokor,
teg ca Nikanor, Timon, Par-
menas ak Nikolas, mi jud-
doo Ancos te tuub ci yoonu
Yawut ya. 6 Ñu jébbal leen
ndaw ya, ñaanal leen, teg
leen loxo.

7 Noonu kàddug Yàlla di
law, ba mbooloom taalibe
yi di yokku bu bare ci
Yerusalem; te sarxalkat yu
bare déggal Yàlla ci topp
yoonu ngëm wi.

### *Jàpp nañu Ecen*

8 Naka noona Ecen, mi fees
ak yiw ak kàttan, di def
ay kéemaan yu mag ak ay
firnde ca nit ña. 9 Waaye
ay nit jóg, bokk ci jàngu,
bi ñuy wax Jàngub ñi ñu
goreel, di ay niti dëkki Siren
ak Alegsàndiri, ak it waa
diiwaani Silisi ak Asi. Ñuy
werante ak Ecen, 10 waaye
àttanuñu sagoom ak Xel mi
muy waxe.

11 Kon ñu daldi jënd ay
nit, ñu ne: «Dégg nanu
ko, muy sosal Musaa ak
Yàlla.» 12 Noonu ñu jógloo
nit ñi ak njiit yi ak xut-
bakat yi, ñu dal ci kawam,
jàpp ko, yóbbu ko ca kureelu
àttekat ya. 13 Te ñu sàkk ay
naaféq yuy seede ne: «Kii
du bàyyee wax lu juuyoo ak
bérab bu sell ba ak yoonu
Musaa. 14 Ndaxte dégg
nanu, muy wax ne, Yeesum
Nasaret moomu dina daa-
neel bérab bii te soppi aada,
yi nu Musaa batale woon.»

15 Bi ñu ko waxee, ña too-
goon ñépp ca mbooloo ma
xool ko jàkk, gis xar kana-
mam, mu mel ni xar kanam
malaaka.

## 7

### *Layu Ecen fa kanam mbooloo ma*

1 Noonu sarxalkat bu mag
ba ne ko: «Ndax loolu dëgg
la?» 2 Ecen ne ko: «Yéen
samay bokk ak samay baay,
dégluleen! Yàlla, miy Bo-
room ndam, feeñu woon na
sunu maam Ibraayma, bi mu
nekkee réewu Mesopotami,
te dëkkagul woon Karan.
3 Mu ne ko: “Toxul sa réew,
bàyyi say bokk, te ñëw ci
réew, mi ma lay won.”

4 «Ci kaw loolu mu génn
réewu niti Kalde, dëkksi
Karan. Te bi baayam faatoo,
Yàlla toxale ko foofa, dëël
ko ci réew, mi ngeen dëkk
léegi. 5 Waaye mayu ko fa
genn moomeel gu mu wara
donale, du sax fu mu mana
teg tànkam; waaye dig na ko
ne dina ko may réew mi, mu
yilif ko moom ak askanam,
fekk booba amagul doom.
6 Yàlla ne ko: “Ñi soqikoo

ci yaw dinañu ganeyaan ci réew mu ñu dëkkul; dees na leen def ay jaam, di leen fitnaal diirub ñeenti téeméeri at.” 7 Waaye Yàlla nee na: “Xeet wi leen jaamloo, man maa leen di àtte te gannaaw loolu dinañu génn, di ma jaamu ci bérab bii.” 8 Yàlla nag tëral kóllëre seen diggante, fas ko ci màndargam xaraf. Noonu Ibraayma jur Isaaxa, xarafal ko ca juróom ñetteelu fan ba; Isaaxa def noonu Yanqóoba, Yanqóoba it def noonu fukki maam ya ak ñaar, ñi sos xeet wi.

9 «Naka maam yooyu, dañoo iñaane Yuusufa, ba jaay ko, mu jëm réewu Misra. Waaye Yàlla taxawu ko, 10 génne ko ci coonoom yépp, defal ko yiw ak xel ci kanam Firawna, buuru Misra, mu def ko kilifag Misra ak këram gépp.

11 «Bi loolu amee xiif tàbbi ci biir Misra ak réewu Kanaan mépp, ba toskare ja metti lool, te sunuy maam amatuñu lu ñu lekk. 12 Yanqóoba nag dégg ne Misra am na dugub, mu yebal ca sunuy maam, ñu dem fa yoon wu jëkk. 13 Bi fa ay doomi baayam delloo nag, Yuusufa xàmmiku leen, te Firawna xamante ak njabootam. 14 Ci kaw loolu Yuusufa yeble, woo baayam ak bokkam yépp, ñuy juróom ñaar fukki nit ak juróom. 15 Noonu Yanqóoba dem Misra, faatu fa, moom ak sunuy maam. 16 Gannaaw loolu ñu yóbbu seeni néew Sisem, dugal leen ca bàmmeel, ba Ibraayma jëndoon ak xaalis ca doomi Amor ca Sisem.

17 «Bi loolu wéyee jamono ji jege woon na, ngir Yàlla amal li mu digoon Ibraayma ci ngiñ; fekk xeet wa di law tey gëna bare ci Misra, 18 ba keroog beneen buur bu xamul Yuusufa di falu ci Misra. 19 Buur boobu nag dafa daan nax sunu xeet, di fitnaal sunuy maam, ba di leen sànniloo seeni doom, ngir ñu dee.

20 «Booba nag la Musaa juddu, di ku rafet ci kanam Yàlla; ñu yor ko ñetti weer ci biir kër baayam, 21 ba noppi sànni ko. Noonu doom ju jigéen ju Firawna for ko, yar ko ni doomam. 22 Musaa nag di ku yewwu ci xam-xamu waa Misra bépp, di jàmbaar ci wax ak jëf.

23 «Bi mu demee ba am ñeent fukki at, mu fas yéeney seeti ay bokkam, maanaam bànni Israyil. 24 Noonu mu gis ca ku ñuy néewal doole, mu sotle ko, feyul ko, ba dóor waayi Misra ja. 25 Mu defe ne, ay bokkam dinañu xam ne ciy loxoom la leen Yàllay musale, waaye xamuñu ko. 26 Ca ëllëg sa mu juux ci ay Yawut yuy xeex, mu di leen jéema jubale ne leen: “Yéen ay bokk ngeen, lu tax ngeen di xeex?” 27 Waaye kiy néewal doole moroomam bëmëx ko ne: “Ku la teg kilifa ak àttekat ci sunu kaw? 28 Ndax danga maa bëgga rey, ni nga defoon

démb waayi Misra ja?” 29 Bi
Musaa déggee wax jooju,
mu daldi daw, dem réewu
Majan, di fa ab doxandéem;
mu séy fa, ba am ñaari
doom.

30 «Lu ko wees ñeent
fukki at nag, bi mu nekkee
ca màndiŋu tundu Sinayi,
malaaka feeñu ko ci takk-
takku sawara ci biir as
ngarab. 31 Bi ko Musaa gisee,
mu daldi waaru ci li mu
gis; mu jegesi ngir niir ko,
dégg baatu Boroom bi ne
ko: 32 “Man maay sa Yàllay
maam, di Yàllay Ibraayma,
Isaaxa ak Yanqóoba.” Ci
kaw loolu Musaa tiit bay lox,
te ñemeetula xool. 33 Noonu
Boroom bi ne ko: “Summil
say dàll, ndaxte bérab bi
nga taxaw, bérab bu sell la.
34 Gis naa bu baax fitnay
sama xeet ci Misra te dégg
naa seeni tawat, kon wàcc
naa ngir musal leen. Léegi
nag ñëwal, dinaa la yebal
Misra.”

35 «Musaa moomu bañoon
nañu ko, ba ne ko: “Ku la teg
kilifa ak àttekat?” Waaye
moom la Yàlla yebal, jaar-
ale ko ci malaaka mi ko
feeñu ca ngarab sa, ngir mu
nekk kilifa gu leen di goreel.
36 Moo leen génne réewu
Misra, di def ay kéemaan
ak ay firnde ca réew ma,
ca géeju Barax ya ak ca
màndiŋ ma diirub ñeent
fukki at. 37 Musaa moomu
moo ne woon bànni Israyil:
“Yàlla dina leen feeñalal
ci seeni bokk Yonent bu
mel ni man.” 38 Te moo
nekkoon ak mbooloo ma ca
màndiŋ ma, ànd ak sunuy
maam, wéttalikoo malaaka,
mi waxoon ak moom ci
tundu Sinayi. Te mu jote
ci Yàlla kàddu yiy dund,
ngir jottali nu ko. 39 Waaye
sunuy maam nanguwuñu
koo déggal; dañu koo bañ
te seeni xel dëpp, dellu
Misra. 40 Ñu sant Aaróona
ne: “Sàkkal nu ay yàlla yuy
jiitu ci sunu kanam, ndaxte
Musaa male nu génne ci
réewu Misra, xamunu lu ko
dal.” 41 Booba nag ñu tëgglu
aw sëllu, muy xërëm, ñu
di ko tuuru, di bànneexu ci
seeni jëfi loxo. 42 Waaye
bi ñu ko defee Yàlla dëddu
leen, bërgël leen, ñuy jaamu
biddiiwi asamaan. Moom
lañu bind ci téereb yonent yi
ne:

“Yéen bànni Israyil, ndax rendi ngeen jur,
jébbal ma, boole ko ak i sarax,
diirub ñeent fukki at ca màndiŋ ma?
43 Yóbbu ngeen sax fu nekk xayma,
biy màggalukaayu Molog,
ak biddiiwub Refan, bi ñu daan bokkaaleel Yàlla,
di ay nataal, yi ngeen defoon ngir màggal leen!
Kon nag dinaa leen toxal, yóbbu leen ci gan-naaw réewu Babilon.”

44 «Sunuy maam amoon
nañu ca màndiŋ ma xaymab
màggalukaay, bi ëmboon li
Yàlla seede. Xayma boobu
nag defoon nañu ko, roye ko
ci bi Musaa gisoon, ni ko ko
Yàlla sante woon. 45 Te gan-
naaw ga, bi Yosuwe nekkee

kilifag sunuy maam, ñu jot
xayma ba ñoom it, yóbbu
ko ca réew, ma ñu nangu
ca xeet ya Yàlla dàq ci seen
kanam. Xayma ba nekk
fa, ba ci jamonoy Daawuda.
46 Moom yiw na fa kanam
Yàlla, mu ñaan ko, mu
sàkkal ko kër ngir askanu
Yanqóoba. 47 Waaye Suley-
maan moo tabaxal Yàlla kër
ga.
48 «Moona Aji Kawe ji du
dëkk ci fu loxol nit defar;
moom la ab yonent wax ne:
49 “Asamaan mooy sama jal,
te suuf mooy sama
tegukaayu tànk.
Kon gan kër ngeen may
tabaxal,
mbaa fan mooy sama
bérabu noppalukaay?
50 Ndax du sama loxo moo
defar yëf yooyu yépp?
—Moom la Boroom bi doon
wax.”
51 «Yéen ñi dëgër bopp,
ànd ak xol buy bañ ak
ay nopp yuy fatt, mel ni
ñi xamul Yàlla. Dungeen
noppeek a diiroo ak Xel mu
Sell mi; ni ko seen baay yi
daan defe, noonu ngeen di
def, yéen itam. 52 Kan ca
yonent ya la seeni maam
tegul woon ay fitna? Rey
nañu ñi doon yégle ñëwug
Aji Jub ji, moom mi ngeen
jébbale léegi, ba ñu rey ko.
53 Jot ngeen yoonu Musaa, wi
Yàlla wàcce jaarale ko ci ay
malaaka, te sàggane ngeen
ko.»

*Sànni nañu ay doj Ecen, ba rey ko*

54 Bi ñu déggee loolu nag,
seeni xol di dagg, ñuy yéyu,
jëm ci kawam. 55 Waaye
Ecen, mi fees ak Xel mu Sell
mi, ne jàkk ci asamaan, gis
ndamu Yàlla, te gis Yeesu
mi taxaw ci ndijooru Yàlla.
56 Mu ne: «Seetleen, maa
ngi gis asamaan yi ubbiku, te
Doomu nit kaa ngii taxaw ci
ndijooru Yàlla.»
57 Bi ñu déggee loolu, ñu
daldi xaacu ca kaw, tey dar
seeni nopp; ñu ànd, ne milib
ci kawam; 58 ñu wat-wate ko,
génne ko dëkk ba, dóor ko
ay doj, ba mu dee. Seede
ya tegoon nañu seeni yére ci
tànki waxambaane wu tudd
Sóol.
59 Noonu ñu dóor Ecen ay
doj, muy ñaan Yàlla ne: «Bo-
room bi Yeesu, nangul sama
ruu!» 60 Bi mu ko waxee, mu
sukk, wax ak baat bu kawe:
«Boroom bi, bu leen bindal
bàkkaar bii,» ba noppi mu
nelaw.

# 8

1 Sóol moom ànd na ci ñi
doon rey Ecen.

*Fitnaal nañu mbooloo mi*

Bés booba nag fitna ju
metti dal na ci mbooloom
ñi gëm, mi nekk Yerusalem,
ba ñépp, ñu moy ndaw ya,
tasaaroo ci diiwaani Yude ak
Samari. 2 Ay nit ñu ragal
Yàlla fab Ecen, jébbal ko
Boroom bi, di ko jooy bu
wér. 3 Waaye naka Sóol, mu
ngay tas mbooloom ñi gëm,
di tàbbi ca kër ya, tey jàpp
góor ak jigéen, di leen tëj
kaso.

*Filib waare na ci diiwaanu Samari*

4 Ñi tasaaroo nag dem fu
nekk, di fa xamle xibaaru
jàmm bu kàddug Yàlla.
5 Naka Filib mu dem ca
benn dëkk ca Samari, di leen
yégal Kirist. 6 Bi ko mbooloo
mi déggee te gis kéemaan
yi muy def, ñu bokk benn
xalaat, fekki ko ci li mu wax.
7 Ndaxte ay rab yu bon bàyyi
nañu nit ñu bare, ña ñu
jàppoon, di yuuxu ci kaw; te
ñu bare ñu làggi ak ñu lafañ
daldi wér. 8 Noonu mbég mu
réy tàbbi ca dëkk ba.

*Simoŋ luxuskat bi*

9 Amoon na nag nit ku
tudd Simoŋ, di luxuskat bu
yàgg ca dëkk ba, te daan
yéem waa Samari gépp, ci
naan: «Ku màgg laa.» 10 Kon
ñépp, mag ak ndaw, taq ci
moom ne: «Kii mooy doo-
ley Yàlla ji tudd “Màgg”.»
11 Ñu taq ci moom, ndax li
mu leen yàgga waar ci ay
luxus. 12 Waaye bi ñu gëmee
xibaaru jàmm, bi Filib yégle
jëm ci nguurug Yàlla ak turu
Yeesu Kirist, góor ak jigéen
daldi nangu, ñu sóob leen
ci ndox. 13 Simoŋ sax gëm,
ñu sóob ko ci ndox; mu wéy
nag ci topp Filib, di waaru
ci kéemaan yi ak firnde yu
mag yiy am.

14 Bi nga xamee ne ndaw
yi nekk Yerusalem yég nañu
ne, waa Samari nangu nañu
kàddug Yàlla; ñu yónni fa
Piyeer ak Yowaana. 15 Ñu
dem fa nag, ñaanal leen,
ngir ñu jot Xel mu Sell mi.
16 Ndaxte wàccagul ci kenn
ci ñoom, waaye sóoboon
nañu leen rekk ci ndox
ci turu Boroom bi Yeesu.
17 Noonu Piyeer ak Yowaana
teg leen loxo, ñu jot Xel mu
Sell mi.

18 Bi Simoŋ gisee nag ne
Yàlla may na Xel mi jaar-
ale ko ci loxoy ndaw ya,
mu indil leen xaalis, 19 ne
leen: «Mayleen ma sañ-sañ
boobu, ba ku ma teg samay
loxo, nga jot Xel mu Sell
mi.» 20 Waaye Piyeer ne
ko: «Asarul ak sa xaalis,
yaw mi yaakaar ne man
ngaa jënd mayu Yàlla ak
xaalis. 21 Amuloo benn wàll
mbaa cér ci lii, ndaxte sa
xol laabul ci kanam Yàlla.
22 Réccul nag sa coxor te
ñaan Boroom bi, mu baal
la sa xalaatu xol, su manee
am. 23 Ndaxte gis naa ne
sóobu nga ci lu wex xat ci
kanam Yàlla, te bàkkaar not
na la.» 24 Simoŋ nag ne leen:
«Ñaanal-leen ma ci Boroom
bi, ngir mu fegal ma li ngeen
wax.»

25 Noonu bi ñu seedeelee
Yàlla te wax ci kàddoom, ñu
dellu Yerusalem, di xamle
xibaaru jàmm bi ci dëkk yu
bare yu waa Samari.

*Filib yee na jaraafu Ecópi*

26 Naka noonu benn
malaakam Boroom bi ne
Filib: «Jógal te jublu
Misra, jaar ci yoon wi jóge
Yerusalem, jëm Gasa, di
màndiŋ.» 27 Filib jóg dem.
Noonu mu gis fa nitu Ecópi
ku yoom, di jaraaf ju mag
ci Kandas, buur bu jigéen
bu Ecópi, te di ko wottul

xaalisam bépp. Fekk mu
ñëwoon Yerusalem, ngir
màggalsi Yàlla, bay dellu;
28 mu toog ci watiiram, di
jàng téereb yonent Yàlla
Esayi. 29 Xel mi nag ne Filib:
«Dabal watiir wale.»
30 Noonu Filib dawsi, mu
dégg waayi Ecópi ja, di jàng
téereb yonent Yàlla Esayi.
Mu laaj ko: «Ndax xam nga
li ngay jàng?» 31 Mu ne ko:
«Nu ma ko mana xame, su
ma ko kenn firilul?» Mu woo
Filib nag, mu yéeg, toog ak
moom. 32 Fekk aaya yii la
doon jàng ci Mbind mi:

«Yóbbu nañu ko ni xar mu ñuy rendiji;
ni mburt mu luu ci kanam i watkat,
mu ne cell.
33 Ci toroxteem nangu nañu dëggam;
ñi mu tollool jamono, ku ci xalaat lii?
Jële nañu bakkanam ci àddina.»

34 Jaraaf ja nag ne Filib:
«Maa ngi lay laaj, ci mbirum
kan la yonent bi jëmale
wax ji? Ndax mbirum
boppam lay wax mbaa mu
keneen?» 35 Noonu Filib
tàmbali ci aaya yooyu, xa-
mal ko xibaaru jàmm bi ci
mbirum Yeesu.
36-37 Bi ñuy jaar ci yoon
wi, ñu agsi ci ndox. Jaraaf
ja ne ko: «Ndox a ngi nii,
ana lu tere, nga sóob ma
ci?» 38 Mu santaane nag, ñu
taxawal watiir wa; Filib ak
jaraaf ja wàcc ñoom ñaar
ci biir ndox ma, mu sóob
ko ca. 39 Ba noppi ñu génn
ca ndox ma, te ca saa sa
Xelu Boroom bi fëkk Filib,
ba jaraaf ja gisatu ko, waaye
mu toppaat yoonam, ànd ak
mbég. 40 Filib moom teeri
dëkku Asot, muy jaar ci dëkk
yépp, di fa xamle xibaaru
jàmm bi, ba kera muy ñëw
dëkku Sesare.

# 9

*Sóol waññiku na ci Yeesu*

1 Naka Sóol, muy tëkkoo
rey taalibey Boroom bi, ba
di ko noyyee far. Mu dem
nag ca sarxalkat bu mag
ba, 2 laaj ko ay bataaxal yu
muy yóbbul jànguy dëkku
Damaas. Noonu ñu mu fa
fekk, te ñu bokk ci yoon wi,
góor mbaa jigéen, mu am
dogalu yeew leen, indi leen
Yerusalem.
3 Waaye bi muy jub
Damaas, ca saa sa leer gu
jóge asamaan melax, ba
ëmb ko. 4 Mu daanu ci
suuf, dégg baat bu ko ne:
«Sóol, Sóol, lu tax nga di
ma fitnaal?» 5 Mu wuyu
ne: «Yaay kan Boroom bi?»
Boroom bi ne ko: «Maay
Yeesu, mi ngay fitnaal.
6 Waaye jógal, dugg ca dëkk
ba, te dinañu la wax li nga
wara def.» 7 Nit ñi ànd ak
moom nag taxaw, waaru ba
luu, ci li ñu dégg baat bi
te gisuñu kenn. 8 Noonu
Sóol jóg, xippi, waaye gisul
dara; kon ñu wommat ko,
yóbbu ko Damaas. 9 Diirub
ñetti fan gisul dara, lekkul,
naanul.
10 Amoon na nag ci
Damaas taalibe bu tudd
Anañas. Bi loolu amee
nag Boroom bi feeñu ko

ne: «Anañas!» Mu wuyu:
«Maa ngi nii Boroom bi.»
11 Boroom bi ne ko: «Jógal,
nga jaar ci mbedd, mi ñuy
wax Mbedd mu jub mi, te
seet ci kër Yudaa nit ku tudd
Sóol te dëkk Tars, ndaxte mu
ngay ñaan. 12 Te gis na cim
peeñu nit ku tudd Anañas,
mu dugg, teg ko ay loxo,
ba muy gisaat.» 13 Waaye
Anañas ne ko: «Boroom bi,
dégg naa ci nit ñu bare ci
mbirum kooku, ñu seede lu
bare lu bon lu mu def say
gaay ci Yerusalem. 14 Te
indaale na fii sax sañ-sañ
bu jóge ci sarxalkat yu mag
ya, ngir yeew képp kuy tudd
saw tur.» 15 Waaye Boroom
bi ne ko: «Demal, ndaxte
maa ko tànn, muy sama
jëfandukaay, ngir yóbbu
sama tur fa kanam ñi nekkul
Yawut ak fa kanam buur yi
ak bànni Israyil. 16 Te dinaa
ko won coono yu bare yu mu
wara dékku ngir sama tur.»

17 Ci kaw loolu Anañas
dem, dugg ca kër ga, teg
ay loxoom Sóol. Mu ne ko:
«Sóol sama mbokk, Boroom
bi Yeesu, mi la feeñu woon
ci kaw yoon wi, bi ngay
dikk, moo ma yónni, ngir
nga dellu di gis te fees ak Xel
mu Sell mi.» 18 Ca saa sa lu
mel ni ay waasintóor génne
ci ay bëtam, mu daldi gisaat.
Noonu mu jóg, ñu sóob ko
ci ndox; 19 ba noppi mu lekk,
amaat doole.

Bi mu ko defee mu toog
ay fan ak taalibe, ya nekk
Damaas. 20 Ca saa sa muy
yégle ca jàngu ya ne, Yeesu
mooy Doomu Yàlla. 21 Ñi
ko dégg ñépp waaru naan:
«Ndax du kii moo daan
tas ñiy tudd tur woowu ci
Yerusalem, te mu ñëw fii,
ngir yeew leen, yóbbu ci
kanam sarxalkat yu mag
ya?» 22 Moona Sóol di gëna
am kàttan, bay jaaxal Yawut
yi dëkk Damaas, ci di leen
wax ay firnde, ne Yeesu
mooy Almasi bi.

23 Ba ñu ca tegee ay fani
fan, Yawut yi daldi gise, ngir
reylu ko. 24 Waaye Sóol yég
seen pexe. Fekk guddi ak
bëccëg ñu doon wottu bunt
yi yépp, ngir man koo bóom.
25 Noonu taalibe yi jël ko ci
guddi, def ko ci dàmba gu
réy, jaarale ko ci miir bi,
yoor ko ci suuf.

26 Bi Sóol agsee Yerusalem,
mu jéema ànd ak taalibe yi,
waaye ñépp ragal ko, ndax
gëmuñu woon ag taalibeem.
27 Ci kaw loolu Barnabas jël
ko, yóbbu ko ca ndaw ya,
nettali leen, ni Sóol gise Bo-
room bi ci kaw yoon wi, ak li
mu ko wax, rax-ca-dolli fit wi
mu doon waxe ci turu Yeesu
ci Damaas. 28 Noonu mu
nekk ak ñoom ci Yerusalem,
di dugg ak a génn, di wax ak
fit ci turu Boroom bi. 29 Muy
wax ak di werante ak Yawut
yiy làkk gereg, waaye ñu
di ko wuta rey. 30 Bi ko
bokk yi yégee nag, ñu yóbbu
ko dëkku Sesare, yebal ko
dëkku Tars.

31 Noonu mbooloom ñi
gëm nekk ci jàmm ci biir di-
iwaani Yude gépp ak Galile
ak Samari; ñuy gëna dëgër,
di wéy ci ragal Yàlla, tey

yokku ci ndimbalu Xel mu
Sell mi.

### *Piyeer faj na Ene*

32 Piyeer nag di wër, di
jaar fu nekk, tey dem ci
gaayi Yàlla yi dëkk Lidd,
33 mu gis fa nit ku làggi, tudd
Ene, tëdd ci basaŋ diirub
juróom ñetti at. 34 Piyeer
ne ko: «Ene, Yeesu Kirist faj
na la; jógal te defar sa lal.»
Noonu mu daldi jóg ca saa
sa. 35 Bi ko waa diiwaani
Lidd ak Saron gépp gisee, ñu
daldi waññiku ci Boroom bi.

### *Piyeer dekkal na Tabita*

36 Amoon na nag ci
dëkku Yope taalibe bu
jigéen bu tudd Tabita, liy
tekki «Dorkas», maanaam
«kéwél», te muy wéy ci jëf
yu baax ak sarxe. 37 Ca
fan yooyu mu daanu wopp,
ba faatu; noonu ñu sang
ko, teg ko ca néeg, ba sut
ca taax ma. 38 Gannaaw
Lidd sorewul ak Yope nag,
te taalibe yi dégg ne Piyeer
a nga fa, ñu yónnee ko ñaari
nit, ñaan ko mu ñëw ci
ñoom ci saa si.

39 Bi ko Piyeer déggee, mu
jóg, ànd ak ñoom. Bi mu
ñëwee, ñu yóbbu ko ca néeg
bu kawe ba. Fekk fa ay
jigéen ñi seeni jëkkër faatu,
ñu daldi wër Piyeer, ñépp di
jooy, di ko won kamisol ya
ak mbubb, ya Dorkas daan
defar cig dundam.

40 Ci kaw loolu Piyeer
génne ñépp ci biti, mu sukk,
ñaan ci Yàlla, ba noppi wal-
batiku ca néew ba ne ko:
«Tabita, jógal!» Noonu
mu xippi, gis Piyeer, daldi
toog. 41 Piyeer may ko loxo,
yékkati ko. Mu woo gaayi
Yàlla ya ak jigéen ña, won
leen ko, muy dund. 42 Mbir
ma siiw ca Yope gépp, ba
ñu bare gëm Boroom bi.
43 Gannaaw loolu Piyeer toog
ay fan ci Yope, ci këru ku
tudd Simoŋ, miy wullikat.

# 10

### *Korney woo na Piyeer*

1 Amoon na ci Sesare nit
ku tudd Korney, nekk njiitu
xare, mu bokk ci mbooloom
xare, mi ñuy wax mu Itali.
2 Moom nag ku farlu woon
ci Yàlla la, te ragal ko, moom
ak waa këram gépp; muy
sarax ñu bare ci bànni Is-
rayil, tey saxoo ci ñaan ci
Yàlla.

3 Am bés ci tisbaar nag
mu am peeñu, gis bu leer
malaakam Yàlla feeñu ko ne
ko: «Korney!» 4 Noonu Kor-
ney ne ko jàkk, daldi tiit ne
ko: «Kilifa gi, lu mu doon?»
Malaaka ma ne ko: «Say
ñaan ak say sarax yéeg na
fa kanam Yàlla, te nangul
na la. 5 Yónnil léegi nag
ay nit ci dëkku Yope, ñu
woo ku tudd Simoŋ, mi ñu
dàkkentale Piyeer. 6 Mu
nga dal fa Simoŋ wullikat, bi
këram nekk ci wetu géej.»

7 Bi malaaka mi doon wax
ak moom demee, Korney
woo ñaar ci ay surgaam ak
benn xarekat bu farlu ci
Yàlla ci ñi koy topptoo; 8 mu
nettali leen lépp, yebal leen
Yope.

9 Ca ëllëg sa, ba ñuy jaar
ca yoon wa, ba jub dëkk ba,
Piyeer yéeg ca kaw taax ma
ci digg bëccëg ngir ñaan ci
Yàlla. 10 Noonu xiif dab ko
fa, mu bëgga lekk. Waaye
bi ñu koy toggal, Yàlla feeñu
ko. 11 Mu xool asamaan
ubbiku, gis lu mel ni sér bu
mag bu ñu téye ci ñeenti laf
ya, yoor ko, mu jëm suuf.
12 Boroom ñeenti tànk yépp
ñu nga ca, ak yiy raam ci
suuf, ak picci asamaan. 13 Te
baat ne ko: «Jógal, Piy-
eer, rey te lekk.» 14 Waaye
Piyeer ne ko: «Mukk, Bo-
room bi, ndaxte masumaa
lekk dara lu daganul mbaa
lu araam.» 15 Waaye baat
bi wax ak moom ñaareelu
yoon ne ko: «Lu Yàlla sellal,
bu ko araamal.» 16 Ñu def
ko nag, ba muy ñetti yoon,
ba noppi ñu ne cas sér ba,
jëme asamaan. 17 Bi loolu
amee Piyeer jaaxle lool ci lu
peeñu miy tekki; fekk booba
nit ñi Korney yebal, laajte
woon nañu kër Simoŋ, ba
agsi ci bunt bi. 18 Ñu woote
nag naan: «Simoŋ, mi ñu
dàkkentale Piyeer, ndax fi la
dëkk?»

19 Bi Piyeer di rabal xelam
ci peeñu ma, Xel mi ne ko:
«Ñetti nit a ngi nii, di la wut.
20 Jógal, nga wàcc te ànd ak
ñoom; bul werante, ndaxte
maa leen yebal.» 21 Piyeer
wàcc nag ne nit ñi: «Maa
ngi nii, man mi ngeen di
wut; lu doon seeni tànk?»
22 Ñu ne ko: «Korney, njiitu
xare ba, nit ku jub la te ragal
Yàlla, ba am seede su rafet ci
bànni Israyil gépp. Malaaka
mu sell nag sant na ko, mu
woolu la ci këram te déglu li
ngay wax.» 23 Ci kaw loolu
Piyeer dugal leen, dalal leen.

*Piyeer ci kër Korney*

Ba bët setee, Piyeer jóg,
dem ak ñoom, ànd ak ñenn
ci bokk yi dëkk Yope, 24 te
bés ba ca topp mu dikk
Sesare. Fekk Korney woo na
këram ay bokkam ak i xari-
tam yi ko gëna jege, di xaar
Piyeer. 25 Bi Piyeer duggee
nag, Korney daje ak moom,
daanu ciy tànkam, sargal ko.
26 Waaye Piyeer yékkati ko
ne: «Jógal, man it nit rekk
laa.» 27 Noonu muy waxtaan
ak moom, duggsi, fekk fa
ndajem nit ñu bare. 28 Mu ne
leen: «Xam ngeen ne aaye
nañu Yawut, mu jaxasoo ak
ku mu bokkalul xeet, mbaa
mu dugg ci këram. Waaye
Yàlla won na ma ne waru-
maa ne kenn setul mbaa
araam na. 29 Looloo tax, bi
ngeen ma wooloo, ñëw naa
ci lu àndul ak werante. Maa
ngi leen di laaj nag, lu ngeen
may doye?»

30 Ci kaw loolu Korney ne:
«Ñetti fan a ngii may ñaan ci
sama biir kër ci waxtu wii,
maanaam tisbaar. Ci saa si
ku sol yére yuy melax taxaw
ci sama kanam, 31 mu ne ma:
"Korney, say ñaan nangu na,
te say sarax egg nañu fa
kanam Yàlla. 32 Yónneel nag
ci Yope, woolu Simoŋ, mi
ñu dàkkentale Piyeer; mu
nga dal ci kër Simoŋ miy
wullikat ca wetu géej ga."
33 Yónnee naa nag ci ni mu

gëna gaawe, woolu la; te
maa ngi lay sant ci li nga
ñëw. Léegi nag nun ñépp
nu ngi fi ci kanam Yàlla, ngir
déglu lépp li la Boroom bi
sant.»
34 Noonu Piyeer jël kàddu
ga ne leen: «Ci dëgg gis naa
ne Yàlla du gënale, 35 waaye
ci xeet yépp, ku ko ra-
gal tey def lu jub, moom
la nangu. 36 Yónnee na
kàddoom bànni Israyil, di
leen xibaar jàmm, jaarale
ko ci Yeesu Kirist, miy Bo-
room lépp. 37 Xam ngeen
li xewoon ci réewum Yawut
yépp, li ko tàmbalee ci
diiwaanu Galile, topp ci
waareb Yaxya, mu naan nit
ñi, mu sóob leen ci ndox.
38 Xam ngeen ne Yàlla fal na
Yeesum Nasaret, sol ko Xel
mu Sell mi ak kàttan; muy
wër, di def lu baax ak di faj
ñépp ñi nekkoon ci kilifteefu
Seytaane, ndaxte Yàlla ànd
na ak moom.
39 «Seede nanu li mu def
lépp ci biir réewu Yawut ya
ak Yerusalem. Moona rey
nañu ko ci wékk ko ci bant.
40 Waaye Yàlla dekkal na ko
ci ñetteelu fan ba te biral
ko, 41 waxuma xeet wépp,
waaye seede yi Yàlla tànn
lu jiitu, maanaam nun ñi
daan lekk di naan ak moom
gannaaw ndekkiteem. 42 Te
Yeesu sant na nu, nu yégal
xeet wa, di seede ne moom la
Yàlla jagleel àtteb ñiy dund
ak ñi dee. 43 Yonent yépp
seedeel nañu ko ne, ku ko
gëm, Yàlla dina la baal say
bàkkaar ci turam.»
44 Bi Piyeer di wax loolu,
Xel mu Sell mi wàcc ci kaw
ñépp ñiy déglu kàddu ga.
45 Yawut yi gëm yépp nag, ñi
ànd ak Piyeer, daldi waaru
ci li Yàlla tuur Xel mu Sell,
mi mu maye, ci ñi dul Yawut
itam. 46 Ndaxte dégg nañu
leen, ñuy wax yeneen làkk
ak di màggal Yàlla.
47 Booba Piyeer daldi wax
ne: «Ñii jot Xel mu Sell
mi ni nun, ndax manees na
leena baña sóob ci ndox?»
48 Noonu mu santaane, ñu
sóob leen ci ndox ci turu
Yeesu Kirist. Gannaaw loolu
ñu ñaan ko, mu toog ci
ñoom ay fan.

# 11

### *Piyeer leeral na jëfam fa kanam gaayi Kirist ya nekk Yerusalem*

1 Bi loolu amee ndaw yi
ak bokk yi nekk ci dii-
waanu Yude, dégg nañu ne,
ñi dul Yawut nangu nañu
kàddug Yàlla. 2 Bi Piyeer de-
mee Yerusalem nag, kureelu
Yawut gi farataal xaraf, di
werante ak moom ne ko:
3 «Lu tax nga dem ca këru
ñu xaraful, bay lekk sax ak
ñoom?»
4 Noonu Piyeer daldi leen
benn-bennal mbir mi, nettali
leen ko 5 ne: «Nekkoon naa
ca dëkku Yope, di fa ñaan
ci Yàlla, ba far sama xol
seey ci moom; noonu ma am
peeñu: lu mel ni sér bu mag
wàcc, jóge ci asamaan, ñu
yoor ko ca ñeenti laf ya, mu
ñëw ba ci man. 6 Ma xool
ko jàkk, seetlu ko bu baax,
ma gis ca boroom ñeenti
tànk yu nekk ci kaw suuf,

di rabi àll yi, yiy raam ak
picci asamaan. 7 Te dégg
naa baat bu ma ne: “Jógal
Piyeer, rey te lekk.” 8 Waaye
ma ne: “Mukk Boroom bi,
ndax dara lu daganul mbaa
lu araam masula dugg ci
sama gémmiñ.” 9 Waaye
ñaareel bi yoon baat bi dellu
ne ma: “Lu Yàlla sellal, bu
ko araamal.” 10 Loolu am ba
muy ñetti yoon, ba noppi ñu
ne cas lépp, jëme asamaan.

11 «Ca saa sa ñetti góor,
ña ñu yebal ci man, jóge
Sesare, agsi ca kër ga ma
dal. 12 Te Xel mi ne ma:
“Àndal ak ñoom, te bu ci
werante.” Juróom benni
bokk, yi fi teew, gunge woon
nañu ma, ba nu dugg ca kër
góor googu. 13 Mu nettali nu
ne gis na malaaka, feeñu ko
ca këram ne ko: “Yónneel ca
dëkku Yope, woolu Simoŋ,
mi ñu dàkkentale Piyeer.
14 Dina la xamal ay wax yu
lay musal, yaw ak sa waa kër
gépp.”

15 «Bi ma tàmbalee wax
nag, Xel mu Sell mi wàcc ci
ñoom, ni mu wàcce woon
ci nun bu jëkk. 16 Bi loolu
amee ma fàttaliku li Boroom
bi wax ne: “Yaxya ci ndox
la daan sóobe, waaye yéen
dees na leen sóob ci Xel mu
Sell mi.” 17 Gannaaw nag
Yàlla jagleel na leen may, gi
mu nu mayoon, bi nu gëmee
Yeesu Kirist Boroom bi, man
maay kan, bay tebbi àtteb
Yàlla?»

18 Bi ñu déggee loolu,
amuñu dara lu ñu ca teg,
ñu daldi màggal Yàlla ne:
«Yàlla nag may na ñi dul
Yawut it ñu tuub seeni
bàkkaar, ba am dund gu
wóor gi.»

*Barnabas ak Sóol ci dëkku Ancos*

19 Ñi tasoon nag ndax
fitna, ji amoon gannaaw
Ecen, ñu dem ba diiwaanu
Fenisi, ci dunu Sipar ak ca
dëkku Ancos, di wax kàddu
gi, waaye yemale ko ci Yawut
yi. 20 Moona amoon na ci
ñoom ay niti Sipar ak dëkku
Siren, ñu ñëw ci Ancos, ba
seen wax law ci Gereg yi
it, ñu di leen xamal xibaaru
jàmm bu Yeesu Boroom bi.
21 Te loxob Boroom bi ànd ak
ñoom, ba mbooloo mu mag
gëm te waññiku ci Boroom
bi.

22 Ba mbir ma siiwee, ba
àgg ci noppi mbooloom ñi
gëm ci Yerusalem, ñu yebal
Barnabas ba Ancos. 23 Bi
mu agsee nag, ba gis yiw, wi
leen Yàlla may, mu bég ci
te di leen xiir, ñu wàkkirlu
ci Boroom bi te dogu ci.
24 Ndaxte nit ku baax la
woon te fees ak Xel mu Sell
mi ak ngëm; noonu mbooloo
mu bare dolliku ci Boroom
bi.

25 Gannaaw loolu Barn-
abas dem ca dëkku Tars,
di wut Sóol. 26 Bi mu ko
gisee, mu indi ko Ancos.
Noonu atum lëmm ñu bokk
ak mbooloom ñi gëm, di
jàngal nit ñu bare. Te ci An-
cos lañu jëkka tudde taalibe
ya Gaayi Kirist.

27 Ca fan yooyu ay yonent
jóge Yerusalem, ñëw An-
cos. 28 Kenn ci ñoom tudd
Agabus jóg, mu yégle jaar-
ale ko ci Xelu Yàlla mi ne

xiif bu metti dina daj àddina
sépp. Loolu nag amoon na
ca ayug buur bu ñuy wax
Këlódd. [29] Kon taalibe ya fas
yéenee sàkk ndimbal, jëme
ca bokk ya dëkk diiwaanu
Yude, ku nekk ak sa kem
kàttan. [30] Noonu lañu def
nag, teg ko ci loxoy Barnabas
ak Sóol, yónnee ko njiit ya.

# 12

*Yàlla musal na Piyeer ca kaso ba*

[1] Ca jamono jooja Erodd
buur ba jàppoon na ay nit ci
mbooloom ñi gëm, ngir fit-
naal leen. [2] Noonu mu daldi
jàpp Saag, doomu ndeyu
Yowaana, mu reylu ko ci
jaasi. [3] Bi mu gisee nag
ne mbir moomu neex na
Yawut ya, mu daldi jàpp
it Piyeer; fekk loolu daje
ak bési màggalu Yawut, ga
ñuy wax Mburu ma amul
lawiir. [4] Bi mu ko jàppee,
mu tëj ko kaso, teg ko
ci loxoy ñeenti mboolooy
xarekat, ngir ñu wottu ko,
fekk mbooloo mu ci nekk
di ñeenti nit; amoon na
yéeney yóbbu ko ci kanam
Yawut ya gannaaw màggalu
bésu Mucc ba.

[5] Noonu ñuy wottu Piy-
eer ca kaso ba, waaye
mbooloom ñi gëm di ko
ñaanal Yàlla ak seen xol
bépp.

[6] Bi Erodd nekkee ci tànki
indilu ko, ca guddi googa
yeewoon nañu Piyeer ak
ñaari càllala, muy nelaw
diggante ñaari xarekat, te ay
xarekat di wottu buntu kaso
ba. [7] Ca saa sa malaakam
Boroom bi ñëw, te leer ne
ràyy ca néeg ba. Malaaka
ma dóor Piyeer ci wetam,
yee ko ne ko: «Jógal bu
gaaw!» Noonu jéng ya rot
ciy loxoom.

[8] Malaaka ma ne ko:
«Takkal sa geño te sol say
dàll.» Mu def ko. Malaaka
ma ne ko: «Solal sa mbubb
te topp ci man.» [9] Piyeer
génn, topp ca malaaka ma,
fekk gëmul sax ne lu am
la, waaye mu yaakaar ne
peeñu la. [10] Noonu ñu weesu
wottukat bu jëkk ba ak ba
ca tegu, ñu agsi ca buntu
weñ, ba jëm ca dëkk ba,
mu daldi ubbikul boppam
ci seen kanam. Ñu génn
nag, jaar ci benn mbedd,
malaaka ma daldi ko bàyyi.

[11] Bi xelam délsee ci
moom Piyeer ne: «Léegi
xam naa ci lu wóor
ne, Boroom bi yónni na
malaakaam, musal ma ci
loxoy Erodd ak li ma Yawut
ya yéene woon lépp.» [12] Mu
rabal xelam ci loolu, daldi
dem kër Maryaama, ndeyu
Yowaana, mi ñuy wax it
Màrk, fekk ñu bare booloo
fa, di ñaan ci Yàlla. [13] Noonu
Piyeer fëgg buntu kër ga,
te mbindaan mu tudd Rodd
wuyusi ko. [14] Mu xàmmi
baatu Piyeer, bég ci, ba
fàtte koo ubbil, waaye mu
daw ci biir, xamle ne Piyeer
a nga ca bunt ba. [15] Ñu
ne ko: «Xanaa dangaa
dof.» Waaye mu dëgër
ci li mu wax. Noonu ñu
ne ko: «Xanaa malaakaam
la.» [16] Fekk Piyeer di gëna
fëgg. Noonu ñu tijji, gis ko,

daldi waaru. 17 Piyeer taf
loxoom ci gémmiñam, ngir
ñu noppi, daldi leen nettali,
ni ko Boroom bi génnee ca
kaso ba. Mu ne leen: «Tee
ngeen jottali ko Saag ak bokk
ya.» Bi mu ko waxee, mu
jóge fa, dem feneen.

18 Bi bët setee nag, yëngu-
yëngu bu réy am na ca
xarekat ya, ñu ne: «Ana Piy-
eer?» 19 Noonu Erodd wutlu
ko, waaye gisu ko. Kon
mu àtte wottukat ya, joxe
ndigalu rey leen.

*Buur Erodd dee na*

Bi loolu amee Erodd
jóge ci diiwaanu Yude,
dem dëkku Sesare, toog fa.
20 Fekk mu nekk ci xëccoo
bu tàng ak waa dëkki Tir ak
Sidon. Naka noona ñu ànd,
bëgg koo gis. Ñu neexal
Balastus, bëkk-néegu buur
ba, di ñaan jàmm, ndaxte
réewu buur ba moo doon
dundal seen bos.

21 Ca bés ba ñu jàpp nag
Erodd sol mbubbi buuram,
toog ca jal ba ca àttekaay
ba, di leen yedd ak a dénk.
22 Noonu mbooloo mi di yu-
uxu naan: «Lii baatu Yàlla
la, du baatu nit!» 23 Ca saa
sa nag, gannaaw màggalul
Yàlla, malaakam Boroom bi
fàdd ko te ay sax dugg ko, ba
mu dee.

24 Moona kàddug Boroom
bi di gëna màgg tey law.

25 Naka Barnabas ak Sóol,
bi ñu matalee seen liggéey,
ñu jóge Yerusalem, ñibbi,
ànd ak Yowaana mi tudd
Màrk.

# 13

*Yàlla yónni na Barnabas ak Sóol*

1 Amoon na ci mbooloom
ñi gëm, mi nekk dëkku
Ancos, ay yonent ak
ay jànglekat: maanaam
Barnabas, Simeyon ku ñu
dàkkentale Ñuul, Lusiyus
mi dëkk Siren, Manayen
mi yaroondoo ak Erodd
boroom diiwaan ba, ak Sóol.
2 Am bés nag, bi ñuy jaamu
Boroom bi ak di woor, Xel
mu Sell mi ne: «Beral-leen
ma Barnabas ak Sóol ngir
liggéey, bi ma leen wooye.»
3 Bi ñu ko déggee, ñu daldi
woor ak a ñaan, teg leen ay
loxo, ba noppi bàyyi leen ñu
dem.

*Waare nañu ci dunu Sipar*

4 Noonu Xel mu Sell mi
yónni leen. Ñu dem nag ci
dëkku Selusi, dugg fa gaal,
jëm ci dun bu ñuy wax Sipar.
5 Bi ñu teeree ca dëkku
Salamin nag, ñu yégle fa
kàddug Yàlla ca jàngub
Yawut ya. Ku tudd Yowaana
ànd ak ñoom, di leen jàpple
ci liggéey bi.

6 Noonu ñu jaar ci dun
bépp, ba egg dëkku Pafos.
Foofa ñu gis luxuskat bu
tudd Bar-Yeesu, di Yawut
bu mbubboo turu yonent.
7 Mu bokk ci gàngooru bo-
room réew ma tudd Sersiyus
Poolus, di nit ku neex xel.
Moom nag mu woolu Barn-
abas ak Sóol, ngir bëgga
dégg kàddug Yàlla. 8 Waaye
Elimas, boroom xam-xam bu
ñuul bi —ndaxte loolu la tu-
ram di tekki— di leen dogale,

ngir bañ boroom réew ma
gëm. [9] Ci kaw loolu Sóol, mi
tudd it Pool, daldi fees ak Xel
mu Sell mi; mu xool ko jàkk,
[10] ne ko: «Yaw mi fees ak fen
ak lu bon, di doomu Ibliis,
tey noonu lépp lu jub, ndax
doo bàyyee dëngal yoon yu
jub yu Boroom bi? [11] Léegi
loxob Boroom bi dina dal
sa kaw, te dinga gumba, ba
dootuloo gis jant bi ab diir.»
Ca saa sa nag ay bëtam
muuru, mu daldi tàbbi cig
lëndëm, muy làmbatu, di
wut ku ko wommat. [12] Ba
boroom réew ma gisee li
xew nag, mu daldi gëm, di
yéemu ci yoonu Boroom bi.

*Waare nañu ci Ancos ci diiwaanu Pisidi*

[13] Naka noona Pool ak ñi
mu àndal jóge Pafos, jaar
ci géej, jëm dëkku Peers
ci réewu Pamfili. Yowaana
nag tàggoo ak ñoom, dellu
Yerusalem.
[14] Waaye ñoom ñu jóge
Peers, aw ca yoon wa, ba
ñëw dëkku Ancos ci dii-
waanu Pisidi. Bésub noflaay
ba nag ñu dugg ca jàngu
ba, toog. [15] Bi ñu jàngee
yoonu Musaa ak yonent ya,
njiiti jàngu ba yónnee ca
ñoom ne leen: «Bokk yi,
bu ngeen amee lu ngeen di
dénk mbooloo mi, waxleen
ko.» [16] Noonu Pool jóg, tàllal
loxoom ne leen:
«Yéen bokki Israyil
ak yéen ñi ragal Yàlla,
dégluleen! [17] Yàllay bànni
Israyil tànn na sunuy maam,
di yokk xeet wa, bi ñuy
ganeyaan ci Misra; ba noppi
mu génne leen fa ak kàttanu
loxoom. [18] Diirub ñeent
fukki at mu di leen muñal
ca màndiŋ ma. [19] Gannaaw
loolu faagal na juróom ñaari
xeet ci réewu Kanaan, ba
sunuy maam donn réew
ma. [20] Loolu lépp xew na
ci diirub ñeenti téeméeri at
ak juróom fukk.
«Gannaaw loolu mu jox
leen ay njiit, ba ci yonent
Yàlla Samiyel. [21] Booba
ñuy ñaan buur, te Yàlla
jox leen Sóol, doomu Kis
ci giiru Beñamin, muy seen
buur diirub ñeent fukki at.
Gannaaw ga mu jële ko fa,
[22] dellu falal leen buur bu
tudd Daawuda, mu seedee
ko nii: “Gis naa Daawuda,
doomu Isayi, ku ma neex ci
sama xol, te dina def lépp
luy sama coobare.”
[23] «Noonu ci askanam
Yàlla indil na bànni Israyil
Musalkat bi Yeesu, ci ni
mu ko dige woon. [24] Laata
muy ñëw nag, Yaxya daan
na waare, ne bànni Is-
rayil gépp, ñu tuub seeni
bàkkaar, te mu sóob leen ci
ndox. [25] Te ba Yaxyay jeexal
sasam, mu ne: “Ku ngeen
may teg? Duma Ki wara
ñëw; waaye am na kuy ñëw
sama gannaaw, koo xam ne
kii yeyoowumaa tekki ay
dàllam.”
[26] «Bokk yi, yéen askanu
Ibraayma ak yéen ñi ra-
gal Yàlla, kàddug mucc gi
ci nun la wàcc. [27] Waa
Yerusalem ak seeni kilifa
xàmmiwuñu woon Yeesu te
xamuñu woon waxu yonent,
yi ñuy jàng bésub noflaay
bu nekk; teewul ñu amal
waxu yonent yi, ci li ñu àtte

Yeesu, ba daan ko. 28 Yoon
dabu ko fenn, moona ñaan
nañu Pilaat, mu reylu ko.
29 Noonu ñu def lépp lu
yonent yi bindoon ci mbi-
ram, ba noppi ñu wàcce
ko ca bant ba, tàbbal ko
ci bàmmeel. 30 Waaye
Yàlla dekkal na ko, 31 te di-
irub ay fan yu bare feeñu
na ñi àndoon ak moom,
jóge diiwaanu Galile, dem
Yerusalem; léegi nag ñooy
ay seedeem ci wetu xeet
wi, 32 te nu ngi leen di
xamal xibaaru jàmm bi ne
leen, li Yàlla digoon sunuy
maam, 33 def na ko ngir nun
seeni sët, ci li mu dekkal
Yeesu. Moom lañu bindoon
ci ñaareelu saaru Sabóor ne:

“Yaa di sama Doom,
maa di sa Baay tey.”

34 Te it li ko Yàlla dekkal, ba
mu bañatee jaar ci dee, te
suuf du ko lekk mukk, moom
la Yàlla wax ne:

“Dinaa la may barke yu sell
te wóor, yi ma digoon
Daawuda.”

35 Moo tax mu waxaat fe-
neen ne:

“Doo bàyyi sa Waa ju sell,
mu yàqu.”

36 Ndaxte bi Daawuda defee
coobarey Yàlla ci jamonoom,
mu faatu, ñu suul ko, mu
fekki ay maamam, suuf lekk
ko. 37 Waaye ki Yàlla dekkal,
yaramam seeyul.

38 «Kon nag bokk yi,
nangeen xam ne ci moom
Yeesu nu ngi leen di yégal
mbaalug bàkkaar yi. Te fépp
fu yoonu Musaa tële woona
àttee nit ni ku jub, 39 fa la
Yeesu di àttee ni ku jub képp
ku ko gëm. 40 Wottuleen nag
ba li yonent yi bindoon bañ
leena dal, ci li ñu ne:

41 “Yéen ñiy xeebaate,
gisleen lii,
ngeen yéemu ba far;
ndaxte dinaa def ci seen ja-
mono jëf,
joo xam ne su ngeen ko
déggee sax,
dungeen ko gëm.”»

42 Bi ñuy génn nag ca
jàngu ba, Yawut ya ñaan
leen, ñu baamtu wax ja ca
bésub noflaay ba ca tegu.
43 Te bi mbooloo ma tasee,
ay Yawut yu bare ak ñi tuu-
boon ci yoonu Yawut te ragal
Yàlla, topp ci Pool ak Barn-
abas. Ñuy diisoo ak ñoom,
di leen xiir, ñu wàkkirlu ci
yiwu Yàlla.

44 Noonu bésub noflaay
ba ca tegu, daanaka waa
dëkk bépp daje, ngir déglu
kàddug Yàlla. 45 Waaye bi
Yawut yi gisee mbooloo ma,
ñu daldi fees ak kiñaan, di
weddi li Pool di wax te di ko
xas. 46 Bi loolu amee Pool
ak Barnabas ne leen ci lu
bir: «Yéen lanu wara jëkka
yégal kàddug Yàlla, waaye
gannaaw gàntu ngeen ko,
ba àtte seen bopp ne yey-
oowuleen dund gu dul jeex
gi, kon nu ngi waññiku ci ñi
dul Yawut. 47 Ndaxte moom
la nu Boroom bi sant ci li mu
naan:

“Samp naa la, nga nekk
leeru ñi dul Yawut,
ngir nga yóbbu mucc gi, mu
daj cati àddina.”»

48 Ñi dul Yawut nag, bi ñu
déggee loolu, daldi bég tey
màggal kàddug Boroom bi;

te ñépp ñu jagoo dund gu
dul jeex daldi gëm.
49 Noonu kàddug Boroom
bi di law ci diiwaan bépp.
50 Waaye Yawut ya xiir ay
jigéen, ñi woomle te farlu
ci diine, ñoom ak magi
dëkk ba, ñu fitnaal Pool ak
Barnabas, ngir génne leen
réew ma. 51 Waaye Pool ak
Barnabas daldi yëlëb seen
pëndu tànk, ngir dëggal
seen weddi, jëm dëkku
Ikoñum. 52 Naka taalibe yi
nag, ñu fees ak mbég ak Xel
mu Sell mi.

# 14

*Pool ak Barnabas ci dëkku Ikoñum*

1 Bi Pool ak Barnabas nek-
kee Ikoñum nag, ñu dugg ci
jàngub Yawut ya, ni ñu ko
daan defe; ñuy waare, ba
mbooloom Yawut ak Gereg
mu bare gëm. 2 Waaye
Yawut yu nanguwul yi ñoo
jógloo ñi dul Yawut, di
ñaawal seen njort ci bokki
taalibe yi. 3 Pool ak Barn-
abas nag sax nañu ci Ikoñum
lu yàgg, ñu wéeru ci Bo-
room bi, bay wax ak fit
wu dëgër; te Yàlla dëggal
kàddug yiwam, ba may leen,
ñu def ay kéemaan ak ay
firnde. 4 Noonu waa dëkk bi
xàjjalikoo, ñii far ak Yawut
yi, ñale far ak ndaw ya.
5 Waaye ñi dul Yawut ak
Yawut yi, ñoom ak seeni kil-
ifa, lal pexem fitnaal leen ci
sànni ay doj. 6 Bi ko Pool
ak Barnabas yégee nag, ñu
daw ca diiwaanu Likawni ca
dëkk ya ñuy wax Listar ak
Derbë ak wàllaa ya. 7 Foofa
ñu di fa xamle xibaaru jàmm
bi.

*Pool ak Barnabas ci dëkku Listar*

8 Amoon na ca Listar
nag nit ku fa toog, ku ay
tànkam làggi, ndax li mu
judduwaale lafañ te masula
dox. 9 Moom nag muy déglu
Pool miy waare. Noonu Pool
xool ko jàkk, gis ne am na
ngëm ngir wér. 10 Mu ne
ko ak baat bu dëgër: «Jógal
taxaw bu jub.» Noonu nit ki
ne bërét, jóg, daldi dox.
11 Bi mbooloo ma gisee li
Pool def, ñu daldi yuuxu,
ne ci làkku waa Likawni:
«Yàlla yi soppiku nañu nit,
wàcc ci nun.» 12 Noonu
ñu tudde Barnabas, Sës, te
tudde Pool, Ermes, ndaxte
mooy ki yor wax ji. 13 Fekk
ci buntu dëkk ba amoon
na fa kër gu ñuy màggale
Sës. Sarxalkat ba nag ànd
ak mbooloo ma, daldi indi ca
bunt ya ay yëkk ak ay caq,
yi ñu defare tóor-tóor, ngir
màggal leen ci tuur deretu
mala.
14 Waaye bi ko ndaw yi
Barnabas ak Sóol déggee,
ñu sib ko ba xotti seeni
yére, ñu daldi daw, tàbbi
ca mbooloo ma, di wax ci
kaw ne: 15 «Yéen nit ñi,
lu leen xiir ci lii? Nun it
ay nit lanu, ñu bokk bind
ak yéen. Te nu ngi leen
di xamal xibaaru jàmm ne
leen, ngeen dëddu yëfi neen
yii te waññiku ci Yàlla miy
dund te sàkk asamaan, suuf,
géej ak li ñu ëmb lépp.
16 Démb mayoon na xeet

yépp, ñu aw seen yoonu
bopp. [17] Moona noppiwula
firndeel aw meloom ci def
lu baax, di leen wàcceele
ci asamaan taw buy indi
naataange, ba ngeen lekk ba
suur, te seen xol fees ak
mbég.»

[18] Noonu ci lu jafe yey
nañu mbooloo ma ak wax
jooju, ba tere leen, ñu rendil
leen sarax.

[19] Waaye bi loolu wéyee
amoon na ay Yawut yu jóge
Ancos ak Ikoñum, ñu fàbbi
mbooloo ma, sànni Pool ay
doj, ba yaakaar ne dee na,
ñu diri ko ba ca gannaaw
dëkk ba. [20] Waaye taalibe ya
ñëw wër ko, mu daldi jóg,
duggaat ca dëkk ba. Ca suba
sa nag, mu ànd ak Barnabas,
dem Derbë.

*Délsi nañu dëkku Ancos*

[21] Bi ñu fa àggee nag, ñu
xamle fa xibaaru jàmm bi,
ba sàkk fa ay taalibe yu
bare. Gannaaw loolu ñu
délsi Listar, Ikoñum ak An-
cos, [22] di dooleel xeli taal-
ibe ya, xiir leen ñu sax ci
yoon wi; ñu ne leen: «Ci
kaw nattu yu bare lanu wara
dugge ci nguuru Yàlla.» [23] Ci
mbooloom ñi gëm mu nekk
nag, ñu tànn ci ay njiit; ba
noppi ñu ñaan Yàlla ak di
woor, dénk leen Boroom bi
ñu gëm. [24] Gannaaw loolu
ñu jaar diiwaanu Pisidi, dikk
ci Pamfili. [25] Ñu yégle kàddu
gi ci dëkku Peers, doora dem
dëkku Atali.

[26] Foofa nag ñu dugg gaal,
jëm Ancos, fa ñu leen dénke
woon ca yiwu Yàlla, ngir
liggéey bi ñu àggale. [27] Bi
ñu agsee, ñu woo mbooloom
ñi gëm, nettali leen fi ñu
jaar ak Yàlla fépp, ak ni mu
ubbee buntu ngëm ci ñi dul
Yawut. [28] Noonu ñu toog ak
taalibe ya diir bu yàgg.

# 15

*Géew bi am ci Yerusalem*

[1] Amoon na bés ay nit jóge
diiwaanu Yude, ñuy jàngal
bokk yi ne leen: «Ku xaraful,
ni ko aaday Musaa santaa-
nee, doo mana mucc.»

[2] Pool ak Barnabas nag am
ak ñoom diisoo ak werante
wu metti; noonu bokk yi
jàpp ne, Pool ak Barnabas ak
ñeneen ci ñoom war nañoo
dem Yerusalem ca ndaw ya
ak njiit ya, ngir leeral wer-
ante wi. [3] Kon nag mbooloo
mi gunge leen, ñu jaar
ci wàlli Fenisi ak Samari,
di nettali ni ñi dul Yawut
waññikoo ci Yàlla, ba bokk
yépp am ca mbég mu réy.
[4] Te bi ñu agsee Yerusalem,
mbooloom ñi gëm, ndaw yi
ak njiit yi teeru leen, ñu net-
tali leen fi ñu jaar ak Yàlla
fépp.

[5] Ci kaw loolu ñeneen, ñi
gëm waaye bokk ci tariixab
Farisen ya, daldi jóg ne:
«Fàww ñi dul Yawut xaraf,
te ñu dénk leen sàmm yoonu
Musaa.»

[6] Noonu ndaw yi ak njiit
yi dajaloo, ngir seet mbir
moomu. [7] Gannaaw wer-
ante wu bare Piyeer jóg
ne leen: «Yéen bokk yi,
xam ngeen ne ca njàlbéen
ga Yàlla tànnoon na ma ci
yéen, ngir ma yégal ñi dul

Yawut xibaaru jàmm bi, ba
ñu gëm. 8 Yàlla, mi xam
xol yi, seede na leen ci li
mu leen may Xel mu Sell
mi, ni mu nu ko maye nun
itam. 9 Gënalantewu nu ak
ñoom, ci li mu sellal seen
xol ci kaw ngëm. 10 Léegi
nag lu tax ngeen di diiŋat
Yàlla, ciy teg taalibe yi yen
bu nu masula àttan, nun
mbaa sunuy maam? 11 Nun
daal ci yiwu Yeesu Boroom
bi lanu yaakaara mucce, te
ñoom itam, ci lañu wékku.»

12 Bi mu ko waxee,
mbooloo mépp ne xerem, di
déglu Barnabas ak Pool, ñuy
nettali kéemaan ak firnde
yépp, yi Yàlla def jaarale
ko ci ñoom ci biir ñi dul
Yawut. 13 Bi ñu noppee, Saag
jël kàddu ga ne: 14 «Bokk
yi, dégluleen ma! Simoŋ
nettali na, ni Yàlla seetsee
bu jëkk ñi dul Yawut, ngir
sàkku ci ñoom xeet wu ñu
tudde turam. 15 Te loolu sax
dëppoo na ak li yonent yi
tëral; ñu bind ne:

16 “Boroom bi nee na:
Gannaaw loolu dinaa délsi,
te yékkati këru Daawuda, gi ne tasar,
dinaa defar gent ya,
ba taxawalaat ko.
17 Noonu li des ci doom Aadama wut Boroom bi,
maanaam xeet yi dul Yawut, ñuy tudd sama tur.
18 Man dinaa def loolu, man Boroom bi ko wax,
te ca njàlbéen ba tey ma di ko xamle.”

19 «Kon nag lii mooy sama
ndigal: bunu gétën ñi dul
Yawut te waññiku ci Yàlla.
20 Waaye nu bind leen, ñu
moytu ñam wu araam wu
ñu tuuroo xërëm, tey moytu
njaaloo, ak jur gu médd, bay
naan deret ja. 21 Ndaxte ca
njàlbéen ga ba tey am na ca
dëkk bu nekk ñuy waare ci
yoonu Musaa; bésub noflaay
bu nekk sax dañu ciy xutba
ca jàngu ya.»

*Bataaxal bi ndaje mi bind ñi dul Yawut*

22 Bi mu ko waxee, ndaw
yi ak njiit yi ak mbooloom
ñi gëm mépp fas yéenee
tànn ci ñoom ay nit, yónni
leen Ancos, ñu ànd ak Pool
ak Barnabas. Noonu ñu
tànn Yudd, mi ñu dippee
Barsabas, ak Silas, di ay njiit
ca bokk ya.

23 Ñu jox leen bataaxal bu
ne:

Yéen sunu bokk yi dul
Yawut te dëkk Ancos, Siri
ak Silisi, nu ngi leen di
nuyu, nun seeni bokk, di
ndaw yi ak njiit yi. 24 Dégg
nanu ne am na ay nit
ñu bawoo ci nun, ñu di
leen lëjal ak seeni wax,
di jaxase seeni xol, te
fekk sukkandikuwuñu ci
lenn ndigal lu jóge ci nun.
25 Kon nag mànkoo nanu
ci tànn ay nit, yónnee
leen ko, ànd ak sunuy
soppe Barnabas ak Pool.
26 Ñoom jaay nañu seen
bakkan ngir turu Yeesu
Kirist Boroom bi. 27 Yónni
nanu nag Yudd ak Silas,
ñu di leen xamal xibaar
boobu ci seen gémmiñ.
28 Ndaxte li neex Xel mu
Sell mi te neex nu, mooy

nu bañ leena teg beneen
yen, lu dul dénkaane yii
am njariñ, [29] maanaam
ngeen moytu ñam wu ñu
tuuroo xërëm, deretu jur
gu médd ak njaaloo. Bu
ngeen moytoo yëf yooyu,
dingeen def lu baax. Ci
jàmm.

[30] Noonu ñu tàggoo, dem
Ancos, ñu dajale mbooloo
mi, jébbal leen bataaxal bi.
[31] Ñu jàng ko nag, seen
xol sedd ci doole, ji leen
bataaxal bi indil. [32] Te Yudd
ak Silas, ñi doon yonent, ñuy
dooleel bokk yi, di dëgëral
seen fit ak wax yu bare.
[33-34] Bi loolu amee ñu toog
fa ab diir, ba noppi bokk
yi yiwi leen ci jàmm, ñu
dellu ca ña leen yónni woon.
[35] Waaye Pool ak Barnabas
des ci Ancos, di jàngle ak
di xamle xibaaru jàmm bu
kàddug Boroom bi, ñoom ak
ñeneen ñu bare.

*Ñaareelu tukkib ndaw la Pool, ànd ak Silas*

[36] Gannaaw ay fan Pool
ne Barnabas: «Nan dellu
seeti bokk ya ca dëkk yépp,
fu nu masa yéglee kàddug
Boroom bi, ba gis nu ñu def.»
[37] Barnabas nag bëggoon na
yóbbaale Yowaana, mi ñuy
wax it Màrk. [38] Waaye
Pool dafa lànk ne: «Matul
nu yóbbu ki nu waccoon ca
Pamfili, ba àndul woon ak
nun ca liggéey ba.»

[39] Noonu ñu xuloo, ba far
tàggoo. Barnabas yóbbaale
Màrk, ñu dugg gaal, jëm
Sipar. [40] Pool tànn Silas,
dem; bokk ya dénk leen ci
yiwu Boroom bi; [41] mu jaar
ci diiwaanu Siri ak Silisi, di
dëgëral mboolooy ñi gëm.

# 16

*Timote àndsi na ak Pool ak Silas*

[1] Naka noona mu dikk
dëkki Derbë ak Listar, fekk
fa taalibe bu tudd Timote te
ndeyam di Yawut bu gëm,
waaye baayam di Gereg.
[2] Te mbokk, yi nekk dëkki
Listar ak Ikoñum, seedeel
nañu ko lu baax. [3] Pool
bëgg nag mu ànd ak moom,
waaye ndegam Yawut yépp,
ya dëkk ca wàllaa ya, xam
ne baayam Gereg la woon,
mu jël ko, xarafal ko. [4] Bi
loolu amee ñuy jaar ca dëkk
ya, jottali leen dénkaane,
yi ndaw yi ak njiit yi nekk
Yerusalem joxe, te sant leen
ñu sàmm ko. [5] Noonu
mboolooy ñi gëm di gëna
dëgër ci yoon wi, tey yokku
bés bu nekk.

*Yàlla wax na ak Pool ci biir peeñu*

[6] Bi loolu amee gannaaw
Xel mu Sell mi aaye na leen,
ñu yégleji kàddu gi ci di-
iwaanu Asi, ñu daldi jaari
wàlli Firisi ak Galasi. [7] Bi ñu
agsee nag ci wetu diiwaanu
Misi, ñuy jéema dugg dii-
waanu Bitini, waaye Xelum
Yeesu mayu leen ko. [8] Ñu
romb nag Misi, dem dëkku
Torowas. [9] Noonu ci guddi
Yàlla feeñu Pool ci nii: nitu
Maseduwan taxaw, di ko
ñaan ne ko: «Ñëwal ci Mase-
duwan, wallusi nu!» [10] Bi
mu amee peeñu moomu, ca

saa sa nu* fexee jàll ba Mase-
duwan, xam ne Boroom bi
moo nu woo, ngir nu xamle
fa xibaaru jàmm bi.

### *Lidi gëm na Kirist ci dëkku Filib*

11 Noonu nu dugg gaal ca
Torowas, jubal dunu Samo-
taras, jóge fa ca ëllëg sa, nu
jëm teerub Neyapolis. 12 Bi
nu fa teeree, nu jëm Filib,
bi nekk dëkk bi ëpp maana
ca wàll woowu ci diiwaanu
Maseduwan, di it moomeelu
Room. Nu toog fa ay fan.
13 Bi bésub noflaay agsee
nag, génn nanu ci buntu
dëkk ba, jublu ci wetu
dex ga, yaakaar ne bérabu
ñaanukaay la. Nu toog fa
nag, di wax ak jigéen ña
fa dajaloo. 14 Fekk am na
fa jigéen juy déglu, tudd
Lidi, di jaaykatu cuub†, bu
dëkk Catir, te mu ragal Yàlla.
Noonu Boroom bi ubbi na
xolam, ba mu nangu li Pool
di wax. 15 Ci kaw loolu ñu
sóob ko ci ndox, moom ak
waa këram, ba noppi mu
ñaan nu ne: «Bu ngeen ma
jàppee ni ku takku ci Bo-
room bi, ganesileen ma ci
sama kër.» Te mu di nu ci
xiir.

### *Tëj nañu Pool ak Silas ca kaso ba*

16 Am bés, ba nuy dem nag
ca ñaanukaay ba, nu daje
ak jaam bu jigéen bu rabu
gisaane solu, te ay sangam di
jariñu lu bare ci gisaaneem.
17 Mu daldi topp ci Pool ak
nun, di xaacu ne: «Nit ñii
jaami Yàlla Aji Kawe ji lañu;
ñoo leen di yégal yoonu
mucc.» 18 Muy def noonu
ay fani fan, waaye bi ko
Pool xajootul, mu waññiku
ne rab wa: «Sant naa la ci
turu Yeesu Kirist, génnal ci
moom.» Noonu rab wa ne
mëll, génn ci moom.
19 Bi ay sangam gisee nag
seen buntu wërsëg tëju, ñu
daldi jàpp Pool ak Silas,
di leen diri, jëme leen ca
pénc ma fa kanam njiit
ya. 20 Noonu ñu dëj leen
fa mbaxanay menne naan:
«Yawut yii lëjal nañu sunu
dëkk, 21 di xamle ay aada yu
nu sañula nangu mbaa nu
di ko topp, nun ñi bokk ci
nguuru Room.»
22 Mbooloo ma it ànd ci,
dal ci seen kaw; àttekat
ya nag summilu seeni yére,
santaane ñu dóor leen ay
yar. 23 Noonu ñu dóor leen
ay yar yu bare, tëj leen, sant
boroom kaso ba, mu wottu
leen bu wér. 24 Gannaaw
jot na ndigal loolu nag, mu
sànni leen ca néeg ba gëna
ruqu ci biir kaso ba, jéng
seeni tànk.
25 Ba guddi giy xaaj nag,
Pool ak Silas di ñaan ak
di sant Yàlla, te ñeneen ñi
nekk ca kaso ba di leen
déglu. 26 Ca saa sa suuf
yëngu bu metti, ba fon-
damaab kaso ba daanu; bunt
yépp daldi ne kulbét ubbiku,
te jéngi ña ñu tëj ne téll ti-
jjiku. 27 Ci kaw loolu boroom
kaso ba tiite ci ay nelaw, gis
bunt yépp ubbiku. Mu daldi

* **16:10** Bind nañu nu, ndaxte Luug mi bind Jëf ya mooy wax. † **16:14** Cuub
yu dàlde la woon, maanaam xonq curr.

bocci jaaseem, bëgga xaru,
yaakaar ne ña ñu tëj dañoo
daw. 28 Waaye Pool wax ci
kaw ne: «Bul lor sa bopp,
nun ñépp nu ngi fi.»

29 Bi ko boroom kaso ba
déggee, mu daldi laaj làmp,
ne saraax dugg, daanu ci
kanam Pool ak Silas, di lox.
30 Mu génne leen ci biti ne
leen: «Kilifa yi, lu ma wara
def, ba mucc?» 31 Ñu ne
ko: «Gëmal Yeesu Boroom
bi, kon dinga mucc, yaw ak
sa njaboot.» 32 Noonu ñu
xamal ko kàddug Boroom bi,
moom ak waa këram gépp.
33 Mu jël leen nag ci waxtu
woowu ci guddi, raxas seeni
gaañu-gaañu, ba noppi ñu
sóob ko ci ndox, moom ak
waa këram gépp. 34 Bi ñu
ko defee mu yóbbu leen ca
këram, jox leen ñu lekk, mu
bég lool ci li mu gëm Yàlla,
moom ak waa këram gépp.

35 Bi bët setee, àttekat ya
yónni alkaati ya, ñu ne boroom
kaso ba: «Yiwil ñaari
nit ñooñu, ñu dem.» 36 Kon
boroom kaso ba yégal loolu
Pool ne ko: «Àttekat ya
jox nañu ma ndigal, ngir
ma yiwi leen, ngeen dem;
léegi nag génnleen te dem ci
jàmm.»

37 Waaye Pool ne alkaati
ya: «Dóor nañu nu ay yar
ci kanam ñépp, ci lu ñu
wéerul ci benn àtte, rax-ca-dolli
tëj nañu nu kaso,
nun ñiy jaambur ci nguuru
Room. Léegi ndax dañu noo
bëgga sànni ci mbedd mi ci
kumpa? Mukk! Nañu ñëw,
ñoom ci seen bopp, gunge
nu ci biti.»
38 Bi mu ko waxee, alkaati
ya yégal àttekat ya la mu
wax. Bi ñu déggee ne jaamburi
Room lañu, ñu daldi
tiit. 39 Ñu ñëw nag di leen
dëfal, ñu gunge leen ci biti,
di leen ñaan, ñu génn dëkk
ba. 40 Noonu ñu génn ca
kaso ba, dugg ci kër Lidi, ñu
gis fa bokk ya, dëgëral leen,
daldi dem seen yoon.

# 17

*Pool ak Silas ci dëkku Tesalonig*

1 Bi ñu fa jógee, ñu aw
yoon wa jaar dëkku Amfipolis
ak Apoloni, doora ñëw
Tesalonig, fa Yawut ya am
jàngu. 2 Pool nag dugg
ca ñoom, na mu ko daan
defe, ba am fa ñetti bésub
noflaay, muy werante ak
ñoom ci li Mbind mi wax.
3 Mu di leen ko tekki, te
di leen wax ay firnde yuy
wone ne fàww Almasi bi
sonn te dekki. Mu ne leen:
«Yeesu, mi ma leen di yégal,
mooy Almasi bi.» 4 Noonu
ñenn ci Yawut yi gëm, ànd
ak Pool ak Silas, ñoom ak
mbooloo mu mag ci Gereg yi
ragal Yàlla, ak jigéen ñu am
maana ñu bare.
5 Waaye kiñaan tàbbi ca
Yawut ya, ñu daldi jël ay
taxawaalukat ca pénc ma,
dajale mbooloo, ñuy yëngal
dëkk ba. Ñu daanu ci kër
Yason, di wut Pool ak Silas,
ngir dëj leen ci kanam waa
dëkk ba. 6 Bi ñu leen
gisul nag, ñu diri Yason ak
ñeneen ca bokk ya ci kanam

àttekat ya. Ñuy wax ci
kaw naan: «Nit ñi dëpp
àddina sépp agsi nañu fii
léegi, 7 te Yason a leen dalal.
Ñoom ñépp dañoo bañ ndi-
gali buur Sesaar ne, am na
beneen buur bu ñuy wax
Yeesu.» 8 Bi ko mbooloo mi
ak àttekat yi déggee, ñu
daldi jaaxle lool. 9 Noonu
nanguwuñoo yiwi Yason ak
ñi ci des, lu dul bi ñu leen
bataleelee dara.

*Pool ak Silas dem nañu Bere*

10 Bi loolu amee bokk yi
jàllale Pool ak Silas ci saa
si ci guddi, ñu jëm Bere.
Ba ñu fa eggee nag, ñu
dugg ca jàngub Yawut ya.
11 Fekk ña fa nekk ñoo gëna
am ay teggin waa Tesalonig,
ndaxte nangu nañu kàddu
ga te sawar ca, di niir Mbind
mi bés bu nekk, ba xam
ndax loolu dëgg la am déet.
12 Kon nag Yawut yu bare
gëm, ak ñu bare ci Gereg yi,
di jigéen yu am maana, ak ay
góor.

13 Waaye bi Yawuti Tesa-
lonig déggee ne Pool mu
ngi yégle kàddug Yàlla ci
Bere it, ñu daldi fay dikk, di
jógloo ak a jaxase mbooloo
ma. 14 Noonu bokk yi yebal
Pool ca saa sa, mu jëm géej,
waaye Silas ak Timote des
fa. 15 Ñi ànd ak Pool nag
gunge ko ba dëkku Aten. Bi
ñu fa àggee, ñu waññiku,
yóbbaale ndigalu Pool ne,
Silas ak Timote ñëw fekksi
ko ci lu gëna gaaw.

*Pool ci dëkku Aten*

16 Bi leen Pool di nég ca
Aten, mu am naqaru xol wu
réy ci li mu gis dëkk ba fees
ak ay nataali bokkaale Yàlla.
17 Muy werante nag ca jàngu
ba ak Yawut ya ak ña ragal
Yàlla, tey werante it bés bu
nekk ca pénc ma ak ña fay
dajaloo.

18 Noonu ay boroom xam-
xam ci mbooloo mi ñuy wax
Epikuren ak ci mbooloo mi
ñuy wax Estowisen, di wer-
ante ak moom. Ñenn ci
ñoom ne: «Fortukatu xam-
xam bii, lu mu bëgga wax?»
Te ña ca des, bi ñu déggee
Pool di waare xibaaru jàmm
bi, aju ci Yeesu ak ci mbirum
ndekkite, ñu ne: «Dafa mel
ni day waare ay yàlla yu nu
xamul.» 19 Kon nag ñu jël ko,
yóbbu ko ca géew, ba ñuy
wax Areyopas. Ñu ne ko:
«Danoo bëggoon, nga leeral
nu ci sa xam-xam bu bees,
bii ngay yégle. 20 Ndaxte
sol nga ci sunuy nopp lu
nu xamul. Danoo bëggoona
xam nag léegi, loolu lu muy
tekki.» 21 Ndaxte waa Aten
ñépp ak doxandéem ya fa
dëkk, wax ak a déglu lu bees
rekk lañu daan xënte.

22 Noonu Pool taxaw ci
biir mbooloom Areyopas ne
leen: «Yéen waa Aten gis
naa ne farlu ngeen ci di-
ine lool. 23 Ndaxte bi
may doxantu di seet seeni
màggalukaay, gis naa ci
benn bu ñu bind lii: “Yàlla
mi nu xamul.” Li ngeen di
màggal nag te xamuleen ko,
loolu laa leen di xamal.

24 «Yàlla mi sàkk àddina
ak li mu ëmb lépp, moom

miy Boroom asamaan ak
suuf, du dëkk ci néegi
màggalukaay yu loxoy nit
defar. 25 Du jariñu it ci
loxoy nit, mel ni dafa soxla
dara, ndax moom mooy jox
ñépp bakkan ak ruu ak lépp.
26 Ci kenn nit la sàkke xeeti
àddina yépp, ñu dëkk ci
ñeenti xébla yi; fekk àppal
na xeet wu nekk jamonoom,
te rëdd seen diggi réew.
27 Yàlla def na loolu, ngir ñu
koy wut ci yaakaaru daj ko
ci làmbatu, fekk sax sorewul
kenn ci nun. 28 “Ndaxte ci
moom lanuy dunde, di ci
jëf te nekk ci,” ni ko ñenn
ci seeni taalifkat dëggale
naan: “Nun noo di aw xee-
tam.” 29 Kon nag, bu nu nek-
kee xeetu Yàlla, warunoo
gëm ne Yàlla mel na ni
nataali wurus, xaalis mbaa
doj yu nit defar ci xareñ
mbaa xel. 30 Ca jamono yu
wees ya Yàlla toppul ñàkka
xam googa, waaye léegi koo
mana doon ak foo mana
nekk, Yàlla santaane na, nga
tuub say bàkkaar. 31 Ndaxte
sàkk na bés bu muy àtte
àddina ci njub, dénk ko Nit
ki mu tànn; te firndeel na
loolu bu wóor, ci li mu ko
dekkal ca néew ya.»

32 Bi ñu déggee nag, muy
wax ci mbirum ndekkitel ñi
dee, ñii di ko foontoo, ña
ca des ne ko: «Dinanu la
déglu ci mbir moomu be-
neen yoon.» 33 Noonu Pool
génn ci seen biir. 34 Moona
am na ñenn ñu taq ci moom
te gëm: xàmmees na ci De-
nis, ku bokk ci mbooloom
Areyopas, ak jigéen ju tudd
Damaris, ak ñeneen.

# 18

*Pool ci dëkku Korent*

1 Bi loolu wéyee Pool
bàyyikoo Aten, dem Korent.
2 Mu tase fa ak Yawut bu
tudd Akilas te juddoo dii-
waanu Pont. Muy sooga jóge
réewu Itali ak soxnaam Pir-
sil, ndaxte buur ba Këlódd
sant na Yawut yépp, ñu génn
Room. 3 Noonu Pool seeti
leen, te gannaaw ñoo bokk
liggéey, maanaam di defar
ay xayma, mu dal fa ñoom,
ñuy liggéeyandoo.

4 Bésub noflaay bu nekk
nag muy diisoo ak ñi nekk
ca jàngu ba, di jéema
gëmloo ay Yawut ak ay
Gereg. 5 Waaye bi Silas
ak Timote jógee diiwaanu
Maseduwan, egg fa, Pool
jublu ci xamle kàddu gi,
tey dëggal ci Yawut yi naan
Yeesu mooy Almasi bi. 6 Bi
ko Yawut ya gàntoo nag,
di ko xas, mu yëlëb ay
yéreem ne leen: «Yéena
sàkku seen musiba; set naa
ci. Léegi maa ngi dem ci ñi
dul Yawut.»

7 Ci kaw loolu mu jóge fa,
dugg ci këru ku tudd Tisiyus
Yustus, di ku ragal Yàlla, te
kër ga dend ak jàngu ba.
8 Kirispus nag, njiitu jàngu
ba, gëm na Boroom bi ak
waa këram gépp. Te waa
Korent ñu bare dégg kàddu
gi te gëm ko, ñu sóob leen ci
ndox.

9 Naka noona Boroom
bi feeñu Pool ci guddi ne
ko: «Bul tiit dara, waaye
deel wax te baña noppi.

10 Ndaxte maa ngi ànd ak
yaw, te kenn du la jàpp, ba
fitnaal la, ndaxte am naa
xeet wu bare ci dëkk bii.»
11 Noonu Pool des at ak genn-
wàll ci seen biir, di fa jàngle
kàddug Yàlla.

12 Ci nguuru Galyon ci dii-
waanu Akayi nag, Yawut ya
likkoo, ñu dal ci kaw Pool,
yóbbu ko ca àttekaay ba.
13 Ñu ne: «Kii day xiir nit ñi
ci màggal Yàlla ci lu juuyoo
ak yoon wi.»

14 Bi Pool bëggee wax nag,
Galyon ne Yawut ya: «Yéen
Yawut yi, bu aju woon ci
jàdd yoon walla ñaawteef
wu réy, kon liy yoon mooy
ma déglu leen. 15 Waaye bu
ajoo ci ay werante ciy wax
ak ay tur ak seen yoon, loolu
seen wàll la; man duma ko
àtte.» 16 Noonu mu dàq leen
ca àttekaay ba. 17 Ci kaw
loolu nit ñépp jàpp Sosten,
njiitu jàngu ba, ñu di ko
dóor ca kanam àttekaay ba,
waaye Galyon faalewu leen.

*Pool délsi na dëkku Ancos*

18 Bi loolu wéyee Pool de-
sati fa fan yu bare. Gan-
naaw ga mu tàggtoo ak
bokk ya, dugg gaal jëm
Siri, ànd ak Pirsil ak Aki-
las. Bi mu jógeegul teerub
Señsere, mu watlu boppam,
ndaxte am na lu mu dige
woon ak Yàlla.

19 Noonu ñu teer ci
Efes. Pool bàyyi fa ñi
mu àndaloon, daldi dugg
ca jàngu ba, di diisoo ak
Yawut ya. 20 Ñu ñaan ko,
mu des fa lu gëna yàgg,
waaye nanguwul. 21 Kon
mu tàggtoo ak ñoom naan:
«Dinaa délsi ci yéen, bu
soobee Yàlla.» Noonu mu
dugg gaal, jóge Efes, 22 teersi
dëkku Sesare, mu dem nuyu
mbooloom ñi gëm, ba noppi
dem Ancos.

*Ñetteelu tukkib Pool, ngir yégle xibaaru jàmm bi*

23 Bi mu fa desee ay ja-
mono, mu jóge fa, di jaar
dëkkoo dëkk ci diiwaanu
Galasi ak Firisi, di dooleel
xoli taalibe yépp.

24 Amoon na nag Yawut
bu tudd Apolos te juddoo
Alegsàndiri, mu dikk Efes.
Nit ku yewwu la woon te
am xam-xam bu yaatu ci
Mbind mi. 25 Jàngoon na
ci yoonu Boroom bi, di
ku farlu ci xelam, muy
xamle ak a jàngle bu wóor
ci mbirum Yeesu, waaye
fekk xam-xamam yem ci ni
Yaxya daan sóobe ci ndox.
26 Noonu mu daldi wax ak fit
wu dëgër ca jàngu ba. Bi ko
Pirsil ak Akilas déggee nag,
ñu woo ko fi ñoom, gën ko
leeral yoonu Yàlla.

27 Naka Apolos bëgga dem
Akayi, bokk ya xiir ko ca,
ñu bind taalibe ya, ngir
ñu teeru ko teeru bu rafet.
Noonu mu dikk fa te jariñ
lool ñi gëm jaare ko ci yiwu
Yàlla. 28 Ndaxte mu ngay yey
Yawut ya ca kanam ñépp, di
firi Mbind yi, ba wone ne
Yeesu mooy Almasi bi.

# 19

*Pool ci dëkku Efes*

1 Ba Apolos nekkee Korent
nag, Pool jaar ca teggi ya
gëna kawe ca réew ma,
doora dikk Efes. Noonu
mu gis fa ay taalibe. 2 Mu
ne leen: «Ndax jot ngeen
ci Xel mu Sell mi, bi
ngeen gëmee?» Ñu ne
ko: «Déggunu sax ne Xel
mu Sell mi am na.» 3 Mu
ne leen: «Kon nag, bi ñu
leen sóobee ci ndox, lu ciy
maana?» Ñu ne ko: «Xanaa
li Yaxya tëral.» 4 Pool ne
leen: «Yaxya daan na sóob
nit ñi ci ndox, ndax bi ñu
tuubee seeni bàkkaar; te
mu ne bànni Israyil, kiy
topp ci moom lañu wara
gëm, maanaam Yeesu.» 5 Bi
ñu déggee loolu nag, sóob
nañu leen ci ndox ci turu
Yeesu Boroom bi. 6 Te bi
leen Pool tegee loxo, Xel mu
Sell mi ñëw ci ñoom, ñuy
wax yeneen làkk, di wax ci
kàddug Yàlla. 7 Limub nit
ñooñu nekk na lu mat fukk
ak ñaar.

8 Noonu Pool dugg ca
jàngu ba, di wax ak fit wu
dëgër diirub ñetti weer, di
diisoo ak ñoom ci mbirum
nguurug Yàlla, di leen jéema
gëmloo. 9 Waaye bi xolu
ñenn ci ñoom fattee, ñu
gëmadi, bay suufeel yoon wi
ci kanam mbooloo ma, mu
jóge ci ñoom, xàjjale taalibe
yi ak ñoom, di diisoo bés
bu nekk ca jàngukaayu ku
ñuy wax Tiranus. 10 Mu
wéy ci noonu diirub ñaari
at, ba ñi dëkk diiwaanu Asi
ñépp dégg kàddug Boroom
bi, muy Yawut muy Gereg.

*Ay kéemaan yu bare am na ci Efes*

11 Booba Yàllay def ay
kéemaan yu ràññiku yuy
jaar ci loxoy Pool. 12 Ñu
yóbbul sax ñi wopp ay kaala
ak ay taraxlaay yu laaloon
yaramam, ba jàngoro yi di
leen bàyyi, rab yay génn ci
ñoom.

13 Noonu ay Yawut yuy
wëndeelu, di faj ñi rab jàpp,
ñu di leen jéema ñaanal ci
turu Yeesu Boroom bi naan:
«Ci turu Yeesu, mi Pool di
yégle, génnleen.» 14 Ñi
doon def loolu, juróom ñaari
doom lañu woon ci Sewa,
mi doon sarxalkat bu mag
ci Yawut yi. 15 Waaye bi
ñu ko defee rab wa ne leen:
«Xam naa Yeesu, xam naa
it kuy Pool, waaye yéenay
ñan?» 16 Ci kaw loolu nit
ka rab jàpp song leen, not
leen ñoom ñépp; mu soxore
leen lool, ba ñu daw kër ga,
def yaramu neen te gaañu
bu metti.

17 Loolu siiw na ci ñépp,
ñi dëkk Efes, di Yawut ak
Gereg; tiitaange jàpp leen
ñoom ñépp, ba ñu màggal
turu Yeesu Boroom bi. 18 Bi
loolu amee ñu bare ci ñi
gëm ñëw, di wesar ci kanam
ñépp seeni jati luxus. 19 Te
ñu bare ci ñi daan luxus,
indi seeni téere, lakk leen
ci kanam ñépp. Te bi ñu
xaymaa njég la, mu tollook
juróom fukki junniy poseti
daraxma. 20 Noonu la kàddu
Boroom bi lawe, te not lépp.

21 Bi loolu wéyee Pool
nas xel jëm Yerusalem, jaar
ci diiwaani Maseduwan ak
Akayi. Mu ne: «Gannaaw

bu ma fa demee, fàww ma
seeti Room it.» 22 Mu yebal
nag ci Maseduwan ñaari
jaraafam, di Timote ak Erast,
waaye moom mu des ab diir
ci Asi.

### *Yëngub mbooloo mi ci Efes*

23 Fekk booba amoon na
yëngu-yëngu bu réy ci lu
aju ci Yoon wi. 24 Ndaxte
nit ku tudd Demetirus,
di tëggu xaalis buy defar
nataali xaalis ngir màggal
Artemis, daan na ci jariñu lu
bare, moom ak ay nawleem.
25 Noonu mu dajale leen ak
seeni liggéeykat ne leen:
«Gaa ñi, xam ngeen ne sunu
njariñ mu ngi aju ci liggéey
bii. 26 Gis ngeen nag te
dégg ne Pool male gëmloo
na bay fàbbi mbooloo mu
bare, waxuma ci Efes rekk,
waaye ci biir Asi gépp naan:
“Yàlla yu ay loxo defar duñu
ay yàlla.” 27 Léegi kat
loraangee ngi nuy yoot, te du
yem ci xañ nu sunu liggéey
rekk, waaye it dina daaneel
màggalukaayu Artemis
sunu yàlla ju mag ji, tey
neenal ndamam, moom mi
Asi gépp te àddina sépp di
màggal.»
28 Bi ñu déggee loolu, mer
mu réy tàbbi ci ñoom, ñuy
yuuxu ne: «Artemis mu
Efes màgg na!» 29 Noonu
dëkk bépp jaxasoo. Ñu
bokk benn xalaat, daldi
ne milib ca powukaay ba,
diri Gayus ak Aristàrk, waa
Maseduwan, ñi ànd ak
Pool. 30 Pool nag bëgga
dugg ca mbooloo ma, waaye
taalibe ya nanguwuñu ko.
31 Ñenn ca jawriñi nguur gi
it, ñuy ay xaritam, yónnee
ci moom, di ko dénk,
mu baña jaay bakkanam
ci dugg ca powukaay ba.
32 Noonu ndaje ma rëb,
ba ñii di yuuxu lii, ñale
di yuuxu laa, te ña ca
gëna bare xamuñu lu waral
ndaje ma. 33 Ci kaw loolu
Yawut ya jéñ Alegsàndar ci
kanam, te mbooloo ma di ko
xaacu ay ndigal, mu daldi
tàllal loxoom, ngir làyyi ca
mbooloo ma. 34 Waaye bi
ñu xamee ne Yawut la, ñépp
a bokk benn baat, yuuxu
diirub lu mat ñaari waxtu
naan: «Artemis mu Efes
màgg na!»

35 Gannaaw loolu boroom
dëkk ba dalal mbooloo ma
ne leen: «Yéen waa Efes,
ana ku xamul ne dëkku
Efes moo di wottukaayu
màggalukaayu Artemis
ak nataalam, bi wàcce
asamaan? 36 Gannaaw nag
kenn manta weddi loolu,
war ngeena dalal seen xel
te baña sañaxu ci dara.
37 Ndaxte nit ñii ngeen fi indi
sàccuñu ca màggalukaay ya
te sosaluñu sunu yàlla. 38 Su
fekkee ne Demetirus ak ay
nawleem jànkoonte nañu ak
kenn, am na ay bési layoo
ak ñu yilif réew mi; nañu
fa woo ku ñu amleenteel.
39 Waaye su ngeen di laaj
leneen, mbooloom dëgg
dina ko àtte. 40 Ndaxte fi
mu ne man nañu noo jiiñ
jógug mbooloo mi ndax li fi
xew tey. Te bu loolu amee
dunu am aw lay ci mbirum

mbooloo mu rëb mii, ndaxte
amul dara lu ko waral.» Bi
mu waxee loolu nag, mu tas
mbooloo ma.

# 20

*Pool jaar na ci diiwaani Maseduwan ak Geres*

1 Bi yëngu-yëngu ba dalee,
Pool woo taalibe ya fa
moom, dooleel leen. Bi
mu ko defee mu tàggoo
ak ñoom, jóge fa, dellu
diiwaanu Maseduwan.
2 Noonu mu jaar ca bérab
yooyu, di dooleel nit ñi ak
wax yu bare; ba noppi mu
dem réewu Geres, 3 toog
fa ñetti weer. Waaye bi
mu nekkee ci kaw tànki
dugg gaal jëm diiwaanu Siri,
te Yawut yi lalal ko pexe,
mu fas yéenee dellu, jaare
Maseduwan. 4 Booba nag ñii
ñoo ànd ak moom: Sopater,
doomu Pirus mi dëkk Bere;
Aristàrk ak Segond, ñi dëkk
Tesalonig; Gayus, mi dëkk
Derbë, ak Timote; te it
Tisig ak Torofim ñi dëkk
Asi. 5 Ñooñu nag jiitu,
di nu nég dëkku Torowas.
6 Waaye naka nun, gannaaw
màggalu Yawut, ga ñuy
wax Mburu ma amul lawiir,
nu dugg gaal ci Filib, def
ci juróomi fan, fekksi leen
Torowas, nu am fa juróom
ñaari fan.

*Pool dekkal na Ëtikus ci Torowas*

7 Ca bés bu jëkk ca ayu-
bés ga, booloo nanu ngir
damm mburu ma. Te Pool,
mi bëggoona dem ca ëllëg
sa, di diisoo ak ñoom te
waxtaanam law ba ci xaaju
guddi. 8 Ca néeg bu kawe, ba
nu booloo nag, amoon na fa
làmp yu bare. 9 Noonu wax-
ambaane wu tudd Ëtikus
te toog ca palanteer ba,
gëmméentu bay jeyaxu. Bi
Pool di gëna yaatal wax-
taanam nag, nelaw daldi
ko jàpp, mu xàwwikoo ca
ñetteelu taax ma, daanu, ñu
yékkati ko, fekk mu dee.

10 Waaye Pool wàcc, daldi
sëgg ci kawam, roof ko
loxoom ne leen: «Bàyyileen
jooy yi, mu ngi dund.»
11 Noonu mu yéegaat,
damm mburu ma, lekk;
ba noppi delluwaat ci
waxtaanam, di ko yaatal
ba ca njël, doora tàggoo.
12 Naka waxambaane wa, ñu
indi ko muy dund, ba seen
xol sedd guyy.

*Pool tàggoo na ak njiiti mbooloom ñi gëm ca Efes*

13 Nun nag nu jiitu, dugg
gaal jëm Asos, fa nu Pool
santoon, nu jële ko fa; fekk
moom fas na yéeney dox,
ba agsi fa. 14 Noonu mu
fekksi nu ci Asos, nu jël
ko ca gaal ga, dem Mitilen.
15 Gannaaw loolu gaal ga
jóge fa, nu agsi ca ëllëg
sa janook dunu Kiyos. Bés
ba ca tegu nag nu jàll ba
Samos, te ñetteelu fan ba
nu àgg Mile. 16 Ndaxte Pool
fasoon na yéenee teggi Efes,
ngir baña yàgg ci diiwaanu
Asi; mu ngi doon gaawantu,
ngir màggal, gi ñuy wax
Pàntakot fekk ko Yerusalem.

[17] Bi Pool eggee Mile nag,
mu yónnee ca Efes, ngir
woo njiiti mbooloom ñi gëm.
[18] Bi ñu ñëwee, mu ne leen:
«Yéen xam ngeen bu baax,
ni ma doon doxale diirub
sama ngan gépp ci seen
biir, li dale ci bés bi ma
jëkkee teg tànk ci Asi ba tey.
[19] Jaamu naa Boroom bi ci
woyof gu mat ak ay rongooñ,
dékku ay nattu yu ma pexey
Yawut yi indil. [20] Xam ngeen
ne masuma leena nëbb dara
lu leen di jariñ, di leen
jàngal ci kanam ñépp ak ca
kër ya. [21] Dénk naa Yawut yi
ak Gereg yi ne leen, ñu tuub
seeni bàkkaar, ba waññiku
ci Yàlla te gëm sunu Boroom
Yeesu.

[22] «Léegi maa ngi nii di
dem Yerusalem, ci li ma Xelu
Yàlla mi xiirtal, te xawma
lu ma fay dal. [23] Xam naa
rekk ne ci dëkkoo dëkk Xel
mu Sell mi xamal na ma ne
ay buum ak ay metit ñu ngi
may nég. [24] Waaye sama
bakkan soxalu ma, su fekkee
bey naa sama sas, ba matal
liggéey, bi ma Boroom bi
dénk, maanaam ma seedeel
ci ñépp xibaaru jàmm, bi
ëmb yiwu Yàlla.

[25] «Fi mu ne nag xam
naa ne dootuleen gis sama
kanam, yéen ñépp ñi ma
jaaroon ci seen biir, di
yégle nguuru Yàlla. [26] Moo
tax may dëggal tey jii
ne wàccoo naa ak yéen
ñépp bés pénc. [27] Ndaxte
ñeebluwuma leen, ci di leen
xamal lépp li Yàlla digle.
[28] Wottuleen nag seen bopp
te wottu coggal jépp, ji leen
Xel mu Sell mi def sàmm,
ngeen sàmm mbooloo, mi
Yàlla jotal boppam ak deretu
Doomam. [29] Xam naa ne
bu ma leen wonee gannaaw,
bukki yu soxor dinañu tàbbi
ci coggal ji te duñu ci ñeeblu
kenn. [30] Ay nit dinañu jóg
ci seen biir sax, di wax luy
sànke, ngir sàkku ay taalibe.
[31] Foogleen nag, di fàttaliku
ne diirub ñetti at, guddi ak
bëccëg, masumaa noppi di
leen artu kenn ku nekk ci
yéen ak ay rongooñ.

[32] «Léegi nag maa ngi leen
di dénk Boroom bi, moom
ak kàddug yiwam, gi leen
mana dëgëral te may leen
cér ci biir gaayi Yàlla yu sell
yépp. [33] Nammuma xaalisu
kenn mbaa wurusam mbaa
koddaayam. [34] Xam ngeen
ne faj naa samay soxla ak
soxlay ñi ànd ak man ci
sama loxo yii. [35] Ci lépp won
naa leen royukaay, ci li nu
wara dimbali ñi néew doole
te fàttaliku li Yeesu Boroom
bi wax moom ci boppam
ne: “Joxe moo gëna barkeel
nangu.”»

[36] Bi mu waxee loolu, mu
sukk ak ñoom ñépp, ñaan
ci Yàlla. [37] Te ñépp jooy
bu metti, di laxasu ci baatu
Pool, fóon ko bu baax. [38] Li
leen gëna teg aw tiis mooy
li mu leen wax: «Dootuleen
gis sama kanam.» Noonu ñu
gunge ko ba ca gaal ga.

# 21

*Pool jublu na ci dëkku Yerusalem*

[1] Bi nga xamee ne tàggoo
nanu ak ñoom ci naqar, nu

dugg gaal, jubal dunu Kos.
Te ca ëllëg sa nu dem ba
teer ca Rodd, ba noppi jóge
fa, jàll ba Patara. 2 Foofa
nag nu gis gaal guy jàll
ba Fenisi, nu dugg ca, mu
daldi teddi. 3 Noonu nu
séen dunu Sipar, bàyyi ko
ci sunu càmmoñ, jublu di-
iwaanu Siri, nu teersi Tir.
Ndaxte foofa la gaal gi wara
yebbee la mu yeboon. 4 Nu
wut taalibe ya, ba gis leen,
toog ak ñoom juróom ñaari
fan. Ñoom nag ñu ne Pool
ci li leen Xelu Yàlla mi may,
mu baña dem Yerusalem.
5 Moona bi jataayu gaal ga
matee, nu awaat ci yoon
wi. Te ñépp gunge nu,
ñoom ak seeni soxna ak
seeni doom; nu génn dëkk
ba, sukk ca tefes ga, ñaan ci
Yàlla. 6 Noonu nu tàggoo ak
ñoom, dugg ca gaal ga, ñu
dellu seen kër.

7 Bi nu jógee Tir nag, nu
demaat ci géej, ba teer Pa-
tolemayis. Foofa nu nuyu
bokk ya, yendu, fanaan. 8 Nu
jóge fa ca ëllëg sa, ñëw ba
ca dëkku Sesare. Nu dugg
ca kër Filib, taskatu xibaaru
jàmm bi, mi bokk ci Juróom
ñaar ña*, nu dal fa moom.
9 Amoon na ñeenti doom
yuy janq, ñuy wax ci kàddug
Yàlla.

10 Bi nu fa nekkee ay fan
nag, yonent bu tudd Agabus
jóge Yude, agsi. 11 Mu ñëw ci
nun, daldi yeew ay loxoom
ak i tànkam ak laxasaayu
Pool naan: «Nii la Xel mu
Sell mi waxe: “Ki moom lax-
asaay gii, Yawut yi dinañu
ko yeewe nii ca Yerusalem,
jébbal ko ñi dul Yawut.”»

12 Bi nu déggee loolu, nun
ak ña fa nekk nu ñaan Pool,
mu baña dem Yerusalem.
13 Ci kaw loolu Pool ne:
«Lu ngeen di jooy, di yàq
sama xol? Bañuma ñu yeew
ma rekk, waaye nangu naa
sax, ñu rey ma ci Yerusalem
ngir turu Yeesu Boroom bi.»
14 Bi nu ko manula dëpp, nu
noppi ne: «Kon na coobarey
Boroom bi am!»

15 Gannaaw fan yooyu nu
defaru, ngir dem Yerusalem.
16 Noonu ay taalibe yu dëkk
Sesare ànd ak nun, yóbbu
nu ca nit ku tudd Manason,
fu nu wara dal; moom nag
nitu Sipar la woon, di taalibe
bu yàgg.

### *Pool ci dëkku Yerusalem*

17 Bi nu agsee Yerusalem
nag, taalibe ya teeru nu ak
mbég. 18 Ca ëllëg sa Pool
ànd ak nun, seeti Saag, fekk
njiit yépp teew fa. 19 Noonu
Pool nuyu leen, nettali leen
benn-benn li Yàlla def ci biir
ñi dul Yawut, jaarale ko ci
liggéeyam.

20 Bi ko njiit ya déggee,
ñu màggal Yàlla ne ko:
«Mbokk mi, gis nga ne am
na ay junniy Yawut ñu gëm,
te ñépp a sawar ci yoonu
Musaa. 21 Dégg nañu ci
sa mbir nag ne yaa ngi
jàngal Yawut yépp, yi dëkk
ci biir ñi dul Yawut, ñu
bàyyi yoonu Musaa te baña

* **21:8** Juróom ñaar ña ñooy ñi doon séddale ndimbalu mbooloo ma ca Yerusalem. Seetal 6.5.

xarafal seeni doom mbaa
topp sunuy aada. 22 Lu nu
ci wara def nag? Ndaxte
ci lu wér dinañu xam ne
ñëw nga. 23 Nu ngi lay digal
nag, nga def nii: am na ci
nun ñeenti góor ñu dige ak
Yàlla. 24 Jël leen, bokk ak
ñoom setlu, te nga gàddu
seen peyu wateef. Noonu
ñépp dinañu xam ne li ñu
déggoon ci sa mbir du dëgg,
waaye yaa ngi jëf tey sàmm
yoonu Musaa. 25 Naka ñi
dul Yawut ñi gëm, bind nanu
leen li nu àtte ne, ñu moytu
ñam wu ñu tuuroo xërëm
te moytu deretu médd ak
njaaloo.»

26 Bi ñu ko waxee, Pool
jël nit ña te ca ëllëg sa mu
bokk setlu ak ñoom, ñu dugg
ca kër Yàlla ga. Ñu xamle
ban bés la seen setlu di àgg,
di bés bu ñuy jébbale sarax
ngir kenn ku nekk ci ñoom.

*Jàpp nañu Pool*

27 Bi àppu juróom ñaari
fan ya di bëgga jeex, Yawut
yi jóge diiwaanu Asi gis Pool
ca kër Yàlla ga. Ñu daldi
jógloo mbooloo mépp, jàpp
ko, 28 di xaacu ne: «Wallee,
wallee, yéen bokki Israyil!
Waa jaa ngi nii, moom miy
waare fépp ak ci ñépp, bay
suufeel sunu xeet ak yoonu
Musaa ak bérab bii; dugal na
sax ay Gereg fii ci kër Yàlla
gi, ba indi sobe ci bérab bu
sell bii.» 29 Li tax ñu wax
loolu, mooy gisoon nañu To-
rofim mu Efes, ànd ak moom
ca dëkk ba, te ñu yaakaar ne
Pool dugal na ko ca kër Yàlla
ga.

30 Noonu dëkk ba bépp
màbb, mbooloo ma ne këpp,
ñu jàpp Pool, génne ko ca
kër Yàlla ga. Ca saa sa ñu
tëj bunt ya. 31 Bi ñu koy
wuta rey, xibaar ba agsi ba
ca kilifag mbooloom xarekat
ba, naan Yerusalem gépp
jaxasoo na. 32 Ca saa sa mu
ànd ak ay xarekat ak ay njiiti
xare, ne jaas wàcc ci ñoom.
Bi Yawut ya gisee kilifa ga
ak xarekat ya nag, ñu daldi
bàyyi dóor, ya ñu doon dóor
Pool.

33 Noonu kilifa ga jegesi
jàpp ko, santaane ñu jéng ko
ak ñaari càllala. Bi ñu ko
defee mu laaj ku mu doon
ak lu mu def. 34 Waaye ci
biir mbooloo ma, bu ñii nee
lii, ña ca des ne laa. Kon
nag gannaaw manu caa xam
dara lu wóor ndax coow li,
mu santaane, ñu yóbbu ko
ci biir tata ja. 35 Bi Pool
eggee ca yéegukaayu tata ja,
aaytalu mbooloo ma réy, ba
ay xarekat fab ko. 36 Ndaxte
mbooloo maa nga ko topp, di
xaacu ne: «Reyleen ko!»

*Pool layoo na ak waa Yerusalem*

37 Bi ñu koy bëgga dugal
ca tata ja, Pool ne kilifa
ga: «Ndax man naa laa wax
dara?» Mu ne ko: «Yaw
dégg nga gereg? 38 Kon
nekkuloo waayi Misra, jooju
jógloo woon nit ñi keroog te
yóbbu woon ñeenti junniy
bóomkat ca màndiŋ ma?»
39 Pool ne ko: «Man Yawut
laa, di jaambur ci Tars, dëkk
bu am tur ci diiwaanu Sil-
isi. Maa ngi lay ñaan, ma

wax ak mbooloo mi.» 40 Te
kilifa ga may ko ko. Noonu
Pool taxaw ca yéegukaay ba,
tàllal loxoom mbooloo ma,
ñu daldi ne tekk. Mu wax ak
ñoom ci làkku yawut ne:

# 22

1 «Yéen bokk yi ak baay yi,
dégluleen samaw lay.» 2 Bi
ñu déggee, mu di leen wax
ci làkku yawut, ñu gën ne
xerem.

Noonu Pool ne leen:
3 «Man Yawut laa, juddoo
Tars ci diiwaanu Silisi, yaroo
ci dëkk bii. Taalibe laa woon
ci Gamaleel, mu jàngal ma
bu wér yoonu sunuy maam,
ba ma sawar ci Yàlla, mel
ni yéen ñépp tey. 4 Daan
naa fitnaal ña bokkoon ci
yoon wii, ba di ci rey sax;
yeew naa góor ak jigéen, tëj
leen; 5 sarxalkat bu mag ba
ak mbooloom njiit yi yépp
man nañu ma cee seede.
Am bés ñu bindal ma ay
bataaxal ngir bokki Damaas.
Ma doon fa dem, ngir yeew
ña fa nekkoon, indi leen
Yerusalem, ngir ñu yar leen.

6 «Waaye ci digg bëccëg,
bi ma jaaree ca yoon wa, ba
jegesi Damaas, ca saa sa leer
gu mag jóge asamaan, melax
ba ëmb ma. 7 Ma daldi ne
nërëm ci suuf, dégg baat bu
ma ne: “Sóol, Sóol, lu tax
nga di ma fitnaal?” 8 Ma ne
ko: “Yaa di kan, Boroom bi?”
Mu ne ma: “Maa di Yeesum
Nasaret, mi ngay fitnaal.”
9 Ñi ma àndaloon gis nañu
leer ga, waaye dégguñu
baatu ka doon wax ak man.
10 Noonu ma laaj ko: “Lu
ma wara def, Boroom bi?”
Boroom bi ne ma: “Jógal
dem Damaas, foofa dees na
la biral lépp, li ma la yen.”
11 Gannaaw gisuma woon
dara ndax leeraayu melxat
ga, ña ma àndal wommat
ma, ma ñëw Damaas.

12 «Bi ma ko defee ku
tudd Anañas ñëw ci man.
Nit ku ragal Yàlla la woon
ci sàmm yoonu Musaa, te
Yawuti Damaas yépp seedeel
ko lu baax. 13 Mu taxaw ci
sama wet ne ma: “Sóol sama
mbokk, delluwaatal di gis.”
Noonu ma daldi gisaat ca saa
sa, xool ko. 14 Mu ne ma:
“Sunu Yàllay maam tànn na
la, ba may la, nga xam coo-
bareem te gis Aji Jub ji te nga
dégg ay waxam. 15 Ndaxte
li nga gis te dégg ko, dinga
ko seede ci ñépp. 16 Léegi
nag, looy nég? Jógal, ñu
sóob la ci ndox, nga set ci say
bàkkaar ci tudd turu Yeesu.”

17 «Bi ma délsee
Yerusalem nag, di ñaan ca
kër Yàlla ga, leer tàbbi ci
man. 18 Ma daldi gis Boroom
bi, mu ne ma: “Génnal
Yerusalem nu mu gëna
gaawe, ndaxte duñu nangu li
ngay seede ci man.” 19 Ma ne
ko: “Boroom bi, xam nañu
ne dama daan wër jàngoo
jàngu, di tëj kaso ak di dóor
ay yar ñi la gëm. 20 Rax-
ca-dolli bi ñu tuuree deretu
Ecen, mi la doon seedeel,
teewe naa ko, ànd ca, bay
wottu sax yérey ñi ko doon
rey.” 21 Waaye Boroom bi ne
ma: “Demal, dinaa la yebal
fu sore, nga jëm ci xeeti ñi
dul Yawut.”»

### *Pool wone na ne jaambur la ci nguuru Room*

22 Mbooloo ma déglu ko
nag ba ca wax jooju, waaye
bi ñu déggee loolu, ñu daldi
yuuxu naan: «Farleen ko
ci àddina! Yembar mu mel
ni moom yeyoowula dund!»
23 Ñu daldi yuuxu ak di
sànni seeni yére, tibb suuf,
di callmeeru. 24 Noonu kilifa
ga santaane, ñu dugal Pool
ca tata ja te caw ko ay yar
yu metti, laaj ko ba xam
lu tax ñu di ko yuuxoo nii.
25 Waaye bi ñu koy joñ ak ay
der, Pool ne njiitu xare ba fa
taxaw: «Ndax am nga sañ-
sañu dóor ay yar jaamburu
Room, te fekk yoon dabu ko
sax?»
26 Bi ko njiit la déggee, mu
fekki kilifaam, yégal ko ko;
mu ne ko: «Ndax xam nga li
ngay def? Nit kale jaambur
la ci Room.» 27 Noonu kilifa
ga ñëw laaj Pool: «Wax ma,
ndax jaambur nga ci Room?»
Mu ne ko: «Waaw, moom
laa.» 28 Kilifa ga ne ko:
«Man fey naa xaalis bu bare,
ngir nekk jaambur ci Room.»
Waaye Pool ne ko: «Man
de dama koo judduwaale.»
29 Ñi ko bëggoona dóor ay
yar nag randu ko ca saa sa.
Te kilifa ga sax tiit ci xam ne
Pool jaamburu Room la, te
yeewlu na ko.

### *Dëj nañu Pool ca kureelu àttekati Yawut ya*

30 Ca ëllëg sa kilifa ga
bàyyi ko, ndaxte bëggoon na
xam bu wóor lu ko Yawut
ya jiiñ. Mu santaane ne,
sarxalkat yu mag ya dajaloo,
ñoom ak kureelu àttekat ya.
Gannaaw loolu mu indilu
Pool, dëj ko ci seen kanam.

## 23

1 Noonu Pool xool jàkk
géew ba ne leen: «Bokk yi,
ci xel mu dal laa doxale ci
kanam Yàlla ba ci bésu tey
bi.» 2 Ci kaw loolu sarxalkat
bu mag ba, di ku ñuy wax
Anañas, sant ña taxaw ca
wetam, ñu fél gémmiñam.
3 Pool ne ko: «Yàlla dina la
dóor, yaw mi naaféq, bay
samandaay miir bu joy bu
ñu weexal. Yaa ngi toog
di ma àtte, ci li yoon wi
digle, ba noppi santaane ñu
dóor ma, ci li yoon wi tere!»
4 Waaye ña taxaw ca wetam
ne ko: «Ndax dangay xas
sarxalkat bu mag, bi Yàlla
fal?» 5 Pool ne leen: «Bokk
yi, xawma woon ne sarx-
alkat bu mag bi la, ndaxte
tëral nañu ci Mbind mi ne:
"Bul wax lu bon sa kilifag
xeet."»
6 Naka noona Pool, mi
xam ne genn-wàllu kureel
ga bokk nañu ci tariixab
Sadusen ya, te ña ca des
bokk ci tariixab Farisen ya,
mu wax ci kaw ci biir
géew ba ne: «Bokk yi, man
Farisen laa, te Farisen moo
ma jur; li tax ñu may àtte tey
mooy sama yaakaar ci ne, ñi
dee dinañu dekki.» 7 Bi mu
waxee loolu nag, werante
wu metti daldi xew diggante
Farisen ya ak Sadusen ya,
ba mbooloo ma xàjjalikoo.
8 Ndaxte Sadusen yi nan-
guwuñu ne ndekkite mbaa
malaaka mbaa rab, dara am

na ci, waaye Farisen nangu
nañu yooyu yépp.
9 Ci kaw loolu nag coow
lu bare daldi jib. Ñenn ca
xutbakat, ya bokk ca Farisen
ya, ne bërét, daldi xuloo
bu metti ne: «Gisunu dara
lu bon ci nit kii. Su fek-
keente ne rab a ko wax mbaa
malaaka…?» 10 Noonu xuloo
ba daldi gëna tàng, ba kilifa
ga ragal ne, nit ñi dinañu
daggaate Pool. Kon mu sant
xarekat ya, ñu wàcc, nangu
Pool ci ñoom, yóbbu ko ca
tata ja. 11 Ca guddi ga nag
Boroom bi taxaw ci wetu
Pool ne ko: «Takkal sa fit; ni
nga ma seedee ci Yerusalem,
noonu nga may seedee ca
Room.»

*Yawut ya lal na pexe ngir rey Pool*

12 Bi bët setee Yawut ya
daldi lal pexe; ñu dige ci
ngiñ ne duñu lekkati, duñu
naanati, ba kera ñuy rey
Pool. 13 Ña lal pexe ma,
seen lim ëpp na ñeent fukk.
14 Noonu ñu dem ca sarx-
alkat yu mag ya ak njiit ya
ne leen: «Giñ nanu ne dunu
mos dara, ba kera nuy rey
Pool. 15 Léegi nag yéen
ak kureelu àttekat ya, laa-
jleen kilifa ga, mu indi ko
ci seen kanam, mel ni dan-
geena bëgga seet mbiram bu
gëna wóor. Bu ko defee nun
dinanu fagaru, ngir rey ko,
bala moo agsi.»
16 Waaye jarbaatu Pool
yég fiir ga, mu dem, dugg ca
tata ja, yégal ko Pool. 17 Bi
ko Pool déggee, mu woo
kenn ca njiiti xare ba ne ko:
«Yóbbul waxambaane wii ca
kilifa ga, ndax am na lu mu
ko wara yégal.» 18 Njiit la jël
ko, yóbbu ko ca kilifa ga ne
ko: «Pool, mi ñu jàpp, moo
ma woo, ñaan ma, ma indil
la waxambaane wii, ndaxte
am na lu mu lay wax.»
19 Noonu kilifa ga jàpp
ci loxob waxambaane wa,
wéetoo ak moom, laaj ko:
«Loo ma bëgga yégal?»
20 Mu ne: «Yawut yi dañoo
dige, ngir ñaan la, nga indi
Pool ëllëg ca kanam kureelu
àttekat ya, mel ni dañoo
bëgga seet mbiram bu gëna
wóor. 21 Bu leen ko may,
ndaxte lu ëpp ñeent fukk
ci ñoom ñu ngi koy lalal
fiir. Dige nañu ak ngiñ ne
dootuñu lekk, dootuñu naan,
li feek reyuñu ko; fi mu ne
sax fagaru nañu, di xaar,
nga nangu.» 22 Kilifa ga nag
sant waxambaane wa, mu
bañ koo àgge kenn, ba noppi
mu yiwi ko, mu dem.

*Yóbbu nañu Pool dëkku Sesare*

23 Bi mu ko defee mu
woo ñaar ci njiiti xare ba
ne leen: «Waajal-leen ñaar
téeméeri xarekat ak juróom
ñaar fukki gawar ak ñaar
téeméeri nit ñu gànnaayoo
xeej, ngeen dem Sesare ci
juróom ñeenti waxtu ci
guddi. 24 Wutal-leen it Pool
lu mu war, ngeen yóbbu ko
ci jàmm ak salaam ba ca
Feligsë, boroom réew mi.»
25 Noonu mu bind bataaxal
bii:

26 Yaw Feligsë mu tedd
mi, di boroom réew mi;
man Këlódd Lisiyas maa
ngi lay nuyu. 27 Yawut yi
jàpp nañu nit kii, bëgg koo
rey, waaye bi ma yégee ne
jaambur la ci Room, wallu
naa ko ak ay xarekat, ba
musal ko. 28 Bëggoon naa
xam lu tax ñu kalaame
ko. Moo tax ma yóbbu
ko ca kanam seen kureelu
àttekat ya. 29 Gis naa ne
li ñu ko jiiñ mu ngi aju
ci ay werantey seen yoon,
waaye jiiñuñu ko dara lu
jar dee mbaa jéng. 30 Te bi
ma déggee ne ñu ngi koy
fexeel, yebal naa ko ci yaw
ci saa si. Sant naa nag ñi
ko kalaame, ñu xamal la
seen lay.

31 Noonu xarekat ya jël
Pool ci guddi, indi ko ba
ca dëkku Antipataris, ni ñu
leen ko sante. 32 Ca ëllëg
sa ñu waññiku, délsi ca tata
ja, bàyyi gawar ga, ñu gunge
ko. 33 Bi gawar ga àggee
Sesare, ñu jox boroom réew
ma bataaxal ba, jébbal ko
Pool. 34 Bi loolu amee bo-
room réew ma jàng bataaxal
ba, laaj ci ban diiwaan la
Pool dëkk. Bi mu yégee ne
mu ngi dëkk Silisi, 35 Mu ne
ko: «Kon bu ñi la kalaame
ñëwee, dinga layoo.» Mu
santaane nag, ñu denc ko ca
kër buur ba Erodd.

# 24

*Pool lay na ci kanam Fe-
ligsë, boroom réew ma.*

1 Bi juróomi fan wéyee,
Anañas sarxalkat bu mag
ba dikk, ànd ak ay njiit ak
layookat bu tudd Tertul, ñu
woo Pool ci yoon fa kanam
boroom réew ma. 2 Noonu
ñu woo Pool, te Tertul daldi
ko jiiñ naan: «Yaw Feligsë
mu tedd mi, sa nguur jural
na nu jàmm ju neex, te sa
jàppandil soppi na lu bare
ci sunu xeet. 3 Gis nanu
ko fépp ak ci lépp, di la
gërëm ak sunu xol bépp.
4 Waaye ngir baña yàggal
jataay bi, maa ngi lay ñaan ci
sa lewetaay, nga déglu nu ci
lu gàtt. 5 Ndaxte ci mbirum
nit kii teew, gis nanu ne
rambaaj la, buy indi xëccoo
ci Yawut yi ci àddina sépp,
di njiitu mbooloo mu ñuy
wax Nasareen. 6-7 Dem na
ba jéema teddadil sax kër
Yàlla ga, waaye jàpp nanu
ko. 8 Soo ko laajee, yaw ci sa
bopp, dinga gis ne li nu koy
jiiñ dëgg la.» 9 Ci kaw loolu
Yawut ya ànd ca, di dëggal
ne loolu wóor na.

10 Bi loolu amee boroom
réew ma jox Pool kàddu gi.
Noonu mu làyyi ne:

«Xam naa ne yaa ngi
àtte xeet wi diirub at yu
bare, moo tax maa ngi làyyi
ak kóolute. 11 Man ngaa
wóorliku ne ëppagul fukki
fan ak ñaar demoon naa
Yerusalem ngir màggali.
12 Te kenn gisu ma, maay
werante mbaa di jógloo
mbooloo, muy ca kër Yàlla
ga mbaa ca jàngu ya mbaa ci
biir dëkk ba. 13 Te manuñoo
firndeel dara ci li ñu may jiiñ
léegi. 14 Waaye nangu naa ci

sa kanam ne maa ngi jaamu
Yàllay sunuy maam, ci topp
yoon wi ñu ne mooy tariixa;
terewul ne lépp li ñu tëral
ci yoonu Musaa ak li yonent
yi bind, gëm naa ko. 15 Te
bokk naa ak ñoom yaakaar
ci Yàlla, ne ñi jub ak ñi
jubadi dinañu dekki keroog
yawmelxayaam. 16 Moo tax
fu ma tollu, maa ngi góor-
góorlu, ngir am xel mu dal
fa kanam Yàlla ak fa kanam
nit ñi.

17 «Noonu gannaaw gëjeb
at yu bare ñëw naa, ngir
indil sama xeet ndimbal te
jébbal Yàlla ay sarax. 18 Bi
ma koy def nag, gis nañu
ma ca kër Yàlla ga, ma
setlu ba noppi, fekk ànduma
ak mbooloo te indiwuma
benn coow. 19 Waaye ay
Yawut yu dëkk Asi —xanaa
kay ñoo waroona ñëw ci sa
kanam, di ma kalaame, bu
ñu amee dara lu ñu may
topp. 20 Waaye it na nit
ñii wax ci lan laa tooñe
ci jataayu géewub àtte ba,
21 xanaa li ma waxoon ca
kaw ci seen biir rekk ne:
“Mbirum ndekkitel ñi dee
moo tax ngeen dëj ma ci
seen kanam tey!”»

22 Bi mu waxee noonu,
Feligsë mi xam bu wóor
mbirum yoon wi, yiwi leen
ba beneen yoon. Mu ne
leen: «Bu Lisiyas kilifag xare
bi ñëwee, dinaa àtte seen
mbir.» 23 Noonu mu sant
njiitu xare ba ne ko: «Nanga
wottu Pool, waaye nga may
ko féex, te bàyyi ay xaritam,
ñu topptoo ko.»

24 Bi ay fan wéyee, Feligsë
ñëwaat, ànd ak soxnaam
Dursil, miy Yawut. Noonu
mu woolu Pool, di ko déglu
ci mbirum gëm Yeesu Kirist.
25 Waaye bi Pool di waxtaan
ci mbirum njub ak moom sa
bopp ak bés pénc, Feligsë
daldi tiit, yiwi ko ne ko: «De-
mal, bu ma amee jot, dinaa
la woolu.» 26 Fekk yaakaa-
roon na it ne, Pool dina ko
jox xaalis; kon mu di ko
farala woolu, ngir waxtaan
ak moom.

27 Bi ñaari at weesoo nag,
amoon na ku wuutu Feligsë,
tudd Porsiyus Festus. Noonu
Feligsë, mi bëggoon lu neex
Yawut ya, bàyyi Pool ca kaso
ba.

# 25

*Pool làyyi na ca kanam Festus*

1 Bi Festus teersee ci
diiwaanam, mu teg ca
ñetti fan, dem Yerusalem.
2 Noonu sarxalkat yu mag ya
ak njiiti Yawut ya kalaame
Pool ci moom. 3 Ñuy sàkku
ndimbal ci moom, di ko
ñaan bu wér, mu yónni Pool
Yerusalem, fekk lal nañu
fiiru rey ko ca yoon wa.
4 Waaye Festus ne leen: «Ñu
ngi wottu Pool ca Sesare, te
dinaa fa dem fi ak fan yu
néew.» 5 Mu ne leen: «Ñi am
maana ci yéen nag, nangeen
ànd ak man, layooji ak nit
ka, bu dee tooñ na.»

6 Noonu Festus am fa
ñoom juróom ñett ba fukki
fan, ba noppi dem Sesare. Ca
ëllëg sa mu toog ca àttekaay
ba, joxe ndigal, ñu indi Pool.

7 Bi mu ñëwee nag, Yawut ya
jóge Yerusalem wër ko, di ko
jiiñ tooñ yu bare te réy, te
manuñu leena firndeel.
8 Noonu Pool làyyi ne:
«Tooñuma yoonu Yawut
ya, tooñuma kër Yàlla ga,
tooñuma buur ba Sesaar.»
9 Ci kaw loolu Festus, mi
bëgg lu neex Yawut ya, wax
Pool ne: «Ndax bëgguloo
dem Yerusalem, nga layoo fa
ci mbir yii ci sama kanam?»
10 Waaye Pool ne ko: «Maa
ngi nii taxaw ci kanam
àttekaayu buur Sesaar; te
fii lañu ma wara àttee. Te
yaw ci sa bopp xam nga bu
baax ne tooñuma Yawut yi.
11 Su ma tooñoon mbaa ma
def lu bon lu jar dee, kon
duma tinu ngir baña dee.
Waaye bu li ñu may jiiñ tax-
awul, kenn sañu ma leena
jébbal. Dénk naa sama mbir
Sesaar.»
12 Bi mu waxee loolu, Fes-
tus gise ak ñi ko wër, mu
ne ko: «Dénk nga sa mbir
Sesaar, kon ci moom ngay
dem.»

*Festus diisoo na ak buur Agaripa*

13 Ba ñu ca tegee ay
fan, buur Agaripa ak Bere-
nis ñëw Sesare, ngir nuyusi
Festus. 14 Bi seen ngan
di ruus nag, Festus diis
buur ba mbirum Pool ne
ko: «Feligsë batale na nu
ak kenn ku ñu tëj. 15 Bi
ma nekkee Yerusalem, sarx-
alkat yu mag ya ak nji-
iti Yawut ya kalaame nañu
ko ci man, ñaan ma, ma
daan ko. 16 Waaye ma
ne leen: “Jébbale nit, fekk
jàkkaarloowul ak ñi koy jiiñ,
ba mana làyyil boppam ci li
ñu koy jiiñ, loolu dëppoowul
ak aaday nguuru Room.”
17 Bi ñu àndee ak man ba
fii nag, randaluma mbir mi,
waaye ca ëllëg sa sax toog
naa ca àttekaay ba, joxe
ndigal, ñu indi nit kooku.
18 Ñi koy kalaame nag, bi
ñu taxawee, jiiñuñu ko benn
ñaawteef ci yi ma yaakaa-
roon, 19 waaye ñuy werante
rekk ak moom ci seen yoon
ak ci mbirum ku tudd Yeesu,
mi dee, te Pool sax ci ne
mu ngi dund. 20 Gannaaw
lijjanti mbir moomu jafe
woon na ma lool nag, ma
laaj ko, ndax bëgg na dem
Yerusalem, layooji fa ci mbir
yooyu. 21 Waaye Pool ñaan,
nu fomm mbiram, ba kera
buur bu tedd ba di ko
àtte. Noonu santaane naa
ñu aj ko, ba keroog ma koy
yónnee Sesaar.»
22 Booba nag Agaripa ne
Festus: «Man sax bëgg naa
dégg nit kooku.» Festus ne
ko: «Bu ëllëgee dinga ko
dégg.»

*Pool teew na ci kanam Agaripa*

23 Ca ëllëg sa nag Agaripa
ak Berenis ñëw bu xumb, ñu
dugg ca néegu àtte ba, ànd
ak kilifay xare ba ak ña am
maana ca dëkk ba. Noonu
Festus joxe ndigal, ñu indi
Pool.
24 Bi mu ñëwee, Festus
ne: «Buur Agaripa ak yéen
ñépp, ñi fi teew tey, nit kaa
ngi nii! Mbiram moo tax
mbooloom Yawut yépp, muy

ci Yerusalem, muy fii, wër
ma di yuuxu ne: “Nit kii
waratula dund.” 25 Waaye
gis naa ne deful dara lu
jar dee. Moona, gannaaw
moom ci boppam dénk na
boppam buur bu tedd ba,
fas naa yéene yónnee ko ko.
26 Fekk awma dara lu wóor
ci mbiram, lu ma mana bind
sang bi. Moo tax ma indi
ko ci seen kanam, rawatina
ci sa kanam, buur Agaripa,
ngir sunu jataay may ma lu
ma bind. 27 Ndaxte yaakaar
naa ne yónnee ku ñu tëj, te
bañ caa boole lu ko waral,
àndul ak xel.»

# 26

*Layu Pool fa kanam Agaripa*

1 Bi mu ko waxee, Agaripa
ne Pool: «Jëlal kàddu gi.»
Noonu Pool tàllal loxoom,
daldi làyyi ne:

2 «Buur Agaripa, ma làyyi
ci sa kanam tey ci lépp li ma
Yawut yiy jiiñ, xol bu sedd
la ci man, 3 ndaxte xam nga
bu baax aaday Yawut yi ak
seeni werantey yoon. Kon
maa ngi lay ñaan, nga déglu
ma ak muñ.

4 «Ci lu jëm ci Yawut yi,
xam nañu sama dund li dale
ci samag ndaw, muy ci sama
biir xeet, muy ci Yerusalem.
5 Xam nañu ma bu yàgg te
man nañoo seede, su leen
neexee, ne daan naa dund
ni Farisen, te mooy tariixa bi
gëna diis ci sunu diine. 6 Li
ma indi ci kureelu àttekat
yii nag, mooy yaakaar ne
Yàlla dina amal li mu di-
goon sunuy maam. 7 Dige
booba la fukki giir ak ñaar
yu bànni Israyil di sàkku,
ngir jot ko, ci jaamu Yàlla
ak cawarte guddi ak bëccëg.
Yaw buur, yaakaar joojoo
tax ñu may kalaame, ñoom
Yawut yi. 8 Lu tax seen xel
dàq ne Yàlla dina dekkal ñi
dee?

9 «Man sax ci sama bopp
defe woon naa ne war naa
def lu bare, ngir suufeel turu
Yeesum Nasaret. 10 Daan
naa ko def ci Yerusalem,
ba noppi ma jot sañ-sañ
ci sarxalkat yu mag ya,
bay tëj gaayi Yàlla yu bare.
Rax-ca-dolli ku ñu ci ma-
soona bëgga rey, ànd naa
ci. 11 Daan naa wër jàngoo
jàngu, di leen teg toskare te
di leen jéema weddiloo. Te
sama mer daa na tar, ba ma
di leen xañ ba ca dëkk yu
sore, ngir fitnaal leen.

12 «Noonu am bés, may
dem dëkku Damaas, yor sañ-
sañ ak ndigalu sarxalkat yu
mag ya. 13 Ca njolloor, buur
bi, gis naa ca yoon wa leer
gu jóge asamaan ne ràyy,
ba raw leeru jant, melax
ba ëmb ma, man ak ñi ma
àndal. 14 Nu ne nërëm
ci suuf, ma dégg baat bu
ma wax ci làkku yawut ne:
“Sóol, Sóol, lu tax nga di ma
fitnaal? Ngay bëre ak man
ni fas wuy woŋŋeetu ku koy
jam dëgël, metti na ci yaw.”

15 «Noonu ma ne ko: “Yaa
di kan, Boroom bi?” Boroom
bi ne ma: “Maa di Yeesu, mi
ngay fitnaal. 16 Waaye jógal
taxaw. Lii moo tax ma feeñu
la: teg naa la yen, nga di
ma seedeel ci lépp li nga gis

ci man ak li ma lay feeñuji.
17 Dinaa la musal ci bànni
Israyil ak ci ñi dul Yawut. Ci
ñoom laa lay yebal, 18 ngir
ubbi seeni bët, nga jële leen
ci lëndëm, tàbbal leen ci
leer, nga nangoo leen ci sañ-
sañu Seytaane, wañña leen
ci Yàlla, ma baal leen seeni
bàkkaar te may leen cér ci
biir sama gaa yi sell ci kaw
ngëm.”

19 «Kon nag buur Agaripa,
woruma li ma Yàlla yen
ci peeñu. 20 Waaye li
tàmbali ci Damaas, teg ci
dëkku Yerusalem ak réewu
Yawut mépp, ba agsi ci ñi
dul Yawut, yégal naa leen,
ñu tuub seeni bàkkaar te
wañ̃ñiku ci Yàlla, bay jëf lu
dëppook réccu. 21 Loolu
nag moo waral Yawut yi jàpp
ma ca kër Yàlla ga, di ma
fexee rey. 22 Waaye gan-
naaw Yàllaa ngi may taxawu
ba tey, maa ngi taxaw fi, di
ko seedeel ci mag ak ndaw;
yokkuma dara ci li yonent
yi ak Musaa xamle woon
lu jiitu, 23 maanaam Almasi
bi dina dékku ay coono, te
mooy jëkka dekki, bay jollil
leer ci bànni Israyil ak ñi dul
Yawut.»

24 Bi muy làyyee nii, Fes-
tus daldi ko gëdd ak baat bu
kawe ne ko: «Dangaa dof,
Pool! Xanaa sa njàng mu réy
mi da laa xañ sago.»

25 Waaye Pool ne ko: «Fes-
tus mu tedd mi, dofuma;
waaye lu dëggu laay wax
te ànd ak sago. 26 Yëf yii
leer na buur bi, moo tax
maa ngi koy wax ak kóolute.
Wóor naa ne dara ci lii may
wax umpu ko, ndaxte lii
amewul ciy ruq. 27 Yaw
buur Agaripa, ndax gëmuloo
yonent yi? Xam naa bu wér
ne gëm nga.»

28 Noonu Agaripa ne Pool:
«Xanaa yaw, ci diir bu gàtt
bii rekk, nga ma bëgga
dugale ci gaayi Kirist!»
29 Pool ne ko: «Muy tey, muy
ëllëg, waxuma yaw rekk
waaye it ñi may déglu tey
ñépp, na Yàlla def, ba ngeen
fekksi ma ci li ma nekk, lu
moy jéng yii!»

30 Ci kaw loolu buur ba
daldi jóg, boroom réew ma
topp ci, Berenis tegu ca ak
mbooloo ma mépp. 31 Bi
ñu génnee nag, ñuy wax-
ante ne: «Nit kii deful
dara lu jar dee mbaa kaso.»
32 Te Agaripa ne Festus:
«Manoon nanu koo yiwi, bu
dénkuloon mbiram Sesaar.»

# 27

*Pool dugg na gaal, di dem Room*

1 Bi loolu wéyee ñu fas
yéene noo dugal gaal jëme
réewu Itali. Noonu ñu
jël Pool ak ñeneen ñi ñu
tëjoon, dénk leen njiitu
xare bu tudd Yulyus, mi
bokk ci mbooloom xare mu
buur. 2 Nu dugg ca gaalu
dëkku Adaramit guy taxaw
ci teeruy Asi, daldi tàbbi
ci biir géej; te Aristàrk, mi
dëkk Tesalonig ci diiwaanu
Maseduwan, ànd ak nun.

3 Ca ëllëg sa nu teer Sidon;
Yulyus laabiir ci Pool, may
ko mu dem ci ay xaritam,

ngir ñu ganale ko. 4 Bi
nu fa jógee, nu dem ci biir
géej, leru dunu Sipar ci fegu
ngelaw li, ndaxte ngelaw li
da noo soflu. 5 Nu jàll géej,
gi janook diiwaani Silisi ak
Pamfili, teersi Mira ca wàlli
Lisi. 6 Foofa nag njiit la
gis gaal gu jóge Alegsàndiri,
jëm Itali, mu dugal nu ca.
7 Noonu nuy dem ndànk di-
irub fan yu bare, ba janook
Kanidd ci kaw coono bu réy;
te ndegam ngelaw li mayu
nu, nu jëm kanam, nu leru
dunu Keret ci fegu ngelaw li,
janook Salmon. 8 Nu romb
fa ak coono yu bare, agsi ca
bérab bu ñuy wax Teeru yu
neex, te dend ak dëkku Lase.
9 Fekk booba yàggoon
nañu ca yoon wa, te dem
ci géej daldi aaytal, ndaxte
jamonoy Kooru Yawut ya
wees na. Moo tax Pool digal
leen ne: 10 «Gaa ñi, gis naa
ne tukki bi ëmb na musiba
ak kasara ju bare, waxuma
gaal gi ak li mu yeb waaye
sunuy bakkan sax xaj na ci.»
11 Waaye njiit la sobental
waxi Pool, déggal dawalkat
ba ak boroom gaal ga. 12 Te
gannaaw teeru ba neexula
lollikoo, ña ca ëpp mànkoo
ci jóge fa, dem ci biir géej,
ngir wuta agsi Fenigsë, biy
teerub dunu Keret te janook
sowu suuf ak sowu kaw, nu
lollikoo fa.

*Ngelaw lu metti li*

13 Noonu bi ngelaw lu
woyof liy jóge sudd wolee,
ñu defe ne man nañoo sottal
seen pexe, ñu wëgg diigal,
daldi tafu ci dunu Keret.
14 Waaye nees-tuut ngelaw lu
wole penku, ñu di ko wax
«Ërakilon», jóge ca dun ba,
ne milib ci sunu kaw. 15 Mu
ëpp doole gaal ga, daldi ko
wat, ba nu bayliku, daldi
yal. 16 Nu daldi daw, leru
dun bu tuuti bu ñuy wax
Kóda ci fegu ngelaw, rawale
looco ga ci kaw gaal ga ak
coono bu bare. 17 Bi ñu
ko yéegee, ñu fab ay buum,
ngir laxas ca taatu gaal ga,
ngir ragala daanu ci suuf su
nooy su ñuy wax Sirt; ba
noppi ñu daldi sànni diigal,
ngir wàññi doxub gaal ga,
nuy yale noonu. 18 Waaye
bi nu ngelaw li sonalee bu
metti, ca ëllëg sa ñu sànni
la gaal ga yeboon ca géej
ga. 19 Te ca ñetteelu fan ba,
ñu sànni ak seeni loxo jum-
tukaay, yi ñu yeboon ngir
fàggu. 20 Noonu jant bi
ne meŋŋ te biddiiw ne mes
ay fan yu bare, fekk ba tey
ngelaw li di wol ak doole, ba
sunu yaakaaru mucc gépp
tas.

21 Bi loolu di xew, fekk
gëj nañoo lekk, Pool daldi
taxaw ci seen biir ne leen:
«Gaa ñi, li gënoon mooy
ngeen déglu ma te baña jóge
Keret, ba indil seen bopp
musiba ak kasara ju réy jii.
22 Léegi nag maa ngi leen
di dénk, ngeen takk seen
fit, ndax gaal gi rekk mooy
yàqu, waaye kenn ci yéen
du dee. 23 Ndaxte ci guddi
menn malaaka dikkal na ma,
jóge ci Yàlla sama Boroom,
bi may jaamu. 24 Mu ne
ma: “Pool bul tiit; fàww nga

taxaw ci kanam Sesaar, te
yaa tax Yàllay aar bakkani
ñi nga àndal ñépp.” 25 Moo
tax, gaa ñi, takkleen seen
fit, ndax wóolu naa Yàlla
ne li mu ma wax dina am.
26 Waaye war nanoo luf cib
dun.»

*Toju gaal ga*

27 Ca fukkeelu guddi ga ak
ñeent nu nga doon jayaŋ-
jayaŋi ca géeju Adiratig;
noonu ca xaaju guddi
dawalkati gaal ga defe ne
danu jegesi suuf. 28 Ñu
sànni nattukaay ba ci biir
géej, mu jàpp ñeent fukki
meetar, dem ca kanam tuuti,
sànniwaat ko, jàpp fanweeri
meetar. 29 Ñu ragal ne
dinañu fenqu ci ay xeer,
kon ñu daldi sànni ñeenti
diigal ci geenu gaal ga, di
ñaan bët set. 30 Waaye ci
kaw loolu dawalkati gaal ga
taafantaloo ne dañuy sànniji
ay diigal ca boppu gaal ga,
fekk dañuy fexee jël looco
ga, ba raw. 31 Waaye Pool ne
njiit la ak xarekat ya: «Bu
ñii desul ci gaal gi, dungeen
raw.» 32 Noonu xarekat ya
dagg buum, yay téye looco
ga, bàyyi ko mu wéy.

33 Bi bët setagul, Pool
sant leen ñu lekk; mu ne
leen: «Tey mooy seen fukki
fan ak ñeent yu ngeen ne
jonn, lekkuleen, mosuleen
dara. 34 Maa ngi leen di
sant nag, ngeen lekk, ndax
noonu rekk ngeen mana
rawe. Ndax genn kawar
du rot ci yéen.» 35 Bi
mu waxee loolu, mu fab
mburu, sant Yàlla ci kanam
ñépp, damm ko, daldi ko
lekk. 36 Bi ñu gisee loolu,
ñépp dëgëraat, ñu daldi
lekk ñoom itam. 37 Mboolem
ñi nekkoon ca gaal ga mat na
ñaar téeméeri nit ak juróom
ñaar fukk ak juróom benn.
38 Noonu ñu lekk ba suur,
daldi sànni pepp ma ca géej
ga, ngir woyofal gaal ga.

39 Bi bët setee nag,
xàmmiwuñu réew ma,
waaye séen nañu ruqu tefes.
Noonu ñu fas yéene caa
teeral gaal ga, bu ñu ko
manee. 40 Ñu dagg diigal
ya, bàyyi leen ci biir géej,
yiwiwaale baar ba; ba noppi
firi wiiru kanam ga, jublu
ca tefes ga. 41 Waaye ñu dal
ca tundu suuf ca bérab bu
ñaari koroŋ daje, gaal ga
daldi fa luf. Boppu gaal ga
nuur bu baax, ne fa tekk, te
dooley duus ya daldi toj geen
ba.

42 Bi loolu amee xarekat
ya bëgga rey ñi ñu tëj,
ngir ragal ñenn ñi féey, ba
raw. 43 Waaye njiit la bëgga
musal Pool, mu tere leen
pexe ma. Mu sant ñi mana
féey, ñu jëkka sóobu ca ndox
ma, ba jot tefes ga. 44 Mu
sant ñi ci des ñu def noonu,
langaamu ci ay dénk, mbaa
ca tojiti gaal ga. Noonu
ñépp jot tefes ga ci jàmm ak
salaam.

# 28

*Pool ci dunu Màlt*

1 Bi nu rëccee, nu yég ne
dun baa nga tudd Màlt. 2 Te
waa réew ma won nu laabiir
gu ràññiku, ndaxte taalal

nañu nu sawara, ganale nu
ndax taw bi sóob ak sedd
bi. 3 Pool nag di for matt,
di ko def ca taal ba, jaan ne
ca mëlle ndax tàngoor wa,
taq ci loxoom. 4 Bi waa réew
ma gisee rab wa wékku ci
loxoom nag, ñuy waxante
naan: «Ci lu wóor nit kii
reykat la; te bi mu rëccee
ca géej ga sax, ndogalu Yàlla
mayu ko mu dund.» 5 Waaye
Pool yëlëb rab wa ca sawara
sa, te wàññiwu ko dara. 6 Nit
ñi di xaar mu newi, mbaa
mu ne dàll, dee; waaye bi ñu
négee lu yàgg te gis ne dara
jotu ko, ñu soppi xel ne: «Kii
yàlla la.»

7 Amoon na nag ca wet ya
ay suuf yu doon moomeelu
ku tudd Publiyus, di kilifag
dun ba. Mu teeru nu, ganale
nu ngan gu réy diirub ñetti
fan. 8 Fekk baayu Publiyus
dafa tëdd ndax ay tàngoori
yaram yu koy dikkal ak biiru
taññ. Pool nag dem seeti
ko, ñaan ci Yàlla, teg ko ay
loxoom, mu daldi wér. 9 Ci
kaw loolu jarag ya ca des
ca dun ba daldi dikk, amaat
wér-gi-yaram. 10 Ñu teral
nu ci fànn yu bare, te bi nuy
dem, ñu jox nu li nuy soxla
lépp.

### *Egg nañu dëkku Room*

11 Bi nu fa amee ñetti
weer, nu dugg ca gaal gu
lollikoo ca dun ba, daldi
tàbbi ca géej ga. Gaalu
dëkku Alegsàndiri la woon,
te yor xàmmikaay guy
nataalu Kastor ak Polugsë.
12 Noonu nu teer dëkku
Sirakus, toog fa ñetti fan.
13 Nu jóge fa, leru tefes ga,
ba agsi Resiyo. Ca ëllëg sa
ngelawu sudd daldi jóg, te
ca ñaareelu fan ba nu teer
Pusol. 14 Gis nanu fa ay
bokk, ñu ñaan nu, nu toog
fa ayu-bés. Noonu nu dem
Room. 15 Sunuy xibaar law
na, ba egg ca bokk ya fa
dëkk, noonu ñu gatandu nu
ba ca péncu Apiyus ak bérab
bu ñuy wax Ñetti añukaay
ya. Bi leen Pool gisee, mu
sant Yàlla, daldi takk fitam.
16 Bi nu dikkee Room nag,
ñu may Pool, mu dëkk fa
ko lew, moom ak xarekat ba
koy wottu.

### *Pool xamle na xibaaru jàmm bi ca Room*

17 Bi ñetti fan wéyee, mu
woolu njiiti Yawuti dëkk ba.
Bi ñu dajaloo nag, mu wax
leen lii: «Bokk yi, jàpp nañu
ma ci Yerusalem, jébbal ma
waa Room, fekk defuma
dara luy suufeel sunu xeet,
mbaa lu juuyoo ak sunuy
aaday maam. 18 Waa Room
nag seet sama mbir, te bëgg
maa bàyyi, ndaxte toppuñu
ma dara lu jar dee. 19 Waaye
bi ko Yawut ya bañee, fas
yéene naa dénk sama mbir
Sesaar, fekk ba tey awma
dara lu may taqal sama xeet.
20 Moo tax ma ñaana gise
ak yéen, nu diisoo, ndaxte
yaakaaru bànni Israyil moo
tax ñu jéng ma.»

21 Bi ñu ko déggee, ñu ne
ko: «Jotunu benn bataaxal
bu jóge Yude ci sa mbir,
te kenn ci bokk, yi fi dikk,
jottaliwul mbaa mu seede

ci yaw lu bon. 22 Waaye
bëgg nanoo dégg li nga gëm,
ndaxte xam nanu ne, tari-
ixa booba, kenn jubluwu ko
fenn.»
23 Noonu ñu jox ko bés,
te ñu bare ñëw, fekksi ko
ca néegam. Mu di leen
jàngal suba ba ngoon, di
leen dëggal lu jëm ci ngu-
uru Yàlla ak ci Yeesu, tuk-
kee ci yoonu Musaa ak ci
yonent yi, di leen jéema
gëmloo. 24 Ñenn ñi nag
gëm li mu wax, ña ca des
weddi ko. 25 Gannaaw
manuñoo déggoo, ñu bëgga
tas. Waaye bi ñuy laata dem,
Pool teg ca wax jii: «Xel mu
Sell mi wax na seeni maam
dëgg jaarale ko ci yonent
Yàlla Esayi. 26 Nee na:

“Demal ci xeet wii ne leen:
‘Dingeen déglu bu baax waaye dungeen xam dara;
di xool bu baax waaye dungeen gis dara.’
27 Ndaxte xolu xeet wii dafa dërkiis;
dañuy déglu ak nopp yu naqari,
tey gëmm seeni bët,
ngir baña gis ak seeni bët,
dégg ak seeni nopp,
te xam ci seen xol,
ñu waññiku ci man, ma wéral leen.”

28-29 «Xamleen nag ne
xibaaru mucc gii yégal nañu
ko ñi dul Yawut, te ñoom
dinañu ko déglu.»
30 Noonu diirub ñaari at
Pool dëkk ca kër gu muy
fey, di fa àggale ñépp ñi koy
seetsi. 31 Muy yégle nguuru
Yàlla, di jàngle ci mbirum
Boroom bi Yeesu Kirist ak fit
wu dëgër, te kenn terewu ko
ko.

# Bataaxal bi Yàlla may Pool, mu bind ko WAA ROOM

1 Man Pool, jaamub Kirist
Yeesu, maa leen di bind
bataaxal bii. Yàlla woo na
ma, ma nekk ndawam, sas
ma liggéeyu xamle xibaaru
jàmmam bi. 2 Xibaaru jàmm
boobu, Yàlla dige woon na
ko bu yàgg, jaarale ko ciy
yonentam, ñu def ko ci
Mbind mu sell mi, 3-4 di
xamle mbirum Doomam,
Yeesu Kirist sunu Boroom.
Lu jëm ci meloom ci àddina,
ci askanu Daawuda la jóge,
waaye lu jëm ci xelam mu
sell, Doomu Yàlla la; ndaxte
ndekkiteem nekk na firnde
ju ràññiku, ne moom la.
5 Te moom Kirist tàbbal na
nu ci yiwu Yàlla, def nu
ay ndawam, yónni nu ci
biir xeeti àddina sépp, ngir
ñu gëm ko te jébbalu, ba
màggal turam. 6 Te ci ngeen
bokk, yéen ñi Yàlla woo,
ngeen nekk ci Kirist.

7 Yéen ñi dëkk Room ñépp,
yéen ñi Yàlla bëgg te woo
leen, ngeen nekk gaayam yu
sell, na leen Yàlla sunu Baay
ak Boroom bi Yeesu Kirist
may yiw ak jàmm.

*Pool sant na Yàlla*

8 Kon nag li may jëkka
wax mooy lii: sant naa Yàlla
sama Boroom, jaarale ko ci
Yeesu Kirist, ngir yéen ñépp,
ndaxte seen ngëm siiw na
ci àddina sépp. 9 Bët bu
set maa ngi leen di boole ci
samay ñaan. Yàlla seede na
li may wax, Yàlla mi may
jaamu ci sama xel, ci xamle
xibaaru jàmm bu Doomam.
10 Te li ma koy faral di ñaan
mooy lii: bu soobee Yàlla, na
ma ubbil bunt, ba ma mana
ñëw ci yéen.

11 Ndaxte bëgg naa leena
gis lool, ba indil leen barke
bu jóge ci Xel mu Sell mi,
ndax seen ngëm gëna dëgër.
12 Maanaam ma nekk ci seen
biir, te nu dimbaleente ci
sunu ngëm, ndax man itam
ma gëna am doole.

13 Bokk yi, damaa bëgg
ngeen xam ne xalaat naa
leena seetsi ay yooni yoon,
ngir meññ njariñ ci yéen, ni
ma ko defe ci yeneen xeet
yi, waaye ay téq-téq ñoo
ma téye ba léegi. 14 Am
naa warugar sama diggante
ak ñépp, muy ñi jàng ni
Gereg yi, muy ñi jàngul ni
Baarbaar yi, ñi bare xam-
xam ak ñi barewul xam-
xam. 15 Li aju ci man nag,
jekk naa ngir ñëw, xamal
leen xibaaru jàmm bi, yéen
it waa Room.

*Dooley xibaaru jàmm bi*

16 Ndaxte awma benn wer-
ante ci xibaaru jàmm bi may
waare, ndax mbirum Yàlla
la, mu làmboo dooleem, ngir
musal képp ku ko gëm, muy
Yawut ci bu jëkk mbaa ki dul
Yawut. 17 Ndaxte xibaar bii
day wone, ni nit mana jube
ci kanam Yàlla, sukkandikoo
ci ngëm rekk, tàmbali ci
ngëm, yem ci ngëm. Moo tax

Mbind mi wax ne: «Ku jub ci
kaw ngëm, dinga dund.»

### *Nit ñépp tooñ nañu Yàlla*

18 Merum Yàllaa ngi feeñe
asamaan, wàcc ci nit ñi,
ndax seen weddi Yàlla gépp
ak seen jubadi gépp, ñoom
ñi suul dëgg, di topp lu
jubadi. 19 Ndax li nit mana
xam ci Yàlla, leer na ci
seen xel, ndax Yàlla won
na leen ko. 20 Ndaxte
ba àddina sosoo ba tey,
mbiri Yàlla yu nëbbu ya,
maanaam dooleem ju sax ja,
ak meloom wu kawe wa,
feeñ nañu bu leer, te bir
ñépp ci yi mu sàkk, ba tax
bunti lay yépp tëj nañu.

21 Ndaxte bi ñu xamee
Yàlla, taxul ñu màggal ko ni
mu ware, mbaa ñu sant ko.
Waaye ñu daldi réer ci seen
biiri xalaat yu mujjul fenn,
ba tax seen xol gumba, ba
lëndëm këruus. 22 Ñu teg
seen bopp ni boroomi xel,
fekk ñu ñàkk xel lañu woon.
23 Toxal nañu ndamu Yàlla
Aji Sax ji, wuutal fa nataali
nit ku dul sax, moom ak ay
picc, ay rabi àll mbaa yuy
raam.

24 Moo tax Yàlla bërgël
na leen ci seeni bëgg-bëgg,
ñu sóobu ciy ñaawteef, di
jëflante lu gàccelu ci seeni
cér. 25 Toxal nañu dëggu
Yàlla, tëral fen, di màggal
ak a jaamu mbindeef, ba
faaleetuñu sax Aji Bind, ji
yelloo cant ba fàww. Amiin.

26 Loolu moo tax nag Yàlla
bërgël na leen ci seeni bëgg-
bëgg yu ruslu. Seeni jigéen
sax dëddu nañu li jekk,
sóobu ci lu jekkadi, ñoom ak
seeni moroom. 27 Noonu it
góor ñi bàyyi nañu li jekk
ci seeni cér, maanaam ànd
ak jigéen, bay am ay bëgg-
bëgg yu tar ci ànd ak seeni
moroom. Góor di defante ak
góor li warul, ñu di jot seen
peyu réer ci seeni yaram.

28 Gannaaw xam Yàlla
soxalu leen, Yàlla it bërgël
na leen ci seen xel mu
bon moomu, ñu sax ci jëf
yu jekkadi. 29 Seen xol
fees na ak lu jubadi, lu
bon, bëgge ak coxor; duñu
xalaat lu dul kiñaan, bóome,
xuloo, njublaŋ ak ñaaw
njort; dañuy jëw, 30 di yàq
der, di ñu bañ Yàlla te
ñàkk sutura, di réy-réylu
ak a kañu; ay jàmbaar
lañu ci fexe lu bon, di bañ
seeni waajur. 31 Amuñu
xel, amuñu kóllëre, amuñu
cofeel, amuñu yërmande.
32 Xam nañu ne ñiy jëfe
loolu, Yàlla daganal na seen
dee, waaye teewul ñu di ko
def, boole ko ak di farle ñi ci
sax.

# 2

### *Àtteb Yàlla*

1 Kon nag képp ku mu
mana doon, yaw miy àtte
sa moroom ak ñaaw njort,
amuloo aw lay, ndaxte àtte
sa moroom, daan sa bopp
la; yaa ngi koy àtte ndax ay
jëfam, fekk yaw itam noonu
ngay jëfe. 2 Xam nanu ne
ñiy jëfe noonu, Yàlla dina
leen àtte, te àtteem jub na.
3 Yaw nag miy àtte ñiy def
loolu, te di ko def, ndax defe
nga ne dinga rëcc ci àtteb

Yàlla? 4 Ndax dangaa xeeb
mbaaxu Yàlla, mi yéexa mer
te di la muñal? Xanaa xam-
uloo ne Yàllaa ngi lay won
baaxaayam, ngir nga réccu
say bàkkaar?
5 Waaye ndegam dëgër
nga bopp te bëgguloo réccu,
yaa ngi dajale merum Yàlla
ci sa bopp. Ndaxte Yàlla
sàkk na bés bu muy wone
àtteem bu jub bi te meram
wàcc ci ñi bon; 6 bés booba
dina delloo ku nekk ay
jëfam. 7 Ñiy góor-góorlu ciy
def lu baax, bëgg Yàlla boole
leen ca ndamam te sédde
leen ngërëm ak dund gu sax,
dina leen tàbbal ci dund gu
dul jeex. 8 Waaye ñi dëgër
bopp, ba tanqamlu dëgg,
di topp lu jubadi, seen pey
mooy dooni merum Yàlla ak
toroxte. 9 Ki doon def lu bon,
peyam mooy tiis ak metit wu
tar, muy Yawut ci bu jëkk,
mbaa ki dul Yawut. 10 Waaye
ki doon def lu baax, añam
mooy bokk ci ndamu Yàlla,
am ngërëm ak jàmm, muy
Yawut ci bu jëkk, mbaa ki
dul Yawut. 11 Ndaxte ñépp a
yem fa kanam Yàlla.
12 Képp ku doon bàkkaar
nag te nekkuloo woon ci
yoonu Musaa, Yàlla dina la
àtte ci lu dul yoonu Musaa,
nga doora sànku. Te képp
ku doon bàkkaar te nga
nekkoon ci yoonu Musaa,
Yàlla dina la àtte ci yoon
woowu. 13 Kon déglu yoonu
Musaa rekk doyul; du loolu
mooy tax nit jub ci kanam
Yàlla; kiy sàmm yoon wi,
moom la Yàlla di àtte ni ku
jub. 14 Ndax ñi dul Yawut
te nekkuñu ci yoonu Musaa,
ñu ngiy def li yoon woowu
tëral, ndaxte Yàlla def na ko
ci nit. Te wonee nañu noonu
ne man nañoo ràññee lu
baax ak lu bon, su ñu nekkul
sax ci yoonu Musaa, 15 di
wone it ne Yàlla bind na ci
seen xol jëf yi yoonu Musaa
santaane. Seen xel it seede
na ne noonu la, fekk seeni
xalaat ñoo leen di tuumaal,
mbaa ñu leen di jéggal.
16 Ndax bés dina ñëw, bu
xalaat yu làqu yi di feeñ, te
Yàlla àtte nit ñi jaarale ko ci
Yeesu Kirist. Xibaaru jàmm,
bi may waare, moo ko wax.

*Yoonu Musaa ak njariñam*

17 Maa ngi ñëw nag ci yaw
mi ne Yawut nga; yaa ngi
sukkandiku ci yoonu Musaa
ak di damu ci Yàlla. 18 Xam
nga coobareem, ndaxte jàng
nga ci yoonu Musaa, ba fonk
yëf yi gëna baax. 19 Yaa ngi
teg sa bopp wommatkatu
gumba yi ak leeru ñi nekk
cig lëndëm. 20 Yaa di
jànglekatu ñi jàngul ak
xamlekatu ñi xamul, ndaxte
xalaat nga ne Yàlla jagleel na
leen ci yoonu Musaa bépp
xam-xam ak gépp dëgg.
21 Kon nag yaw miy jàngal
say moroom, xanaa doo
jàngal sa bopp? Yaw miy
waare di tere sàcc, mbaa
doo sàcc yaw itam? Yaw
miy tere njaaloo, mbaa doo
njaaloo? 22 Yaw miy araamal
xërëm yi, mbaa doo sàcc li
nekk ci seeni xàmb? 23 Yaw
miy damoo yoonu Musaa,
mbaa doo ko moy, ba indi

gàcce ci turu Yàlla? 24 Moo
tax Mbind mi ne: «Yéena tax
ñi nekkul Yawut di suufeel
turu Yàlla.»

*Xaraf ak njariñam*

25 Bëggoon naa ngeen
xam ne xaraf am na njariñ,
boo ca boolee sàmm yoon.
Waaye boo ko ca boolewul,
sa xaraf amatul njariñ. 26 Te
itam ku xaraful, tey def
jëf yu jub yi yoonu Musaa
santaane, ndax Yàlla du ko
teg ni ku xaraf? 27 Ku dul
Yawut te xaraful waaye di
sàmm yoon wi, kooku dina
la mana àtte, yaw Yawut
bi. Ndaxte li ngay xam xam
yoonu Musaa ci Mbind mi te
xaraf, terewul nga koy moy.
28 Juddu nekk Yawut taxul
sag Yawut dëggu, te xaraf
ci saw yaram taxul sa xaraf
wóor. 29 Waaye Yawut dëgg,
ci xol lay nekk. Te xaraf
dëgg itam, ci xol lay nekk.
Du ngistal, lu dëggu la. Te
képp ku mel noonu, dees na
la gërëm, waxuma la nit ñi,
waaye Yàlla ci boppam.

# 3

*Li Yàlla jagleel Yawut yi*

1 Yawut bi nag, ci lan la
rawe ku dul Yawut? Te xaraf
lu muy njariñ? 2 Raw na ko
fu nekk. Ci bu jëkk Yawut yi
la Yàlla dénk waxam. 3 Bu
fekkee ne am na ci ñoom
ñu ñàkk kóllëre, ndax loolu
man na fanq kóllëreg Yàlla?
4 Mukk! Su ñépp nekkoon ay
naaféq, du tere Yàlla nekk
dëgg. Moom la Mbind mi
wax ci Yàlla ne:
«Loo wax, ñépp ànd ci,
te ku layoo ak yaw, nga yey
ko.»
5 Su fekkee nag njubadig
nit dina feeñal njubteg Yàlla,
lu ciy seen xalaat? Wax ji
may bëgga wax nag léegi,
waxi nit rekk la, maanaam:
ndax kon Yàlla àttewul yoon
ci li muy daan ku jubadi?
6 Mukk! Ndax su Yàlla
jubadi woon, naka lay àttee
àddina si? 7 Waaye nag
xanaa dina am ku tontu ci
loolu ne: «Su fekkee sama
ñàkk kóllëre gën na yékkati
kóllëreg Yàlla, di yokk it
ndamam, lu tax kon Yàlla di
ma teg ba tey bàkkaarkat,
ba di ma àtte?» 8 Lu tax
manunoo wax ne: «Nanu
def lu bon, ngir lu baax génn
ca?» Am na sax ñu nuy
tuumaal, di wax ne noonu
lanuy waaree. Waaye ñiy
wax loolu, ndaan gi ñu yel-
loo dina leen dal.

*Ku jub amul*

9 Kon nag lu nu ci wara
wax? Nun Yawut yi, ndax
noo gën ñi ci des? Mukk!
Ndaxte wone nanu ne, nit
ñépp ñu ngi ci notaangeg
bàkkaar, muy Yawut yi
mbaa Gereg yi. 10 Moom la
Mbind mi wax ne:
«Ku jub amul, du kenn sax.
11 Amul kenn ku xam yëfi
Yàlla,
mbaa kenn ku koy wut.
12 Ñépp jeng nañu,
ba kenn amalatul Yàlla
njariñ.
Kenn du def lu baax, du
kenn sax!
13 Seen put a ngi xasaw ni
méddum ñetti fan,

seen làmmiñ làggi ci njublaŋ,
te seeni kàddu aay ni daŋaru ñàngóor.
14 Duñu génne ci seen gémmiñ lu dul ay móolu ak i xas.
15 Ñu sawar lañu ci rey nit.
16 Fu ñu jaar, foofa yàqu ak musiba.
17 Xamuñu yoonu jàmm,
18 te ragal Yàlla sore na seen xol.»
19 Xam nanu nag ne lépp
lu yoonu Musaa wax, wax na
ko ñi nekk ci yoon woowu,
ngir gémmiñ yépp ne miig,
te waa àddina sépp jaar ci
àtteb Yàlla. 20 Ndaxte sàmm
yoon wi taxul kenn jub ci
kanam Yàlla; solob ndigal yi
daal mooy wone bàkkaar.

*Bunt bi Yàlla ubbi, ngir musal nit ñi*

21 Waaye léegi nag Yàlla
feeñal na, ni nit mana jube
ci kanamam, ci lu séqul ak
yoonu Musaa dara. Waaye
ba tey yoonu Musaa ak waxi
yonent yi seedeel nañu ko.
22 Jub ci kanam Yàlla, gëm
Yeesu Kirist rekk a koy maye,
te képp ku ko gëm bokk
nga ci. Ndaxte ñépp a yem
fa kanam Yàlla. 23 Ñépp
a bàkkaar, ba joteetuñu
ndamu Yàlla. 24 Waaye gan-
naaw Kirist Yeesu dee na
ngir jot leen, Yàlla ciw yi-
wam man na leena àtte ni
ñu jub ci dara. 25 Wàcce
na Kirist, mu nekk sarax
ngir Yàlla baal nu sunuy
bàkkaar, jaar ci deretam ji
ñu tuur; te ngëm rekk moo
nu ciy boole. Noonu Yàlla
firndeel na ne ku jub la,
doonte sax dafa muñaloon
ñi jiitu jamonoy Kirist, ba
jéggal leen seeni bàkkaar.
26 Kon ci jamono jii nu ne,
Yàlla wone na bu leer ne ku
jub la, di àtte ni ku jub képp
ku gëm Yeesu, te ba tey dëkk
ci njubteem.
27 Kan a mana bàkku nag
ci kanam Yàlla? Kenn! Lu
ko waral nag? Xanaa sàmm
yoon? Déedéet! Ngëm rekk.
28 Ndaxte danoo dëggal ne
ngëm rekk a tax Yàlla di
àtte nit ni ku jub, waaye
du sàmm yoon. 29 Walla
ndax nag Yawut yi rekk la
fi nekkal? Ndax nekkalu fi
it ñu dul Yawut? Ahakay!
30 Gannaaw Yàlla kenn la,
ñépp la fi nekkal. Ñi xaraf
dina leen àtte ni ñu jub
ndax seen ngëm, ñi xaraful
it dina leen àtte ni ñu jub
ndax seen ngëm. 31 Xanaa
kon ngëm day fanq yoonu
Musaa? Mukk! Da koy gëna
dëgëral sax.

# 4

*Ni Ibraayma gëme Yàlla*

1 Sunu maam Ibraayma,
mi nu soqikoo; nu mbiram
tëdde? 2 Bu fekkoonte ne
Ibraayma, ci kaw i jëfam la
ko Yàlla àttee ni ku jub, kon
am na lu mu ci mana damoo.
Waaye demewul noonu ci
kanam Yàlla. 3 Lan la Mbind
mi wax ci loolu? Nee na:
«Ibraayma gëm na Yàlla,
te Yàlla jàppe ngëmam ni
njub.»
4 Képp kuy liggéey dina
jot peyam; te pey googu du

ag may, ñaqam la. 5 Waaye
Yàlla dina àtte jub sax ki
ko weddi woon; kon ku
wéeruwul ciy jëfam, waaye
mu gëm rekk, Yàlla dina
jàppe ngëmam ni njub.
6 Noonu la Daawuda birale
barkeelug nit ki Yàlla jagleel
njub, fekk ay jëfam taxul.
7 Mu ne:

«Ñi ñu baal seen jàdd yoon,
te seeni bàkkaar far ci kanam Yàlla,
ñu barkeel lañu.
8 Ki Boroom bi sëful ay bàkkaaram,
kooka ku barkeel la.»

9 Kon nag barkeel googu,
ndax ñi xaraf rekk ñoo ko
yeyoo? Ndax ñi xaraful
it bokkuñu ci? Ahakay!
Ndaxte wax nanu ne, Yàlla
jàppe na ngëmu Ibraayma
ni njub. 10 Kañ la ko ja-
gleel njub nag? Ndax lu
jiitu xarafam la woon, am
gannaaw ga? Lu ko jiitu la
woon. 11 Ndaxte Ibraayma
gëm na, te Yàlla jàppe na
ngëmam ni njub, fekk booba
xarafagul. Te xarafal gi,
màndarga la woon ci yara-
mam, di firndeel ne ku jub
la woon. Noonu la Ibraayma
mana nekke baayu ñépp ñi
gëm, ba Yàlla man leena àtte
ni ñu jub, te xarafuñu sax.
12 Noonu itam la Ibraayma
mana nekke baayu ñi xaraf,
bu fekkee yemuñu rekk ci
xaraf, waaye ñu am ngëm,
ga Ibraayma sunu maam
amoon lu jiitu xarafam.

*Ibraayma gëmoon na la ko Yàlla digoon*

13 Ndaxte Yàlla dafa di-
goon Ibraayma ak ñi na-
roona soqikoo ci moom, ne
dinañu moom àddina si.
Te dige boobu jógewul ci
yoonu Musaa, waaye dafa
jóge ci njub, gi Ibraayma
amoon ci kanam Yàlla ci
kaw ngëmam. 14 Ndaxte su
fekkee ne ñi nekk ci yoonu
Musaa rekk ñooy moom
àddina, kon ngëm amatul
njariñ, te digeb Yàlla toxu
na. 15 Yoonu Musaa daal
du def lu dul wàcce merum
Yàlla ci sunu bopp; ndax fu
yoon amul, jàdd yoon du fa
mana am.

16 Kon nag loolu Yàlla
dige, ngëm rekk a koy indi,
ngir mu sukkandikoo yiwu
Yàlla rekk. Noonu la dige
bi wóore ci ñi soqikoo
ci Ibraayma ñépp, du ci
ñi nekk ci yoonu Musaa
rekk, waaye itam ñi gëm ni
Ibraayma gëme woon. Kon
Ibraayma mooy sunu baay,
nun ñépp. 17 Moom la Yàlla
dogal, wax ko ci Mbind mi
ne: «Def naa la baayu xeet
yu bare.» Ndaxte Ibraayma
gëmoon na Yàlla, miy dekkal
ñi dee, tey wax ci lu amagul,
mel ni dafa am.

18 Ibraayma dafa jàppoon
ci ngëmam, di yaakaar, fekk
bunti yaakaar yépp tëju.
Moo tax mu nekk baayu
xeet yu bare, ni ko Mbind
mi waxe ne: «Noonu la
sa askan di meli.» 19 Mu
xool yaramam, xam ne dee
rekk a ko dese, ndax mi
ngi tollu woon ci lu mat
téeméeri at, waaye ba tey
ngëmam wàññikuwul. Mu

xam it ne, Saarata manat-
ula ëmb. 20 Waaye loolu
taxul ngëmadi jàpp ko, ba
muy werante ci waxu Yàlla;
ngëmam sax di gëna dëgër,
mu daldi sant Yàlla, 21 mu
wóor ko ne loolu ko Yàlla
dig, Yàlla man na koo def.
22 Moo tax «Yàlla jagleel na
Ibraayma njub.» 23 Waaye
loolu lañu bind ne: «Yàlla
jagleel na ko njub,» du
Ibraayma rekk a moom wax
ji. 24 Nun itam ci wax jooju
lanu bokk, te Yàlla dina nu
jagleel njub, nun ñi gëm
Yàlla, mi dekkal Yeesu sunu
Boroom. 25 Ndaxte Yàlla
jébbale na ko ngir sunuy
tooñ, dekkal ko ngir àtte nu
jub.

# 5

*Jàmm fa kanam Yàlla*

1 Léegi nag, gannaaw
Yàlla àtte na nu jub ci
kaw ngëm, nanu jàpp ci
jàmm, ji nu am fa kanam
Yàlla, jaarale ko ci sunu
Boroom Yeesu Kirist. 2 Moo
nu ubbil bunt ci Yàlla, nu
taxaw temm ci yiwam, jaar
ci ngëm. Te it nu ngi bég
ciy négandiku, Yàlla boole
nu ci ndamam. 3 Te du ci
loolu rekk, waaye bég nanu
it ci sunuy nattu; ndax xam
nanu ne nattu day feddali
muñ; 4 te muñ mooy ndeyu
jikko ju dëgër; te jikko ju
dëgër day jur yaakaar. 5 Te
yaakaar jooju du ay nax,
ndax mbëggeelu Yàllaa ngi
baawaan ci sunu xol, jaarale
ko ci Xelam mu Sell mi mu
nu may.

6 Ndaxte bi nu amul jenn
doole, booba la Kirist dee
ngir nun, fekk danoo weddi
woon Yàlla. 7 Kuy nangoo
deeyal nit ku jub, yombula
gis, waaye nag jombul am na
ku nangoo deeyal ku baax.
8 Waaye Yàlla firndeel na
mbëggeelam ci nun, ci li
Kirist dee ngir nun, bi nu
nekkee sax ay bàkkaarkat!

9 Gannaaw Kirist tuur na
deretam nag, ngir Yàlla àtte
nu jub, rawatina ne dina
nu musal ci merum Yàlla.
10 Nun ay bañaaley Yàlla
lanu woon, waaye Doomam
dee na, ngir jubale nu ak
moom. Gannaaw léegi nag
xariti Yàlla lanu, rawatina
ne dinanu mucc ndax dun-
dug Doomam. 11 Te sax nu
ngi bég ci Yàlla, jaarale ko
ci sunu Boroom Yeesu Kirist,
mi nu jubale ak moom.

*Dee ndax sunu bokk ci Aadama,*
*dund ndax sunu bokk ci Kirist*

12 Kon nag bàkkaar ci
kenn nit la jaar, dugg ci
àddina, indaale fi dee, te dee
daldi law ci nit ñépp, ndaxte
ñépp a bàkkaar. 13 Bàkkaar
kon nekkoon na ci àddina, bi
Yàlla di laata wàcce yoonu
Musaa. Waaye gannaaw
yoonu Musaa tëddagul
woon, bàkkaar du woon
jàdd yoon. 14 Teewul nag
la dale ca Aadama ba ca
Musaa, dee a ngi fi woon ci
àddina, di not ñépp, ak sax
ñi seen bàkkaar melul woon
ni bosu Aadama, maanaam
jàdd yoon. Aadama moomu
nag moo di takkandeeru

Kirist, mi waroona ganesi
àddina.
[15] Waaye warunoo yemale
tooñu Aadama ak mayu
Yàlla. Bàkkaaru kenn nit
kooku tax na ñu bare dee;
waaye yiwu Yàlla ak may, gi
nu keneen nit ka Yeesu Kirist
yéwénal, baawaan na ci ñu
bare, ba suul tooñ googu.
[16] Te bàkkaaru Aadama
niroowul ak mayu Yàlla.
Aadama bàkkaar na benn
yoon, ba tax Yàlla daan ko,
daanaale ñépp; waaye Yàlla
jéggle na tooñ yu bare ci
dara, ba mu àtte ñu bare ni
ñu jub. [17] Bàkkaaru kenn nit
tax na dee tàbbi àddina, yilif
ñépp ni buur; waaye jëfu
keneen nit ka, maanaam
Yeesu Kirist, moo ko suul, ba
tax ñu bare tàbbi ci dund gu
bees, falu ni ay buur; xanaa
ñi Yàlla boole ci yiwam wu
bare, te àtte leen jub ci dara
fa kanamam.
[18] Kon nag nu gàttal wax
ji: jàddug kenn nit ka
rekk moo waral Yàlla daan
ñépp; noonu itam jëf ju jubu
keneen nit ka rekk moo ubbi
bunt, ba ñépp mana jub ci
kanam Yàlla te am dund gu
bees. [19] Aadama moomu
dafa déggadil Yàlla, ba
yóbbaale ñu bare, ñu nekk
i bàkkaarkat; noonu itam
Yeesu Kirist dafa déggal
Yàlla, yóbbaale ñu bare
itam, ñu jub.
[20] Yoonu Musaa daldi
wàcc, ngir bàkkaar gëna
bare; waaye fa bàkkaar
bare, yiwu Yàlla gën faa
bare. [21] Ba tax, ni bàkkaar
doon yilife ñépp ni buur,
indaale dee, noonu itam la
yiwu Yàlla faloo ni buur,
jóge ci njub, jëm ci dund gu
dul jeex. Loolu lépp darajay
Yeesu Kirist sunu Boroom
moo nu ko may.

# 6

*Rëcc nanu ci dooley bàkkaar*

[1] Lu nu wara wax léegi
nag? Xanaa nu sax ci
bàkkaar, ngir yiwu Yàlla
gëna bare? [2] Mukk! Nun
ñi dee, ba rëcc ci kàttanu
bàkkaar, naka lanu manatee
sax ci di ko def? [3] Xanaa
dangeena xamul ne, képp
ku ñu sóob ci ndox, ngir
wone ne mu ngi bokk ci
Yeesu Kirist, ci deewu Yeesu
la bokk. [4] Bi ñu nu sóobee
ci ndox moomu nag, day
misaal ne dañu noo suul ak
Kirist, nu dee ni mu deeye
woon; ba tax nu dekki it, ni
mu dekkee woon ci dooley
Yàlla Baay bi, te nu sóobu ci
dund gu bees.
[5] Kon nag gannaaw benn
lanu ak Kirist, dee ni mu de-
eye woon, kon dinanu nekk
it benn ak moom, dekki ni
mu dekkee woon. [6] Ndegam
xam nanu ne daajoon nañu
Kirist ca bant ba, xam nanu
it ne jikko ju bon ji nu
judduwaale, daajaale nañu
ko ak Kirist ca bant ba.
Yàlla def na loolu, ngir ngu-
uru bàkkaar, gi nekkoon ci
sunu yaram tas, nu rëcc
ci dooleem. [7] Ndaxte ku
dee, bàkkaar manatul dara
ci yaw.
[8] Gannaaw nag dee nanu
ak Kirist, gëm nanu ne di-
nanu dekki it ni moom,

9 xam ne Kirist mi dekki
dootul dee mukk, dee man-
atul dara ci moom. 10 Dee
na benn yoon, ba bàkkaar
manul ci moom dara; mi ngi
dund léegi, di ànd ak Yàlla
ba fàww.

11 Ci noonu nag yéen itam
tegleen seen bopp ni ñu
dee ak Kirist, ba rëcc ci
dooley bàkkaar, di dund,
ànd ak Yàlla ba fàww ndax
seen bokk ci Yeesu Kirist.
12 Buleen mayati bàkkaar
nag, mu yilif seeni yaram
yu néew doole, bay topp
ay bëgg-bëggam. 13 Buleen
jébbalati seeni cér bàkkaar,
mu def leen jumtukaayam
ngir jëfam yu jubadi; waaye
gannaaw rëcc ngeen ci
dooley dee, bay dundaat,
jébbaluleen ci Yàlla te
jébbal ko seeni cér, mu
def leen jumtukaayam ngir
jëfam yu jub. 14 Ndaxte
bàkkaar dootu leen manal
dara, yéen ñi génn ci yoonu
Musaa, dugg ci yiwu Yàlla.

### *Jaami Yàlla ci yoonu njub*

15 Lan lanu wara wax
nag léegi? Gannaaw génn
nanu ci yoonu Musaa, dugg
ci yiwu Yàlla, ndax danoo
wara sax ci def bàkkaar?
Mukk! 16 Ndax dangeena
xamul ne koo jébbalu ci
moom te déggal ko, jaamam
nga? Naka noonu, mbaa
ngeen nekk jaami bàkkaar,
mu jëme leen ci dee, mbaa
ngeen déggal Yàlla, mu
sóob leen ci yoonu njub.
17 Waaye sant naa Yàlla ci lii:
yéen ñi doon jaami bàkkaar,
bi ngeen déggee mboolem
dëgg gi, nangu ngeen ko
ak seen xol bépp. 18 Ci
noonu rëcc ngeen ci no-
taangeg bàkkaar te jébbalu
ci Yàlla, sóobu ci njub.

19 Xam naa ne seen xam-
xam ci mbir mii sorewul,
moo tax ma yombal wax
ji, awale ko ci baat yii.
Ni ngeen jële woon seeni
cér, jébbal leen, ñu nekk
jaami lu selladi ak lu bon,
di gëna jur lu bon, noonu
itam léegi jébbal-leen seeni
cér, ñu nekk jaami njub,
ngeen doora sell. 20 Ndaxte
keroog ba ngeen nekkee
jaami bàkkaar, séquleen
woon dara ak lu jub. 21 Ban
njariñ ngeen ci jële nag?
Dara lu dul gàcce, ndaxte
ci dee la leen doon jëmale.
22 Waaye léegi Yàlla goreel
na leen ci kilifteefu bàkkaar,
def leen ay jaamam, ba jural
leen sellaay, jëme leen ci
dund gu dul jeex. 23 Ndaxte
peyu bàkkaar mooy dee,
waaye mayu Yàlla mooy
dund gu dul jeex ci Yeesu
Kirist sunu Boroom.

# 7

### *Bokk ci Kirist dafa mel ni jigéen juy séy*

1 Bokk yi, yéen ñi may
waxal xam ngeen luy yoon;
xam ngeen kon ne yoon am
na doole ci nit diirub dun-
dam. 2 Ci maanaa, mu ngi
mel ni jigéen juy séy; yoon a
ngi koy boole ak jëkkëram,
ñu ànd seen giiru dund,
waaye su jëkkër ji faatoo,
buum gi dagg na. 3 Kon
nag su jabar ji àndee ak

beneen góor, te fekk jëkkër
jiy dund, dees na ko àtte
njaaloo. Waaye bu jëkkër ji
faatoo, yoon jeexal na seen
diggante; man na séy nag
ak beneen góor, te du doon
njaaloo.
4 Nii laa leen ko mana
misaale, samay bokk; bi
Kirist deeyee, dangeena
deeyandoo ak moom, te
noonu yoonu Musaa wàcc
leen. Léegi nag yéena ngi
ànd ak keneen, maanaam
Kirist mi dekki, ngir nu amal
Yàlla njariñ. 5 Keroog ba
nu daan topp sunu nafsu,
yoonu Musaa daan na xamb
bëgg-bëgg yu bon, yiy
yëngal sunuy cér, ba jural
nu dee. 6 Waaye léegi yoon
wi wàcc na nu, ci li nu
dee, ba rëcc cig buumam.
Léegi nag nu ngi jaamu
Yàlla, waxuma leen ci sàmm
santaane rekk, ndax loolu
wees na, waaye ci kàttan gu
bees, gi nu Xelum Yàlla di
may.

*Yoonu Musaa ak dooley bàkkaar*

7 Kon nag lu nu wara wax?
Ndax bàkkaar ci yoonu
Musaa la jóge? Mukk!
Waaye moo ma xamal luy
bàkkaar. Ndaxte su ma yoon
wi waxul woon: «Bul bëgg
yëfi jaambur,» kon duma
xam luy xemmem. 8 Waaye
bàkkaar jaare na ci ndigalu
Yàlla, daldi ñëw dugg ci
man, ba yëngal ci man
xemmem yu bare. Ndaxte
ba ma xamagul woon yoonu
Musaa, bàkkaar da ne woon
nemm ci man. 9 Keroog
bi ma xamagul lu yoon wi
santaane, maa ngi doon
dund dund gu neex; waaye
ba ma ko déggee, bàkkaar
dafa daldi fuddu ci man, te
man ma daldi dee. 10 Noonu
gis naa ne ndigal loolu
waroona jëme nit ñi ci
dund, daf maa jëme ci dee.
11 Ndaxte bàkkaar jaar na ci
li Yàlla digle, ba nax ma, rey
ma.
12 Kon nag man nanoo wax
ne yoonu Musaa yoon wu
sell la, te ndigalu Yàlla dafa
sell, jub te baax. 13 Ndax kon
lu baax moo ma tàbbal ci
dee? Mukk! Bàkkaar a ko
def, ngir jikkoom feeñ; dafa
gis ci lu baax loolu bunt bu
mu mana jaar, ba rey ma.
Noonu ndigalu Yàlla tax na,
bàkkaar fés, bon ba jéggi
dayo.

*Li nit bëgga def, manu koo def*

14 Xam nanu ne yoonu
Musaa ngi jóge ci Yàlla,
waaye man yëfi àddina
laa fonk, te nekk ci dooley
bàkkaar, mel nib jaam.
15 Ndaxte samay jëf jaaxal
na ma; li ma bëgga def,
duma ko def, waaye li
ma bañ rekk, moom laay
def. 16 Kon nag gannaaw li
may def du sama coobare,
nangu naa ne yoonu Musaa
baax na. 17 Léegi nag
du man maay def lu bon
loolu, waaye bàkkaar bi
dëkk ci man, moo ma ciy
jiiñ. 18 Ndaxte xam naa
ne lu baax dëkkul ci man,
maanaam ci sama bindu
doom Aadama. Am naa

yéeney def lu baax, waaye
awma kàttanu yeggale. 19 Lu
baax nag lu may yéene,
duma ko def, waaye lu bon
lu ma bëggul, moom laay
def. 20 Bu fekkee nag lu ma
bëggul, moom laay def, kon
dootul sama coobare, waaye
bàkkaar bi dëkk ci man,
moo ma ci jiiñ.

21 Gis naa nag lii: saa
su ma bëggee def lu baax,
lu bon a ngi ma taxawu.
22 Ndaxte ci sama biir xol
yoonu Yàlla wi neex na ma.
23 Waaye gis naa jeneen
doole juy yëngu ci samay
céri yaram, di bëre ak li
sama xol bëgg; day bëre ba
not ma, def ma jaam ci doo-
ley bàkkaar joojuy yëngu ci
samay cér. 24 Céy maaka
torox! Ana ku may musal ci
sama yaram, wii may jëme
ci dee? 25 Maa ngi sant Yàlla;
am na kuy musle, mooy
Yeesu Kirist sunu Boroom.

Kon nag lii laa gis ci
sama bopp: ci sama xel
maa ngi topp yoonu Yàlla,
waaye ci sama bindu doom
Aadama maa ngi topp yoonu
bàkkaar.

# 8

*Dund gu bees ci dooley Xelu Yàlla mi*

1 Léegi nag yoon manula
dab ñi bokk ci Yeesu Kirist.
2 Ndaxte kàttanu Xelum
Yàlla, tukkee ci Kirist Yeesu,
di may nit dund gu bees,
goreel na ma ci notaangeg
bàkkaar ak dee. 3 Lu yoonu
Musaa manul woona def,
ndax néew dooley nit, Yàlla
defe na ko nii: dafa yónni
Doomam, ngir mu yor sunu
jëmm, nun ñiy nekk ay
bàkkaarkat, ba noppi mu
jébbale bakkanam, ngir
dindi bàkkaar yi. Noonu la
Yàlla tase nguuru bàkkaar
ci nit. 4 Ba tax na léegi njub,
gi yoonu Musaa di digle, am
na ci nun, ñiy déggal Xelu
Yàlla mi te baña topp sunu
nafsu.

5 Ñiy topp seen nafsu,
seeni bëgg-bëgg rekk lañu
fonk, waaye ñiy topp Xelu
Yàlla mi, coobareem lañu
fonk. 6 Ndaxte fonk nafsu,
ci dee lay jëme; waaye fonk
Xelu Yàlla mi, dund ak jàmm
lay joxe. 7 Ndaxte ku fonk sa
nafsu, bañaaleb Yàlla nga,
ndaxte doo déggal Yàlla,
mbaa ngay sàmm ay santaa-
neem, te manuloo koo def
sax. 8 Kuy topp sa nafsu nag,
doo mana neex Yàlla.

9 Waaye yéen nekkatuleen
ci topp seen nafsu, waaye
yéena ngi topp Xelu Yàlla
mi, bu fekkee ne mu ngi
dëkk ci yéen. Ku amul
Xelum Kirist nag, bokkuloo
ci moom. 10 Bu fekkee ne
Kirist dëkk na ci yéen nag, lii
moo am: seen yaram mi ngi
ci dooley dee ndax bàkkaar
bi nekk ci yéen, waaye seen
xel mi ngi dund ndax njub
gi leen Yàlla jox. 11 Kon
nag gannaaw Xelum Yàlla,
mi dekkal Yeesu ca néew ya,
dëkk na ci yéen, dina tax
seen yaram wi néew doole
dund ci kàttanu Xel moomu
dëkk ci yéen.

12 Kon nag bokk yi, am

nanu lu nu war, waaye
waxuma leen topp sunu
nafsu ak i bëgg-bëggam;
13 ndaxte kuy topp nafsoom,
fàww mu dee, waaye kuy
not jëfi yaramam ci dooley
Xelu Yàlla mi, dina dund.
14 Ndaxte ñépp ñiy déggal
Xelu Yàlla mi, ay doomi
Yàlla lañu. 15 Nekkatuleen
fa kanam Yàlla, ni jaam bu
ragal sangam, waaye Xel
mi leen Yàlla sol, ay doomi
Yàlla la leen def, ba tax nu
di wooye Yàlla: «Abba»,
maanaam «Baay.» 16 Ndaxte
Xelu Yàlla mi, moom ci
boppam, day ànd ak sunu
xel ci seede ne doomi Yàlla
lanu. 17 Gannaaw ay doomi
Yàlla lanu, dinanu moomi
lépp li Yàlla jagleel ay
doomam, séddu ci ngëneel
yi Kirist yelloo. Waaye nag
ku bëgga bokk ak Kirist
ndamam ëllëg, war ngaa
séddu ci ay fitnaam tey.

*Ndam liy ñëw*

18 Xalaat naa ne sunu
naqaru tey, wareesu ko
tëkkale ak sunu ndamu
ëllëg. 19 Ndax li Yàlla bind
lépp a ngi ne seewa gis
doomi Yàlla yi feeñ ci seen
biir ndam. 20 Ndaxte dunyaa
bi bépp mu ngi ci yoon
wu dul mujj fenn; teyu ko,
Yàlla moo ko ko teg. Waaye
teewul ñu am yaakaar ne,
21 Yàlla dina rengi seen
buumi njaam ci dee, boole
leen ci jàmmu doomi Yàlla
yi ak seen ndam.

22 Xam nanu ba fi nu tollu
ne li Yàlla bind lépp a ngi mi-
titlu ni jigéen juy matu. 23 Te
du dunyaa bi rekk mooy mi-
titlu, nun it nu ngi mititlu,
nun ñi Yàlla sol Xelam, ngir
nu ñam añu ëllëg; nu ngi ne
seew Yàlla boole nu ci lépp
li nu yelloo ni ay doomam,
keroog bés bu Yàllay goreel
sunu yaram. 24 Ndaxte sunu
mucc ëmb na yaakaar. Li
nga gis ba noppi, nekkatul
yaakaar; li teew, noo koy
yaakaare? 25 Li feek gis-
agunu nag li nuy yaakaar,
dinanu ko séentu ak muñ.

26 Te it Xelu Yàlla mi moo
nuy xettali ci sunug néew
doole. Ndaxte xamunu sax
naka lanu wara ñaane Yàlla,
waaye Xelu Yàlla maa ngi
nuy ñaanal fa moom ak
i yéene yu làmmiñ manta
takk. 27 Te Yàlla, miy nattu
xol yi, xam na xalaatu Xel
mi, ndaxte tinu, gi muy tinul
gaayi Yàlla yi, méngoo na ak
coobarey Yàlla.

28 Xam nanu itam ne ñi
bëgg Yàlla, maanaam ñi
Yàlla woo ci boppam te
boole leen ci li mu tëral,
Yàlla dina joo loxoom ci lépp
lu xew ci seen dund, ngir ju-
ral leen lu baax. 29 Ndaxte ñi
mu xamoon lu jiitu, dafa do-
galoon ñu nirook Doomam,
ngir mu nekk taaw ci biir
njaboot gu yaa. 30 Ñi mu
dogaloon loolu ci ñoom, da
leena woo; ñooñu mu woo,
da leena àtte ni ñu jub;
ñooñu mu àtte jub, da leena
boole ca ndamam.

*Mbëggeelu Yàlla ci Yeesu Kirist*

31 Lu nu wara wax nag ci
loolu lépp? Gannaaw Yàlla

ànd na ak nun, kan moo
nu manal dara? 32 Yàlla mi
nu gàntulul Doomam waaye
mu joxe ko, mu dee ngir nun,
ndax dina nu bañalati dara?
33 Ñi Yàlla tànnal boppam,
kan moo leen di tuumaal?
Yàlla moo leen àtte ni ñu
jub. 34 Kan moo leen mana
teg tooñ? Yeesu Kirist mi
dee, moo dekki itam, te mu
nga fa ndijoorul Yàlla, di nu
fa ñaanal! 35 Kan moo nu
mana tàggaleek mbëggeelu
Kirist? Xanaa duy nattu,
te du njàqare, du it fitna,
du xiif walla rafle, du it
ay ngaañ walla jaasi sax.
36 Moo tax Mbind mi ne:

«Ñu ngi nuy rey ngir yaw, ci
suba ba jant so;
ñu ngi nuy jàppe ni xar yu
ñuy rey.»

37 Waaye loolu lépp teewul,
nu ngi mel niy ñeyi xare ci
dooley Kirist mi nu bëgg.
38 Ndax wóor na ma ne
dara manu noo tàggaleek
mbëggeelam; du dee, du
dund, du malaaka yi, du
seeni kilifa, du tey, du ëllëg,
du boroom doole yi, 39 du li
ci kaw mbaa li ci suuf, mbaa
leneen lu ñu bind; dara
manu noo tàggale mukk ak
mbëggeel, gi nu Yàlla jox ci
Kirist Yeesu sunu Boroom.

# 9

*Yàlla tànnal na boppam bànni Israyil*

1 Li ma bëgga wax nag, ci
kanam Kirist laa koy waxe;
dëgg la, du aw fen. Sama
xel, mi Xel mu Sell miy
leeral, seedeel na ma ne
dëgg laay wax. 2 Maanaam,
duma noppee am naqar wu
réy ci sama biir xol, 3 ba
xawa bëgga tàggoo ak Kirist
te alku, ngir ñi ma bokkal
xeet mucc. 4 Bànni Israyil
lañu, te Yàlla def na leen
ni ay doomam; dëkkaloon
na ndamam ci seen biir, fas
ak ñoom kóllëre yi. Ñoom
la Yàlla dénk yoonu Musaa,
ñoom la xamal ni ñu ko
wara jaamoo, ñoom la jox
i digam. 5 Maam ya Yàlla
tànnoon, ci ñoom lañu bokk,
ci ñoom it la Kirist wàcce,
maanaam ci jëmmam, Kirist
mi di Yàlla, tiim lépp, te
yelloo teraanga ba fàww.
Amiin.

6 Waaye neewuma waxu
Yàlla dafa toxu, ndaxte
bokk ci bànni Israyil, taxul
nga bokk ci Israyil tigi.
7 Te it du ñi soqikoo ci
Ibraayma ñépp, ay doomam
dëgg lañu. Ndaxte Yàlla
dafa wax Ibraayma ne ko:
«Saw askan ci Isaaxa lay
jaar.» 8 Maanaam, soqikoo
ci Ibraayma taxula nekk
doomu Yàlla, waaye juddu
ci biir digeb Yàlla mooy taxa
bokk dëgg-dëgg ci askanu
Ibraayma. 9 Ndaxte Yàlla
dafa digoon Ibraayma ne ko:
«Ci waxtu wii déwén dinaa
délsi ci yaw, te Saarata dina
am doom ju góor.»

10 Du ci loolu rekk, waaye
noonu la it ci lu jëm ci
Rebeka; doom yi mu jur
ñoo bokk benn baay, moo
di sunu maam Isaaxa.
11-12 Waaye Yàlla wax ko ne:
«Yanqóoba rakk ji mooy yilif
magam Esawu,» fekk xale
ya juddooguñu te defaguñu

dara, muy lu baax, muy lu
bon. Yàlla def na noonu,
maanaam tànn kenn ci
doom yi, ngir dogalam mana
taxaw, te sukkandikuwul ci
seeni jëf waaye ci wooteb
Yàlla. 13 Loolu la Mbind
mi wax ne: «Bëgg naa
Yanqóoba, bañ naa Esawu.»

14 Kon lu nu ci wara wax?
Ndax Yàlla àttewul foofu
yoon nag? Mukk! 15 Dafa
wax Musaa sax ne ko:

«Su ma neexee yéwéne,
su ma soobee yërëm.»

16 Dama leen di wax nag,
dara ajuwul ci coobarey nit,
mbaa ci ñaqam, waaye lépp
a ngi aju ci yërmandey
Yàlla. 17 Ndax Mbind mi
biral na li Yàlla wax Firawna
ne ko: «Def naa la buur, ngir
feeñal sama kàttan ci say
mbir, ngir siiwal sama tur
ci àddina si sépp.» 18 Kon
nag Yàlla, la ko neex lay
def, muy yërëm nit, mbaa
dëgëral xolam ci lu bon.

*Merum Yàlla ak yërmandeem*

19 Waaye xanaa dina am
ku may wax ne: «Gannaaw
kenn manula bañ coobarey
Yàlla, lu tax kon muy teg
nit tooñ?» 20 Yaw nag nit
ki, ak koo mana doon, lu
tax ngay werante ak Yàlla?
Ndax mbindeef dina laaj
ki ko bind: «Lu tax nga
binde ma nii?» 21 Ndax
tabaxkatu ndaa sañula fab
banam, tabax ci ñaari ndaa,
benn bi ngir soxla yu am
maana, bi ci des ngir soxla
yu ndaw?

22 Kon nag looy wax ci
lii: Yàlla bëggoon na wone
meram, xamle it dooleem ci
àddina; teewul dafa sax ci
muñal ñi yelloo meram te
taxaw ci sànku. 23 Bëggoon
na it xamle màggaayam mu
ëpp xel, ci boole ñi mu
yërëm ci ndamam; moo tax
mu tànn leen ca njàlbéen.
24 Wax ji noo ko moom, nun
ñi Yàlla woo ci boppam ci
biir Yawut yi ak ci biir xeet
yi ci des. 25 Moom la wax ci
téereb Ose ne:

«Ñi nekkul woon sama xeet
dinaa leen ko def,
ñi bokkul woon ci sama mbëggeel,
dinaa leen ci boole.»

26 Te:

«Fa ñu leen waxe woon: “Dungeen sama xeet,”
dees na leen fa wooye “Doomi Yàlla Boroom dund.”»

27 Esayi wax na ci mbirum
Israyil ne:

«Lu bànni Israyil baree bare ni suufus géej sax,
lu néew rekk a ciy mucc.
28 Ndaxte li Boroom bi dogal ci àddina,
dina ko gaawa def, te dina mat sëkk.»

29 Esayi it waxoon na lu jiitu
loolu ne:

«Boroom gàngoori xare yi, su bàyyiwul woon ci nun lu néew,
kon ba tey raat nanu ni dëkki Sodom ak Gomor.»

*Bànni Israyil ak xibaaru jàmm bi*

30 Lu nu ci wara wax nag?
Ñi dul Yawut te fonkuñu
woon jub ci kanam Yàlla,
léegi jub nañu ci kaw ngëm.
31 Waaye bànni Israyil, mi

bëggoona sàmm yoon ngir
jub, matalu ko. 32 Ndax lan?
Ndax dañoo sukkandiku
ci seeni jëf, bàyyi ngëm.
Dañoo daanu ci «doj wuy
fakktale.» 33 Moom la Yàlla
wax ci Mbind mi ne:

«Dinaa samp ci Siyoŋ doj wuy fakktale,
di xeer wuy daaneel nit;
waaye ku wéeru ci moom, sa yaakaar du tas.»

# 10

1 Bokk yi, sama coobarey
xol ci bànni Israyil ak sama
ñaan ci Yàlla, mooy ñu
mucc. 2 Seedeel naa leen ne,
ñu farlu lañu ci jaamu Yàlla,
waaye seen njaamu àndul
ak xam-xam. 3 Xamuñu
yoon, wi Yàlla tëral ngir
nit jub ci kanamam, waaye
dañoo wéy ci seen pexey
bopp; ba tax ñu baña nangu
yoonu njub woowu Yàlla
tëral. 4 Ndaxte ci Kirist la
yoonu Musaa dëppe, ba tax
ku ko gëm, dinga jub fa
kanam Yàlla.

### *Yàlla bëggoon na ñépp mucc*

5 Ku bëgga jub ci kanam
Yàlla ci kaw sàmm yoon,
Musaa daf cee wax ne: «Ku
ko manoona matal, dinga
dund ba fàww.» 6 Waaye ku
jub ci kanam Yàlla ci kaw
ngëm, nii lay waxe:

«Bul wax ci sa xol ne: “Kuy yéeg ci kaw?”»

mel ni dangaa bëgg Kirist
wàcc.
7 «Bul wax it: “Kuy dem ca barsàq?”»

mel ni dangaa bëgg Kirist
dekki. 8 Kon boog lan lay
wax? Lii:

«Waxu Yàlla mi ngi ci sa wet, ci sa làmmiñ, ci sa xol.»

Te wax jooju lal ngëm lanuy
waare. 9 Ndaxte soo waxee
ak sa gémmiñ ne, Yeesu
mooy Boroom bi, te nga gëm
ci sa xol ne, Yàlla dekkal na
ko, dinga mucc. 10 Ndax xol
la nit di gëme, ba tax mu
jub ci kanam Yàlla; làmmiñ
it la nit di waxe ne mi
ngi ci Kirist, ba tax Yàlla
musal ko. 11 Mbind mi
dafa wax ne: «Képp ku
ko gëm, sa yaakaar du tas
mukk.» 12 Ndax ñépp a yem
ci kanam Yàlla, muy Yawut
mbaa ku dul Yawut, ndax
kenn rekk mooy sunu Bo-
room nun ñépp; ku yéwén
la ci képp ku koy ñaan.
13 Ndaxte bind nañu: «Képp
ku woo Boroom bi ciw tu-
ram, dinga mucc.»

14 Waaye nan lañuy wooye
ki ñu gëmagul? Naka lañu
mana gëme ki ñu déggagul
turam? Naka lañu mana
dégge turam, te kenn xa-
malu leen ko? 15 Nan
lañu mana waaree, su leen
kenn yónniwul? Looloo tax
Mbind mi wax ne: «Ñiy
yégle xibaaru jàmm bi, ni
seen ñëw di sedde xol!»
16 Waaye ñépp nan-
guwuñu xibaaru jàmm bi;
moom la Esayi wax ne:
«Boroom bi, ana ku gëm
sunu waare?» 17 Kon boog
ngëm ci kaw dégg lay
juddoo, te dégg sosoo ci
xibaaru Kirist.

18 Waaye ma ne: xanaa
ñépp dañoo déggul?
Ahakay! Mbind mi wax na
ne:

«Seen baat jolli na ci ñeenti
xébla yépp,
seen wax wër na àddina
sépp.»

19 Waaye ma teg ci ne:
xanaa bànni Israyil dañoo
xamul? Ahakay! Musaa
dafa jëkkoona wax ne:

«Dinaa leen siisloo xeet wu
bokkul ci Yàlla,
merloo leen ci ñi xamul dara
ci Yàlla.»

20 Esayi it takk na fitam, ba
wax ne:

«Ñi ma wutul woon, gis
nañu ma,
feeñ naa ci ñi ma laajul
woon.»

21 Waaye ci mbirum Israyil
dafa wax ne:

«Tàllal naa samay loxo, suba
ba ngoon,
ci xeet wu may bañ tey wer-
ante.»

# 11

*Yàlla bërgëlul bànni Israyil*

1 Ma ne kon, ndax Yàlla
bërgël na xeetam? Mukk!
Ndaxte man itam ci Is-
rayil laa bokk, wàcce ci
Ibraayma te bokk ci giiru
Beñamin. 2 Yàlla bërgëlul
xeetam, wi mu xamoon lu
jiitu. Ndax dangeena xa-
mul li Mbind mi di wax ci
mbirum Ilyaas? Dafa doon
tawat Israyil ci Yàlla naan:
3 «Boroom bi, rey nañu say
yonent, daaneel say bérab
yu sell, ba man kenn maa
ci des, te ñu ngi may wuta
rey.» 4 Waaye Yàlla da ko
ne: «Dencal naa sama bopp
juróom ñaari junniy nit ñu
jaamuwul Baal.» 5 Noonu
itam ci jamono ji nu nekk,
des na nit ñu néew ñu Yàlla
dencal boppam ciw yiwam.
6 Gannaaw nag yiwu Yàlla
rekk a tax mu denc leen, kon
du seen peyug ñaq, walla
boog yiwu Yàlla dootul yiw.

7 Kon lu nu ci wara wax?
Li bànni Israyil doon wut,
gisuñu ko. Waaye ñi Yàlla
tànn rekk a ko gis, te ña ca
des baña gëm, ba seen xol
dërkiis. 8 Looloo tax Mbind
mi ne:

«Yàlla daf leena jox xelum
nit ku gëmméentu,
bët yu gëlëm ak nopp yu tëx,
ba ci bésub tey.»

9 Te Daawuda it daf ci wax
naan:

«Na seeni ñam sax nekk fiir
ak i pakk;
nañu ci daanu, te Yàlla mbu-
gal leen.
10 Nañu gumba ba ne fatuus,
nañu tiis te sëgg ba fàww.»

11 Ndax kon dañoo tarxiis,
daanu ba fàww? Mukk!
Waaye jéllub Israyil dafa
ubbi bunt, ngir xeeti ñi dul
Yawut mana mucc, te bànni
Israyil siis leen. 12 Gannaaw
seen tooñ nag moo ubbi
buntu yiw ci waa àddina
si, te seen ñàkk moo meññ
barkeb xeet yépp, céy bés bu
Israyil gépp delloo ci Yàlla,
ndaw barke bu bare!

*Muccu ñi dul Yawut*

13 Yéen ñi dul Yawut,
yéen laay waxal. Ndegam
Yàlla daf maa def ndawam,
yónni ma ci yéen xeeti
àddina si, damay matal

samab yónnent. 14 Dama
koy def, ngir ñi bokk ak man
xeet siis, ba ñenn ñi mucc.
15 Ndaxte bi Yàlla génnee
Israyil, ubbee na noonu
bunt, ngir xeeti àddina
juboo ak moom; kon su Yàlla
dugalaatee Israyil, ndax du
mel ni ndekkitel néew ya?
16 Damay wax ne, mburu
mépp sell na, bu ci Yàlla
amee wàll. Naka noonu
garab gi Yàlla séddoo reen
bi, garab gépp sell na.

17 Bànni Israyil a ngi mel
ni garabu oliw gu ñu jëmbët
ci kër gi, waaye mu am
car yu ci fàq. Yaw mi dul
Yawut, yaa ngi mel ni caru
garabu oliw gu àll bu ñu
jabtal ci garabu kër googu.
Noonu nga jariñoo meen, mi
jóge ci reen bi. 18 Kon
nag bul bàkku, di xeeb car
yooyu Yàlla fàq. Waaye
soo bëggee bàkku, xamal ne
reen moo lay yenu, te du
yaw miy car yaa koy yenu.

19 Xanaa dinga wax ne:
«Car yooyu dañu leena
fàq, ngir jabtal ma fa ñu
nekkoon.» 20 Dëgg la; waaye
seen ngëmadee tax ñu fàq
leen, wuutal la fa ndax sa
ngëm. Bumu tax nag ngay
bàkku, waaye nanga moytu.
21 Gannaaw Yàlla baalul car
ya cosaanoo ca garab ga,
kon boog yéen itam man na
leena fàq.

22 Loolu kon wone na ni
Yàlla baaxe ak ni muy meree
tooñ. Ci ñi daanu, Yàlla
wone na ni meram tànge,
wone mbaaxam ci yéen, su
fekkee yéena ngi ci wéy;
lu ko moy, dees na leen
fàq yéen itam. 23 Te car
yooyu fàq, su ñu wéyul
ci seen ngëmadi, dees na
leen delloo ci garab gi, ndax
Yàlla man na leen cee tafaat.
24 Yaw mi dul Yawut, yaa ngi
bokkoon ci garabu oliw gu
àll, waaye Yàlla daf la cee
jële, ci lu dul farala am, jab-
tal la ci garabu kër gi. Kon
man nanoo gëna wóor ne,
Yawut ya judduwaale nekk
ci garabu oliw gu kër gi,
Yàlla dina leen ci delloo.

*Yàlla bëgg na yërëm ñépp*

25 Bokk yi, dama leena
bëgga dindi kumpa ci lii,
ngir ngeen baña yég seen
bopp. Dërkiisu xol dab na
bànni Israyil ab diir, ba bés
ba mboolem waa àddina, ñu
wara bokk ci nguuru Yàlla,
dugg ca. 26 Bu loolu amee
nag, bànni Israyil gépp dina
mucc. Moom la Mbind mi
tëral, bi mu naan:

«Ab xettalikat dina jóge ci
Siyoŋ,
dàq weddi ci askanu
Yanqóoba.
27 Loolu mooy kóllëre, gi
may fas ak ñoom,
bés bu may dindi seeni
bàkkaar.»

28 Gannaaw bañ nañu
xibaaru jàmm bi, ay
bañaaley Yàlla lañu, ngir
ngeen jot barkeem. Waaye
gannaaw Yàlla tànn na leen,
dafa leen bëgg ba tey ndax
seen maam ya. 29 Ndax li
Yàlla maye, dootu ko nangu
mukk, te ku mu woo ci
boppam, dootu la dàq mukk.
30 Ñu déggadil Yàlla ngeen

woon, waaye ngëmadig
Yawut yi tax na, ngeen jot
yërmandeem. 31 Ñoom itam
lànk nañu léegi, ngir mana
bokk ak yéen yërmandey
Yàlla. 32 Kon Yàlla tëj na
ñépp ci ngëmadi, ngir mana
yërëm ñépp.

*Yàlla yelloo na teraanga*

33 Xelum Yàlla ni mu
xóote, ak xam-xamam ni
mu baree, ba raw xelum
nit! Kan moo muus, ba xam
dogalam? Walla nga am xel,
ba nànd ay jëfam? 34 Mbind
mi dafa ne:

«Ana ku xam xalaatu Boroom bi?
Ku ko doon digal?»

35 Te it:

«Ku ko masa jox dara,
ba mu war laa delloo?»

36 Ndaxte ci moom la lépp
sosoo, ci moom la lépp di
jaar, ci moom la lépp di
dellu. Moo yelloo ndam ba
fàww! Amiin.

# 12

*Jaamu Yàlla ci dund gu bees*

1 Kon nag bokk yi, gan-
naaw yërmandey Yàlla ba-
ree na noonu, maa ngi leen
di ñaan, ngeen jébbal ko
seen yaram wépp. Na
seen dund mel ni sarax su
ñuy defal Yàlla, sarax su
sell te neex ko. Loolu
mooy njaamu, gi leen war.
2 Bu leen àddina jay, waaye
yeesluleen ci seen xel, ba
soppiku, ngeen mana xam
bu wér coobarey Yàlla, di
lépp lu baax, neex ko te mat
sëkk.

3 Gannaaw Yàlla may na
ma ciw yiwam, ma nekk
ndawam, maa ngi leen di
wax lii, kenn ku nekk ci
yéen: buleen yég seen bopp,
waaye ngeen am xalaat yu
yem, méngook ngëm gi
leen Yàlla sédd, ku nekk ak
wàllam. 4 Loolu, ci maanaa,
mi ngi mel ni yaramu nit:
yaram, lu cér yi baree
bare, benn niroowul ak
moroomam liggéey. 5 Noonu
itam nun ñi bokk ci Kirist, lu
nu baree bare, benn lanu
te danoo mànkoo. 6 Kon
gannaaw Yàlla séddale na
ay mayam, ku nekk ak sa
cér, nanu koy jëfandikoo.
Ku Yàlla may, ngay waare
kàddoom, nga wax ko kem
sa ngëm; 7 kuy topptoo yëfi
mbooloo mi, nga takku ci;
ku Yàlla may, ngay jàngle,
nekk ci; 8 kuy feddali ngëmu
nit ñi ci Yàlla, nga sax ci;
kuy séddoo alalam ak nit
ñi, nga def ko ak xol bu
laab; kuy jiite mbooloo mi,
nga sawar ci; kuy dimbali ñi
néew doole, nanga ci bég.

9 Na seen cofeel di lu
dëggu te baña nekk ngistal;
araamal-leen lu bon te sax
ci lu baax. 10 Bëgganteleen
ak xol bu leer, niy doomi
ndey, te farlu ci teralante.
11 Sawarleen te baña tayel,
di jaamu Boroom bi ak seen
xol bépp. 12 Bégleen ci
yaakaaru ëllëg te muñ bépp
tiis, di sax ci ñaan Yàlla.
13 Dimbalileen gaayi Yàlla yi
ci seeni soxla, te saxoo dalal
gan.

14 Ku leen fitnaal, ñaanal-
leen ko yiw, te bañ koo

móolu. 15 Bégandooleen ak
ñi bég, te jooyandoo ak ñiy
jooy. 16 Bokkleen menn xel,
tey baña yékkatiku, di yóotu
daraja, waaye ngeen fonk ñi
suufe; buleen teg seen bopp
boroomi xel.
17 Buleen feyante lu bon,
waaye sàkkuleen seede
su rafet ci kanam ñépp.
18 Wutleena juboo ak ñépp,
ba fa seen kàttan yem.
19 Samay soppe, buleen di
feyantoo, waaye bàyyileen
lépp ci loxoy Yàlla, mi yelloo
àtte; ndax Yàlla nee na ci
Mbind mi: «Man maay àtte,
maay fey jëf.» 20 Waaye
defleen lii:

«Bu sa noon xiifee, may ko
mu lekk;
bu maree, may ko mu naan.
Ndax boo ko defee, dinga ko
rusloo.»

21 Bu leen lu bon ëpp doole,
waaye notleen ko ci def lu
baax.

# 13

*Ñépp war nañoo déggal njiit yi*

1 Gannaaw loolu na nit ku
nekk déggal ñi yore baat ci
kanamam; ndaxte amul njiit
lu fi Yàlla sampul. Njiit yépp
nag Yàlla moo leen fi teg.
2 Kon ku leen baña déggal,
ndigalu Yàlla nga lànk; ku
def loolu, yoon dina la dab.
3 Kuy def lu baax warula
ragal njiit li, kuy def lu bon
moo ko wara ragal. Soo
ko bëggee baña ragal nag,
kon defal lu baax, te dina
la tagg. 4 Ndax Yàllaa ko
dénk liggéey boobu ngir sa
jàmm. Waaye sooy def lu
bon, war ngaa ragal, ndax
du cig neen la ame jaasiy
àtte; jawriñu Yàlla la ngir
wàcce meru Yàlla, ci fey
ku def lu bon. 5 Kon fokk
ngeen déggal ko, waxuma
sax ndax sañ-sañam boobu,
waaye it ngir seen xel dal.
6 Gannaaw Yàllaa sas njiit
yi liggéey boobu, te ñi ngi ci,
kon fàww ngeen fey galag.
7 Joxleen ku nekk céram;
ku ngeen wara fey galag,
feyleen ko ko; ku ngeen
wara fey juuti, feyleen ko ko;
ku ngeen wara weg, wegleen
ko; ku ngeen wara teral,
teral-leen ko.

*Bëgganteleen*

8 Buleen ameel kenn dara,
lu dul mbëggeel; ndax ku
bëgg sa moroom, wàccoo
nga ak yoonu Musaa.
9 Ndaxte ndigali Yàlla yépp,
yi deme ni: «Bul njaaloo,
bul bóome, bul sàcc, bul
bëgge,» walla leneen ndigal
lu mu mana doon, wax jii
moo leen ëmb: «Nanga
bëgg sa moroom, ni nga
bëgge sa bopp.» 10 Ku bëgg
sa moroom, doo ko tooñ; kon
ku wéy ci mbëggeel matal
nga yoonu Musaa.

*Jekkleen ngir teeru Kirist, buy délsi*

11 Te lii itam am na: xam
ngeen bu baax jamono ji nu
tollu; jamonoy yewwu jot na,
ndax léegi sunu mucc gën
na noo jege, ca ba nu dooree
gëm. 12 Guddi gi màggat na,
bët a ngi bëgga set. Nanu
bàyyi nag jëf yu lëndëm

te ràngoo gànnaay yi nu
Yàlla jox, ngir dund ci leer.
13 Gannaaw nu ngi ci leer,
na sunug dund rafet. Bunu
naan sàngara ba màndi tey
bànneexu; bunu njaaloo tey
def i ñaawteef ak sunuy
cér; bunu xuloo mbaa
nuy ñeeyante. 14 Waaye
gànnaayooleen Yeesu Kirist
Boroom bi, te baña topp
seen bakkan ciy bëgg-
bëggam yu bon.

# 14

*Baña teg sa moroom tooñ*

1 Gannaaw loolu ku
ngëmam néew nangeen ko
nangu, te baña werante ak
moom ci lu lënt. 2 Ndax
am na ku xalaat ne man
na lekk ñam wu nekk, fekk
ku ngëmam néew du lekk
yàpp, waaye léjum rekk lay
lekk. 3 Kiy lekk lu nekk,
bumu xeeb ki ko dul def.
Naka noonu itam ku dul lekk
yàpp, bumu teg tooñ ki koy
lekk; ndax Yàlla nangu na
leen ñoom ñaar. 4 Koo teg
sa bopp, ba di ko teg tooñ?
Jaamu jaambur la! Mu
taxaw ci liggéeyam, mbaa
mu sàggane ko, moom ak
sangam la. Waaye dina
jub, ndax Boroom bi am na
dooley taxawal ko ci njub.

5 Noonu itam am na ñiy
tànn bés ak ñiy yemale bés
yépp. Na ku nekk xam bu
wér li muy def, te jàpp ci.
6 Ndaxte kuy tànn bés, mu
ngi koy def ngir màggal Bo-
room bi. Kiy lekk lu nekk it,
mu ngi koy def ngir màggal
Boroom bi; loolu leer na
ndax day sant Yàlla. Te it
ki baña lekk yàpp, mu ngi
koy def ngir màggal Boroom
bi, di ko sant. 7 Kenn ci
nun dundul ngir boppam,
kenn deewul it ngir bop-
pam. 8 Danuy dund ngir
màggal Boroom bi, dee it
ngir màggal ko. Kon nag
nuy dund mbaa nu dee, noo
ngi ci Boroom bi.

9 Loolu sax moo waral
Kirist dee te dundaat, ngir
mana nekk Boroomu ñi dee
ak ñiy dund. 10 Yaw nag
lu tax ngay teg sa moroom
tooñ? Lu tax nga koy xeeb?
Xanaa nun ñépp, danu dul
dajeji fa kanam Yàlla, ngir
mu layoo ak nun? 11 Ndaxte
Mbind mi tëral na lii:
«Boroom bi nee na:
“Ni mu wóore ne maa ngi
dund,
ni la wóore ne, ñépp dinañu
ma sukkal,
te ku nekk seede ne maay
Yàlla.”»
12 Noonu ku nekk ci nun
dinga làyyi fa Yàlla ci lépp
loo masa def.

*Baña yóbbe sa moroom bàkkaar*

13 Kon nanu bàyyee
tegante tooñ, waaye nu fas
yéenee moytu lépp lu nekk
fiir guy yóbbe sunu moroom
bàkkaar. 14 Xam naa ne
amul wenn ñam wu sellul,
ndax Yeesu Boroom bi xamal
na ma loolu. Waaye loo
yaakaar ne sellul, ci yaw la
sellul. 15 Soo dee lekk luy
indil sa moroom tiis, génn
nga ci mbëggeel. Yaw nag
bul réeral sa moroom ci sa
ñam, ndax Kirist dee na ngir

moom. 16 Bu sa njariñ jur
wax ju ñaaw. 17 Ndaxte bokk
ci nguuru Yàlla jotewul dara
ak lu nuy lekk mbaa lu nuy
naan. Nguuru Yàlla mooy
jub ci kanam Yàlla te am
mbég ak jàmm ci dooley Xel
mu Sell mi. 18 Kiy jaamoo
noonu Kirist moo neex Yàlla
ak nit ñi.
19 Kon nag nanu wut
luy indi jàmm, tey yékkati
ngëmu sunu moroom. 20 Bu
sa ñam yàq jëfu Yàlla. Bépp
ñam sell na ci kanam Yàlla.
Ci lu wér! Waaye képp
ku lekk luy yàq sa ngëmu
moroom, def nga lu bon.
21 Liy sa warugar mooy nga
baña fiir sa moroom ci yàpp
mbaa ci biiñ mbaa ci leneen
lu mu mana doon.
22 Su fekkee sa ngëm dëgër
na, wone ko ci sa diggante
ak Yàlla. Kiy nangu, te du
ci sikkal boppam, kooku bar-
keel na. 23 Waaye kuy lekk
ñam te am ci xel ñaar, def
nga bàkkaar, ndax sa ngëm
yemu fa. Ndaxte jëf ju àndul
ak ngëm, bàkkaar la.

# 15

*Wut li neex sa moroom, te baña topp sa bànneex*

1 Nun ñi dëgër ci sunu
ngëm, war nanoo nangu ñi
seen ngëm néew te am ci
lu ñuy sikki-sàkka, te baña
yem ci wut sunu bànneex.
2 Na ku nekk ci nun di wut lu
neex moroomam ngir jariñ
ko, ba mu gëna dëgër ci
ngëmam. 3 Ndaxte Kirist
masula wut bànneexu bop-
pam. Loolu la Mbind mi
wax ne: «Lor yi ñu la saa-
gaa, ci sama kaw lañu dal.»
4 Ndaxte lépp lu ñu wax-
oon ci Mbind mi lu jiitu
tey, dañu koo tëraloon, ngir
nu sàkku ci xam-xam, xam-
xam bu nuy may fit ak muñ,
ak di feddali sunu yaakaar.
5 Kon nag Yàlla miy maye
muñ ak fit, na leen may,
ngeen déggoo te nekk benn
bu yellook li Kirist Yeesu
wone. 6 Ba tax nu bokk
benn xalaat ak benn baat ci
màggal Yàlla, Baayu Yeesu
Kirist sunu Boroom.

*Xibaaru jàmm bi, ñépp la ñëwal*

7 Moo tax nangoonteleen,
bay màggal Yàlla, ni leen
Kirist nangoo. 8 Lii laay
wax: Kirist ñëw na liggéeyal
Yawut yi, ngir wone kóllëreg
Yàlla ci matal dige, ya mu
digoon maam ya. 9 Ñëw na
itam ngir ñi nekkul Yawut
mana màggal Yàlla ndax
yërmandeem. Moo tax
Mbind mi ne:
«Dinaa la màggal tey tagg
saw tur
ci kanam xeet yépp.»
10 Mbind mi nee na it:
«Yéen xeeti àddina,
ñëwleen bànneexu ak
xeet wi Yàlla tànnal
boppam.»
11 Mu dellooti ne:
«Santleen Boroom bi, yéen
waa àddina,
te ñëw màggal ko, yéen xeet
yépp.»
12 Te it Esayi wax na ne:
«Am na sëtu Isayi buy ñëw,
dina yilif xeeti ñi dul Yawut,
te ci moom lañuy wékk seen
yaakaar.»

13 Kon Yàlla miy maye yaakaar, na def ci seen xol mbég mu réy ak jàmm ju yaa ci seen kaw ngëm, ba ngeen am yaakaar ju mat sëkk ci dooley Xel mu Sell mi.

*Li waral Pool ñemee waxe noonu*

14 Bokk yi, wóor na ma ne baax ngeen ba fa mbaax mana yem, fees dell ak xam-xam, ba mana jàngleente mbiri Yàlla ci seen biir.
15 Bu sama kàddu diisee nag ci bataaxal bii, dara taxul lu dul bëgga yeesal seen xalaat, ndaxte Yàlla ci kaw yiwam daf maa sas, 16 ma nekk jawriñu Kirist Yeesu, yebal ma ci àddina ci xeeti ñi dul Yawut. Liggéey bu sell laay def ngir Yàlla, ci xamle xibaaru jàmmam bi, ngir xeeti àddina sell ci dooley Xel mu Sell mi, ba neex Yàlla, mel ni sarax su ñu koy jébbal. 17 Kon nag maa ngi bànneexu ci Kirist Yeesu ngir liggéey boobu ma Yàlla dénk. 18 Awma fitu wax leneen nag, lu dul li Kirist jëf jaarale ko ci man, ngir xeeti àddina jébbalu ci moom; jëf na jaarale ci samay wax ak samay jëf,
19 ci ay tegtal ak i kéemaan, sukkandikoo ci dooley Xelu Yàlla mi. Ba fi mu nekk nag yégle naa fu nekk xibaaru Kirist, li dale ci Yerusalem, jaar ci gox yépp, ba àgg dii-waanu Iliri. 20 Sama yéene mooy xamle xibaaru turu Kirist fa mu eggagul, ndax bëggumaa yeggale sas wu keneen daloon. 21 Li ma def nag, dëppoo na ak li Mbind mi wax ne:

«Ñi yégagul mbiram dinañu ko yég,
te ñi ko masula dégg, xam ko.»

*Pool fas na yéeney dem dëkku Room*

22 Bëggoon naa ñëw seetsi leen, fekk ay téq-téq ñoo ma téye ba tey. 23 Waaye nag léegi bey naa sama sas ci gox yii. 24 Bu may dem Espaañ nag, bëgg naa faa jaar, nuyu leen; ndaxte ay at a ngii maa ngi am yéene ju tar ci ñëw seetsi leen. Bëgg na maa nekk ci seen biir, ngir am bànneexu sotteente ak yéen xalaat ab diir, te it ngeen waajalal ma sama yoonu Espaañ. 25 Waaye nag fi mu nekk maa ngi dem nii Yerusalem, ngir dimbaliji gaayi Yàlla yu sell ya fa nekk.
26 Ndaxte waa Maseduwan ak waa Akayi ñi gëm, fas nañu yéeney sàkk ci seeni alal, yónnee ko, ngir dimbali ñi néew doole ci gaayi Yàlla yu sell, yi nekk Yerusalem.
27 Yéene nañu ko, te it ci dëgg-dëgg bor la, bu ñu wara fey. Ndaxte gannaaw ñi gëm ci Yerusalem séddoo nañu ak ñi dul Yawut seen ngëm, kon xeet yooyu itam war nañoo séddoo ak ñoom seen alal. 28 Kon nag waxtu wu ma noppee ci liggéey boobu, ba teg may gu tedd gii ci loxoy boroom, dinaa dem Espaañ, tey jaar fi yéen.
29 Te wóor na maa ne bu ma

agsee ci yéen, dinaa indaale
barkeb Kirist bu mat sëkk.
30 Gannaaw loolu bokk yi,
maa ngi leen di ñaan ci turu
sunu Boroom Yeesu Kirist ak
ci bëggante, gi Xelu Yàlla
mi def ci nun, ngeen defal
ma lii: àndleen ak man,
nu tuur sunu ñaq ci ñaan
Yàlla. 31 Ñaanal-leen ma,
ngir ma mucc ci ñi gëmul ci
waa Yude; te it gaayi Yàlla
yu sell yu nekk ci Yerusalem
nangu ndimbal, li ma leen
di yóbbul. 32 Dolli ci, Yàlla
may ma, ma ñëw seetsi leen
ak xol bu sedd, nu booloo
yeeslu fa kanam Yàlla. 33 Yal
na Yàlla miy Boroom jàmm
ànd ak yéen ñépp. Amiin.

# 16

*Pool a ngi nuyu waa Room*

1 Bu nu weesoo loolu,
maa ngi leen di dénk sunu
jigéen Febe, miy liggéeyal
mbooloom ñi gëm ci dëkku
Señsere. 2 Nangeen ko jàpp
ci turu Boroom bi, ni ko
gaayi Yàlla yi yelloo, te dim-
bali ko ci lépp lu mu aa-
jowoo, ndaxte moom itam
wax dëgg, dimbali na ñu
bare, ba ci man mii di wax
ak yéen.

3 Nuyul-leen ma Pirsil ak
Akilas, samay nawle ci
liggéeyu Kirist Yeesu.
4 Ñoom ñaar dem nañu,
bay bëgga jaay seen
bakkan ngir man; maa
ngi leen di gërëm ci
loolu, du man rekk sax,
waaye itam mboolooy
ñi gëm ci xeeti àddina
sépp.

5 Nuyul-leen ma it ñiy
booloo ci seen kër.
Maa ngi nuyu it Epaynet,
mi jëkka gëm Kirist
ci diiwaanu Asi; 6 ak
Maryaama, mi sonnoon
lool ci yéen.

7 Nuyul-leen ma it An-
doronikus ak Yuñas,
sama bokk, yi ñu ma
booleeloon tëj; am nañu
tur ci ndawi Yàlla yi, te
ñoo ma jiitu sax ci gëm
Kirist.

8 Te fàttewuma Ampilyaa-
tus, mi ma bëgg ci sama
xol ngir Boroom bi.

9 Nuyul-leen ma it Urban,
sunu nawle ci liggéeyu
Kirist, ak sama soppe
Estakis; 10 ak it Apeles,
mi ngëmam dëggu, ba
yelloo kóolute.
Nuyul-leen ma it waa kër
Aristobul, 11 ak Erojon
sama mbokk, ak waa kër
Narsis, ñi ci Boroom bi.

12 Maa ngi nuyu Tirifen,
moom ak Tirifos, jigéen
ñi sonn ci liggéeyu Bo-
room bi, ak it sama
soppe Persidd, mi ci jeex
tàkk.

13 Maa ngi nuyu it Rufus,
waa ji xolam seey ci Bo-
room bi, ak yaayam, mi
ma féete woon it cérub
ndey. 14 Te fàttewuma
Asànkirit, Felegon, Er-
mes, Patarobas, Ermas,
ñoom ak mboolem bokk
yépp.

15 Nuyul-leen ma it
Filolog ak Yuli, Nere ak
jigéenam.

Te fàttewuma Olimpas ak
gaayi Yàlla yiy booloo ak
ñoom ñépp.
16 Te yéen bokk yi,
saafoonteleen ak xol bu laab.
Mboolooy ñi gëm Kirist yépp
a ngi leen di nuyu.

*Moytuleen ñi leen di réeral*

17 Bokk yi, maa ngi leen
di dénk, ngeen moytu ñi
leen di féewale, ba di leen
jàddloo yoon wi, ciy wax
lu juuyoo ak dëgg gi ngeen
jàng. Dawleen leen ba
sore. 18 Ndax ñu deme
noonu liggéeyaluñu Kirist
sunu Boroom; seen bopp
lañuy liggéeyal. Ñu ngi ñëw
ak làmmiñ yu neex, di jay
xol yu woyof yi, ba nax leen.
19 Waaye seen dégg ndigal
bir na ñépp, ba sama xol
sedd lool ci yéen. Teewul
nag damaa bëgg ngeen am
xam-xam bu leer ci lu baax,
te baña laal dara ci lu bon.
20 Su ko defee Yàlla Boroom
jàmm dina not Seytaane ci
seeni tànk léegi.

Yal na yiwu Yeesu sunu
Boroom ànd ak yéen!

21 Timote sama nawle bi
may jàpple ci liggéey bi, mu
ngi leen di nuyu, ak samay
bokk Lusiyus, Yason ak Sosi-
pater.

22 Man Tersiyus mi bind
bataaxal bii nag, maa ngi
leen di nuyu ci turu Boroom
bi.

23 Gayus mu ngi leen di
nuyu; moo may ganale ci
këram, te foofa it la mbooloo
mi di dajaloo. Erast miy
topptoo mbiri xaalisu dëkk
bi it, nuyu na leen, ak sunu
mbokk Kartus.
24 Yal na yiwu sunu Bo-
room Yeesu Kirist ànd ak
yéen! Amiin.

*Yàlla yelloo na ndam*

25 Santleen Yàlla, mi leen
mana saxal bu wér ci dëggu
xibaaru jàmm, bi may waare
ci mbirum Yeesu Kirist!
Nekkoon na kumpa gu làqu
diirub ay ati at, 26 waaye
léegi nag Yàlla dindi na nu
ci kumpa. Santaane na, nu
yégle xibaar boobu ci xeeti
àddina sépp, ci firi Mbindi
yonent yi, ngir nit ñi man
koo gëm, ba jébbalu.
27 Yàlla mi jagoo xam-xam
bépp, moom rekk moo yel-
loo ndam ba fàww, jaar ci
Yeesu Kirist! Amiin.

# Bataaxal bu jëkk bi Yàlla may Pool, mu bind ko WAA KORENT

1 Man Pool, ndawul Kirist
Yeesu ci coobarey Yàlla,
man ak Sosten sunu mbokk,
2 noo leen di bind, yéen
mbooloom Yàlla, mi dëkk
Korent. Nu ngi leen di nuyu,
yéen ñi Yàlla sédde boppam
jaare ci Kirist Yeesu, yéen ñi
Yàlla woo, ngeen sell, boole
leen ak ñi nekk ci àddina
sépp tey tudd turu sunu
Boroom Yeesu Kirist, miy
seen Boroom, di sunu bos.
3 Yal na leen Yàlla sunu Baay
ak Yeesu Kirist Boroom bi
may yiw ak jàmm.

*Pool sant na Yàlla*

4 Duma jóg ci di sant
Yàlla sama Boroom ci seen
mbir ndax yiw, wi mu leen
may ci seen bokk ci Kirist
Yeesu. 5 Ndaxte ci yiwi Yàlla
yépp ngeen woomle ci Kirist,
muy ci wax, muy ci xam-
xam. 6 Ndaxte li nu doon
seedeel Kirist, Yàlla dëggal
na ko ci yéen. 7 Noonu nag
ñàkkuleen genn may léegi
bi ngeen di séentu waxtu,
wi sunu Boroom Yeesu Kirist
di feeñ ci biir ndamam.
8 Kirist dina leen dooleel
ba ca muj ga, ngir ngeen
baña am wenn ŋàññ bés bu
sunu Boroom Yeesu Kirist
délsee. 9 Yàlla kuy sàmm
kóllëre la, moom mi leen
woo, ngir ngeen bokk ak
Doomam Yeesu Kirist, sunu
Boroom.

*Na mbooloo mi juboo*

10 Waaye bokk yi, maa ngi
leen di dénk ci turu sunu
Boroom Yeesu Kirist, ngeen
juboo te baña féewaloo ci
seen biir. Waaye nangeen
ànd te booloo, bokk xel,
bokk xalaat. 11 Ndaxte bokk
yi, waa kër Kelowe xamal
nañu ma ne dangeen di xu-
loo. 12 Maa ngi ñëw ca wax
ja: kenn ku nekk ci yéena
ngi naan: «Man ci Pool laa
bokk!» «Man ci Apolos!»
«Man ci Sefas!» «Man ci
Kirist!»
13 Ndax Kirist dafa xaa-
joo? Ndax Pool lañu daajoon
ca bant ba, mu dee ngir
yéen? Ndax sóob nañu leen
ci ndox, ngir wone ne bokk
ngeen ci Pool? 14 Maa ngi
sant Yàlla ci li ma sóobul
kenn ci yéen, ku dul Kiris-
pus ak Gayus, 15 ngir kenn
baña wax ne ci sama tur
lañu ko sóob. 16 Ahakay!
Sóob naa it ci ndox waa kër
Estefanas. Waaye ci sama
pàttaliku sóobuma keneen.
17 Ndaxte Kirist yebalu ma
ngir may sóobe ci ndox,
waaye da maa yebal, ngir
may yégle xibaaru jàmm bi,
te ma bañ koo def ak waxi
xam-xamu nit, ngir baña
ñàkkal faayda deewu Kirist
ca bant ba.

*Xam-xamu nit jotewul dara ak bu Yàlla*

18 Ndaxte yégleb deewu
Kirist ca bant ba, ag ndof
la ci ñiy sànku. Waaye ci
nun ñi aw ci yoonu mucc gi,
dooley Yàlla la. 19 Ndaxte
Mbind mi nee na:

«Dinaa folli xam-xamu bo-
room xam-xam yi,
lem xalaati ñi am xel.»
20 Ana boroom xam-xam
bi? Ana kaaŋ mi? Ana
boroom làmmiñ wu neex
wi ci àddina sii? Xanaa
Yàlla wonewul ne xam-
xamu àddina si ag ndof
la? 21 Gannaaw àddina si
ci xam-xamam demul ba
xam Yàlla —te Yàllaa dogal
loolu ci xam-xamam— soob
na Yàlla mu musal ñi gëm,
jaar ci yégleb xibaaru Kirist,
fekk ag ndof la ci bëti nit.
22 Ndaxte Yawut yi ñu ngi
laaj ay firnde; Gereg yi di
wut xam-xam. 23 Waaye
nun nu ngi yégle Kirist, mi
ñu reyoon ca bant ba, te
loolooy téq ngëmu Yawut yi,
di ag ndof ci ñi dul Yawut.
24 Waaye ci ñi Yàlla woo, ñuy
Yawut mbaa di Gereg, Kirist
mooy dooley Yàlla, di xam-
xamu Yàlla. 25 Li ñuy wax
ag ndof ca wàllu Yàlla moo
gëna tedd xam-xamu nit. Te
li ñuy wax ñàkk dooley Yàlla
moo ëpp kàttan dooley nit.

26 Bokk yi, seetleen seen
nekkin, bi leen Yàlla di woo.
Barewul woon ci yéen, ñi
ñuy tudde ay boroom xam-
xam mbaa ay boroom doole
mbaa ñu rafet ab juddu.
27 Waaye li àddina teg ag
ndof, Yàlla tànn na ko, ngir
rusloo boroom xam-xam yi;
te li àddina teg ag ñàkk
doole, Yàlla tànn na ko,
ngir rusloo boroom doole
yi. 28 Li dul juddu bu
rafet te mata xeeb ci àddina,
Yàlla tànn na ko; Yàlla tànn
na li nekkul, ngir neenal li
nekk. 29 Noonu kenn du
mana damu ca kanam Yàlla.
30 Waaye Yàlla moo def ba
ngeen bokk ci Kirist, moom
mi doon ci nun xam-xam
bu jóge ca Yàlla, maanaam:
sunu njubte, sunu sellaay,
sunu njot. 31 Loolu dafa am,
ngir li Mbind mi wax am,
ne: «Kuy damu, na damu ci
Boroom bi.»

# 2

1 Man ci sama bopp, bokk
yi, bi ma ñëwee ci yéen, ngir
yégle mbóoti Yàlla, ñëwuma
ci ay wax yu neex ak xam-
xam bu réy. 2 Dogu woon
naa ci baña xam dara ci
seen biir lu dul Yeesu Kirist,
te muy ki ñu rey ca bant
ba. 3 Bi ma teewee ci
yéen, ànd naa ak ñàkk
doole, ragal ak njàqare. 4 Li
ma wax ak li ma waare,
defuma ko ci làmmiñ wu
neex, sukkandikoo ko ci
xam-xamu nit, waaye ànd na
ak ay firnde yu soqikoo ci
kàttanu Xelum Yàlla, 5 ngir
seen ngëm baña wékku ci
xam-xamu nit ñi waaye mu
wékku ci dooley Yàlla.

### *Xelum Yàlla mooy joxe xam-xamu Yàlla*

6 Moona am na xam-xam
bu nuy yégal ñi mat, xam-
xam bu bokkul ci àddina
si, te njiiti àddina si xa-
muñu ko, ñoom ñi nara wéy.
7 Nu ngi yégle mbóotu xam-
xamu Yàlla, mu nëbbu woon
te Yàlla dogal ko ngir sunu
ndam, laata àddina di sosu.
8 Kenn ci njiiti àddina amul
woon xam-xam boobu. Su
ñu ko amoon, kon duñu rey

Boroom ndam li ci bant bi.
9 Waaye Mbind mi nee na:
«Lu bët gisul,
nopp déggu ko,
xel xalaatu ko,
loolu la Yàlla dencal ñi ko bëgg.»
10 Fekk nag nun la ko Yàlla
won, jaarale ko ci Xelam.

Xelum Yàlla mooy leeral
lépp, ba ci xalaati Yàlla yi
gëna xóot. 11 Kan ci nit ñi
moo xam yëfi nit? Xanaa
xelum nit mi nekk ci moom
rekk a ko xam. Noonu it
kenn xamul yëfi Yàlla, ku
dul Xelum Yàlla. 12 Nun
nag Xel mi nu jot, jógewul
ci àddina, waaye Yàllaa nu
ko sol. 13 Loolu nu Yàlla
may, yéglewunu ko ci ay
baat yu soqikoo ci xam-
xamu nit, waaye nu ngi koy
yégle ci baat, yi soqikoo ci
Xelum Yàlla, di tekkantal
yëfi Xelum Yàlla ci ay baat
yu mu nu sol. 14 Nit kese du
nangu yëfi Xelum Yàlla. Ag
ndof lay doon ci moom; du
ko mana nangu, ndaxte ku
yor Xelum Yàlla rekk moo ko
mana ràññale. 15 Nit ki yor
Xelum Yàlla dafay àtte lépp;
moom ci boppam, kenn du
ko àtte. 16 Ndaxte Mbind mi
nee na:
«Ana ku xam xalaatu Boroom bi?
Ku ko doon digal?»
Waaye nun am nanu xalaatu
Kirist.

# 3

*Xuloo ci biir mbooloom ñi gëm*

1 Man nag bokk yi,
manuma woona wax ak
yéen ni ay nit ñuy déggal
Xelum Yàlla, waaye waroon
naa wax ak yéen ni ñuy
topp seen nafsu, mel ni ay
liir ci seen dund ci Kirist.
2 Nàmpaloon naa leen,
waaye joxuma leen dugub,
ndaxte àttanuleen ko woon,
te ba léegi sax àttanuleen
ko 3 ci li ngeen di topp seen
nafsu. Bu ñeetaan ak xuloo
amee ci seen biir, xanaa
du loolu mooy wone ne
dangeena topp seen nafsu,
di doxale ni niti àddina?
4 Bu kenn yéglee ne: «Man
ci Pool laa bokk,» keneen
ne: «Man ci Apolos,» ndax
jëfewuleen ni niti àddina
rekk?

5 Kuy Apolos? Ak kuy
Pool? Nun ay surga rekk
lanu, yu ngeen jaare, ba
gëm. Te Boroom bi moo
sas ku nekk liggéeyam.
6 Maa jëmbët, Apolos suuxat,
waaye Yàlla moo jebbil. 7 Ki
jëmbët nag ak ki suuxat,
kenn du ci dara, waaye
Yàlla miy jebbil rekk moo
am solo. 8 Ki jëmbët ak ki
suuxat benn lañu. Teewul
nag ku nekk dina jot yool
bu tollook liggéeyam. 9 Nu
ngi liggéeyandoo ci liggéeyu
Yàlla; yéenay toolu Yàlla,
yéenay taaxum Yàlla.

10 Man nag teg naa fon-
damaa bi, ni tabaxkat bu
man liggéeyam, dëppook
sas wi ma Yàlla jagleel ci
kaw yiwam. Te keneen a
ngi tabax ci kaw; waaye
na ku nekk teeylu ci ni
muy tabaxe. 11 Ci li jëm
ci fondamaa bi, kenn manu
fee tëral beneen bu dul bi
fi xasa taxaw, muy Yeesu

Kirist. 12 Ku tabax ci kaw
fondamaa bi, wurus, xaalis,
per, dénk, gittax walla boob,
13 sa liggéey dina fés, ndaxte
bés baa koy xamle. Bés
boobu dina fenk ni sawara,
te sawara si dina nattu
liggéeyu ku nekk. 14 Ku sa
liggéey dëgër, dinga jot yool.
15 Waaye ku sa liggéey lakk,
dinga ñàkk. Yaw ci sa bopp
dinga mucc, waaye mel ni ku
rëcc ci sawara si.

16 Xanaa xamuleen ne
yéenay kër Yàlla, te Xelum
Yàlla dëkk na ci yéen? 17 Ku
yàq kër Yàlla gi, Yàlla dina la
yàq, ndaxte kër Yàlla gi dafa
sell, te yéenay kër googu.

18 Kon bu kenn nax bop-
pam: su kenn ci yéen tegee
boppam boroom xam-xam ci
gis-gisu àddina sii, kooku na
doon dof, ngir am xam-xam
bu wóor. 19 Ndaxte xam-
xamu àddina si, ndof la fa
Yàlla. Moom la Mbind mi
ne: «Yàlla jàpp na ñu muus
ñi, ba seen fiir këppu ci seen
kaw.» 20 Te it: «Boroom bi
xam na xalaati boroom xam-
xam yi; xam ne duñu mujj
fenn.»

21 Kon nag bu kenn tiitaru
ndax nit ñi, ndaxte yéena
moom lépp, 22 muy Pool, di
Apolos, di Sefas, di àddina,
di dund, di dee, di lu am,
di luy ñëw; lépp, yéena ko
moom. 23 Yéen, Kirist a
leen moom; Kirist, Yàllaa ko
moom.

# 4

*Yàlla rekk moo am sañ-
sañu àtte nu*

1 Nañu nu teg kon ay sur-
gay Kirist, di ay jawriñ yuy
xamle mbóoti Yàlla. 2 Li war
ci jawriñ mooy mu takku
ci liggéeyam. 3 Ngeen àtte
ma walla ñeneen àtte ma,
amaluma ko solo. Man
sax duma àtte sama bopp.
4 Sama xel yeddu ma ci dara,
waaye loolu taxul ma jub;
ki may àtte mooy Boroom
bi. 5 Looloo tax buleen
daan kenn ci àtte, bala ja-
mono ji di jot te Boroom bi
ñëw. Mooy leeral yi nëbbu
ci lëndëm, di làñði mébétu
xol yi. Bu ko defee ku nekk
dina jot ci Yàlla ngërëm li
mu yelloo.

6 Bokk yi, ci loolu ma leen
doon wax lépp nag, misaal
naa leen ko ci Apolos ak
ci man, ngir ngeen xool ci
nun, ba xam li wax jii di
tekki: «Bu seen xalaat weesu
li Mbind mi wax.» Noonu
kenn du màggal kii, suufeel
ki ci des. 7 Ndaxte yaw, ku la
def, ba nga gëna màgg ñi ci
des? Loo am lu ñu la mayul?
Te bu ñu la ko mayee, lu
tax nga di ci tiitaru, mel ni
mayuñu la ko?

8 Yéen suur ngeen
xaat! Woomle ngeen xaat!
Tàmbali ngeen di nguuru
te agseegunu! Céy ni ma
bëgge, ngeen di nguuru, ba
nu mana bokk ak yéen di
nguuru! 9 Xalaat naa ne,
nun ndawi Kirist yi, Yàlla
def na ba nu mel ni nit ñu
ñu jàppe ci xare te mujj ci
sàppe yi, ñu dogal seen dee,
nuy ceetaanum mbindeef
yépp, muy nit muy malaaka.
10 Nun teg nañu nu ni ay dof
ndax Kirist, waaye yéen am
ngeen xel ci Kirist. Néew

nanu doole, waaye yéen
am ngeen doole. Nawees
na leen, waaye nun dañu
noo xeeb. 11 Ba fii mu
nekk, danoo xiif, mar te
rafle; ñu ngi nuy dóor, te
dëkkunu fenn; 12 nu ngi ñaq
di jariñoo. Ku nu saaga, nu
ñaanal la lu baax. Coono
bu ñu nu teg, nu tegoo ko.
13 Ku nu ñaawal, nu tontu la
tont lu rafet. Fi mu ne noo
mujj di mbalitu àddina, di
ñu ñàkk njariñ ci lépp.

14 Binduma leen loolu ngir
ngeen am yeraange, waaye
dama koo def ngir artu leen,
ndaxte yéenay samay doom
te bëgg naa leen. 15 Su ngeen
amee fukki junniy njiit yu
leen di sàmm ci Kirist, ba
tey benn baay rekk ngeen
am, ndaxte maa leen yégal
xibaaru jàmm bi, ba jur leen
ci Kirist. 16 Kon nag maa
ngi leen di ñaan, ngeen roy
ci man. 17 Looloo tax ma
yebal ci yéen Timote, miy
sama doomu diine, di doom
ju takku te ma bëgg ko. Dina
leen fàttali ni may dunde ci
Kirist, te mu dëppook li may
jàngle fu nekk ci mboolooy
ñi gëm ñépp.

18 Am na ci seen biir ñuy
tiitaru, di xalaat ne duma
délseeti ci yéen. 19 Waaye
bu soobee Boroom bi, léegi
ma ñëw ci yéen te seet bo-
room tiitar yooyu; waxuma
seen kàddu, seen doole laay
seet. 20 Ndaxte nguuru Yàlla
du waxi kese, waaye doole
la. 21 Lu leen gënal? Ma ñëw
ci yéen, yor ab yar, walla ma
ànd ak mbëggeel, te lewet?

# 5

*Génneleen kiy moy Yàlla ci seen biir*

1 Dégg nanu sax ñu naan,
am na kuy moy Yàlla ci
seen biir, moy gu ni tollu,
duñu ko gis sax ci ñi xamul
Yàlla. Dem na, ba am ci yéen
kuy séy ak jabaru baayam.
2 Moona yéen de, yéena ngi
tiitaru. Waaye dangeena wa-
roona am naqar, ba dàq kiy
def loolu ci seen biir! 3 Man
nag, jëmm ji sore na leen,
waaye xel mi mu ngi ci yéen,
te àtte naa xaat kiy def loolu,
ni su ma teewoon ci seen
biir. Dogal naa, 4 ngeen
daje ci turu Boroom bi Yeesu,
te sama xel teewe ko, ànd
ak dooley Boroom bi Yeesu,
5 nu jébbal nit kooku Sey-
taane, yaramam yàqu, ngir
ruuwam mucc keroog bésu
Boroom bi.

*Bàkkaar ci xol dafa mel ni lawiir ci mburu*

6 Seen tiitar bi jekkul dara.
Xanaa xamuleen ne tuuti
lawiir day tax tooyalu fariñ
bépp funki? 7 Ni ma leen
ko mana misaale, jëleleen fi
bépp lawiir bu yàgg, ngir
ngeen sell ni tooyal bu bees
bu amul lawiir, ndax nekk
ngeen ko ba noppi. Ndaxte
Kirist deeyal na nu ca bant
ba, mel ni gàtt bu ñuy rendi,
jébbal ko Yàlla ca màggalu
bésu Mucc ba. 8 Kon nanu
màggal sunu Màggal, wax-
uma ak lawiir bu màggat
biy misaal kiñaan ak lu bon,
waaye ak mburu mu amul
lawiir, maanaam ci xol bu
laab ak ci dëgg.

9 Bindoon naa leen,
ngeen baña séq dara ak
njaalookat yi. 10 Bëgguma ci
woona limaale waa àddina,
maanaam njaalookat yi, nay
yi, njublaŋ yi ak xërëmkat
yi. Su ngeen séqul ak ñooñu
dara, kon fàww ngeen génn
àddina. 11 Lii laa leen
bëggoona wax: buleen séq
dara ak ku ñu tudde mbokk
mu gëm Kirist, te fekk day
njaaloo walla mu nay walla
muy xërëm walla muy xas
nit walla muy màndi walla
muy njublaŋ. Nit ku mel
noonu moom, buleen bokk
ak moom, sax far di lekk.

12 Ndax man maa wara
àtte ñi bokkul ci mbooloom
ñi gëm Kirist? Déedéet!
Waaye ñi bokk ci seen
mbooloo yéena leen wara
àtte. 13 Ñi bokkul ci
mbooloom ñi gëm, Yàlla
moo leen di àtte. Waaye
yéen, ni ko Mbind mi waxe:
«Dàqleen ci seen biir kiy def
lu bon.»

# 6

*Waruleena réeroo ci seen
biir*

1 Te it bu kenn ci yéen
amee lëj-lëj digganteem ak
mbokku taalibeem, lu tax
muy dem ca àttekaayi ñi
xamul Yàlla, te baña dem
ca gaayi Yàlla yi, ñu àtte
ko? 2 Xanaa dangeena xamul
ne, gaayi Yàlla yi ñooy àtteji
àddina? Te ndegam yéenay
àtteji àddina, lu tere ngeen
mana àtte mbir yu ñàkk
solo yi? 3 Xanaa xamuleen
ne nooy àtteji malaaka yi?
Waxatumaak mbiri àddina
sii. 4 Bu ngeen amee ay
lëj-lëj yu mel noonu, dan-
geen di wuti ay àttekat ci
ay nit, ñi amul wenn yoon
ci mbooloom ñi gëm! 5 Ma
ne kon, war ngeena rus!
Xanaa amul ci seen biir kenn
ku am xel, ku mana àtte
bokkam yi? 6 Waaye de-
fuleen loolu; mbokk a ngi
layoo ak moroomam, rax-ca-
dolli ci kanam ñi gëmul lañu
koy defe!

7 Layoo bi sax wone na ne
bàyyi ngeen seen warugar.
Lu tax muñuleen sax tooñ,
yi ñu leen di tooñ? Lu tax
far nanguwuleen, ñu sàcc
leen? 8 Waaye yéen sax
yéenay tooñ ak di sàcc, te
seeni bokk ngeen koy def!

9 Xanaa xamuleen ne, ñi
jubadi duñu bokk ci nguuru
Yàlla? Bu leen ci kenn nax:
ñiy doxaan walla xërëmkat
yi ak njaalookat yi ak góor-
jigéen ñi ak ñi ànd ak ñoom,
10 walla sàcc yi ak ñu bëgge
ñi ak màndikat yi ak ñiy
xaste ak njublaŋ yi, duñu
bokk ci nguuru Yàlla. 11 Te
am na ñu meloon noonu ci
yéen. Waaye Yàlla fóotal
na leen seeni bàkkaar, sellal
leen, àtte leen ni ñu jub, ci
turu Boroom bi Yeesu Kirist
ak ci dooley Xelum Yàlla,
sunu Boroom.

*Jariñooleen seen yaram
ngir ndamu Boroom bi*

12 Am na ci yéen ñu
naan: «Sañ naa lépp.»
Waaw, waaye du lépp a
jariñ nit. «Sañ naa lépp,»
waaye duma bàyyi dara,
mu not ma. 13 Am na

ci yéen ñu naan: «Ñam
mooy jariñ biir, te biir ay
jariñoo ñam.» Waaw, te
Yàlla dina leen yàq, ñoom
ñaar yépp. Waaye sàkkuñu
yaram ngir moy Yàlla; dañu
koo sàkk, ngir muy jariñ
Boroom bi, Boroom bi di
ko jariñoo. 14 Te Yàlla,
mi dekkal Boroom bi, dina
dekkal it sunu yaram jaare
ko ci dooleem. 15 Xanaa
xamuleen ne, seen yaram
ñooy céri Kirist? Ndax
kon damay jël céri Kirist,
def ko céri jigéeni moykat?
Mukk! 16 Xanaa xamuleen
ne, kuy ànd ak jigéen juy
moy dafay booloo ak moom,
nekk benn? Ndaxte Mbind
mi nee na: «Ñoom ñaar di-
nañu doon benn.» 17 Waaye
nag kuy ànd ak Boroom bi,
xel yi dañuy booloo, nekk
benn.

18 Dawleen njaaloo! Bépp
bàkkaar bu nit mana def,
du laal yaramam, waaye nag
kuy njaaloo, dafay bàkkaar,
di lor yaramam. 19 Xanaa
xamuleen ne, seen yaram
mooy kër Yàlla gi? Gan-
naaw Xel mu Sell maa ngi
ci yéen, te Yàllaa leen ko
may, kon moomuleen seen
bopp, 20 ndaxte Yàlla jot na
leen ak njég lu réy. Kon nag
màggal-leen Yàlla ci seen
yaram.

# 7

*Li jëm ci mbirum séy*

1 Nanu jàll nag léegi ci
laaj, yi ngeen ma doon bind,
ci baña ànd ak jigéen, ndax
lu baax la ci góor. 2 Lii mooy
sama xalaat: moy gu bare
gi tax na ba, na góor gu
nekk am jabaram, jigéen ju
nekk am jëkkëram. 3 Jëkkër
war na def warugaru jëkkër
ci jabaram; jabar it def
warugaru jabar ci jëkkëram.
4 Jigéen ji amul sañ-sañ
ci yaramam moom kenn;
jëkkëram moo ko moom.
Niki noonu it jëkkër ji
amul sañ-sañ ci yaramam;
jabaram moo ko moom.
5 Bu kenn tere boppam
moroomam, su dul ne
dangeena mànkoo ci def
noonu ab diir, ngir gëna
mana wéetal Yàlla ci ñaan.
Waaye su loolu weesoo,
nangeen doxal yoonu séy;
lu ko moy, Seytaane dina
leen fiir ndax seen ñàkk
maandute. 6 Li ma leen di
wax fii du ndigal, waaye
dama leen di xamal li ñu
leen may, ngeen def ko.
7 Ndaxte dëgg-dëgg su ma
sañoon, kon ñépp mel ni
man; waaye ku nekk ak li
la Yàlla jagleel, kii ak may
gii, kee ak may gale.

8 Lii laay yégal ñi séyul
ak it ñi seen jëkkër dee:
baax na ci yéen, su fek-
kee dangeena toog rekk ni
man, baña séy. 9 Waaye
su ngeen manula téye seen
bopp, nangeen séy, ndaxte
séy moo gën xemmem di
leen gaañ.

10 Ñi séy nag, maa ngi leen
di jox ndigal lii —Boroom bi
moo ko waxoon, du man—
jigéen ju séy warula teqa-
likoo ak jëkkëram. 11 Te bu
teqalikoo ak moom, bumu

séyaat, mbaa boog na juboo
ak jëkkëram. Te bu jëkkër ji
fase jabaram.

12 Ñi ci des nag, lii laa leen
di wax —Boroom bi waxu ko
woon— su nit ku gëm Kirist
amee jabar ju gëmul, te mu
nangoo séy ak moom, waru
koo fase. 13 Naka noonu
it su jigéen ju gëm Kirist
amee jëkkër ju gëmul, te
mu nangoo nekk ak moom,
warula tas. 14 Li tax ma wax
ko moo di, jëkkër ji gëmul,
Yàlla sellal na ko, ndax li
mu ànd ak jabaram. Te it
jigéen ji gëmul, Yàlla sellal
na ko, ndax li mu ànd ak
jëkkëram ji gëm; lu ko moy,
seeni doom dinañu am sobe,
te fekk dañoo sell.
15 Waaye nag, su fekkee ki
gëmul bëgg na dem, na dem.
Ci wàll woowu nag, ki gëm
Kirist, muy jëkkër ji walla
jabar ji, amul benn tënk,
ndaxte Yàlla moo leen woo
ngir ngeen dund ci jàmm.
16 Loo ci xam, yaw jigéen ji,
ndax dinga gëmloo sa jëkkër
Musalkat bi walla déet? Loo
ci xam yaw jëkkër ji it,
ndax dinga gëmloo sa jabar
Musalkat bi walla déet?
17 Ku nekk nag na dund, ni
ko ko Boroom bi jagleele, mu
méngoo ak ni mu meloon,
bi ko Yàlla wooyee. Moom
laay tëral ci mboolooy ñi
gëm yépp. 18 Ki xaraf,
bi ko Yàlla wooyee, warula
jéema far màndargam xaraf
bi. Ki xaraful, bi ko Yàlla
wooyee, aajowul mu xaraf.
19 Xaraf ak ñàkka xaraf lépp
a yem; li am solo moo di
topp ndigali Yàlla. 20 Na
kenn ku nekk jàpp ci li mu
nekkoon, bi ko Yàlla wooyee.
21 Ndax jaam nga woon, bi
la Yàlla wooyee? Na ci sa
xel dal. Waaye soo amee
bunt, ba yiwiku, nanga ci
jaar. 22 Ku nekkoon jaam,
bi la Boroom bi wooyee, Bo-
room bi goreel na la. Ba
tey it ku nekkoon gor, bi ñu
la wooyee, jaamu Kirist nga.
23 Gannaaw Yàlla jot na leen
ak njég lu réy, buleen doon
jaamub nit. 24 Bokk yi, fàww
ku nekk wéy ca kanam Yàlla
ci fànn ga mu nekkoon, bi ko
Yàlla wooyee.

25 Ci li jëm ci janq yi, awma
ndigalu Boroom bi, waaye
maa ngi joxe sama xalaat, ni
ku ñu wóolu ndax li ma jot
yërmandey Boroom bi. 26 Bu
nu seetee tiis wii fi teew nag,
defe naa ne li baax ci nit,
moo di mu sax ci li mu nekk.
27 Ndax takk nga jabar?
Bul wuta tàggook moom.
Ndax takkuloo jabar? Bul
wut jabar. 28 Waaye nag
boo séyee, defoo bàkkaar,
te bu janq séyee, deful
bàkkaar. Waaye ñi séy di-
nañu am naqar ci àddina,
te naqar woowu dama leen
ko bëggoona fanqal, yéen ñi
séyagul.

29 Lii laa bëgga wax, bokk
yi: diir bu gàtt rekk a fi
des. Lu weesu tey, na góor
ñi am jabar di def, ni bu ñu
ko amul woon; 30 ñiy jooy,
mel ni ñu jooyul; ñiy bég,
mel ni ñu bégul; ñiy jënd, ni
ñu moomul li ñu jënd; 31 ñiy
jariñoo àddina, bañ cee xér.

Ndaxte àddina sii, ci ni mu
mel, dootul yàggati.

32 Bëggoon naa, ngeen
baña am benn xalaat. Góor
gu takkul jabar dafay bàyyi
xel ci mbiri Boroom bi,
di wuta neex Boroom bi.
33 Waaye ku takk jabar,
fàww mu bàyyi xel ci mbiri
àddina si, ak nu mu mana
neexe jabaram, 34 te noonu
dafay daldi bare soxla.
Jigéen ju séyul, walla janq,
dafay bàyyi xel ci mbiri
Boroom bi— bëgg koo jox
yaramam ak xelam. Waaye
jigéen ji séy dafay bàyyi
xel ci mbiri àddina, ak nu
mu mana neexe jëkkëram.
35 Seen njariñ a tax ma wax
lii, du ngir teg leen yen bu
ngeen àttanul, waaye ngeen
mana jàppandil Boroom bi
ci njaamu gu rafet gu àndul
ak genn njaaxle.

36 Nanu jàll nag ci mbiri
kiy takk ngoro te amul
pastéefu takk ndaw si. Su
fekkee ne waxambaane wi
xalaat na ne jëfewul nu jekk
ak janq bi, fekk muy wees
ag ndawam, te mu xalaat ne
dafa koo wara takk, kon na
ko takk, ni mu ko bëgge;
deful bàkkaar. 37 Waaye nag
su dogoo dëgg ci baña takk,
fekk sagoom rekk a tax te
kenn tegu ko ko, kon ba tey
def na lu baax. 38 Noonu
ku takk as ndawam def na
lu baax, rawatina nag ku
takkul.

39 Jigéen ji séy dina ànd
ak jëkkëram giiru dundam.
Waaye su jëkkër ji faatoo,
man na séy ak ku ko neex,
su fekkee ne góor gu gëm
la. 40 Moona nag dina gëna
bég, bu toogee noonu rekk.
Loolu mooy sama xalaat, te
defe naa ne man it am naa
Xelum Yàlla.

# 8

*Mbir yi jëm ci lekk yàpp,*
*wi ñu jagleel xërëm yi*

1 Léegi nag, ci li jëm ci
yàpp wi ñu jébbal xërëm
yi: nun ñépp am nanu xam-
xam, loolu dëgg la. Xam-
xam day tax ba nit yég bop-
pam, waaye mbëggeel day
yékkati ngëm. 2 Ku xalaat ne
xam nga dara, sa xam-xam
bënnagul. 3 Waaye ku bëgg
Yàlla, Yàlla xam la.

4 Kon nag ci li jëm ci lekk
yàpp wu ñu jébbal xërëm yi,
xam nanu ne xërëm du dara
ci àddina; xam nanu itam
ne Yàlla kenn rekk la. 5 Su
fekkee ne am na sax yu ñuy
teg Yàlla, muy ci asamaan
mbaa ci suuf —ndaxte am
na yu bare yu ñu faral di
bokkaaleel Yàlla ak Boroom
bi— 6 ba tey ci nun, jenn
Yàlla rekk a am, muy Baay
bi; lépp a ngi jóge ci moom
te moom lanu nekkal. Te
it benn Boroom rekk a am,
muy Yeesu Kirist; lépp a ngi
jaare ci moom, te nun it nu
ngi dund jaare ci moom.

7 Waaye ñépp xamuñu
loolu. Am na ñu tàmmoon
xërëm yi, te léegi, bu ñu
lekkatee yàppu sarax yi,
dañuy xalaat ne xërëm lañu
ko jagleel. Seen xel dafa
leen di yedd, ndaxte ci seen
ñàkka xam dañuy foog ne
taq nañu sobe ndax ñam

woowu. 8 Waaye ñam man-
ula tax nu neex Yàlla. Su
nu ci lekkee, du yokk dara ci
nun. Su nu ci lekkul, du nu
wàññi dara.
9 Waaye moytuleen, ba
sañ-sañ bi ngeen am, baña
yóbbe bàkkaar ñi seen
ngëm néew. 10 Su amee
ku ngëmam néew, mu
gis la, yaw mi bare xam-
xam, nga toog di lekk ca
màggalukaayu xërëm ya,
ndax du ko xiir mu lekk
yàppu sarax? 11 Noonu sa
xam-xam dina lor kooku
ngëmam néew, fekk sa
mbokk moomu, Kirist dee
na ngir moom! 12 Su ngeen
bàkkaaree, ba tooñ bokk
yi néew ngëm, di nëxal
seen xel, bàkkaar ngeen ba
tooñ Kirist. 13 Kon bu sama
mbokk sóoboo ci bàkkaar
ndax ñam wi ma lekk,
dootuma lekk mukk yàpp,
ngir baña sóob ci bàkkaar
sama mbokk mi.

# 9

*Dëddu naa peyu ndawal*
*Kirist te lew na ma*

1 Ndax awma ndogal ci
li may def? Ndax duma
ndawul Kirist? Ndax gisuma
Yeesu sunu Boroom? Xanaa
du yéena soqikoo ci liggéey
bi ma Boroom bi sant? 2 Su
ma ñenn ñi tegul ndaw,
moom laa ci yéen, ndaxte
yéenay firnde jiy wone ne
ndawul Boroom bi dëgg laa.
3 Nii laay tontoo ñi may
àtte: 4 Xanaa sañunoo lekk
ak a naan? 5 Xanaa sañunoo
indaale soxna su gëm Kirist,
ni yeneen ndawul Kirist ak
doomi ndeyu Boroom bi ak
Sefas sax? 6 Walla boog man
ak Barnabas rekk noo wara
daan sunu doole?
7 Kan moo masa solu sol-
daar ci pexey boppam? Kan
mooy bey tool te du ci
jariñu? Walla kan mooy
sàmm jur te du naan ca soow
ma? 8 Lii may wax, du ci yëfi
doom Aadama rekk laa ko
jukkee; xanaa du yoon wi it
moo ko santaane? 9 Ndaxte
bind nañu ci yoonu Musaa
ne: «Bul sunjuñ gémmiñu
nag wu ñu takk ci bo-
jjukaay.» Ndax mooy tekki
nag ne, Yàlla dafa bàyyi
xel nag yi? 10 Walla boog
xanaa nun noo moom wax
jooju? Waaw, noo tax ñu
bind loolu. Noonu kuy bey
war na am yaakaar, te kuy
bojj di yaakaara jot wàllam.
11 Nu ji ci yéen yëfi Xelum
Yàlla, ba noppi góobe ci
yéen yëfi àddina, ndax loolu
dafa ëpp li nu wara séentu?
12 Ndegam ñeneen a am sañ-
sañ boobu ci yéen, nun kon
waxi-noppi.

Waaye nag jariñoowunu
sañ-sañ boobu. Danuy far
muñ lépp, ngir baña indi
ndog ci yoonu xibaaru jàmm
bu Kirist bi. 13 Xanaa xam-
uleen ne, ñiy liggéeyal yëf
yu sell yi, dañuy lekk ñam,
wi ci kër Yàlla gi, te ñiy
liggéey ci sarxalukaay bi,
dañuy jot seen wàll ci sarax
yi? 14 Naka noonu it Boroom
bi digle na ne, ñiy yégle
xibaaru jàmm bi, nanu ci
dund.
15 Waaye man jariñoowuma
benn ci sañ-sañ yooyu, te
binduma yëf yooyu, ngir

ngeen di ma defal yu ni mel.
Dee sax moo ma ko gënal
— kenn du jële ci man mbir
moomu may kañoo! 16 Su
may yégle xibaaru jàmm bi,
manuma cee kañu. Sas la,
wu ñu ma sas. Dinaa torox,
su ma yéglewul xibaaru
jàmm bi! 17 Su doon ci sama
coobare laa yégle xibaaru
jàmm bi, man naa ci séentu
yool. Waaye defuma ko ci
sama coobare, ndaxte sas la,
wu ñu ma sas. 18 Kon nag
lan mooy sama yool? Xanaa
di yégle xibaaru jàmm bi ci
dara, te baña jariñoo sañ-
sañ boobu ma ci yelloo.

19 Gor laa te kenn moomu
ma; teewul def naa sama
bopp jaamu ñépp, ngir
mana gindi nit ñu bare ci
Kirist. 20 Ci biir Yawut yi, sol
naa melow Yawut yi, ngir
gindi leen. Man ci sama
bopp yoonu Musaa jiitalu
ma, terewul bi ma nekkee
ci biir ñiy sàmm yoonu
Musaa, sàmm naa yoon wa,
ngir gindi leen. 21 Ci biir
ñi nekkul ci yoonu Musaa,
faalewuma woon yoon wi,
ngir gindi leen; waxuma
ne ànduma ak yoonu Yàlla,
waaye topp naa yoon ci
sama bokk ak Kirist. 22 Ci
biir ñi néew ngëm, meloon
naa ni ku néew ngëm, ngir
gindi leen. Doon naa lépp
ci ñépp, ngir def lépp lu
ma man, ba ñenn mucc ci.
23 Damaa def loolu lépp ndax
xibaaru jàmm bi, ngir man
it ma am wàll ci barkeem.
24 Xanaa xamuleen ne,
ñépp ñooy daw cib rawante,
waaye kenn rekk ay jël
ndam li? Dawleen nag ngir
jël ko. 25 Ñiy joŋante ci
po muy waral tàggat yaram,
dañuy xañ seen bopp lu
bare. Dañu koy def, ngir am
kaalag ndam gu dul yàgg;
waaye nun danu koy def,
ngir am kaalag ndam gu
sax ba fàww. 26 Man nag
noonu laay dawe, te duma
dawantu. Noonu laay bëree,
waaye duma def ni nit kuy
dóor ci jaww ji. 27 Waaye
damay not sama yaram, ba
moom ko, ngir ragala yégal
ñi ci des xibaaru jàmm bi, ba
noppi Yàlla xañ ma ndam li.

# 10

*Mbirum bànni Israyil mis-
aal la, ma nuy artu*

1 Bokk yi, bëgguma ngeen
umple li daloon sunu maam
ya. Ñoom ñépp niir wa*
tiimoon na leen, te ñoom
ñépp jàll nañu géej. 2 Sóobu
nañu ca ndoxu géej ga ak ca
niir wa, ba bokk noonu ci
Musaa. 3 Ñoom ñépp bokk
nañoo lekk ñam wa Yàlla
joxe, 4 naan naan ga mu joxe,
ndaxte ñu ngi doon naan ca
xeer, wa leen doon gunge, te
xeer woowa Kirist la woon.
5 Teewul ñi ëpp ci ñoom
neexuñu woon Yàlla, ba mu
fàddoon leen ca màndiŋ ma.
6 Mbir yooyu ay misaal
lañu, yu nuy artu, ngir benn

* **10:1** Ba bànni Israyil nekkee ca màndiŋ ma, Boroom bi moom ci boppam moo leen jiite woon, mel ni niir ci bëccëg bi, ngir gindi leen, su guddee mu doon jumu sawara, ngir niital leen.

bëgg-bëgg bu bon bañ noo
jiital, na mu leen jiitale
woon. 7 Buleen jaamu ay
xërëm, ni ko ñenn ñi ci
ñoom defe woon. Ndaxte
Mbind mi nee na: «Mbooloo
mi dafa toog, di lekk ak
di naan, ba noppi ñu jóg
di mbumbaay.» 8 Bunu
njaaloo, ni ko ñenn ñi ci
ñoom defe woon, ba tax
ñaar fukki junni ak ñett
ci ñoom dee ci benn bés.
9 Bunu diiŋat Kirist, ni ko
ñenn ñi ci ñoom defe, ba
ay jaan màtt leen, ñu dee.
10 Buleen xultu, ni ko ñenn
ñi ci ñoom defe woon, ba tax
Malaakam bóomkat bi rey
leen.
11 Mbir yooyu leen daloon
misaal la ci nun, te bind
nañu ko ngir artu nu, nun
ñiy dund ci jamono jii lépp
mat. 12 Kon nag kiy naw
sa doole, ba yaakaar ne
taxaw nga, moytula daanu
ci bàkkaar! 13 Benn nattu
dabu leen bu wuute ak yi dal
nit ñépp. Te sax Yàlla kuy
sàmm kóllëre la, te du nangu
nattu bi wees seen kàttan,
waaye cib nattu dina leen
ubbil bunt bu ngeen mana
rëcce, ba ngeen man koo
dékku.

*Buleen booloo ak rab yu bon yi*

14 Looloo tax, sama soppe
yi, nangeen daw xërëm yi.
15 Maa ngi wax ak yéen ñi
am xel. Kon seetleen li
ma leen wax. 16 Kaas bu
yiw bi tax nuy gërëm Yàlla,
ndax du wone sunu booloo
ak deretu Kirist? Mburu
mi nuy damm, xanaa du
dafay wone sunu booloo ak
yaramu Kirist? 17 Ndegam
benn mburu rekk a am, kon
nun ñépp lu nu baree bare,
menn mbooloo lanu, ndaxte
bokk nanu menn mburu mi.
18 Seetleen ci bànni Israyil.
Ñiy lekk sarax si ñu rendi,
ndax booloowuñu ak Yàlla
ji ñu jagleel sarxalukaay ba?
Ahakay! 19 Li may wax, lu
muy tekki? Ndax yàpp wi ñu
jagleel xërëm yi dafay dara?
Walla xërëm yi dañuy dara?
20 Déedéet! Waaye sarax yi
xërëmkat yi di rendi, ay rab
lañu ko jagleel; jagleeluñu
ko Yàlla. Te man bëgguma,
ngeen booloo ak rab yi.
21 Manuleena naan ci kaasu
Boroom bi, naan ci kaasu
rab yi. Manuleena sukk
ci reerub Boroom bi, sukk
ci reerub rab yi. 22 Walla
boog ndax danuy jéema gillil
meru Boroom bi? Xanaa noo
ko ëpp doole?

*Na mbëggeel laal seeni jëf, te ngeen wottu seen sañ-sañ*

23 Dafa am ñu naan:
«Lépp lanu sañ.» Waaw,
waaye du lépp a baax ci nun.
«Lépp lanu sañ,» waaye it
lépp du yékkati ngëm. 24 Bu
kenn seet njariñam rekk,
waaye nay seet njariñul
moroomam.
25 Man ngeena lekk lépp
lu ñuy jaay ca ja ba, bañ
cee boole ay laaj ngir dalal
seen xel. 26 Ndaxte Mbind
mi nee na: «Àddina ak li ci
biiram lépp, Boroom bi moo
ko moom.»
27 Ku xamul Yàlla nag,
bu leen wooyee aw ñam

këram, te ngeen nangoo
dem, lekkleen lépp lu ñu
leen dëj, baña laajte dara
ngir dalal seen xel. 28 Waaye
bu leen kenn nee: «Lii
sarax la, bu ñu jagleel xërëm
yi,» suurleen ko ndax ki
leen ko xamal, ngir xel mu
dal. 29 Waxuma sa xel yaw,
waaye xelu keneen laay wax.

Waaye nga ne: «Li ma
saña def, lu tax nit ku xelam
dalul di am dara lu mu ciy
wax? 30 Su ma lekkee dara di
ci sant Yàlla, lu tax ñu may
wax lu ñaaw, fekk sant naa
ci Yàlla?»

31 Kon su ngeen di lekk
walla ngeen di naan, walla
lu ngeen mana def, defleen
lépp ngir màggal Yàlla.
32 Buleen def dara lu mana
fanq ngëmu Yawut yi
walla ñi dul Yawut walla
mbooloom Yàlla. 33 Noonu
laay def man ci sama bopp:
damay wuta neex ñépp ci
lépp. Wutuma lu may jariñ,
waaye luy jariñ ñu bare laay
wut, ngir ñu mucc.

# 11

1 Royleen ma nag, ni may
roye Kirist.

*Li jekk ci góor ak ci jigéen, bu mbooloo miy màggal Yàlla*

2 Maa ngi leen di sant ci
li ngeen may fàttaliku ci
lépp, ak ci li ngeen di topp
dénkaane yi ma leen dénk.

3 Waaye nag bëgg naa
ngeen xam lii: Kirist mooy
kilifag bépp góor, góor
di kilifag jigéen, te Yàlla
di kilifag Kirist. 4 Kon
nag góor guy ñaan Yàlla,
walla muy wax ci kàddug
Yàlla, fekk mu teg dara
ci boppam, day suufeel
Kirist, kilifaam. 5 Waaye
bu jigéen musóoruwul,
buy ñaan walla buy wax
ci kàddug Yàlla, kooku
day suufeel jëkkëram jiy
kilifaam, ndaxte day mel ni
jigéen ju ñu wat. 6 Jigéen
ju dul musóoru, bu yaboo,
mu watu. Waaye su fekkee
ne jigéen dafay am kersa,
su wàññee kawaram walla
mu watu, fàww kon mu
musóoru. 7 Góor nag moom
warula teg dara ci boppam,
ndaxte mooy melokaanu
Yàlla te dafay wone ndamu
Yàlla. Jigéen moom dafay
wone ndamu góor. 8 Ndaxte
jëlewuñu góor ci jigéen,
waaye jigéen lañu jële ci
góor. 9 Te sàkkuñu góor ngir
jigéen, waaye jigéen lañu
sàkk ngir góor. 10 Looloo
tax jigéen wara teg ci kaw
boppam luy màndargaal
kilifteef ga, ndax malaaka
yi.

11 Teewul nag ci sunu
booloo ak Boroom bi, jigéen
a ngi wéeru ci góor, te góor a
ngi wéeru ci jigéen. 12 Ni ñu
sàkke jigéen ci góor, noonu
la góor juddoo ci jigéen, te
lépp a ngi jóge ca Yàlla.

13 Seetleen mbir mii:
ndax jekk na jigéen baña
musóoru, buy ñaan Yàlla?
14 Xanaa du àddina ci
boppam dafa leen di won
ne gàcce la ci góor, ngir
muy yar kawar gu bare?
15 Waaye loolu nag ab taar

la ci jigéen. Dañoo jagleel
jigéen kawar gu gudd, muy
muuraay ci moom. 16 Waaye
su kenn bëggee werante
ci mbir moomu, na xam
lii: amunu beneen aada
ci njàng mi, du nun walla
mboolooy Yàlla.

*Reerub Boroom bi*

17 Bi may tollu ci ndigal yi,
manuma leena sant, ndaxte
seeni ndaje loraange lañuy
jur, waaye du njariñ. 18 Ci bu
jëkk dégg naa lii: bu ngeen
di daje, am na ci yéen ñuy
féewaloo, te xaw naa koo
gëm. 19 Fàww mu am ay
féewaloo ci seen biir, ngir
ñu mana xàmmi ñi neex
Yàlla ci yéen. 20 Bu ngeen
dajee, manuleena wax ne
reerub Boroom bi ngeen di
lekk. 21 Ndaxte bu ngeen
dee lekk, ku nekk dafay
gaawantu di lekk reeram,
ba tax ñenn ñaa ngi xiif,
fekk ñeneen di màndi.
22 Xanaa amuleen kër yu
ngeen di lekke ak di naane?
Walla ndax dangeena xeeb
mbooloom Yàlla? Walla
ngeen bëgga rusloo ñi amul
dara? Lu ma leen ci wara
wax nag? Ma gërëm leen ci
loolu? Mukk! Gërëmuma
leen.
23 Li ma jële ci Boroom
bi, moom laa leen jottali:
Boroom bi Yeesu, ci guddi
gi ñu ko woree, dafa jël
mburu, 24 sant Yàlla, damm
ko ne: «Lii sama yaram la,
wi ma joxe ngir yéen. De-
fleen lii, ngir fàttaliku ma.»
25 Noonu itam bi ñu lekkee
ba noppi, mu jël kaas bi ne
leen: «Kaas bii mooy misaal
kóllëre gu bees, gi Yàlla fas
jaarale ko ci sama deret. De-
fleen lii ngir fàttaliku ma.»
26 Ndaxte saa su ngeen di
lekk mburu mii, walla ngeen
di naan ci kaas bii, yéena ngi
yégle deewu Boroom bi, ba
kera muy ñëw.
27 Kon nag képp ku jekkadi
ni mu lekke ci mburu mi
te naane ni ci kaasu Bo-
room bi, tooñ nga yaramu
Boroom bi ak deretam. 28 Na
ku nekk seetlu boppam nag,
sooga lekk ci mburu mi te
naan ci kaas bi. 29 Ku
lekk mburu mi, naan ci kaas
bi, fekk faalewuloo solos
yaramu Kirist wi, sa lekk
ak sa naan dina xëcc àtteb
Yàlla ci sa kaw. 30 Looloo
tax ñu bare ci yéen wopp
te ñàkk doole, ba ñenn ñi
faatu. 31 Su nu doon seetlu
sunu bopp ni mu ware, kon
àtte du nu dal. 32 Waaye bu
nu Boroom bi dee àtte, da
nuy yar ngir bañ noo boole
ci mbugalu àddina.
33 Noonu nag bokk yi,
bu ngeen dajee, di lekk
reerub Boroom bi, nangeen
xaarante. 34 Ku xiif, na lekke
këram, ngir baña indi ci
yéen àtteb Yàlla ndax seen
ndaje yi.

Yeneen fànn yi ci des nag,
bu ma ñëwee ci yéen, dinaa
ko seet.

# 12

*May yi jóge ci Xelu Yàlla mi*

1 Léegi nag bokk yi, ci
li jëm ci mayi Xelum Yàlla,
bëgguma ngeen umple ci
dara. 2 Xam ngeen ne bi

ngeen xamagul woon Yàlla,
xërëm yi manula wax ñoo
leen jiitaloon, di leen wom-
mat. 3 Moo tax ma leen di
xamal lii: ku Xelum Yàlla
solu du wax ne: «Yeesu dafa
araam.» Te it kenn manula
wax ne: «Yeesu mooy Bo-
room bi,» su ko ko Xelum
Yàlla waxloowul.
4 Am na fànni may yu
bare yu jóge ci Xelum Yàlla,
waaye menn Xel moomu
moo koy séddale. 5 Am na ay
sas yu bare, waaye benn Bo-
room bi la. 6 Am na ay fànn
yu bare yu Yàllay feeñale
dooleem, waaye jenn Yàlla ji
mooy jëfe doole yooyu yépp
ci ñépp.
7 Noonu Yàlla jox na ku
nekk fànn gu muy feeñale
Xelam mu Sell mi ngir
njariñul ñépp. 8 Am na ku
Yàlla sédde, jaarale ko ci
Xelam, mayu wax ak xel mu
leer, keneen am mayu xam-
xam, te mu bawoo ci menn
Xel mi. 9 Keneen it menn Xel
mi jox ko ngëm, keneen di
wéral ay jàngoro ci kàttanu
Xel moomu, 10 keneen di def
ay kéemaan, am kuy wax
ci kàddug Yàlla, am keneen
kuy ràññee li jóge ci Xelum
Yàlla ak li jóge ci yeneen
xel yi, keneen it di wax ay
xeeti làkk, ak kuy firi làkk
yooyu. 11 Loolu lépp, menn
Xel moomu moo koy def, ku
nekk mu sédd la ci, ni mu ko
soobe.

*Wenn yaram ak cér yu bare*

12 Noona la ci yaramu nit.
Yaram wenn la, teewul am
na cér yu bare. Waaye céri
yaram yépp, ak li ñuy ba-
ree bare, ñoo bokk, doon
wenn yaram. Te noonu la
Kirist mel. 13 Yàlla sóob na
nu ci menn Xelam mi, ngir
nu doon wenn yaram: nuy
Yawut walla nu dul Yawut,
nuy jaam mbaa gor, nun
ñépp Yàlla may na nu, nu
naan ci menn Xel mi.
14 Yaram du benn cér,
waaye cér yu bare la.
15 Kon bu tànk nee: «Man
duma loxo, kon bokkuma ci
yaram,» du ko teree bokk
ci céri yaram yi. 16 Te bu
nopp nee: «Duma bët, kon
bokkuma ci yaram,» du ko
teree bokk ci céri yaram
yi. 17 Bu yaram wépp doon
bët, kon nan lay dégge?
Walla bu yaram wépp doon
nopp, kon nan lay xeeñtoo?
18 Waaye Yàlla dafa riime
céri yaram wi, def bu ci nekk
fa mu ko soobe. 19 Bu lépp
doon benn cér, kon fu yaram
di nekk? 20 Cér yi daal bare
nañu, waaye wenn yaram
rekk a am.
21 Bët nag manul ne
loxo: «Soxlawuma la!» Te
bopp it manul ne tànk yi:
«Soxlawuma leen!» 22 Loolu
sax manula am, ndaxte céri
yaram, yi gëna néew doole,
ñoo gëna am njariñ. 23 Te
cér yi gëna ñàkk maana,
ñoom lanuy gëna topptoo.
Cér yi ci rafetula tudd, ñoom
lanuy gëna suturaal, 24 fekk
yi gëna rafet, soxlawul nu
leen di suturaale noonu.
Waaye Yàlla dafa boole sunu
céri yaram yi, ngir gëna teral
cér yi ko soxla. 25 Noonu
yaram du séddaloo, waaye

cér bu ci nekk dina dimbali
yi ci des. 26 Bu sa benn céru
yaram dee metti, yeneen yi
ci des yépp dañuy bokk, yég
metit wi. Te bu dee dangaa
fonk sa benn céru yaram it,
ndax du sa yaram wépp a
ciy bànneexu?

27 Léegi benn yaram
ngeen, muy yaramu Kirist,
te kenn ku nekk ci yéen
cér nga ci. 28 Te Yàlla teg
na ci mbooloom ñi gëm, ku
nekk ak sa may: ci bu jëkk
ay ndawi Kirist, teg ca ñiy
wax ci kàddug Yàlla, teg
ca ñiy jàngle, ñiy def ay
kéemaan, ñi am mayu wéral
ay jàngoro, ñiy dimbalee,
ñiy jiite, ñiy wax ay xeeti
làkk. 29 Ndax ñépp ay
ndawi Kirist lañu? Ndax
ñépp dañuy wax ci kàddug
Yàlla? Ndax ñépp ay jàngle?
Ndax ñépp ay def kéemaan?
30 Ndax ñépp a am mayu
wéral ay jàngoro? Ndax
ñépp ay wax ay làkk? Ndax
ñépp a leen di firi? 31 Waaye
fonkleen may yi gën.

### *Mbëggeel moo gëna màgg lépp*

Léegi nag ma won leen
yoon wu gën lépp.

# 13

1 Su fekkee ne damay wax
làkki nit ñi ak yu malaaka
yi sax, te boolewuma ci
mbëggeel, duma dara
lu dul ndënd muy riir,
walla jóolóoli buy kandaŋ-
kandaŋi. 2 Su ma yéglee
wax ju tukkee ci Yàlla, ma
xam lépp luy kumpa, ma
yor xam-xam bépp te gëm
Yàlla ba mana randal ay
tund, fekk boolewuma ci
mbëggeel, duma dara. 3 Te
it su ma doon sarxe li ma am
lépp, di bàyyi ñu lakk sama
yaram, ba rey ma, su ma ci
boolewul mbëggeel, du ma
jariñ dara.

4 Ku bëgg dafay muñ te
laabiir. Ku bëgg du iñaan,
du kañu, du tiitaru, 5 du def
lu jekkadi, du wut njariñu
boppam, du naqari deret, du
ñaaw njort. 6 Du bég ci
lu awul yoon, waaye dina
bég ci lépp luy jollil dëgg.
7 Mbëggeel day baale lépp,
am gëm ci lépp, yaakaar
lépp, muñ lépp.

8 Mbëggeel amul àpp.
Ñiy wax ci kàddug Yàlla
dinañu noppi, ñiy wax
ay làkk dinañu ko bàyyi,
ñiy xamle xam-xamu Yàlla
wàcc. 9 Xam-xam bi nu
am des na, te ni nu jottalee
xibaar bi nu Yàlla dénk des
na. 10 Waaye li mat, bu
dikkee, li matul jóge fi. 11 Bi
ma dee xale, dama doon wax
ni xale, di dégge ni xale, di
xalaate ni xale. Waaye bi
ma doonee mag, bàyyi naa
lu bokkoon cig ndaw. 12 Tey
jii gis bu lëndëm lanuy gis,
ni takkandeer ci seetu bu
lëndëm; bu ëllëgee dinanu
gis jaxran. Tey jii sama
xam-xam des na; bu ëllëgee
dinaa xam ba mat sëkk, ni
ma Yàlla xame.

13 Léegi nag ñett yii
ñooy sax: ngëm, yaakaar,
mbëggeel; te mbëggeel
moo ci raw.

# 14

*Farluleen ci di jottali
kàddug Yàlla*
1 Xëntewooleen mbëggeel
te fonk mayi Xelum Yàlla,
rawatina mayu wax ci
kàddug Yàlla, 2 ndaxte kiy
wax aw làkk, waxul ak nit
ñi, waaye Yàlla lay waxal,
ndaxte kenn déggul li muy
wax. Dafay wax ay mbóot
ci xelam. 3 Waaye kiy
jottali kàddug Yàlla, nit
ñi lay waxal ngir yékkati
seen ngëm, di leen dénk
ak a dëfal. 4 Kiy wax aw
làkk dafay yokk boppam,
waaye kiy wax ci kàddug
Yàlla, dafay yokk ngëmu
mbooloo mi. 5 Léegi nag
bëgg naa yéen ñépp, ngeen
di wax ay làkk, waaye li ma
gënal mooy ngeen di wax
ci kàddug Yàlla. Kiy wax
ci kàddug Yàlla moo gën
kiy wax ay làkk, su firiwul
li muy wax, ngir ngëmu
mbooloo mi yokku.

6 Kon nag bokk yi, su ma
ñëwee ci yéen, di wax ay
làkk, lu ma leen di jariñ?
Dara, su ma leen indilul
dëgg gu Yàlla feeñal, walla
xam-xam walla kàddu gu
tukkee ca Yàlla, walla am
njàngle. 7 Noonu la mel
itam ci yëf yi dundul tey
riir, ni toxoro walla xalam.
Su li ci jibe leerul, naka la
nit mana ràññee li mbiibi
toxoro walla buumi xalam di
wax? 8 Rax-ca-dolli su liit gi
jibul bu leer, kuy mana waa-
jal xare ba? 9 Noonu itam
bu ngeen génnewul ay wax
yu leer ci seen gémmiñ, nan
lañuy mana xame li ngeen di
wax? Dingeen wax cig neen!
10 Xawma ñaata xeeti làkk a
am ci àddina, te wu ci nekk
am na lu muy tekki. 11 Su
ma xamul nag làkk wi ñu
may làkk, doxandéem laay
doon ci ki koy wax, te ki
koy wax it doxandéem la ci
man. 12 Yéen itam, gannaaw
dangeena fonk mayi Xelum
Yàlla, jéemleena ëpple ci liy
yokk ngëmu mbooloo mi.

13 Looloo tax kiy wax aw
làkk, na ñaan ngir mu
mana firi li looluy tekki.
14 Su may ñaan Yàlla ci aw
làkk, sama xol day ñaan,
waaye sama xel amalul kenn
njariñ. 15 Kon nag lu muy
indi? Bu may ñaan, dinaa
ànd ak sama xol, àndaale
ak sama xel. Bu may
woy, dinaa ànd ak sama
xol, àndaale ak sama xel.
16 Walla, boo dee gërëm
Yàlla, ànd ci ak sa xol
rekk, kon ku masula jàng
mbir yooyu, nan la mana
waxe: «Amiin,» ci sa cant
Yàlla googu? Ndaxte xamul
li ngay wax. 17 Dëgg la,
dangay sant Yàlla bu baax,
waaye ki ci des, ngëmam
yokkuwul.

18 Maa ngi sant Yàlla ci li
may wax ay làkk, ba raw
leen yéen ñépp. 19 Waaye ci
ndajem mbooloom ñi gëm,
wax juróomi baat yu am
njariñ, ngir jàngal ñi ci des,
moo ma gënal wax fukki
junniy baat ciw làkk.

20 Bokk yi, buleen melati
ni ay xale, ci ni ngeen di
xalaate. Ci lu jëm ci lu bon,

mel-leen ni ay xale, waaye ci
seeni xalaat, mel-leen ni ay
mag. 21 Bind nañu ci téereb
yoon wi:
«Dinaa wax ak mbooloo mii,
jaare ko ci ay nit, ñuy wax
yeneen làkk,
ak ay gémmiñi doxandéem,
waaye ba tey duñu ma
déglu.»
Moom la Boroom bi wax.
22 Ci noonu wax ay làkk,
firnde la ci ñi gëmul, te du
firnde ci ñi gëm. Te it wax ci
kàddug Yàlla, du firnde ci ñi
gëmul, waaye firnde la ci ñi
gëm. 23 Kon nag su fekkee ku
jàngul mbiri Kirist walla ku
gëmul dugg ca mbooloo ma,
fekk ñépp di wax ay làkk,
ndax du wax ne dangeena
dof? 24 Waaye bu ñépp
dee wax ci kàddug Yàlla,
te ku gëmul dugg fa, walla
ku jàngul mbiri Kirist, wax
yi ñépp wax dafay wone
bàkkaaram te àtte ko, 25 ba
kumpay xolam feeñ. Bu
ko defee dina dëpp jëëm
ci suuf, di màggal Yàlla te
naan: «Dëgg-dëgg Yàllaa
ngi ci seen biir.»

*Seetleen bu baax seen nekkin ci seen ndaje*

26 Kon nag bokk yi, lu muy
indi? Bu ngeen dajee, kii
am aw taalif, kii am njàngle,
kii dëgg gu Yàlla feeñal, kii
di wax aw làkk, kee di ko
firi. Na loolu lépp aw ci
yoonu yokk ngëmu mbooloo
mi. 27 Su amee kuy wax
aw làkk, na ñaar wax walla
gën gaa bare ñett. Nañu
ko toppante, te kenn di firi.
28 Su amul kuy firi, kooku
di wax aw làkk, na noppi
ci ndajem mbooloo mi. Na
waxanteek Yàlla ci xolam.
29 Ci ñiy wax ci kàddug
Yàlla nag, na ñaar walla ñett
wax, te ñi ci des ràññee
li ñuy wax. 30 Su amee
ku toog te Yàlla feeñal ko
dëgg, na ki doon wax noppi.
31 Yéen ñépp man ngeena
kenn-kennoo wax ci kàddug
Yàlla, ngir ñépp jàng te dégg
li ñu leen di dénk. 32 Ñiy
jottali kàddug Yàlla dañoo
moom seen xel, 33 ndaxte
Yàlla du Yàllay lëj-lëj waaye
Yàllay jàmm la.
Ci mboolooy gaayi Yàlla
yépp, 34 na jigéen ñi noppi ci
ndaje mi, ndaxte sañuñu faa
wax. Nañu doon jigéen ñu
nangu, ni ko yoon wi tërale.
35 Te su ñu bëggee laaj dara,
nañu ko laaj seen jëkkër
ca kër ga, ndaxte jigéen di
wax ci ndajem mbooloom ñi
gëm, gàcce la.
36 Ndax ci yéen la kàddug
Yàlla sosoo? Walla ndax ci
yéen rekk la agsi? 37 Su
kenn xalaatee ne mooy wax
ci kàddug Yàlla, walla mu
xalaat ne Xelum Yàlla jagleel
na may, na nangu ne lii ma
leen bind ndigalu Boroom bi
la. 38 Te su ko xeebee it, ñu
xeeb ko.
39 Kon nag bokk yi, far-
luleen ci di wax ci kàddug
Yàlla, te buleen tere kenn
muy wax ay làkk. 40 Waaye
nag, na lépp di dox ciy teggin
te aw yoon.

## 15

*Ci li jëm ci ndekkitel Kirist*

1 Léegi nag bokk yi, maa
ngi leen di fàttali xibaaru
jàmm bi ma leen yégal.
Xibaaru jàmm boobu, nangu
ngeen ko te yéena ngi ciy
sax. 2 Ci moom ngeen jaare,
ba mucc, bu ngeen téyee bu
dëgër njàngle mi, ni ma leen
ko yégale. Walla xanaa boog
gëm ngeen ko cig neen?

3 Li ma jotoon, jottali naa
leen ko, te moo jëkk ci
maana yi: Kirist dee na ngir
dindi sunuy bàkkaar, ni ko
Mbind mi tërale, 4 suul nañu
ko, mu dekki ca ñetteelu
fan ba, ni ko Mbind mi
tërale. 5 Feeñu na Sefas, teg
ca fukki taalibe ya ak ñaar.
6 Gannaaw ga feeñu na lu
ëpp juróomi téeméeri bokki
taalibe ci benn yoon. Te ñu
bare ci ñoom ñu ngi dund
ba léegi, waaye am na ci ñu
nelaw. 7 Ba noppi feeñu na
Saag ak ndawi Kirist yépp.
8 Man nag la mujja feeñu,
ma mel ni liir bu judduwul
ci jamonoom. 9 Ndaxte maa
gëna ñàkk solo ci ndawi
Kirist yi, te yeyoowuma sax,
ñu may wooye ndaw, man
mi doon fitnaal mbooloom
Yàlla. 10 Waaye nag yiwu
Yàlla moo tax ma doon li ma
doon, te yiw, wi mu wone
ci man, du cig neen. Waaye
sax maa gëna liggéey ñi ci
des ñépp: du ci man, waaye
yiwu Yàlla, wiy jëf ci man,
moo tax. 11 Noonu nag muy
man muy ñoom, dénkaane
boobu lanuy yégle, te moom
ngeen gëm.

*Nan lañu mana waxe ne,*
*néew yi duñu dekki?*

12 Waaye su nu yéglee
ne, Kirist dekki na, nan la
ñenn ñi ci yéen mana waxe
ne, néew yi duñu dekki?
13 Su fekkee ne ñi dee duñu
dekki, kon Kirist it dekki-
wul. 14 Te su Kirist dekki-
wul, sunu waare day neen,
te it seen ngëm day neen.
15 Rax-ca-dolli gis nañu ne
seedeel nanu Yàlla ay fen,
ndaxte seede nanu ci mbi-
ram ne dekkal na Yeesu, te
fekk dekkalu ko, su néew
yi dul dekki. 16 Su néew
yi dul dekki, Kirist moom
it dekkiwul. 17 Te su Kirist
dekkiwul, seen ngëm du am
solo, ba tey yéena ngi ci
seeni bàkkaar. 18 Te it ñi
dee ba noppi ci Kirist sànku
nañu. 19 Su fekkee ci gi-
iru dund gii rekk la sunu
yaakaar ci Kirist ame solo,
kon noo gëna mata yërëm
ñépp.

20 Waaye léegi Kirist dekki
na, di ku jëkka dekki, ni
gub yi ñu jëkka tànne ci
ngóob mi, jagleel leen Yàlla.
21 Gannaaw ci nit la dee jaar,
dugg àddina, kon it ci nit
la ndekkite jaar. 22 Kon
ni ñépp deeye ci seen bokk
ci Aadama, noonu la ñépp
di dundaate ci seen bokk
ci Kirist. 23 Waaye ku
nekk ak ayam. Kirist moo
jëkk, mel ni gub yi ñu
jëkka tànne ci ngóob mi,
ba noppi, bu Kirist délsee,
ñi bokk ci moom jël seen
ay. 24 Gannaaw ga, mu-
jug jamono taxaw, te Kirist
dina not gépp kilifa ak bépp
sañ-sañ ak doole, ba noppi

delloo nguur gi kiy Yàlla di
Baayam. 25 Ndaxte fàww
Kirist nguuru, ba kera Yàlla
di daaneel noonam yépp ciy
tànkam. 26 Noon bu mujj,
bi mu fiy jële, mooy dee.
27 Ndaxte Mbind mi nee na:
«Yàlla notal na ko lépp,
mu teg ci tànk.» Waaye
bu Mbind mi nee, «not na
lépp,» wóor na ne moom
mi ko notal lépp, génne na
ci boppam. 28 Léegi bu ñu
ko notalee lépp nag, moom
Kirist muy Doom ji dina del-
loo kilifteef gi Yàlla, mi ko
notal lépp, ngir Yàlla nekk
buur ci lépp.

29 Su ndekkite amul, kon
ñi ñu sóob ci ndox ngir ñi
dee, lu mu leen di jariñ? Su
dekki amul, kon lu tax ñu
leen di sóob ngir ñi dee?
30 Te nun it lu tax fu nu
tollu nu jaay sunu bakkan?
31 Bokk yi, ni ma damoo ci
yéen ndax Yeesu Kirist, ni la
ma wóore ne bés bu nekk
ma riisu dee. 32 Su fekkee ne
ci ni ñu ko waxe, xeex naa ca
dëkku Efes ak rabi àll, kon
ban njariñ la may amal? Su
néew yi dul woon dekki, am
na lu ci léeb wax:
«Nanu lekk di naan, ndaxte
ëllëg dinanu dee.»
33 Bu leen ko réere mbir:
«Ànd bu bon dina yàq nit ku
baax.» 34 Delloosileen xel yi
te bàyyi bàkkaar, ndaxte am
na ci yéen, ñu umple Yàlla.
Kon war ngeena rus!

*Nan la yaramu ñi dekki mel?*

35 Waaye dina am kuy
naan: «Nan la néew yi
di dekkee? Wan yaram
lañuy délsee?» 36 Yaa gàtt
xel! Li ngay ji, du jebbi
dund gu bees, fi ak deewul
ba noppi. 37 Te li ngay
ji du jëmmi gàncax giy
ñëwi, waaye pepp kese la,
maanaam dugub, walla we-
neen jiwu. 38 Noonu Yàlla
jox ko jëmm ju ko neex,
jiwu wu nekk ak jëmmam.
39 Jëmmi mbindeef yépp a
wuute: nit ak jëmmam,
mala, picc, jën— yu ci nekk
ak sa jëmmi bopp. 40 Am na
itam ay jëmm ca asamaan ak
i jëmm ci suuf. Leeru jëmm
ca asamaan wuute na ak gi
ci suuf. 41 Jant bi, weer wi ak
biddiiw, lu nekk ak sag leer.
Te it leeru biddiiw bu nekk
dina wuute ak moroomam.

42 Noonu la ndekkitel
néew yi di deme. Bu ñu
suulee néew bi, dañoo ji lu
yàqu. Bu dekkee, du yàqooti
ba abadan. 43 Lu ñàkk solo
lañuy suul; mu dekki ak
ndam. Lu néew doole lañuy
suul, mu dekki ak kàttan.
44 Bu ñu koy suul, yaram lay
doon wu soloo woon ruu.
Bu dekkee, doon yaram wu
soloo ndamu Xelum Yàlla.

Ndegam am na yaram
wu soloo ruu, kon dina
am yaram wu soloo ndamu
Xelum Yàlla. 45 Mbind mi
nee na: «Nit ku jëkk ka,
Aadama, doon na boroom
ruu,» waaye Aadama mu
mujj mi doon na Xel muy
joxe dund.

46 Yaram wi soloo ndamu
Xelum Yàlla jiituwul;
yaramu doom Aadama moo
jiitu; yaramu ndam li moo
ci topp. 47 Nit ku jëkk

ka pëndu suuf la woon;
ñaareelu nit ki di Kirist, mi
ngi jóge asamaan. 48 Waa
àddina yor nañu jëmmi
nit, ki ñu sàkke ci suuf;
noonu it ñi bokk ci asamaan
dinañu yor melokaanu ki
jóge ci asamaan. 49 Te ni
nu yore melokaanu ki ñu
sàkke ci suuf, noonu lanuy
yoreji melokaanu ki jóge ca
asamaan.

50 Li may wax nag bokk yi,
moo di ne, sunu yaram wii
manula am wàll ci nguuru
Yàlla, te lu yàqu manula am
wàll ci liy sax abadan. 51 Lii
ma leen di xamal, mbóotu
Yàlla la. Dégluleen, dunu
jaar ci dee nun ñépp, waaye
nun ñépp dinanu soppiku,
52 ci saa su gàtt, ci xef
ak xippi, bu liit gu mujj
gi jibee. Ndax liit gi dina
jib, néew yi dekki, di dund
abadan, te nun dinanu sop-
piku. 53 Yaram wu yàqu war
na sol jëmm ja dul yàqooti,
te yaram wiy dee sol dund
gu sax abadan. 54 Bu li yàqu
solee melokaanu li dul yàqu,
te liy dee sol melokaanu liy
sax abadan, kon lii ñu wax
ci Mbind mi mat:

«Yàlla not na dee, ba labal ko
ci ndamam.
55 Céy yaw dee! Ana sa
ndam?
Céy yaw dee! Ana sa daŋar
ji ngay fitte?»

56 Daŋaru dee mooy
bàkkaar, te dooley bàkkaar
mooy Yoon wi. 57 Waaye
jërëjëf yaw Yàlla, ji nu jox
ndam li jaarale ko ci sunu
Boroom Yeesu Kirist!

58 Kon nag sama bokk yi
ma sopp, nangeen takku,
sampu ba dëgër, te gëna
sawar ci liggéeyu Boroom bi,
xam ne seen liggéey, bi jëm
ci Boroom bi, du neen.

# 16

*Ci mbirum laajum xaalis mi jëm ci mbooloom Yàlla mi*

1 Léegi nag ci li jëm ci
ndimbal, li ñuy sàkkal gaayi
Yàlla yi, defleen li ma tëral
ci mboolooy ñi gëm te nekk
ci diiwaanu Galasi. 2 Bés
bu jëkk ci ayu-bés yi, na ku
nekk ber lu mu àttan, denc
ko, ngir saa yu ma dikkee,
ñu baň di wër di laaj xaalis.
3 Su ma dikkee, dinaa dénk
seen xaalis ñi ngeen tànn,
yónni leen Yerusalem, boole
ko ak bataaxal. 4 Su aajoo
ma demal sama bopp, kon
dinañu ànd ak man.

*Ndigal yu mujj yi*

5 Gannaaw bu ma jàllee di-
iwaanu Maseduwan, dinaa
ñëw ci yéen, ndaxte fas
naa ko yéenee jàll. 6 Man
na am ma yàgg ci yéen,
jombul sax ma lollikoo fi
yéen. Noonu dingeen tax-
awu sama yoon, fu ma mana
jëm. 7 Ndaxte fi mu ne
bëgguma leena gis rekk, jàll,
waaye yaakaar naa ne di-
naa toog ci yéen ab diir,
bu neexee Boroom bi. 8 Ba
tey dinaa toog fii ci dëkku
Efes ba màggalu Pàntakot,
9 ndaxte Yàlla ubbil na ma
bunt, ba mu ne làñň, ngir
may def liggéey bu mana am
muj gu rafet, te noon yu bare
bëgga gàllankoor liggéey bi.

10 Bu leen Timote gane-
see, fexeleen ba bumu am
njàqare ci seen biir, ndaxte
dafay liggéeyal Boroom bi
ni man. 11 Kon bu ko
kenn xeeb. Nangeen taxawu
yoonam, ba mu délsi ci man
ci jàmm, ndaxte maa ngi koy
xaar ak bokk yi.

12 Naka Apolos sunu
mbokk mi nag moom, xiir
naa ko ay yooni yoon, mu
ñëw ci yéen, ànd ak bokk yi.
Waaye fi mu ne dëppoowul
ak coobareem. Dina ñëw saa
su ko manee.

13 Farluleen te dëgër ci
ngëm, di góor-góorlu te am
pastéef. 14 Lépp li ngeen di
def, defleen ko ak mbëggeel.

15 Xam ngeen ne, Este-
fanas ak njabootam ñoo
jëkka nangu xibaaru jàmm
bi ci diiwaanu Akayi, te
ñoo joxe seen bopp, ngir
liggéeyal gaayi Yàlla yi. Kon
nag bokk yi, maa ngi leen di
ñaan, 16 ngeen nangul nit ñu
mel noonu, ñoom ak képp
ku ànd ak ñoom ci liggéey
bi. 17 Bi ma Estefanas ak
Fortunatus ak Akaykus seet-
see, bég naa ci lool. Tax-
awal nañu leen ci topptoo, bi
ngeen yéene woon ci man te
tële ko. 18 Seral nañu sama
xol ak seen yos itam. Kon
fonkleen nit ñu mel noonu.

*Tàggoo*

19 Mboolooy ñi gëm te
nekk diiwaanu Asi ñu ngi
leen di nuyu. Akilas ak
Pirsil, ñu ngi leen di nuyu bu
baax ci Boroom bi, ñoom ak
mbooloom ñi gëm tey daje
seen kër. 20 Bokk yépp ñu
ngi leen di nuyu.

Saafoonteleen ak xol bu
laab.

21 Man Pool maa bind
nuyoo bii ci sama loxob
bopp.

22 Képp ku bañ Boroom bi,
yal na ko Yàlla alag. Boroom
bi, ñëwal!

23 Yal na yiwu Boroom bi
Yeesu ànd ak yéen.

24 Bëgg naa leen yéen
ñépp ndax sunu booloo ak
Yeesu Kirist.

# Ñaareelu bataaxal bi Yàlla may Pool, mu bind ko WAA KORENT

1 Man Pool, ndawul Kirist
Yeesu ci coobarey Yàlla,
man ak Timote sunu mbokk,
noo leen di bind, yéen
mbooloom Yàlla mi nekk
dëkku Korent, ak gaayi Yàlla
yu sell, yi nekk ci diiwaanu
Akayi gépp. 2 Yal na leen
Yàlla sunu Baay ak Boroom
bi Yeesu Kirist may yiw ak
jàmm.

*Yàlla, Boroom lépp luy dëfal xol yi*

3 Cant ñeel na Yàlla, Baayu
sunu boroom Yeesu Kirist,
di Baay biy Aji Yërëm tey
Boroom lépp luy dëfal xol
yi. 4 Mooy dëfal sunu xol
ci sunu tiis yépp, ngir nun
ci sunu bopp nu mana dëfal
xolu ñépp ñi nekk ci tiis, di
leen sédd ci noflaay, bi Yàlla
def ci sunu xol. 5 Ndaxte ni
coonoy Kirist di baawaane ci
nun, noonu it la Kirist nekke
buntu noflaay bu yaa, biy
dëfal sunu xol. 6 Su nuy
jaar ci tiis, seen noflaay a
tax ak seen mucc. Bu dee
Yàlla dëfal na sunu xol, seen
noflaay a tax, ngir ngeen
mana dékku naqar yu mel ni
yu nuy am, nun itam. 7 Sunu
yaakaar ci seen mbir dëgër
na, xam ne ni ngeen bokke
ak nun naqar, noonu ngeen
di bokke ak nun noflaayu
xol.

8 Ndaxte bokk yi, bëggunu
ngeen umple tiis, wi nu daj ci
diiwaanu Asi. Yen bi diisoon
na lool ba weesu sunu
kàttan, ba amatunu yaakaar
sax ci dund. 9 Demoon
nanu ba defe ne dogalees
na sunug dee. Loolu
amoon na, ngir nu baña
wéer sunu yaakaar ci sunu
bopp, waaye nu wéer ko
ci Yàlla, miy dekkal néew
yi. 10 Moo nu musal ci
dee gu metti googu te dina
nu musalaat. Ci moom
lanu wékk sunu yaakaar
ne dina nu musalati, 11 bu
ngeen nu jàpplee di ci boole
seeni ñaan. Noonu ñu bare
dinañu gërëm Yàlla ci yiw,
wi mu nu may te muy tontul
ñaanu ñu bare.

*Pool setal na boppam*

12 Li nuy tiitaroo moo di
sunu xel day seede ne ci
kanam àddina si, rawatina
sax ci seen kanam, aw
nanu ci tànk yu jub, ànd
ak xol bu laab fa kanam
Yàlla. Jëfewunu ci pexem
nit, waaye ci yiwu Yàlla lanu
jëfe. 13-14 Bindunu leen nag
leneen lu dul li ngeen jàng
te xam ko. Fi mu ne seen
xam-xam ci nun matagul,
waaye yaakaar naa ne bu
matee, dingeen mana tiitaru
ci nun, ni nu koy defe ci
yéen, bu bésu Boroom bi
Yeesu ñëwee.
15 Kon ni ma ame woon
kóolute googu, naroon naa
jëkka jaar ci yéen, ngir
ganesi leen ñaari yoon.
16 Bëggoon naa jaar ci yéen,
dem diiwaanu Maseduwan,
te bu ma jógee Maseduwan,

dikkaat ci yéen, ngir ngeen
waajal sama tukki ca Yude.
17 Ba may mébét loolu nag,
ndax dama cee boolewul
pastéef? Te ndax samay
yéene yéeney nit kese la, ba
may xel ñaar, naan «waaw»
ak «déet»?
18 Wóor na Yàlla ne li nu
leen di wax, du «waaw» ju
ànd ak «déedéet». 19 Ndaxte
Doomu Yàlla ji, Yeesu Kirist,
mi nu doon yégle ci seen
biir, man ak Silwan ak Tim-
ote, nekkul woon «waaw» ak
«déedéet;» «waawi» Yàlla
la masa nekk. 20 Te lépp
lu Yàlla dige woon fekk
na «waawam» ci moom.
Noonu kon ci Kirist lanuy
waxe: «Amiin», ngir yékkati
ndamu Yàlla. 21 Te Yàlla moo
nuy dëgëral ci Kirist, nun
ak yéen, te sol nu Xelam.
22 Moo nu màndargaal ni ay
gaayam, def Xelam ci sunu
xol, muy dawal ci cér, bi mu
nu dencal.
23 Man nag Yàlla seede
na ma, te giñ naa ci sama
bakkan ne yërëm leen rekk
moo tax délseeguma Ko-
rent. 24 Du caageen nag noo
leen bëgga not ci lu jëm ci
seen ngëm, waaye nu ngi
liggéeyandoo ak yéen ngir
seen mbég, ndaxte ci ngëm
ngeen sax.

# 2

1 Man nag fas yéene naa
lii: duma délsi ci yéen ci
naqar. 2 Ndaxte su ma leen
tegee naqar, kuy seral sama
xol ku dul yéen ñi ma teg
aw naqar? 3 Looloo tax ma
binde noonu, ngir baña agsi,
am naqar ci ñi ma waroona
bégal. Am naa kóolute ci
yéen ñépp ne sama mbég
mooy seen mbég. 4 Ci biir
tiis ak xol bu jeex laa leen
bind, samay bët taa ak ay
rongooñ. Binduma leen
ngir teg leen naqar, waaye
ngir ngeen xam xóotaayu
mbëggeel gi ma am ci yéen.

*Pool baal na ki tooñoon*

5 Su kenn tegee mo-
roomam naqar, du man la
ko teg, waaye man nanu
ne yéen ñépp la ko teg —
matul may réyal mbir mi.
6 Àtte bi ko mbooloo mi teg,
doy na. 7 Léegi nag baal-
leen ko te dëfal xolam, ngir
bañ mu sóobu ci naqar wu
ëpp. 8 Kon maa ngi leen
di ñaan, ngeen feddali seen
mbëggeel ci moom. 9 Nattu
leen moo tax ma bind leen
it, ngir seet ba xam ndax
dingeen dégg ndigal ci lépp.
10 Ku ngeen baal, ma baal
ko itam. Man nag, su ma
baalee —fekk am lu ma wara
baale— yéena tax ma def
ko ci kanam Kirist, 11 ngir
Seytaane baña am bunt bu
mu jaar ba nax nu, ndaxte
réerewunu mbir ay pexeem.

*Ndawi Yàlla ci xamle kóllëre gu bees, gi Yàlla fas ak nit*

12 Ba ma àggee Torowas
nag, ngir yégle fa xibaaru
jàmm bi ci Kirist, Boroom
bi ubbil na ma ci bunt.
13 Waaye sama xel dalul
benn yoon, ndax li ma fa
fekkul sama mbokk, Tit.
Noonu nag ma tàggu leen,

daldi dem diiwaanu Maseduwan.
14 Waaye cant ñeel na
Yàlla! Ci sunu booloo ak
Kirist, daf nuy yóbbaale
saa su nekk ci gawari
ndamam, tey jaar ci nun
ngir turu Kirist jolli fu nekk,
ni xetu latkoloñ di tasaaroo.
15 Ndaxte ci Yàlla, xetu Kirist
gu neex lanu, di gilli jëm ci
ñiy mucc ak ñiy sànku; 16 ci
ñu mujj ñii, xet gu sedd lanu,
guy jëme ci dee; ci ñu jëkk
ñi, xetu dund lanu, guy jëme
ci dund. Ku mana àttan yen
boobu! 17 Nun nag melunu
ni ñu bare, ñiy baana-baana
ci kàddug Yàlla, waaye ci
sunu booloo ak Kirist, nu
ngi waare ak xol bu laab
fa kanam Yàlla, ni yonenti
Yàlla.

# 3

1 Mbaa du danoo
tàmbalee tëgguwaat nag?
Mbaa du danoo soxla ni
ñenn ñi ay dénkaane yu ñu
nuy gërëme, te ñuy bataaxal
yu jóge ci yéen walla yu jëm
ci yéen? 2 Déedéet, yéenay
sunu bataaxal; ci sunu xol
lañu ko bind, di bataaxal
bu nit ñépp mana xam te
jàng ko; 3 ndaxte leer na
ne bataaxal bu jóge ci Kirist
ngeen, bu mu jaarale ci nun.
Bindeesu ko daa, waaye ci
Xelum Yàlla miy dund lees
ko binde; du ci àlluway doj
lañu ko rëdd, waaye ci xolu
doom Aadama.
4 Googu kóolute lanu am
fa kanam Yàlla ndax Kirist.
5 Du caageen nag ne àttan
nanu dara ci sunu man-man,
ba nu yaakaar dara ci sunu
bopp, waaye sunu kàttan ci
Yàlla lay jóge. 6 Moo nu
jox kàttan, nu nekk ndaw
yuy xamle kóllëre gu bees
gi. Kóllëre googu ajuwul
ci ay sàrti diine, waaye mi
ngi aju ci jëfu Xelum Yàlla.
Ndaxte sàrti kese day jëme
ci dee, waaye Xelum Yàlla
dafay joxe dund.

*Ndamu kóllëre gu bees gi*

7 Ba ñu bindee arafi sàrt
yi ciy àlluway doj, leeraayu
ndamu Yàlla nekk fa. Xar
kanamu Musaa di leer, ba
bànni Israyil duñu ko mana
xool, fekk leer ga di wéy.
Ndegam sàrti yoon yooyuy
jëme ci dee, ñoo ànd ak
ndam, 8 rawatina nag ne
jëfu Xelum Yàlla dina gëna
ànd ak ndam. 9 Su fekkee ne tëralin, wiy teg nit
tooñ, àndoon na ak ndam,
rawatina ci tëralin wiy àtte
nit jub. 10 Ndaxte ndam li
amoon keroog suux na ci
ndam li ko raw léegi. 11 Te
it ndegam li wéy dafa amoon
ndam, astamaak li fi sax.
12 Kon nag gannaaw
wékku nanu ci yaakaar ju
mel noonu, danuy waare ak
kóolute gu mag. 13 Dunu def
ni Musaa, mi daan muur xar
kanamam, ngir bànni Israyil
baña gis jeexug leer googu
saxul. 14 Waaye seen xel
dafa daldi gumba. Ba tey
jii sax, bu ñuy jàng téereb
kóllëre gu jëkk gi, muuraay
googu dafay des; deñul,
ndaxte ci Kirist rekk la mana
deñe. 15 Waaw, ba tey jii, su
ñuy jàng yoonu Musaa, seen
xol dafay muuru. 16 Waaye

saa su kenn walbatikoo
ci Boroom bi, muuraay gi
daldi muriku. 17 Fekk nag
Boroom, bi ñuy wax foofu,
moo di Xelum Yàlla, te fu
Xelu Boroom bi nekk, foofa
yaatu gu mat am na fa.
18 Nun ñépp nag, danuy
lerxat ndamu Boroom bi ak
xar kanam bu muuruwul,
bay soppiku ci melokaanam,
ànd ak ndam luy yokku te
sax ci dooley Boroom biy
Xelum Yàlla.

# 4

### *Xibaaru Kirist leeral na sunu xol yi lëndëmoon*

1 Kon nag ndegam Yàlla
ci yërmandeem sas na nu
liggéey boobu, dunu bayliku.
2 Lànk nanoo ànd ci mbir,
yi ñuy nëbb te ñu gàccelu.
Sunuy tànk du yu njublaŋ te
dunu dëngal kàddug Yàlla.
Waaye nu ngi biral dëgg,
di sàkku kóoluteg ñépp fa
kanam Yàlla. 3 Su fekkee
ne sax, xibaaru jàmm bi
dafa muuru ci ñenn ñi, dafa
fekk ñoom ñu aw yoon wu
jëm ci sànkute. 4 Ñoom
la yàllay jamono ji gëlëmal
seen xel, ngir ñu baña gis
leeru xibaaru jàmm, biy
wone ndamu Kirist, mi di
melokaanu Yàlla. 5 Ndaxte
Yeesu Kirist Boroom bi lanuy
waare, waaye waarewunu
lu jëm ci sunu bopp. Nun
seeni jaam lanu ndax Yeesu.
6 Ndaxte Yàlla mi ne: «Na
leer leer ci biir lëndëm,»
moo leer ci sunu xol, ngir
leeral nu ak xam-xamu
ndamu Yàlla, liy feeñ ci xar
kanamu Kirist.

### *Xibaaru Kirist dafa mel ni alal ju ñu yeb ciy njaq*

7 Leer googu ci sunu xol mi
ngi mel ni alal, waaye ñu ngi
ko def ci nun ñi néew doole
niy njaq kese, ngir kàttan gu
ëpp xel gi, bawoo ci Yàlla te
du ci nun. 8 Dañu nuy sonal
fu nekk, waaye kenn tancu
nu. Dañu nuy dugal ci ruq
yi, waaye dinanu ci génn.
9 Dañu nuy fitnaal, waaye
Yàlla du nu wacc mukk. Tër
nañu nu, waaye kenn dog-
galiwu nu. 10 Fu nu tollu
noo ngi gàddu ci sunu yaram
dee gi Yeesu dee woon, ngir
dundu Yeesu moom it feeñ ci
sunu yaram. 11 Bés bu nekk,
nun ñiy dund, ñu ngi nuy
jébbal dee ndax Kirist, ngir
dundu Kirist moom itam
feeñ ci sunu yaram wiy dee.
12 Noonu dee mu ngi jëf ci
nun, dund di jëf ci yéen.

13 Mbind mi nee na:
«Damaa gëm, moo tax ma
wax.» Nun it nag, ndegam
am nanu menn xelu ngëm
moomu, danoo gëm, ba
tax nuy wax. 14 Ndaxte
xam nanu ne Yàlla, mi
dekkal Boroom bi Yeesu,
dina nu dekkal nun itam ak
Yeesu, te dina nu yóbbu ak
yéen, taxawal nun ñépp ci
jataayam. 15 Ndaxte lépp li
nuy daj, seen njariñ a tax,
ngir yiwu Yàlla, wiy yokku ci
nit ñu gëna takku, yokkaale
ngërëm lu jëm ci Yàlla, ngir
jollil ndamam.

16 Loolu moo tax sunu
yaakaar du tas. Bu fek-
kee sax sunu yaram day
yàqu jëm cig mag, sunu ruu
moom, bés ak bés muy gëna

yeesaat. [17] Ndaxte sunu
coono bu woyof bi dul yàgg,
dafa nuy jural ndam lu bare,
ba suul coono bi, tey sax
abadan. [18] Kon diirunu li
ñuy gis waaye li ñu dul gis.
Ndaxte li ñuy gis day wéy,
waaye li ñu dul gis day sax
ba fàww.

# 5

*Sunu màkkaan ci wetu Boroom bi*

[1] Yaram wi nu soloo ci
kaw suuf dafa mel ni ab
xayma. Su daanoo, xam
nanu ne Yàlla jagleel na nu
am taax ci asamaan, mu
loxol nit defarul, di taax muy
sax ba fàww. [2] Fi mu ne
nu ngi wonk, di yàkkamtee
féete ak sunu dëkkukaayu
asamaan, sol ko ni kod-
daay, xam ne [3] bu nu
ko solee, dunu def yaramu
neen. [4] Nun ñi nekk ci
xayma bii, nu ngi wonk ndax
coono. Du caageen ne danoo
bëgga summi sunu yaramu
àddina, waaye danoo bëgga
sol sunu yaramu asamaan,
ngir liy dee sóobu ci biir
dund. [5] Ki nu waajal ngir
loolu moo di Yàlla, moom mi
nu jox Xelam, di dawal ci cér
bi mu nu dencal.

[6] Noonu kon nu ngi fees ak
kóolute fu nu tollu; te xam
nanu ne fi ak nu ngi dëkk
ci yaram wii, àggagunu
sunu màkkaan ci wetu Bo-
room bi— [7] ndaxte dox-
ewunu ab gis, waaye ngëm
lanuy doxe. [8] Kon fees nanu
ak kóolute, te yéenee jóge
ci dëkkukaayu yaram wii,
dem dëkk ci wetu Boroom
bi. [9] Kon nag des fi walla
jóge fi, li nuy faaydaal moo
di neex Boroom bi. [10] Ndaxte
nun ñépp fàww nu teew ci
kanam Kirist, mu àtte nu,
ngir ku nekk jot peyu li mu
def ci yaramam, muy lu baax
walla lu bon.

*Nanguleena juboo ak Yàlla*

[11] Gannaaw xam nanu ra-
gal Yàlla nag, nu ngi fexee
gëmloo nit ñi, waaye li
nu nekk leer na Yàlla, te
yaakaar naa ne leer na leen
it, ba ne fàŋŋ. [12] Jéemunoo
waxati lu ngeen nuy nawe,
waaye danu leena bëgga
may yoonu tiitaru ci nun, ba
am lu ngeen tontoo ñooñuy
tiitaroo col gu àndul ak
xol. [13] Su fekkee danoo
tàggalikoo ak sunu sago,
ngir Yàlla la. Su nu àndee
ak sunu sago, ngir yéen la.
[14] Ndaxte mbëggeelu Kirist
moo nuy jiite, ndax wóor na
nu ne ndegam kenn rekk a
dee ngir ñépp, kon ñépp a
dee. [15] Te dee na ngir ñépp,
ngir ñiy dund dootuñu dund
ngir seen bopp, waaye ngir
ki dee ci seen wàll te dekki.

[16] Kon nag gannaaw-si-tey
xoolatunu kenn ci gis-gisu
àddina. Su fekkee mas
nanoo xool Kirist ci gis-gisu
àddina, léegi xooleetunu ko
noonu. [17] Kon bu nit bok-
kee ci Kirist, mbindeef mu
bees la. Li jëkk wéy na, lu
bees a fi teew. [18] Te loolu
lépp a ngi sosoo ci Yàlla, mi
nu jubale ak boppam jaare
ko ci Yeesu Kirist, te sas
nu nuy waare juboo googu:
[19] maanaam, Yàlla jaar na ci
Kirist, di jubale waa àddina

ak boppam te sëfu leen seeni
tooñ. Kàddug juboo googu,
Yàlla dénk na nu ko. 20 Ay
ndaw lanu, yu Kirist yónni,
te Yàllaa ngi woo nit ñi jaare
ko ci nun. Kon nag ci
turu Kirist, nu ngi leen koy
ñaan: nanguleena juboo ak
Yàlla. 21 Kirist mi masula
def bàkkaar, Yàlla def na ko
bàkkaar ci sunu wàll, ngir
ci sunu bokk ci moom, nu
mana doon njubteg Yàlla.

# 6

1 Nun nag ñiy liggéeyandoo
ak Yàlla, nu ngi leen di
ñaan: jariñooleen yiw, wi
ngeen jote ci Yàlla, ngir mu
baña neen ci yéen. 2 Ndaxte
Yàlla nee na:

«Ca jamono ja mu jekke,
nangu naa sa ñaan;
ci bésu mucc gi laa la wallu.»

Tey jii la jamono ju jekk ji;
tey la bésub mucc gi.

*Tiis yi nu daj ci liggéeyal Yàlla*

3 Bëggunoo lëmbaaje xelu
kenn ci dara, ngir kenn baña
sikk sunu liggéey. 4 Li nu
bëgg moo di rafetal sunu
tur ni jawriñi Yàlla ci fànn
gu nekk; danuy muñ coono
yi, tiis yi, njàqare yi; 5 ñu
nuy dóor, di nu tëj ci kaso,
dëkk yi di yëngu ndax sunu
mbir; nuy liggéey ba sonn,
di fanaane xool, di woor.
6 Nu ngi rafetal sunu yen ci
dund gu sell, ci xam-xam,
muñ ak laabiir, ci Xel mu
Sell mi ak ci mbëggeel gu
raxul njublaŋ, 7 ci kàddug
dëgg ak ci kàttanu Yàlla, nu
ngi yor gànnaayi njubte ci
loxol ndijoor ak lu càmmoñ.
8 Ñu bàkk nu, jéppi nu,
sant nu, xas nu. Ñu di nu
jiiñ réeral, moona niti dëgg
lanu. 9 Ñuy xeeb sunu tur,
moona tur yi siiw nañu. Nu
mel ni ñu loof, moona nu
ngi dund. Ñu yar nu, teewul
nu rëcc ci dee. 10 Danuy
dékku tiis, waaye di bég fu
nu tollu. Nu tumurànke,
waaye di woomal ñu bare;
amunu dara, fekk noo moom
lépp.

11 Yéen bokki Korent, wax
nanu leen sunu biir ak sunu
biti, di leen ubbil sunu xol.
12 Ubbiku nanu ci yéen,
waaye yéen ubbikuwuleen
ci nun. 13 Maa ngi wax
ak yéen ni samay doom;
feyleen nu bor bi, yéen itam;
ubbileen seen xol!

*Bàyyileen bokkaale*

14 Buleen likkoo ak ñi
gëmul. Gan àndandoo moo
mana am diggante njubte ak
ndëngte? Gan booloo moo
mana am diggante leer ak
lëndëm? 15 Gan déggoo moo
mana am diggante Kirist ak
Beliyar? Gan jaxasoo moo
mana am diggante ki gëm ak
ki gëmul? 16 Nan la kër Yàlla
mana mànkoo ak xërëm yi?
Ndaxte nun nooy kër Yàlla
Aji Dund ji, ni ko Yàlla waxe:

«Dinaa dëkk ci seen biir,
tey dox ànd ak ñoom,
ma nekk seen Yàlla,
ñuy samay gaay.»

17 Kon nag Boroom bi nee na:

«Génnleen biir ñooñu te
beru.
Buleen laal dara lu am sobe,
kon dinaa leen teeru.

18 Dinaa nekk baay ci yéen,
ngeen di doom ci man, muy
góor, di jigéen.
Moom la Aji Man ji wax.»

# 7

1 Ndegam nag jot nanu
ci dige yu mel nii, samay
soppe, nanu sellal sunu bopp
ci bépp sobeb yaram walla
bu xel, dund dund gu sell, ba
mat ci ragal Yàlla.

*Mbégu Pool ci ñëwug Tit*

2 Yaatal-leen nu ci seen xol.
Tooñunu kenn; lorunu kenn;
naxunu kenn, jël alalam.
3 Teg leen tooñ taxul may
wax lii, ndaxte wax naa
ba noppi ne yéena ngi ci
sunu xol ci dund ak ci dee.
4 Kóolute gi ma am ci yéen
réy na. Tiitar bi may jële
ci yéen réy na. Sama xol
sedd na guyy. Damaa fees ak
mbég ci bépp coono bu nuy
daj!

5 Ba nu àggee diiwaanu
Maseduwan, noppaluwunu,
waaye coono bu ne daj nanu
ko: xeex ci biti, njàqare ci
biir. 6 Waaye Yàlla miy dëfal
xolu ñiy yoggoorlu ndax tiis,
dëfal na sunu xol ci ñëwug
Tit, 7 te du ci ñëwam rekk
sax waaye ci li ngeen dëfal
xolam. Yégal na nu seen
nammeel ci nun, seen réccu
ak seen farlu jëm ci man, ba
sama mbég gën cee yokku.

8 Su fekkee ne sax,
bataaxal bi ma leen
bind dafa leen naqare,
réccootuma ko. Ci lu jëkk
réccu naa ko, ndaxte gis
naa ne bataaxal boobu teg
na leen tiis, doonte sax ci
diir bu néew. 9 Waaye sama
xol sedd na léegi, du ndax
seen tiis, waaye ci li mu tax
ngeen réccu. Tiis wu jóge ci
Yàlla ngeen tegoo, te àndul
ak benn loraange bu bawoo
ci nun. 10 Ndaxte tiis wu
jóge ci Yàlla dina jur réccu
guy jëme ci mucc, te réccu
googu laajul gëstu. Waaye
tiisu àddina day jëme ci dee.
11 Seen tiis wi jóge ci Yàlla,
gisleen nag li mu jur: ndaw
njaxlaf ak lay ak mer ak
ragal ak nammeel ak farlu,
ak bëgga yar ki tooñ! Ci
seen jëf yépp wone ngeen
ne set ngeen wecc ci mbir
moomu. 12 Kon nag su ma
leen bindee, ki tooñ taxul, ki
ñu tooñ it taxul, waaye dama
leena bind, ngir ngeen mana
gis ci kanam Yàlla cawarte,
gi ngeen am ci nun. 13 Te
loolu seral na sunu xol.

Sunu xel dal na, rawati
ci li nu ànd ak Tit ci
mbégam, ci li ngeen seral
xolam, yéen ñépp. 14 Su
fekkee ne tiitaru woon naa
ci seen mbir ci kanam Tit,
rusuma ci. Dëgg rekk lanu
leen masa wax; noonu it
la Tit gise ne li nu leen
doon seede lépp, dëgg la.
15 Te mbëggeelam ci yéen
gën na yokku, buy fàttaliku
ni ngeen ko déggale yéen
ñépp, ci li ngeen ko teeru,
ànd ak ragal ak weg. 16 Bég
naa, ndaxte xam naa ne man
naa leena wóolu ci lu nekk!

# 8

*Mayeleen ak xol yu yéwén*

1 Gannaaw loolu bokk yi,
danu leena bëgga xamal
li yiwu Yàlla jur ci biir
mboolooy ñi gëm te nekk
ci diiwaanu Maseduwan.
2 Nattu yi ñu jaar ëmb nañu
coono yu réy; waaye seen
mbég mu tar ak seen ñàkk
gu metti ñoo jur ci ñoom
yéwén gu jéggi dayo. 3 Seede
naa ne ñoom ci seen bopp
joxe nañu ba fa seen man-
man yem, ba weesu ko sax.
4 Sarxu nañu nu lool, ngir
bokk ci ñiy yónnee ndimbal
gaayi Yàlla yi. 5 Te yemuñu
sax ci li nu séentu woon ci
ñoom, waaye dañoo jébbal
seen bopp Boroom bi jëkk,
gannaaw loolu ñu jébbal nu
seen bopp ci coobarey Yàlla.
6 Looloo tax nag nu sant Tit,
mu ñëw àggale ci yéen, ni
mu tàmbalee woon, seen
jëfu ndimbal. 7 Gannaaw
nag wone ngeen cawarte gu
tollu noonu, ci ngëm, ci wax,
ci xam-xam, ci farlu gu mat,
ak ci seen mbëggeel ci nun,
sawareleen noonu it ci jëfu
ndimbal lii.

8 Du ndigal lu ma leen
di jox, waaye dama leen di
yégal cawarteg ñi ci des,
ngir natt fu seen mbëggeel
tollu. 9 Ndaxte yiwu sunu
Boroom Yeesu Kirist umpu
leen, ni mu futtee am-amam,
ba ñàkk ngir yéen, ndax
ngeen woomle cig ñàkkam.

10 Kon lii laa xalaat ci
lu baax ci yéen: yéen ñi
nga xam ne tàmbaliwuleena
jëf rekk, waaye yéena
jëkka am yéene jii daaw,
11 yeggaleleen ko léegi.
Noonu li ngeen mottali ci
seen man-man tolloo ak
yéene, ji ngeen amoon ci
seen mébét. 12 Ndaxte joxe,
bu àndee ak yéene, Yàlla
dina ko nangu, di seet li nu
am te baña seet li nu amul.

13 Bëgguma leena teg
soxla, ngir woyofal ñi ci
des, waaye na ñépp tolloole.
14 Tey jii nag man ngeen
sàkk ci li ngeen barele, faj
soxlay ñeneen, ngir ëllëg
it bareleg ñooña faj seen
soxla. Noonu ñépp tolloole.
15 Moom la Mbind mi tëral
ne: «Ki dajale lu bare
ëpplewul dara, te ki dajale
tuuti ñàkkul.»

### *Li tax ñu yónni Tit ak i àndandoom*

16 Cant ñeel na Yàlla,
moom mi def ci xolu Tit
cawarte gu mel ni sunu
gos ci yéen! 17 Bi nu ko
laajee, mu ñëw ci yéen,
nangu na, te rax-ca-dolli
cawarteem tollu na, ba nu
mana wax ne ci coobarey
boppam la jóge, jëm ci
yéen. 18 Yónniwaale nanu
ak moom mbokk, mi am
tur wu rafet ci mboolooy
ñi gëm ñépp ndax li muy
waare xibaaru Kirist. 19 Te
sax mbooloo yi ñoo ko tànn,
ngir mu ànd ak nun, bu
nuy yóbbu ndimbal li ngir
ndamu Boroom bi, te mu
firndeel sunu yéene ju rafet.
20 Def nanu noonu nag, ndax
kenn bañ noo ŋàññ ci ni nuy
topptoo ndimbal lu yaatu
loolu. 21 Danuy fexee def li
jub, du ci kanam Yàlla rekk,
waaye it ci kanam nit ñi.

22 Yónniwaale nanu it
sunu mbokk, mi nu seetlu
cawarteem ay yooni yoon ci
fànn yu bare, te mu gën koo
fésal bii yoon ndax kóolute
gu réy, gi mu am ci yéen.
23 Noonu kon ci lu jëm ci
Tit, sama nawle la ci liggéey,
bi ci seen biir. Ci lu jëm ci
sunu bokk, yi ànd ak moom
nag, ndawi mbooloom ñi
gëm lañu, ñuy wone ndamu
Kirist. 24 Na seen teeru
firndeel nag seen mbëggeel
ci kanam mboolooy ñi gëm,
te dëggal leen ne noo yey
wóolu leen.

# 9

1 Ci mbirum ndimbal loolu
jëm ci gaayi Yàlla yi, matul
ma leen di bindaat, 2 ndaxte
xam naa seen yéene ju
rafet, te maa ngi ciy damu
ci kanam waa Maseduwan,
naan leen: «Daaw fekk na
waa Akayi* jekk.» Te seen
cawarte xamb na ñu bare
ci ñoom. 3 Maa ngi yónni
nag bokk yooyu, ngir damu
gi nu doon damu ci yéen
ci mbir mii baña neen, te
ngeen jekk, ni ma ko waxe
woon. 4 Danoo bañ rekk
waa Maseduwan, ñiy ànd ak
man, fekk jekkaguleen; te
kon kóolute googu nu am ci
yéen dina nekk sunu gàcce,
waxaalewuma nag seen bos.
5 Moo tax ma xalaat ne li
gën mooy yónni bokk yooyu,
ñu jiitu ma ci yéen, topptoo
mbiri ndimbal lu yaatu loolu
ngeen dige woon. Loolu di
may gu tàlli, te baña nekk
yëfi nay.

*Ku ji lu bare, góob lu bare*

6 Li am mooy: ku ji tuuti,
góob tuuti; ku ji lu bare,
góob lu bare. 7 Kon na ku
nekk joxe, ni mu ko nase ci
xolam, te bañ cee am réccu
walla sañul-bañ, ndaxte kiy
joxe ak mbég moo neex Bo-
room bi. 8 Yàlla man na
leena woomal ci bépp yi-
wam ba ci fépp ak ci lépp,
ngeen faj seen soxla yépp te
sakkanle it ngir bépp jëf bu
baax. 9 Moom la Mbind mi
wax ne:

«Tabe na, ba may baadoolo
yi;
njubteem day sax ba fàww.»

10 Yàlla miy jox beykat bi
jiwu ak nit ab dund, dina
leen jox jiwu wu ne gàññ, te
sakkanal li seen njub meññ.
11 Noonu dingeen woomle
ci lépp, ba yéwén ci bépp
anam, ba tax ñu bare gërëm
Yàlla ndax li ngeen maye
jaarale ko ci nun.

12 Ndaxte njaamu, gi
ngeen di jaamu, yemul
rekk ci faj soxlay gaayi
Yàlla yi, waaye dina tax it
ngërëmu ñu bare baawaan,
jëm ci Yàlla. 13 Ci li ngeen
firndeel seen mbëggeel ci
joxe ndimbal lii, dinañu
màggal Yàlla, ndaxte wone
ngeen ni ngeen déggale
xibaaru jàmm bu Kirist bi,
ak ni ngeen yéwéne ci seen
ndimbal jëme ci ñoom ak
ñépp. 14 Rax-ca-dolli dinañu
sant Yàlla ak xol bu fees ak
cofeel ci yéen ndax yiw wu
mag, wi Yàlla def ci yéen.

* 9:2 waa Akayi: Korent mooy péeyu diiwaanu Akayi.

15 Jërëjëfati yaw Yàlla ndax
sa may googu weesu dayo!

## 10

*Pool ñaan na, ñu nangu sañ-sañam*

1-2 Ci lu jëm ci samay mbir
nag, maa ngi leen di ñaan
— man Pool, mi ñu ne, ci
seen biir «ragal» laa, bu ma
leen soree, «ñeme»— maa
ngi leen di ñaan ndax woyof
ak lewetaayu Kirist, ngir bu
ma ñëwee, ma baña ànd ak
ñeme gi may dencal ñenn
ñiy xalaat ne gis-gisu nit
lanu topp. 3 Dëgg la ne nit
rekk lanu, waaye dunu xe-
exe ni nit. 4 Ndaxte gànnaay,
yi nuy xaree, jógewuñu ci
nit, waaye ca Yàlla lañu
jóge, te ànd ak kàttan, ngir
daaneel ay tata. Danuy daa-
neel xalaat yi dul dëgg 5 ak
bépp tiitar buy jànkoonteek
xam-xamu Yàlla, te danuy
not bépp xalaat, ba mu
déggal Kirist. 6 Te fas
yéene nanoo jubbanti képp
ku déggadi, bés bu seen
dégg ndigal matee.

7 Xool-leen mbir mi ne
fàŋŋ. Bu amee ku mu wóor
ne ci Kirist la bokk, na jàpp
it ne su bokkee ci Kirist,
nun itam ci Kirist lanu bokk.
8 Awma lu may rus, su may
damu lu ëpp ci sañ-sañ bi
nu Boroom bi jox, di sañ-
sañu yokk seen ngëm, te
du ngir seen kasara. 9 Ba
tey bëgguma ngeen xalaat
ne maa ngi leen di xëbal ci
samay bataaxal. 10 Ndaxte
am na ku naan: «Ay bataax-
alam dañoo ñagas te am
doole, waaye bu teewee
dafay ñàkk fulla, di wax
waxi picc.» 11 Kiy wax loolu
na xam lii: ni sunuy kàddu
mel ci sunuy bataaxal, bu
nu fa nekkul, noonu it lanuy
mel ci sunuy jëf, bu nu tee-
wee.

12 Ñemewunoo féetale
walla méngale sunu bopp
ak ñooñu naw seen bopp.
Ci li ñuy sàkk ab natt ngir
natt ak méngale seen bopp
ak seen bopp, ñàkk xel a
tax. 13 Nun nag dunu damu
ci lu weesu dayo. Nu ngi
damu ci liggéey bi nu Yàlla
sas, ba may nu, nu agsi ci
yéen. 14 Bu sunu sas agsiwul
woon ba ci yéen, kon man
nanoo ne génn nanu sas wi
nu Yàlla sas. Waaye agsi
na ba ci yéen, te indil nanu
leen xibaaru jàmm bi jëm ci
Kirist. 15 Kon nag dunu jéggi
dig yi Yàlla rëdd, bay damu
ci liggéeyu ñeneen. Waaye
am nanu yaakaar ne su seen
ngëm yokkoo, dinanu gëna
màgg ci seen biir, des ba
tey ci dig yi nu Yàlla rëddal.
16 Noonu dinanu mana yégle
xibaaru jàmm bi ci bérab,
yi leen féete gannaaw, te
baña damu ci li ñeneen ñi
def ci seen sas. 17 Waaye ni
ko Mbind mi waxe: «Kuy
damu, na damu ci Boroom
bi.»

18 Ndaxte ki neex Yàlla, du
ki naw boppam, waaye ki
Yàlla gërëm.

## 11

*Pool ak ndawi naaféq yi*

1 Céy bu ngeen ma
manoona muñal, ma wax
leen tuuti waxi dof! Waaw,
muñal-leen ma sax. 2 Dama
leen di fiire ak fiiraange
gu jóge ca Yàlla, ndaxte
dama leena bëgga jébbal
jenn jëkkër kepp, muy Kirist,
ngeen set ni janq. 3 Waaye
ni jaan ja naxe woon Awa
ci pexeem, ragal naa yéen
itam ñu lëmbaaje ni seen
xel, ba ngeen dëddu xol bu
laab, bi ngeen amoon ci seen
diggante ak Kirist. 4 Ndaxte
bu kenn ñëwee, di leen
waar ci Yeesu ci lu juuyoo
ak li nu leen yégal, walla
ngeen jot meneen xel mu
wuute ak Xel mi ngeen jot,
walla ngeen nangu beneen
xibaar bu wuute ak bi ngeen
dégg, dingeen ko dékku bu
baax. 5 Moona foog naa
ne seen ndaw yooyu ngeen
yékkati, ba ñu ëpp ndaw
sax, ëpplewuñu ma dara.
6 Bu ma dul jàmbaari wax it,
néewuma xam-xam, te won
nanu leen ko ci bépp mbir
ak ci bépp fànn.

7 Walla boog ndax dama
leena tooñ ci li ma suufeel
sama bopp ngir yékkati leen,
ba ma leen di yégal xibaaru
jàmm bi te laajuma leen
genn pey? 8 Xanaa kay
damaa tooñ ci li ma dunde
alalu yeneen mboolooy ñi
gëm, ba futti leen, ngir
dimbali leen, yéen. 9 Te
ba ma nekkee ci yéen te
soxla dab ma, wéeruwuma
ci kenn ci yéen, ndaxte bokk
ya jóge Maseduwan ñoo ma
indil li ma soxla woon. Ci
lépp moytu naa nekk yen ci
yéen, te dinaa ko gëna def.
10 Ni mu wóore ne dëggug
Kirist nekk na ci man, ni la
wóore ne loolii may damoo,
kenn du ko teggi ci dii-
waanu Akayi gépp. 11 Lu
tax? Ndax dama leena
bëggul? Yàlla xam na ne
bëgg naa leen! 12 Noonu
may doxale nag dinaa ci
sax, ngir ñiy damu, di wut
yoon wu ñu aw ba yemale
seen bopp ak nun, duñu ko
am. 13 Ay ndawi naaféq
lañu, di ay liggéeykat yu
njublaŋ yuy mbubboo turu
ndawi Kirist. 14 Te loolu
jaaxalu nu, ndaxte Seytaane
moom ci boppam day mbub-
boo malaakam leer. 15 Kon
nag ay ndawam mbubboo
ndawi njub, loolu du nu
jaaxal. Dees na leen fey
seeni jëf.

*Nattuy Pool ci matal yónnentam*

16 Maa ngi leen koy wax-
aat: bu ma kenn jàpp nib
dof. Walla boog bu ngeen
ma ko jàppee, séddleen ma
céru dof, ngir ma damu
tuuti, man itam. 17 Loolu
may wax nag, waxuma ko
ci turu Boroom bi. Bu ma
ñemee damoo nii, maa ngi
wax ni dof. 18 Ndegam ñu
bare dañuy damu ni nit kese,
man itam kon dinaa damu.
19 Yéen boroom xel yi, aka
ngeena mana muñal ñi dof,
20 nde yéena ngi muñ ñi leen
di jaamloo, di lekk seen alal,
di leen nax, di leen xeeb, di
leen talaata! 21 Sunu néew
doole mayu nu, nu dem ba

jëfe noonu; rus naa ci lool
de!
Ma wax waxi dof; moona
lépp lu waay ñemee damoo,
ñeme naa ko, man it.
22 Ndax Ebrë lañu? Man
it Ebrë laa. Ndax bànni
Israyil lañu? Man itam ci
laa. Ndax sëti Ibraayma
lañu? Man itam moom
laa. 23 Ndax surgay Kirist
lañu? —maa ngi wax waxi
ku tàggoo ak sagoom nag—
maa leen ko gëna doon. Bu
dee ci liggéey, maa leen ci
man. Bu dee ci li ñu nu tëj
ci kaso, maa leen ko gëna
miin. Bu dee ci li ñu nu
dóor ay yar, maa leen ëpple.
Leru naa dee ba tàyyi.
24 Juróomi yoon Yawut yi
dóor nañu ma fanweeri yar
ak juróom ñeent. 25 Ñetti
yoon dóorees na ma ay yet,
te mas nañu maa sànni ay
xeer, bëgg maa rey. Ñetti
yoon dugg naa gaal, mu
suux. Mas naa yendu ci
ndox, fanaan ci. 26 Ci sama
tukki yu bare yi daan naa
faral di daje ak musiba ci
dex yi, ak musiba ci sàcc
yi, musiba mu jóge ci sama
xeet walla ci ñi dul Yawut,
musiba ci biir dëkk yi, ci
màndiŋ yi, ci géej gi, ci
biir bokki taalibe yu naaféq
yi. 27 Sonn naa, di ñaq, di
fanaane xool, di xiif ak a
mar tey fande, di dékku liw
te rafle, 28 waxaalewuma li
ci des nag: bés bu nekk maa
ngi xalaat mboolooy ñi gëm.
29 Ana ku ci néew doole,
te wàlluma ko? Ana ku ci
bàkkaar, te awma naqar wu
tiis?
30 Su ma damu waree kon,
ci sama néew doole laay
damoo. 31 Yàlla Baayu sunu
Boroom Yeesu, moom mi
màgg ba fàww, xam na ne
du ay fen ci man. 32 Ba
ma nekkee dëkku Damaas,
boroom dëkk ba, di jawriñu
buur ba Aretas, dafa san-
taane woon ñuy wottu dëkk
ba, ngir man maa jàpp.
33 Waaye dugalees na ma
ci dàmba, jaarale ma ci
palanteeru miiri dëkk ba,
yoor ma ci suuf. Noonu ma
rëcc ko.

# 12

*Peeñub Pool ak nattu bi
ko dal*

1 Damu amul njariñ, ba tey
war na ma. Kon ma jàll ci
nettali gis-gisi Boroom bi ak
i peeñu. 2 Xam naa taalibeb
Kirist boo xam ne yékkati
nañu ko ba ca asamaan, si
gëna kawe, booba ak léegi
mat na fukki at ak ñeent.
Xawma ndax ànd na ak
jëmmam walla déet. Yàlla
rekk a xam. 3-4 Xam naa ne,
nit kooku yékkati nañu ko
ba fa Yàlla nekk. Bu dee
ci jëmmam mbaa ci xelam,
xawma; Yàllaa xam. Mu
dégg fa baat yu ñu man-
ula nettali te yu ñu mayul
doom Aadama, mu ŋaaŋ ko.
5 Dinaa damu ci nit ku mel
noonu. Waaye duma damu
ci sama bopp, lu dul liy wone
sama néew doole. 6 Su ma
bëggoona damu, du doon
yëfi dof, ndaxte dëgg laay
wax. Waaye damay moytoo
damu, ngir kenn baña foog
ci man lu weesu li mu gis,

may def, te muy dégg, ma di
ko wax.
[7] Te it ngir ma baña
yég sama bopp ndax peeñu
yooyu wees xel, mayees na
mbir dal ma ci sama yaram,
di ma mitital ni dég, muy
malaakam Seytaane mu may
sonal, ngir ma baña yég
sama bopp. [8] Ñaan naa Bo-
room bi ñetti yoon ci mbir
moomu, ngir mu teqale ma
ak moom. [9] Mu ne ma:
«Sama yiw doy na la; sama
kàttan a ngi mate cig néew
doole.» Kon nag dëgg-dëgg,
gën na maa bég ci damu
ndax sama néew doole, ngir
kàttanu Kirist dëkk ci man.
[10] Looloo tax may bég ci
néew doole, yi may wéye
ngir turu Kirist, ciy tiis, ciy
njàqare, mbaa ñu saaga ma,
mbaa ñu fitnaal ma. Ndaxte
bu ma néewee doole, booba
laay am kàttan.

*Pool bëgg na leen*

[11] Ci dëgg-dëgg wax naa
waxi dof te yéena ma ci du-
gal, fekk yéen ci seen bopp
sax yéena ma waroona sar-
gal, ndaxte su ma dul dara
sax, seen ndaw yooyu ngeen
naw ëpplewuñu ma dara.
[12] Kéemaan yi, jaloore yi ak
jëf yu màgg, yiy firndeel
ndawul Kirist, feeñ nañu ci
seen biir, ma ànd ci ak muñ
gu mat. [13] Lan laa de-
fal yeneen mboolooy ñi gëm
te defaluma leen ko, xanaa
rekk li ma wéeru ci ñoom te
wéeruwuma ci yéen? Baal-
leen ma googu tooñ!
[14] Maa ngi leen di waaja
ganesi ñetteel bi yoon, te
duma wéeru ci yéen. Wut-
siwuma seen alal, yéen laa
soxla. Ndaxte du gone moo
wara yor waajuram, waaye
waajur moo wara yor gone
yi. [15] Man nag nangu naa
joxe li ma am lépp ak xol bu
sedd, ba joxe sama bopp sax,
ngir dimbali leen. Gannaaw
bëgg naa leen nii, xanaa
kay seen mbëggeel ci man
warula wàññiku? [16] Kon
noonu la, nekkuma woon
yen ci yéen. Waaye man
na am ñu naan, dama leena
nax, ba réeral leen ci sama
njublaŋ.

[17] Ndax damaa lekk seen
alal, jaare ko ci kenn ci ñi
ma yónni woon? [18] Sant naa
Tit, mu ñëw ci yéen, te yebal
naa sunu mbokk moomu ak
moom. Ndax Tit dafa lekk
seen alal? Man ak moom,
ndax bokkunu woon xel mu
nu yékkati ak tànk yu nuy
dox?

[19] Xanaa diirub li ngeen
di jàng lii, defe ngeen ne
nu ngi wut aw lay ci seen
kanam. Samay xarit, nu ngi
leen di wax ci kanam Yàlla
ak ci turu Kirist; te lépp
ngir seen njariñ la. [20] Ragal
naa, bu ma ñëwee ci yéen,
fekk leen nu ma neexul, te
yéen it ngeen fekk ma nu
leen neexul. Ragal naa fekk
ay xuloo ci seen biir, ak
ñeetaane, xadar ak diiroo
mbagg, xas ak jëw, réy-réylu
ak yëngu-yëngu. [21] Ragal
naa, bu ma leen ganesi-
waatee, Yàlla sama Boroom
suufeel ma ci seen biir,
ma naqarlu ci ñu bare ñu
bàkkaaroon te dëdduwuñu

seen yàqute, seen njaaloo ak
seen ñaawteef, gi ñu doon
def.

# 13

*Artu yu mujj yi*

[1] Bii mooy ñetteel bi yoon,
ma di leen ganesi. «Bépp
àtte dina aju ci seedes ñaar
walla ñetti nit.» [2] Li ma
waxoon ci sama ñaareelu
ngan, ci ñi bàkkaaroon bu
yàgg ak ñi ci des, maa
ngi koy waxaat léegi, bala
maa dikkaat: su ma délsee,
duma yërëm kenn. [3] Bu fek-
kee ne dangeena bëgg firnde
juy wone ne Kirist mooy wax
jaarale ko ci man, dingeen
ko am. Digganteem ak
yéen du ànd ak néew doole,
waaye dafay feeñal kàttan
ci seen biir. [4] Néewoon
na doole, ba ñu koy daaj
ca bant ngir rey ko, waaye
mi ngi dund ci kàttanu
Yàlla. Nun itam néew
nanu doole ci sunu bokk ci
moom, waaye dinanu dund
ak moom ci kàttanu Yàlla,
bu nuy jëfante ak yéen.

[5] Xool-leen seen bopp bu
baax, ba xam ndax ngëm a
ngi ci yéen. Seetluleen seen
bopp. Xanaa xamuleen ne
Yeesoo ngi ci yéen? Walla
boog ngeen gis ne ay naaféq
ngeen. [6] Waaye yaakaar
naa ne dingeen gis ne man
nanoo wone nun, firndeg
ngëm. [7] Nu ngi ñaan Yàlla,
ngeen baña def dara lu bon.
Waxuma ne danoo bëgga
wone noonu sunu firndeg
ngëm, waaye sunu yéene
mooy ngeen jëf lu baax, boo
yaboo sax ñu jiiñ nu ag
naaféq. [8] Ndaxte manalunu
dara dëggu Yàlla gi; ma-
nunu lu dul taxawal ko. [9] Bu
nu néewee doole, fekk am
ngeen doole, bég nanu ci. Te
sax nu ngi ñaan, ngeen jublu
cig mat. [10] Looloo tax ma
leen di binde nii, bala maa
ñëw; bëgguma leena duma
ci sañ-sañ bi ma Boroom bi
jox. Jox na ma ko, ngir ma
yokk seen ngëm, waaye du
ngir seen kasara.

*Tàggtoo*

[11] Kon nag bokk yi,
bégleen, jublu cig mat, di
déglu soññante bi ma leen
di dénk, am benn xalaat te
dëkk ci jàmm; noonu Yàlla
miy mbëggeel te di Yàllay
jàmm dina ànd ak yéen.
[12] Saafoonteleen ak xol bu
laab. Mboolem gaayi Yàlla
yépp ñu ngi leen di nuyu.
[13] Yal na yiwu sunu
Boroom Yeesu Kirist, ak
mbëggeelu Yàlla ak booloo,
gi nu am ak Xel mu Sell mi,
ànd ak yéen ñépp.

# Bataaxal bi Yàlla may Pool, mu bind ko WAA GALASI

1 Man Pool, ndawul Yeesu
Kirist —nit falu ma ko, te
jaarewul it ci nit, mi ngi
jaare ci Yeesu Kirist ak
Yàlla Baay, bi ko dekkal—
2 man ak bokk yiy ànd ak
man yépp, nu ngi leen di
bind, yéen mboolooy ñi
gëm te dëkk ci diiwaanu
Galasi. 3 Na yiw ak jàmm
féete ak yéen, jóge ci Yàlla
sunu Baay ak Yeesu Kirist
Boroom bi, 4 moom mi joxe
bakkanam ngir dindi sunuy
bàkkaar, te musal nu ci
àddina su bon, si nu nekk,
dëppook coobarey Yàlla
sunu Baay, 5 bi yelloo ndam
ba fàww. Amiin.

*Benn xibaaru jàmm bi rekk moo am*

6 Man de jaaxle naa! Yàlla
woo na leen ci boppam
jaarale ko ci yiw, wi nu
Kirist defal, waaye yéena
ngi gaawantu di ko bàyyi,
ngir topp beneen xibaar,
7 fekk du xibaaru jàmm
bi. Dafa am rekk ci seen
biir ay nit ñiy nëxal xel
yi te bëgga dàndal xibaaru
jàmm bu Kirist. 8 Waaye
su fekkee kenn ci nun ñëw,
walla malaaka sax mu jóge
asamaan, di yégle beneen
xibaar bu méngoowul ak
bi nu leen yégal, kooku
yal na alku! 9 Wax nanu
ko, maa ngi koy waxaat:
bu leen kenn yégalee be-
neen xibaar bu dul bi ngeen
nangu, kooku yal na alku!
10 Ndax kon nit laay wuta
gëmloo, am damay fexee
yey Yàlla? Mbaa damay
wuta neex nit ñi? Su ma
doon wuta neex nit ñi ba tey,
kon duma nekkati jaamu
Kirist.

*Yeesu Kirist moo won Pool xibaaru jàmm bi*

11 Bokk yi, maa ngi leen
di xamal ne xibaaru jàmm
bi ma yégle, jógewul ci nit.
12 Jëlewuma ko ci nit, te
kenn jàngalu ma ko, waaye
Yeesu Kirist moo ma ko won.
13 Dégg ngeen ni ma doon
jëfe, bi ma nekkee ci di-
iney Yawut yi, di fitnaal bu
metti mbooloom Yàlla, di ko
jéema tas. 14 Bokkoon naa ci
ñi gëna farlu ci diiney Yawut
yi, te sawar it ci sàrti yoon,
yi fi samay maam bàyyi,
ba raw sama maas, gi ma
bokkal askan. 15-16 Waaye
Yàlla mi ma tànn lu jiitu
sama juddu te woo ma ci
boppam ci kaw yiwam, bi
mu ko soobee, xamal na ma
kan mooy Doomam, ngir ma
yégal ñi dul Yawut xibaaru
jàmm bi ci mbirum Kirist;
booba nag diisoowuma ci
ak kenn. 17 Demuma sax
Yerusalem seeti ñi ma jëkka
nekk ay ndawi Kirist, waaye
réewu Arabi laa dem, te gan-
naaw loolu ma délsiwaat
Damaas.
18 Ba ñu ca tegee ñetti at,
ma sooga dem Yerusalem,
ngir xamanteek Sefas, dal fa
moom lu mat ñaari ayu-bés.

[19] Waaye gisuma keneen ci
ndaw yi ku dul Saag, doomu
ndeyu Boroom bi. [20] Lii
ma leen di bind nag, Yàllaa
may seede ci ne du ay fen.
[21] Bi loolu wéyee dem naa
réewu Siri ak réewu Silisi.
[22] Waaye ba tey mboolooy ñi
gëm Kirist ci diiwaanu Yude
xamuñu ma woon. [23] Dañu
déggoon ñu naan rekk ne:
«Ki nu daan fitnaal bu jëkk
te daan jéema far yoonu
ngëm wi, léegi mi ngi koy
yégle!» [24] Te ñuy sant Yàlla
ci man.

# 2

*Yeneen ndawi Kirist nangu nañu Pool*

[1] Ba ñu ca tegee fukki
at ak ñeent, ànd naa ak
Barnabas, dellu Yerusalem,
yóbbaale Tit. [2] Dem naa fa,
ndaxte Yàllaa ma fa yebal
ci kaw peeñu. Ba ma de-
mee, daje naa ak ñi ñu gëna
fonk ca mbooloo ma, ma
wéetoo ak ñoom, won leen
xibaaru jàmm, bi may yégal
ñi dul Yawut, ngir ragal
sama coonob démb mbaa
tey neen. [3] Te Tit mi ma
gunge woon sax de, li mu
bokk ci xeetu Gereg, taxul ñu
sonal nu ci xarafal ko. [4] Fekk
na mbir moomu nekk coow
ndax naaféq, yi yoxoosu ci
sunu biir ak mébét mu bon,
ngir seet yaatu gi nu am
ci Yeesu Kirist, ba fexe noo
defaat ay jaam. [5] Waaye
yaatalunu leen benn yoon,
ngir dëggug xibaaru jàmm
bi mana sax ci yéen.

[6] Waaye ñi ñu gëna fonk
—ak lu mana doon seen sag
xooluma ko, ñépp a yem fa
kanam Yàlla— waaye ñooñu
ñu teg njiit boog, bi ma
dajee ak ñoom, yokkuñu
dara ci sama sas. [7] Gis
nañu ne Yàllaa nu yebal,
muy man di Piyeer, ngir
nu yégle xibaaru jàmm bi:
ma féetewoo ñi dul Yawut,
Piyeer féetewoo Yawut yi.
[8] Ndaxte ni Yàlla jëfe ci
Piyeer, miy ndawam ci
Yawut yi, noonu it la jëfe
ci man, may ndawam ci
ñi dul Yawut. [9] Saag ak
Sefas ak Yowaana nag, ñi
ñu teg kenuy mbooloo mi,
bi ñu ràññee yen bi ma
Yàlla jagleel ci yiwam, ñu
fekksi nu ci, ba jox nu loxo,
man ak Barnabas, nu liggéey
ca ña dul Yawut, ñoom ñu
liggéey ca Yawut ya. [10] Li ñu
doon laaj rekk moo di, nuy
fàttaliku seen aji néew doole
yi, fekk sax laxasu woon naa
ci def ko.

*Pool yedd na Sefas ca Ancos*

[11] Waaye bi Sefas ñëwee
dëkku Ancos, yedd naa ko
ci kanam ñépp, ndaxte li
mu def jaaduwul. [12] Ndaxte
laata ndaw yi Saag yónni di
ñëw, da daan bokk di lekk
ak ñi dul Yawut. Waaye
bi ñu agsee, te mu ragal
kureel googu faaydaal xaraf,
mu dellu gannaaw, di sore ñi
dul Yawut. [13] Yeneen Yawut
yi it daldi ànd ak Sefas ci
naaféqam, ba yóbbaale sax
Barnabas.

[14] Bi ma seetee nag ne
awuñu woon ci dëgg, gi
xibaaru jàmm bi di jàngle,

ma yedd Sefas ci kanam
ñépp ne ko: «Yaw miy
Yawut, gannaaw dëddu nga
aaday Yawut yi, ba dund ni
ku dul Yawut, lu tax nga
bëgga sëf diiney Yawut ci ñi
dul Yawut?»

15 Nun danoo cosaanoo ci
xeetu Yawut, te bokkunu
ci xeet, yi xamul Yàlla tey
bàkkaar. 16 Teewul nu xam
ne Yàlla du àtte kenn ni
ku jub ci kaw sàmm yoon,
waaye ci gëm Yeesu Kirist.
Kon nun itam gëm nanu
Kirist Yeesu, ngir Yàlla àtte
nu jub ci kaw gëm Kirist, te
du ci sàmm yoon. Ndaxte du
caageenug sàmm yoon mooy
tax Yàlla àtte kenn ni ku jub.

17 Waaye ba tey su fek-
kee ne nu ngi wuta jub
ci kaw gëm Kirist, fekk nu
ne fàŋŋ di ay bàkkaarkat,
ndax nag Kirist moo sas
bàkkaar? Mukk! 18 Waaye
su ma delloo di sàmm ndi-
gali yoon, yi ma bàyyi, dëgg-
dëgg dinaa wone noonu ne
moykatu yoon wi laa. 19 Ci
li jëm ci yoonu Musaa, dee
naa, fekk yoon wi ci bop-
pam moo ko waral, ngir ma
mana dund, ba amal njariñ
Yàlla. 20 Daajaale nañu ma
ak Kirist ca bant ba, te
noonu du man may dundati,
waaye Kirist mooy dund ci
man. Dundu mbindeef, gi
may dund nag, maa ngi koy
dund ci gëm Doomu Yàlla
ji, moom mi ma bëgg, ba
joxe bakkanam ngir man.
21 Duma neenal yiwu Yàlla,
ndaxte su sàmm yoon doon
taxa jub fa kanam Yàlla, kon
Kirist dee na cig neen.

# 3

*Buleen dëddu xibaaru jàmm bi ngir wéeruwaat ci yoon wi*

1 Yéen waa Galasi, yéena
ñàkk xel! Ku leen fàbbi,
gannaaw bi ma leen yégalee
ci lu leer ni ñu daaje Yeesu
Kirist ca bant ba? 2 Lenn
rekk laa bëgg, ngeen wax
ma ko: ndax sàmm yoon
wee tax, ngeen jot Xelum
Yàlla? Déedéet! Dan-
geena dégg xibaaru jàmm
bi te gëm ko. 3 Mbaa
du nii ngeen ñàkke xel, ba
tàmbalee ci Xelum Yàlla, ba
noppi yaakaara mate ci seen
jëfi bopp? 4 Mbaa du fitna,
yi ngeen daj yépp, dafa nara
neen? Manuma koo gëm!
5 Bu leen Yàlla di may Xelam,
di leen won jalooreem, ndax
li ngeen sàmm yoon a tax,
mu def ko, mbaa li ngeen
dégg xibaaru jàmm bi te
gëm ko?

6 Xool-leen ci Ibraayma;
Mbind mi wax na ne:
«Ibraayma gëm na Yàlla,
te Yàlla jàppe ngëmam ni
njub.»
7 Xamleen boog ne boroom
ngëm yi rekk ñooy doomi
Ibraayma. 8 Mbind mi tëral
na lu jiitu ne Yàlla dina
àtte jub ñi dul Yawut ci
kaw ngëm. Kon looloo tax
mu yégal Ibraayma lu ji-
itu xibaaru jàmm bi ne ko:
«Xeeti àddina yépp dinañu
barkeel ci yaw.» 9 Kon ñi
gëm, Yàlla dina leen bar-
keel, sukkandikoo ko ci seen

ngëm, ni mu defal Ibraayma,
boroom ngëm.
10 Ñiy wékku ñépp ci jëfi
yoon wi, ñu alku lañu,
ndaxte bind nañu ne: «Képp
ku dul topp lépp lu ndigali
yoon wi santaane, yal na
alku.» 11 Bir na sax ne sàmm
yoon du tax kenn jub fa
kanam Yàlla, ndaxte Mbind
mi tëral na ne: «Ku jub
ci kaw ngëm dinga dund.»
12 Waaye yoon wi laajul
ngëm. Mbind mi nee na:
«Ku manoona matal li yoon
wi wax, kon dinga dund ba
fàww.»
13 Waaye Kirist jot na nu
ci alkànde, ji yoon wi indi;
mu gàddul nu ko, ba far alku
moom ci boppam, ndaxte
Mbind mi nee na: «Képp
ku ñu rey, wékk ko ci bant,
alku nga.» 14 Noonu barke bi
Yàlla dig Ibraayma baawaan
na, ba daj ñi dul Yawut te
gëm Kirist Yeesu, te nu jot
ci kaw ngëm Xel mu Sell, mi
Yàlla dige.

*Yoonu Musaa du fecci kóllëre gi Yàlla fas ak Ibraayma*

15 Bokk yi, maa ngi misaal
wax ji ci jëfi doom Aadama.
Xam ngeen ne kóllëre gu
ñu fas ba noppi, waruñu
koo fecci, walla ñu ciy rax
dara. 16 Léegi nag Yàlla am
na lu mu dig Ibraayma ak
askanam. Mbind mi waxul:
«Ak i sëtam», mu mel ni ñu
bare, waaye kenn la wax:
«Ak sa askan», maanaam
Kirist. 17 Li ma ci bëgga wax
mooy lii: ndegam Yàlla fas
na kóllëreem, yoonu Musaa,
wi feeñ ñeenti téeméeri at
ak fanweer gannaaw ga, du
ko mana fecci, ba tebbi digeb
Yàlla. 18 Ndaxte xéewal, yi
Yàllay dige, bu ñu doon jóge
ci yoon wi, kon ajootuñu ci
dige bi, fekk ci kaw dige la
ko Yàlla maye Ibraayma.
19 Waaw kon yoonu
Musaa, luy njariñam? Dañu
koo wàcceel nit ñi, ngir seen
jàdd yoon ne fàŋŋ. Looloo
doon wàllu yoon wi, ba kera
Sët biy ñëw, moom mi ñu
digoon dige bi. Yoon wi nag,
Yàlla tëral na ko jaare ci ay
malaaka, te am na ku ko
jottali. 20 Waaye aajowul
jottalikat, su fi kenn rekk
teewee, te Yàlla kenn la.

*Bu ngeen bokkee ci Kirist, nekkatuleen ci yoonu Musaa*

21 Ndax kon yoonu Musaa
wi dafa juuyoo ak li Yàlla
dige? Mukk! Su amoon yoon
wu nit mana sàmm, ba mu
jural ko dund gu sax, kon
sàmm yoon dina tax nit jub
fa kanam Yàlla. 22 Waaye
yoon wi tëj na ñépp ci dooley
bàkkaar, ngir ñi gëm Yeesu
Kirist jot li Yàlla dige woon
ci seen kaw ngëm.
23 Bi ngëm Yeesu Kirist
feeñagul nag, yoon wi da
noo tëjoon ràpp, ba kera
ngëm di feeñ. 24 Ci noonu
la nu yoon wi doon note,
ba Kirist di ñëw, ngir Yàlla
àtte nu jub ci kaw ngëm.
25 Waaye léegi, bi jamonoy
ngëm ji ñëwee, nekkatunu
ci kilifteefu yoon wi.

*Doomi Yàlla ngeen*

[26] Yéen ñépp doomi Yàlla
ngeen ndax li ngeen bokk
ci Kirist Yeesu ci kaw ngëm.
[27] Yéen ñépp, ñi ñu sóob
ci ndox ngir wone seen
bokk ci Kirist, soloo ngeen
Kirist. [28] Kon nag amul
xàjjale ci diggante Yawut ak
ki dul Yawut, ci diggante
jaam ak gor, ci diggante
góor ak jigéen. Yéen ñépp
benn ngeen ci seen bokk ci
Kirist. [29] Bu ngeen bokkee
ci Kirist, kon bokk ngeen
ci askanu Ibraayma, te jot
ngeen xéewal, yi ko Yàlla
dig.

# 4

[1] Li ma leen di wax, mooy
lii: doom ji wara donni
baayam, fi ak mu ngi cig
ndaw, ak lu ko alal jiy
lew lépp, du wuute dara
ak jaam. [2] Ñi ko yore tey
sàmm alalam ñoo koy yilif,
ba jamono ji ko baayam
àppaloon mat. [3] Nun itam
naka noonu, laata nuy
mat, aaday àddina ñoo nu
notoon, ba def nu ni ay
jaam. [4] Waaye bi àpp bi
Yàlla tëraloon matee, yónni
na Doomam, mu juddoo ci
jigéen, ci biir yoonu Musaa,
[5] ngir jot ñi yoon wi notoon,
ndax Yàlla jàpp nu ni ay
doomam. [6] Gannaaw doomi
Yàlla ngeen nag, Yàlla yónni
na Xelu Doomam ci sunu xol,
mu koy wooye nii: «Abba»,
maanaam «Baay.» [7] Noonu
dootuloo jaam, doom nga.
Te ndegam doom nga, Yàlla
jagleel na la cér ci xéewal,
yi mu dencal ay doomam.

*Njàqarey Pool ci waa Galasi*

[8] Bu jëkk, bi ngeen xam-
agul Yàlla, yéena ngi doon
jaamu yeneen yu ñu daan
bokkaaleel Yàlla. [9] Waaye
léegi nag bi ngeen xamee
Yàlla, walla boog bi leen
Yàlla xàmmee, nan ngeen
mana def, bay delluwaat ca
aaday àddina? Aada yooyee
ñàkk doole te ñàkk njariñ,
lu tax ngeen bëgg, ñu notaat
leen? [10] Yéena ngi fonk bés
yi, weer yi, màggal yi ak
at yi! [11] Sama xel dalul ci
yéen, ngir ragal sama coono
ci yéen neen.

[12] Bokk yi, dama leen di
ñaan, ngeen mel ni man,
ndaxte man itam fekksi
naa leen ci seen xalaat.
Tooñuleen ma. [13] Xam
ngeen ne sama wopp moo
taxoon, ma yégal leen
xibaaru jàmm bi. [14] Coono,
gi leen sama wopp tegoon,
taxul ngeen bañ ma, taxul
ngeen séexlu ma. Waaye
teeru ngeen ma, ni bu ngeen
doon teeru malaakam Yàlla
walla Yeesu Kirist. [15] Waaw,
fan la seen mbég jaar?
Ndaxte seedeel naa leen ne
su ngeen ko manoon, kon
luqi ngeen seeni bët, jox ma.
[16] Ndax dëgg, gi ma leen
wax, moo tax ngeen def ma
ab noon?

[17] Nit ñooñu leen di farle,
seen mébét baaxul. Dañu
leena bëgga tàggale ak nun,
ngir ngeen far ak ñoom.
[18] Farle baax na, bu àndee
ak mébét mu baax. Waaye
bu sama jëmm rekk tax
ngeen koy def. [19] Sama

doom yi! Yéena tax may
dellu ci metit ni kuy matu,
ba kera jikkoy Kirist di mat
ci yéen. 20 Léegi bëggoon
naa nekk ci seen biir, ngir
mana jubbanti sama kàddu,
ndaxte xamatuma nu may
doxale ak yéen!

*Mbirum Ajara ak Saarata*

21 Yéen ñi bëgga topp
yoon wi, xanaa xamuleen
li yoonu Musaa wi wax?
22 Mbind mi nee na:
Ibraayma am na ñaari
doom; ki jaam bi jur ak ki
gor si jur. 23 Doomu jaam
bi juddu na ni bépp doom,
waaye doom, ji mu am ak
soxnaam, juddu na ci kaw
digeb Yàlla.
24 Loolu nag am na lu
muy misaal. Ñaari jigéen
ñi dañoo bijji ñaari kóllëre.
Benn bi di Ajara, mooy wone
kóllëre, gi Yàlla fasoon ca
tundu Sinayi. Ay jaam lay
jur. 25 Ajara moomu mooy
tundu Sinayi, wi nekk ca
réewu Arabi. Te it mooy
misaalu dëkku Yerusalem,
bi fi nekk tey. Ndaxte
moom ak i doomam yépp
ay jaam lañu. 26 Waaye
Yerusalem, ga ca kaw, mooy
gor si. Moom mooy sunu
ndey. 27 Ndaxte Mbind mi
nee na:
«Bégal, yaw jigéen ji dul jur
te masula am doom.
Reeyal te bànneexu,
yaw mi masula xam coonob
mat,
ndaxte jigéen ji ñu faalewul
moo gëna jaboot ki nekk ak
jëkkëram.»
28 Yéen bokk yi, yéenay
doom yi ñu dige woon, niki
Isaaxa. 29 Waaye doom ji
juddoo ni bépp doom, dafa
daan sonal doom ji juddoo
ci dooley Xelum Yàlla. Te
loolu mooy law ba léegi.
30 Lu ci Mbind mi wax nag?
Nee na: «Dàqal jaam bi
ak doomam, ndaxte doomu
jaam bi warula bokk cér
ak doomu gor si ci ndono.»
31 Kon nag bokk yi, nun dunu
doomi jaam, ay doomi gor
lanu.

# 5

*Buleen delluwaat ci njaam*

1 Kirist a nu daggal sunu
buumi njaam, ngir goreel
nu. Kon dëgërleen ci seen
ngor te baña delluwaat ci
njaam.
2 Dégluleen! Man Pool
maa leen koy wax: bu
ngeen itteelee xaraf, kon
Kirist dootu leen jariñ dara.
3 Te maa ngi dellu di wax-
aat ne, képp kuy faratаal
xaraf, fàww nga sàmm lépp
lu yoon wi santaane. 4 Yéen
ñiy fexee jub fa kanam
Yàlla ci kaw sàmm yoon,
tàggalikoo ngeen ak Kirist;
dëddu ngeen yiwu Yàlla.
5 Waaye njub, gi nu Yàlla
dencal ëllëg, nu ngi koy
séentu ci kaw ngëm ak
ci ndimbalu Xelum Yàlla.
6 Ndaxte bu nu bokkee ci
Kirist Yeesu, xaraf ak baña
xaraf, dara amu ci solo; li am
solo mooy ngëm, giy jëf ci
mbëggeel.
7 Ni ngeen jógtee woon de
baax na! Waaw, ku leen dog,

ba ngeen baña déggal dëgg?
8 Li ñu leen xiir jógewul ci
Yàlla mi leen woo. 9 Dees
na ne: «Tuuti lawiir day tax
tooyalu fariñ bépp funki.»
10 Waaye teewul Boroom bi
jox na ma kóolute ci yéen.
Biral na ma ne dingeen bokk
ak man xalaat. Léegi nag,
kiy nëxal seen xel, ku mu
mana doon, Yàlla dina ko
mbugal. 11 Man nag bokk
yi, bu ma doon faaydaal
xaraf ci sama waare, kon
duñu ma fitnaale nii; te it li
may yégle ci deewu Kirist ca
bant ba dootul naqari kenn.
12 Ñi faratаal xaraf te di leen
dëpp, nañu gëna sore ci seen
réer: bu yaboo sax ñu dagg
seen ngóora, ba dara du ci
des!

*Buleen topp seen nafsu, waaye na leen Xelum Yàlla jiite*

13 Yéen nag bokk yi,
Yàlla woo na leen, ngeen
nekk i gor. Waaye nag
buleen ci sukkandiku, bay
topp seen nafsu, waaye
dimbaleenteleen ci kaw
mbëggeel. 14 Ndaxte yoon
wépp, ndigal lii a ko tënk:
«Nanga bëgg sa moroom,
ni nga bëgge sa bopp.»
15 Waaye moytuleen! Bu
ngeen dee màttante ak a
lekkante, dingeen yàqante.

16 Li ma leen di wax
mooy lii: dundleen ci Xelum
Yàlla, kon dungeen topp
seen nafsu. 17 Ndaxte sunu
nafsu am na ay bëgg-bëgg
yu méngoowul ak yu Xelum
Yàlla. Te Xelum Yàlla itam
am na ay bëgg-bëgg yu
méngoowul ak yu sunu
nafsu. Ñoom ñaar dañoo
juuyoo ci bépp fànn, ba tax
lépp lu ngeen bëggoona
def, dungeen ko man.
18 Waaye bu ngeen toppee
Xelum Yàlla, nekkatuleen ci
kilifteefu yoon wi.

19 Kuy topp sa nafsu, nii
ngay jëfe: njaaloo, xalaat yu
bon, def i ñaawteef ak say
cér, 20 xërëm, luxus, noonoo
ak xuloo, ñeetaane, xadar,
diiroo mbagg, féewaloo ak
xàjjaloo, 21 kiñaan, màndite
ak xawaare ak yeneen yu ni
mel. Léegi nag maa ngi leen
di artu, ni ma ko defe woon:
ñiy jëfe noonu duñu am cér
ci nguuru Yàlla.

22 Waaye li Xelu Yàlla mi
di meñ mooy: mbëggeel,
mbég, jàmm, muñ, laabiir,
mbaax, kóllëre, 23 lewetaay
ak maandute. Yoon wi
terewul yu ni mel. 24 Léegi
ñi bokk nag ci Yeesu Kirist,
daaj nañu seen nafsu ca bant
ba, wacc ko fa, moom ak
i xemmemam ak i bëgg-
bëggam. 25 Gannaaw nag
nu ngi dund léegi ci Xelum
Yàlla, kon nanu ko topp.
26 Bu nu tiitaru di dëkkante,
di iñaanante.

# 6

*Deeleen dimbaleente*

1 Bokk yi, ku ñu fekk muy
def lu Yàlla bëggul, yéen ñi
topp Xelum Yàlla, nangeen
ko jubbanti ak xol bu lewet.
Waaye nanga sàmm sa bopp,
ngir bàkkaar bañ laa fiir,
yaw itam. 2 Jàpplanteleen,
noonu dingeen sàmm yoon

wi Kirist tëral. 3 Ndaxte
kuy naagu te fekk doo dara,
dangay nax sa bopp. 4 Na
ku nekk seetlu ni muy beye
sasam. Bu ko defee dina
mana naw boppam, tey bañ
di diirante mbagg ak ñi ci
des. 5 Ndaxte ku ci nekk
dangaa wara yenu sab yen.

6 Kiy jàng kàddug Yàlla
war na sédd ki koy jàngal ci
alalam jépp.

7 Bu leen ci dara nax; kenn
du foontoo Yàlla, ndaxte lu
waay ji, moom ngay góob.
8 Ku ji ngir sa nafsu, dinga
góob li sa nafsu meññ,
maanaam ag yàqute. Waaye
ku ji lu soloo ak Xelum Yàlla,
li Xel mi meññ ngay góob,
maanaam dund gu dul jeex.
9 Bunu tàyyi ci def lu baax,
ndaxte bu nu ci sawaree,
bu waxtu wi jotee dinanu
jariñu. 10 Noonu fi ak nu
koy man, nanuy defal ñépp
lu baax, rawatina nag sunu
bokk yi gëm.

*Mbindeef mu bees*

11 Seetleen araf yu mag yii
ma leen bind ci sama loxob
bopp!

12 Ñiy gistal ci seen yaram,
ñooñoo bëgg ngeen xaraf,
ngir ragala daj fitna ci yégle
deewu Kirist ca bant ba.
13 Kureel gi faaydaal xaraf,
ñoom ci seen bopp sax, duñu
topp yoon wi. Dañoo bëgga
ngeen xaraf, ba ñu mana
bàkku ci seen yaram, yéen.
14 Man ci sama wàllu bopp,
duma bàkku mukk su dul ci
deewu sunu Boroom Yeesu
Kirist, ba ñu ko daajee ca
bant ba. Deeyam moo tax
ma mel ni ku dee ci yëfi
àddina; yëfi àddina dee ci
man. 15 Xaraf ak baña xaraf
dara amu ci solo. Li am
solo mooy nekk mbindeef
mu bees. 16 Ñiy topp ndi-
gal lii nag, yal na Yàlla
wàcce jàmm ak yërmande
ci ñoom, ak ci Israyilu Yàlla.

17 Léegi nag, bu ma kenn
lëjalati, ndaxte yor naa ci
sama yaram ay leget yuy
màndargaal ne jaamu Yeesu
laa.

18 Bokk yi, yal na yiwu
Yeesu Kirist sunu Boroom
ànd ak seen xel. Amiin.

# Bataaxal bi Yàlla may Pool, mu bind ko WAA EFES

1 Man Pool, ndawul Kirist
Yeesu ci coobarey Yàlla, maa
leen di bind, yéen gaayi
Yàlla yu sell yi te gëm Kirist
Yeesu ci dëkku Efes. 2 Yal
na leen Yàlla sunu Baay ak
Boroom bi Yeesu Kirist may
yiw ak jàmm.

3 Cant ñeel na Yàlla Baayu
sunu Boroom Yeesu Kirist,
mi nu sotti ci sunu bokk
ci Kirist lépp luy barkeel
ci baatin te nekk ca bérab
yu kawe ya. 4 Ndaxte ba
àddina sosoogul, tànn na nu
ci Kirist, ngir nu mana teew
fa kanamam, sell te ñàkk
sikk. Ci kaw mbëggeelam*
5 séddoo na nu lu jiitu,
def nu ay doomam jaarale
ko ci Yeesu Kirist, ndaxte
looloo doon yéene ju rafet,
ji mu tëral ci coobareem.
6 Na ndamam jolli ndax yiw
wu réy, wi mu nu sotti ci
Soppeem bi.

7 Moom jot na nu ak dere-
tam ji ñu tuur, maanaam
baal nu sunuy bàkkaar, ci
kaw yiw wu yaatu, 8 wi mu
nu baawaanal. Yàlla sol na
nu xel mu mat ak dégg,
9 ci feeñal nu mbóoti cooba-
reem, dëppook yéeneem ju
rafet, ji mu jaarale ci Kirist.
10 Mu tëral ne, bu jamono yi
wéyee ba lépp mat, dina da-
jale lépp ci kilifteefu Kirist,
muy ci kaw, muy ci suuf.
11 Am nanu cér ci moom
bu nu Yàlla sédd lu jiitu ci
dogalam, moom miy doxal
lépp ci ni mu ko àttee ci
coobareem. 12 Noonu nuy
jollil ndamam, nun ñi jëkka
wékk sunu yaakaar ci Kirist.

13 Yéen itam, bi ngeen
déggee kàddug dëgg gi, di
xibaaru jàmm, bi leen tegtal
yoonu mucc, te ngeen gëm
ko, Yàlla tàmpe na leen ni
ñoñam ak Xel mu Sell, mi
mu dige woon. 14 Te Xel
mi mooy dawal gi nu Yàlla
jox ci cér, bi mu nu dencal,
ba kera muy goreel ñi mu
jotal boppam, te ñépp jollil
ndamam.

*Pool sant na Yàlla, di ñaanal ñi gëm*

15 Bi ma déggee nag seen
ngëm ci Boroom bi Yeesu
ak seen mbëggeel ci gaayi
Yàlla yu sell yépp, 16 duma
noppee sant Yàlla, di leen
boole ci samay ñaan. 17 Li
may ñaan Yàllay sunu Bo-
room Yeesu Kirist, di Baay bi
yelloo ndam, mooy lii: mu
sol leen xel mu xóot, te xa-
mal leen boppam 18 ci leeral
seeni xol. Noonu dingeen
xam yaakaaru ëllëg, ji leen
Yàlla wooye, di ndam lu xel
manta daj, li nekk ci cér, bi
mu dencal gaayam yu sell yi.
19 Ngeen xam it, ni kàttanam
màgge ba jéggi dayo, jëm
ci nun ñi gëm, dëppook
dooleem ju ràññiku, 20 ji mu
jëfe ci Kirist, ci li mu ko
dekkal, dëël ko ci ndijooram

* **1:4** Manees na ko tekki nii it: ñàkk sikk ci biir mbëggeel. Séddoo na…

ca bérab yu kawe ya, 21 mu
tiim lu sore malaaka yépp,
muy kilifa, boroom sañ-sañ,
boroom doole mbaa buur,
te gëna màgg wépp tur wu
ñu mana tudd, muy tey,
muy ëllëg. 22 Yàlla suufeel
na lépp fi kanamam, def
ko kilifag lépp ci mbooloom
ñi gëm, 23 miy jëmmam,
di matug Kirist, mi fees
mbindeef mu ne ci fànn gu
ne.

# 2

*Ku gëm Kirist dina nekk nit ku bees*

1 Yéen itam Yàlla dekkal
na leen, yéen ñi doon ndee
fa kanamam ci seeni moy
ak seeni bàkkaar. 2 Ci
biir yooyu ngeen doon
dund démb, topp doxalinu
àddina, tey déggal kilifag
boroom sañ-sañ yi ci jaww
ji, di xel mu bon miy jëf ci
kureelu ñi déggadil Yàlla.
3 Nun it booba àndoon nanu
ak ñoom ca seen dund ga,
di topp sunu bakkan ciy
wut bànneexi yaram ak
coobarey xel. Noonu ci sunu
bindu nit yeyoo nanu meru
Yàlla, ni ña ca des. 4 Waaye
Yàlla mi bare yërmande, ci
kaw mbëggeel gu réy, gi mu
am ci nun, 5 dundalaat na
nu ak Kirist, fekk ndee lanu
woon fa kanamam ci sunuy
bàkkaar— ci kaw yiwu Yàlla
ngeen mucce. 6 Te dekkal na
nu ak Kirist Yeesu, dëël nu
ak moom ca bérab yu kawe
ya. 7 Noonu ba fu jamono
yem, dina lañal fi sunu
kanam yiwam wu réy wi xel
manta takk, jaar ci baaxaay
gi mu nu won ci Kirist Yeesu.
8 Ndaxte ci yiwu Yàlla ngeen
mucce ci kaw ngëm, te loolu
jógewul ci yéen, mayu Yàlla
la; 9 du peyu jëf, ba kenn di
ci kañu. 10 Ndaxte jëfu Yàlla
lanu; moo nu bind ci Kirist
Yeesu, ngir nu wéy ci jëf yu
rafet, yi mu nu fàgguloon ca
njàlbéen ga.

*Ñi gëm Kirist, benn lañu*

11 Kon nag yéen ñi dul
Yawut cib juddu, yéen ñi
xaraful, te ñi xaraf ci seen
yaram ci loxol nit ñoo leen
teg ay yéefar, fàttalikuleen
lii: 12 booba amuleen woon
benn cér ci Kirist, mbaa
benn baat ci kureelu bànni
Israyil. Bokkuleen woon ci
kóllëre, gi Yàlla fas ak ñoom,
te ëmb dige ya. Amuleen
woon benn yaakaar mbaa
benn xam-xamu Yàlla ci
àddina. 13 Waaye léegi ci
seen bokk ci Kirist Yeesu,
yéen ñi sore woon jege
ngeen ndax deretu Kirist ji
ñu tuur.
14 Ndaxte mooy sunu
jàmm, moom mi jël Yawut
ak ki dul Yawut, def nu
benn. Ñag bi doxoon sunu
diggante te sosoon sunu
dëngoo, moo ko màbb
ci li mu joxe yaramam,
15 far noonu yoonu Musaa,
muy ndigal ya ak dogal
ya. Noonu la nu jële,
Yawut ak ki dul Yawut,
def nu benn ci moom, ba
nu jàmmoo. 16 Nun ñaar,
ñi def benn jëmm, jubale
na nu ak Yàlla ci dee, gi
mu dee ca bant ba ñu ko

daajoon, dindee noonu sunu
tongoonte. [17] Bi mu ko defee
mu ñëw, yégalsi nu xibaaru
jàmm fa kanam Yàlla, yéen
ñi sore woon ak nun ñi jege.
[18] Ndaxte nun ñaar ñépp am
nanu bunt ci Yàlla Baay bi,
jaar ci Kirist, ci ndimbalu
menn Xel mu Sell mi.
[19] Noonu dootuleen ay
doxandéem mbaa ay gan,
waaye am ngeen baat ci
kureelu gaayi Yàlla yu sell
yi, te waa këram ngeen.
[20] Yéena ngi sukkandikoo ci
fondamaa, bi ndawi Kirist yi
ak yonent yi tabax, te Kirist
Yeesu ci boppam di doju
dalil wa. [21] Ci moom la doj
yépp ràbbloo, ba tabax bi
jóg, di màggalukaay bu sell
ngir Boroom bi. [22] Ci seen
bokk ci Kirist, Yàlla boole
na leen tabax yéen itam, ba
ngeen nekk dëkkukaayam,
jaar ci Xel mu Sell mi.

# 3

*Sasu Pool ci xamle xibaaru Kirist ci xeet yi dul Yawut*

[1] Kon nag maa ngi leen di
ñaanal, man Pool mi ñu tëj
kaso ci turu Kirist ndax sas
wi may bey ci yéen, xeet yi
dul Yawut. [2] Wóor na ma
ne dégg ngeen yenub xamle
yiwu Yàlla, bi mu ma jagleel
jëm ci yéen. [3] Yàlla feeñu
na ma, xamal ma mbóoti
mbir mi mu tëral, ni ma leen
ko binde ci kàddu yu néew.
[4] Bu ngeen jàngee loolu,
dingeen mana xam bu wér
dégg, gi ma am ci mbóoti
mbiri Kirist. [5] Ci jamono yu
weesu, loolu kumpa la woon
ci doom Aadama, waaye
léegi Yàlla feeñalal na ko
ay ndawam ak yonentam yu
sell yi, jaarale ko ci Xel mu
Sell mi. [6] Mbir mi nii la
tëdde: léegi xeet yi dul
Yawut dañoo bokksi cér ak
Yawut yi, bokk ak ñoom jenn
jëmm, bokk wàll ci xéewal
yi Yàlla dige ci Kirist Yeesu,
te xibaaru jàmm bi xamle
ko.
[7] Xamle xibaaru jàmm
boobu nag, Yàlla fal na ma
ci jawriñ ci kaw yiwam, te
di ma dooleel ci kàttanam.
[8] May na ma, man mi gëna
tuuti ci gaayi Yàlla yu sell
yi, may xibaar xeeti àddina
barkeel yu xel dajul yi ci
Kirist; [9] te it may sulli
melokaanu mbir mu xóot,
mi Yàlla tëral te doon kumpa
njàlbéen ga ba tey ci moom
mi sos lépp. [10] Waaye léegi
nee na fàŋŋ, ngir kilifa yi ak
boroom sañ-sañ yi ca bérab
yu kawe ya mana xam ni
Xelum Yàlla xóote, jaar ci
li ñu gis ci mbooloom ñi
gëm Kirist. [11] Mooy dogal
bi sax dàkk, te Yàlla tëral
ko ci Kirist Yeesu sunu Bo-
room. [12] Ci turam am nanu
kóolute fa kanam Yàlla, ak
bunt bu yaatu ci moom ci
kaw ngëm. [13] Maa ngi leen
di ñaan nag, ngeen baña
yoqi ndax coono, yi may jële
ci bey sama sas ci yéen, xam
ne coono yooyu ñoo leen di
jural ndam.

*Pool ñaanal na ñi gëm, ñu sax ci Kirist*

[14] Moo tax maa ngi sukk,
jublu ci Yàlla Baay [15] biy

cosaanul njaboot gépp, muy
ci kaw, muy ci suuf. 16 Ma
di ko ñaan, mu may leen,
ci kaw ndamam lu amul
kem, Xel mu Sell mi feddali
seen baatin ak kàttan gu
mag, 17 ba Kirist dëkk ci
seeni xol ci kaw ngëm. Te
ngeen sax noonu te sampu
ci mbëggeelu Yàlla, 18 ba
jagoo, yéen ak gaayi Yàlla
yu sell yépp, guddaay ba,
yaatuwaay ba, kawe ga
ak xóotaay ba, 19 te xam
mbëggeelu Kirist, gi raw
mépp xel. Noonu dingeen
fees dell ak matug Yàlla.

20 Léegi nag, na ndam li
féete ak Yàlla, mi mana yeg-
gale lépp luy ñaan mbaa
yéene, ba weesu ko fuuf,
dëppook kàttan giy jëf ci
nun; 21 moo yelloo ndamul
mbooloom ñi gëm jamonoy
jamono ba fàww, jaar ci
Kirist Yeesu. Amiin.

# 4

*Mbooloom ñi gëm, jenn jëmm la, ni céri yaram*

1 Man mi ñu tëj kaso ngir
Boroom bi nag, maa ngi
leen di dénk, ngeen dund
dundin wu yellook wooteb
Yàlla. 2 Ngeen woyof toyy
te lewet, di muñalante tey
baalante ci mbëggeel, 3 te
dem ba fu seen kàttan yem,
ngeen likkoo ci jàmm, bay
sàmm booloo gi leen Xelum
Yàlla may.

4 Jenn jëmm moo am,
menn Xel, ak jenn yaakaaru
ëllëg ju wooteb Yàlla ëmb.
5 Benn Boroom it a am, genn
ngëm, ak benn seedeb ngëm
ci li ñu leen sóob ci ndox.
6 Te jenn Yàllaa am, di Baayu
ñépp, mu tiim ñépp, fees
ñépp te dëkk ci ñépp.

7 Waaye ku nekk ci nun
ak mayam, ni nu ko Kirist
séddalee. 8 Looloo tax
Mbind mi ne:

«Yéeg na ba ca fa gëna
kawe,
yóbbaale mbooloom noon
mu bare, mi mu not,
tey séddale nit ñi ay may.»

9 Su nu waxee ne «yéeg na,»
li moo ci génn: daa jëkka
wàcc ba ca bérab ya gëna
suufe. 10 Ki wàccoon moo
yéegaat, ba tiim asamaan
yépp, ngir fees lépp. 11 Moo
may ñii di ay ndawam, ñii
ay yonent, ñii ay taskati
xibaaru jàmm bi, ak ñeneen
ñuy sàmm mbooloom ñi
gëm te di ko jàngal. 12 Maye
na leen, ngir ñu waajal
gaayi Yàlla yu sell yi, ñu
mana bey seen sas ci tax-
awal mbooloom Kirist, di
jëmmam. 13 Noonu nu
mànkoo ci sunu ngëm ak ci
xam Doomu Yàlla ji, ba kera
nuy egg ci nekk nit ku sotti te
taxaw taxawaay bu dëppook
matug Kirist.

14 Noonu dootunu ay gone
yu njànglem nit ku ñëw di
fàbbi ci seeni làqarci ak
seeni pexe, nu mel ni ay gaal
yu duus yi ak ngelaw li di
baaje. 15 Waaye dinanu wax
dëgg, ëmb ko ci mbëggeel,
bay màgg ci fànn gu ne ci
sunu bokk ci Kirist. Mooy
bopp, 16 te jëmm jépp ci
moom lay dunde, di jëmm
ju ràbboo te déggoo ci bépp

tenqo, te cér bu nekk di def warugaram. Noonu jëmm ji di yokku ak a màgg ci biir mbëggeel.

### *Sunu jikko ju jëkk ak sunu jikkoy tey*

17 Maa ngi leen di wax
lii nag, te di ko dëggal ci kanam Boroom bi: buleen dundeeti ni xeeti àddina yi,
ci seeni xalaati neen 18 ak
seen xel mu lëndëm. Dañoo génn ci dundu Yàlla, ndax umple gi ñu am ci moom, ak li ñu ko tëjal seen xol.
19 Seen xol dafa dërkiis, ba ñu bayliku ciy topp seen nafsu, di sóobu ci bépp sobe te xér ci.
20 Waaye du dundin woowu ngeen jàng ci Kirist.
21 Ndax yaakaar naa ne dégg ngeen Kirist te jàng ngeen ci moom, ba xam dëgg gi Yeesu
ëmb. 22 Maanaam ngeen
yulli seen jikkoy judduwaale ju bon ji daan fés ci seeni jëf, di gëna yées, te ànd ak i bëgg-bëggam yu di naxi
kese. 23 Te ngeen yeeslu
ci seen biir xel, 24 te soloo
jikko ju bees, ji Yàlla sàkk ci njubte lu dëggu ak sellaay gu dëggu.

### *Melow dund gu bees*

25 Kon nag bàyyileen di
fen, tey wax dëgg kenn ku nekk ci moroomam, ndax ku nekk sa genn-wàllu moroom
nga. 26 Ku mer, bu mu jàll
aw kaañ; bu jant bi sowaale seen mer, 27 ba ngeen may
Seytaane bunt. 28 Ku daan
sàcc, na ko dëddu te jublu ci liggéey lu baax ci ay loxoom, ngir mu mana dimbali ñi néew doole.
29 Bu genn kàddu gu ñaaw
génn ci seen gémmiñ, waaye su wax yegsee, nangeen wax lu rafet, ba faj soxlay seeni moroom, te teg ñi leen di déglu ci yoonu
yiw. 30 Buleen yóbbe tiis
Xelu Yàlla mu Sell, mi leen tàmpe ngir bésu goreel ba.
31 Dëdduleen lépp luy wex mbaa tàng bopp, luy mer mbaa coow, lépp luy xaste
mbaa coxor. 32 Te ngeen
baax ci seen diggante, di laayante biir tey baalante, ni leen Yàlla baale ci turu Kirist.

## 5

1 Yéen nag ñiy goney Yàlla,
yi mu bëgg ci xolam, royleen
ko ci loolu. 2 Ngeen wéer
seen dund ci mbëggeel, mel ni Kirist mi nu bëgg, ba joxe bakkanam ngir nun, di sarax su ñu jébbal Yàlla te neex ko ni xetu latkoloñ.
3 Waaye naka njaaloo ak
bépp sobe mbaa bëgge, jéllale naa jëf ji sax, waaye bu ko làmmiñ tudd, ni mu jekke ci gaayi Yàlla yu
sell yi. 4 Dawleen it lu
jekkadee, ni wax ju ñaaw mbaa waxi caaxaan ak kaf yu bon, te ngeen sax ci sant
Yàlla. 5 Na leen wóor ne
kenn ku jikkowoo ndoxaan, sobe mbaa bëgge, maanaam bokkaale Yàlla, kooku du am cér ci nguuru Kirist ak
Yàlla. 6 Bu leen kenn nax
ci ay waxi neen, ndaxte jëf yooyooy tax meru Yàlla di wàcc ci kureelu ñi ko

déggadil. 7 Kon nag buleen
séq ak ñoom dara. 8 Lëndëm
ngeen woon, waaye léegi
leer ngeen ndax seen bokk
ci Boroom bi.

*Dundeleen ni ay goney leer*

Dundeleen nag ni ay
goney leer. 9 Leer, mbaax
lay meñña, njub ak dëgg.
10 Dëggal-leen ci seeni jëf
li neex Boroom bi, 11 te daw
lépp luy jëfi lëndëm yu amul
njariñ, bay weer sax ku koy
def. 12 Ndaxte waxtaane
sax li ñuy def ci nëbbu, lu
ruslu la; 13 waaye leer, lu
mu ëmb, fésal ko. 14 Ndaxte
lu jaxasoo ak leer di leer.
Looloo tax ñu ne:

«Yewwul, yaw mi nelaw,
te jóge ci biir néew yi,
kon Kirist dina ne ràññ ci yaw,
ni leeru jant buy fenk.»

15 Noonu sàmmleen seen
dundin, waxuma ni ñu amul
xel, waaye ni ñu am xel,
16 tey jariñoo jot gi, ndaxte
nu ngi ci jamono ju bon.
17 Buleen ñàkk bopp nag,
waaye xamleen liy coobarey
Boroom bi. 18 Buleen màndi
it ci sàngara, liy ndeyi
ñaawteef, waaye feesleen
ak Xel mu Sell mi; 19 di wax-
ante ci seen biir ci ay taalifi
Sabóor, ciy woy ak i cant
yu tukkee ci Xelum Yàlla, di
woy ak a kañ Boroom bi ci
seen xol. 20 Gërëmleen Yàlla
Baay bi ci turu Yeesu Kirist
Boroom bi, fu ngeen mana
tollu, ci lu mu mana doon;
21 teg ca nangul sa moroom
ci biir wegeelu Kirist.

*Diggante góor ak soxnaam*

22 Naka yéen jigéen
ñi, nangeen nangul seeni
jëkkër, ni su doon Boroom
bi. 23 Ndaxte góor mooy
kilifag soxnaam, ni Kirist
nekke kilifag mbooloom ñi
gëm, muy jëmmam ji muy
sàmm. 24 Ni mbooloo mi nag
jiitale Kirist, noonu la jigéen
ji wara jiitale jëkkëram ci
lépp.

25 Yéen nag góor ñi, na
ku nekk bëgg soxnaam, ni
Kirist bëgge mbooloo mi, ba
joxe bakkanam ndax moom,
26 ngir sellal ko ak kàddoom,
ba mu laab ni ku sangu set.
27 Noonu dina ko jël, mu
mel ni séet bu ñu waajal, di
mbooloom mu soloo ndam,
te gàkkul, rasul, taqul le-
neen, waaye mu sell te amul
sikk.

28 Na góor bëgg soxnaam,
ni mu bëgge boppam. Bëgg
sa soxna, bëgg sa bopp la.
29 Ndaxte kenn masula bañ
sa yaram. Waaye danga koy
dundal, di ko fonk. Noonu
it la Kirist fonke mbooloo
mi; 30 ndaxte noo di céri
jëmmam. 31 Mbind mi nee
na: «Looloo tax góor di teqa-
likook ndeyam ak baayam,
ànd ak soxnaam, ñoom ñaar
doon kenn.» 32 Loolu ëmb na
mbóot mu xóot; man maa
ngi wax ci lu jëm ci Kirist
ak mbooloo mi. 33 Waaye
li teew, na góor gu nekk
bëgg soxnaam, ni mu bëgge
boppam, te jigéen ji weg
jëkkëram.

# 6

*Diggante waajur yi ak seen njaboot*

1 Naka yéen xale yi,
nangeen déggal seeni waa-
jur, ci li ngeen bokk ci
Boroom bi, ndaxte looloo
rafet. 2 «Teralal sa ndey
ak sa baay,» mooy ndigal li
jëkka ëmb dige, 3 maanaa:
«ngir nga am gudd fan gu
ànd ak jàmm.»
4 Yéen baay yi it, buleen
bundxataal xale yi, waaye
ngeen yar leen, di leen
yemale ak a yee ci Boroom
bi.

*Diggante jaam ak sangam*

5 Yéen jaam yi, nangeen
déggal seeni sang yu
àddina, boole ci ragal ak
wegeel, di ko def ak xol
bu laab, ni su doon ngir
Kirist. 6 Buleen ko def rekk ci
ngistal, ngir sàkku ngërëmu
nit, waaye ni ay jaami Kirist,
di jëfe coobarey Yàlla ak
seen xol bépp. 7 Beyleen
seen sas nag ak xol bu tàlli,
ni su doon ngir Boroom bi
te du nit, 8 xam ne ku def
lu baax, Boroom bi delloo la
ko, muy jaam, muy gor.
9 Yéen it sang yi, jëfeleen
noonu seen diggante ak
seeni jaam, te dëddu gépp
raglu, xam ne yéena bokk
benn Boroom ci asamaan, te
ñépp a yem fi moom.

*Xeex ak Seytaane*

10 Léegi nag doolewuleen
ci Boroom bi te soloo
kàttanam gu mag gi.
11 Gànnaayooleen yérey
xarey Yàlla yépp, ngir
mana jànkoonte ak pexey
Seytaane. 12 Ndaxte ndëndu
xare jib na, waxuma sunu
diggante ak nit ñi, waaye ak
kilifa yiy nëxal àddina si,
ñuy kilifa yi ak ay boroom
sañ-sañ, di gaayi Seytaane yi
ci bérab yu kawe yi. 13 Kon
nag gànnaayooleen yérey
xarey Yàlla yépp, ba mana
jànkoonte jamono ju xeex
bi taree, not lépp te taxaw
temm.
14 Taxawleen kon temm,
geñoo dëgg te sàngoo
njub, muy seen kiiraayu
dënn. 15 Solooleen jàmm,
ji xibaaru jàmm biy joxe, ni
ay dàll ci seeni tànk, ba jekk
ci lépp. 16 Defleen it ngëm,
muy seen pakk, ba mana
fél jum yi leen Seytaane di
fitt. 17 Defleen mucc, muy
seen mbaxanam xare, ak
kàddug Yàlla, muy jaasi ji
leen Xel mu Sell mi tëggal.
18 Deeleen ñaan ci xeeti
ñaan yépp ci kàttanu Xel
mu Sell mi, te sax ci ak farlu
gu mat sëkk, di ñaanal gaayi
Yàlla yu sell yi yépp.
19 Te buleen ma ci fàtte,
ngir waxtu wu ma ubbee
sama gémmiñ, ma am lu
ma wax, ba mana xamle ak
fit wu dëgër mbóoti xibaaru
jàmm bi. 20 Ndaw laa ci, lu
ñu jéng; yal na ma Yàlla may
fit wu ma waxe, ni mu ma
ware.

*Tàggoo*

21 Yónnee naa leen Tisig
sama mbokk, mi ma sopp,
te muy jawriñ ju takku ci
liggéeyu Boroom bi, ngir mu
xamal leen lépp li aju ci man

ak li may def. 22 Maa leen
ko yónneel sama bopp, ngir
ngeen xam li nu nekke, te
mu dëfal seeni xol.
23 Yéen bokk yi, yal na leen
Yàlla Baay bi ak Yeesu Kirist
Boroom bi may jàmm ak
mbëggeel gu ànd ak ngëm.
24 Yal na yiwu Yàlla ànd ak
ñépp, ñi bëgg Boroom bi
Yeesu Kirist ak mbëggeel gu
sax.

# Bataaxal bi Yàlla may Pool, mu bind ko WAA FILIB

1 Nun Pool ak Timote,
jaami Kirist Yeesu, noo leen
di bind, yéen gaayi Yàlla yu
sell yépp ci dëkku Filib, yi
bokk ci Kirist Yeesu, yéen
ak seeni njiit ak ñiy topptoo
yëfi mbooloo mi. 2 Na leen
Yàlla sunu Baay ak Boroom
bi Yeesu Kirist may yiw ak
jàmm.

*Li leen Pool di ñaanal*

3 Yoon wu ma leen di
xalaat, maa ngi sant Yàlla
sama Boroom; 4 te saa su ma
leen di ñaanal yéen yépp,
duma noppee bég, 5 ndax
seen ànd ak man ci tas
xibaaru jàmm bi, ca ndoorte
la ba tey. 6 Wóor na ma ne
Yàlla mi tàmbali jëf ju baax
jii ci yéen, dina ci sax, ba
bésu Kirist Yeesu ñëw.
7 Te juumuma ci li ma
xalaat loolu ci yéen ñépp,
ndaxte def naa leen ci sama
xol; ba tax fii ci kaso bi,
ci taxawal xibaaru jàmm bi
ak lawal ko, yéen ñépp am
ngeen wàll ak man ci yiwu
Yàlla. 8 Ndaxte Yàllaa seede
ne sama xol seey na ci yéen
ñépp ci biir cofeelu Kirist
Yeesu.
9 Li ma leen di ñaanal
nag mooy lii: yal na seen
mbëggeel di yokku tey gëna
tar, jaar ci xam ak xàmmi
gu wér; 10 yal nangeen sax
noonu ci li gëna rafet, ngeen
am xol bu laab te baña am
benn sikk, ba bésu Kirist
ñëw; 11 yal na seen xol meññ
njub, ba ne gàññ, jaar ci
Yeesu Kirist ci ndamul Yàlla
ak cantam.

*Kàddug Yàlla gaa ngi law, fekk Pool a ngi ci kaso*

12 Damaa bëgg, bokk yi,
ngeen xam lii: li ma dal
taxul xibaaru jàmm bi dellu
gannaaw, waaye da koo
jëmale kanam. 13 Noonu ñiy
wottu buur bi ak ñépp gis
nañu bu leer ne turu Kirist
rekk a tax ñu jàpp ma. 14 Te
it bokk yu bare takk nañu
seeni fit ci li ñu gis samay
buum, ba tax ñu gëna ñeme
ci wax kàddug Yàlla ci lu
àndul ak genn tiit.
15-16 Am na ñuy waare ci
turu Kirist ci kaw kiñaan ak
xëccoo, waaye ñi ci des ci
kaw cofeel ak xol bu laab,
ndaxte xam nañu ne Yàlla
moo ma teg fii, ngir ma
taxawal xibaaru jàmm bi.
17 Waaye ñale amuñu xol bu
laab, te seen njariñu bopp
rekk a tax ñuy yégle turu
Kirist, di wuta feddali samay
buum ak coono.
18 Lu ci génn nag? Xanaa
lii rekk: turu Kirist jolli na ci
nii mbaa naa, muy ci naaféq,
muy ci dëgg; bég naa ci te
dinaa ci bégati. 19 Ndaxte
xam naa ne loolu lépp mu
ngi jëm ci sama mucc, jaar
ci seeni ñaan ak ndimbalu
Xelum Yeesu Kirist, mi ma
Yàllay yéwénal. 20 Ndaxte
sama xënte ak sama yaakaar
mooy ma baña rus ci lenn,
waaye sama yaram feeñal
ndamu Kirist, ma ànd ci

ak kóolute gu mat, su may
dund mbaa may dee; moom
laa daan def démb, te moom
laay def tey. 21 Ndaxte su ma
dundee, Kirist laay noyyee;
su ma deeyee, xéewal lay
doon ci man. 22-23 Su ma
Yàlla bàyyee ci àddina, sas
wu am njariñ la ci man. Am
naa xel ñaar, xawma bi ci
gën. Am naa yéeney jóge
fi, fekki Kirist, te looloo gën
fuuf, 24 waaye ma des fi ci
àddina moo gën ci yéen.
25 Loolu wóor na ma; kon
xam naa ne dinaa fi des, di
leen taxawu yéen ñépp, ngir
seen ngëm yokku, ànd ak
mbég. 26 Noonu dinaa délsi
ci yéen, ngir sama taxawaay
gëna lawal seen mbég ci
Kirist Yeesu.

27 Waaye dénk naa leen lii:
na seeni jëf yelloo ak li Kirist
digle ci xibaaru jàmm bi.
Noonu su ma leen seetsee,
mbaa ma dégg seen mbir
rekk, dinaa xam ne yéena
ngi dëgër ci menn xel, bokk
benn xalaat ci bëre luy saxal
dëggu xibaaru jàmm bi, 28 te
baña tiit dara ndax noon, yi
leen di xëbal. Màndarga la
muy wone ne aji sànku lañu,
di màndarga it ne aji mucc
ngeen, di mucc gu jóge ci
Yàlla. 29 Ndaxte Yàlla may
na leen, ngeen gëm Kirist,
rax-ca-dolli ngeen sonn ndax
turam, 30 di wéy ci bëre, bi
ngeen gisoon ci man te dégg
léegi sama mbir.

# 2

*Suufeg Kirist ak ndamam*

1 Su nu Kirist mayee fit nag
ak mbëggeel guy dëfal sunu
xol, su nu amee cér ci Xel
mu Sell mi, su amee cofeel
ak yërmande ci sunu bokk
ci moom, 2 kon mottalileen
sama mbég, ci bokk benn
xalaat ak genn mbëggeel,
benn bakkan ak menn xel.
3 Buleen def dara ci kaw wut
aw tur walla wonu, waaye
jiital-leen seeni moroom cig
woyof. 4 Buleen yem ci topp-
too seen bopp rekk, waaye
booleleen ci seeni moroom.
5 Te ngeen soloo xel mi
nekkoon ci Kirist Yeesu:

6 Njàlbéen ga fekk na Kirist
yor melow Yàlla,
waaye aakimoowul tax-
awaayam ci li mu
méngoo ak Yàlla.
7 Waaye daa wàcce boppam,
ba tollook nit ñi,
def boppam surga.
Te bi mu yoree bindu nit,
8 daa suufeel boppam,
di dégg ndigal, ba joxe bop-
pam,
ñu daaj ko sax ci bant.
9 Moo tax Yàlla kaweel ko
lool,
jox ko tur wi tiim yépp,
10 ngir turu Yeesoo tax ñépp
sukk,
ci asamaan, ci kaw suuf, ci
biir suuf;
11 te ñépp bokk genn kàddu
naan: Yeesu Kirist
mooy Boroom bi;
ci màggug Yàlla Baay bi.

*Nekkleen ni ay leer ci
àddina si*

12 Noonu samay soppe,
xam naa ne masuleena jóg
ci dégg ndigal, waxuma sax
bi ma nekkee ak yéen rekk,

waaye rawatina bi ma leen
soree. Kon nag maa ngi
leen di ñaan, ngeen biral
seen mucc ci seeni jëf, te def
ko ci ragal Yàlla gu dëggu.
13 Ndaxte Yàlla ci boppam
mooy jëf ci yéen, ngir ngeen
fonk coobareem te di ko jëfe.

14 Lépp lu ngeen di def
nag, buleen ci boole xultu
mbaa xuloo. 15 Noonu
dingeen am xol bu laab bu
àndul ak ŋàññ, di goney
Yàlla yu amul sikk ci biir
jamono ju yàqu te rëb. Dan-
geen di leer ci seen biir ni
weer ci àddina si, 16 di jottali
kàddug dund gi. Noonu
bu bésu Kirist ñëwee, dinaa
mana bég, xam ne dawuma
lu amul njariñ te sonnuma
cig neen. 17 Bu sama deret
waree tuuru sax, ngir seen
ngëm mat sëkk, ma mel ni
naan gu ñu boole ak sarax su
jëm ci Yàlla, ba tey bég naa
ci, te dinaa ci bégati. 18 Yéen
itam nag bégleen, waaw,
fekksileen ma ci sama mbég.

*Timote ak Epafrodit, ñiy jàpple Pool ci liggéey bi*

19 Gannaaw loolu, bu
soobee Boroom bi Yeesu,
yaakaar naa ne dinaa leen
yónnee Timote balaa yàgg,
ngir sama xel dal ci xam nan
ngeen def. 20 Ndaxte amu
fi kenn gannaaw Timote,
ku bokk ak man xalaat te
fonk leen bu wér. 21 Ñi ci
des ñépp, seen bopp lañuy
xalaat, waaye du mbiri
Yeesu Kirist. 22 Waaye xam
ngeen takkuteg Timote, ci
ni mu ànde ak man ci tas
xibaaru jàmm bi, ni doom di
taxawoo baayam. 23 Moom
laa yaakaara yónni fi yéen
nag, waxtu wu ma yégee,
nu sama mbir di tëdde.
24 Waaye wóor na ma ne
Boroom bi dina ma may,
man ci sama bopp, ma seetsi
leen balaa yàgg.

25 Ci lu jëm ci sama mbokk
Epafrodit nag, miy sama
nawle ci liggéey bi ak ci
xeex bi, te di seen ndaw ci
faj samay soxla, jàpp naa
ne war naa leen koo del-
loo. 26 Ndaxte namm na leen
lool, te tiisoo na li ngeen
yég jagadeem. 27 Ci dëgg-
dëgg woppoon na ba xawa
dee, waaye Yàlla yërëm na
ko, ba fëgg boppam, rax-ca-
dolli siggil na ma man itam,
ngir ma baña am tiis ci kaw
tiis. 28 Noonu delloo naa leen
ko ci lu gaaw, ngir ñëwam
bégal seeni xol, te man itam
sama xol féex. 29 Teeruleen
ko teeru bu rafet nag ngir
Boroom bi, te teral ñi mel ni
moom. 30 Ndaxte liggéeyal
na Kirist, ba riisu dee, te
gar na bakkanam ci taxawal
leen ci topptoo, bi ngeen
yéene woon ci man.

# 3

*Njub gu wóor*

1 Kon nag samay bokk,
bégleen ci Boroom bi. Duma
sonn mukk ci di leen ko wax,
ndax seen mucc moo ci aju.

2 Moytuleen xaj yi, waaw,
moytuleen ñiy jëfe lu bon,
ñoom ñi seen xarafal weesul
wàññi yaramu nit. 3 Ndaxte
nun noo xaraf tigi, nun ñiy
màggal Yàlla ci Xel mu Sell

mi, di damu ci Kirist Yeesu,
te amunu benn yaakaar ci
matug nit.

4 Ba tey manoon naa am
yaakaar ci sama bopp; su
nit doon damu, maa ciy
raw. 5 Xarafoon naa ca
ayu-bés ga, bokk ci bànni
Israyil ci giiru Beñamin, di
Ebrë ci deret ak ci meen.
Bu dee ci yoonu Musaa
ngeen bëgga wax, ci tari-
ixab Farisen laa bokkoon;
6 bu dee it ci mbirum farlu,
daan naa fitnaal mbooloom
ñi gëm Kirist; bu dee ci njub
ci sàmm yoon, awma benn
gàkk.

7 Waaye loolu lépp lu ma
tegoon ay njariñ fa kanam
Yàlla, dëddu naa ko ngir
Kirist. 8 Rax-ca-dolli dëddu
naa lépp ngir xéewali xam
Kirist Yeesu sama Boroom,
di xam-xam bu xóot, ba xel
manu koo takk. Moo tax
ñàkk naa sama lépp, te def
ko ni mbalit, ngir am cér
ci Kirist. 9 Na ma Yàlla
fekk ci moom, waxuma ci
njub gu aju ci sàmm yoon,
waaye gu aju ci gëm Kirist,
maanaam njub gi nu Yàlla
sol ci kaw ngëm. 10 Moom
laay ittewoo xam, ak doole
ji ànd ak ndekkiteem, ma
bokk ci ay coonoom, ba fekki
ko ci deeyam, 11 ngir mana
séddu ci ndekkiteem, su ma
ko manee am.

*Farlu ci jëm kanam*

12 Waxuma ne jagoo naa
ko ba noppi, waxuma it ne
aji mat laa, waaye maa ngi
daw, ngir jot li tax Kirist jël
ma. 13 Bokk yi, gëmuma ne
jot naa ko ba noppi, waaye
lenn lii laay def: fàtte li
ma weesu, jublu ci li féete
kanam, 14 di daw yen muj ga,
ngir jot li ma Yàlla taxa woo,
di cér bi ma Yàlla wooye te
dencal ma ko ci asamaan ci
darajay Kirist Yeesu.

15 Nun ñi mat nag, nanu
xalaat loolu. Su ngeen ci
amee werantey xol, Yàlla
dina leen ko leeralal. 16 Li
am daal, fa seen ngëm tolloo,
na fa seen jëf àgg.

17 Kon nag bokk yi, top-
pleen ma te xool ñiy roy ci li
nu tëral diirub sunu ngan ci
yéen. 18 Ndaxte jëfi ñu bare
juuyoo na ak dee gi Kirist
dee; loolu wax naa leen ko
ba tàyyi, maa ngi koy wax-
aat léegi ak i jooy. 19 Alku
lañuy mujje, ñoom ñiy jaami
seen biir, di wonoo lu ruslu,
tey wut yëfi àddina rekk.
20 Waaye nun waa asamaan
lanu, te noo ngi xaar Bo-
room bi Yeesu Kirist jóge
fa, musalsi nu. 21 Noonu
dina soppi sunu yaram wu
toroxlu, def ko ni yaramam
wi ànd ak ndam dëppook
kàttanam, gi ko mana notal
mbindeef yépp.

# 4

1 Kon nag yéen samay
bokk, ñi ma bëgg te namm
leen, di sama mbég ak sama
kaalag ndam, jàppleen bu
dëgër noonu ci Boroom bi,
soppe yi!

*Dénkaane yi*

2 Ci lu jëm ci Ewodi ak San-
tis, maa ngi leen di ñaan, ñu
bokk benn xalaat ci Boroom
bi. 3 Te yaw sama nawle bu

wér, nanga dimbali jigéen
ñooñu xeexoon ci sama wet
ci tas xibaaru jàmm bi, boole
ci Këlemaŋ ak samay yeneen
nawle, ñoom ñi Yàlla bind
seeni tur ci téereb dund ba.
4 Deeleen bég ci Boroom
bi; maa ngi koy waxati:
bégleen! 5 Na seen lewet
leer ñépp. Boroom bi jege
na. 6 Buleen jaaxle ci dara,
waaye ci lépp wéetal-leen
Yàlla, diis ko seeni soxla
ci ñaan gu ànd ak cant.
7 Noonu jàmmu Yàlla, ji xel
manta takk, dina aar seeni
xol ak seeni xalaat ci darajay
Kirist Yeesu.
8 Léegi nag bokk yi, na
seen xalaat jublu ci lii: lu
dëggu, lu jekk, lu jub, lu
sell, lu rafet ak lu faaydawu;
su fi amee lu baax mbaa
lu mata naw, xalaatleen ko.
9 Li ngeen jànge ci man te
nangu ko, li ngeen dégge ci
man te gis ko, jëfeleen ko;
kon Yàllay jàmm dina ànd ak
yéen.

*Pool gërëm na leen ci seen ndimbal*

10 Sama xol sedd na guyy
ci Boroom bi, ci ni ngeen
yeesale seen ndimbal ci
man. Xam naa ne amoon
ngeen yéene ji, waaye man
gi moo fi nekkul woon. 11 Ba
tey soxla taxul ma waxe
nii, ndaxte jàng naa doylu
ci mbir mu ma mana dab.
12 Miin naa ñàkk, man naa
naataange. Ci fépp ak ci
lépp, Yàlla def na ba sama
xol toj ci suur ak xiif, barele
ak néewle. 13 Man naa lépp
ci ndimbalu Aji Dooleel ji.
14 Waaye teewul taxawu, bi
ngeen ma taxawu ci sama
tiis, jëf ju rafet la.
15 Yéen waa Filib xam
ngeen ne bi ngeen jëkkee
xam xibaaru jàmm bi, te ma
jóge diiwaanu Maseduwan,
benn mbooloo àndul woon
ak man ci mbirum joqleente
ndimbal, mu dul yéen doŋŋ.
16 Ba ma nekkee dëkku Tesa-
lonig sax, yónnee ngeen ay
yooni yoon, ngir faj samay
soxla. 17 Loolu tekkiwul
ne damay sàkku ay ndim-
bal ci yéen, waaye damaa
bëgg rekk seen denc yokku
fa Yàlla. 18 Fi mu ne jot
naa li ma aajowoo lépp, ba
maa ngi ci naataange; li
ngeen ma yónnee ci loxoy
Epafrodit doy na sëkk; ni
xetu latkoloñ la mel ci man,
di sarax su neex Yàlla te mu
nangu ko. 19 Te Yàlla sama
Boroom, mi denc ci Kirist
Yeesu xéewal yu dul jeex,
dina ci faj seeni soxla yépp.
20 Yal na Yàlla sunu
Baay yelloo ndam ba fàww.
Amiin.

*Tàggoo bi*

21 Nuyul-leen ma gaayi
Kirist Yeesu yu sell yépp.
Bokk yi ànd ak man, ñu ngi
leen di nuyu. 22 Te it gaayi
Yàlla yu sell yépp ñu ngi
leen di nuyu, rawatina nag
ñi nekk kër buur bi Sesaar.
23 Yal na yiwu Boroom bi
Yeesu Kirist ànd ak seen xel.

# Bataaxal bi Yàlla may Pool, mu bind ko WAA KOLOS

1 Man Pool, ndawul Kirist
Yeesu ci coobarey Yàlla, man
ak Timote sunu mbokk, 2 noo
leen di bind, yéen gaayi
Yàlla yu sell, yi dëkk Kolos te
di ay bokk ci gëm Kirist. Yal
na leen Yàlla sunu Baay may
yiw ak jàmm.

*Nu ngi leen di ñaanal ca Yàlla*

3 Dunu noppee sant Yàlla,
Baayu sunu Boroom Yeesu
Kirist, saa su nu leen di
ñaanal, 4 ndaxte yég nanu
seen ngëm ci Kirist Yeesu
ak seen mbëggeel ci gaayi
Yàlla yépp. 5 Ngëm googu
ak mbëggeel googu ñu ngi
sosoo ci yaakaaru ëllëg, jiy
cér bi leen Yàlla dencal ca
asamaan. Mas ngeena dégg
yaakaar jooju ci kàddug
dëgg gi, di xibaaru jàmm bi.
6 Ni xibaaru jàmm bi wàcce
ci yéen, noonu lay wàcce ci
àddina sépp, di meññ te di
law. Te noonu lay doxale
ci yéen, li dale ci bés, ba
ngeen dégge xibaaru yiwu
Yàlla, te xam dëggam gi mu
ëmb; 7 moom ngeen jànge ci
Epafras, miy sunu nawle ci
liggéey bi te nu sopp ko, di
jawriñu Kirist bu takku ngir
seen njariñ. 8 Te moo nu
yégal it mbëggeel, gi Xelu
Yàlla mi sol ci yéen.
9 Looloo tax ci sunu wàllu
bopp, ba nu ko yégee ba tey,
jógunu ci di leen ñaanal.
Nu ngi ñaan Yàlla, ngeen
xam bu baax coobareem
ci xel mu mat ak ràññee
gu aju ci dooley Xelam.
10 Noonu dingeen dund
dund gu dëppoo ak seen
bokk ci Boroom bi, ba neex
ko ci fànn gu nekk, di def
bépp jëf yu baax, te yokk
seen xam-xam ci Yàlla. 11 Te
Yàlla dina leen dooleel ak
bépp doole, mu méngoo
ak kàttanu ndamam, ngir
ngeen mana tegoo coono te
muñ, ba fa muñ di yem.
12 Dingeen gërëm Yàlla Baay
bi, ànd ci ak mbég, moom
mi leen jagleel, ngeen bokk
ci cér, bi mu dencal gaayam
yu sell yi ci leer.

*Deewu Kirist jubale na nu ak Yàlla*

13 Yàlla musal na nu ci
dooley lëndëm, yóbbu nu
ci nguuru Doomam ji mu
bëgg, 14 moom mi nu jot,
maanaam baal nu sunuy
bàkkaar.
15 Doom jooju moo di
melokaanu Yàlla, ji kenn
gisul. Mooy taaw bi, ki gëna
màgg lépp luy mbindeef.
16 Ndaxte ci moom la Yàlla
sàkke lépp lu nekk ci
asamaan ak suuf, li ñuy
gis ak li ñu manula gis,
muy buur, njiit, kilifa mbaa
boroom sañ-sañ. Lépp lu
ñu sàkk, ci moom lañu
ko jaarale, ci moom lañu
ko jëme. 17 Laata dara di
am, fekkoon na moom mu
nekk, te lépp a ngi jàppoo ci
moom.
18 Mooy bopp bi yilif
jëmm ji, di mbooloom ñi ko

gëm, ndaxte moom mooy
njàlbéen gi, di taaw bi,
maanaam ki jëkka dekki,
ngir muy kilifa ci bépp fànn.
19 Ndaxte soob na Yàlla
mu dëkkal matam gépp ci
moom 20 te jaar ci moom,
jubale lépp ak boppam, muy
ci kaw asamaan yi mbaa ci
suuf, ba mu wàccee jàmm
jaarale ko ci deret ji tuuru,
bi Doom ji deeyee ca bant
ba.

21 Te yéen ñi sore woon
Yàlla te doon ay noonam
ci seen xel ak seen jëf
yu bon, 22 léegi nag Yàlla
jubale na leen ak boppam
jaare ko ci deewu Kirist ci
yaramu nitam, ngir taxawal
leen ca kanamam, ngeen
sell te ñàkk sikk, ñàkk i
ŋàññ. 23 Loolu nag na fekk
ngeen wéy ci ngëm, sampu
ci ba dëgër ci, tey séentu
cér, bi leen xibaaru jàmm
bi jox. Te xibaaru jàmm,
boobu ngeen dégg te ñu
yégal waa àddina sépp, man
Pool moom laay yégle.

*Maa ngi leen di topptoo te di leen xalaat*

24 Léegi nag maa ngi am
bànneex ci coono, yi may
daj ngir seen njariñ; te
li des sax ci fitnay Kirist,
noonu laa koy àggalee ngir
njariñu mbooloom ñi gëm,
di jëmmam. 25 Jawriñu
mbooloo moomu laa, ndaxte
Yàlla sas na ma ngir
yéen, may yégle fu nekk
kàddoom, 26 maanaam ma
yégle kumpa, gi nëbbu
woon ay jamonoy jamono,
waaye léegi Yàlla xamal
na ko ay gaayam 27 ci
xeeti àddina sépp. Ñoom
nag la Yàlla bëgga xamal
ni ndamu kumpa googu
màgge, maanaam Kirist a
ngi dëkk ci yéen, di yaakaar
ju wér ci ndamu ëllëg.

28 Moom Kirist lanuy
yégle, di artu te di jàngal
ku nekk, ànd ak xel mu mat,
ngir jébbal Yàlla ku nekk ni
ku mat ci Kirist. 29 Ci loolu
laay jëmale sama liggéey,
di bëree dooley Kirist, jiy
yëngu ci man ak kàttan.

# 2

1 Bëgg naa nag, ngeen xam
bëre bu metti, bi may bëre
ngir yéen, ngir waa Lawdise
ak ñépp ñi ma masula teg
bët. Damay def sama kem
kàttan, 2 ngir ngeen am fit
te nekk benn ci mbëggeel,
ngir dajal noonu xam-xam
bu mat, ba xam kumpag
Yàlla, di Kirist. 3 Ci moom
lañu denc lépp lu ñuy sàkku
ci xel ak ci xam-xam. 4 Maa
ngi wax lii, ngir kenn bañ
leena nax ci ay wax yu neex.
5 Jëmm ji ñëwul waaye sama
xel a ngi ci yéen, di bég
ci seen doxalin ak ngëm gu
dëgër, gi ngeen am ci Kirist.

*Dundeleen ni ñi booloo ak Kirist*

6 Kon nag, ni ngeen nan-
goo Kirist Yeesu ni Boroom
bi, dundeleen noonu ci
moom. 7 Saxleen ci moom,
di màgg ci moom, tey
gëna dëgër ci ngëm, gi ñu
leen jàngal, ba seen xol di
baawaan ci gërëm Yàlla.

8 Moytuleen ba kenn bañ
leena fàbbi ci ay xam-xami
nit yuy naxi neen. Xam-
xam yu mel noonu, ñu ngi
soqikoo ci aada yu nit tëral,
ci aaday àddina, waaye so-
qikoowul ci Kirist.

9 Ndaxte ci Kirist,
maanaam ci yaramu nitam,
la matug Yàlla gépp dëkk,
10 te mat ngeen ci moom, miy
buuru kilifa yépp ak boroom
sañ-sañ yépp. 11 Ndax seen
ngëm ci moom xaraf ngeen
xaraf bu loxol nit deful,
maanaam Kirist summil
na leen dooley bàkkaar,
ji moomoon seen yaram.
Loolu mooy xaraf, bi Kirist
def. 12 Bi ñu leen sóobee ci
ndox, suulaale nañu leen ak
moom, te it dekki ngeen ak
moom, ndaxte gëm ngeen ci
dooley Yàlla, ji ko dekkal ca
néew ya.

13 Te yéen ñi doon ndee
fa kanam Yàlla ndax seeni
moy ak seen ñàkka xaraf,
Yàlla dundalaat na leen
ak Kirist, baal nu sunuy
bàkkaar yépp. 14 Mbind mi
nu doon tiiñal, te daa nu yey
ndax ay sàrtam, Yàlla far na
ko, dindi ko, daajaale ko ca
bant ba Kirist deeye. 15 Futti
na kilifa yi ak boroom sañ-
sañ yi, weer leen ci kanam
ñépp, sëkktal leen niy jaam
ndax ndam la Kirist jële ca
bant ba.

16 Kon nag bu leen kenn
teg tooñ ci li jëm ciy ñam
mbaa naan, ci màggal mbaa
xewu weer wu feeñ, mbaa ci
bésub noflaay. 17 Loolu lépp
nag takkandeer la woon
buy misaal li waroona ñëw,
waaye lu dëggu li mi ngi
ci Kirist. 18 Kuy bég ci di
toroxlu ci ngistal, di jaamu
ay malaaka, buleen ko may,
mu àtte leen. Kooku dafay
jeneer, di seet li koy feeñu,
bay tiitaroo xalaatam, fekk
xalaatu nit kese la, te neen.
19 Taqul ci Kirist, miy bopp
bi yilif jëmm ji. Bopp bee
tax ba jëmm jépp, ji siddit yi
ak tenqo yi téye te taqale ko,
di màgg màgg gi ko Yàlla di
jox.

20-21 Ndegam deeyandoo
ngeen ak Kirist, ba génne
noonu ci aaday àddina, lu
tax ngeen di nangu, ñu di
leen teg ay sàrt yu mel nii:
«Bul fab, bul ñam, bul laal,»
ni bu seenug dund aju woon
ci àddina si? 22 Sàrt yooyu
ñu ngi aju ci ndigali nit
ñi ak seen njàngle. Yëf
yi ñu tudd yépp, dees na
leen jariñoo, ba ñu jeex.
23 Dëgg la, seeni sàrt dañuy
dénkaane pastéef ci jaamu
Yàlla, di toroxlu ak di fit-
naal seen yaram. Waaye
sàrt yooyu nag amuñu benn
njariñ, ngir nit ñi not seen
nafsu.

# 3

*Fonkleen dund gu bees gi
ci Kirist*

1 Kon nag ndegam dek-
keendoo ngeen ak Kirist,
wutleen yëf, ya nekk ca kaw,
fa Kirist toog ca ndijooru
Yàlla. 2 Fonkleen yëf ya ca
kaw, te ngeen baña faale yi
ci suuf, 3 ndaxte dee ngeen,
te seen dund boole nañu ko

ak Kirist, denc ca Yàlla. 4 Te
bés bu Kirist miy seen dund
feeñee, yéen itam dingeen
feeñ ak moom ci biir ndam.

5 Kon nag li nekk ci yéen
te bokk ci mbiri àddina,
jébbal-leen ko dee, yu deme
ni ndoxaanu yàqute, sobe,
xemmem, bëgg-bëgg yu
bon, ak bëgge, maanaam
bokkaale Yàlla. 6 Yooyooy
xëcc merum Yàlla. 7 Yéen
itam noonu ngeen daan
doxale bu jëkk, ba ngeen
daan dunde noonu. 8 Waaye
léegi bàyyileen yii yépp:
mer, xadar, kiñaan ak di
génne ci seen gémmiñ sos
ak wax ju ñaaw. 9 Bàyyileen
di fen seeni moroom, ndaxte
summi ngeen jikko ju bon,
ji ngeen judduwaale, moom
ak ay jëfam; 10 te sol ngeen
dund gu bees, gi Yàlla sàkk
te di ko yeesal ba mu mel
ni moom, ngir ngeen man
koo xam bu wér. 11 Ci dund
gu bees googu, amul Yawut
ak ku dul Yawut, ku xaraf
walla ku xaraful, jaam walla
gor, ku jàngul ni Baarbaar
yi, ak ku yewwuwul ni waa
Sit, waaye Kirist ay lépp te
dëkk ci ñépp.

12 Kon nag ndegam
Yàlla tànn na leen, sellal
leen, sopp leen, solooleen
boog yërmande, laabiir,
woyof, lewet ak muñ.
13 Muñalanteleen, di
baalante, su amee kuy tawat
moroomam. Baalanteleen,
ni leen Boroom bi baale.
14 Ci kaw loolu lépp amleen
mbëggeel, giy jokkale lépp,
ba mu mat.

15 Na jàmm ji Kirist di
joxe not seeni xol, ndaxte
Yàlla woo na leen ci loolu,
mel ni ay cér yu bokk benn
yaram; te gërëmleen Yàlla.
16 Na kàddug Kirist dëkk ci
yéen, bay baawaan, ngeen
di jànglante ak a artoonte
ci seen biir ak xel mu mat
sëkk, di woy ak a gërëm
Yàlla ak seen xol bépp, ay
taalifi Sabóor, ay kañ Yàlla
ak ay cant yu tukkee ci
Xelum Yàlla. 17 Lu ngeen
mana def, muy ci wax mbaa
ci jëf, wéerleen ko ci turu
Boroom bi Yeesu, jaare ci
moom gërëm Yàlla Baay bi.

*Àndleen bu rafet ci seen biir*

18 Jigéen ñi, na ku nekk
nangul jëkkëram, ndaxte
looloo jekk ci ñi bokk ci Bo-
room bi.
19 Góor ñi, na ku nekk
bëgg soxnaam te muñal ko.
20 Xale yi, déggal-leen
seeni waajur ci lépp, ndaxte
looloo rafet ci ñi bokk ci
Boroom bi.
21 Baay yi, buleen bundx-
ataal seeni doom, ngir baña
jeexal seen xol.
22 Jaam yi, nangul-leen ci
lépp seen sang, yi ci àddina.
Buleen ko def rekk ci seen
kanam, di sàkku ngërëm,
waaye na nekk lu dëggu ci
yéen, ndax seen ragal Bo-
room bi. 23 Lu ngeen mana
def, na ci seen xol tàlli;
ngeen def ko ngir Boroom
bi, te du ngir nit, 24 xam ne
Boroom bi dina fey seeni jëf,
mu di cér bi mu leen den-
cal. Kirist mooy Boroom, bi

ngeen di liggéeyal. [25] Waaye
ku def lu bon, Boroom bi
dina la delloo sa jëf, te du
gënale.

# 4

[1] Sang yi, yorleen seeni
jaam ci nu jub te aw yoon,
xam ne am ngeen yéen itam
ab Sang ca asamaan.

*Yeneen warugar*

[2] Dëkkleen ci ñaan Yàlla,
farlu ci, boole ci ngërëm.
[3] Te ngeen ñaanaale nu
ci itam, ngir Yàlla ubbil
nu bunt, nu mana xamle
kàddoom, di yégle kumpa
gi di Kirist, muy kumpa
gi waral ñu jéng ma.
[4] Ñaanleen ngir ma xamle
ko ni mu ware.
[5] Jëfeleen ak xel ci seen
diggante ak waa àddina, te
fu ngeen ame jot, fexeleen
ba jariñoo ko. [6] Na seen
wax jépp fees ak yiw te am
xorom, ngir ngeen xam nan
ngeen wara tontoo ku nekk.

*Tàggoo*

[7] Tisig, sama mbokk mi
ma sopp, di jawriñ ju takku
ak sama nawle ci liggéeyu
Boroom bi, dina leen yégal
lépp lu jëm ci samay mbir.
[8] Lii moo tax ma yebal ko ci
yéen: ngeen xam xibaar bi
jóge ci nun, te it mu dëfal
seen xol. [9] Onesim lay àndal,
sunu mbokk mu takku, mi
nu sopp, te mu bokk ci yéen.
Dinañu leen xamal lépp lu
xew fii.
[10] Aristàrk mi nekk ak
man ci kaso bi, mu ngi leen
di nuyu, moom ak Màrk
rakku Barnabas. Jot ngeen
ay ndigal ci mbirum Màrk:
bu ñëwee ci yéen, teral-
leen ko. [11] Yeesu mi ñuy
dàkkentale Yustus, moom
it mu ngi leen di nuyu.
Ñoom rekk ñooy Yawut yiy
liggéeyandook man ngir
nguuru Yàlla, te ñoo féexal
sama xol. [12] Jaamu Kirist,
Epafras, mi bokk ci yéen,
mu ngi leen di nuyu. Du
jóg ci di leen ñaanal, farlu
ci ni kuy bëre, ngir ngeen
taxaw temm ci coobarey
Yàlla gépp, ànd ak ngëm
gu mat ak kóolute gu wóor.
[13] Maa ngi koy seedeel ne mu
ngi sonn bu baax ngir yéen,
ngir waa Lawdise ak waa
Yerapolis. [14] Luug, doktoor
bi ñu sopp, mu ngi leen
di nuyu, moom ak Demas.
[15] Nuyul-leen nu mbokk, yi
nekk Lawdise. Nuyul-leen
nu itam Nimfa ak mbooloom
ñi gëm, miy daje ci këram.
[16] Bu ñu jàngee bataaxal
bii ci yéen, fexeleen ba ñu
jàng ko it ci mbooloom ñi
gëm mi nekk Lawdise, te
yéen it ngeen jàng bi ma
yónnee waa Lawdise.
[17] Neleen Arkib: «Farlul ci
sas, wi la Boroom bi sédde,
ba matal ko.»
[18] Man Pool maa leen di
bind nuyoo bii ci sama loxob
bopp. Fàttalikuleen ne
dañu maa jéng. Yal na yiwu
Boroom bi ànd ak yéen!

# Bataaxal bu jëkk bi Yàlla may Pool, mu bind ko WAA TESALONIG

1 Nun Pool, Silwan ak Tim-
ote noo ngi leen di bind,
yéen mbooloom ñi gëm ci
dëkku Tesalonig te nekk ci
Yàlla Baay bi ak Boroom bi
Yeesu Kirist. Yal na yiw ak
jàmm ànd ak yéen.

*Li xibaaru jàmm bi jur ci dëkku Tesalonig*

2 Bët bu set nu ngi sant
Yàlla ndax yéen, di leen
boole ci sunuy ñaan. 3 Dunu
noppee fàttaliku ci kanam
Yàlla sunu Baay jëf ji juddu
ci seen ngëm, liggéey bi tuk-
kee ci seen mbëggeel, ak
muñ gi sosoo ci seen yaakaar
ci sunu Boroom Yeesu Kirist.
4 Bokk yi, yéen ñi Yàlla
bëgg, xam nanu ne Yàlla
tànn na leen; 5 ndaxte
xibaaru jàmm, bi nu leen
doon yégal, yemul woon ci
ay wax rekk, waaye àndoon
na ak kàttan ak Xel mu
Sell mi ak kóolute gu mag.
Xam ngeen sunu taxawaay
ci seen biir ngir seen njariñ.
6 Aw ngeen sunuy tànk ak
yu Boroom bi, ci li ngeen
nangu xibaar bi ci biir fitna
yu metti, ànd ak mbég
ci dooley Xel mu Sell mi.
7 Noonu ngeen daldi nekk
royukaay ngir ñi gëm ñépp
ci diiwaani Maseduwan ak
Akayi. 8 Ndaxte kàddug
Boroom bi jollee na ci seen
biir, te yemul ci Maseduwan
ak Akayi rekk, waaye seen
gëm Yàlla siiw na fépp.
Matul sax nu di ci wax dara,
9 ndaxte ñoom ci seen bopp
ñooy seede li sunu ngan
def ci seen biir. Maanaam,
ni ngeen dëddoo xërëm yi,
jublu ci Yàlla te di ko jaamu,
moom miy Yàlla Aji Dund
ju dëggu ji, 10 te ngeen di
séentu Doomam bàyyikoo
asamaan, moom Yeesu mi
mu dekkal te di nu musal ci
merum Yàlla mi nara ñëw.

## 2

*Ni leen Pool ganee*

1 Waaw, bokk yi, xam
ngeen ne ngan gi nu leen
ganesi woon du nganug
neen. 2 Laata nuy ñëw, jaar
nanu ci fitna ak toroxte ca
dëkku Filib, ni ngeen ko
xame; waaye Yàlla sunu
Boroom may na nu fit, ba
li tongoonte bi metti lépp
it, yégal nanu leen xibaaru
jàmm bu Yàlla bi. 3 Ndaxte
sunu waaraate wéeruwul
cig réer walla ci njublaŋ
walla ciy nax. 4 Waaye
gannaaw Yàlla moo nu seet,
ba wóolu nu te dénk nu
xibaaru jàmm bi, kon noonu
lanuy waaree, du ngir neex
nit ñi, waaye ngir neex Yàlla
miy seet xol yi.

5 Masunoo jay kenn, yéen
xam ngeen ko; sunu waare
masula ëmb bëgge, Yàlla
seede na ko; 6 masunoo
sàkku ngërëmu nit, muy
ci yéen, muy ci ñeneen.
7 Manoon nanoo diis ci seen
kaw sax, nun ñiy ndawi

Kirist, waaye woyofoon
nanu ci seen biir, te lewet
ni jaboot buy uuf doomam.
8 Cofeel gi nu am ci yéen
tax na, bëggunu woona
yem ci xamal leen xibaaru
jàmm bu Yàlla bi, waaye jox
leen it sunu bakkan, ndaxte
sunu xol seeyoon na ci yéen.
9 Bokk yi, yéena ngi fàttaliku
sunu coono ak sunu ñaq;
xam ngeen ni nu liggéeye
guddi ak bëccëg, ngir baña
diis ci seen kaw, ci di leen
yégal xibaaru Yàlla.

10 Naka sunu diggante ak
yéen ñi gëm, doxal nanu
ko doxalin wu sell te jub
te amul sikk: seede ngeen
ko, te Yàlla it seede na
ko. 11-12 Xam ngeen ne
dénk nanu leen kenn-kenn,
ni baay di def ak doomam,
dëfalal leen seen xol te
dëggal ci yéen, ngeen dund
dund gu neex Yàlla, moom
mi leen di woo, ngeen séddu
ci nguuram ak ndamam.

13 Te it dunu noppee
sant Yàlla ci lii: ba ngeen
jotee kàddug Yàlla, gi nu
doon waare, nangu ngeen
ko, waxuma ni kàddug nit
waaye ni kàddug Yàlla,
ndaxte moom la ci dëgg-
dëgg, te mu ngi jëf ci yéen
ñi gëm. 14 Ndaxte bokk yi,
aw ngeen ci tànki mboolooy
Yàlla, yi nekk ca réewu
Yawut ya tey daje ci turu
Kirist Yeesu; fitna ya ñu daj
ca Yawut ya, yéen it seen
waa réew teg nañu leen
ko. 15 Ñoom Yawut yi rey
nañu Boroom bi Yeesu, ni
ñu reye woon yonent yi;
teg nañu nu fitna yu metti;
neexuñu Yàlla, ànduñu ak
kenn, 16 di nu teree wax ak
ñi dul Yawut, ngir bañ ñu
mucc. Duñu noppee xuus ci
biir bàkkaar, waaye merum
Yàlla xëppu na ci seen kaw.

*Yéeneb Pool ngir gis leen*

17 Nun nag bokk yi, ba
ñu ma leen xañee ab diir
—xol yi taxul may wax,
waaye jëmm yi rekk— jéem
nanu leena gis ak sunu kem
kàttan, ndax namm nanu
leen, ba sunu xol seey ci gis
leen. 18 Kon jàppoon nanu
leena seetsi— man Pool sax
ay yooni yoon, waaye Sey-
taane téq na ma. 19 Ndaxte
bés bu Yeesu sunu Boroom
délsee, te nu fekke ko, kan
mooy sunu yaakaar? Kan
mooy sunu mbég? Kan
mooy sunu kaala, gi nuy ti-
itaroo? 20 Xanaa du yéen?
Waaw, yéenay sunu ndam,
yéenay sunu mbég.

# 3

1 Kon nag, ba nu ko man-
atula dékku, nangu nanu
ñu bàyyi nu, nun doŋŋ,
ca dëkku Aten, 2 te yónni
nanu Timote, sunu mbokk
ak sunu nawle ci liggéeyu
Yàlla ak ci waareb xibaaru
Kirist. Yónni nanu ko, ngir
mu dénk leen, tey feddali
seen ngëm, 3 ngir kenn baña
raf ndax nattu, yi ngeen di
jaar. Yéen ci seen bopp
xam ngeen ne nattu mooy
sunu cér. 4 Ba nu nekkee ak
yéen sax, waxoon nanu leen,
waxati ko ne fàww nu sonn;
te noonu la ame, yéen xam
ngeen ko. 5 Noonu ba ma

ko manatula dékku, yónnee
naa, ngir xam fu seen ngëm
tollu, ngir ragal Seytaane*
fiir leen, ba sunu ñaq neen.

6 Waaye léegi Timote ba-
woo na ci yéen, indaale
xibaar yu neex ci seen ngëm
ak seen mbëggeel; xamal
na nu ne yéena ngi am
pàttaliku yu rafet ci nun te
namm nu lool, ni nu leen
namme, yéen itam. 7 Noonu
bokk yi, ci biir tiis ak coono
yi nu nekk, seen ngëm dëfal
na sunu xol. 8 Ndaxte
noo ngi dund dëgg-dëgg,
ndegam yéena ngi sax ci
Boroom bi. 9 Ndaw cant yu
bare yu nu wara sant Yàlla
ndax yéen! Ndaw mbég mu
bare, mi nu am ci kanamam
ndax yéen! 10 Guddi ak
bëccëg nu ngi wàkkirlu ci
ñaan Yàlla may nu nu gis
leen, ba mana mottali seen
ngëm.

11 Yal na Yàlla sunu Baay
moom ci boppam ak Yeesu
sunu Boroom jubal sunu
yoon ci yéen. 12 Yal na leen
Boroom bi dolli mbëggeel
gu tar, ngeen bëggante te
bëgg ñépp, ni nu leen bëgge
nun. 13 Yal na Boroom bi
samp seeni xol noonu ci sel-
laay gu amul sikk fa kanam
Yàlla sunu Baay, ba bés bu
Yeesu sunu Boroom délsee,
ànd ak gaayam yu sell yépp.

# 4

*Pool xiir na leen cig sell*

1 Léegi nag bokk yi, jot
ngeen ci nun, nan ngeen
wara dunde ba neex Yàlla, te
moom ngeen di def. Waaye
ci turu Boroom bi Yeesu
nu ngi leen di ñaan ak a
dénk, ngeen gën koo fed-
dali. 2 Ndaxte xam ngeen
ndigal, yi nu leen jox ci
wàllu Yeesu Boroom bi. 3 Lii
nag mooy coobarey Yàlla:
ngeen sell, maanaam ngeen
moytu njaaloo; 4 ngeen not
seeni cér ci cell ak tedd, 5 te
xemmem bañ leena jiital, ni
xeeti àddina yi xamul Yàlla.
6 Ci mbir mii nag, bu kenn
ci yéen laal yëfi jaambur,
ngir bañ koo tooñ. Ndaxte
waxoon nanu leen bu yàgg
te artu leen ne, ñiy def loolu,
Boroom bi dina leen mbugal.
7 Ndaxte Yàlla woo na nu,
nu dund ci cell, waaye du ci
sobe. 8 Ku tanqamlu wax jii
nag, defoo ko nit, Yàlla nga
ko def, moom mi leen di jox
Xel mu Sell mi.

9 Ci lu jëm ci bëggante
ci seen biir, matul nu leen
di bind dara, ndaxte Yàlla
def na ci seen xol, ngeen
bëggante. 10 Te moom
ngeen di def ci bokk yépp,
yi ci diiwaanu Maseduwan.
Waaye bokk yi, maa ngi
leen di xiirtal, ngeen gën
cee sax. 11 Fullawooleena
dund ci jàmm, di topptoo
seen mbiri bopp tey lekk
seen ñaq, ni nu leen ko sante
woon. 12 Noonu dingeen
dund dund gu jekk ci kanam
waa àddina, te it dungeen
soxlaal kenn dara.

*Ndekkitel ñi dee ak bésu Boroom bi*

* **3:5** Seytaane: maanaam fiirkat bi.

13 Ci mbirum ñi nelaw
nag bokk yi, bëgguñu
ngeen réere mbir, ba tiis
ni aji gëmul, yi amul benn
yaakaar. 14 Ndegam gëm
nanu ne Yeesu dee na te
dekki, noonu it Yàlla dina
indaale ak Yeesu ñépp ñi ko
gëm te nelaw.

15 Nu ngi leen di wax lii
tukkee ci Boroom bi: nun
ñiy dund te des fi, ba kera
Boroom biy délsi, dunu jiitu
ñi nelaw. 16 Ndaxte ndigal lu
jamp dina jib, baatu kilifa ci
malaaka yi dégtu, liitu Yàlla
jolli, te Boroom bi moom
ci boppam dina wàcce ca
asamaan. Booba ñi gëm
Kirist te dee dinañu jëkka
dekki; 17 gannaaw loolu nun
ñiy dund te des fi, dinañu
ne fëyy ak ñoom jëm ci niir
yi, taseji ak Boroom bi ci
jaww ji. Te noonu dinanu
nekk ak Boroom bi ba fàww.
18 Kon nag na ku nekk di
dëfal sa xolu moroom ak
kàddu yooyu.

# 5

1 Waaye bokk yi, ci li jëm
ci jamono yi ak waxtu, yi
loolu di am, matul nu leen
ciy bind dara. 2 Ndaxte xam
ngeen bu wér ne ni sàcc
di ñëwe guddi, noonu la
bésu Boroom bi di ñëwe.
3 Fekk nit ñiy naan: «Lépp
a ngi ci jàmm, ba ne leww,»
booba musiba bett leen, ni
aw mat di bette jigéenu biir,
te kenn du ci mucc. 4 Waaye
yéen bokk yi, nekkuleen cig
lëndëm, ba tax bés boobu
bett leen ni sàcc. 5 Ndaxte
yéen ñépp ci leer ak bëccëg
ngeen bokk; bokkunu ci
guddi ak lëndëm. 6 Kon nag
bunu nelaw ni ñeneen ñi,
waaye nanu xool te maandu.
7 Ndaxte ñiy nelaw, guddi
lañuy nelaw, te ñiy màndi,
guddi lañuy màndi. 8 Waaye
nun ñiy waa bëccëg, nanu
maandu te ràngoo ngir xare
bi: ngëm ak mbëggeel, muy
kiiraayu dënn, ak kóoluteg
mucc, muy mbaxanam xare.
9 Ndaxte Yàlla jaglewu nu
meram, waaye mucc la
nu jagleel ndax darajay
sunu Boroom Yeesu Kirist.
10 Deeyal na nu, ngir nu
mana dund ak moom,
bu nu nelawee ak bu nu
nelawagul. 11 Kon nag
nangeen dëgëralante te
yokkante seen ngëm, ni
ngeen koy defe.

### *Dénkaane yu mujj yi*

12 Gannaaw loolu bokk yi,
ci lu jëm ci njiit, yi Boroom
bi teg ci seen kanam te ñuy
liggéey ci seen biir, di leen
artu, maa ngi leen di ñaan
ngeen déglu leen; 13 rax-ca-
dolli ngeen naw leen seen
kem kàttan te bëgg leen
ndax seen liggéey. Na jàmm
am ci seen biir. 14 Bokk yi,
nu ngi leen di dénk, ngeen
yedd ñi feñaag, dëfal ñi
seen yasara yàcciku, dim-
bali ñi néew doole, tey
muñal ñépp. 15 Saxleen ci
baax ci seen biir ak ci ñépp,
te baña feyantoo. 16 Deeleen
bég 17 te sax ciy ñaan Yàlla,
18 di ko gërëm ci lépp,
ndaxte loolu mooy coobarey
Yàlla ci yéen ci seen bokk ci

Kirist Yeesu. 19 Buleen fey
taalu Xelum Yàlla, 20 di xeeb
waxu yonent yi. 21 Waaye
seetleen mbir yépp, jàpp ci
li baax, 22 dëddu lépp lu ci
bon.
23 Yal na leen Yàlla miy Bo-
room jàmm sellal, ba ngeen
mat sëkk; yal na sàmm seen
xel mépp, seen xol bépp ak
seen yaram wépp, ngir dara
bañ cee am sikk, ba bés bu
sunu Boroom Yeesu Kirist
délsee. 24 Yàlla, mi leen woo
ci loolu, kuy sàmm kóllëre
la, te dina ko def.

*Tàggoo*

25 Bokk yi, buleen nu fàtte
ci seeni ñaan.
26 Nuyul-leen nu bokk
yépp ak saafoonte bu laab.
27 Maa ngi leen di dénk ci
kanam Boroom bi, ngeen
jàngal bataaxal bii bokk
yépp.
28 Yal na yiwu sunu Bo-
room Yeesu Kirist ànd ak
yéen.

# Ñaareelu bataaxal bi Yàlla may Pool, mu bind ko WAA TESALONIG

1 Nun Pool ak Silwan ak
Timote noo leen di bind,
yéen mbooloom ñi gëm ci
dëkku Tesalonig te nekk ci
Yàlla sunu Baay ak Boroom
bi Yeesu Kirist. 2 Yal na
leen Yàlla Baay bi ak Boroom
bi Yeesu Kirist may yiw ak
jàmm.

*Àtte biy ñëw, bu Kirist délsee*

3 Bokk yi, manunu lu
dul sax ci sant Yàlla ndax
yéen. Loolu jaadu na, ndax
seen ngëm di gëna sax, te
mbëggeel gi ngeen am ci
seen biir, ku nekk ci sa
moroom, di yokku lu bare.
4 Noonu nu ngi damu ci yéen
ci kanam mboolooy Yàlla
yi, ndax seen muñ ak seen
ngëm ci biir mboolem fitnay
noon, ak coono, yi ngeen di
dékku.
5 Loolu mooy firndeel
àtteb Yàlla bu jub bi,
di wone ne yelloo ngeen
nguuru Yàlla, gi tax ngeen
di sonn. 6 Ndaxte jub na ci
Yàlla, mu delloo coono ñi
leen di sonal, 7 te it yéen ñiy
dékku coono, mu boole leen
ak nun, tàbbal nu ci noflaay,
bés bu sunu Boroom Yeesu
Kirist jógee asamaan, feeñ
fi. Keroog dina ànd ak
malaakaam yu am kàttan,
8 sawara su yànj wër ko, mu
feeñ ngir mbugal ñi xamul
Yàlla te baña déggal xibaaru
jàmm bi jëm ci sunu Boroom
Yeesu. 9 Seen pey mooy alku
ba fàww, ñu dàq leen fu sore
Boroom bi ak ndamam lu
réy. 10 Dina ñëw bés booba,
ngir ndamam jolli ci biir
gaayam yu sell yi, te ñépp
ñi ko gëm yéemu ci moom—
te ci ngeen bokk, ndaxte gëm
ngeen li nu leen seede.
11 Moo tax dunu noppeek
di leen ñaanal, ngir Yàlla
sunu Boroom def leen,
ngeen yeyoo li tax mu woo
leen, te yeggali ak doole ci
yéen bépp yéene ju baax ak
bépp jëfu ngëm. 12 Noonu
turu Yeesu sunu Boroom
dina màgg ci yéen, te yéen
it dingeen màgg ci moom,
aju ci yiwu sunu Yàlla ak
Boroom bi Yeesu Kirist.

# 2

*Aji ñaawteef ji*

1 Ci lu jëm ci ñëwug Bo-
room bi Yeesu Kirist nag,
bokk yi, ak sunu daje ak
moom, am na lu ma leen
di ñaan: 2 bu leen kenn
gaawa tàggale ak seen sago,
mbaa di leen jaaxal, muy
yonent buy wax, muy kàddu
mbaa bataaxal bu ñu nu
moomaleel, ci ne leen bésu
Boroom bi ñëw na xaat.
3 Bu leen kenn nax ci benn
fànn, ndaxte balaa booba,
fàww Xiiroo bu mag bi ak
Yàlla am, te Nitu ñaawteef
ki feeñ, moom aji alku ji.
4 Day weddi lépp lu ñu teg
Yàlla walla ñu koy jaamu,
di yékkati boppam, ba toog
sax ca kër Yàlla ga, tudde
boppam Yàlla.

5 Xanaa fàttalikuwuleen
ne waxoon naa leen ko, ba
ma nekkee ak yéen. 6 Te
xam ngeen li ko téye léegi,
ba du mana feeñ lu dul ci
waxtoom. 7 Ndaxte fi mu
ne ñaawteef gaa ngi jax-
jaxi xaat ci kumpa, waaye
ki ko téye mi ngi fi ba
tey. Bu fi jógee nag, 8 Nitu
ñaawteef ki dina feeñ, te
Boroom bi Yeesu dina ko
rey ak ngelawul gémmiñam,
tas ko ak leer giy ànd ak
ñëwam. 9 Bu Nitu ñaawteef
kooku feeñee, dina ànd ak
kàttanu Seytaane ak doole
ju bare, di wone ay firnde
ak kéemaan yu dul dëgg;
10 te dina nas bépp naxe
buy sànke, ba yéem ñi nara
alku, ndaxte ubbiluñu seeni
xol dëgg, gi leen manoona
musal. 11 Looloo tax Yàlla
yónnee leen xelum réer, ba
ñu gëm fen. 12 Noonu
Yàlla dina mbugal ñépp ñi
gëmul woon dëgg te doon
bànneexu ci njubadi.

### *Taxawleen bu dëgër*

13 Kon nag bokk yi, yéen
ñi Boroom bi bëgg, manunu
lu dul sax ci sant Yàlla ci li
mu leen tànn ca njàlbéen ga,
ngir musal leen, mu sédde
leen boppam jaarale ko ci
jëfu Xel mu Sell mi ak seen
gëm dëgg gi. 14 Te Yàlla
woo na leen ci loolu jaarale
ko ci xibaaru jàmm, bi nu
leen doon yégal, ngir ngeen
bokk ci ndamu sunu Boroom
Yeesu Kirist. 15 Kon nag bokk
yi, taxawleen bu dëgër te
jàpp ci dénkaane yi nu leen
jottali, muy ci li nu wax, muy
ci li nu bind.
16 Sunu Boroom Yeesu
Kirist moom ci boppam ak
Yàlla sunu Baay, mi nu bëgg
te wone yiwam ci nun, ba
ubbil nu buntu jàmm ju sax
ak yaakaar ju wér, 17 yal na
dëfal seeni xol te saxal leen
ci jépp jëf ju rafet ak gépp
kàddu gu baax.

# 3

### *Ñaanleen ci Yàlla*

1 Léegi nag bokk yi,
ñaanal-leen nu, ngir
kàddug Boroom bi law
te ànd ak ndam, ni mu
ko ame woon ci yéen.
2 Ngeen ñaanal nu it, ngir
nu mucc ci ñi bon te soxor,
ndaxte du ñépp a gëm.
3 Waaye Boroom bi kuy
sàmm kóllëre la; dina leen
dëgëral te musal leen ci
Ibliis. 4 Te wóor nanu ci
kanam Boroom bi ne yéena
ngi def li nu leen santoon,
te dingeen ci sax. 5 Na
Boroom bi gindi seeni xol ci
mbëggeelu Yàlla ak muñu
Kirist.

### *Liggéey*

6 Nu ngi leen di sant
it bokk yi, ci turu sunu
Boroom Yeesu Kirist, ngeen
dëddu bépp mbokk buy
wéy ci tayel te baña topp
dénkaane, yi nu leen jottali.
7 Xam ngeen bu baax, yéen
ci seen bopp, ni ngeen wara
awe ci sunuy tànk. Ba nu
nekkee ca yéen, wéyunu
woon ci tayel 8 te masunoo
lekk ñaqu kenn. Waaye
guddi ak bëccëg danu daan
ñaq, di sonn, ngir baña
wéeru ci kenn ci yéen.

9 Waxuma ne amunu sañ-
sañu def ko, waaye danoo
bëggoona nekk ay royukaay
ci yéen, ngir ngeen aw ci
sunuy tànk. 10 Ndaxte ba
nu nekkee ca yéen, lii lanu
tëraloon: «Ku liggéeyul, du
lekk.»
11 Léegi nag dégg nanu
ne am na ci yéen ñuy wéy
ci tayel; liggéeyuñu dara, lu
dul di dugg ci lu seen yoon
nekkul. 12 Ñu deme noonu
nag, nu ngi leen di sant te
di leen dénk ci turu Boroom
bi Yeesu Kirist, ñuy liggéey
ci jàmm tey dunde seen ñaq.
13 Yéen nag bokk yi, buleen
tàyyi ci def lu rafet.
14 Su kenn bañee topp
li nu bind ci bataaxal bii,
ràññeeleen ko te sore ko,
ngir mu rus ci. 15 Waxuma
ngeen def ko noon, waaye
ngeen yedd ko ni seen
mbokk.

*Tàggoo*

16 Yal na leen kiy Boroom
jàmm may jàmm fépp ak ci
lépp. Yal na Boroom bi ànd
ak yéen ñépp.
17 Tàggoo bii maa ko
bind ci sama loxo, man
Pool. Nii laay binde, te
di màndargaale nii sama
bataaxal yépp. 18 Yal na
yiwu sunu Boroom Yeesu
Kirist ànd ak yéen ñépp.

# Bataaxal bu jëkk bi Yàlla may Pool, mu bind ko TIMOTE

1 Man Pool, ndawul Kirist
Yeesu ci ndigalu Yàlla sunu
Musalkat ak Kirist Yeesu
sunu yaakaar, 2 maa ngi lay
bind, Timote, yaw miy sama
doomu diine ju wér. Na
la Yàlla Baay bi ak Kirist
Yeesu sunu Boroom may
yiw, yërmande ak jàmm.

*Ñiy jàngle luy sànke*

3 Xam nga ne ba may
dem diiwaanu Maseduwan,
ñaanoon naa la, nga des
dëkku Efes, ngir dénk ña fa
doon jàngle luy sànke, ñu
bàyyi ko. 4 Te it nga dénk
leen, ñu baña topp léebi
diiney neen ak limi maam
yu dul jeex mukk. Loolu
werante rekk lay jur, waaye
du jëme kanam mbir mi
Yàlla tëral, wéer ko ci ngëm.
5 Waaye li sunuy dénkaane
di jur mooy mbëggeel gu
jóge ci xol bu laab, ci xel mu
dal ak ci ngëm gu wér. 6 Am
na ñu moy loolu, ba jeng
jëm ciy waxi neen. 7 Dañoo
sababloo nekk ay jànglekat
ci yoonu Musaa, fekk xa-
muñu dara sax ci li ñuy wax
ak a dëggal.

8 Ci li aju ci yoonu Musaa
nag, xam nanu ne baax na,
ci ku koy jëfe ni ko Yàlla
tërale. 9 Xam nanu it ne
tëddul ngir ñi jub waaye
ngir ñi jubadi ak ñi déggadi,
ñi weddi tey bàkkaar, ñi
selladi te fonkadi Yàlla, ñiy
dóor ndey walla baay, ak
ñiy bóome; 10 ngir ñiy dox-
aan, ñi góor-jigéenu ak ñiy
def nit jaam, ñiy fen tey
wann seen kàddu, ak lépp
luy juuyoo ak njàngle mu
wér 11 mu xibaaru jàmm bi
indaale. Te xamleb xibaar,
boobuy feeñal ndamu Yàlla
Aji Tedd ji, dénk nañu ma ko.

*Cant ndax yërmandey Yàlla*

12 Maa ngi gërëm sunu
Boroom Kirist Yeesu, mi ma
dooleel, ci kóolute gi mu am
ci man, ba fal ma jawriñ.
13 Moona daa naa suufeel tu-
ram, di fitnaal ak a toroxal ñi
ko gëm. Waaye Yàlla yërëm
na ma, ndaxte ñàkka xam
ak ñàkka gëm rekk a taxoon
ma def ko. 14 Te yiwu sunu
Boroom baawaan na ci man,
ànd ak ngëm ak mbëggeel,
yi bawoo ci Kirist Yeesu.
15 Wax ju wóor a ngii te
yelloo gépp kóolute: Kirist
Yeesu ganesi na àddina, ngir
musal bàkkaarkat yi, te maa
ci raw! 16 Waaye Yàlla
yërëm na ma, ngir Kirist
Yeesu jëkka feeñal ci man
muñam gu yaatu gi, ma nekk
royukaay ci ñi ko nara gëm
te am dund gu dul jeex.
17 Yaw Buur bi fiy sax ba
abadan, yaw mi bët manta
gis, yaw Yàlla miy kenn, yaa
yelloo teraanga ak ndam ba
fàww. Amiin!
18 Kon nag Timote sama
doom, loolu mooy sas wi ma
lay dénk, te mu dëppook
waxi yonent, yi jëmoon ci

yaw. Doolewool wax yooyu,
ba xeex xeex bu baax bi, [19] di
sàmm sa ngëm ak xel mu
dal. Am na ñu seen xel nëx,
ba labal seen ngëm, [20] naka
Imene ak Alegsàndar; jébbal
naa leen Seytaane, ngir ñu
réccu li ñu doon sosal Yàlla.

# 2

*Dénkaaney màggal Yàlla ci mbooloo mi*

[1] Fii laay tàmbalee nag:
maa ngi leen di dénk, ngeen
yóbbu ñépp fa kanam Yàlla
ciy ñaan, ay tinu ak i
ngërëm. [2] Ñaanal-leen buur
yi ak kilifa yépp, ngir nu
mana am dund gu dal te
jàmmu, ànd ak ragal Yàlla
ak faayda yu mat.

[3] Loolu mooy li rafet te
neex Yàlla sunu Musalkat,
[4] bi bëgg ñépp mucc te xam
dëgg gi. [5] Ndaxte jenn Yàlla
kepp moo am, ak benn Ram-
mukat kepp diggante Yàlla
ak nit ñi, di nit ki Kirist
Yeesu, [6] mi joxe bakkanam
ngir jot ñépp. Loolu mooy
seede si Yàlla joxe, bi waxtu
wi jotee. [7] Fal na ma ci ndaw
ak jànglekat, may yégal
xeeti àddina yoonu ngëm ak
dëgg; fenuma, dëgg rekk
laay wax.

[8] Li ma bëgg kon mooy lii:
na góor ñi ñaan ci Yàlla fu
nekk, tàllal ko loxo yu sell,
te bañ cee boole mer mbaa
werante. [9] Naka noonu
itam, na jigéen ñi di sol col
gu faaydawu, cig woyof ak
maandu. Buñu def seen
xel ciy létt ak ci takkaayu
wurus, mbaa ciy per ak col
gu jafe. [10] Waaye na seen col
di jëf yu rafet, ndaxte looloo
jekk ci jigéen juy woote ag
ragal Yàlla.

[11] Te it na jigéen jàng cig
noppi, ànd ak déggal gu
mat. [12] Mayuma jigéen, muy
jàngle mbaa muy jiite góor,
waaye na noppi. [13] Ndaxte
Aadama la Yàlla jëkka sàkk,
door caa teg Awa. [14] Te it
du Aadama la Seytaane nax,
waaye jigéen ja la nax, ba
mu jàdd. [15] Teewul jigéen
dina mucc ci wasin, su saxee
ci ngëm ak mbëggeel, di ku
sell te maandu*.

# 3

*Meloy njiit ci mbooloom ñi gëm*

[1] Wax ju wóor a ngii:
kuy sabablu yenub sàmm
mbooloo mi, mu ngi yóotu
liggéey bu rafet. [2] Sàmm
bi nag, nii la wara mel:
war na ñàkk ŋàññ, yem
ci benn soxna, moom bop-
pam te maandu; war na
am faayda, man gan te am
mayu jàngle; [3] warul di
ab màndikat mbaa xeexkat,
waaye na lewet te jàmmu,
baña bëgge ci xaalis. [4] Na
yor këram yorin wu rafet,
te ay doomam déggal ko ak
teggin yu mat. [5] Ndaxte
ku manta yor njabootam,
naka lay mana yore nja-
bootu Yàlla? [6] Te it bumu
nekk kuy doora gëm, ngir
mu baña yég boppam, bay

* **2:15** Mbaa: su ñu saxee ci ngëm ak mbëggeel, di ñu sell te maandu.

dajeek mbugalu Yàlla, ni ko
Seytaane defe woon. 7 Te
it war na am seede su rafet
ci waa àddina, ngir ñu bañ
koo diiŋat, ba muy daanu ci
fiirug Seytaane.

*Meloy kiy topptoo yëfi mbooloo mi*

8 Kiy topptoo li mbooloo
miy jëfandikoo itam na am
faayda te fonk kàddoom;
bumu di ku yàqu ci sàngara,
mbaa ku alal jiital. 9 Na
sàmm mbóoti ngëm gi ak
xel mu dal. 10 Moom itam
nañu ko jëkka seetlu, ba mu
leer ne amul ŋàññ, ñu door
koo fal. 11 Naka noonu, na
jigéen ñi* am faayda, baña
jëw mbaa xér ci dara, waaye
nañu takku ci lépp.

12 Ku ñu dénk sasu topp-
too yëfi mbooloo mi nag,
nay ku yem ci benn soxna,
jiite bu baax këram ak i
doomam. 13 Ndaxte ku ci
rafetal sasam dina am tur
wu tedd ak kóolute gu mat
sëkk ci yoonu ngëm, gi ci
Kirist Yeesu.

*Màggug mbooloom Yàlla*

14 Bëgg naa laa seetsi
balaa yàgg, 15 waaye
amaana mu yéex. Moo
tax ma lay bind bataaxal
bii, ngir xamal la, ni ñu
wara nekke ci kër Yàlla
gi, maanaam ci mbooloom
Yàlla Aji Dund ji, miy kenug
dëgg te di sëslaayam. 16 Ci
dëgg-dëgg ragal Yàlla ëmb
na mbóot yu xóot:
Ki wàcc, yor bindu nit,
mu bir ne xelam jub na,
te malaaka ya gis ko;
xamlees na ko ci xeet yi,
ñu gëm ko ci kaw suuf,
te Yàlla teeru ko ci ndamam.

# 4

*Ñiy jàngle luy réeral*

1 Xelum Yàlla mi wax na
bu leer ne ci mujug jamono
dina am ñu bàyyi yoonu
ngëm wi, di topp ay xel yuy
fàbbee ak xalaati Seytaane.
2 Ñooñu ay naaféq yuy naxe
lañu, te seen xol dërkiis.
3 Dinañu tere séy, di araamal
ay ñam, waaye Yàlla daa
sàkk yooyu, ngir ñi gëm te
xam dëgg man ciy jëfandiku
te di ko ci sant. 4 Ndaxte
li Yàlla sàkk lépp baax na,
kon wenn ñam araamul ci
ku koy jëfandikoo te di ko ci
sant. 5 Ndaxte kàddug Yàlla
ak ñaan ñoo koy sellal.

*Jawriñu Kirist Yeesu ju baax*

6 Saxal ci digal bokk yi
loolu nag, kon dinga nekk
jawriñu Kirist Yeesu ju baax
ju regg ci kàdduy yoonu
ngëm wi ak njàngle mu
rafet, mi nga xam bu wér.
7 Tanqamlul ay léebi diiney
neen, di ay wax yu amul
bopp yu àddina kese; waaye
tàggatal sa bopp ci ragal
Yàlla. 8 Ndaxte tàggat
yaram am na fu njariñam
yem, waaye njariñu ragal
Yàlla dafa daj lépp, ëmb
digey àddina ak àllaaxira.
9 Wax ju wóor a ngii,
te mata nangu ak gépp
kóolute. 10 Danuy ñaq tey

* **3:11** jigéen ñi: manees na ko tekki nii it: seeni soxna

bëre, ndaxte wékk nanu
sunu yaakaar ci Yàlla Aji
Dund ji, di Musalkatu ñépp,
rawatina nag ci ñi gëm.

[11] Digal leen yëf yooyu nag
ci sa njàngle. [12] Bu la kenn
xeeb ndax say at, waaye
defal sa bopp royukaayu ñi
gëm ci say wax ak say jëf,
ci sa mbëggeel, sa ngëm
ak sa cell. [13] Li feek may
dikk, saxal ci jàng di biral
Mbind mi ci mbooloo mi,
di leen dénk ak a jàngal.
[14] Bul sàggane may gi nekk
ci yaw, gi la Yàlla jox jaarale
ko ci waxu yonent, keroog
bi la njiit yi tegee loxo.
[15] Faaydaalal yëf yooyu te
sóobu ci, ba sa jëm kanam
bir ñépp. [16] Sàmmal sa
bopp, sàmm sa njàngle, te
sax ci; kon dinga musal sa
bopp, yaw ak ñi lay déglu.

# 5

*Ay ndigal ci mbirum jigéen ñi seen jëkkër faatu*

[1] Bul gëdd mag, waaye
waxtaanal ak moom ni sa
baay. Ndaw it, nga digal ko
ni sa rakk, [2] jigéen ju mag,
def ko ni sa yaay; ju ndaw, ni
sa jigéen ak cell gu mat sëkk.

[3] Ci wàllu ñi seen jëkkër
faatu nag, ku ci sësul ci
kenn, teral ko ngir Yàlla.
[4] Waaye ku ci am ay doom
mbaa ay sët, na njaboot
googu jëkka wone seen ra-
gal Yàlla ci seen biir kër, ci
delloo njukkal seen waajur,
ndaxte loolu lu rafet la fa
kanam Yàlla.

[5] Jigéen ju sësul ci kenn
day wékk yaakaaram jépp ci
Yàlla, sax ci di ko wéetal te
di ko ñaan guddi ak bëccëg.
[6] Waaye ki bànneex jiital,
ndee luy dox la. [7] Dénk leen
loolu, ngir ñu baña am benn
gàkk. [8] Ndaxte ki defalul ay
bokkam dara, rawatina ay
waajuram, weddi na yoonu
ngëm wi, ba yées ku gëmadi.

[9] Ku bëgga bindu ci ñi
seen jëkkër faatu, nii la wara
mel: war na wees juróom
benn fukki at, di jigéen ju
yemoon ci jëkkëram, [10] te
mu ràññiku ci jëf yu rafet
yu deme ni yar ay goneem,
man gan, geestu gaayi Yàlla
yu sell yi*, dimbali ñi nekk
ci tiis; maanaa di ku takku ci
mboolem jëf yu rafet yi.

[11] Waaye bul bind jigéen ju
ndaw, ndaxte bu ko ay bëgg-
bëggam xiiree ci sore Kirist,
dina bëgga séyaat, [12] te
dina daje ak mbugal ndaxte
fecci na kóllëre. [13] Te du
yem ci bëgga séyaat rekk,
waaye ku tayel lay doon;
di ku wër kër ak kër, rax-
ca-dolli réy làmmiñ te deñ
kumpa, di wax lu yoonam
nekkul. [14] Looloo tax ma
bëgg, jigéen yu ndaw yi
séyaat, am ay doom, yor
seeni kër, ba seen benn
noon du leen mana gàkkal.
[15] Ndaxte fi mu ne sax am
na ñu jeng xaat, ba topp
Seytaane.

[16] Kon nag jigéen ju gëm
te am mbokk mu jëkkëram
faatu, na ko dimbali te bañ
koo bàyyeek mbooloom ñi

* **5:10** Mbaa: raxas tànki gaayi Yàlla yu sell yi,

gëm. Noonu mbooloo mi
dina mana dimbali jigéen ñi
sësul ci kenn.

### *Ay ndigal ci mbirum njiit yi ak jaam yi*

17 Li jëm ci njiiti mbooloo
mi nag, joxal teraanga ju
mat sëkk ñi ciy rafetal
seen liggéey, rawatina ñi
sax dàkk ci waare bi ak
njàngle mi. 18 Ndaxte Mbind
mi nee na: «Bul sunjuñ
gémmiñu nag wu ñu takk
ci bojjukaay,» nee na it:
«Ku ñaq, jariñu.» 19 Kuy
tuumaal njiit fi yaw, bu
ko gëm, li feek ñaar walla
ñetti seede dëggaluñu ko.
20 Waaye ñiy bàkkaar, yedd
leen fa kanam ñépp, ngir
artu ñi ci des.
21 Léegi nag maa ngi lay
dénk fa kanam Yàlla ak
Kirist Yeesu ak malaaka yu
tedd ya, nga sàmm loolu ma
wax te bañ cee gënale walla
di ci parlàqu. 22 Bul gaawa
teg loxo kenn, ba fal ko,
di séddu noonu ci bàkkaari
jaambur, waaye dëkkal ci
sellaay.
23 Ba tey bul yemati ci
ndox mu ñuul rekk, waaye
nangay naan tuuti biiñ, ngir
faj say metiti biir ak say
jagadi yu bare.
24 Am na, ñu seeni
bàkkaar fés ci kanam ñépp,
ba jiitu leen ca àtte ba; ñi
seeni bàkkaar nëbbu nag,
bés baa ngi leen di xaar.
25 Naka noonu it am na,
ñu seen jëf yu rafet leer,
te yi feeñul manuñoo nekk
kumpa ba fàww.

# 6

1 Ñi nekk ci buumu njaam
nag, nañu weg seeni sang
wegeel gu mat sëkk; noonu
kenn du am lu muy werante
ci turu Yàlla mbaa ci sunu
njàngle. 2 Ku am sang boo
bokkal ngëm, bu looloo tax
nga yab ko, waaye nga sax
ci itteem, ndax kiy jariñu ci
sa ñaq, aji gëm la, ku mata
bëgg.

### *Alal ju wóor ji*

Jàngleel loolu nag, di ko
dénkaane. 3 Waaye su fi
amee kuy jàngle leneen, ba
jàppul ci kàddu yu wér yu
Yeesu Kirist Boroom bi, te
fonkul waaraate buy jur ra-
gal Yàlla, 4 kooku boroom ti-
itar la, bu xamul dara. Dafa
wéradi, ba sóobu ci gëstuy
neen ak i werante ciy araf
yu jurul lu moy ñeetaane,
xuloo, xaste, ñaaw njort 5 ak
ŋaayoo; ñiy jëfee noonu nit
ñu ñaaw xel lañu, ñu xamul
genn dëgg te yaakaar ne
ragal Yàlla buntu wërsëg la.
6 Ba tey ragal Yàlla gu
ànd ak doylu, wërsëg la.
7 Ndaxte indaalewunu fi
dara, te dunu yóbbaale
dara. 8 Kon su nu amee
lekk ak koddaay, nanu ko
doyloo. 9 Waaye ñiy sàkkoo
barele, dinañu jànkoonte ak
i nattu, ba dugg ci fiir, di
xuus ci bëgg-bëggi neen yuy
yóbbe ayib, tey sóob nit cig
réer ak sànkute. 10 Ndaxte
bëgge ci xaalis mooy ndeyu
ñaawteef yu bare; am na
ñu ko wut, ba moy ci yoonu
ngëm, te seen xol di dagg
ndax tiis yu bare.

*Làmbi ngëm*

11 Kon nag yaw waayu
Yàlla ji, dawal loolu, te
topp njub, ragal Yàlla, ngëm,
mbëggeel, muñ ak lewet.
12 Góor-góorlul ci bëre bu
baax bi, ba ub làmbi ngëm,
te feddali sag téye ci dund gu
dul jeex gi; ndaxte ci loolu
la la Yàlla woo, te looloo
waraloon it sa seede su rafet
fa kanam mbooloo mu bare.

13 Noonu fi kanam Yàlla
mi jagleel dund ci lépp, ak
fi kanam Kirist Yeesu, mi
seede woon seede su rafet
fa kanam Poñsë Pilaat, maa
ngi lay dénk lii: 14 sàmmal
ndigal li, baña am gàkk
mbaa ŋàññ, ba kera Yeesu
Kirist sunu Boroom di feeñ ci
ndamam, ca waxtu wa Yàlla
dogal. 15 Moom kenn mooy
Boroom bu tedd, di Buuru
buur yi ak Kilifag kilifa yi.
16 Moom kenn a jagoo dund
gu sax, dëkk ci biir leer gu
kenn manta jege; moom mi
nit masula gis te nit manu
koo gis. Moom kenn a yel-
loo teraanga ak màggaay ba
fàww. Amiin.

17 Ñi barele alalu àddina
nag, dénk leen ñu baña
réy te baña wékk seen
yaakaar ci koom-koom yi
saxul fenn, waaye ñu wékk
ko ci Yàlla, mi nuy may
naataange ju mat, ngir nu
man ciy bànneexu. 18 Dénk
leen ñu def lu baax, te bare
jëf yu rafet, ñu yéwén, bay
sédd ñi amul, 19 di fàggu
dencu ëllëg bu wér. Noonu
dinañu feddali seen téye ci
dund gu wóor gi.

20 Céy yaw Timote,
sàmmal li la Yàlla dénk!
Tanqamlul waxi neen yu
àddina kese, te dëddu
werantey ñi mbubboo xam-
xam, fekk dañoo réer. 21 Am
na ñu topp xam-xam boobu,
waaye moy nañu ci yoonu
ngëm.

Yal na yiwu Yàlla ànd ak
yéen.

# Ñaareelu bataaxal bi Yàlla may Pool, mu bind ko TIMOTE

1 Man Pool, ndawul Yeesu
Kirist ci coobarey Yàlla, ngir
xamle dund gi nu Yàlla dig
te féete ci Kirist Yeesu, 2 maa
ngi lay bind, Timote, sama
doomu diine ji ma bëgg. Na
la Yàlla Baay bi ak Kirist
Yeesu sunu Boroom may
yiw, yërmande ak jàmm.

*Feddalil sa ngëm*

3 Fu ma tollu maa ngi lay
boole ci samay ñaan, di ci
sant Yàlla, mi may jaamu
ci xel mu dal, ni ko samay
maam daan defe. Guddi ak
bëccëg, bu sama xel demee
ci say rongooñ, 4 ma bëgg
laa gis, ba am mbég mu
réy. 5 Maa ngi fàttaliku sa
ngëm gu dëggu, gi nekkoon
ci sa maam Lowis ak sa yaay
Ënis, te mu wóor ma ne
sax na ci yaw it. 6 Looloo
tax maa ngi lay fàttali, nga
xambaat taal bi Yàlla taal ci
yaw, di may gi mu la jagleel,
bi ma la tegee samay loxo.
7 Ndaxte Xel mi nu Yàlla sol
du ànd ak ragal, waaye day
ànd ak kàttan, mbëggeel ak
moom sa bopp.

8 Bul rus ci seedeel sunu
Boroom, mbaa ci li ñu ma tëj
ndax turam, waaye bokkal
ak man tiis ci xamle xibaaru
jàmm bi, wéeru ci kàttanu
Yàlla. 9 Moo nu musal te
woo nu ci dund gu sell, ci lu
ajuwul ci sunuy jëf, waaye
ci dogalu boppam ak yiwam,
wi nu Yàlla may ci Kirist
Yeesu, ba àddina sosoogul.
10 Te léegi biral na ko ci
feeñug sunu Musalkat Kirist
Yeesu, mi nasaxal dee te
feeñal dund ci xibaaru jàmm
bi, te muy dund gu sax. 11 Te
Yàlla fal na ma ndaw ak
jànglekat, ngir may yégle
xibaar bi; 12 looloo tax ma
jànkoonte ak tiis yu mel nii.
Waaye rusuma ci, ndaxte
xam naa ki ma wékk sama
yaakaar, te wóor na ma ne
li ma ko dénk, man na koo
denc ba bés ba.

13 Toppal ci tànki wax
yu wér yi nga dégge ci
man, jàpp ci ak ngëm ak
mbëggeel, yi nu am ci sunu
bokk ci Kirist Yeesu. 14 Te
nga sàmm bu baax li la Yàlla
dénk, wéeru ci Xel mu Sell,
mi dëkk ci nun.

15 Xam nga ne waa dii-
waanu Asi gépp won nañu
ma gannaaw, ñu deme niki
Fusel ak Ermosen. 16 Waaye
Onesifor daa na faral di
dëfal sama xol; na Bo-
room bi sotti yërmandeem
ci këram. Rusul woon sax
ci samay jéng, 17 waaye bi
mu ñëwee dëkku Room, wut
na ma fu ne, ba gis ma.
18 Na ko Boroom bi teeru
ak yërmandeem ca bés ba.
Umplewoo it coono yi mu
daj, ngir dimbali ma ca
dëkku Efes.

# 2

*Beyal sa sas*

1 Kon nag yaw sama
doomu diine, doolewool yiw,
wi ci Kirist Yeesu. 2 Te wax yi

nga dégge ci man fi kanam
seede yu bare, nanga leen
jottali nit ñu takku, ngir
ñoom it ñu mana jàngal
ñeneen. 3 Bokkal ak man
tiis, di jàmbaar ci toolu
xareb Kirist Yeesu, 4 xam
ne xarekat bu bëgga neex
ka ko solal, du dugg ci yëfi
àddina. 5 Te it ku tàggat
yaramam ngir rawante,
duñu ko jagleel kaalag ndam
mukk, su toppul sàrt ya.
6 Noonu it beykat bi sonn
mooy jëkka ñam toolam.
7 Xalaatal bu baax sama wax
jii, ndax Boroom bi dina
leeral sa xel ci lépp.

8 Fàttalikul Yeesu Kirist mi
dekki, soqikoo ci Daawuda,
tukkee ci xibaaru jàmm bi
may waare. 9 Xibaar booboo
tax may jànkoonte ak i tiis,
ba ñu jéng ma ni defkatu
lu bon; waaye kàddug Yàlla
moom, kenn du ko jéng.
10 Te lii tax may muñ lépp,
ngir ñi Yàlla tànn it am mucc
gi ci Kirist Yeesu, gu ànd ak
ndam lu sax.

11 Kàddu gu wóor a ngii:
Su nu deeyaalee ak Kirist,
dinanu dundaat ak moom;
12 su nu takkoo,
dinanu nguuru ak moom.
13 Su nu ko weddee,
kon mu weddi nu;
su nu ko ñàkkee kóllëre,
moom dina sax ci kóllëreem,
ndax manula weddi boppam.

*Liggéeykat bu neex Yàlla*

14 Saxal ci di leen fàttali
mbir yooyu, di leen dénk
fa kanam Yàlla, ñu moytoo
werante ciy araf, ndax loolu
jëmul fu dul ci yàq ngëmu
ñiy déglu. 15 Góor-góorlul
ba teew fa kanam Yàlla,
nekk liggéeykat bu mu nangul
te rusoo ci dara, di
faramfàcce bu jub kàddug
dëgg gi. 16 Moytul bépp
jataayu waxi neen yu àddina
kese, ndax ña fa toog dinañu
gëna xuus cig weddi,
17 te seen kàddu day burux
ni ngal. Imene ak
Filet, ci ñoom lañu bokk;
18 dañoo moy dëgg, di wax
ne ndekkite wees na, ba yàq
ngëmu ñenn ñi. 19 Waaye
teewul fondamaa bu dëgër,
bi Yàlla tabax, nee na kekk,
te lii lañu ci tàmpe: «Boroom
bi xam na ñi bokk ci
moom,» te it: «Ki tudd turu
Boroom bi, na daw lu bon.»

20 Ci kër gu mag nag, du
ndabi wurus walla xaalis
rekk a fa am, waaye itam
yoy dénk walla ban; yii
tedd nañu, yee ñàkk solo.
21 Kon nag ku laabal sa bopp
ci yooyu yépp, dinga nekk
ndab lu tedd te sell, nga am
njariñ ci Boroom bi te jekk ci
bépp jëf ju rafet.

22 Dawal bépp bëggbëggu
ngone, te sóobu
ci njub, ngëm, mbëggeel,
jàmm, ànd ak ñépp ñiy tudd
turu Boroom bi ak xol bu
sell. 23 Tanqamlul bépp
werante neen bu amul
njariñ, xam ne xuloo rekk
lay jur. 24 Te jaamu Boroom
bi warula xuloo, waaye na
lewet ci ñépp, jekk ngir
jàngle tey muñ fitnay noon.
25 Na jubbanti cig suufe ñi
koy diiŋat, tey yéene Yàlla

xiir leen ci réccu, ba ñu xam
dëgg; 26 ñu rëcc ci fiirug
Seytaane, mi leen jàpp niy
jaam, te ñu délsi ci seen xel
yu rafet, ba sóobuwaat ci
coobarey Yàlla.

# 3

### *Yàqute gi daj mujug jamono*

1 Nanga xam lii: bési tiis
yu tar ñu ngi nuy tëru ci
mujug jamono. 2 Ndaxte nit
ñi dinañu siis te fonk xaalis,
di ñu réy tey yég seen bopp,
ñuy xaste tey xëtt ndigalu
waajur; duñu am kóllëre,
sellaay 3 mbaa cofeel; dañuy
jàpp mer ak a sos; ñu xér
lañuy doon, ñu soxor te
bañ lu baax; 4 ay workat
lañuy doon, di ñu ëppal te
bare tiitar; seen bànneex a
leen gënal Yàlla. 5 Dañuy
mbubboo diine waaye nanguwuñu
koo dugal seen xol.
Ñu deme noonu, dëddu leen.

6 Nit ñu mel noonu ñooy
yoxoosu ci biir kër yi,
ba fàbbi jigéen ñu ñàkk
pastéef, ñi seeni bàkkaar
ub seen bopp, te bëggbëgg
yu wuute jiital leen.
7 Duñu noppee gëstu, waaye
duñu mana yegg ci xamxamu
dëgg mukk. 8 Nit
ñooñu dañuy bëreek dëgg,
ni Sànnes ak Sàmbares
bëree woon ak Musaa; ay
boroom xel yu gumba lañu,
yu seen ngëm tekkiwul dara.
9 Waaye duñu dem fu sore,
ndax seen ñàkk xel dina
bir ñépp, ni mu dale woon
Sànnes ak Sàmbares.

### *Li Pool dénk Timote*

10 Waaye yaw nag xam nga
bu baax sama njàngle, sama
dund, sama takkute, sama
ngëm, sama muñ, sama
mbëggeel ak sama dékku
tiis. 11 Xam nga li ma daj
ciy fitna ak i coono ci dëkki
Ancos, Ikoñum ak Listar*.
Céy li ma jànkoonteel ciy
fitna! Waaye Boroom bi
musal na ma ci lépp. 12 Te ku
bokk ci Kirist Yeesu, te bëgg
dund dund gu ànd ak ragal
Yàlla, alamikk ñu fitnaal la.
13 Waaye nit ñu bon ñi ak
naaféq yi dinañu fi yées, di
naxe ak a nax seen bopp.

14 Yaw nag saxal ci li nga
jàng te mu wóor la, xam
fi nga tibbe. 15 Li dale ci
sa ngone xam nga Mbind
mu sell, mi la mana yee
ci yoonu mucc, jaar ci gëm
Kirist Yeesu. 16 Mbind mu
sell mépp, ci gémmiñu Yàlla
la jóge, te am na njariñ
ngir jàngal nit ñi, yedd leen,
jubbanti leen te yee leen ci
njub. 17 Noonu waayu Yàlla
ji dina mat, ba jekk ci bépp
jëf ju rafet.

# 4

1 Kon nag maa ngi lay
dénk fa kanam Yàlla ak
Kirist Yeesu, miy àtte ñiy
dund ak ñi dee, di la dénk
ci feeñam ci biir ndam ak
ci nguuram, nga def lii:
2 xamleel kàddug Yàlla, sax

* 3:11 Ay dëkk ci diiwaanu Galasi lañu woon, fa Pool tàmbalee yenam, biy waare xibaaru Kirist.

ci, su neexee ak su naqa-
ree; yeyal ñi tooñ, di yedd
ak a dénk ñépp, def ko ci
muñ gu yaatu ak njàngle
mu mat. 3 Ndaxte jamono
dina ñëw, joo xam ne nit
ñi dootuñu xajoo njàngle
mu wér mi, waaye dinañu
jublu ci seeni bëgg-bëgg, di
fortaatu jànglekat yu leen
di jay. 4 Dinañu tanqamlu
dëgg, jeng jëm ci léebi di-
iney neen. 5 Waaye yaw
nanga foog ci lépp, dékku
tiis, tey tas xibaaru jàmm bi,
ba matal sag yónnent.

6 Ndaxte maa ngi ci tànki
joxe sama bakkan ni sarax,
te sama waxtuw dem jot
na. 7 Bëre naa ba ub làmbi
ngëm, daw naa ba àkk,
sàmm naa mboolem dëgg,
gi ñu ma dénk. 8 Fi mu ne
Yàllaa ngi may xaare añu ku
jub, di kaalag ndam gi ma
Boroom, biy Àttekat bu jub,
di jox ca bés ba, te jéllale
naa sama bopp, waaye képp
ku def sa xol cig feeñam.

*Dénkaaney Pool yu mujj ya*

9 Defal sa kem kàttan, ba
fekksi ma ci ni mu gëna
gaawe. 10 Ndaxte Demas
topp na àddina, ba bàyyi
ma, dem dëkku Tesalonig;
Kereseñsë dem na diiwaanu
Galasi, Tit dem diiwaanu
Dalmasi. 11 Luug rekk a
des fi man. Indaaleel Màrk,
ndaxte amal na ma njariñ
ci liggéey bi. 12 Tisig moom
yebal naa ko dëkku Efes.
13 Te sooy ñëw, indaaleel
mbubb, ma ma dénkoon
Karpus ca dëkku Torowas, te
it bul fàtte téere yi, rawatina
téere yu am maana, yi ñu
bind ci der.

14 Alegsàndar tëgg bi def
na ma ñaawteef yu ne,
waaye Boroom bi dina ko
fey ay jëfam. 15 Moytu ko
bu baax, ndaxte bëre na ak
sunuy wax ba tàyyi.

16 Keroog bi ma jëkkee
taxaw, di làyyil sama bopp,
awma woon kenn ku ma tax-
awu, ñépp dañu maa daw—
bu leen ko Yàlla jàppe nag.
17 Waaye Boroom bi moo
ma taxawu te dooleel ma,
ma jollil kàddu gi, ba xeet
yépp dégg ko. Te Boroom
bi musal na ma ci selli
gaynde. 18 Rax-ca-dolli dina
ma musal ci bépp jëf ju
ñaaw, tette ma ci jàmm, ba
tàbbal ma ci nguuram gu
kawe ga. Yal na yelloo ndam
ba fàww. Amiin.

*Tàggoo*

19 Nuyul ma Piriska ak
Akilas ak waa kër Onesifor.
20 Erast des na dëkku Ko-
rent. Torofim dafa wop-
poon, ma bàyyi ko dëkku
Mile. 21 Gaawala ñëw,
bala lolli di gàllankoor sa
yoon. Ëbulus, Pudeñsë, Li-
nus, Këlójaa ak yeneen bokk
yépp ñu ngi lay nuyu. 22 Yal
na Boroom bi aar sa xel.
Na yiwu Yàlla ànd ak yéen
ñépp.

# Bataaxal bi Yàlla may Pool, mu bind ko TIT

[1] Man Pool maa lay bind, man miy jaamu Yàlla ak ndaw li Yeesu Kirist yónni, ngir xamle ngëm, gi lal yoonu ñi Yàlla tànn, tey yokk xam-xamu dëgg, giy meññ ragal Yàlla; [2] mu sukkandiku ci yaakaar ju dëggu, ji nu am ci dund gu dul jeex, gi Yàlla dige ba dara sosoogul, moom mi dul tebbi waxam. [3] Te léegi, ci jamono ji ko soob, feeñal na xibaaram boobu ci waaraate, bi ma Yàlla sunu Musalkat dénk te digal ma, ma xamle ko. [4] Maa ngi lay bind, Tit, yaw sama doomu diine ju wér ci ngëm, gi nu bokk nun ñépp. Yal na la Yàlla Baay bi ak Kirist Yeesu sunu Musalkat may yiw ak jàmm.

### *Sasu Tit ca réewu Keret*

[5] Bàyyi naa la ca réewu Keret, ngir nga mottali la desoon ci liggéey bi, te samp ay njiiti mbooloo ca dëkk bu nekk, ni ma la ko sante woon. [6] Njiit nag nii la wara mel: war na ñàkk ŋàññ, yem ci benn soxna, am ay doom yu gëm yu amul baatu gannaaw cig yàqute mbaa déggadi. [7] Ndaxte kuy sàmm mbooloo mi mooy jawriñu Yàlla, kon warul am ŋàññ, walla di ku dëgër bopp mbaa ku tàng bopp; warul dib màndikat walla xeexkat mbaa ku bëgge ci alal ju lewul. [8] Waaye war na man gan te bëgg lu baax, di ku maandu te jub, ku sell te not boppam. [9] War na jàpp ci xibaar bu dëggu, bi lal sunu yoon, ba mana dénkaane ci njàngle mu wér mi, tey yey ñi weddi.

[10] Loolu war na, ndaxte am na ñu bare ñu déggul lenn ndigal, rawatina ci Yawut yi, ñuy yàq xeli nit ñi ak seen waxi neen. [11] Fàww nga wedamloo leen, ndax dañuy tas këri lëmm, ciy jàngle li warul, ngir sàkku alal ju lewul. [12] Am na nitu Keret, di yonent ci ñoom, mu ne: «Waa Keret, ay fenkat lañu masa doon, ñu soxor ni ay rabi àll, fuqle te tayel.» [13] Te li mu wax dëgg la. Looloo tax nga war leena yey bu wóor ci seeni bàkkaar, ngir ñu am ngëm gu wér [14] te baña topp léebi diiney neen yu Yawut yi, mbaa tegtali nit, ñi dëddu dëgg. [15] Ñi sell seen lépp a sell, waaye ñi selladi te gëmadi seen dara sellul, du seeni xalaat, du seeni xel. [16] Dañoo mbubboo xam-xamu Yàlla, waaye seeni jëf weddi na ko; ñu sikk lañu te déggadi, ba tële ci jëf lenn lu baax.

## 2

### *Ndigal yu sell*

[1] Yaw nag nangay waare li dëppook njàngle mu wér mi. [2] Maanaa, na góor ñu mag ñi foog, am faayda te

maandu, di ñu wér ci seen
ngëm, seen mbëggeel ak
seen muñ.
3 Jigéen ñu mag ñi itam, na
seen doxalin ànd ak faayda;
buñuy jëw mbaa ñuy xér
ci sàngara. Waaye nañuy
jàngle lu baax, 4 bay xiir jeeg
ju ndaw ji, ñu bëgg seen
jëkkër ak seeni doom, 5 di
ñu maandu, sell te fonk seen
kër, ñu neex deret te déggal
seeni jëkkër, ngir kenn bañ
cee gàkkal kàddug Yàlla.

6 Naka noonu itam nanga
xiir waxambaane yi cig
maandu. 7 Te yaw, ci lépp
lu mu mana doon, nekkal
ab royukaay ci jëf yu baax.
Na sa njàngle wér te am
faayda, 8 ànd ak wax yu wér
yu kenn manta diiŋat, ngir
sunuy noon rus ba wedam,
ci li ñu amul dara lu ñu nu
tuumaal.
9 Waxal it jaam ñi, ñu
déggal seeni sang ci lépp,
te liggéeyal leen ba seral
seen xol, bañ cee boole wer-
ante 10 mbaa sàcc. Waaye
nañu wone takkute gu mat,
ba rafetal ci lépp njànglem
Yàlla sunu Musalkat.
11 Ndaxte yiwu Yàlla feeñ
na te ubbil na ñépp buntu
mucc. 12 Moo nu digal, nu
dëddu weddi ak bëgg-bëggi
jamono, tey dund ci àddina
cig maandu, njub ak ragal
Yàlla, 13 di séentu bés bu
tedd bi nu yaakaar, maanaa
Yàlla ju màgg ji, di sunu
Musalkat Yeesu Kirist, feeñ
ci biir ndamam. 14 Joxe na
bakkanam ngir nun, ba jot
nu ci lépp lu bon, te beral
nu boppam, di xeet wu sell
te rànñiku ci jëf yu baax.
15 Jàngleel loolu, di leen
dénk ak a yedd ak fulla ju
mat. Bu la kenn yab.

# 3

*Ku gëm dina jëf lu rafet*

1 Fàttali leen ñuy déggal
kilifa, yi yore nguur gi, tey
jëfe seeni ndigal, ñu taxaw
temm ci lépp luy jëf ju baax.
2 Buñu jëw kenn mbaa ñuy
ŋaayoo, waaye nañu yiwe
te won ñépp lewet gu mat
sëkk.
3 Ndaxte nun itam ñu
ñàkk xel lanu woon te
déggadi, nu réer bay jaamu
ay bëgg-bëgg ak i bànneex
yu wuute, nu dëkk ci coxorte
ak ñeetaane, ñu bañ nu
te nu bañante ci sunu biir.
4 Waaye naka noona Yàlla
sunu Musalkat feeñal na
mbaaxam ak cofeelam, 5 ba
musal nu; ajuwul ci jëf
yu jub yu nu def, waaye
ci yërmandeem rekk. Mu
juddulaat nu ci laabal sunu
xol, te yeesalaat nu ci dooley
Xel mu Sell, 6 mi mu nu sotti
ba mu baawaan, ci darajay
Yeesu Kirist sunu Musalkat.
7 Ci noonu Yàlla àtte na nu
jub ci kaw yiwam, te sédd
nu ci dund gu dul jeex, gi
nuy séentu.
8 Wax jooju ju wóor la,
te damaa bëgg nga dëggal
loolu, ngir ñi gëm Yàlla sax
ci jëf lu rafet. Loolu moo
baax te am njariñ ci nit.
9 Waaye moytul yu deme
ni werantey neen ak limi
maam, ay xuloo ak i xëccoo
ci doxalinu yoonu Musaa,

ndax loolu waxi neen la, te
amul benn njariñ. 10 Kuy
féewale, nanga ko yedd,
yeddaat ko; bu tëwee, nga
dàq ko, 11 xam ne nit ku
ñaaw xel la te ay bàkkaaram
fés ci ñépp.

*Muj gi*

12 Bu ma la yónnee
Artemas walla Tisig,
gaawantul fekksi ma ci
dëkku Nikopolis, ndax fa
laa bëgga lollikooji. 13 Naka
Senas àttekat bi nag ak
Apolos, waajal leen bu jekk
ci seen tukki, ba seen aajo
yépp faju. 14 Na sunuy bokk
it takku ci jëf yu rafet, ba
mana faj aajo yépp, te baña
yaafus.

15 Ñiy ànd ak man ñépp
ñu ngi lay nuyu. Nuyul nu
sunuy soppey ngëm. Yal
na yiwu Yàlla ànd ak yéen
ñépp.

# Bataaxal bi Yàlla may Pool, mu bind ko FILEMON

1 Man Pool, mi ñu tëj kaso
ngir Kirist Yeesu, ak sunu
mbokk Timote, noo lay bind,
yaw Filemon sunu soppe
ak sunu nawle ci xeex bi;
2 te fàttewunu sunu jigéen
Afiya, ak sunu àndandoo
ci xeex bi Arkib, yéen ak
mbooloom ñi gëm, miy da-
jee sa kër. 3 Yal na leen
Yàlla sunu Baay ak Boroom
bi Yeesu Kirist may yiw ak
jàmm.

*Cant ak ñaan ci Yàlla*

4 Duma la noppee boole
ci samay ñaan, di ci sant
Yàlla sama Boroom, 5 ndaxte
dégg naa sa ngëm ci Boroom
bi Yeesu, ak sa mbëggeel ci
gaayam yu sell yépp. 6 Li
may ñaan nag a ngi nii: nga
xam bu wér ngëneel, yi nu
am yépp ci sunu bokk ci
Kirist, ba tax bokk gi nga
am ci Yàlla ci kaw ngëm
meññ i njariñ. 7 Ci dëgg-
dëgg sa mbëggeel bégal na
ma bu baax, ba dëfal sama
xol; ndaxte xam naa, sama
mbokk, ni nga féexale xoli
gaayi Yàlla yu sell yi.

*Pool làyyil na Onesim*

8 Am na lu ma la bëgga
ñaan; teguma ko ci sañ-
sañ bu mat bi ma Kirist
may, ci teg la ndigalu def sa
warugar, 9 waaye dama lay
ñaan ci mbëggeel gi nu séq,
man Pool màggat, mi ñu tëj
kaso ci turu Kirist. 10 Maa
ngi tinul sama doomu diine
Onesim, mi ma jur ci Kirist
fii ci kaso bi. 11 Amul woon
sa njariñ* démb, waaye tey
amal na nu njariñ, yaw ak
man.
12 Maa koy yebal fi yaw,
waaye xamal ne mooy sama
reeni xol. 13 Dama koo
bëggoona téye fi sama wet,
ngir mu taxawal la, di ma
dimbali, li feek maa ngi ci
kaso bi ngir xibaaru jàmm
bi. 14 Waaye bëggumaa def
dara loo àndul; noonu ndim-
bal li nga may defal du nekk
sañul-bañ, waaye mu ànd ak
xol bu tàlli. 15 Xëy na sax
dafa tàggoo woon ak yaw
diir bu gàtt, ngir nga jotaat
ci ba fàww; 16 waxuma léegi
ni jaam rekk, waaye lu ko
sut, xanaa mbokk mu dëggu
ci xol, fekk looloo raw ag
njaam. Mbokk la ci man,
rawatina ci yaw, muy sa
jaam ci aada, di sa mbokk
léegi ci Boroom bi.
17 Soo ma jàppee ni nawle
nag, teeru ko, ni su ma la
doon ganesi. 18 Soo ko naree
topp genn tooñ mbaa benn
bor, topp ma ko. 19 Man Pool
maa ngi lay bind ak sama
loxob bopp ne dinaa la ko
fey; bëggumaa yegg ci ne
sag dund sax ci man la jaar!
20 Waaw, yaw sama mbokk,
dimbali ma ci Boroom bi,
te seral sama xol ci sunu
bokk ci Kirist. 21 Noonu bind

* **1:11** njariñ: ci làkku gereg turu Onesim mooy tekki «Ku am njariñ.»

naa la, ndax wóor na ma ne
dinga ma déggal, ba weesu
sax li ma la sant.
22 Te itam nanga ma waa-
jal néeg, ndaxte yaakaar
naa ne Yàlla dina nangu
seeni ñaan, ba delloosi ma
leen.
23 Sama mbokk Epafras,
mi ma nekkal fi ci kaso bi
ci turu Kirist, mu ngi lay
nuyu. 24 Samay àndandoo
ci liggéey bi, Màrk, Aristàrk,
Demas ak Luug, ñu ngi lay
nuyu.
25 Yal na yiwu Boroom bi
Yeesu Kirist ànd ak seen xel.

# Bataaxal bi jëm ca YAWUT YA

*Yàlla wax na jaarale ko ci Doom ji*

1 Li jiitu tey Yàlla wax-
oon na ak maam ya ci wàll
yu bare ak ci tëralin yu
wuute jaarale ko ca yonent
ya. 2 Waaye ci mujug jamono
jii nu tollu, Yàlla wax na
ak nun jaarale ko ci Doom
ji. Doomam jooju la Yàlla
jagleel lépp, te ci moom
la Yàlla jaar, sàkk àddina.
3 Doom ji moo di leer giy
jollee ci ndamu Yàlla, di ki
dippeekoo ci Yàlla. Moo
téye àddina ci kàddoom gu
am doole gi. Te bi mu
ubbee bunt ba nit di selle
ci ay bàkkaaram, dafa toog
fa ñu koy terale ca ndijooru
Aji Màgg ji ca kaw, 4 wone
noonu ne moo gëna màgg
malaaka yi. Te it Yàlla jox na
ko tur wu sut seen tur.

*Doom jee gëna màgg malaaka yi*

5 Ndaxte Yàlla masula wax
kenn ci malaaka yi ne:
«Yaa di sama Doom,
maa di sa Baay tey.»
Masul ne ci mbirum kenn ci
ñoom it:
«Man Yàlla, dinaa doon Baay ci moom,
mu nekk Doom ci man.»
6 Waaye bi muy yónni Doom
jooju di taaw bi ci àddina, da
ne:
«Na ko malaakay Yàlla yépp jaamu.»
7 Ci wàllu malaaka yi, lii la ci
Yàlla wax:
«Def na malaakaam yi, ñu mel ni ay ngelaw,
ñooñu koy liggéeyal, mu def leen niki sawara.»
8 Waaye ci wàllu Doom ji, lii
la ko Yàlla wax:
«Yaw Yàlla, dinga toog ci jal bi ba fàww,
ci njubte ngay nguuru.
9 Sopp nga njub te bañ lu bon.
Looloo tax yaw Yàlla,
sa Yàlla sol la mbég mu gëna réy
mi mu jagleel say àndandoo.»
10 Newaat na it:
«Yaw Boroom bi, yaa sàkk àddina ca njàlbéen ga,
defar asamaan yi ci sa loxoy bopp.
11 Yëf yooyu dinañu wéy,
waaye yaw dinga sax,
dinañu màggat ñoom ñépp ni ay yére.
12 Dinga leen taxañ ni malaan,
ñu furi ni ay yére,
waaye yaw doo soppiku,
te sa dund amul àpp.»
13 Waaye Yàlla masula teral
kenn ci malaaka yi, ba di ko
wax:
«Toogal ci sama ndijoor,
ba kera may daaneel say noon ci sa kanam.»
14 Malaaka yépp ay xel lañu
rekk yuy liggéeyal Yàlla, mu
di leen yónni ñuy dimbali
nit, ñi nara jot mucc gi.

# 2

*Nanu faaydaal li Boroom bi wax ci mbirum mucc gi*

1 Moo tax kon nu wara
gëna faaydaal wax yi nu
dégg, ngir baña bayliku.
2 Xam nanu ne kàddug yoon,
wi Yàlla yégle jaarale ko ci
malaaka yi, wareef la woon,
te képp ku ko masa moy,
walla mu mas koo tanqamlu,
jot na mbugal gi mu yel-
loo. 3 Kon nun ñi dégg
mucc gu mag gi, bu nu ko
sàgganee, nan lanuy mana
rëcce mbugalu Yàlla? Bo-
room bi moo xamle woon
mucc googu ca njàlbéen ga,
te gannaaw gi, ñi ko dégg
ñoo nu ko wóoralal. 4 Te it
Yàlla dëggal na seen seede ci
ay firnde ak ay kéemaan, ay
jaloore yu bare ak ci ay may
yu jóge ci Xelam mu Sell, te
mu séddale leen ni mu ko
bëgge.

*Yeesu nekk na nit, ngir rammu nu ci kanam Yàlla*

5 Yàlla jébbalul malaaka
yi benn sañ-sañ bu jëm ci
jamonoy ëllëg ji nuy wax;
keneen la ko jébbal, 6 ndaxte
am na fu ñu wax ci Mbind
mi ne:

«Lan mooy nit, yaw Yàlla, ba nga di ko xalaat?
Lan mooy doomu nit, ba nga koy topptoo?
7 Wàcce nga ko, def ko mu gëna suufe tuuti malaaka yi.
Kaalaa nga ko teraanga ak ndam,
8 notal ko lépp, mu teg ci tànk.»

Bi ko Yàlla notalee lépp
nag, bàyyiwul dara. Fi mu
nekk gisagunu ne lépp a ngi
ci sañ-sañam; 9 Waaye gis
nanu Yeesu. Wàcce nañu
ko, def ko mu gëna suufe
tuuti malaaka yi, ngir mu
dee ci wàllu ñépp, ndaxte
loolu la Yàlla dogal ci yiwam.
Waaye léegi Yàlla kaalaa na
ko teraanga ak ndam ndax
coono bi mu daj ba dee.

10 Ndaxte Yàlla mi yelloo
lépp te sàkk lépp, dogal na
def ñu bare ay doomam,
boole leen ci ndamam. Jekk
na nag mu matal Yeesu ci
coono bi mu daj, moom mi
leen xàllal yoonu mucc gi.
11 Moom Yeesu miy sellal, ak
ñi muy sellal, ñoom ñépp
genn njaboot lañu. Moo tax
Yeesu rusu leena wooye ay
doomi baayam. 12 Nee na:

«Yaw Yàlla, dinaa xamle sa tur ci samay doomi baay,
dinaa la tagg ci biir mbooloo mi.»

13 Newaat na:

«Dinaa am ci Yàlla kóolute.»

Dellu na waxaat ne:

«Maa ngi nii, man ak doom yi ma Yàlla jox.»

14 Doomam yooyu muy
wax, nit kese lañu. Looloo
tax Yeesu it moom ci bop-
pam, wàcc na, jëmmoo ni
ñoom, ngir dee, ba man caa
daaneel Ibliis, mi yore doo-
ley dee. 15 Noonu mu yiwi
nit, ñi meloon ni ay jaam
seen giiru dund gépp ndax
ragala dee. 16 Leer na ne
Yeesu xettalisiwul malaaka
yi, waaye askanu Ibraayma
lay xettalisi. 17 Looloo tax-
oon mu wara mel niy doomi
baayam ci bépp fànn, ngir
doon seen sarxalkat bu mag
fa kanam Yàlla, bi leen

yërëm te di sàmm kóllëre, te ci liggéeyu sarxaleem joxe na bakkanam ngir dindi bàkkaari nit ñi, ba Yàlla baal
leen. 18 Gannaaw sonn na ci nattu yi mu daj, man na dimbali ñiy jaar ciy nattu.

# 3

*Kirist, Doom ji, moo gëna màgg Musaa, jawriñ bi*

1 Kon nag yéen bokk yu sell yi, yéen ñi Yàlla woo, ngeen bokk ci nguuram gu kawe ga, seetleen ci Yeesu, moom miy ndawu Yàlla li, di sarxalkat bu mag bi ci yoon wi nu gëm.
2 Ku takku la ci liggéey bi ko Yàlla sas, ni ko Musaa nekke woon ci lépp lu jëm ci waa kër Yàlla.
3 Waaye Yeesu yelloo na ndam lu sut lu Musaa, ni kiy tabax kër ëppe maana kër ga muy tabax.
4 Ndaxte kër gu nekk am na ku ko sos, waaye ki sos lépp mooy Yàlla.
5 Musaa moom ku takku la woon ci lépp lu jëm ci waa kër Yàlla. Waaye jawriñ rekk la woon, ngir seede li Yàlla waroona yégle.
6 Yeesu nag ku takku la it, waaye Doom la, juy yilif kër Baayam. Nun nooy këram googu, bu nu saxee ci sunu kóolute te di bég ci li nuy séentu.

*Buleen dëgër bopp ndax seen ñàkk ngëm*

7 Moo tax Xel mu Sell mi wax lii ci Mbind mi:

«Bu ngeen déggee tey jii
baatu Yàlla bi,
8 buleen dëgër bopp,
ni seeni maam defoon ca
màndiŋ ma,
keroog ba ñu dëddoo Yàlla,
di ko diiŋat.»
9 Yàlla ne:
«Foofa seeni maam diiŋat
nañu ma fa, di ma
fexee fiir,
te gis nañu samay jëf
10 diirub ñeent fukki
at.
Looloo tax ñu génnliku ma,
ma daldi ne:
“Seeni xalaat a leen di réeral
saa su nekk,
xamuñu yoon yi ma neex.”
11 Giñ naa kon ci sama mer
ne:
“Duñu dugg mukk ci sama
noflaay*.”»

12 Bokk yi, wottuleen ba kenn ci yéen baña am xol bu bon te gëmadi, bay dëddu Yàlla jiy dund.
13 Waaye bés bu nekk, deeleen soññante ci lu jëm ci Yàlla, fi ak bés boobu ñu wax wéyul, ngir ragal bàkkaar nax kenn, ba xolam tëju.
14 Am nanu wàll ci Kirist, su nu wéyee fii ba muj ga ci sunu kóolute, gi nu amoon ca njàlbéen ga.
15 Lii la Mbind mi wax:
«Bu ngeen déggee tey jii
baatu Yàlla bi,
buleen dëgër bopp,
ni seeni maam defoon, ba ñu
dëddoo Yàlla.»
16 Ñan ñoo dégg baatu Yàlla bi nag te di ko dëddu? Xanaa ña Musaa génne

* **3:11** noflaay: Yàlla digoon na noflaay bànni Israyil, maanaam ñu dugg réewu Kanaan, dëkk fa ci jàmm. Waaye ñi déggal Yeesu Kirist, seen noflaay moo di dugg ci jataayu Yàlla ci asamaan.

woon Misra ñépp. 17 Te
ñan la Yàlla mere lu mat
ñeent fukki at? Xanaa ñi
daan bàkkaar te seeni néew
tëdd ca màndiŋ ma. 18 Te
it bi Yàlla defee ngiñ lii:
«Duñu dugg mukk ci sama
noflaay,» booba ñan ñoo ko
taxoon di wax? Xanaa ña
ko déggadil. 19 Noonu gis
nanu sax ne jotuñoo dugg
ci noflaay boobu ndax seen
gëmadi.

# 4

*Nanu gëm li Yàlla wax, ba dugg ci noflaayam*

1 Yàlla dige na ne dina am
ñu dugg ca noflaayam. Kon
ndegam dige boobu mi ngi
taxaw ba tey, moytuleen ba
kenn ci yéen réer ba du dugg
ci noflaay boobu. 2 Nun jot
nanu xibaaru jàmm bi ni
ñoom, waaye kàddu, ga ñu
déggoon, jariñu leen dara,
ndaxte boolewuñu ci ngëm,
ba ñu koy déglu. 3 Nun
ñi gëm nag nooy dugg ci
noflaayam, ni ko Mbind mi
waxe:

«Giñ naa kon ci sama mer ne:
“Duñu dugg mukk ci sama noflaay,”»

doonte sax liggéeyam bépp
matoon na, ca ba mu sàkkee
àddina ak léegi. Ci lu jëm
ci juróom ñaareelu fan ba,
4 am na fu ñu wax ci Mbind
mi ne:

«Yàlla noppalu na ci liggéeyam bépp
ca juróom ñaareelu fan ba.»

5 Te it waxoon na ci baat yi
nu jota lim ba noppi:

«Duñu dugg mukk ci sama noflaay.»

6 Kon am na ñu ci wara dugg
ba tey. Te ñi jëkkoona jot
xibaaru jàmm bi, dugguñu ci
ndax seen déggadi. 7 Noonu
ay ati at gannaaw ga, Yàlla
àppaat na beneen bés, def
ko «tey jii», bi mu waxee ci
gémmiñu Daawuda ci baat
yii ñu jota lim:

«Bu ngeen déggee tey jii baatu Yàlla bi,
buleen dëgër bopp.»

8 Su Yosuwe dugaloon sunu
maam ya ca noflaayu Yàlla
ba, kon gannaaw gi Yàlla du
wax dara ci lu jëm ci beneen
bés. 9 Kon ba tey Yàllaa ngi
dencal ay gaayam noflaay
bu nirook noflaayu Yàlla ca
juróom ñaareelu fan ba.
10 Ndaxte képp ku masa
dugg ca noflaayu Yàlla, nop-
palu na ci ay jëfam ni Yàlla.
11 Nanu farlu boog, ngir dugg
ci noflaay boobu, ba kenn
baña déggadi, ba daanu ni
maam ya ca màndiŋ ma.

12 Xam nanu ne kàddug
Yàlla mi ngi dund te am na
doole. Moo gëna ñaw jaasiy
ñaari boor. Day dagg ba
fa xol ak xel digaloo, ba fa
yax yi ak yuq gi di teqalikoo,
te man na àtte xalaat yi ak
mébéti xol. 13 Te itam amul
mbindeef mu mana nëbbu
Yàlla, waaye lépp a ubbiku,
ba ne fàŋŋ ci bëti ki nu wara
àtte.

*Yeesu, sarxalkat bu mag bi*

14 Gannaaw am nanu sarx-
alkat bu maga mag bu àgg
ba ca kanam Yàlla, di Yeesu

Doomu Yàlla ji, nanu jàpp
bu dëgër yoon wi nu gëm.
15 Sarxalkat bu mag bi nu
am, du ku manula bokk ak
nun sunuy naqar; moom
sax far jaar na ci nattu ni
nun ci bépp fànn, waaye
deful bàkkaar. 16 Kon nag
nanu am kóolute ci jege
jalu Yàlla bu yiw ba, ngir
jot yërmandeem ak yiwam,
ngir mu wallu nu fu soxla
taxawe.

# 5

1 Sarxalkat bu mag bu
nekk nag, ci biir nit ñi
lañu ko jële, te fal ko
muy dox seen diggante ak
Yàlla. Noonu dina jébbal
Yàlla ay sarax, tey rendi
ay mala ngir dindi seeni
bàkkaar. 2 Te ndegam moom
ci boppam nit kese la, man
na muñal ñiy moy ndax
seen ñàkka xam. 3 Li
mu ñàkk doole moo tax
mu wara def ay sarax ngir
mbaalug bàkkaaram, ni mu
ko tàmmee defal mbooloo
mi.
4 Kenn manula teral sa
bopp ba doon ab sarxalkat,
su dul ne Yàllaa la woo, ni
mu ko defe woon Aaróona.
5 Kirist itam yékkatiwul bop-
pam, ba doon sarxalkat bu
mag, waaye Yàlla moo ko
woo, bi muy wax ne:

«Yaa di sama Doom,
maa di sa Baay tey.»

6 Am na feneen fu mu wax
ne:

«Doon nga sarxalkat ba
fàww,
mel ni Melkisedeg.»

7 Giiru dundam gépp ci
àddina, Kirist da daan ñaan
wall ci Yàlla, di ko dénku,
boole ko ak i jooy ak i ron-
gooñ. Da doon ñaan ci
Yàlla, mi ko mana musal ci
dee. Te ñaanam nangu na,
ndax ni mu jébbale boppam
Yàlla. 8 Waaye li muy nekk
nekk doom, teewul mu jàng
déggal Yàlla, jaare ko ci
coono bi mu daj. 9 Noonu la
àgge cig mat, ñu def ko ki
waral mucc gi dul jeex, ngir
ñi ko déggal ñépp. 10 Fekk
na Yàlla tudde ko sarxalkat
bu mag ni ko Melkisedeg
nekke.

*Nanu jëm kanam, baña walbatiku*

11 Ci fànn googu, am na
lu bare lu nu ci bëgga
wax, waaye tekkil leen ko
dina jafe, ndaxte dangeena
naqari xel. 12 Bu yàgg ngeen
waroona jàngal ñeneen ñi,
waaye soxla ngeen ba tey ku
leen di tette ci kàddug Yàlla.
Léegi nag yéena ngi tollu
fi ñu leen wara nàmpale,
ndaxte àttanuleen ñam wu
dëgër. 13 Képp kuy nàmp,
ab xale nga ba tey. Jëfeegoo
njàngle mi jëm ci wàllu
njubte. 14 Waaye ñam wu
dëgër, ñi mat a ko yelloo,
maanaam ñiy jëfandikoo
seen xel ngir ràññee lu baax
ak lu bon.

# 6

1 Kon nag léegi nanu jóge
ci liifantu gi jëm ci Kirist,
te jàll cig mat. Nanu
baña dalaat njàngle mu jëkk
moomu, ci ne nit ñi dañoo
wara tuub jëf, yi jëm ci
dee, te gëm Yàlla, 2 di leen

jàngalaat ci mbirum sangu
set ci ay fànn yu bare, ak teg
loxo ak ci mbirum ndekkite
ak lu jëm ci àtte biy sax
dàkk. 3 Te noonu lanuy def,
bu soobee Yàlla.

4 Li nu wara jëme kanam
mooy lii: su amee ay nit ñu
Yàlla xasa leeral ba noppi,
ñu mos mayu Yàlla gi, am
wàll ci Xelam mu Sell, 5 te
xam mbaax, gi ci kàddug
Yàlla, ak kéemaani jamono
jiy ñëw, 6 te loolu lépp
teewul ñu walbatiku, ñooñu
kenn dootu leen mana
yeesalaat, ba ñu tuub seeni
bàkkaar. Li ko waral moo di,
dañoo bëgga daajaat Doomu
Yàlla ji ci bant, di ko toroxal,
te fekk muy seen ngaañ.

7 Maanaam suuf suy naan
taw bi ciy dal, tey jox ñi
ñu koy beyal gàncax gu am
njariñ, day jot barke bi jóge
ci Yàlla. 8 Waaye su meññee
ay dég ak ay xaaxaam, du
am benn njariñ; repp na ñu
alag ko, te lakk lay mujje.

9 Waaye nag yéen samay
soppe, su fekkee ne sax nii
lanuy waxe, nu ngi yaakaar
li gën ci yéen te ànd ak mucc.
10 Yàlla ñàkkul worma
bay fàtte seen liggéey ak
mbëggeel, gi ngeen wone ci
turam, ci li ngeen dimbali
ay gaayam, te yéena ngi
koy def ba tey. 11 Waaye
danoo bëgg kenn ku nekk ci
yéen wone cawarte gu mel
ni ga ngeen amoon, ba kera
ngeen di am mat, gi ngeen di
séentu. 12 Bëggunu ngeen
tayel, waaye royleen ñi gëm
te muñ, ndaxte ñooñu ñooy
jot li leen Yàlla dig.

*Li Yàlla dige lu wóor la*

13 Ibraayma bokk na ci
ñoom. Bi Yàlla di dige ak
moom, manul woona giñ ci
keneen ku ko gëna màgg,
ba tax mu giñ ci boppam,
14 ne ko: «Sàllaaw dinaa la
barkeel, yokk saw askan.»
15 Noonu Ibraayma di xaar
tey muñ, ba jot li ko Yàlla
digoon.

16 Nit kuy giñ nag, daf koy
wékk ci ku ko sut. Ngiñ
lu mel noonu moo wóoral
mbir te mooy jeexal lépp lu
ñuy werante. 17 Ñi wara jot
li mu dige, Yàlla dafa leen
bëggoona won ne dogalam
du tebbiku mukk; looloo
tax mu dige, boole ci ngiñ.
18 Noonu ñaari jëf yooyu
nga xam ne duñu tebbiku
te Yàlla manu cee dellu gan-
naaw, dañu nuy gëna sóob
ci muñ, nun ñi daw ba am
kiiraay, ngir nu mana téye
bu dëgër yaakaar, ji mu nu
dig. 19 Ci yaakaar jooju
lanu sës sunu xol, ba mana
sampu bu dëgër. Yaakaar
la juy jàll ba fa Yàlla nekk,
ca gannaaw ridob bérab bu
sell baa sell. 20 Yeesu ci
boppam moo fa jëkka dugg,
muy ndaw li nu jiitu, ñu
def ko sarxalkat bu mag ba
fàww, mel ni Melkisedeg.

# 7

*Melkisedeg moo gëna màgg Ibraayma*

1 Melkisedeg moomu doon
buuru Salem, moo nekkoon

sarxalkat ca Yàlla Aji Kawe
ji. Gannaaw ba Ibraayma
dàqee buur ya, ba délsi,
Melkisedeg gatandu woon
na ko, di ko barkeel. 2 Noonu
Ibraayma fab fukkeelu cér
bi, maanaam asaka, ci li
mu jële woon ci xare ba
lépp, jox ko. Ci lu jëkk
turu Melkisedeg mi ngi tekki
«buur bu jub bi». Gannaaw
loolu mooy buuru Salem, tur
woowu mooy tekki «buuru
jàmm». 3 Melkisedeg nag xa-
maluñu ko baay, xamaluñu
ko yaay walla menn maam.
Amul fenn fu ñu wax ag
juddoom walla ag deeyam.
Moo tax nu di ko méngale ak
Doomu Yàlla ji, ndaxte sarx-
alkat la bu kenn dul wuutu.

4 Seetleen ni mu
màgge, moom Melkisedeg!
Ibraayma sax, maamu
cosaan mi, fab na li mu jële
woon lépp ca xare ba, jox
Melkisedeg asaka ja. 5 Yoonu
Musaa digle na ne ñi bokk ci
giiru Lewi te di ay sarxalkat,
nañu jot asaka ci alalu bànni
Israyil, doonte sax ñuy seeni
bokk te soqikoo ci Ibraayma.
6 Waaye Melkisedeg mi
bokkul woon ci giiru Lewi,
jotoon na asaka ci alali
Ibraayma. Te rax-ca-dolli
barkeel na ko, moom mi
Yàlla sédde woon dige yi.
7 Kiy barkeel a gëna màgg
ki ñuy barkeel, loolu amu ci
benn werante. 8 Sarxalkat yi
soqikoo ci Lewi, ñu ngi jot
asaka, ni ko Melkisedeg jote
woon. Waaye ñoom ñu nara
dee lañu. Melkisedeg nag
moom, Mbind mi wóoral
na ne dafay dund. 9 Léegi
nag ci ni ñu ko mana waxe,
Lewi miy jot asaka ci bànni
Israyil, moom ci boppam jox
na ko Melkisedeg, jaare ko ci
Ibraayma. 10 Ndaxte mi ngi
nekkoon ci geñog maamam
Ibraayma, bi ko Melkisedeg
gatandoo.

*Yeesu mooy sarxalkat bu mag, bi mel ni Melkisedeg*

11 Jox nañu bànni Is-
rayil yoon wu sukkandiku
ci liggéeyu sarxalkat yi
soqikoo ci Lewi. Su
fekkoonte ne nag liggéeyu
sarxalkat yooyu manoon na
yeggale nit cig mat, kon du
soxlaati ab sarxalkat ni ko
Melkisedeg nekke, ci fànn
gu wuute ak gu Aaróona.
12 Te bu ñu fi jëlee sarxalkat
yi ak seen liggéey, dañoo
wara toxal itam yoon, wi
ñu fi tëraloon. 13 Noonu
Yeesu mi nuy wax, mi ngi
soqikoo ci geneen giir gu
bokkul ak giiru Lewi. Giir
googu nag, amu ci kenn ku ci
masa def liggéeyu sarxale ca
sarxalukaay ba. 14 Li wóor
moo di, sunu Boroom mi ngi
soqikoo ci giiru Yuda. Te
bi Musaa bindee ci mbirum
sarxalkat yi, limaalewul
woon giir googu. 15 Li waral
mbir mi gëna leer moo di ne
beneen sarxalkat bu mel ni
Melkisedeg dafa ñëw. 16 Te
defuñu ko sarxalkat jaarale
ko ci yoonu ndono, waaye fal
nañu ko ci dooley dund gu
amul àpp. 17 Ndaxte seedeel
nañu Yeesu lii:
«Doon nga sarxalkat ba
fàww,

mel ni Melkisedeg.»
[18] Noonu tebbi nañu yoon wu jëkk, wa néewoon doole te meññul dara [19] —ndax yoonu Musaa yeggalewul dara cig mat— waaye dugalal nañu nu fii yaakaar ju gën ju nu mana jaare ngir jege Yàlla.
[20] Te rax-ca-dolli ngiñ ànd na ci. Ndaxte ñi soqikoo ci Lewi doon nañu ay sarxalkat te kenn giñul. [21] Waaye nag Yeesu moom doon na sarxalkat, bi Yàlla giñee ne ko:
«Boroom bi giñ na
te du dellu gannaaw mukk:
“Doon nga sarxalkat ba fàww.”»
[22] Ngiñ loolu moo tax Yeesu nekk tayle, giy wóoral kóllëre gi gën.
[23] Te it yeneen sarxalkat yi dañoo bare woon, ndaxte dee moo daan tax duñu mana sax ci seen liggéey.
[24] Waaye Yeesu miy dund ba fàww, sasoo na liggéeyu sarxale bu sax fàww.
[25] Loolu moo tax it mu mana musal tey yeggale cig mat ñiy jaar ci moom te bëgg jege Yàlla, ndaxte mi ngi dund ba fàww ngir di leen rammu.
[26] Kon nag Yeesu mooy sarxalkat bu mag, bi nu soxla; dafa sell, du def lu bon, du taq bàkkaar, bokkul dara ak bàkkaarkat yi, te yéege nañu ko fa Yàlla.
[27] Niroowul ak yeneen sarxalkat yu mag yi; soxlawul di def bés bu set ay saraxi mala ngir bàkkaari boppam jëkk, teg ca yoy mbooloo mi. Yeesu def na sarax benn yoon ba fàww ngir dindi bàkkaar yi, bi muy joxe bakkanam. [28] Naka yoonu Musaa, aji néew doole yi lay fal sarxalkat yu mag. Waaye ngiñu Yàlla gi ñëw gannaaw yoon wi, Doom ji la fal sarxalkat bu mag bu mat ba fàww.

# 8

*Yeesu, sarxalkat bu mag bi ci kaw, ci kóllëre gu bees gi*

[1] Lii mooy li ëpp solo ci li nuy wax: am nanu sarxalkat bu mag bu mel noonu, moom mi toog ci ndijooru Aji Màgg ja ca nguuram ca kaw. [2] Mu ngi liggéey ca bérab bu sell baa sell, di màggalukaay bu dëggu. Nit defaru ko; Boroom bee ko sos.
[3] Bépp sarxalkat bu mag fal nañu ko, ngir muy def ay sarax ak ay saraxi mala yu jëm ca Yàlla. Kon nag fàww Yeesu am lu mu joxe.
[4] Bu nekkoon ci àddina, du nekk sax sarxalkat, ndaxte am na fi ba noppi ay sarxalkat yuy def ay sarax, ni ko yoonu Musaa santaanee. [5] Sarxalkat yooyu ñu ngi liggéeyal Yàlla ca màggalukaay, ba nekk misaal tey takkandeeru yëf yu dëggu, ya féete kaw. Moo tax ba Musaa naree defar xaymab màggalukaay ba, Yàlla artu na ko ne ko: «Teeylul ba def lépp, roye ko ci bi ma la won ca tund wa.»
[6] Waaye léegi nag liggéeyu sarxale, bi ñu jox Yeesu,

moo gëna màgg liggéeyu sarxalkat yooyu, mel ni it kóllëre, gi Yeesu fas diggante Yàlla ak nit, moo sut kóllëre gu jëkk ga te mu tëdd ci ay dige yu ëpp yu jëkk ya.

7 Bu fekkoonte ne kóllëre gu jëkk ga dafa amul woon benn sikk, kon du aajo ñu koy weccee ak geneen.
8 Waaye nag Yàlla sikk na bànni Israyil, bi mu naan:

Boroom bi nee na:
«Ay fan a ngi ñëw yu may fasi kóllëre gu bees
ak bànni Israyil ak waa Yude.
Kóllëre googu nag bokkul ak gi ma fasoon ak seeni maam,
9 ba ma leen jàppee ci loxo, génne leen réewu Misra.
Boroom bi nee na:
Beddeeku naa leen ndaxte sàmmuñu sama kóllëre.
10 Boroom bi nee na:
Kóllëre gaa ngii, kóllëre gi may fas ak bànni Israyil,
bu bés yooyule weesoo.
Dinaa def samay ndigal ci seen xel,
bind ko ci seen xol.
Dinaa nekk seen Yàlla,
ñu doon samay gaay.
11 Kenn dootul wara jàngal moroomam
walla mbokkam, di wax naan: “Xamal Boroom bi!”
Ndaxte ñépp dinañu ma xam,
li dale ci ki gëna ndaw ba ci ki gëna mag.
12 Ndaxte dinaa leen baal seeni tooñ,
te dootuma fàttaliku seeni bàkkaar.»

13 Kon nag bi Yàllay wax ci kóllëre gu bees gi, dafa fekk mu màggatal gu jëkk ga. Te lu xewwi te màggat mi ngi ci tànki wéy.

# 9

*Ni ñu doon jaamoo Yàlla ca bési kóllëre gu jëkk ga*

1 Kóllëre gu jëkk ga ëmboon na ay ndigal ci mbirum ni ñu wara jaamoo Yàlla. Amoon na itam kër Yàlla gu nekkoon àddina.
2 Nekkoon na ab xaymab màggalukaay bu ñu séddale ñaari néeg. Ca ba jiitu la tegukaayu làmp ba nekkoon, ak taabal, ja ñu daan teg mburu, ya ñu teewal ca kanam Yàlla. Foofaa nga tuddoon bérab bu sell ba.
3 Néeg ba ñu tudde bérab bu sell baa sell a nga nekkoon ca gannaaw ñaareelu rido ba. 4 Sarxalukaayu wurus, ba ñuy taal cuuraay ca kawam, a nga fa woon, ak gaalu kóllëre, ga ñu taf wurus ba mu daj. Ca biir gaal ga amoon na fa benn njaqu wurus bu defoon ñam, wi ñuy wax mànn, ak it yetu Aaróona wi jebbi woon, ak àlluway doj, ya ñu bindoon wax yi kóllëre gi ëmb. 5 Ca kaw gaal ga teg nañu fa ñaari nataali mbindeef yu ñuy wax serub, yu doon wone ndamu Yàlla. Seeni laaf ñoo doon yiir kubéeru saraxu njotlaay ga. Waaye loolu lépp léegi

manunu koo tekki benn-
benn.
6 Ba ñu defaree lépp, sarx-
alkat ya dañu daan dugg bés
bu set ca néeg bu jëkk ba,
ngir mottali seen liggéeyu
sarxale ca Yàlla. 7 Waaye
ca néeg ba ca topp, sarx-
alkat bu mag ba rekk moo
fa daan dugg benn yoon
ci at mi. Te daawu fa
dugg mukk te yóbbaalewul
deretu mala, yi muy jagleel
Yàlla, ngir bàkkaari boppam
ak yu mbooloo mi daan def
ci seen ñàkka xam. 8 Ci
noonu nag Xel mu Sell mi
wone na ne yoon wi ñuy
jaar, ba dem ca bérab bu sell
baa sell, ubbikoogul woon, fi
ak xayma ba jëkk baa ngi
doon taxaw. 9 Misaal la ci
jamonoy tey; dafay wone ne
sarax yi ak saraxi mala yi ñu
daan jagleel Yàlla, manuñoo
dalal xelu jaamukatu Yàlla
bi. 10 Sarax yooyu ñu ngi
jëmoon ci lekk ak ci naan ak
ci fànn yu bare ci mbirum
sangu set. Ay sàrt yu jëm ci
yaram lañu, yu ñu waroona
farataal, ba kera jamono ji
Yàllay tëral kóllëre gu bees.

*Saraxu Kirist bi gën dindi na bàkkaar yi*

11 Waaye Kirist ñëw na,
doon sarxalkat bu mag,
bi joxe xéewal yi teew.
Jaar na ca màggalukaay
ba gëna màgg te gëna
mat, te màggalukaay
booba loxol nit defaru ko,
maanaam bokkul ci àddina
sii. 12 Noonu Kirist dugg na
benn yoon ba fàww ca bérab
bu sell baa sell. Duggu fa ak
deretu sikket yi ak yu yëkk
yi. Waaye mi ngi duggaale
ak deretu boppam te indil
na nu noonu njot gu amul
àpp. 13 Deretu sikket yi ak
ju yëkk yi, ak wëllu, wi ñu
lakk te di suy dóom bi ñi
taq sobe, ñooy sellal yaram.
14 Su fekkee ne noonu la
deme nag, du kon deretu
Kirist moo ëpp doole? Jox
na bakkanam Yàlla, def ko
sarax su amul sikk jaarale
ko ci dooley Xel miy sax
abadan. Kon deretam moo
mana sellal sunu xel, mi nu
doon yedd ndax jëf yu jëm
ci dee, ngir nu mana jaamu
Yàlla jiy dund. 15 Looloo
tax mu nekk Rammukat bi
ci wàllu kóllëre gu bees ci
diggante Yàlla ak nit, ngir ñi
Yàlla woo am cér bu sax ci
kaw, te mu digoon leen ko,
ndaxte Kirist dee na, ngir jot
ñi jàdd yoon ca kóllëre gu
jëkk ga.

16 Ci li jëm ci dénkaane*
bu ñu bind, jëme ci mi-
raas, fàww ñu wone firndeg
deewu ka ko bind, 17 ndaxte
bala dénkaaneb miraas di
taxaw, dee am; te taxawul,
fi ak ki ko bind a ngi dund.
18 Looloo waral kóllëre gu
jëkk ga, ñu fasoon ko ak
deret. 19 Keroog Musaa jàng
na ndigali yoon wépp ci
kanam bànni Israyil gépp.
Gannaaw loolu jël na deretu
wëllu, jëlaale ndox, ak caru
garab gu ñuy wax isob, laxas
ci kawaru xar mu xonq.

* **9:16** dénkaane: ci aaya bii ak bi ci topp, benn baat mooy tekki «dénkaane» ak «kóllëre».

Noonu mu capp ko ca deret
ja, daldi ko wis ca téereb
yoon wa ak ca mbooloo
mépp 20 te naan: «Lii mooy
deretu kóllëre gi leen Yàlla
tëralal.» 21 Noonu mu daldi
wis it deret ja ca xayma ba
ak ca jumtukaay, ya ñu daan
jaamoo. 22 Ndaxte ci yoonu
Musaa, daanaka deret lañuy
sellale lépp, te bu deret tuu-
ruwul, mbaalug bàkkaar du
am.

23 Yëfi àddina yi misaal yu
dëggu yi ci asamaan, war
nañu leena sellale noonu.
Waaye yëf yu dëggu yooyu
ci asamaan, laaj na sarax
yu gëna baax, ngir ñu sell.
24 Ndaxte Kirist duggul ci
bérab bu sell bu nit tabax,
muy doon nataal ci bu
dëggu bi. Waaye dugg na
ca biir asamaan sax, ngir
taxawal nu ca kanam Yàlla
léegi. 25 Sarxalkat bu mag
bi dafay dugg at mu jot ca
bérab bu sell baa sell ak
deret ju dul josam. Waaye
Kirist joxewul bakkanam ay
yooni yoon. 26 Bu demee
woon noonu, kon dina sonn
ba tàyyi ca njàlbéenug
àddina ba tey. Waaye nag
benn yoon rekk la feeñu
ci mujjeelu jamono yi, joxe
boppam ni sarax ngir far
bàkkaar yi. 27 Kon ni nit
ñi deeye benn yoon rekk, ba
noppi jaar ca àtte ba, ni ko
Yàlla dogale, 28 noonu it la
Kirist joxee boppam benn
yoon, ngir gàddu bàkkaaru
nit ñu bare, te dina feeñaat,
waxuma ci mbiri bàkkaar,
waaye ngir indil ñi koy
séentu mucc gi.

# 10

1 Yoonu Musaa dafa misaal
xéewal yi waroona ñëw;
takkandeer la ci yëf yu
dëggu yi, waaye du ñoom
ci seen bopp. Looloo tax
manula yeggale cig mat ñi
ñëw ci Yàlla, ndaxte at mu
nekk duñu jóg ci jébbal
Yàlla sarax yooyu. 2 Sarax
yi ñuy def, bu ñu manoona
sellal ñiy jaamu benn yoon
ba fàww, kon dinañu leen
bàyyi, ndaxte dootuñu am
yeraange ci seeni bàkkaar.
3 Waaye dañuy fàttaliku
bàkkaar yi ci sarax yi ñuy
def at mu jot. 4 Ndaxte
deretu yëkk ak ju sikket
manula dindi bàkkaar.

5 Looloo tax bi muy wàcc
àddina, Kirist nee na:

«Bëggoo saraxu mala walla
beneen sarax,
waaye aw yaram nga ma
defaral.
6 Sarax yu ñuy lakk
walla sarax yiy dindi
bàkkaar,
benn neexu la ci.
7 Moo tax ma ne: "Damaa
wàcc ngir def sa coo-
bare, yaw Yàlla,
mu dëppoo ak li ñu bind ci
sama mbir ci téereb
yoon wi."»

8 Wax na bu jëkk: «Saraxi
mala walla yeneen sarax,
sarax yu ñuy lakk walla
sarax yiy dindi bàkkaar,
bëgguloo leen te benn ne-
exu la ci.» Teewul yoon wi
moo leen santaane. 9 Noonu
mu tegaat ca ne: «Damaa
wàcc ngir def sa coobare.»
Noonu toxal na jëfin wu jëkk
wa, ngir wuutal fi weneen

wu bees. 10 Te ci li Kirist def
coobarey Yàlla, bi mu joxee
yaramam sarax benn yoon
ba fàww, moo tax nu sell ci
bàkkaar.
11 Bés bu nekk sarxalkat
yi dañuy taxaw di liggéeyal
Yàlla, di sax ci def sarax
yu manula dindi bàkkaar
yi mukk. 12 Waaye nag
sarxalkat bii di Kirist, bi
mu sarxee sarax bu am
doole ngir dindi bàkkaar yi
benn yoon ba fàww, dafa
toog ca ndijooru Yàlla, 13 di
xaar ba kera mu daaneel
ko ay noonam ci kanamam.
14 Noonu ñi ñuy sellal, ci
benn sarax rekk la leen yeg-
gali cig mat ba fàww.
15 Te it Xel mu Sell mi
seedeel na nu ko; 16 dafa
jëkka wax ne:

«Boroom bi nee na:
Kóllëre gaa ngii, kóllëre gi
may fas ak ñoom,
bu bés yooyule weesoo.
Dinaa def samay ndigal ci
seen xol,
bind ko ci seen xel.»

17 Noonu mu tegaat ca ne:

«Dootuma fàttaliku seeni
bàkkaar
walla seeni tooñ.»

18 Kon nag fu ñuy baale
bàkkaar, aajootul sarax su
koy dindi.

*Nanu jege Yàlla*

19 Bokk yi, gannaaw nag
deretu Yeesu may na nu sañ-
sañu dugg ca bérab bu sell
baa sell, 20 nuy jaar ci rido
bi, ci yoon wi mu nu ub-
bil, di yoon wu bees tey
dund, maanaam ndax li mu
joxe yaramam sarax te mi
ngi dund, 21 te gannaaw am
nanu sarxalkat bu mag, biy
yilif waa kër Yàlla, 22 kon
nanu jege Yàlla ak xol bu
laab, ak ngëm gu ànd ak
kóolute, am xel mu dal ci
bépp yeraange, ak yaram
wu ñu raxas ci ndox mu sell.
23 Nanu jàpp ci yaakaar, ji
nu am, te baña toqi, ndaxte
ki nu dig, lu mu wax def ko.
24 Nanu seet ni nu mana xi-
irtalante cig mbëggeel ak ci
jëf yu baax. 25 Te bunu bàyyi
sunu ndaje yi, ni ko ñenn
ñi di defe, waaye nanuy
nàddante ci ngëm, di ko
feddali, fi ak yéena ngi gis
bésu Boroom biy jubsi.

26 Gannaaw ba nu nan-
goo xam dëgg ba noppi, bu
nu teyee di def bàkkaar,
kon sarax dootul am ngir
bàkkaar yooyu. 27 Déedéet,
bu nu defee noonu, dinanu
tiit di xaar àtte ba, muy
taal bu yànj, biy wara lakk
nooni Yàlla yi. 28 Ku weddi
ndigali yoonu Musaa wi, te
ñaar walla ñetti nit seede
ko, dina dee ci lu amul
benn yërmande. 29 Ku xeeb
Doomu Yàlla ji te fonkadi
deretu kóllëre, ji ñu ko sel-
lale, te muy toroxal Xelum
Yàlla, mi indi yiw, naka
la mbugalam wara gëna
yéese? 30 Xam nanu ki
wax ne: «Man maay àtte,
maay fey jëf.» Te newaat
na: «Boroom bi dina àtte ay
gaayam.» 31 Ndaw tiitaange
ci ku sàggan, ba tàbbi ci
loxoy Yàlla jiy dund!

32 Fàttalikuleen bés yu
jëkk ya, ba leeru Yàlla
tàbbee ci yéen; dékku

ngeen xeex bu mag ciy fitna.
33 Léeg-léeg ñu saaga leen
ak di leen sonal ci kanam
nit ñi; léeg-léeg it ngeen
taxawu ñi ñuy def noonu.
34 Ndaxte bokk ngeen naqar
ak ñi ñu tëj, te nangu ngeen
ak xol bu sedd, ñu foqarñi
seen alal, xam ne am ngeen
alal ju gën te di sax ba fàww.
35 Kon nag buleen
sàggane kóolute gi ngeen
am, ndaxte ëmb na yool
bu mag. 36 Dangeena wara
muñ, ba def coobarey Yàlla,
sooga jot li mu leen digoon.
37 Ndaxte lii la Mbind mi
wax:

«Ci kanam tuuti, ki wara
ñëw dina ñëw
te léegi mu agsi.
38 Ku jub ci sama kanam
dina dund ci kaw
ngëm,
waaye bu delloo gannaaw,
sama xol du sedd ci moom.»

39 Nun nag bokkunu ci ñiy
dellu gannaaw bay réer,
waaye nu ngi bokk ci ñi am
ngëm tey mucc.

# 11

*Ngëm*

1 Am ngëm lii lay tekki:
dafa nuy wóor ne li nuy
yaakaar dina am, te it li nu
dul gis nekk na. 2 Maam
ya, seen ngëm a tax ba Yàlla
seedeel leen lu baax.
3 Ngëm a tax ba nu xam ne
Yàlla sàkk na àddina jaarale
ko ci kàddoom, ngir li bët
di gis, defarees ko ak lu bët
manula gis.
4 Ngëm moo tax ba Abel
jébbal Yàlla sarax su gën
saraxu Kayin. Ngëmu Abel
moo tax ba Yàlla àtte ko ni
ku jub, bi mu ko seedeelee
ne saraxam baax na. Te ci
kaw ngëm lay wax ba tey,
moom mi dee ba noppi.
5 Ngëm moo tax ba Enog
jaarul ci dee. Yàllaa ko
yóbbu ca moom, te kenn
gisatu ko, ndaxte Yàllaa ko
toxal. Ndaxte Mbind mi
seedeel na ko ne laata muy
toxu, neex na Yàlla. 6 Waaye
ku amul ngëm doo mana
neex Yàlla, ndaxte ku bëgga
jegeñ Yàlla war ngaa gëm ne
Yàlla am na te dina neexal ñi
koy wut.
7 Ngëm moo tax ba, bi
Yàlla yégalee Nóoyin lu jiitu
ci mbir yi dikkagul, mu ragal
ba defar gaal ngir musal nja-
bootam. Ngëmam moo tax
mu yey niti àddina, ba noppi
jot njubte, li Yàllay joxe ci
kaw ngëm.
8 Ngëm moo tax ba
Ibraayma déggal Yàlla. Bi
ko Yàlla wooyee, mu dem
toxu ci menn réew, ma
mu waroona jote ca Yàlla.
Noonu la gàddaaye dëkkam
te xamul woon fan la jëm.
9 Ngëm a tax ba Ibraayma
sanc ci réew, mi ko Yàlla
digoon, dëkk ci ay xayma
ni doxandéem, moom ak
doomam Isaaxa ak sëtam
Yanqóoba, fekk sax Yàlla
digoon na leen réew mi.
10 Waaye nag Ibraaymaa ngi
doon séentu dëkk bi sax, bi
Yàlla tabax te sanc ko.
11 Ngëm moo tax ba
Ibraayma, li muy màggat
lépp te Saarata manul
woona am doom, Yàlla def

ba mu jur doom, ndaxte
dafa gëmoon ne Yàlla lu mu
dige def ko. 12 Looloo tax
ba, Ibraayma mi màggat
lool, aw xeet jóge ci moom,
baree ni biddiiwi asamaan,
te sakkan ni suufu tefes, ba
kenn manu koo xayma.

13 Ñoom ñépp dee nañu
ci ngëm. Jotuñu li ñu leen
digoon, waaye tollu nañu fu
sore, séen ko, di ko gatan-
doo xol, te nangu ne ay
doxandéem ak i gan lañu
woon ci àddina. 14 Ñiy waxe
noonu nag dañuy wone ne
ñoo ngi wut réew mu ñu
moomal seen bopp. 15 Bu ñu
nammoon réew mi ñu jóge,
kon dinañu am jotu dellu fa.
16 Waaye ñu ngi doon séentu
réew mu gën, maanaam mi
nekk ci asamaan. Looloo
tax Yàlla rusul ñu koy wooye
seen Yàlla, ndaxte defaral na
leen ab dëkk.

17 Ngëm moo tax Ibraayma
naroona rey Isaaxa ni sarax,
bi ko Yàlla nattoo. Moom mi
jotoon dige yi, moo demoon
bay sarxe jenn doom ji mu
am kepp, 18 fekk sax Yàlla
nee woon na ko: «Saw
askan ci Isaaxa lay jaar.»
19 Waaye xelu Ibraayma
jàppoon na ne Yàlla am na
dooley dekkal néew yi. Te
dëgg-dëgg ci misaal dafa
mel ni, Isaaxa dafa dee te
dekki.

20 Te it ngëm moo tax ba
Isaaxa barkeel Yanqóoba ak
Esawu, di wax ci mbirum yëf
yiy ñëw.

21 Ngëm moo tax ba, bi
Yanqóoba nekkee ci sukku-
raat, mu barkeel kenn ku
nekk ci doomi Yuusufa yi.
Moo tax it mu màggal Yàlla,
jafandu ci yetam.

22 Ngëm moo tax ba, bi
Yuusufa nekkee ci sukku-
raat, mu waxoon ci gàddaay
gi bànni Israyil waroona
gàddaaye Misra, di joxe
ndigal jëme ci mbirum
néewam.

23 Ngëm moo tax ba, bi
Musaa juddoo, ay waaju-
ram nëbb ko lu mat ñetti
weer, ndaxte gisoon nañu
ne xale bu taaru la woon,
te ragaluñu woon ndigalu
buur bi. 24 Ngëm a tax
ba bi Musaa màggee, muy
bañ ñu koy wooye sëtu Fi-
rawna*. 25 Bokk coono
ak gaayi Yàlla yi moo ko
gënaloon muy bànneexu ab
diir ci bàkkaar. 26 Ñu toroxal
ko ngir Almasi bi, mi ngi mel
ci moom ni alal ju ëpp alali
Misra yépp, ndaxte yool bi
la doon séentu. 27 Ngëm
moo tax mu jóge Misra te ra-
galul merum buur bi. Dafa
muñ, mel ni nit kuy gis
Yàlla, mi kenn manula teg
bët. 28 Ngëm moo tax mu
sos màggalu bésu Mucc ba,
di wis deret ci bunt yi, ngir
Malaakam bóomkat bi baña
laal taawi bànni Israyil.

29 Ngëm moo tax ba bànni
Israyil jaar ci géeju Barax yi,
mel ni kuy jaar ci yoonu suuf
su wow. Waaye bi ci waa
Misra yi doon jéema jaar,
ñoom ñu daldi lab.

* **11:24** Maanaam doomu doom ju jigéen ju Firawna.

30 Ngëm moo tax miir yi
wëroon dëkku Yeriko màbb,
gannaaw ba ko bànni Is-
rayil wëree lu mat juróom
ñaari fan. 31 Ngëm moo tax
ba Raxab jigéenu moykat bi
mucc, keroog ba ñuy bóom
ñi déggadiloon Yàlla, ndax
li mu teeru woon yëddukat
ya teeru bu ànd ak jàmm.

32 Lu ma ci wara tegaat?
Ndaxte awma jotu wax ci
mbirum Sedeyon, Barag,
Samson, Yefte, Daawuda,
Samiyel ak yonent yi. 33 Seen
ngëm a tax ñu not ay buur,
di doxal yoon tey jot li Yàlla
dige. Ngëm moo tax ba tey,
ñu tëj gémmiñu gaynde yi,
34 fey dooley sawara, rëcc
ci jaasi, ñu génn ci néew
doole, dugg ci kàttan, doon
ay jàmbaar, dàq xarekat, ya
jóge bitim réew. 35 Ngëm
moo tax ba ay jigéen gis ñu
dekkal seeni néew, delloo
leen ko; ñeneen ñi ñu mitital
leen, te bañ ku leen musal,
ngir jot ndekkite lu gën.
36 Ñeneen ñi dékku nañu
ay xas ak ay yar, ay jéng ak
kaso yi. 37 Ñii, sànni nañu
leen ay xeer ba ñu dee; ñii,
ñu xar leen ñaar; ñii, ñu
reye leen jaasi. Ñu ngi doon
wëndeelu, sol ay deri xar ak
yu bëy, di ay walaakaana;
ñu di leen sonal, di leen
fitnaal. 38 Ñu ngi leen doon
def noonu, fekk àddina sax
yelloowul leen. Ñu ngi doon
wëreelu ci àll yi ak ci tund
yi, dal ci xunti yi ak ci kàmb
yi.

39 Nit ñooñu ñépp, seen
ngëm a tax ba Yàlla
seedeeloon leen lu baax.
Moona de, jotuñu li Yàlla
dige woon, 40 ndaxte Yàlla
dafa tëral lu gën ci nun te
bëggu leena yeggale cig mat,
fi ak ànduñu ci ak nun.

# 12

*Buleen fonkadi yarub Boroom bi*

1 Kon nag gannaaw
mbooloo mu bare moo nu
yéew, di nu seedeel seen
ngëm, nanu yenniku bépp
yen ak bàkkaar bu nuy
téqtal ci lu yomb, tey daw
xél wi nekk sunu kanam,
ànd ci ak muñ. 2 Nanu ne
jàkk Yeesu, moom mi samp
ngëm, ba ub làmbi ngëm.
Mbég mi mu dëgmël moo
tax mu dékku dee ca bant
ba te faalewul toroxte, ji
ko fa fekk, ba noppi toog
ca ndijooru jal, ba Yàlla
nekk. 3 Defleen seen xel
ci moom, moom mi muñ
noonu ko bàkkaarkat yi
bañe woon, ngir bañ seen
kàttan jeex, ngeen xàddi.
4 Yéen demaguleen ba tuur
seen deret ci seen bëre ak
bàkkaar. 5 Te fàtte ngeen li
leen Yàlla dénk ni baay ak
ay doomam naan:

«Sama doom, bul fonkadi
yarub Boroom bi
mbaa ngay xàddi, bu lay
yedd,
6 ndaxte ku Boroom bi sopp,
yar la,
tey duma bépp doom bu mu
nangu.»

7 Li ngeen di wara muñ, ab
yar la. Yàlla dafay jëf ak
yéen ni ay doomam, ndaxte
ana doom ju baayam dul

yar? 8 Bu ngeen bokkul
woon ci yar, bi ñépp am
wàll, kon dungeen ay doomi
yoon; ay doom yu daganul
ngeen. 9 Waaye sax far,
sunuy baay ci àddina ya-
roon nañu nu, te wegoon
nanu leen. Baay bi yore
ruu yi kon, xanaa warunu
koo gëna déggal ngir mana
dund? 10 Sunuy baay yar
nañu nu diir bu gàtt ci seen
coobare. Waaye Yàlla dafa
nuy yar ngir sunu njariñ,
ngir nu bokk ci sellaayam.
11 Li am moo di ne, yar bu
nuy dal, du ànd ak bànneex,
day naqari, waaye gannaaw
ga dafay meññ jub ak jàmm,
ci ñi ko jariñoo.

12 Kon nag mayleen doole
loxo yi toqi, ak óom yi bañ,
13 te fàkkal seeni tànk ay
yoon yu jub, ngir cér bi làggi
bañ cee jekkalikoo waaye
mu wére ci.

*Buleen tanqamlu Yàlla*

14 Wutleen ak ñépp jàmm
te fonk dund gu sell, ndaxte
ku sellul doo gis Boroom
bi. 15 Moytuleen ba kenn
du ñàkk yiwu Yàlla mbaa
kenn mel ni reen bu wex
buy jebbi, ba di leen lëjal tey
gaañ ñu bare ci wextanam.
16 Moytuleen it ba kenn du
njaaloo walla muy fonkadi
yëfi Yàlla, ni Esawu, mi wec-
cee woon céru taawam ngir
ag lekk. 17 Xam ngeen ne
ba ñu ca tegee tuuti, gàntu
nañu ko, ba mu bëggee jot
barke bi. Amul fenn fu mu
jaar ba defar njuumteem, te
jooy, yi mu doon jooy, manu
ci dara.

18 Ndaxte meluleen ni
bànni Israyil ñoom ñi jege
woon tund wu ñu mana
laal, wu doon tàkk jeppit
te ànd ak xiin ak lëndëm
ak ngelaw. 19 Jegewuleen
liit guy jib ak baat buy wax
ay wax yoo xam ne ñi ko
doon dégg, ñaan ñu bañ
leen cee tegal benn baat,
20 ndaxte manuñu woona
dékku ndigal lii: «Su mala
sax laalee tund wa, nangeen
ko sànni ay xeer, ba mu
dee.» 21 Te mbir moomu ñu
doon seetaan dafa raglu, ba
Musaa naan: «Damaa tiit
bay lox.»

22 Waaye yéen jege ngeen
tund wi ñuy wax Siyoŋ, di
dëkku Yàlla jiy dund, muy
Yerusalem ba ca asamaan.
Jege ngeen it junniy junniy
malaaka yu béga bég, ba
daje di màggal; 23 jege
mbooloom taawi Yàlla,
yu ñu bind seen tur ca
asamaan. Jege ngeen Yàlla,
jiy àtte ñépp; jege ruuwi
nit ñu jub, ñi àgg cig mat;
24 jege Yeesu, Rammukat bi
sàmm kóllëre gu bees gi;
jege deretam, ji ñu wis. Te
deret jooju, li muy yégle
moo gëna neex li deretu
Abel doon yéene.

25 Moytuleena tanqamlu
nag kiy wax ak yéen.
Ndegam ñiy tanqamlu ki
leen di artu ci àddina, ñoo
manula rëcc ci àtte bi, aste
ku dummóoyu kiy wax ci
asamaan. 26 Bu jëkk baatam
yëngaloon na suuf, waaye
léegi dafa dige ne: «Beneen

yoon laay yëngalaat suuf,
yëngal asamaan itam.»
27 Ci li mu wax: «Be-
neen yoon», dafay xamle
ne Yàlla dina dindi yi ñu
mana yëngal, maanaam li
ñu sàkk, ngir li ñu manula
yëngal sax ba fàww.
28 Kon nag gannaaw di-
nañu jot nguur gu kenn
manula yëngal, nanu ci sant
Yàlla, di ko jaamu, ni mu ko
bëgge, boole ci wegeel ak
ragal, 29 ndaxte sunu Yàlla,
sawara la suy lakke.

# 13

*Sarax yi neex Yàlla*

1 Saxleen ci bëggante ni
ay bokk. 2 Buleen fàttee
teral ñiy ñëw ci yéen, ndaxte
ñenn ñi, bi ñu ko defee,
teral nañu ay malaaka te
xamuñu ko. 3 Fàttalikuleen
ñi ñu tëj, mel ni su ñu
leen boole woon ak ñoom
tëjaale. Fàttalikuleen ñi
ñuy sonal, ni su ngeen
bokkoon ak ñoom coono.
4 Na ñépp fullaal séy, te
lalu séy bi baña taq sobe,
ndaxte Yàlla dina àtte ñu
yàqu ñi ak njaalookat yi.
5 Buleen bëgge; deeleen
doylu, ndaxte Yàlla ci bop-
pam nee na:
«Duma la wacc mukk,
duma la wor mukk,»
6 ba tax nu am kóoluteg wax
ne:
«Boroom bi moo di sama
ndimbal; duma ragal
dara.
Lu ma nit manal?»
7 Fàttalikuleen seen njiit,
yi leen yégal kàddug Yàlla.
Nemmikuleen li seen dund
meññ te roy seen ngëm.
8 Yeesu Kirist du soppiku
mukk; ni mu mel démb ak
tey lay mel ba fàww.
9 Buleen nangu mukk ñu
fàbbi leen ak njàngle yu
bare yu wuute ak yu jëkk ya.
Li gën moo di xol yi jële seen
doole ci yiwu Yàlla, te bañ
koo jële ci sàrt yi jëm ci ñam,
yi jariñul dara ñi koy sàmm.
10 Am nanu sarax boo
xam ne ñiy jaamu Yàlla
ci xaymab màggalukaayu
bànni Israyil sañuñu koo
lekk. 11 Ndaxte sarxalkat bu
mag bi dafay yóbbu deretu
mala yi ca bérab bu sell
baa sell ni sarax ngir dindi
bàkkaar yi, waaye yàpp wi
dees na ko lakk ca gan-
naaw dal ba. 12 Looloo tax
Yeesu sonn ca gannaaw dëkk
ba, ngir sellal mbooloo mi
ak deretam. 13 Nanu ko
fekki nag ca gannaaw dal ba,
bokk ak moom toroxte ga.
14 Amunu fii ci àddina dëkk
bu sax ba fàww, waaye nu
ngi wut dëkk biy ñëw.
15 Kon nag nanu jaare ci
Yeesu, tey dëkk ci jébbal
Yàlla sarax bu koy màggal,
maanaam sant turam.
16 Buleen fàtte di def lu baax
ak di sédde ci seen alal,
ndaxte sarax yu mel noonu
ñoo neex Yàlla.
17 Déggal-leen seeni njiit
te topp seen ndigal, ndaxte
ñoo leen di sàmm te ñooy
layoo seen liggéey. Kon
nangeen leen déggal, ngir
ñu mana def seen liggéey
ak xol bu sedd, bañ cee am
naqar, ndaxte loolu du leen
amal njariñ.

18 Deeleen nu ñaanal.
Wóor nanu ne sunu xel dal
na, ndaxte danoo bëgga
rafet ci lépp lu nuy def.
19 Maa ngi leen di xiir, ngeen
ñaanal nu, ba tuur ci seen
ñaq, ngir ma yiwiku, ba
délsi ci yéen ci ni mu gëna
gaawe.

20 Yàlla miy Boroom jàmm
te dekkal sunu Boroom
Yeesu, Sàmm bu mag bi, ci
darajay deret, ji fas kóllëre
gu sax, 21 yal na leen matal
ci lépp lu baax, ba ngeen
mana def coobareem, di jëfe
ci nun li neex ci moom, mu
jaarale lépp ci Yeesu Kirist,
moom mi yelloo ndam ba
fàww. Amiin.

22 Kon nag bokk yi, maa
ngi leen di ñaan, ngeen
tegoo baatu yedd yooyu,
ndaxte dama leena bind ci lu
gàtt.

23 Xamleen ne, Timote
sunu mbokk, génn na kaso.
Su dikkee léegi, dinaa ànd
ak moom, seetsi leen.

24 Nuyul-leen ma seen njiit
yépp ak gaayi Yàlla yépp.
Waa Itali ñu ngi leen di
nuyu.

25 Yal na yiwu Yàlla ànd ak
yéen ñépp.

# Bataaxal bi Yàlla may SAAG, mu bind ko

1 Man Saag, jaamu Yàlla ak
Boroom bi Yeesu Kirist, maa
leen di nuyu, yéen fukki giir
ak ñaar, yi tasaaroo ci biir
àddina si.

*Xel mu mat*

2 Yéen samay bokk, waxtu
wu nattu yi dalee ci seen
kaw, ak nu ñu mana mel,
defleen ko ni mbég mu réy,
3 xam ne nattub ngëm mooy
ndeyu muñ. 4 Kon na seen
muñ dem ba mat, ngir ngeen
baña fell fenn, waaye ngeen
mat sëkk.
5 Ku xelam des ci benn
fànn ci yéen nag, na ko
ñaan Yàlla, te dina ko ko
may, ndaxte Yàlla mooy Aji
Yéwén, jiy may ñépp ci
lu àndul ak genn ŋàññ.
6 Waaye na ko ñaan ci ngëm
te bañ cee werante; ndaxte
kiy werante mi ngi mel ni
ndoxum géej, mi ngelaw liy
lëmbaaje wet gu ne. 7 Bu
kooku yaakaar dara ci Bo-
room bi. 8 Ku am xel ñaar
la, te ñàkk pastéef ci lépp lu
mu mana def.

*Barele ak néewle*

9 Naka mbokk mi néew
doole, na sant ci teraangaam
fa kanam Yàlla; 10 te boroom
alal it sant cig suufeem, ndax
ni tóor-tóor di ruuse, noonu
lay wéye. 11 Su jant fen-
kee, ba naaj wi tàng, kon
gàncax lax, tóor-tóor ruus,
te rafetaayam naaw. Noonu
la boroom alal di nasaxe,
moom ak i jëfam.

*Nattu yi ak fiir yi*

12 Ku dékku nattu, ku bar-
keel nga, ndax boo ci génnee
ak ndam, dees na la jagleel
kaalag dund, gi Yàlla dig ñi
ko bëgg.
13 Bu la fiir galanee, bul ne:
«Yàllaa ko dogal,» ndaxte
Yàlla jegewul ak mbon fenn
te du fiir kenn. 14 Waaye
ku sa bakkan nax, ba man
la, looloo lay dugal ci fiir.
15 Kon bu bëgg-bëgg ëmbee,
bàkkaar lay wasin, te bu
bàkkaar màggee, jur dee.
16 Yéen sama bokk yi ma
bëgg, buleen juum ci lii:
17 gépp may gu baax ak
gépp jagle gu mat, ci Yàlla
la jóge, di Baay bi sàkk
leeri asamaan, fekk moom
du soppiku, mbaa muy leer
ak di lëndëm. 18 Ci coo-
bareem la nu sole kàddug
dëgg gi, ba nu judduwaat, di
tànneefu lépp lu mu bind.

*Jëfeleen kàddug Yàlla*

19 Yéen sama bokk yi ma
bëgg, nangeen xam lii: ku
nekk war ngaa farlu ci
déglu, di yéexa wax tey
yéexa mer. 20 Ndaxte meru
nit du jur njub gi neex
Yàlla. 21 Moo tax nanguleen
ci woyof kàddu, gi leen Yàlla
sol te man leena musal, di
dëddu bépp sobe ak coxor gi
daj àddina.
22 Buleen yem ci déglu
kàddu gi rekk, di nax seen
bopp; waaye jëfeleen ko.
23 Ndaxte ku déglu kàddu gi

te bañ koo jëfe, moom ak
kuy seetu ñoo yem: 24 day
gis xar kanamam, te su nee
wërëñ, daldi fàtte meloom.
25 Waaye kuy gëstu yoonu
Yàlla, wi mat tey goreel —
waxuma ki dégg, ba noppi
fàtte, waaye kiy jëfe ndi-
gal— kooku barkeel na ci
kaw jëfam.

26 Ku yaakaar ne am
na diine, waaye moomul
làmmiñam, xanaa di nax
boppam rekk, diineem jooju
du diiney dara. 27 Ku
diineem sell te amul benn
gàkk fa kanam Yàlla mooy
kii: ki nemmiku jirim yi ak
jigéen, ñi seen jëkkër faatu,
ci seeni tiis, tey waggar
sobey àddina.

# 2

*Buleen gënale*

1 Yéen samay bokk, bu
benn gënale laal seen ngëm
ci sunu Boroom Yeesu Kirist,
mi soloo ndam. 2 Ndaxte
su ñaari nit duggee ci seen
mbooloo, kii takk jaaroy wu-
rus te sol yére yu taaru, ka
ca des ñàkk te limboo ay
sagar, 3 ngeen teral boroom
daraja ji ne ko: «Àggal ci
jataay bu yiw bi,» ba noppi
ngeen ne aji néew doole
ji: «Taxawal fale, mbaa nga
toog fi ci samay tànk,» 4 kon
gënale ngeen ci seen biir, ba
àtte ci col, bàyyi xol.

5 Dégluleen yéen sama
bokk yi ma bëgg, ndax Yàlla
tànnul ñi néewle ci àddina,
ngir ñu barele ci ngëm, tey
am i cér ci nguur, gi Yàlla
dig ñi ko bëgg? 6 Fekk dan-
geen leen di toroxal! Xanaa
du boroom alal yi ñoo leen
di not te di leen yóbbu fa
kanam àttekat yi? 7 Ndax
duñu tilimal tur wu tedd, wi
ngeen di wuyoo?

8 Su ngeen sàmmee yoonu
Buur Yàlla, ni ko Mbind mi
tërale naan: «Nanga bëgg
sa moroom, ni nga bëgge
sa bopp,» kon def ngeen lu
baax. 9 Waaye su ngeen
gënalee, bàkkaar ngeen, te
yoonu Yàlla dina leen dab
ni ñu moy. 10 Ndaxte ku
sàmm yoon wépp, waaye
xëtt ci lenn ndigal rekk, jàdd
nga yoon wépp. 11 Ndaxte
Yàlla mi ne: «Bul njaaloo»,
teg na ca ne: «Bul bóome.»
Ku njaaloowul nag, waaye
nga bóome, jàdd nga yoon
wépp. 12 Gannaaw dingeen
nara jaar ci àtteb yoon, wiy
goreel, na loolu lal seen wax
ak seen jëf. 13 Ndaxte ku
yërëmul, yoon du la yërëm.
Te yërmande mooy not àtte.

*Ku gëm dina ko feeñal ciy jëfam*

14 Te lii itam samay bokk:
ku ne gëm nga, te jëfewoo
ko, loolu lu muy jariñ? Ndax
googu ngëm man na laa
musal? 15 Su amee mbokk
ci seen biir, mu rafle te
amul dund, muy góor walla
jigéen, 16 te kenn ci yéen ne
ko: «Demal ak jàmm, nga
solu te lekk,» te fekk fajuleen
aajoom, loolu lu muy jariñ?
17 Noonu ngëm gu àndul ak
jëf, amul benn njariñ.

18 Waaye xanaa dina am
ku ne: «Yaw am nga ngëm,
man am naa ay jëf.» Yaw
nag won ma sa ngëm gu
àndul ak jëf; man, ma feeñal
la sama ngëm ci samay jëf.
19 Gëm nga ne Yàlla kenn
la; loolu lu baax la, waaye
xamal ne, jinne yi it gëm
nañu loolu, ba dañoo tiit bay
lox.
20 Yaw mi gàtt xel, kaay
ma won la ne ngëm gu àndul
ak jëf, amul njariñ. 21 Sunu
maam Ibraayma, ndax du ci
kaw jëf la ko Yàlla àttee ni
ku jub, ci li mu joxe doomam
Isaaxa ni sarax? 22 Kon gis
nga ne ngëm dafa lëngoo ak
ay jëfam, te ngëmam mat
ci kaw jëf jooju. 23 Noonu
li ñu wax ci Mbind mi am
na, bi mu naan: «Ibraayma
gëm na Yàlla, te Yàlla jàppe
ngëmam ni njub,» ba ñu ko
wooye xaritu Yàlla. 24 Kon
nag gis nga ne Yàlla ci jëf lay
àtte nit ni ku jub, waaye du
ci kaw ngëm kese.
25 Naka Raxab jigéenu
moykat bi itam, ndax du ci
noonu la ko Yàlla àttee ni
ku jub, ci li mu teeru ndawi
Yawut yi, te jaarale leen ca
poot ba? 26 Kon nag ni jëmm
ju amul ruu nekke ndee,
noonu la ngëm gu àndul ak
jëf nasaxe.

# 3

*Moom sa làmmiñ*

1 Samay bokk, bu ñépp
di sababloo nekk jànglekatu
mbooloo mi, xam ne nun
jànglekat yi, àtte bi nuy jaar
mooy gëna diis. 2 Ndaxte
nun ñépp sikk nanu ci fànn
yu bare. Ki sikkul ci
kàddoom, ku mat nga te
mana not sa yaram wépp.
3 Noonu ku laab fas, ngir
mu déggal la, not nga
jëmmam jépp. 4 Gaal yi it
yu réy lañu, te ngelaw lu am
doole di leen jañax, waaye
dawalkat bi, weñ gu tuuti la
leen di jëme fu ko neex. 5 Ci
noonu làmmiñ, cér su tuuti
la, waaye day bàkkoo jëf yu
réy.
Seetleen ni ferñent tuutee
te mana lakk àll bu yaatu.
6 Noonu it làmmiñ sawara la,
di bon-bonu àddina ci biir
cér yi, tey musibaal jëmm
jépp. Jum la, bu Seytaane
taal, muy lakk àddina.
7 Nit man na not xeeti rab
yépp: rabi àll yi, picc yi, yiy
raam ak yi ci géej gi— not na
lépp. 8 Waaye làmmiñ kenn
manu koo not; musiba la mu
dul dal mukk, fees dell ak
daŋar juy rey.
9 Làmmiñ lanuy sante Bo-
room bi, di sunu Baay, ba
noppi móoloo ko nit, ñi Yàlla
sàkk ci meloom. 10 Gémmiñ
gi sante mooy móoloo. Yéen
samay bokk, loolu warula
am. 11 Ndax ndox mu
lewet ak mu wex dinañu
ballandoo ci genn mbënn?
12 Samay bokk, ndax mas
ngeena gis garabu figg gu
meññ oliw, walla garabu re-
señ gu meññ ay figg? Mukk!
Mbënnu xorom manta nàcc
mukk ndox mu neex.
13 Ana ku neex xel ci yéen,
ana kuy boroom xam-xam?
Na ko wone ciy jëfam ak
dundam gu sell, te feeñal

xelam ci jikkoom ju lewet.
14 Waaye ku am ci sa xol
farlu gu laloo wextan ak
wut aw tur, bul bàkku, di
weddi dëgg. 15 Xel moomu
jógewul ci kaw; jëfu àddina
la, di jikkoy niti kese, te
jóge ci Seytaane. 16 Ndaxte
fu wextan ak wut aw tur
dugg, indi fa xëccoo ak bépp
ñaawteef.

17 Waaye xel mi jóge ci
kaw daa sell, ba noppi ànd
ak jàmm te lewet, nooy,
fees dell ak yërmande ak
jëf yu rafet; àndul ak genn
parlàqu, amul genn naaféq.
18 Te nitu jàmm dina bey
toolu jàmm, góob njub.

## 4

### *Wàkkirluleen ci Yàlla*

1 Xeex yi ak xuloo yi ci
seen biir nag, lu leen waral?
Xanaa du ci seeni bëgg-
bëgg, yiy xeex ci seeni cér?
2 Dangeen di mébét waaye
dungeen am; dangeen di
bóome, boole ci kiñaan,
waaye li ngeen di yóotu,
dungeen ko jot; dangeen
di xuloo ak a xeex waaye
dungeen am dara, ndaxte
ñaanuleen Yàlla. 3 Bu ngeen
ñaanee sax, dungeen jot
dara, ndax yéena ngi ñaan ci
naaféq, ngir gëna topp seen
nafsu.

4 Yéen ñi fecci seen kóllëre
ak Yàlla, xanaa xamuleen
ne mbëggeelu àddina,
mbañeel la fa Yàlla? Ku
bëgga xaritoo ak àddina
nag, noonoo nga ak Yàlla.
5 Xanaa yaakaar ngeen ne
Mbind mi day wax cig neen,
ci li mu ne: «Yàlla am na
mbëggeel gu fiir ci Xel mi
mu def ci nun.» 6 Waaye
yiwu Yàllaa ko ëpp. Moom
la Mbind mi wax ne:

«Yàlla dàq na ñi réy,
waaye yiwal na ñi woyof.»

7 Kon nag wàkkirluleen ci
Yàlla, waaye dàqleen Sey-
taane, te dina daw, ba sore
leen. 8 Jegeleen Yàlla, mu
jege leen. Yéen bàkkaarkat
yi, sellal-leen seeni loxo;
yéen ñi am xel ñaar, laabal-
leen seeni xol. 9 Toroxluleen
te naqarlu, bay jooy; defleen
seeni ree aw naqar, te seen
mbég nekk tiis. 10 Suufeel-
leen seen bopp fa kanam
Boroom bi, kon dina leen
yékkati.

### *Buleen sikkal seeni moroom*

11 Yéen bokk yi, buleen
ŋàññante. Ku ŋàññ sa
moroom mbaa nga ñaaw
njort, ba àtte ko, diiŋat nga
yoonu Yàlla te àtte ko. Ku
àtte yoon wi nag sàmmoo
ko, waaye danga koo àtte.
12 Kenn rekk mooy tëral
yoon, kooku rekk mooy àtte;
moo mana musle, moo mana
alage. Te sax yaw miy àtte
sa bokk yaay kan?

### *Buleen damu*

13 Léegi nag dégluleen,
yéen ñiy wax ne: «Tey walla
ëllëg dinanu dem ca dëkk
sàngam, def fa at, di fa
sàkku xaalis ci jula.» 14 Ndax
dangeena xam seen ëllëg?
Luy seen dund? Xanaa cóola
doŋŋ luy naaw ci diir bu
gàtt, daldi naaxsaay. 15 Lii
kay ngeen waroona wax:

«Bu soobee Boroom bi, di-
nanu dund, tey def nàngam
ak nàngam.» 16 Waaye fi mu
ne, naagu ngeen bay damu,
te damoo noonu baaxul.
17 Kon nag ku xam def lu
baax te defoo ko, bàkkaar
nga.

# 5

*Boroom alal, yiy not néew-ji-doole*

1 Dégluleen yéen boroom
alal yi, jooyleen te naqarlu
ndax mbugal, gi leen di xaar.
2 Seen alal seey na, seen yére
yi maxe na, 3 seen wurus ak
seen xaalis xomaag na. Xo-
maag jooju seede lay doon,
su leen di daanlu, ba lakk
leen ni sawara. Dajale ngeen
alal ju ne gàññ, te fekk
yéena ngi ci mujug jamono.
4 Dégluleen! Jooyi xaalis
bi ngeen sàcce ci gubkat,
yi leen doon liggéeyal, ak
yuuxi góobkat yi, dugg nañu
ci noppi Boroom gàngoori
xare yi. 5 Ci barele ak
bànneex ngeen dunde ci
kaw suuf, di yafal seen bopp,
fekk bésu rendi baa ngii.
6 Daan ngeen ku jub, ba rey
ko sax, te bañul.

*Muñleen ci biir tiis*

7 Yéen samay bokk,
muñleen, ba Boroom bi
délsi ci ndamam. Seetleen
ci beykat bi, ni muy xaare
njariñ ci meññeefu suuf, tey
muñ, céebo ba bët wàcc.
8 Yéen itam nag muñleen
te dëgëral seen xol, xam
ne ñëwug Boroom bi ci
ndamam jege na. 9 Buleen
jàmbatante, samay bokk,
ngir ragal Yàlla àtte leen.
Àttekat baa ngi ci bunt bi
sax!

10 Bokk yi, defleen yonent,
yi wax ci turu Boroom bi,
seeni royukaay ci muñ tiis
ak ci góor-góorlu. 11 Xam
ngeen ne ñiy góor-góorlu,
ñu barkeel lañu. Dégg
ngeen muñ ga Ayóoba
amoon, te gis muj gu
rafet, ga ko Boroom bi
jagleel, ndax Boroom bi
kuy ñeewante la te bare
yërmande.

12 Te li fi raw samay bokk,
buleen waat mukk, bu muy
ci asamaan mbaa ci suuf
mbaa ci leneen lu mu mana
doon. Nangeen yem ci:
«waaw» ak «déedéet», ngir
bañ cee layoo fa kanam
Yàlla.

*Dooley ñaan gu ànd ak ngëm*

13 Su amee ci yéen ku nekk
ci tiis, na ñaan ci Yàlla.
Ku nekk ci mbég, na sant
Yàlla ciy woy. 14 Su amee
ci yéen ku wopp, na woo
njiiti mbooloo mi, ñu ñaanal
ko te diw boppam ci turu
Boroom bi. 15 Ñaan gu
ànd ak ngëm dina musal ki
wopp, ba Boroom bi yékkati
ko. Su ko fekkoon ak i
bàkkaar sax, Yàlla dina ko
baal. 16 Kon nag wax-
anteleen seeni bàkkaar tey
ñaanalante, ngir ngeen wér.
Ñaanu aji jub gu dëggu,
dooleem amul kem.
17 Naka noonu Ilyaas nit
la woon ku bindoo ni nun,
waaye bi mu saxee ci ñaan
Yàlla, ngir mu baña taw,

ndox laalul suuf diirub ñetti at ak genn-wàll. [18] Gannaaw ga mu dellu ñaan, asamaan daldi taw, te suuf si saxal meññeef.

[19] Samay bokk, su amee ci yéen ku réere dëgg, te am ku ko gindi, [20] na xam lii: ku gindi bàkkaarkat ci réeram, musal nga nit ci dee te faral ko bàkkaar yu bare.

# Bataaxal bu jëkk bi Yàlla may PIYEER, mu bind ko

1 Man Piyeer, ndawul
Yeesu Kirist, maa leen di
bind, yéen doxandéem yi
tasaaroo* ci diiwaani Pont,
Galasi, Kapados, Asi ak
Bitini. Yàlla Baay bi tànn na
leen, 2 ci li mu leen xam bu
jiitu, te sédde leen boppam
ci jëfu Xel mu Sell mi, ngir
ngeen déggal ko, te seen
xol laab ndax deretu Yeesu
Kirist. Na leen Yàlla dollil
yiw ak jàmm.

*Yaakaar ju sax*

3 Cant ñeel na Yàlla,
Baayu sunu Boroom Yeesu
Kirist! Moo nu judduwaatal
ci yërmandeem ju bare,
ba may nu yaakaar ju sax
ndax ndekkitel Yeesu Kirist.
4 Sédd na leen cér bu dul
yàqu, du gàkk te du seey
mukk, dencal leen ko ci
asamaan, 5 yéen ñi muy aar
ci dooleem, sukkandikoo ci
ngëm, di leen nége mucc, gi
mu nara feeñal bés bu mujj
ba.
6 Yéena ngi bég bu baax
ci biir yaakaar jooju, doonte
sax, su waree am, yéena
ngi dékku tiis ab diir, ci
seen jànkoonte ak nattu yu
wuute. 7 Xam ne nattu yooyu
dinañu sellal seen ngëm, ni
sawara di setale wurus, fekk
wurus luy wéy la, te ngëm
a ko gën fuuf. Noonu seen
ngëm dina yelloo cant, ndam
ak màgg, bés bu Yeesu
Kirist feeñee. 8 Masuleen
koo gis waaye bëgg ngeen
ko, gisuleen ko waaye gëm
ngeen ko te am mbég mu xel
dajul, mu fees dell ak ndam,
9 di jot muj gi ngëm séentu,
maanaam muccu xol.
10 Naka mucc googu nag,
yonent yi xamle yiw, wi
ngeen naroona joti, seet
nañu ko te gëstu ko. 11 Bi
Xelum Kirist, mi nekkoon ci
ñoom, seedee lu jiitu coonoy
Kirist ak ndam la cay topp,
jéem nañoo takk, kañ ak nan
lay ame. 12 Waaye Yàlla
xamal na leen ne moomuñu
woon kàddu googu ñu wax,
waaye yéena ko moom. Te
mooy kàddu gi ngeen dégg
ci gémmiñu ñi leen doon
jottali xibaaru jàmm bi, ci
dooley Xel mu Sell, mi Yàlla
yónnee asamaan; malaaka
yi sax bëgg nañoo gëstu yëf
yii.

*Sell*

13 Kon fagaruleen ci seeni
xalaat te maandu, di wékk
seen yaakaar jépp ci yiw,
wi leen Yàlla di jagleel bés
bu Yeesu Kirist di feeñ.
14 Gannaaw gaayi Yàlla yu
koy déggal ngeen, buleen
toppati bëgg-bëgg, yi ngeen
toppoon, bi ngeen xamagul
Yàlla. 15 Waaye na seen
dund gépp sell, ni Yàlla mi
leen woo selle. 16 Ndaxte
Mbind mi nee na: «Sell-
leen, ndaxte ku sell laa.»

* **1:1** Dafa mel ni, ñi gëm Kirist ci bànni Israyil la wax, te ñu dëkk ci diiwaan yooyu.

17 Gannaaw nag Yàlla, mi
ngeen di wooye Baay, mooy
àtte jëfi ñépp te du gënale
kenn, saxleen ci ragal ko
diirub seen ngan ci àddina.
18 Xam ngeen ne, Yàlla jot
na leen ci seen dund gu
tekkiwul dara, gi maam ya
nekkoon; te jotuleen ak yu
deme ni xaalis mbaa wu-
rus yuy wéy, 19 waaye ci
deretu Kirist ju tedd ji, mel
ni gàttub sarax bu sikkul
te wàññikuwul. 20 Yàlla
xamoon na ko, ba àddina
sosoogul, waaye léegi ci mu-
jug jamono feeñal na ko
ndax yéen 21 ñi jaar ci moom
gëm Yàlla. Te Yàlla dekkal
na ko, sol ko ndam, ngir
ngeen wékk seen ngëm ak
seen yaakaar ci Yàlla.

22 Kon nag gannaaw
déggal ngeen dëgg gi, ba sel-
lal seeni xol te am mbëggeel
gu dëggu, bëgganteleen
mbëggeel gu tar ak seen
xol bépp. 23 Ndaxte du
ci jiwu wuy yàqu ngeen
judduwaate, waaye ci jiwu
wu sax, maanaam kàddug
Yàlla giy dund tey sax.
24 Ndaxte:

«Nit ñax la,
ndamam di tóor-tóor kese;
ñax day wow, tóor-tóor
ruus,
waaye kàddug Boroom bi
day sax ba fàww.»

25 Te kàddu googu mooy
xibaaru jàmm, bi ñu leen
doon yégal.

# 2

1 Kon nag dëdduleen gépp
coxor, gépp njublaŋ, naaféq,
kiñaan ak jëw. 2-3 Gannaaw
ay liir ngeen yuy doora
juddu te mos ci mbaaxug Bo-
room bi, nàmpleen ci meew
mu sell, miy dundal seen xol,
ba màgg ci biir muccu Yàlla.

### *Mbooloom Yàlla dafa mel ni tabax, Kirist mooy fondamaa ba*

4 Kon nag ñëwleen ci
moom; nit ñi bañ nañu ko,
waaye Yàlla fal na ko te teral
ko. Mi ngi mel ni doju
tabax, waaye doj wuy dund
la, 5 te yéena ngi mel niy doj
yuy dund yu Yàllay defare
dëkkukaayam. Noonu ay
sarxalkat yu sell ngeen, ngir
jébbal ko ay sarax yu ngeen
tibbe ci seen xol te neex ko
ndax Yeesu Kirist. 6 Looloo
tax bind nañu:

«Maa ngi samp fi ci Siyoŋ
doju koñ. Doj wu tedd
la, wu ma tànn;
ku gëm ci moom, sa yaakaar
du tas mukk.»

7 Kon nag yéen ñi gëm am
ngeen cér ci teraangaam.
Waaye naka ñi gëmul:

«Doj wa tabaxkat ya sànni,
mujj na di doju koñ.»

8 Te it:

«Doj la wuy fél nit,
di xeer wu koy fakktal.»

Dañu cee fakktalu, ndaxte
gëmuñu kàddug Yàlla, te
loolu la Yàlla dogal ci ñoom.

9 Waaye yéen xeet wu
Yàlla tànn ngeen, di askanu
sarxalkati Buur Yàlla, askan
wu sell ngeen, di mbooloom
Yàlla, ngir ngeen yégle
ngëneelam, moom mi leen
woo, ba génne leen lëndëm
gi, tàbbal leen ci leeram

gu yéeme gi. [10] Démb nekkuleen woon ci dara, waaye tey mbooloom Yàlla ngeen; booba jotuleen woon yërmandeem, waaye léegi jot ngeen ko.

[11] Samay xarit, yéen ñiy ay gan ak i doxandéem ci àddina si, maa ngi leen di dénk lii: dëdduleen bànneexi bakkan yiy xeex ak xol. [12] Na seen dundin rafet ci biir xeeti àddina, kon doonte ñu di leen sosal ay ñaawteef, dinañu gis seeni jëf yu rafet bay màggal Yàlla, bés bu leen feeñoo.

### *Déggal-leen njiit yi*

[13] Na seen nangub Boroom bi tax, ngeen déggal képp kuy kilifa, muy buur ba gëna kawe, [14] mbaa jawriñ yu mu yebal, ngir ñu yar ñiy def lu bon, te teral ñiy def lu baax. [15] Ndaxte noonu la coobarey Yàlla tëdde, maanaam ngeen sax ci def lu baax, ba wedamloo jayil yi xamul dara. [16] Li leen Yàlla goreel nag, bu mu tax ngeen mbubboo ko, bay def lu bon, waaye ngeen gëna feddali seen jaamu Yàlla. [17] Teralleen ñépp, bëgg kureelu bokk yi, ngeen ragal Yàlla te teral buur bi.

### *Kirist sunu royukaay ci dékku coono*

[18] Yéen jaam yi, déggalleen seeni sang ak wegeel gu mat sëkk, waxuma ñi baax te lewet rekk, waaye sax ñu wex ñi. [19] Ndaxte su ngeen dékkoo tiis, di sonn ci lu dul yoon ndax seen ànd ak Yàlla, loolu lu rafet la. [20] Su ngeen tooñee te muñ i pes, luy pey gi? Waaye su ñu leen fitnaalee ci def lu baax te ngeen muñ ko, jëf ju rafet la fa kanam Yàlla. [21] Ndaxte ci loolu la leen Yàlla woo, ndaxte Kirist itam sonn na ngir yéen, teg fi seen kanam royukaay, ngir ngeen jaar ciy tànkam.

[22] «Masula def bàkkaar,
te jenn waxu njublaŋ masula
génn ci gémmiñam.»

[23] Saaga nañu ko te feyuwul, fitnaal nañu ko te tëkkuwul, waaye mu dénk boppam ki yor àtte bu dëgg bi. [24] Gàddu na moom ci boppam sunuy bàkkaar ca bant, ba ñu ko daajoon, ngir nu tàggook bàkkaar, sóobu ci dund gu jub; ndax ay gaañugaañoom may na nu ag wér. [25] Ndaxte yéena ngi réeroon niy xar, waaye léegi délsi ngeen ci sàmm, biy aar seeni xol.

# 3

### *Jigéen ak jëkkëram*

[1-2] Yéen itam jigéen ñi, na ku nekk nangul sa jëkkër. Noonu su amee góor gu gëmul kàddug Yàlla, te gis soxnaam di dund dund gu sell, boole ci weg ko, loolu dina ko gindi ci lu àndul ak wax.

[3] Bu seen taar aju ci col, maanaam ay létt, wurus mbaa yére yu rafet, [4] waaye nay taar bu sax bu nekk ci biir, di xol bu nooy te dal, ndax loolu lu takku la fa Yàlla. [5] Ndaxte jigéeni démb yu sell, ya gëmoon

Yàlla, loolu moo doon seen
taar; nanguloon nañu seen
jëkkër, 6 ni Saarata déggale
woon Ibraayma, ba daan ko
wooye «Sang bi». Yéen nag,
su ngeen dee def lu baax te
bañ cee boole genn njàqare,
kon mel na ni Saarataa leen
jaboote.

7 Te yéen itam góor ñi, na
ku nekk ci yéen am xel, ci
ni ngay ànde ak sa soxna,
xam ne àndandoo ju la gëna
néew doole la. Joxleen ko
teraanga ju mat, ndax yéena
yem cér ci yiwu Yàlla, wi
nu ubbil buntu dund gu dul
jeex. Noonu dara du mana
yàq seeni ñaan.

### *Ku ñu fitnaal ndax njub*

8 Kon nag bokkleen
xalaat, bokkleen i tiis,
bëgganteleen, yërëmante
te woyof. 9 Ku la def lu
bon mbaa mu saaga la, bul
feyu, waaye ñaanal ko lu
baax; ndaxte ci loolu la leen
Yàlla woo, ngir barkeel leen.
10 Ndaxte:

«Ku bëgga am dund gu naat
te fekke bés yu rafet,
na jàpp làmmiñam ci lu bon,
sàmm gémmiñam ci fen.
11 Na dëddu lu bon, tey def
lu baax,
na xënte jàmm te sax ci.
12 Ndax Boroom baa ngi xool
ñi jub bëti yërmande,
di dékk noppam seeni ñaan,
waaye day dàq ñiy def lu
bon.»

13 Te it kan moo leen
di sonal, su ngeen góor-
góorloo ci def lu baax?
14 Doonte ñu di leen fit-
naal sax ci def lu jub, ñu
barkeel ngeen. Buleen tiit
nag ndax seeni xëbal, mbaa
ngeen di ci am njàqare.
15 Waaye màggal-leen Kirist
Boroom bi ci seeni xol, te
jekk ngir tontu ku lay laaj
ci seen yaakaar ji ngeen am;
16 waaye na tont li lewet te
ànd ak wegeel. Àndleen ak
xel mu dal; noonu ñi leen
di sikkal ndax seen dund gu
rafet ci gëm Kirist, dinañu
rus ci seeni sos.

17 Ñu fitnaal la ndax jëf ju
baax, su dee mooy coobarey
Yàlla, moo gën ñu fitnaal la
ndax jëf ju bon. 18 Ndaxte
Kirist ci boppam dee na
benn yoon ba fàww, ngir
dindi bàkkaar yi, moom
mi jub ngir ñi jubadi, ngir
yóbbu leen fa Yàlla; dee
na ci jëmm, waaye dundaat
na ci xel. 19 Ci biir xel
moomu la yégleji ndamam
ca ruu ya Yàlla tëj kaso;
20 maanaam ña weddi woon
ca jamonoy Nóoyin, fekk
Yàlla muñaloon na leen diir
bu yàgg, dajeek Nóoyin
doon yett gaal ga. Ñu néew,
maanaam limub juróom
ñett, dugg nañu ca gaal
ga, jaar ca ndox ma, ba
mucc. 21 Loolu misaal la
tey, ci li ñu nuy sóob ci
ndox, te nu mucc; waxuma
laabal sobe si taq ci yaram,
waaye wuyu Yàlla ak xel
mu dal. Li nu may mucc
googu, mooy ndekkitel Yeesu
Kirist, 22 mi yéeg asamaan,
toog fa ndijooru Yàlla, mu
tiim malaaka yi ak boroom
sañ-sañ yi ak boroom doole
yépp.

# 4

*Nekkal-leen Yàlla*

1 Gannaaw Kirist nag
sonn na ci yaramam,
gànnaayooleen xelam
moomu, ndaxte ku sonn
ci yaramam, tàggoo na ak
bàkkaar. 2 Noonu diir bi ko
dese ci kaw suuf, dëddu na
bànneexi bakkan, jublu ci
coobarey Yàlla. 3 Ndaxte
àndoon ngeen démb ci
xalaati ñi xamul Yàlla, di
dund ciy ñaawteef ak topp
seen bakkan, di màndi ak
a xawaare, di xér ci biiñ
ak a jaamu ay xërëm yu
araam, waaye na fi yem
nag. 4 Ñiy jëfe noonu waaru
nañu, ba di leen sosal, ci
li ngeen àndul ak ñoom,
sóobu ci seeni moy yu dul
jeex, 5 waaye dinañu masa
teew fa kanam ki nara àtte
ñiy dund ak ñi dee. 6 Looloo
waral it ñi dee sax, ñu jottali
leen xibaaru jàmm bi, ngir
ñu dunde Yàlla ci seen xel,
doonte sax nit ñaa ngi leen
daan fitnaal ci àddina.

7 Te itam muju lépp jegesi
na; nangeen maandu te
foog, ba mana ñaan ci Yàlla.
8 Li gëna am solo mooy,
ngeen bëggante mbëggeel
gu tar, ndax mbëggeel
day suul bàkkaar yu bare.
9 Ganalanteleen ci lu àndul
ak njàmbat. 10 Te lu la Yàlla
jagleel kenn ku nekk ci yéen,
nanga ko bokk ak ñépp ni
jawriñ ju jub, ci séddale
yiwu Yàlla wu yaatu. 11 Kuy
jottali kàddug Yàlla, na mel
ni Yàllaay wax. Kuy jëf it, na
jëfe dooley Yàlla, ngir turu
Yàlla màgg ci lépp jaar ci
Yeesu Kirist, mi yelloo ndam
ak kàttan ba fàww. Amiin.

*Ñiy tegoo fitna ngir turu Kirist*

12 Yéen samay xarit, ci
mbirum nattu bu tànge
ni daay, bi dal ci seen
kaw, bumu leen jaaxal, ba
ngeen teg ko ni lu xel dajul.
13 Waaye bégleen ci cér,
boobu ngeen am ci coonoy
Kirist, ngir bés bu ndamam
di feeñ, ngeen bég ak mbég
mu ëpp xel. 14 Su ñu leen
jànnee sax ci turu Kirist,
xamleen ne ñu barkeel
ngeen, ndax Xelum Yàllaa
ngi ci yéen, di firndeel seen
ndamu ëllëg. 15 Buñu sonal
kenn ci yéen ci li mu rey
nit walla mu sàcc, mbaa
def lu bon, walla dugg ci lu
yoonam nekkul. 16 Waaye ku
ñu sonal ndax waayu Kirist
nga, bu ci rus, waaye nga
màggal Yàlla ci tur woowu.
17 Ndaxte àpp bi jot na, àtte
baa ngi tàmbalee ci nun waa
kër Yàlla. Su tàmbalee ci
nun nag, luy muju ñi weddi
xibaaru Yàlla? 18 Te:
«Su muccu ki jub jafee,
luy doon muju ki weddi te
dëng?»

19 Kon nag ñi tegoo fitna ci
coobarey Yàlla, nañu sax ci
def lu baax, dénk seen bopp
Yàlla, miy Bindkat biy sàmm
kóllëre.

# 5

*Ñiy sàmm mbooloom Yàlla*

1 Kon yéen njiit yi, maa
ngi leen di dénk, man miy

njiit ni yéen, man mi seede
coonoy Kirist te am cér ci
ndam li nara feeñ. [2] Lii
laa leen di ñaan: sàmmleen
géttug Yàlla, gi mu leen
dénk, di ko wottu, wax-
uma ci sañul-bañ, waaye
di surgay Yàlla ci xol bu
tàlli; ngeen def ko ak xol bu
laab te bañ cee séentu alal.
[3] Buleen not ñi leen Yàlla
dénk, waaye ngeen nekk ay
royukaay fi kanam jur gi.
[4] Noonu waxtu wu Boroom
gétt gi feeñee, dina leen ja-
gleel kaalag ndam guy sax
ba fàww.

[5] Noonu itam yéen ndaw
ñi, nangeen déggal mag
ñi. Te yéen ñépp, solooleen
woyof ci seen biir, ndaxte:

«Yàlla day dàq ñi réy,

di yiwal ñi woyof.»

[6] Suufeel-leen seen bopp kon
ci ron loxob Yàlla bu am
kàttan, ngir mu yékkati leen
ci jamono ju ko soob. [7] Te
ngeen yenniku ci kawam
seen njàqare jépp, ndax ku
leen ñeewante la.

[8] Maanduleen te foog,
ndax seen noon Seytaane
mu ngi wër, ni gaynde guy
yëmmu, di rëbb ku mu
yàpp. [9] Jànkoonteleen ak
moom ci biir ngëm gu takku,
xam ne kureelu bokk yi ci
àddina yépp, ñu ngi daj ay
fitna ni yéen. [10] Te Yàlla mi
jagoo yiw wépp te woo leen
ci darajay Kirist, ngir ngeen
bokk ci ndamam li sax,
gannaaw bi ngeen yendoo
bëccëgu tiis, dina leen
yeesalaat, di leen dëgëral ak
a dooleel, ba ngeen sampu.
[11] Yal na Yàlla yelloo màgg
ba fàww. Amiin.

*Tàggoo*

[12] Bind naa leen ci lu gàtt
ci ndimbalu Silwan, mi ma
jàpp ni sama mbokk mu
takku. Dénk naa leen, di
leen seedeel ne lii mooy
yiwu Yàlla dëgg; kon nag
saxleen ci.
[13] Mbooloo mi nekk ci
dëkk bi ñuy wax Babilon
te Yàlla tànn ko ni yéen,
moo di leen nuyu, ñoom
ak Màrk sama doomu di-
ine. [14] Nuyoonteleen ak
saafoonte yu sell. Yal na
jàmm ñeel képp ku gëm
Kirist.

# Ñaareelu bataaxal bi Yàlla may PIYEER, mu bind ko

1 Man Simoŋ Piyeer, jaamu Yeesu Kirist ak ndawam, maa leen di bind, yéen ñi Yàlla jagleel ngëm gu rafet ni nun, aju ci njubu sunu Yàlla ak Musalkat, Yeesu Kirist.
2 Na leen Yàlla dollil yiw ak jàmm, jaar ci xam ko ak Yeesu sunu Boroom.

*Dëggal sa bokk ci Yàlla*

3 Dooley Yàlla moo nu may lépp lu aju ci dund gu sax ak ragal Yàlla, jaarale ko ci xam gi nu ko xam, moom mi nu woo ci kaw ndamam
ak dooleem. 4 Noonu la nu dige ay dige yu rafet te réy ba ëpp xel, ngir nu gëm leen, te Yàlla sol nu jikkoom, nu mucc ci yàqute, gi bànneexu bakkan samp ci àddina si.
5 Na loolu tax ngeen góor-góorlu, ba yokk ci seen ngëm njàmbaar, ci njàmbaar googu ngeen yokk ci xam-xam, yokk ci not
sa bopp. 6 Not sa bopp googu, ngeen yokk ci muñ,
yokk ci ragal Yàlla, 7 yokk ci sopp mbokk, yokk ci bëgg
ñépp. 8 Ndaxte bu leen jikko yooyu soloo, ba sax ci yéen, dina tax seen xam Yeesu Kirist Boroom bi am njariñ
te jur mbaax. 9 Waaye ku ñàkk jikko yooyu, ay bëtam dañoo lëndëm ba gumba, te fàtte na, ni ko Yàlla fóotale bàkkaari démb.
10 Kon nag samay bokk, gannaaw Yàlla da leena tànn te woo leen, góor-góorluleen ci feddali ko ak seen kem kàttan. Ndaxte su ngeen ko defee, dungeen
jeng mukk. 11 Te noonu dingeen tàbbi ak ndam ci nguur gu sax gu sunu Boroom, di sunu Musalkat Yeesu Kirist.

*Kàddu gi Yàlla jaarale ci yonent yi*

12 Wóor na ma ne xam ngeen loolu, ba sampu ci dëgg gi leen Yàlla jagleel, waaye fas naa yéene, may sax ci di leen ko fàttali.
13 Te jàpp naa ko, muy sama warugar, feek maa ngi noyyi, ma di leen fàttali
loolu, ba yee leen. 14 Ndaxte xam naa ne léegi ma jóge fi, ni ma ko Yeesu Kirist Boroom bi leerale woon.
15 Te dinaa góor-góorlu, ngir sama gannaaw ngeen di fàttaliku li ma leen doon wax.
16 Bi nu leen yégalee dooley Yeesu Kirist sunu Boroom ak ñëwam ci biir ndam, sukkandikuwunu woon ciy léeb yu sësul fenn, waaye danoo teewe ag
màggam. 17 Ndaxte Yàlla Baay bi sol na ko teraanga ak ndam, te baatub Aji Màgg ju tedd ji jib na ne: «Sama Doom a ngii, di sama Soppe; ci moom laa ame bànneex.»
18 Te nun dégg nanu baat boobu jóge asamaan, bi nu nekkee ak moom ca tund wu tedd wa.

19 Noonu bir na ne waxu
yonent yi wér na, te war
ngeen koo fonk; mi ngi mel
ni làmp buy leer ci bérab
bu lëndëm, ba kera fajar di
xar, te biddiiwu njël bi feq,
leeral seeni xol. 20 Waaye
jëkkleena xam ne amul jenn
waxu yonent ci Mbind mi,
ju balle ci xelu boppam.
21 Ndaxte kenn ci yonent yi
masula wax ci coobarey bop-
pam, waaye Xel mu Sell mi
daa na xiir nit ñi, ñu yégle
kàddug Yàlla.

# 2

*Jànglekat yu réer yi ak seen muj*

1 Waaye ci bànni Israyil,
amoon na naaféq yu mbub-
boo turu yonent, ni muy ame
seen biir ñuy mbubboo turu
jànglekat. Ci seeni pexe di-
nañu dugal ci yéen xalaat yu
sànke, di weddi Boroom bi
leen jot, tey yóbbe seen bopp
alkànde ju teew. 2 Ñu bare
dinañu leen fekki ci seeni
ñaawteef, ba gàkkal yoonu
dëgg ci bëti nit ñi. 3 Seen
bëgge dina tax, ñu dabb-
daaxe ay wax, ngir nax leen,
ba lekk seenus tuut. Waaye
àtte baa ngi leen di xaar, te
seen alkànde di leen teeru.
4 Ndaxte Yàlla jéggalul
malaaka ya bàkkaaroon,
waaye tàbbal na leen
sawara, tëj leen ca kàmb yu
lëndëm, di leen nége àtte
ba. 5 Te it jéggalul àddina
su jëkk sa weddi woon, ba
xooj ko ci ndoxu mbënn
ma, waaye musal na Nóoyin
rekk, mi daan waare ci njub,
moom ak juróom ñaari nit.
6 Te it Yàlla daan na dëkki
Sodom ak Gomor, raafal
leen cig lakk, ñuy misaalu
ñiy weddi ëllëg. 7 Waaye
musal na Lóot mi jub, mi
sonnoon ndax ñaawteefi ñu
dëng, ñooñu mu nekkaloon.
8 Ndaxte Lóot, mi dëkkoon ci
seen biir, dafa dëkke woon
tiisu xol, ndax ñaawteef yi
mu gis ak a dégg guddi ak
bëccëg. 9 Gannaaw loolu
lépp am na nag, nanu bir ne
Boroom bi man na musal aji
gëm ji nekk ci nattu, te denc
ñi jubadi, ngir alag leen bésu
àtte ba.

10 Rawatina ñiy topp seen
bakkan ciy bëgg-bëgg yu
ruslu, te faalewuñu genn
kilifteef. Ñu ñeme Yàlla
lañu, te dëgër bopp, ba ra-
galuñoo xas kilifa ya gëna
kawe. 11 Fekk sax malaaka,
yi leen ëpp doole ak kàttan,
tey sax ca jataayu Boroom
bi, ñemewuñoo xas kilifa
yooyu. 12 Waaye ñoom
dañuy xas ci biir yi ñu xa-
mul. Ñoom ak bàyyima ñoo
yem, di ay mbindeef yuy
tañaxu, te tër rendi rekk a
jekk ci ñoom; dees na leen
rey ni bàyyima, 13 muy seen
peyug njubadi.

Xawaare bëccëg ndarakàmm
mooy seen bànneex. Su
ñuy lekkandoo ak yéen,
dañuy bànneexu ci seeni
bëgg-bëgg, di ay gàkk ak
i sikk ci seen biir. 14 Jigéen
ju seen bët tegu, ñu xédd
ko, ba duñu tàggook moy
mukk. Ku ñàkk pastéef
ñu fàbbi la. Ñu xelu lañu

jëme cig bëgge. Ñu alku
lañu! 15 Réer nañu ba wàcc
yoon wu jub wi, topp yoonu
Balaam, doomu Bosor*, mi
bëgge xiiroon ci njubadi.
16 Waaye déggadeem yóbbe
na ko yeraange; xam ngeen
ne mbaam-sëf du wax,
waaye mbaam wax na ak
moom ci làmmiñ wu bir,
ngir mu génn ci ndofam
googu.

17 Ñooñule ay teen yu
dëy lañu, di xiini lay yu
ngelaw liy naawal, te seen
pey mooy lëndëm gu ne
taraj. 18 Dañuy fàbbi ñu
naroona mucc ci àddina ju
réer, dig leen ak làmmiñ yu
neex bànneexi bakkan yu
jéggi dayo. 19 Dañu leen di
dig ngoreel, te fekk ñoom
ci seen bopp jaami yàqute
lañu, ndaxte lu la not, jaa-
mam nga.

20 Su ñu xamee Boroom
bi, di sunu Musalkat
Yeesu Kirist, ba mucc ci
sobes àddina, ba noppi
sóobuwaat ca, ba mu not
leen, seen muj moo yées
seen njàlbéen. 21 Ndaxte
ñu xam yoon wu jub wi, ba
noppi dëddu ndigal lu sell
li ñu déggoon, bañoon koo
xam moo gënoon ci ñoom.
22 Noonu seen mbir dëggal
na li ñuy wax ne: «Xaj mooy
waccu, di ko lekkaat,» te it:
«Mbaam-xuux, loo ko sang
sang, mu xalangu ci ban.»

# 3

*Bésu Boroom bi*

1 Yéen samay xarit, sama
ñaareelu bataaxal a ngi nii.
Bind naa leen, ngir xiir leen
ci xalaat yu sell. 2 Maa
ngi leen di fàttali kàdduy
yonent yu sell, yi fi jiitu
woon, ak ndigalu Boroom
bi sunu Musalkat, li ngeen
déggoon ci ndaw, yi Yàlla
yebaloon fi yéen.

3 Nangeen jëkka xam lii:
mujug jamono dingeen gis
ay tiiñalkat, di topp seen
bakkan; dinañu leen tiiñal
4 ci di leen ne: «Ki dige
woon ne dina ñëw, ana
mu? Ndaxte baay ya nelaw
nañu, waaye lépp a ngi
dox ca njàlbéen ga ba tey.»
5 Fekk bëgguñoo xam lii:
kàddug Yàllaa tax, asamaan
ak àddina yu jëkk ya juddoo
ca ndox te dunde ko. 6 Te
ndox it moo labal àddina sa,
raafal ko. 7 Te kàddug Yàlla
googu moo denc asamaan yii
fi nekk ak suuf si, ngir lakk
leen; Yàllaa ngi leen di nége
bésub àtte, ba muy alag ñi
weddi.

8 Yéen samay xarit, buleen
umple ne benn bés ak junniy
at ñoo yem fi Boroom bi.
9 Li Yàlla dige, dina ko def,
lu mu yéex yéex ci xalaatu
nit. Xanaa kay da leena
muñal, ndax bëggul kenn
alku, waaye ñépp tuub seeni
bàkkaar. 10 Waaye bésu
Boroom bi dina ñëw, bett
àddina ni sàcc. Su boobaa
asamaan yi dinañu ne rajax
toj, lu ne ci àddina lakk ba
seey, te suuf ak lu mu ëmb
dina ne fàŋŋ fa kanam Yàlla.

* 2:15 Bosor mooy Bewor ci làkku Yawut yi; Gereg yi ñoo koy wax Bosor.

11 Gannaaw loolu lépp
dina seeye noonu nag,
nangeen góor-góorlu ci gëna
sellal seen nekkin te feddali
seen ragal Yàlla. 12 Te
it ngeen taxaw temm ci
séentu bésu Yàlla bi, te
waajal ñëwam. Su boobaa
asamaan yi dinañu lakk, ba
naaw ni pënd, te lu nekk ci
àddina dina lakk, ba seey
nib dóom. 13 Waaye nu ngi
séentu asamaan su bees ak
suuf su bees, fa njub dëkk,
ci ni ko Yàlla dige.

14 Kon nag samay soppe,
gannaaw yéena ngi séentu
loolu, góor-góorluleen, ngir
bu Kirist ñëwee, mu fekk
leen ci jàmm, ngeen baña
am benn gàkk mbaa sikk.
15 Te jàppleen ne muñug
sunu Boroom muccu nit la.
Sunu mbokk mi nu bëgg,
Pool, bind na leen ko, ci xel
mi ko Yàlla sol. 16 Noonu lay
waxe ciy bataaxalam yépp
di ci biral lii. Am na ci sax yu
jafee xam, te ñi amul xam-
xam te seen ngëm dëgërul
di ko walbati, ba alag seen
bopp, te loolu lañuy def ci
Mbind yi ci des.

17 Noonu yéen samay
xarit, gannaaw xam ngeen
loolu ba noppi, moytuleen
ñi weddi fàbbi leen ci
seen réer, ba yolomal seen
wàkkirlu ci Yàlla. 18 Waaye
màggleen ci yiwu sunu
Boroom ak Musalkat Yeesu
Kirist, te sax ci xam ko; moo
yelloo ndam fii ba fàww.

# Bataaxal bu jëkk bi Yàlla may YOWAANA, mu bind ko

*Kàddug dund gi*

1 Nu ngi leen di bind ci
mbirum ki ñuy wax Kàddug
dund, moom mi amoon ca
njàlbéen ga; mi nu dégg te
gis ko ak sunuy bët, mi nu
xool te laal ko ak sunuy loxo.
2 Dund feeñ na, te gis nanu
ko; te moom lanuy seedeel,
di leen yégal dund gu dul
jeex, googu nekkoon ci wetu
Yàlla Baay bi te feeñu nu.

3 Li nu gis te dégg ko, nu
ngi leen koy yégal, ngir yéen
itam ngeen bokk ak nun.
Te dëgg-dëgg bokk nanu ci
Baay bi ak Doomam, Yeesu
Kirist. 4 Nu ngi leen di bind
yëf yii, ngir sunu mbég mat
sëkk, nun ñépp.

*Yàlla Aji Leer ji*

5 Xibaar bi nu dégg ci
Yeesu Kirist, di leen ko
yégal, mooy lii: Yàlla Leer
la, te genn lëndëm nekkul
ci moom. 6 Su nu waxee
ne bokk nanu ci moom, tey
dox ci lëndëm, danuy fen
ci sunuy wax ak sunuy jëf.
7 Waaye bu nuy dox ci leer,
ni mu nekke moom ci bop-
pam ci leer, kon bokk nanu
ci sunu biir, te deretu Yeesu
Doomam dina nu sellal ci
bépp bàkkaar.

8 Su nu waxee ne amunu
bàkkaar, kon nax nanu sunu
bopp, te dëgg nekkul ci
nun. 9 Su nu nangoo sunuy
bàkkaar ci kanamam, fekk
kuy sàmm kóllëre la te jub,
ngir baal nu sunuy bàkkaar
te sellal nu ci lépp lu jubadi.
10 Su nu waxee ne defunu
bàkkaar, teg nanu ko kuy
tebbi waxam, te kàddoom
duggagul ci sunu xol.

## 2

1 Samay doom, maa ngi
leen di bind yëf yii, ngir
ngeen baña def bàkkaar.
Waaye su kenn defee
bàkkaar, ba tey am nanu
ku nuy rammu ci Baay bi,
mooy Yeesu Kirist mu jub
mi. 2 Te moo joxe bakkanam,
ngir dindi sunuy bàkkaar, te
du sax sunuy bàkkaar rekk,
waaye yu àddina sépp.

*Ndigal lu bees li*

3 Ci lii lanu xame ne xam
nanu ko: sàmm ay ndi-
galam. 4 Ku wax ne xam
nga ko, te sàmmoo ay ndi-
galam, dangay fen, te dëgg
nekkul ci yaw. 5 Kuy sàmm
kàddug Yàlla, dëgg-dëgg sa
mbëggeel ci Yàlla mat na
sëkk. Ci loolu lanu xame ne
nekk nanu ci moom. 6 Ku
wax ne ci Yàlla nga sax,
fàww nga dund, ni Yeesu
Kirist daan dunde moom ci
boppam.

7 Samay soppe, li ma leen
di bind du ndigal lu bees,
waaye ndigal lu yàgg la;
la ngeen jotoon ca ndoorte
la. Te ndigal lu yàgg
loolu, mooy kàddu gi ngeen
déggoon. 8 Teewul ndigal
lu bees laa leen di bind, lu
amoon ci dundu Yeesu, te

am it ci seen dund; ndaxte
lëndëm gaa ngi wéy, te leer
gu wóor gi fenk na xaat.
9 Ku wax ne yaa ngi ci leer,
tey bañ sa mbokk, yaa ngi
ci lëndëm ba tey. 10 Kuy
sopp sa mbokk, yaa ngi dëkk
ci leer, te luy yóbbe nit
bàkkaar du nekk ci yaw.
11 Waaye kuy bañ sa mbokk,
ci lëndëm nga nekk, di ci
dox, te xamoo foo jëm, ndax
lëndëm muur na say bët.

12 Samay doom, maa ngi leen di bind,
ndax baalees na leen seeni bàkkaar ci turu Kirist.
13 Maa ngi leen di bind, yéen baay yi,
ndax xam ngeen ki nekkoon ca njàlbéen ga ba tey.
Maa ngi leen di bind, yéen waxambaane yi,
ndax daaneel ngeen Ibliis.
14 Bind naa leen, samay doom,
ndax xam ngeen Yàlla Baay bi.
Bind naa leen, yéen baay yi,
ndax xam ngeen ki nekkoon ca njàlbéen ga ba tey.
Bind naa leen, yéen waxambaane yi,
ndax yéena ngi dëgër,
ndax kàddug Yàllaa ngi dëkk ci yéen,
te daaneel ngeen Ibliis.

*Buleen sopp àddina*

15 Buleen sopp àddina ak
li ci biiram. Ku sopp àddina,
mbëggeelu Baay bi nekkul
ci moom. 16 Ndaxte lépp lu
nekk ci àddina, maanaam
bëgg-bëggu yaram ak xem-
memu bët ak réyug àddina,
loolu du jóge ci Baay bi
waaye ci àddina. 17 Te
àddina day wéy, waaye kuy
def coobarey Yàlla dinga sax
ba fàww.

*Bañaaleb Kirist*

18 Samay doom, waxtu wu
mujj wi jot na! Dégg
ngeen ne benn Bañaaleb
Kirist dina ñëw; te dëgg
la, bañaaley Kirist yu bare
feeñ nañu. Ci loolu lanu
xame ne waxtu wu mujj
wi jot na. 19 Ci sunu biir
lañu jóge, waaye bokkuñu
woon ci nun; ndaxte su
ñu bokkoon ci nun, kon di-
nañu des ci nun. Waaye
dàggeeku nañu nu, ngir mu
leer ne kenn ci ñoom bokkul
woon ci nun.
20 Yéen nag, Aji Sell ji
sol na leen Xelam, te yéen
ñépp am ngeen xam-xam.
21 Bind naa leen, du ndax
xamuleen dëgg, waaye ndax
xam ngeen ko, xam it ne
wenn fen du jóge ci dëgg.
22 Kan mooy fenkat bi? Mooy
kiy weddi ne Yeesu mooy
Kirist, Almasi bi. Kooka
mooy Bañaaleb Kirist, biy
weddi Baay bi ak Doom ji.
23 Ku weddi Doom ji, amu-
loo itam Baay bi; ku seedeel
Doom ji, am nga it Baay bi.
24 Yéen nag, la ngeen
déggoon ca ndoorte la, na
sax ci yéen. Loolu ngeen
déggoon ca ndoorte la, su
saxee ci yéen, dingeen sax
yéen itam ci Doom ji ak ci
Baay bi. 25 Te li mu nu
digoon mooy lii: dund gu dul
jeex.
26 Bind naa leen lii ci
mbirum ñi leen di bëgga

réeral. [27] Yéen nag, Xel mi
leen Kirist sol a ngi dëkk ci
yéen, te soxlawuleen kenn
jàngal leen dara. Waaye Xel
mi mu leen sol, mi ngi leen
di jàngal lépp, te li mu leen
di jàngal mooy dëgg; kon
nag saxleen ci moom, ni mu
leen ko jàngle.

### *Doomi Yàlla yi*

[28] Gannaaw loolu nag
yéen samay doom, saxleen
ci Kirist, ngir bés bu feeñee,
nu am kóolute ci kanamam
te baña rus ba sëngéem cig
dikkam. [29] Gannaaw xam
ngeen ne ku jub la, dingeen
xam it ne, képp kuy def lu
jub juddu nga ci moom.

## 3

[1] Xool-leen mbëggeel gi
nu Baay bi jox, ni mu réye,
ba nu mana tudd doomi
Yàlla. Te moom lanu. Moo
tax àddina xamu nu, ndaxte
xamu ko woon, moom itam.
[2] Samay soppe, léegi doomi
Yàlla lanu, te li nu nara
nekki feeñagul, waaye xam
nanu ne bés bu Almasi
bi feeñee, dinanu nirook
moom, ndaxte dinanu ko gis,
na mu mel. [3] Te képp ku
am yaakaar jooju ci moom,
dinga sellal sa bopp, ni mu
selle moom.

[4] Ku def bàkkaar, jàdd nga
yoon; ndaxte bàkkaar mooy
jàdd yoon. [5] Te xam ngeen
ne Yeesu Kirist feeñ na, ngir
dindi bàkkaar yi, te moom
amul benn bàkkaar. [6] Képp
ku sax ci moom, doo sax ci
bàkkaar; kuy def bàkkaar,
gisuloo ko te xamuloo ko.

[7] Samay doom, bu leen
kenn nax! Kuy def lu jub,
ku jub nga, ni Kirist jube
moom ci boppam. [8] Kuy
def bàkkaar, ci Seytaane
nga bokk, ndax Seytaane
ca njàlbéen ga ba tey day
bàkkaar. Te Doomu Yàlla
ji ñëw na, ngir nasaxal jëfi
Seytaane. [9] Ku juddu ci Yàlla
doo def bàkkaar, ndax Yàlla
sol na la jikkoom, te doo
mana sax ci bàkkaar, ndax
juddu nga ci Yàlla. [10] Lii
mooy ràññale doomi Yàlla
ak doomi Seytaane: képp
ku dul def lu jub bokkoo ci
Yàlla; naka noonu itam ku
soppul sa mbokk bokkoo ci
Yàlla.

### *Bëgganteleen*

[11] Ndaxte xibaar, bi ngeen
déggoon ca ndoorte la,
mooy lii: nanu bëggante,
[12] te baña mel ni Kayin, mi
bokkoon ci Ibliis, ba rey
rakkam. Lu tax mu rey ko
nag? Ndaxte ay jëfam dañoo
bon, te yu rakkam jub.

[13] Bokk yi, bu leen àddina
bañee, buleen ci jaaxle.
[14] Mbëggeel gi nu bëgg
sunuy bokk, moo nuy xamal
ne jóge nanu ci dee, tàbbi ci
dund. Ku bëggul sa mbokk,
yaa ngi ci dee ba tey. [15] Képp
ku bañ sa mbokk, reykat
nga; te xam ngeen ne, ku rey
nit amuloo dund gu dul jeex.

[16] Ci lii lanuy xàmmee
luy mbëggeel: Kirist joxe
na bakkanam ngir nun; te
nun itam war nanoo joxe
sunu bakkan ngir sunuy
bokk. [17] Waaye ku am alalu
àddina te gis sa mbokk nekk

ci soxla, nga dummóoyu
ko, nan la mbëggeelu Yàlla
dëkke ci yaw? 18 Samay
doom, bunu bëggante ci
wax mbaa ci làmmiñ rekk,
waaye ci jëf ak ci dëgg.

### *Kóolute ci kanam Yàlla*

19-20 Ci loolu lanu xame ne
nu ngi ci dëgg; te waxtu
wu sunu xol di xeex ak
nun, dinanu ko dalal ci kana-
mam, ndaxte Yàllaa ëpp
sunu xol te xam na lépp.
21 Samay soppe, bu nu sunu
xol daanul, kon man nanoo
jege Yàlla ak kóolute. 22 Te
lépp lu nu koy ñaan, dinanu
ko jot ci moom, ndaxte nu
ngi sàmm ay ndigalam, di
def lu ko neex. 23 Ndigalam
mooy lii: nu gëm turu
Doomam, Yeesu Kirist, tey
bëggante, ni mu nu ko di-
gale. 24 Kuy sàmm ndigalu
Yàlla, dinga sax ci moom,
mu dëkk ci yaw. Te Xel mi
mu nu jox, moo nuy xamal
ne dëkk na ci nun.

## 4

### *Xel miy dëgg ak xelu Bañaaleb Kirist*

1 Samay soppe, buleen
gëm xel mu nekk, waaye nat-
tuleen xel yi, ba xam ndax ci
Yàlla lañu jóge walla déet,
ndaxte naaféq yu bare yu
mbubboo turu yonent jóg
nañu, tasaaroo ci àddina
si. 2 Ci lii lanu xàmmee
Xelum Yàlla: mépp xel mu
nangu ne, Yeesu Kirist ñëw
na, nekk nit, ci Yàlla la
bokk. 3 Waaye mépp xel
mu nanguwul Yeesu, bokkul
ci Yàlla. Xel moomu mooy
xelum Bañaaleb Kirist, mi
ngeen déggoon ne dina ñëw,
te léegi sax mu ngi ci biir
àddina.

4 Yéen samay doom, ci
Yàlla ngeen bokk, te daan
ngeen yonent yu naaféq
yooyu, ndaxte ki nekk ci
yéen moo ëpp doole ki nekk
ci àddina. 5 Ñoom ci àddina
lañu bokk; moo tax ñuy wax
waxi àddina, te àddina di
leen déglu. 6 Nun nag ci
Yàlla lanu bokk. Ku xam
Yàlla dinga nu déglu; ku
bokkul ci Yàlla doo nu déglu.
Ci loolu lanuy xàmmee Xel
miy dëgg ak xel mi dul dëgg.

### *Yàlla mbëggeel la*

7 Samay soppe, nanu
bëggante, ndax mbëggeel
ci Yàlla la bawoo; képp
ku bëgg sa mbokk nag, ci
Yàlla nga juddoo, te xam
nga Yàlla. 8 Ku bëggul sa
mbokk, xamuloo Yàlla, ndax
Yàlla mbëggeel la. 9 Nii la
Yàlla wonee mbëggeelam ci
nun; yónni na ci àddina jenn
Doomam ji mu am kepp, ngir
nu am dund ci moom. 10 Lii
mooy mbëggeel, du sunu
mbëggeel ci Yàlla, waaye
mbëggeelam ci nun, ba mu
yónni Doomam, mu joxe
bakkanam, ngir dindi sunuy
bàkkaar.

11 Samay soppe, bu nu
Yàlla bëggee nii, nun
itam war nanoo bëggante.
12 Kenn masula gis Yàlla,
waaye bu nu bëggantee,
Yàllaa ngi dëkk ci nun te
mbëggeelam mat na sëkk
ci nun.

13 Ci lii lanuy xame ne
sax nanu ci Yàlla, te moom
itam dëkk na ci nun: sol
na nu Xelam. 14 Te nun gis
nanu te seede ne, Baay bi
yónni na Doom ji, mu nekk
Musalkatu àddina. 15 Képp
ku nangu ne, Yeesu Doomu
Yàlla la, Yàlla dëkk na ci
yaw, te yaw it sax nga ci
Yàlla. 16 Mbëggeel gi Yàlla
am ci nun, xam nanu ko te
gëm ko.

Yàlla mbëggeel la, te képp
ku sax ci mbëggeel, yaa ngi
sax ci Yàlla, mu dëkk ci yaw.
17 Ni Kirist mel, noonu lanu
mel nun itam ci àddina. Ci
loolu la mbëggeel mate sëkk
ci nun, ngir nu am kóolute
bésu àtte ba. 18 Genn ragal
amul ci mbëggeel, waaye
mbëggeel gu mat sëkk day
dàq ragal. Ndaxte ragal day
ànd ak mbugal; te ku ra-
gal, mbëggeel matul sëkk ci
yaw.

19 Danuy wéy ci
mbëggeel, ndax moo nu
jëkka bëgg. 20 Su kenn
nee: «Bëgg naa Yàlla,» te
bëgguloo sa mbokk, dangay
fen; ndaxte ku bëggul sa
mbokk mi ngay gis, doo
mana bëgg Yàlla mi nga
gisul. 21 Te jox na nu ndigal
lii: ku bëgg Yàlla, nga bëgg
sa mbokk.

# 5

*Ku gëm day not àddina*

1 Képp ku gëm ne Yeesu
mooy Almasi bi, juddu nga
ci Yàlla; te ku bëgg waa-
jur, dinga bëgg itam ki
mu jur. 2 Xam nanu ne
bëgg nanu doomi Yàlla yi
ci lii: bëgg Yàlla tey sàmm
ay ndigalam. 3 Ndaxte
mbëggeel ci Yàlla mooy
sàmm ay ndigalam; te ay
ndigalam diisuñu. 4 Ndaxte
képp ku juddu ci Yàlla day
not àddina; te li nuy note
àddina mooy sunu ngëm.
5 Ku not àddina mooy kan?
Mooy ki gëm ne Yeesu mooy
Doomu Yàlla.

*Li ñu seede ci Yeesu Kirist*

6 Yeesu Kirist mooy ki ñëw,
jaar ci ndox ak deret; du
ci ndox rekk, waaye ndox
ak deret. Te Xelu Yàlla mi
moo koy seedeel, ndax Xel
mi mooy dëgg. 7 Ndaxte
am na ñetti seede: 8 Xel
mi, ndox ak deret, te ñoom
ñett ñépp, ñoo bokk benn
baat. 9 Seedes nit, dinanu
ko nangu, waaye seedes
Yàlla moo gëna wóor, ndax
boobu seede mooy li Yàlla
seede ci Doomam. 10 Ku
gëm Doomu Yàlla ji, am
nga seede boobu ci sa xol.
Ku gëmul Yàlla, teg nga
ko kuy tebbi waxam ndaxte
gëmuloo li Yàlla seede ci
Doomam. 11 Te seede si
mooy lii: Yàlla jox na nu
dund gu dul jeex, te dund
googoo ngi ci Doomam. 12 Ku
am Doom ji, am nga dund;
ku amul Doomu Yàlla, amu-
loo dund.

*Dund gu dul jeex*

13 Maa ngi leen di bind yëf
yii, yéen ñi gëm turu Doomu
Yàlla ji, ngir ngeen xam ne
am ngeen dund gu dul jeex.
14 Kóolute gi nu am ci kanam
Yàlla mooy lii: su nu ko

ñaanee dara ci coobareem,
dina nu nangul. 15 Gannaaw
xam nañu ne dina nangu
lépp lu nu koy ñaan, xam
nanu it ne li nu ko ñaan, jox
na nu ko.
16 Ku gis mbokkam, muy
def bàkkaar bu jarul dee, na
ko ñaanal, te Yàlla dina ko
may dund. Ku def bàkkaar
bu jarul dee laa wax. Ndaxte
am na bàkkaar bu jar dee;
boobu taxul may wax, mu
ñaanal ko. 17 Gépp jubadi
bàkkaar la, waaye am na
bàkkaar bu jarul dee.
18 Xam nanu ne képp
ku juddu ci Yàlla doo sax
ci bàkkaar, waaye Doomu
Yàlla ji mooy wottu sa
bakkan, ba Ibliis du la manal
dara. 19 Nun nag xam nanu
ne nu ngi ci Yàlla, te àddina
sépp a ngi tëdd ci loxoy
Ibliis.
20 Xam nanu ne Doomu
Yàlla ji ñëw na te may na
nu xel, ba nu mana xam Aji
Wóor ji. Te nu ngi ci Aji
Wóor ji ak ci Doomam Yeesu
Kirist. Kooku mooy Yàlla
ju wóor, ji yor dund gu dul
jeex.
21 Samay doom, wottuleen
seen bopp ciy xërëm.

# Ñaareelu bataaxal bi Yàlla may YOWAANA, mu bind ko

1 Man njiit li maa leen di
bind, yaw soxna su tedd si,
yaw ak say doom. Bëgg
naa leen bu wér ci sama
xol, jéllale naa sama bopp
sax, waaye itam képp ku
xam dëgg gi. 2 Te dëgg
gee tax nuy def noonu, dëgg
gi dëkk ci nun, tey ànd ak
nun ba fàww. 3 Yàlla Baay
bi ak Yeesu Kirist, Doomu
Baay bi, dinañu nu may yiw,
yërmande ak jàmm, ànd ak
dëgg ak mbëggeel.

*Dund ci dëgg ak mbëggeel*

4 Gis naa ci say doom, ñuy
jaar ci tànki dëgg, ni nu ko
Baay bi digale, te bég naa
ci lool. 5 Léegi nag soxna
si, maa ngi lay dénk lii:
nun ñépp nanu bëggante, te
loolu du dénkaane bu bees,
waaye moom lanu jotoon ca
njàlbéen ga. 6 Lii mooy
mbëggeel: nu wéer sunug
dund ci ndigali Yàlla; loolu
mooy ndigalam, la nu jotoon
ca njàlbéen ga, te ci lanu
wara jaar.

7 Maa ngi wax loolu nag,
ndaxte am na ñuy sànke
ñu bare, ñu tasaaroo ci
àddina, te nanguwuñu ne
Yeesu Kirist wàcc na, nekk
nit. Kooku aji sànke la,
di Bañaaleb Kirist. 8 Kon
moytuleen, ngir baña ñàkk
seen añub coono, waaye
ngeen am yool bu mat
sëkk. 9 Képp ku saxul ci
dénkaaney Kirist, xanaa di
ko weesu, bokkul ci Yàlla; ku
sax ci dénkaane yi, bokk nga
ak Baay bi ak Doom ji. 10 Ku
ñëw fi yaw, te indaalewul
dénkaane yooyu, waxuma
nga bañ koo teeru rekk,
waaye bu ko nuyu sax.
11 Ku ko nuyu, bokk nga ciy
ñaawteefam.

12 Bëggoon naa leena
wax lu bare ci bataaxal bii,
waaye lépp xajul ci kayit.
Kon nag fas naa yéenee ñëw,
ba jàkkaarlook yéen, nu
waxtaan ci, ngir sunu mbég
mat sëkk. 13 Say doomi
rakk, ji Yàlla tànn, ñu ngi
lay nuyu.

# Ñetteelu bataaxal bi Yàlla may YOWAANA, mu bind ko

1 Man njiit li, maa ngi lay
bind, yaw sama xarit Gayus,
mi ma bëgg ci sama xol.

2 Sama soppe, maa ngi
ñaan, Yàlla may la jàmm ci
lépp, ànd ak wér-gi-yaram,
ju mel ni sa naataangeg xol.
3 Sunuy bokk ñëw nañu te
seede ni nga fonke dëgg gi,
ba wéer ci sa dund gépp,
te bég naa ci lool. 4 Awma
mbég mu ëpp lii: ma dégg
ne samay doomi diine ñu
ngiy jaar ci tànki dëgg.

*Ñi ànd ci liggéey bi ak ñi ci àndul*

5 Yaw sama xarit, sa
takkute fés na ci teeru
bi ngay teeru bokk yi, te
fekk xamoo leen. 6 Seedeel
nañu sa mbëggeel fi kanam
mbooloom ñi gëm. Taxawu
leen nag ci seen yoon
taxawu gu neex Yàlla.
7 Ndaxte turu Kirist la leen
taxa jóg, te sàkkuwuñu
daray ku gëmul. 8 Nun nag
fàww nu teeru ñu mel ni
ñoom, ngir nu ànd ak ñoom
liggéeyal dëgg.

9 Bind naa mbooloo mi
bataaxal, waaye Joteref, mi
bëgg not ñépp, du dégg
sunu ndigal. 10 Kon nag su
ma ñëwee, dinaa fàttali li
mu def lépp, ci di nu sosal
ci kàdduy neen yu ñaaw.
Yemu foofu sax, waaye nan-
guwula teeru bokk yi, rax-
ca-dolli ku leen bëgga teeru,
mu gàllankoor ko, dàq ko ci
mbooloo mi.
11 Sama xarit, bul roy lu
bon, waaye lu baax rekk.
Kuy def lu baax, ci Yàlla nga
bokk; kuy def lu bon, xamoo
dara ci Yàlla.
12 Naka Demetirus nag,
ñépp seedeel nañu ko lu
baax, te dëgg gi ci moom sax
seedeel na ko ko. Nun itam
seedeel nanu ko te wóor na
ma ne sunu seede dëgg la.
13 Am na lu bare lu ma la
bëggoona wax, waaye lépp
xajul ci kayit. 14 Kon yaakaar
naa laa seetsi balaa yàgg,
jàkkaarlook yaw, nu wax-
taan ci.
15 Yal na jàmm ànd ak
yaw. Xarit yi yépp ñu ngi lay
nuyu. Nuyul nu sunuy xarit,
kenn ku nekk ci turam.

# Bataaxal bi Yàlla may YUDD, mu bind ko

1 Man Yudd, jaamu Yeesu
Kirist, mi bokk ak Saag ndey
ak baay, maa leen di bind,
yéen ñi Yàlla Baay bi woo
te bëgg leen, te Yeesu Kirist
aar leen. 2 Na leen Yàlla
may yërmande, jàmm ak
mbëggeel.

*Bàkkaaru ñi weddi Yàlla ak seen muj*

3 Samay bokk, bëggoon
naa leena bind lool ci
mbirum mucc gi nu bokk,
waaye lii moo gëna jamp:
ma xiir leen, ngeen taxaw ci
aar mboolem dëgg, gi Yàlla
xasa dénk gaayam yu sell
yi ba fàww. 4 Ndaxte am
na ay nit ñu ñeme Yàlla,
ñu yoxoosu ci seen biir;
dañuy mbubboo yiwu Yàlla,
ngir topp seen bakkan, di
ci weddi Buur Yàlla miy
kenn ak sunu Boroom Yeesu
Kirist. Fekk Mbind mi tëral
na seen àtte bu yàgg.
5 Xam ngeen loolu lépp
ba noppi sax, waaye dama
leen koy fàttali rekk. Xam
ngeen ne Boroom bi musal
na xeetam, ba génne leen
réewu Misra, waaye gan-
naaw ba raafal na ñi gëmul
woon. 6 Te it malaaka
ya jàppul woon ca daraja
ja ñu amoon, xanaa toxoo
fa ñu leen dëëloon, Yàlla
yeew na leen buum yu sax,
tëj leen ci biir lëndëm, di
leen nége àtteb bés bu mag
ba. 7 Noonu itam dëkki
Sodom ak Gomor ak dëkk ya
leen wëroon, dañoo sóobu
ci njaaloo ak di def ay góor-
jigéen, waaye àtte bi dal
na ci seen kaw, ba ñuy ay
tegtal ci ñiy yelloo sawara ba
fàww.

8 Naka noonu itam géntkat
yooyu may wax ñu ngi
sobeel seen yaram, di weddi
gépp kilifteef, di xas doole
yi ci asamaan. 9 Waaye
bi Mikayel, miy kilifa ci
malaaka yi, di xëccook Sey-
taane néewu Musaa, bay xu-
loo ak moom, ñemewu koo
àtte, boole ciy xas; mu yem
ci wax ko ne: «Na la Boroom
bi mbugal!» 10 Waaye nit
ñii may wax, dañuy saaga li
ñu xamul. Te li ñu xam ci
tañaxu sax, ni bàyyima yu
amul xel, dañu ci yàq seen
bopp.

11 Ñookay torox! Dañoo
jaar ci yoonu Kayin, sóobu
ci réerug Balaam ngir xaalis,
di bañ kilifteef ni Kore, te
dinañu dee ni moom. 12 Su
ñu bokkee ak yéen reeru
mbooloo mi, dañu ciy indi
ay, niy xeer yu nëbbu ci biir
géej; amuñu genn gàcce,
waaye dañuy giiroo te fonk
seen biir rekk. Ñu ngi
mel ni xiin yu amul ndox,
yuy naaxsaay ci ngelaw; ni
garab yu meññul ci jamonoy
meññeef, te buddeeku, dee
ba wow koŋŋ; 13 mel ni du-
usi géej gu mer, yuy gëq jëf
yu ruslu; niy biddiiw yuy
fàq, te Yàlla dencal na leen
lëndëm ga gëna tar ba fàww.

14 Enog, di juróom
ñaareelu maam gannaaw
Aadama, waxoon na ci
kàddug Yàlla, ba weer leen
ne: «Boroom bi wàcce na ca
asamaan, ànd ak ay junniy
junniy malaakaam, 15 ngir
àtte ñépp, te mbugal ñi
weddi ñépp ndax ñaawteef,
yi ñu jëf ci ñeme Yàlla;
di leen fàttali it kàddu yu
ñaaw, yi ñu ko tifaar ci seeni
bàkkaar ak seen weddi.»
16 Duñu noppee xultu, di
jàmbat seen nekkin, tey topp
seen nafsu; ay wax yu réy
a ngi ball ci seen làmmiñ,
waaye dañuy jay ñi ñuy
yaakaare njariñ.

*Góor-góorluleen*

17 Waaye yéen samay
xarit, fàttalikuleen la leen
ndawi sunu Boroom Yeesu
Kirist waxoon lu jiitu, 18 ne
leen: «Mujug jamono ay
tiiñalkat dinañu feeñ, ñuy
weddi Yàlla, ngir topp
seen bakkan.» 19 Ñooy
féewale, te Xelum Yàlla
nekkul ci ñoom; nit kese
lañu. 20 Waaye yéen samay
xarit, doolewuleen ci seen
yoonu ngëm wu sell, tey
ñaan ci dooley Xel mu Sell
mi, 21 ba saxoo mbëggeelu
Yàlla, tey séentu yërmandey
sunu Boroom Yeesu Kirist,
mu tàbbal leen ci dund gu
dul jeex. 22 Jubbantileen ñi
am werantey xel, 23 ngeen
musal ñale, jële leen ci
sawara, te yërëm ñeneen ñi,
waaye boole ci moytu, ba sib
sax seen yére yi taq sobe.

*Yàlla moo yelloo ndam*

24 Yàlla mi leen mana aar
ci gépp jeng te teewal leen
fa kanam ndamam, ngeen
ñàkk sikk te fees dell ak
mbég; 25 Yàlla miy kenn, di
sunu Musalkat, yal na yelloo
ndam ak màgg, kàttan ak
nguur, jaar ci Yeesu Kirist
sunu Boroom, démb, tey,
ëllëg ba fàww! Amiin.

# Mbir yi wara ñëw, te Yeesu Kirist won ko Yowaana ci biir PEEÑU

*Ubbite gi*

[1] Lii mooy li Yeesu Kirist
feeñal, te mu tukkee ca
Yàlla, ngir mu won ay jaa-
mam mbir, yi dëgmël di
ñëw. Yónni na malaakaam,
ngir xamal ko ab jaamam
Yowaana. [2] Kooku mi ngi
seede fii li mu gis lépp,
maanaam kàddug Yàlla ak
seede, si ñu seedeel Yeesu
Kirist. [3] Barkeel ngeen, yaw
miy jàng ak yéen ñiy déglu
wax yii jóge ca Yàlla, te di
sàmm li ñu ci bind, ndaxte
waxtu wi jege na.

*Nuyoo bi jëm ci juróom ñaari mboolooy ñi gëm*

[4] Man Yowaana maa leen
di bind, yéen juróom ñaari
mboolooy ñi gëm te nekk ci
diiwaanu Asi. Na yiw ak
jàmm féete ci yéen, jóge
ci Yàlla, moom ki nekk, ki
nekkoon démb te di ñëw
ëllëg. Yiw woowu ak jàmm
jooju ñoo ngi tukkee it ci
juróom ñaari Xeli Yàlla, yi
nekk ci kanam gàngunem
Yàlla*, [5-6] tukkee it ci Yeesu
Kirist, seede bu takku bi,
moom taaw bi, maanaam ki
jëkka dekki, di buuru buur
yi ci kaw suuf yépp.
Na ndam ak nguur féete
ak Yeesu Kirist ba fàww,
moom mi nu bëgg te yiwi
nu ci sunuy bàkkaar ak
deretam ji tuuru, te def nu
askanu sarxalkati Buur Yàlla
Baayam, nu di ko jaamu.
Amiin.
[7] Gisleen, mi ngi ñëw ci niir
yi,
te ñépp dinañu teg seeni bët
ci moom,
ba ci ñi ko jam sax.
Te xeet yi nekk ci kaw
suuf yépp dinañu jooy
ndax moom.
Waaw. Amiin.
[8] Boroom bi Yàlla nee na:
«Man Yàlla maay Alfa di
Omega, Maay ki Nekk, di ki
nekkoon démb, di kiy ñëw
ëllëg, man Aji Man ji.»

*Yowaana am na peeñu ca dunu Patmos*

[9] Man Yowaana seen
mbokk, di seen nawle ci
fitna, ci nguur ak ci muñ,
yi nu am ndax sunu booloo
ak Yeesu, maa nga nekkoon
ca dun bu ñuy wax Patmos.
Wacce woon nañu ma fa,
ndax li ma doon waare
kàddug Yàlla tey seedeel
Yeesu. [10] Xelum Yàlla solu
ma ci bésu Boroom bi, te
noonu ma dégg ci sama
gannaaw baat bu xumb nig
liit, [11] naan: «Bindal ci téere
li ngay gis te yónnee ko
juróom ñaari mboolooy ñi
gëm, ca dëkki Efes, Samirin,
Pergam, Catir, Sàrd, Filadelfi
ak Lawdise.»
[12] Noonu ma geestu, ngir
seet ku doon wax ak man.
Ba ma geestoo, yem ci

* **1:4** gàngune ma mooy fa buur biy toog.

juróom ñaari tegukaayu
làmp yu wurus, [13] gis ku
taxaw ci biir tegukaayu
ya, niroo ak doomu nit.
Mu sol mbubb mu gudd,
takk ngañaayu wurus ci
ndiggam. [14] Boppam ak
kawaram weex tàll ni
perkaal, ay bëtam di xuyy
ni sawara. [15] Ay tànkam mel
ni xànjar bu yànj bu ñu xelli,
baatam di riir ni duusi géej.
[16] Mu yor ci loxol ndijooram
juróom ñaari biddiiw, jaasiy
ñaari boor yu ñaw di génn ci
gémmiñam, xar kanamam
leer nàññ ni jantub njolloor.

[17] Naka laa ko gis, di daanu
ci ay tànkam ni ku dee.
Waaye mu teg loxol ndi-
jooram ci sama kaw ne ma:
«Bul ragal dara. Maay ki
jëkk te maay mujj. [18] Maay
Kiy Dund. Dee woon naa,
waaye maa ngii di dund
ba fàww, yor caabiy dee
ak ju barsàq. [19] Kon nag
bindal li nga gis, li am léegi
ak li nara ami gannaaw
gi. [20] Juróom ñaari bid-
diiw yi nga gis ci sama loxol
ndijoor, ak juróom ñaari
tegukaayu làmp yu wurus yi,
ay mbóoti Yàlla lañu te lii
lañuy tekki: biddiiw yi ñoo
di malaakay† juróom ñaari
mboolooy ñi gëm; juróom
ñaari tegukaayu làmp yi ñoo
di juróom ñaari mbooloo yi.

# 2

### *Bataaxal bi ñu yónnee waa Efes*

[1] «Bindal malaakam
mbooloom ñi gëm ci dëkku
Efes, ne ko:

Ki téye juróom ñaari
biddiiw yi ci loxol ndi-
jooram, tey dox ci diggu
juróom ñaari tegukaayu
làmp yu wurus yi nee
na: [2] Xam naa say jëf, sa
liggéey ak sag muñ. Xam
naa ne manuloo dékku ñiy
def lu bon. Seetlu nga
ñi tuddoo samay ndaw,
ba gis ne ay naaféq lañu.
[3] Xam naa it ne muñ
nga, ba dékku coono ndax
sama tur, te xàddiwoo.

[4] Waaye li ma naqari ci
yaw moo di sa mbëggeel
wàññiku na. [5] Deel
fàttaliku kon fa nga
daanoo. Réccul te def,
na nga daan def bu jëkk.
Soo réccuwul, dinaa dikk
ci yaw, jële sa tegukaayu
làmp ca bérab ba mu
nekk. [6] Waaye lii neex na
ma ci yaw: sib nga ni man
li ñoom Nikolas di jëf.

[7] Yaw mi am ay nopp,
déglul li Xelum Yàlla di
wax mboolooy ñi gëm. Ku
daan, dinaa la may, nga
lekk ci garabu dund, gi
nekk ci jataayu Yàlla.

### *Bataaxal bi ñu yónnee waa Samirin*

[8] «Bindal malaakam
mbooloom ñi gëm ci dëkku
Samirin, ne ko:

Ki jëkk te mujj, ki dee
woon te dekki nee na:
[9] Xam naa sa coono, xam
it sa néew doole, moona
yaaka duunle. Ñooñu

† **1:20** malaaka man na tekki it «ndaw li».

tuddoo Yawut, xam naa ñaawteef yi ñu teg ci sa der: ndajem Seytaane la.
10 Bul ragal li nga nara daj. Seytaane dina dugal kaso ñenn ci yéen, ngir wut leena fiir. Diirub fukki fan dingeen am coono. Nanga takku ba àttan cee dee, ma jox la kaalag dund gi.
11 Yaw mi am ay nopp, déglul li Xelum Yàlla di wax mboolooy ñi gëm. Ku daan, doo loru ci ñaareelu dee.

*Bataaxal bi ñu yónnee waa Pergam*

12 «Bindal malaakam mbooloom ñi gëm ci dëkku Pergam, ne ko:
Boroom jaasi ju ñaw, ji am ñaari boor nee na:
13 Xam naa fa nga dëkk, di fa Seytaane samp nguuram. Moona jébbalu nga ci sama tur te weddiwoo sa ngëm ci man, ba ca fan ya ñu reye Antipas, sama seede bu takku ba, ci seen dëkk, di dëkku Seytaane.
14 Waaye am na lu ma naqari ci yaw, moo di uuf nga foofu gaa yuy sàmm njànglem Balaam, moom mi jàngaloon Balag, mu sóob bànni Israyil ci bàkkaar, xiir leen ci lekk ñam wu ñu tuuroo xërëm yi, xiir leen ci njaaloo.
15 Te am nga noonu itam ay nit ñuy sàmm njànglem ñoom Nikolas.
16 Réccul kon; lu ko moy dinaa dikk ci yaw léegi te xeex ak nit ñooñu ak jaasi, jiy génn ci sama gémmiñ.
17 Yaw mi am ay nopp, déglul li Xelum Yàlla di wax mboolooy ñi gëm. Ku daan, dinaa la jox, nga lekk dund bi ñuy wax mànn te mu nëbbu, te dinaa la jox xeer wu weex. Ci kaw xeer woowu bindees na ci tur wu bees wu kenn xamul, ku dul ki ko jot.

*Bataaxal bi ñu yónnee waa Catir*

18 «Bindal malaakam mbooloom ñi gëm ci dëkku Catir, ne ko:
Doomu Yàlla ji, ki ay bëtam di xuyy ni sawara, tey tànkam di lerax ni xànjar, nee na:
19 Xam naa say jëf, sa mbëggeel, sa ngëm, sag muñ ak ni nga farloo ci sa jaamu Yàlla. Xam naa say jëf yu mujj, ni ñu ëppe yu jëkk ya.
20 Waaye li ma naqari ci yaw moo di dangaa bàyyi Yesabel, jigéen joojuy tuddoo yonent, di jàngle ak a réeral sama jaam yi, ngir ñuy sóobu ci njaaloo te di lekk ñam wu ñu tuuroo xërëm yi.
21 May naa ko ab diir, ngir mu tuub njaaloom, waaye bañ na.
22 Kon nag dinaa ko tëral ci lalu metit, te ñiy ànd ak moom di njaaloo, su ñu tuubul jëfi jigéen jooju, dinaa leen teg naqar wu mag.
23 Dinaa rey ay doomam, te mboolooy ñi gëm yépp dinañu xam ne man maa di kiy nattu xol ak xalaat, te dinaa fey ku nekk ay jëfam.
24 Waaye

yéen ñépp ñi des ci Catir te
toppuleen njàngle moomu
te gëstuwuleen loolu ñu
naan mbiri Seytaane yu
xóot yi, maa ngi leen di
wax ne duma leen yen
beneen yen 25 bu dul bii:
jàppleen ci li ngeen jàpp,
ba kera may ñëw.

26 Ku daan tey sax ci
samay jëf ba ca muj ga,
dinaa ko jox sañ-sañ ci
xeet yi:

27 Dina leen jiite ak yetu
weñ,
tojat leen ni ñuy toje ndaal
kew—

28 ni ma jële sañ-sañ ci
sama Baay. Dinaa ko jox
it biddiiwu njël. 29 Yaw
mi am ay nopp, déglul
li Xelum Yàlla di wax
mboolooy ñi gëm.

# 3

*Bataaxal bi ñu yónnee waa Sàrd*

1 «Bindal malaakam
mbooloom ñi gëm ci dëkku
Sàrd, ne ko:

Ki yor juróom ñaari Xeli
Yàlla yi ak juróom ñaari
biddiiw yi nee na: Xam
naa say jëf. Dañu laa
teg kuy dund, fekk dee
nga. 2 Yewwul te dëgëral
li des ci yaw tey waaja
dee, ndaxte gis naa ne
say jëf matuñu ca sama
kanam Yàlla. 3 Fàttalikul
kon kàddug Yàlla gi nga
jot, te dégg ko, sàmm ko
te réccu. Soo wéyee ciy
nelaw nag, dinaa ñëw nib
sàcc, te doo xam wan
waxtu lay doon.

4 Moona am nga foofu
ci Sàrd nit ñu néew ñoo
xam ne tilimaluñu seen
mbubb. Ñooñu dinañu
ànd ak man, sol lu weex,
ndaxte yeyoo nañu ko.
5 Ku daan, dinga sol
mbubb mu weex ni ñoom.
Duma far sa tur ci téereb
dund bi, waaye dinaa
nangu ci sama kanam
Baay ak ay malaakaam ne
bokk nga ci man. 6 Yaw
mi am ay nopp, déglul
li Xelum Yàlla di wax
mbooolooy ñi gëm.

*Bataaxal bi ñu yónnee waa Filadelfi*

7 «Bindal malaakam
mbooloom ñi gëm ci dëkku
Filadelfi, ne ko:

Aji Sell ji, di Aji Dëgg
ji nee na, moom mi yor
caabiy Daawuda ji, moom
miy tijji te kenn du ko
mana tëj, muy tëj te kenn
du ko tijji nee ne: 8 Xam
naa say jëf. Ubbil naa
la bunt, te kenn du ko
mana tëj. Xam naa ne
barewuloo doole, waaye
sàmm nga sama kàddu te
weddiwoo ma. 9 Dinaa
def ba ñenn ci ñi bokk
ci ndajem Seytaane —te
tuddoo Yawut, fekk dañuy
fen— dinaa leen ñëwloo,
ñu sukk ci sa kanam,
nangu ne bëgg naa la.
10 Gannaaw muñ nga, ni
ma la ko dénke woon,
man itam dinaa la yiir ci
jamono, ji musiba mi di
wàcc ci dunyaa bépp ngir
nattu waa àddina.

11 Léegi ma ñëw.
Sàmmal li nga yor, ngir

kenn bañ laa xañ sa kaalag
ndam. 12 Ku daan, dinaa
la samp ni aw jënu néeg
ci sama kër Yàlla te doo fa
génn mukk. Dinaa bind
ci yaw turu sama Yàlla
ak turu dëkku sama Yàlla,
mu di Yerusalem gu bees,
giy jóge ca asamaan ca
wetu sama Yàlla, di wàcc.
Dinaa bind it ci yaw sama
tur wu bees. 13 Yaw mi am
ay nopp, déglul li Xelum
Yàlla di wax mboolooy ñi
gëm.

*Bataaxal bi ñu yónnee waa Lawdise*

14 «Bindal malaakam
mbooloom ñi gëm ci dëkku
Lawdise, ne ko:

Ki ñuy wax Amiin ji,
di seede bu takku bi te
dëggu, ki di ndeyi bindu
mbindeefi Yàlla yi, nee
na: 15 Xam naa say jëf,
xam ne seddoo, tàngoo.
Manoon ngaa sedd mbaa
nga tàng, 16 waaye ndax li
nga nugg, tàngoo seddoo,
dinaa la yàbbi. 17 Yaa ngi
damu naan: “Am naa alal,
duunle naa, soxlaatuma
dara.” Fekk xamuloo ne
torox nga, miskin, ñàkk,
gumba te rafle. 18 Moo
tax maa ngi lay xiirtal, nga
jënd ci man wurus wu ñu
xellee ci sawara, ngir nga
duunle, te nga jënd yére
yu weex ngir nga solu, ba
sa gàcceg rafle baña feeñ,
ak tuufaay booy diw ci say
bët, ngir mana gis.

19 Man maay yedd, di
yar ñépp ñi ma bëgg.
Farlul kon te tuub say
bàkkaar. 20 Maa ngi
nii taxaw ci bunt bi, di
fëgg. Ku dégg sama baat
te ubbi bunt bi, dinaa
dugg, reerandoo ak moom,
moom it mu reerandoo ak
man.

21 Ku daan, dinaa la
toogloo ci sama wet ci
sama gàngune, ni ma xe-
exe ba daan, man ci sama
bopp, te toogandoo ak
sama Baay ci gànguneem.
22 Yaw mi am ay nopp,
déglul li Xelum Yàlla di
wax mboolooy ñi gëm.»

# 4

*Buur Yàlla toog na ca gànguneem*

1 Gannaaw loolu ma xool,
gis bunt ubbiku ci asamaan.
Baat booba ma déggoon,
muy wax ak man mel nig liit,
ne ma: «Yéegal fii, ma won
la li wara ñëw gannaaw gi.»
2 Ca saa sa Xelum Yàlla solu
ma, noonu ma gis gàngune
ca asamaan, te am ku ca
toog. 3 Leeraayam mel ni
jamaa ak per bu xonq, te xon
gu leer ni per bu wert wër
gàngune ma. 4 Yeneen ñaar
fukki gàngune ak ñeent wër
ko, te ci kaw gàngune ya
ñaar fukki mag ak ñeent
toog, sol mbubb yu weex ak
kaalay wurus ci seen bopp.
5 Ay melax ak i riir ak i
dënnu di jibe ca gàngune
ma. Ca kanam gàngune ma
amoon na fa juróom ñaari
jum yu yànj, di juróom ñaari
Xeli Yàlla yi. 6 Amoon na
it ca kanam gàngune ma lu
mel ni géej gu leer ni weer
bu set, ba mel ni seetu.

Ci li wër gàngune ma, sës
rëkk, amoon na fa ñeenti
mbindeef yu fees ak ay
bët ci kanam ak ci gan-
naaw. 7 Mbindeef mu jëkk
maa nga meloon ni gaynde,
ñaareelu mbindeef mel ni
yëkk, ñetteelu mbindeef yor
kanamu nit, ñeenteel ba
di nirook jaxaay juy naaw.
8 Ñeenti mbindeef ya am
nañu ku nekk juróom benni
laaf te ñu nga fees ak ay bët
li leen wër lépp, ba ci seen
roni laaf. Guddi ak bëccëg
duñu noppeek naan:

«Boroom bi Yàlla, Aji Man ji,
moo sell, sell, sell,
moom ki nekkoon démb, di
ki nekk tey, di kiy ñëw
ëllëg.»

9 Saa su mbindeef ya di
màggal ki toog ca gàngune
ma tey dund ba fàww, te di
ko kañ ak a gërëm, 10 ñaar
fukki mag ña ak ñeent di
dëpp seen jë ca kanam ka
toog ca kaw gàngune ma.
Ñu di ko jaamu, moom mi
dund ba fàww, di sànni
seen kaalay ndam ca kanam
gàngune ma, naan:

11 «Yàlla sunu Boroom, yaa
yeyoo ndam, teraanga
ak kàttan,
ndaxte yaa sàkk lépp
te ci sa coobare la lépp
nekke,
te ci lañu leen sàkke.»

# 5

*Gàttub Yàlla jël na téere ba*

1 Noonu ma gis ca loxol
ndijooru ka toog ca gàngune
ma téere bu ñu bind biir
ak biti, tay ko juróom ñaari
yoon ak sondeel. 2 Noonu
ma gis malaaka mu am
doole, muy xaacu naan: «Ku
yeyoo dindi tayu yi te ubbi
téere bi?» 3 Te amul kenn,
muy ci asamaan, muy ci
kaw suuf, muy ci biir suuf,
ku manoona ubbi téere bi,
mbaa mu xool ci biir. 4 Ma
jooy jooy yu metti ndax li
kenn yeyoowul woona ubbi
téere bi mbaa mu xool ko.
5 Noonu kenn ca mag ña
ne ma: «Bul jooy. Xoolal,
Gayndeg giiru Yuda, ki so-
qikoo ci Daawuda, daan na,
ba am sañ-sañu dindi tayu yi
te ubbi téere bi.»

6 Noonu ma gis Gàtt bu
mel ni dañu koo rendi woon,
mu taxaw ca digg gàngune
ma, ñeenti mbindeef ya séq
ko, mag ña wër ko. Gàtt
ba amoon na juróom ñaari
béjjén ak juróom ñaari bët,
ñu di juróom ñaari Xeli
Yàlla, yi ñu yónni ci àddina
sépp. 7 Gàtt ba ñëw, jël
téere, ba nekkoon ca loxol
ndijooru ka toog ca gàngune
ma. 8 Ba mu jëlee téere
ba, ñeenti mbindeef ya ak
ñaar fukki mag ña ak ñeent
daldi dëpp seen jë ca kanam
Gàtt ba, ku nekk yor xalam.
Ñu yor it andi wurus yu
fees ak cuuraay, yu doon
misaal ñaani gaayi Yàlla ya.
9 Ñu daldi woy woy wu bees
naan:

«Yeyoo ngaa jël téere bi
te dindi tayu yi,
ndaxte reyees na la,
te jotal nga Yàlla ak sa deret

ay nit ñu bokk ci bépp giir ak kàllaama ak réew ak xeet.
10 Def nga leen askanu sarxalkati Buur Yàlla sunu Boroom, di ko jaamu,
te dinañu nguuru ci àddina.»
11 Ma xool noonu, dégg baatu malaaka yu bare yu ëppoon alfunniy alfunniy junniy junni. Malaaka ya wër gàngune ma ak mbindeef ya ak mag ña.
12 Ñuy xaacu naan:
«Gàtt ba ñu rendi woon yeyoo na kàttan, alal, xel,
doole, teraanga, ndam ak cant.»
13 Ma dégg itam mbindeef, yi nekk ci asamaan, ci kaw suuf, ci biir suuf, ci géej gi,— mbindeef yépp naan:
«Yal na cant, teraanga, ndam ak nguur
féete ak ki toog ci gàngune mi, ak Gàtt bi, ba fàww.»
14 Ñeenti mbindeef ya naan: «Amiin.» Mag ña sukk di màggal.

# 6

*Gàtt ba dindi na juróom benni tayu ya*

1 Noonu ma gis Gàtt ba dindi tayu gu jëkk ga, te ma daldi dégg kenn ca ñeenti mbindeef ya, di wax ak baat buy riir ni dënnu naan: «Ñëwal!»
2 Ma xool noonu, gis fas wu weex, gawar ba yor ag fitt. Ñu jox ko kaalag ndam, mu daldi dem moom jàmbaar ngir daani.
3 Gàtt ba dindi na ñaareelu tayu ga, ma dégg ñaareelu mbindeef ma naan: «Ñëwal!»
4 Noonu weneen fas génn, di wu xonq, gawar ba jot sañ-sañu jële jàmm ci kaw suuf, ngir nit ñi di reyante ci seen biir. Ñu jox ko jaasi ju mag.
5 Mu dindi ñetteelu tayu ga, ma dégg ñetteelu mbindeef ma ne: «Ñëwal!» Ma xool, gis fas wu ñuul, gawar ba yor ab peesekaay.
6 Ma dégg baat bu jollee ca diggante ñeenti mbindeef ya, naan: «Peyug bëccëgu lëmm ngir benn kilob ceeb, peyug bëccëgu lëmm ngir ñetti kiloy dugub, waaye bul yàq diw ak biiñ.»
7 Mu dindi ñeenteelu tayu ga, ma dégg ñeenteelu mbindeef ma naan: «Ñëwal!»
8 Ma xool noonu, gis fas wu wert, gawar baa nga tuddoon Dee te barsàq a nga toppoon ci moom. Ñu jox ko sañ-sañ ci ñeenteelu xaaju àddina sépp, ngir mu faat ak jaasi, xiif, mbas ak rabi àll yi.
9 Mu dindi juróomeelu tayu ga, ma gis ca suufu sarxalukaay, ba ñuy taal cuuraay ca kawam, ruuwi ñi ñu bóom ndax seede si ñu doon sàmm ak li ñu gëmoon kàddug Yàlla.
10 Ñuy xaacu naan: «Boroom bu sell bi te dëggu, ba kañ ngay nég àtte bi te feyul nu sunu deret ci waa àddina?»
11 Ñu jox leen ku nekk mbubb mu weex, daldi leen ne, ñu muñ tuuti, ba kera seeni nawle ñëw, te

lim bi mat— seeni nawle ci
liggéey bi, di seeni bokk yu
waa àddina waroona bóom
ni ñoom.
12 Ma xool, ba muy dindi
juróom benneelu tayu ga.
Noonu mu am yëngu-
yëngub suuf bu mag, jant bi
ñuul ni këriñ, weer wi xonq
curr ni deret. 13 Biddiiw yi
fàqe asamaan, di daanu ci
kaw suuf, ni doomi garab
yu yolox di wadd, bu ko
ngelaw lu metti dee yëngal.
14 Asamaan si dellu ni basaŋ
gu ñuy taxañ, tund yépp
ak dun yépp randoo fa ñu
nekkoon. 15 Noonu buuri
àddina si ak kilifa yi ak njiiti
xare yi ak boroom alal yi ak
boroom kàttan yi ak jaam yi
ak gor yi, ñépp làqatuji ci
xunti yi ak ci ron doji tund
yi. 16 Ñu naan tund yi ak
doj yi: «Daanuleen ci sunu
kaw te nëbb nu bëti ki toog
ci gàngune mi ak meru Gàtt
bi, 17 ndaxte bés bu mag, bi
seen mer di feeñ, agsi na!
Ku ci mana rëcc?»

# 7

*Ñi jóge ci metit wu réy wa*

1 Gannaaw loolu ma gis
ñeenti malaaka yu taxaw ci
ñeenti xéblay àddina si. Ñu
téye ñeenti ngelawi àddina,
ngir ngelaw du wol ci kaw
suuf, ci géej mbaa ci genn
garab. 2 Ma gis it meneen
malaaka, muy yéeg, jóge
penku, yor màndargaalu
Yàlla jiy dund. Mu daldi
wax ak baat bu xumb ñeenti
malaaka ya ñu joxoon sañ-
sañ, ñu yàq suuf ak géej,
3 ne leen: «Buleen yàqagun
suuf si ak géej gi ak garab
yi. Négleen, ba ñu def
màndarga ci jëwu ñiy jaamu
Yàlla sunu Boroom.»
4 Noonu ma dégg limub ñi
ñu màndargaal; ñu tollu ci
téeméer ak ñeent fukk ak
ñeent ci ay junni. Ñu jóge
ci giiri bànni Israyil yépp:

5 Fukki junni ak ñaar lañu màndargaal ci biir giiru Yuda,
fukki junni ak ñaar ci giiru Ruben,
fukki junni ak ñaar ci giiru Gàdd,
6 fukki junni ak ñaar ci giiru Aser,
fukki junni ak ñaar ci giiru Neftali,
fukki junni ak ñaar ci giiru Manase,
7 fukki junni ak ñaar ci giiru Simeyon,
fukki junni ak ñaar ci giiru Lewi,
fukki junni ak ñaar ci giiru Isakaar,
8 fukki junni ak ñaar ci giiru Sabulon,
fukki junni ak ñaar ci giiru Yuusufa,
fukki junni ak ñaar ci giiru Beñamin.

*Mbooloo mu réy mi sol mbubb yu weex*

9 Gannaaw loolu ma xool,
gis mbooloo mu réy, ba kenn
manu koo waññ, ñu bokk
ci xeet yépp ak giir yépp
ak réew yépp ak kàllaama
yépp. Ñu taxaw ca kanam
gàngune ma ak Gàtt ba. Ñu
sol ay mbubb yu weex, di

màggal te di yëngal ay cari
garab ci seeni loxo, 10 naan:
«Mucc gaa ngi ci Yàlla sunu
Boroom, bi toog ci
gàngune mi,
ak ci Gàtt bi!»
11 Noonu malaaka yépp
taxaw, wër gàngune ma ak
mag ña ak ñeenti mbindeef
ya. Ñu dëpp seen jë ca
kanam gàngune ma, di
jaamu Yàlla, 12 naan:
«Amiin! Yal na cant ak
ndam, xel ak ngërëm,
teraanga, kàttan ak
doole
féete ak Yàlla sunu Boroom
ba fàww. Amiin!»
13 Noonu kenn ca mag ña
ne ma: «Ñi sol mbubb yu
weex yi, ñooy ñan ak fan
lañu jóge?»
14 Ma ne ko: «Sang bi,
xanaa yaa ko xam.» Mu
ne ma: «Ñoo di ñi jóge ca
metit wu réy wa. Fóot nañu
seeni mbubb, ba weexal ko
ci deretu Gàtt ba. 15 Loolu
moo tax
ñu nekk ci kanam
gàngunem Yàlla,
di ko jaamu guddi ak bëccëg
ci këram,
te ki toog ci gàngune mi dina
leen yiir.
16 Dootuñu xiif, dootuñu
mar.
Jant mbaa weneen tàngaay
du leen lakk,
17 ndaxte Gàtt bi nekk ci
diggu gàngune mi
dina leen sàmm,
yóbbu leen ca bëti ndoxum
dund ma,
te Yàlla dina fomp bépp ron-
gooñ ci seeni bët.»

# 8

*Gàtt ba dindi na juróom ñaareelu tayu ga*

1 Gàtt ba dindi na juróom
ñaareelu tayu ga, asamaan
ne selaw lu mat genn-wàllu
waxtu. 2 Noonu ma gis
juróom ñaari malaaka, yi
taxaw ca kanam Yàlla, ñu
daldi leen jox juróom ñaari
liit.
3 Ba loolu amee meneen
malaaka ñëw, taxaw ca wetu
sarxalukaayu wurus, ba ñuy
taal cuuraay ca kawam, yor
andu cuuraayu wurus. Ñu
jox ko cuuraay lu bare,
ngir mu boole ko ak ñaani
gaayi Yàlla yépp, joxe ko ci
kaw sarxalukaayu wurus ba
nekk ci kanam gàngune mi.
4 Noonu saxarus cuuraay li
gillee ca loxob malaaka ma,
ànd ak ñaani gaayi Yàlla
ya, jëm ca kanam Yàlla.
5 Malaaka ma jël andu cu-
uraay ba, duy ko ak ay xal
ca sarxalukaay ba, daldi koy
sànni ci kaw àddina. Noonu
mu am i dënnu ak i riir
ak i melax ak yëngu-yëngub
suuf.

*Liit ya*

6 Ba mu ko defee juróom
ñaari malaaka, ya yoroon
juróom ñaari liit ya, daldi
defaru di waaja liit.
7 Malaaka mu jëkk ma wol
liitam. Noonu ñu sànni ci
àddina yuur ak sawara yu
ñu boole ak deret, ba tax
benn ci ñetti xaaju suuf si
lakk, benn ci ñetti xaaju
garab yi it lakk, te ñax mu
naat mépp lakk.

8 Ñaareelu malaaka ma
wol liitam. Noonu ñu sànni
lu mel ni tundu sawara wu
réy, mu daanu ci géej gi,
benn ci ñetti xaaju géej gi
soppiku deret, 9 benn ci ñetti
xaaju mbindeef yi nekk ci
géej gi dee, te benn ci ñetti
xaaju gaal yi yàqu.

10 Ñetteelu malaaka ma
wol liitam. Noonu biddiiw
bu réy, yànj ni jum, xawee
asamaan, daanu ci benn ci
ñetti xaaju dex yi ak ci bëti
ndox yi. 11 Biddiiw boobu mi
ngi tuddoon Wextan. Nit ñu
bare naan ci ndox mi daldi
dee, ndaxte ndox mi dafa
daldi wex.

12 Ñeenteelu malaaka ma
wol liitam. Noonu dóorees
benn ci ñetti xaaju jant bi,
ak benn ci ñetti xaaju weer
wi, ak benn ci ñetti xaaju
biddiiw yi, ba tax benn ci
ñetti xaaju leer gi lëndëm.
Bëccëg bi ñàkk leer diirub
benn ci ñetti xaajam, guddi
gi ñàkk leer diirub benn ci
ñetti xaajam.

13 Ma xool noonu, dégg
jaxaay juy naaw ci digg
asamaan, naan ak baat bu
xumb: «Musiba, musiba!
Musibaa ngi ci kaw waa
àddina, ndax liit yi yeneen
ñetti malaaka yi di wol.»

# 9

1 Juróomeelu malaaka ma
wol liitam. Noonu ma gis,
ñu jox caabiy kàmb gu xóot
gi benn biddiiw bu xawee
woon asamaan, daanu ci
kaw suuf. 2 Biddiiw ba
ubbi buntu kàmb gu xóot
ga. Noonu saxar jollee ca,
su mel ni saxarus puur bu
mag, jant bi ak jaww ji lépp
lëndëm ndax saxarus kàmb
ga. 3 Ay njéeréer génn ca
saxar sa, tasaaroo ci biir
àddina. Ñu jox leen kàttan
gu mel ni kàttanu jànkalaar.
4 Ñu sant leen, ñu baña
laal ñax mi ci kaw suuf,
mbaa genn gàncax walla
genn meññeef, waaye ñu
jublu rekk ci nit ñu amul
màndargam Yàlla ci seen jë.
5 Santuñu leen ñu rey leen,
waaye ñu mitital leen di-
irub juróomi weer. Te metit
woowu ñuy indi, témboo na
ak metit wiy dal nit, bu ko
jànkalaar fittee. 6 Ca jamono
yooya nit ñi dinañu sàkku
dee, waaye duñu daje ak
moom. Dinañu bëgga dee,
waaye dee da leen di daw.

7 Njéeréer ya nag dañuy
niroo ak fas yu ñu waajal
ngir xare. Am nañu ci seen
bopp lu mel ni kaalay wurus,
te seen xar kanam mel ni gu
nit. 8 Seeni kawar mel ni
yu jigéen, seeni bëñ mel ni
bëñi gaynde. 9 Takk nañu ci
seen dënn lu mel ni kiiraayu
weñ, te coow la seeni laaf
di def mel ni coowu sareeti
xare yu bare yu ñu takk fas,
di xeexi. 10 Am nañu ay geen
yu am ay fitt ni jànkalaar, te
ca la seen kàttan nekk, ngir
mitital nit ñi diirub juróomi
weer. 11 Buuru njéeréer yi
mooy malaakam kàmb gu
xóot gi, moom lañu tudde
ci làkku ebrë, Abadon, ak
ci làkku gereg, Apolyon, liy
tekki «Yàqkat».

12 Musiba mu jëkk mi jàll
na, yeneen ñaari musiba yaa

ngi ñëw.

13 Juróom benneelu
malaaka ma wol liitam.
Noonu ma dégg baat bu jóge
ci ñeenti béjjén, yi nekk ci
koñi sarxalukaayu wurus,
ba nekk ci kanam Yàlla,
14 mu ne juróom benneelu
malaaka, ma yoroon liit:
«Yiwil ñeenti malaaka, ya
yeewe ca Efraat, dex gu mag
ga.»

15 Noonu ñu daldi yiwi
ñeenti malaaka, ya ñu waa-
jaloon ngir at moomu, weer
woowu, bés boobu ak waxtu
woowu, ngir ñu rey benn ci
ñetti xaaju nit ñi. 16 Limub
gawar ga doon xareji mat
na ñaari alfunniy alfunni.
Dégg naa lim ba.

17 Nii laa gise ci peeñu mi
fas ya ak ña leen war: ñu sol
kiiraay yu xonq ni sawara,
bulo ni saxar, ak mboq ni
tamarax. Boppi fas yaa nga
doon nirook boppi gaynde;
sawara ak saxar ak tamarax
di génn ci seeni gémmiñ.
18 Benn ci ñetti xaaju nit ñi
dee ci ñetti musiba ya: ci
sawara ak saxar ak tamarax
yi génn ci seeni gémmiñ.
19 Ndaxte kàttanu fas yaa ngi
ci seeni gémmiñ ak ci seeni
geen. Geen yaa nga mel
ni ay jaan, am ay bopp, te
ñoom lañuy mititale nit ñi.

20 Nit ñi rëcc ci musiba
yooyu taxul sax ñu tuub
seeni jëfi loxo. Noppi-
wuñu di jaamu rab yi ak
nataali xërëm yu ñu defare
wurus ak xaalis ak xànjar
ak xeer ak dénk, yoo xam
ne manuñoo gis, manuñoo
dégg mbaa ñu dox. 21 Te nit
ñooñu tuubuñu seen bóom,
seen xërëm, seen njaaloo
mbaa seen càcc.

# 10

*Malaaka yégle na ne àtte
bu mujj ba agsi na*

1 Noonu ma gis meneen
malaaka mu am doole, muy
wàcce asamaan, làmboo
niir. Xon tiim ko, xar
kanamam mel ni jant, ay
tànkam mel ni jumi sawara.
2 Yor na benn téere bu ndaw
bu ñu ubbi. Mu teg tànku
ndijooram ci géej gi, tànku
càmmoñam ci suuf si, 3 di
xaacu, mel ni gaynde guy
yëmmu. Naka la xaacu,
juróom ñaari dënnu yi jib.
4 Naka la juróom ñaari
dënnu yi di jib, may waaja
bind, waaye ma dégg baat
bu jóge asamaan, naan ma:
«Li juróom ñaari dënnu yi
wax, na nekk kumpa, bu ko
bind.»

5 Noonu malaaka, ma ma
gis, mu taxaw ci géej gi ak
suuf si, yékkati loxol ndi-
jooram, mu jëm asamaan,
6 daldi waat ci kiy dund ba
fàww, ki sàkk asamaan ak
suuf ak géej ak li ci nekk
lépp; mu ne: «Négandiku
wees na, 7 waaye jamono
ju juróom ñaareelu malaaka
ma wolee ci liitam, ndo-
galu Yàlla dina mat, ni mu
ko waxe woon ay jaamam,
yonent yi.»

8 Ci kaw loolu baat, ba ma
déggoon ca asamaan wax-
aat ak man, ne ma: «Demal
jël téere bi ñu ubbi ci loxob

malaaka, mi taxaw ci géej gi
ak suuf si.»
9 Ma dem ca malaaka
ma, laaj ko téere bu ndaw
boobu. Mu ne ma: «Jël ko te
lekk ko. Dina wex ci sa biir,
waaye dina neex ni lem ci sa
gémmiñ.»
10 Noonu ma jël téere bi
ci loxob malaaka mi, daldi
ko lekk, mu neex ci sama
gémmiñ ni lem, waaye bi ma
ko wannee, mu wex xat ci
sama biir.
11 Gannaaw loolu ñu ne
ma: «Fàww nga wax ci
kàddug Yàlla lu jëm ci réew
yu bare ak xeet yu bare ak
kàllaama yu bare ak buur yu
bare.»

# 11

*Ñaari seede yi*

1 Bi loolu amee ñu jox ma
nattukaay bu mel ni yet, ne
ma: «Jógal, natt kër Yàlla gi
ak sarxalukaay bi, te waññ
ña fay jaamu Yàlla. 2 Waaye
bàyyil ëttu bitib kër Yàlla gi;
bu ko natt, ndaxte jébbalees
na ko ñi dul Yawut, te di-
nañu nappaaje dëkk bu sell
bi diirub ñeent fukki weer
ak ñaar. 3 Dinaa may
sama ñaari seede yi, ñuy
wax ci kàddug Yàlla, sol
ay saaku, di toroxlu diirub
junni ak ñaar téeméeri fan
ak juróom benn fukk.»
4 Ñaari seede ya nag ñoo
di ñaari garabu oliw yeek
ñaari tegukaayu làmp, yi
taxaw ci kanam Boroom
suuf si. 5 Su leen kenn
bëggee def lu bon, sawaraay
génn ci seen gémmiñ, daldi
lakk seeni bañaale; te ku
leen bëgga def lu bon,
noonu lay wara deeye. 6 Am
nañu sañ-sañu téye taw
diirub fan, yi ñuy wax ci
kàddug Yàlla. Am nañu
it sañ-sañu soppi ndox yi
deret te wàcce ci kaw suuf
musiba yu nekk, saa su ñu
ko bëggee.
7 Bu ñu noppee seen seede,
rab wiy jóge ci kàmb gi dina
leen xeex, daan leen, rey
leen. 8 Seeni néew dinañu
nekk ci péncum dëkk bu
mag, boobu ñuy wooye ci
misaal Sodom ak it Misra,
fa ñu reyoon seen Boroom
ci bant. 9 Diirub ñetti fan
ak genn-wàll bépp réew ak
giir ak kàllaama ak xeet di-
nañu seetaan seeni néew, te
duñu bàyyi kenn suul leen.
10 Waa àddina dinañu bég ci
seen dee, di ndokkeelante ak
di joqleente ay may, ndaxte
ñaari yonent ya lakkaloon
nañu waa àddina.
11 Waaye bi ñetti fan ya
ak genn-wàll wéyee, xelum
dund, jóge ca Yàlla, solu
leen, ñu jóg taxaw. Noonu
tiitaange gu réy jàpp ñi
leen doon seetaan. 12 Ñaari
seede ya dégg baat bu xumb
ca asamaan naan leen:
«Yéegleen fii.» Noonu ñu
yéeg asamaan ci aw niir,
seeni bañaale di seetaan.
13 Ca saa sa am yëngu-
yëngub suuf bu mag, te
benn ci fukki xaaju dëkk ba
daldi màbb. Juróom ñaari
junniy nit dee ci yëngu-
yëngub suuf ba, te ña ca
des tiit, daldi màggal Yàllay
asamaan.
14 Ñaareelu musiba mi

wéy na, ñetteel baa ngi nii
di ñëw.

*Juróom ñaareelu liit gi*

15 Juróom ñaareelu
malaaka ma wol liitam,
noonu baat yu xumb jib ca
asamaan naan:

«Nguuru àddina, jébbalaat
naňu ko sunu Boroom
ak Almaseem,
te dina nguuru ba fàww.»

16 Ñaar fukki mag ak ñeent,
ña toogoon ca seen gàngune
ca kanam Yàlla, daldi dëpp
seen jë ca suuf, jaamu Yàlla,
17 naan:

«Nu ngi lay gërëm, Boroom
bi Yàlla, yaw Aji Man
ji,
ki nekk te nekkoon,
ndax gànjoo nga sa kàttan
gu réy gi,
ngir taxawal sa nguur.
18 Xeet yi meroon naňu,
waaye sa mer wàcc na,
te jamono ji jot na,
ji ngay àttee ñi dee,
neexal say jaam yonent yi,
ak sa gaa ñi ak ñi ragal saw
tur,
muy mag di ndaw,
te nga rey ñiy yàq àddina.»

19 Noonu kër Yàlla gi ci
asamaan daldi ubbiku, gaalu
kóllëreg Yàlla ga daldi feeñ
ca biir kër Yàlla ga, te mu
daldi am ay melax, ay coow,
ay dënnu, yëngu-yëngub
suuf ak tawu yuur bu metti.

# 12

*Jigéen ja ak ninkinànka ja*

1 Amoon na firnde ju
ràññiku ju feeñ ca asamaan,
di jigéen ju làmboo jant bi,
kaalawoo fukki biddiiw ak
ñaar, weer wi nekk ci suufu
tànkam. 2 Jigéenu biir la,
di yuuxu ndax metitu mat
wu tar. 3 Noonu beneen
firnde feeñ ca asamaan, di
ninkinànka ju réy, xonq curr
te am juróom ñaari bopp ak
fukki béjjén. Ca bopp ya am
na juróom ñaari mbaxanay
buur. 4 Geenam di laawaale
ñetti cér yu ne benn ca bid-
diiwi asamaan, di leen sànni
ci suuf. Ninkinànka ja taxaw
ca kanam jigéen jay matu,
ngir lekk liir ba, bu jud-
doo. 5 Noonu mu jur doom
ju góor, muy ki wara jiite
xeeti àddina yépp ak yetu
weñ. Waaye ñu daldi fëkk
doom ja, mu dem ca Yàlla
ak gànguneem. 6 Gannaaw
loolu jigéen ja daw, dem ca
màndiŋ ma, ca dalukaay ba
ko Yàlla waajaloon ngir mu
nekk fa, ñu dundal ko fa di-
irub junni ak ñaar téeméeri
fan ak juróom benn fukk.

7 Noonu xare am ca
asamaan ya. Mikayel ak
malaaka, ya ànd ak moom,
xeex ak ninkinànka ja,
ninkinànka ja it ak ay
malaakaam feyu. 8 Waaye
ninkinànka jaa gëna néew
doole; noonu ñu dàqe ko ak
toppam asamaan. 9 Daaneel
naňu ko, moom ninkinànka
ju réy ji, di jaani cosaan ji, te
ñu di ko wax Tuumaalkat
bi mbaa Seytaane, moom
miy nax waa àddina sépp
— daaneel naňu ko ci kaw
suuf, moom ak i malaakaam.

10 Noonu ma dégg baat bu
xumb jóge asamaan naan:

«Léegi mucc agsi na, moom
ak kàttan

ak nguuru Yàlla sunu Boroom,
ak sañ-sañu Almaseem,
ndaxte ki daan tuumaal sunuy bokk,
di leen sosal guddi ak bëccëg ci kanam Yàlla sunu Boroom,
kooka daaneel nañu ko.
11 Fekk not nañu ko jaarale ko ci deretu Gàtt ba
ak seen seedes ngëm,
te soppuñu seen bakkan ba ragala dee.
12 Looloo tax, na asamaan ak ñi ci dëkk bànneexu!
Musiba ci kaw suuf ak ci biir géej!
Ndaxte Seytaane wàcc na ci yéen,
ànd ak mer mu tàng,
ndaxte xam na ne jot gi ko dese barewul.»

13 Ba ninkinànka ja gisee
ne daaneel nañu ko ci kaw
suuf, mu dàq jigéen, ja
juroon doom ju góor ja.
14 Noonu ñu jox jigéen ja
ñaari laafi jaxaay ja, ngir mu
naaw, ba sore ninkinànka
ja, dem ca màndiŋ ma ca
bérabam, ñu dundal ko fa
ab diir, ay diir ak genn-
wàllu diir*. 15 Ninkinànka ja
buusu ndox mu bare ni dex
ca gannaaw jigéen ja, ngir
yóbbaale ko ca. 16 Waaye
suuf wallu jigéen ja, naan
dex, ga ninkinànka ja bu-
usu woon. 17 Ninkinànka ja
mere jigéen ja, daldi xeexi
ak ñi des ciy doomam, di ñiy
sàmm ndigali Yàlla tey sax ci
di seedeel Yeesu. 18 Noonu
mu taxaw ca tefesu géej ga.

# 13

*Ñaari rab yi*

1 Noonu ma gis génn ca
géej ga, rab wu am fukki
béjjén ak juróom ñaari
bopp. Ci kaw béjjénam ya
amoon na fukki mbaxanay
buur; ca bopp ya turi xarab
Yàlla. 2 Rab wa ma gis ma
nga mel ni segg, tànk ya
mel ni yu rab wu ñuy wax
urs, gémmiñ ga mel ni gu
gaynde. Ninkinànka ja jox
ko kàttanam ak nguuram ak
sañ-sañam bu réy. 3 Benn ca
bopp ya mel ni dafa gaañu
ba dee. Waaye gaañu-gaañu
ba daldi wér. Waa àddina
sépp yéemu, daldi topp rab
wa. 4 Ñu jaamu ninkinànka
ja ndax li mu joxoon sañ-
sañ rab wa, di jaamu it rab
wa, naan: «Rab wi amul
moroom, kenn manula xeex
ak moom.»

5 Noonu mayees ko mu am
gémmiñ, muy jay boppam te
di xarab turu Yàlla. Mayees
ko it sañ-sañu jëf ci kaw suuf
diirub ñeent fukki weer ak
ñaar. 6 Noonu mu tàmbalee
xarab Yàlla, di xarab aw
turam, dalam, ak ñi dëkk
ci asamaan. 7 Mayees ko,
mu xare ak gaayi Yàlla yi
te not leen. Mayees ko it
sañ-sañ ci kaw bépp giir ak
réew ak kàllaama ak xeet.
8 Waa àddina sépp dinañu
ko jaamu, ñooñu ñu bindul
seeni tur, li dale ci njàlbéenu
àddina, ci téereb dund bu
Gàtt bi ñu rendi.

9 Yaw mi am ay nopp,
déglul.

* **12:14** Maanaam ñetti at ak genn-wàll.

10 Ku Yàlla dogal, ñu war laa
jàpp njaam,
dinañu la jàpp njaam.
Ku Yàlla dogal, ñu war laa
rey ak jaasi,
dinañu la rey ak jaasi.
Looloo tax gaayi Yàlla yi
wara muñ te takku.

*Rab wi génn ci suuf, di naaféq, bi mbubboo yonent*

11 Noonu ma gis weneen
rab di génn ci suuf. Am
na ñaari béjjén yu mel ni
yu gàtt, waaye di wax ni
ninkinànka. 12 Muy jëf
ak sañ-sañu rab wu jëkk
wa ci turam, di sant waa
àddina sépp, ñu jaamu rab
wu jëkk, woowu am gaañu-
gaañu ba ko rey, waaye
daldi wér. 13 Muy def
kéemaan yu réy, ba dem
sax bay wàcce ci kaw suuf
sawara su jóge asamaan, nit
ñi di gis. 14 Noonu mu nax
waa àddina ci kéemaan, yi
mu am sañ-sañu def ci turu
rab wu jëkk wa. Mu sant
waa àddina, ñu def nataalu
rab, wi am gaañu-gaañub
jaasi tey dund. 15 Mayees
ko it, mu dundloo nataalu
rab wa, waxloo ko, ba képp
ku jaamuwul nataalu rab wa
rekk ñu rey la. 16 Mu def
it ba ñépp, mag ak ndaw,
buur ak baadoolo, gor ak
jaam, ñépp am màndarga
ci seen loxol ndijoor walla
ci seen jë, 17 ba kenn du
mana jënd mbaa mu jaay
te amul màndargam rab wi,
maanaam turam walla siifar
bu méngoo ak turam.
18 Lii nag mooy laaj xel:
ku am xel dina mana waññ
siifaru rab wi, ndaxte siifar
boobu méngoo na ak bu nit,
di juróom benni téeméer ak
juróom benn fukk ak juróom
benn.

## 14

*Gàtt ba ak ñi jébbalu ci Yàlla*

1 Ma xool noonu, gis Gàtt
ba taxaw ci tundu Siyoŋ,
ànd ak téeméer ak ñeent
fukk ak ñeenti junniy nit,
te ñu bind ci seen jë turu
Gàtt ba ak turu Baayam.
2 Ma dégg baat bu jóge
asamaan, buy riir ni du-
usi géej, ni riiru dënnu gu
réy. Baat ba ma dégg
mel ni baati xalamkat yuy
xalam. 3 Nit ñu bare ñooñu
taxaw ca kanam gàngune
ma ak ñeenti mbindeef ya
ak mag ña, di woy woy wu
bees. Kenn manula jàng
woy wa, ku dul téeméer ak
ñeent fukk ak ñeenti junniy
nit, ñooñu ñu jote àddina.
4 Ñoo di ñi taqul sobey
jigéen, ndaxte saxal nañu
seen bopp ci sellaay. Ñu nga
topp Gàtt ba fépp fu mu jëm.
Yàlla jot na leen ci biir nit
ñi, ñu jébbalu ci Yàlla ak
ci Gàtt bi, mel ni tànneefu
ngóob mi ñuy sédde Yàlla,
5 te fen masula génn ci seen
gémmiñ. Amuñu benn sikk.

*Ñetti malaaka yégle nañu àttey Yàlla*

6 Noonu ma gis meneen
malaaka naaw ca digg
asamaan, yor xibaar bi sax,
di ko yégal waa àddina
— xeet yépp ak giir yépp

ak kàllaama yépp ak réew
yépp. 7 Ma nga doon xaacu
naan: «Ragal-leen Yàlla
te jox ko ndam li, ndaxte
waxtuw àtteem jot na.
Jaamuleen ki sàkk asamaan
ak suuf ak géej ak bëti ndox
yi.»

8 Meneen malaaka, di
ñaareel bi, topp ca naan:
«Daanu na! Babilon,
dëkk bu mag, bi daan
màndil réew yépp ak biiñu
njaaloom, daanu na.»

9 Meneen malaaka, di
ñetteel bi, topp ca, di xaacu
naan: «Ku jaamu rab wi
ak nataalam te nangoo am
màndargaam ci jëëm walla
ci loxoom, 10 dina naan
moom itam biiñu xadarub
Yàlla bi kenn raxul, ñu
sotti ko ci koppu meram.
Te dees na ko mbugal ci
sawara ak tamarax ci kanam
malaaka yu sell yi ak Gàtt
bi, 11 te saxar siy jóge ci
seen mbugal dina gilli ba
fàww. Ñooñu di jaamu rab
wi ak nataalam, ak képp
ku nangoo jot màndargam
turam, duñu noppalu guddi
ak bëccëg.»

12 Looloo tax gaayi Yàlla
yi wara muñ, ñooñuy sàmm
ndigali Yàlla yi ak ngëm ci
Yeesu.

13 Noonu ma dégg baat
ci asamaan naan: «Bindal:
"Bés ni tey, ñi nekk ci
Boroom bi te dee, barkeel
nañu."» Xelum Yàlla nee na:
«Waaw, dinañu noppalu ci
seeni coono, ndaxte seeni jëf
a nga leen di xaar.»

*Góob nañu àddina si*

14 Ma xool noonu, gis niir
wu weex ak ku ca toog,
niroo ak doomu nit, takk
kaalag wurus ca bopp ba,
yor sàrt bu ñaw. 15 Te me-
neen malaaka génn ca kër
Yàlla ga, di wax ak baat bu
xumb ak ka toogoon ca niir
wa, ne ko: «Dawalal sa sàrt
te góob, ndaxte ngóob jot na,
te lépp ñor na ci kaw suuf.»

16 Noonu ka toogoon ca
kaw niir wa dawal sàrtam ci
kaw suuf, góob àddina sépp.

17 Bi loolu amee meneen
malaaka génn ca kër Yàlla ga
nekk ca asamaan, yor moom
itam sàrt bu ñaw. 18 Noonu
meneen malaaka, ma am
sañ-sañ ca sawara sa, jóge
ca sarxalukaayu cuuraay ba,
daldi wax ak baat bu xumb
ak malaaka, ma yor sàrt bu
ñaw ba, ne ko: «Dawalal sa
sàrt bu ñaw bi te dagg cëggu
reseñ yu àddina, ndaxte ñor
nañu.»

19 Noonu malaaka ma
daldi dawal sàrtam ci
àddina, dagg reseñ yi, sànni
leen ci biir segalukaay bu
réy bu merum Yàlla. 20 Ñu
nal reseñ ya ca segalukaay,
ba ca gannaaw dëkk ba,
deret génn ca, ba agsi ci
laabi fas yi, te wal ba ëmb lu
mat ñetti téeméeri kilomet.

# 15

*Malaaka ya taawu
musiba yu mujj yi*

1 Noonu ma gis ca
asamaan beneen firnde ju
réy tey yéeme: juróom
ñaari malaaka yu taawu
juróom ñaari musiba, ñuy
yu mujj ya, ndaxte ñoom

ñooy matal merum Yàlla.
2 Noonu ma gis lu mel ni
géej gu leer ni weer bu set
buy ray-rayi ak sawara. Ña
notoon rab wa ak nataalam
ak siifar bu méngoo ak
turam, ñoo taxaw ca géej gu
leer ga, yor xalam yu leen
Yàlla jox. 3 Ñuy woy woyu
Musaa jaamu Yàlla bi, ak
woyu Gàtt ba, naan:

«Say jëf réy nañu te yéeme,
yaw Boroom bi Yàlla, Aji
Man ji.
Say yoon jub nañu te dëggu,
yaw Buur bi fiy sax ba
abadan.
4 Ku la ragalul, Boroom bi?
Ku dul màggal saw tur?
Kenn, ndaxte yaw rekk yaa
sell.
Xeet yépp dinañu dikk,
jaamu la,
ndax say àtte bir na ñépp.»

5 Gannaaw loolu ma xool,
noonu kër Yàlla ubbiku
ca asamaan, muy xaymab
màggalukaay, bi ëmb li
Yàlla seede. 6 Juróom ñaari
malaaka, ya taawu juróom
ñaari musiba ya, daldi génn
ca kër Yàlla ga. Ñu sol
mbubb* yu set te weex bay
lerax, laxasaayoo ngañaayi
wurus ba ci seen dënn.
7 Noonu kenn ci ñeenti
mbindeef ya jox juróom
ñaari malaaka ya juróom
ñaari ndabi wurus yu fees
ak merum Yàlla jiy dund ba
fàww. 8 Kër Yàlla ga fees ak
saxar ndax leeraayu ndamu
Yàlla ak kàttanam. Te kenn
manatula dugg ca kër Yàlla
ga, ba kera juróom ñaari
musiba, ya juróom ñaari
malaaka ya taawu, di mat.

# 16

*Ndab ya def merum Yàlla*

1 Noonu ma dégg baat
bu xumb bu jóge ca kër
Yàlla ga, naan juróom ñaari
malaaka ya: «Demleen sotti
ci àddina juróom ñaari nd-
abi merum Yàlla yi.»

2 Noonu malaaka mu jëkk
ma dem, sotti ndabam ci
àddina, ba woppi taab ju
bon te metti dal nit, ña
am màndargam rab wa tey
jaamu nataalam.

3 Ñaareelu malaaka ma
sotti ndabam ci géej gi.
Mu soppiku deret ni deretu
néew, ba lépp luy dund te
nekkoon ci géej gi dee.

4 Ñetteelu malaaka ma
sotti ndabam ci dex yi ak ci
bëti ndox yi. Ñu daldi nekk
deret. 5 Noonu ma dégg
malaaka mi am sañ-sañ ci
ndox yi naan:

«Ku jub nga, yaw ki nekk te
nekkoon,
yaw Aji Sell ji, ci li nga dogal
àtte yooyu.
6 Ndaxte tuur nañu deretu sa
gaa ñi ak ju yonent yi,
yaw it fey nga leen seen bor,
jox leen deret, ñu naan.»
7 Ma dégge baat jibe ca sarx-
alukaayu cuuraay ba naan:
«Waaw, Boroom bi Yàlla, Aji
Man ji,
say àtte dëggu nañu te jub.»

8 Ñeenteelu malaaka ma
tuur ndabam ci jant bi.
Noonu ñu jox ko sañ-sañu

* **15:6** mbubb yi: ràbbe nañu ko wëñ gu weex gu ñu tudde lẽ.

lakk nit ñi ak tàngaayam.
9 Naaj wu metti di lakk nit
ñi, ñu daldi xarab turu Yàlla,
ji am sañ-sañ ci kaw musiba
yooyu. Waaye tuubuñu sax
seeni bàkkaar, ngir jox ko
ndam li.

10 Juróomeelu malaaka
ma tuur ndabam ci kaw
gàngunem rab wa. Noonu
lëndëm muur nguuram. Nit
ñi di màtt seeni làmmiñ
ndax metit, 11 ñuy xarab
Yàllay asamaan ndax seeni
metit ak seeni taab. Waaye
tuubuñu seeni jëf.

12 Juróom benneelu
malaaka ma sotti ndabam
ci dex gu mag, gi ñuy wax
Efraat, ndox ma daldi ŋiis,
ngir waajal yoonu buuri
penku, yiy ñëw. 13 Noonu
ma gis ñetti rab yu bon
yu mel niy mbott, génn
ci gémmiñi ninkinànka ja
ak rab wa ak naaféq, ba
mbubboo yonent. 14 Ay rabi
Seytaane lañu woon, yuy def
ay kéemaan te di dem ci
buuri àddina sépp, di leen
dajale, ngir xeex biy am ci
bés bu mag, bi Yàlla Aji Man
ji jagleele boppam.

15 «Maa ngi ñëw nib sàcc.
Bég nga, yaw mi nelawul te
di wottu say yére, ngir baña
dox yaramu neen, ñuy gis sa
gàcce.»

16 Noonu rab ya dajale bu-
uri àddina si ci bérab bu
tudd ci làkku ebrë Armage-
don.

17 Ci kaw loolu juróom
ñaareelu malaaka ma sotti
ndabam ci ngelaw. Noonu
baat bu xumb jóge ca
gàngune ma ca kër Yàlla
ga, naan: «Lépp mat na.»
18 Noonu mu am ay melax
ay riir ay dënnu ak yëngu-
yëngub suuf bu mag, boo
xam ne bési cosaan ba
léegi, masu faa am. Yëngu-
yëngub suuf si réye na
noonu. 19 Dëkk bu mag ba
xàjjalikoo ñetti cér, te dëkki
xeet yi màbb. Noonu Yàlla
daldi fàttaliku Babilon bu
mag ba, ngir jox ko koppu
meram mu tàng ma, ba mu
màndi. 20 Dun yépp daldi
ne mes, te kenn gisatul tund
ya. 21 Tawu yuur, donj wu
nekk tollu ci ñeent fukki
kilo, daldi daanoo asamaan
ci kaw nit ñi, ñuy xarab
Yàlla ndax musibam yuur
ga, ndaxte musiba ma dafa
metti woon lool.

# 17

*Jigéenu moykat bu mag ba*

1 Gannaaw loolu benn ci
juróom ñaari malaaka, ya
taawu juróom ñaari ndab
ya, ñëw ne ma: «Kaay,
ma won la mbugalu jigéenu
moykat bu mag, bi toog
ci dex yu bare. 2 Moom
la buuri àddina si àndal
ci seen njaaloo. Ci biiñu
moy Yàllaam la waa àddina
màndee.»

3 Noonu Xelum Yàlla solu
ma, malaaka ma yóbbu ma
ca màndiŋ ma. Foofa ma
gis fa jigéen ju war rab wu
xonq te am juróom ñaari
bopp ak fukki béjjén, yaram
wa fees ak turi xarab Yàlla.
4 Jigéen ja sol lu yolet te
xonq, takk wurus ak jamaa
ak ay per. Yoroon na koppu

wurus bu fees ak ñaawteef
ak sobeem. 5 Bindoon nañu
ci jëëm tur wii ëmb kumpa,
mu di: Babilon mu mag mi,
ndeyi jigéeni moykat yi ak
ñaawteefi àddina yi. 6 Ma
gis jigéen ja màndi ci deretu
gaayi Yàlla yi, ci deretu ñi
doon seedeel Yeesu.

Naka laa ko gis, ma daldi
jaaxle lool. 7 Malaaka ma
ne ma: «Lu tax nga jaaxle?
Dinaa la leeralal kumpag
jigéen ji ak rab, wi mu war
te am juróom ñaari bopp
ak fukki béjjén. 8 Rab wi
nga gis nekkoon na waaye
nekkatul. Dina génn ca
kàmb gu xóot ga, ba noppi
sànku. Noonu waa àddina,
ñi ñu bindul seeni tur, li
dale ci njàlbéenu àddina,
ci téereb dund bi, dinañu
yéemu, bu ñu gisee rab wi,
ndaxte nekkoon na waaye
nekkatul te dina nekkaat.

9 «Xam lii nag moo laaj
xel. Juróom ñaari bopp ya
ñooy juróom ñaari tund, yi
jigéen ji toog ci seen kaw.
Juróom ñaari buur lañu
itam: 10 juróom daanu nañu,
kenn kaa ngi fi, ki ci des
ñëwagul, te bu ñëwee, dina
fi wara nekk ab diir. 11 Rab
wi nekkoon te nekkatul nag,
moom ci boppam moo di
juróom ñetteelu buur bi, te
ci juróom ñaar yi la bokk.
Ma nga jëm sànkute.

12 «Fukki béjjén yi nga gis,
fukki buur lañu yu jotagul
nguur. Waaye dinañu jot
sañ-sañ diirub waxtu, ñuy
nguuru ak rab wi. 13 Ñoo
bokk mébét, di jox seen
kàttan ak seen sañ-sañ rab
wi. 14 Dinañu xare ak Gàtt
bi, waaye Gàtt bi dina leen
daan, ndaxte mooy Kilifag
kilifa yi, di Buuru buur yi.
Te am toppam, di ñi mu woo
te tànn leen, te ñu takku
ci moom, dinañu daanandoo
ak moom.»

15 Mu neeti ma: «Dex yi
nga gis jigéenu moykat ja
toog ca kaw, mooy réew yi
ak mbooloo yi ak xeet yi ak
kàllaama yi. 16 Fukki béjjén
yi nga gis, ñoom ak rab wa,
dinañu bañ jigéenu moykat
ja, futti ko ci lépp, def ko
yaramu neen. Dinañu lekk
suuxam, ba noppi lakk ko ci
sawara. 17 Ndaxte Yàlla def
na ci seen xol, ñu matal la
mu naroon. Noonu dinañu
ànd, jébbal seen nguur rab
wi, ba kera li Yàlla wax di
mat. 18 Te jigéen ji nga gis,
moo di dëkk bu mag, biy
nguuru ci kaw buuri àddina
si.»

# 18

*Babilon daanu na*

1 Gannaaw loolu ma gis
meneen malaaka mu wàcce
ca asamaan, yor sañ-sañ bu
réy, te leeraayam daj na
àddina sépp. 2 Mu daldi
xaacu naan: «Daanu na!
Babilon mu mag ma daanu
na! Léegi dëkkukaayu jinne
la, ak bépp rab wu bon ak
bépp picc mu daganul te
araam. 3 Ndaxte jox na xeeti
àddina yépp, ñu naan ci
koppu nafsoom ak njaaloom,
ba ñu màndi. Buuri àddina
ànd nañu ak moom ci
njaaloo, te baana-baanay

àddina woomle nañu ndax
li mu bëgg mbuux.»

4 Noonu ma dégg beneen
baat bu jóge asamaan naan:
«Génnleen ci biiram, yéen
samay gaay, ngir ngeen
baña bokk ci ay bàkkaaram
te baña am cér ci musiba
yi koy dal. 5 Ndaxte ay
bàkkaaram dajaloo nañu
ba ci asamaan, te Yàlla
fàttaliku na ay jëfam yu
bon. 6 Dellooleen ko li mu
defoon, feyleen ko ñaar ci
li mu lebaloon, feesal-leen
koppam ak naan gu gëna
wex ñaari yoon naan ga
mu joxe woon. 7 Joxleen
ko ci coono ak naqar, lu
tollu ni tiitar ak mbuux,
ba mu dencaloon boppam.
Gannaaw nee woon na ci
xelam: “Maa ngi toog fii
ni buur, duma ab jëtun te
duma ténj mukk,” 8 looloo
tax ba musiba, yii ñu ko
sédd, dinañu ñëw ci benn
bés, ñu di mbas, ténj ak xiif,
ñu di ko lakk ba mu jeex,
ndaxte Yàlla Boroom bi ko
àtte, ku am kàttan la.»

9 Buuri àddina yépp, yi
àndoon ak moom ci njaaloo
ak mbuux, bu ñu séenee
saxar siy jollee ci taal bi ñu
koy lakke, dinañu yuuxu, di
ko jooy. 10 Dinañu tiit ndax
coonoom, ba dàndu lu sore,
naan:

«Ngalla yaw! Ngalla yaw,
dëkk bu mag bi,
Babilon mi am kàttan!
Benn waxtu rekk doy na,
ngir sab àtte mat!»

11 Baana-baana yi ci kaw
suuf di jooy, di ko naqarlu,
ndaxte kenn dootul jënd
seen njaay: 12 seen wurus ak
seen xaalis ak seeni jamaa
ak yeneen per; seeni piis yu
rafet ak piis yu yolet, yu
ray-ray, yu xonq; seen dénk
wu xeeñ ak seen yëf yi ñu
defare bëñi ñay walla dénk
wu jafe walla xànjar walla
weñ walla marbë; 13 ak bant
yuy safal ak gàncax gu xeeñ
ak xeeti cuuraay yu bare ak
latkoloñ ak biiñ ak diw ak
sungufu lay-layaat ak pepp
ak i nag ak i xar ak i fas ak i
sareeti xare ak i jaam, ba ci
bakkani nit.

14 Dinañu wax naan: «Yëf
yi nga bëggoona am raw
nañu la, te lépp luy yafal
walla col gu rafet ñàkk nga
ko, te kenn du ko gisaat!»

15 Baana-baana, yi daan
jaay yëf yooyu ba woomle,
dinañu sore ndax ragal
coonoom. Dinañu jooy di
naqarlu, 16 naan:

«Ngalla yaw! Ngalla yaw,
dëkk bu mag,
bi soloon yére yu rafet, yu
yolet te xonq,
daan takk wurus ak jamaa
ak per,
17 sa alal ju bare jépp naaw
na ci waxtu!»

Noonu ñépp ñiy dawal
gaal ak ñi ciy tukki ak ñi
ciy liggéey ak ñi ciy baana-
baana, ñépp di sore bérab
boobu, 18 te bu ñu séenee
saxar sa cay jollee, naan:
«Ndax dëkk bu niroo woon
ak dëkk bu mag bii mas na
am?»

19 Ñuy xëpp suuf ci seen
bopp, di jooy, di naqarlu te
naan:

«Ngalla yaw! Ngalla yaw, dëkk bu mag bi nga xam ne
ci la boroom gaal yépp woomle ndax sa barele,
ci waxtu nga gental.
20 Yaw asamaan, bégal ci li ñu ko yàq!
Yéen itam gaayi Yàlla yi, ndaw yi ak yonent yi, bégleen,
ndaxte Yàlla àtte na ko, ba feyul leen.»

21 Noonu malaaka mu am
doole jël doj wu réy, sànni ko
ci géej gi, naan:
«Nii lañuy sànnee ak doole Babilon dëkk bu mag bi,
mu ne meŋŋ.
22 Buumi xalam yi ak baati woykat yi ak toxoro yi ak liit yi,
kenn dootu ko dégg ci yaw.
Liggéeykat bu xareñ bu mu mana doon,
kenn dootu ko gis ci yaw.
Kandaŋu gënn,
kenn du ko déggati ci yaw.
23 Niitug làmp du tàkkati,
te baatu boroom séet ak séetam dootul jib ci yaw ba fàww.
Ndaxte say baana-baana ñoo yilifoon àddina,
te xeet yépp réer nañu ndax say luxus.»
24 Deretu yonent yi ak gaayi
Yàlla yi ak ñépp ñi ñu rey ci
kaw suuf, ci moom Babilon
lañu ko fa fekk.

# 19

*Aleluya!*

1 Gannaaw loolu ma dégg
lu mel ni baat bu xumb bu
jollee ca mbooloo mu bare
ca asamaan, naan:
«Aleluya!
Mucc, ndam ak kàttan, Yàlla sunu Boroom moo ko moom.
2 Ay àtteem dañoo dëggu te jub!
Ndaxte àtte na jigéenu moykat bu mag,
bi daan yàq àddina si ak njaaloom,
te feyul na noonu jaami Yàlla, yi mu daan rey.»

3 Ñu tegaat ca ne:
«Aleluya!
Saxarus lakku dëkk baa ngi jolli ba fàww!»

4 Noonu ñaar fukki mag
ña ak ñeent, ak ñeenti
mbindeef ya, daldi sukk di
jaamu Yàlla, moom mi toog
ca gàngune ma. Ñu naan:
«Amiin! Aleluya!»

5 Noonu baat jibe ca
gàngune ma naan:
«Màggal-leen Yàlla sunu Boroom,
yéen ñépp ñi di ay jaamam,
yéen ñi ko ragal, mag ak ndaw.»

6 Ma dégg lu mel ni baatu
mbooloo mu bare, mel ni
riiru duusi géej, ni yënguy
dënnu yu réy, naan:
«Aleluya!
Sunu Boroom Yàlla Aji Man ji dugg na ci nguuram!
7 Nanu bég te bànneexu te jox ko ndam li,

ndaxte céetu Gàtt bi agsi na,
séet bi waaj na!
8 May nañu ko, mu sol
mbubb mu set te weex
bay lerax.»
Mbubb mu weex moomu
day misaal njubtey gaayi
Yàlla yi.
9 Gannaaw loolu malaaka
ma ne ma: «Bindal lii:
“Yéen ñi ñu woo ci reeri
céetu Gàtt ba, barkeel
ngeen.”» Mu teg ca ne ma:
«Kàddu yii ñooy kàdduy
Yàlla, di kàddu yu dëggu.»
10 Noonu ma daanu ci ay
tànkam, bëgg koo jaamu.
Mu ne ma: «Moytu koo def;
sa nawle laa ci liggéey bi, di
kenn ci say bokk, yiy sax ci
seedeel Yeesu. Jaamul Yàlla.
Ndaxte seedes Yeesu mooy
xel miy solu yonent yi.»

*Ki war fas wu weex*

11 Bi loolu wéyee ma gis
asamaan ubbiku. Noonu fas
wu weex feeñ. Ki ko war
ma nga tudd Ku Takku te
Dëggu, te ci njub lay àtte
ak a xare. 12 Ay bëtam
di xuyy ni sawara, te mu
am mbaxanay buur yu bare
ca boppam. Bind nañu ci
moom tur wu kenn xamul
ku dul moom. 13 Sol na
mbubb mu ñu sóob ci deret,
te Kàddug Yàlla mooy tu-
ram. 14 Xarekat yi nekk ci
asamaan topp ci moom, war
ay fas yu weex, sol mbubb
yu weex te set. 15 Am na
jaasi ju ñaw juy génn ci
gémmiñam, ngir dóor xeet
yi, mu di leen jiitee yetu
weñ, te mooy nappaaje re-
señ yi ci segalukaayu mer
mu tàng mu Yàlla Aji Man ji.
16 Ci mbubbam ak ci poojam
bind nañu ci tur wii: Buuru
buur yi, Kilifag kilifa yi.
17 Noonu ma gis malaaka
mu taxaw ci jant bi. Mu wax
ak baat bu xumb ak picc, yiy
naaw ci digg asamaan, ne
leen: «Ñëwleen teewesi reer
bu mag bu Yàlla, 18 ngeen
lekk suuxi buur yi, njiiti xare
yi ak boroom kàttan yi, su-
uxi fas yi ak seeni gawar,
suuxi ñépp: gor ak jaam,
mag ak ndaw.»
19 Noonu ma gis rab
wa, buuri àddina si ak
seeni xarekat dajaloo ngir
xareji ak ki war fas wa
ak ay xarekatam. 20 Ñu
jàpp rab wa, moom ak
naaféq ba mbubboo yonent,
ba daan def ca turu rab
wa ay kéemaan yu mu
naxe ñi nangu woona am
màndargam rab wa te
jaamu nataalam. Ñoom
ñaar ñépp sànni nañu leen
ñuy dund ca déegu sawara
ak tamarax buy tàkk. 21 Ña
ca des, jaasi, jay génn ca
gémmiñu ka toog ca fas wa,
rey leen; picc yépp lekk, ba
regg ci seeni suux.

# 20

*Nguuru Kirist diirub jun-
niy at*

1 Noonu ma gis malaaka
mu wàcce ca asamaan, yor
caabiy kàmb ga ak càllala gu
réy. 2 Mu jàpp ninkinànka
ja, di jaani cosaan ja, muy
Tuumaalkat bi, maanaam
Seytaane. Malaaka ma yeew
ko diirub junniy at, 3 sànni

ko ci kàmb gi, tëj ko, sakk bunt bi ko tiim ci kaw. Noonu du nax xeet yi, ba kera junniy at yi di mat. Gannaaw loolu fàww ñu yiwi ko diir bu gàtt.

4 Noonu ma gis ay gàngune, ñu jox ña ca toog sañ-sañu àtte. Noonu ma gis ruuwi ñi ñu bóomoon ndax li ñu doon seedeel Yeesu te gëm kàddug Yàlla. Ñooñu jaamuwuñu rab wa mbaa nataalam, te nanguwuñoo am màndargam rab wa ca seen jë mbaa seen loxo. Ñu daldi dekki, di nguuru ak Kirist diirub junniy at. 5 Yeneen néew yi duñu dekki, fi ak junniy at yi matul. Loolu moo di ndekkite lu jëkk li. 6 Ñi bokk ci ndekkite lu jëkk li, barkeel nañu te sell! Ñaareelu dee gi du leen manal dara. Waaye dinañu doon sarxalkati Yàlla ak Kirist, tey nguuru ak moom junniy at.

*Seytaane ci déegu sawara sa ba fàww*

7 Bu junniy at ya matee, dinañu yiwi Seytaane ca kasoom, 8 te dina dem naxi xeet yi ci ñeenti xéblay àddina, maanaam ñoom Gog ak Magog*. Dina leen dajale ngir xare, te dinañu bare ni peppi suuf cig tefes. 9 Dinañu sam suuf sépp, di wër dalu gaayi Yàlla yi ak dëkk, bi Yàlla bëgg. Waaye sawara daldi jóge asamaan, lakk leen. 10 Dees na jàpp Seytaane, mi leen daan nax, sànni ko ci déegu sawara ak tamarax bi, mu fekki rab wa ak naaféq ba mbubboo yonent. Foofa dinañu leen mbugal guddi ak bëccëg ba fàww.

*Bés pénc ba*

11 Noonu ma gis gàngune mu mag te weex, ak ka ca toog. Asamaan ak suuf daw, sore ko, ba ne mes. 12 Ma gis néew ya, mag ak ndaw, ñu taxaw ca kanam gàngune ma. Ñu daldi ubbi ay téere, ubbi itam beneen téere, téereb dund bi. Ñu àtte néew ya, ku nekk ci say jëf, ni ñu ko binde woon ca téere ya. 13 Noonu géej gëq néew, yi nekkoon ci moom; dee ak barsàq delloo néew, ya ñu yoroon. Ñu àtte ñépp ci seeni jëf. 14 Ñu jàpp dee ak barsàq, sànni ca déegu sawara sa. Déegu sawara soosu moo di ñaareelu dee. 15 Képp ku ñu bindul sa tur ci téereb dund bi, dees na la sànni ci déegu sawara si.

# 21

*Asamaan ak suuf yu bees yi*

1 Noonu ma gis asamaan su bees ak suuf su bees, ndaxte asamaan su jëkk sa ak suuf su jëkk sa wéyoon nañu, te géej gi amatul. 2 Ma gis, wàcce ca asamaan, jóge ca wetu Yàlla, Yerusalem gu bees gi, dëkk bu sell, bi ñu

* **20:8** Gog ak Magog ñooy misaal bañaaley Yàlla ak yu gaayi Yàlla yi, ni ko yonent Yàlla Esekiyel waxe woon.

waajal ba mu jekk ni séet
buy nég jëkkëram. 3 Ma
dégg baat bu xumb jibe ca
gàngune ma naan: «Dalub
Yàllaa ngi ci biir nit ñi. Dina
dëkk ak ñoom, nit ñi dinañu
nekk ay gaayam, te moom
Yàlla ci boppam dina ànd
ak ñoom, nekk Yàlla seen
Boroom. 4 Dina fomp bépp
rongooñ ci seeni bët; te dee
dootul am walla naqar walla
jooy walla metit, ndaxte yëf
yu jëkk ya wéy nañu.»

5 Noonu ki toog ca
gàngune ma ne: «Maa ngi
yeesal lépp!» Mu ne ma:
«Bindal, ndaxte kàddu yii
yu wóor lañu te dëggu.»
6 Mu teg ca ne ma: «Lépp
mat na! Maay Alfa di
Omega, di njàlbéen gi, di
muj gi. Ku mar, dinaa la
may ci bëtu ndoxum dund
mi, te doo fey dara. 7 Ku
daan, dinga am cér ci mbir
yii. Dinaa nekk Yàlla sa
Boroom, te dinga nekk doom
ci man. 8 Waaye ñi ragal ak
ñi gëmul ak ñiy def lu ñaaw
ak ñiy bóome ak ñiy njaaloo
ak luxuskat yi ak xërëmkat
yi ak fenkat yépp, seen añ
moo di déegu sawara bi ànd
ak tamarax. Loolu mooy
ñaareelu dee gi.»

9 Gannaaw loolu benn
malaaka ñëw, mi bokk ca
juróom ñaari malaaka, ya
yoroon juróom ñaari ndabi
musiba yu mujj ya, ne ma:
«Ñëwal, ma won la séet bi,
soxnas Gàtt bi.»

10 Noonu Xelum Yàlla solu
ma, malaaka ma yóbbu
ma ci kaw tund wu réya
réy. Noonu mu won ma
Yerusalem, dëkk bu sell bi,
muy wàcce ci asamaan, jóge
ca wetu Yàlla, 11 ànd ak
ndamu Yàlla. Leeraayam
mel ni leeraayu per bu jafe
lool, ni jamaa buy ray-rayi.
12 Miir bu réy te kawe moo
ko wër te am fukki bunt ak
ñaar, bu ca nekk malaaka
taxaw ca wet ga. Ca bunt
ya bind nañu ca fukki tur
ak ñaar, yu giiri bànni
Israyil. 13 Ca penku am na
fa ñetti bunt; ca nor ñett; ca
sudd ñett ak ñett ca sowu.
14 Samp nañu miiru dëkk ba
ci fukki fondamaa ak ñaar,
yu ñu bind turi fukki ndawi
Gàtt ba ak ñaar.

15 Ki doon wax ak man
amoon na nattukaay, di
bantu wurus bu mu doon
natte dëkk ba ak miir ba ko
wër, ak bunt ya. 16 Dëkk
ba dafa kaare, guddaay ba
ak yaatuwaay ba ñoo tol-
loo. Mu natt dëkk ba ak
bant ba mu yor. Gud-
daay ba ak yaatuwaay ba
ak taxawaay ba lépp tol-
loo, di fukki junni ak ñaar
ciy estat*. 17 Malaaka ma
natt miir ba nattub nit,
fekk miir ba di téeméer ak
ñeent fukk ak ñeenti xasab†.
18 Miir ba, jamaa lañu ko
liggéeye, te dëkk ba di wu-
rusu ngalam, leer ni weer
bu set. 19 Fondamaay miiru
dëkk ba rafetale nañu leen
xeeti per yu nekk.
Fondamaa bu jëkk ba jamaa

* **21:16** Maanaam ñaari junni ak ñaar téeméeri kilomet. † **21:17** Maanaam juróom benn fukki meetar ak juróom.

la;
ñaareel ba, per bu bulo bu ñuy wax safiir;
ñetteel ba, per bu wert bu ñuy wax kalseduwan;
ñeenteel ba, per bu wert te lerax, bu ñuy wax emëróot;
20 juróomeel ba, per bu xonq bu ñuy wax sardonigsë;
juróom benneel ba, per bu xonq curr bu ñuy wax sarduwan;
juróom ñaareel ba, per bu mboq bu ñuy wax kirisolit;
juróom ñetteel ba, per bu wert ni géej bu ñuy wax beril;
juróom ñeenteel ba, per bu mboq bu ñuy wax topaas;
fukkeel ba, per bu wert bu ñuy wax kirisoparas;
fukkeel ba ak benn, per bu bulo bu ñuy wax yasent;
fukkeel ba ak ñaar, per bu yolet bu ñuy wax ametistë.

21 Fukki bunt ya ak ñaar,
ay per yu weex lañu. Bunt
bu nekk di benn per kepp.
Péncu dëkk ba di wurusu
ngalam, leer ni weer bu set.
22 Gisuma ca dëkk ba kër
Yàlla, ndaxte Boroom bi
Yàlla Aji Man ji ak Gàtt
ba ñooy màggalukaay ba.
23 Dëkk ba soxlawul jant
walla weer ngir leeral ko,
ndaxte ndamu Yàlla moo
koy leeral, te Gàtt ba moo
nekk làmpam. 24 Xeeti
àddina dinañu dox cig
leeram, te buuri àddina
dinañu ca indi seen ndam.
25 Bunti dëkk ba duñu tëju
bëccëg, te guddi du fa am.
26 Dinañu fa indi ndamu xeet
yi ak seen alal. 27 Dara du fa
dugg lu am sobe, mbaa kenn
kuy sóobu ci ñaawteef walla
fen. Ñi ñu bind ci téereb
dund bu Gàtt bi rekk ñoo
fay dugg.

# 22

*Dexu ndoxum dund mi*

1 Noonu malaaka ma won
ma dexu ndoxum dund, mu
leer ni weer bu set, di génn
ca gàngune mu Yàlla ak
Gàtt ba, 2 xellee ca digg
péncu dëkk ba. Ca weti
dex ga amoon na ca garabu
dund, guy meññ fukki yoon
ak ñaar, di meññ weer
wu nekk, te xob ya di faj
xeet yi. 3 Musiba dootul
am. Gàngune mu Yàlla
ak Gàtt bi mu ngi ci dëkk
bi, te ay jaamam dinañu
ko jaamu. 4 Dinañu gis
xar kanamam, te turam dina
nekk ci seen jë. 5 Guddi
dootul am, te kenn dootul
soxla leeru làmp walla naaju
jant, ndaxte Boroom bi Yàlla
moo leen di leeral. Te di-
nañu nguuru ba fàww.
6 Noonu malaaka ma ne
ma: «Wax jii ju wóor la te
dëggu. Boroom bi, Yàlla jiy
leeral xeli yonent yi, moo
yónni malaakaam, ngir mu
won ay jaamam mbir yi
dëgmël di ñëw.»

*Yeesu Kirist dina délsi*

7 «Maa ngi ñëw léegi. Yaw
miy sàmm waxi Yàlla, yi ci
téere bii, barkeel nga.»

8 Man Yowaana maa dégg
mbir yii te gis ko. Ba ma
ko déggee te gis ko, damaa
daanu ca tànki malaaka, ma
ma ko doon won, bëgg koo
jaamu. 9 Mu ne ma: «Moytu
koo def. Sa nawle laa ci
liggéey bi, yaw ak say bokki
yonent ak ñiy sàmm waxi
téere bii. Jaamul Yàlla.»
10 Mu ne ma it: «Bul tëj
téere bii ak waxi Yàlla yi mu
ëmb, ndaxte waxtu wi jege
na. 11 Ku jubadi, na sax ci
jubadeem; ku taq sobe, na
sigiñu ci sobeem; ku jub, na
wéy ci jëf yu jub; ku sell, na
ci ŋoy.»

12 Yeesu nee na: «Maa
ngi ñëw léegi, indaale pey
gi, ngir delloo ku nekk
lu méngoo ak lu mu def.
13 Man maay Alfa di Omega,
ki jëkk tey mujj, maay
njàlbéen gi, di muj gi.

14 «Yéen ñi fóot seeni
mbubb, ngir saña lekk ci
garabu dund gi te dugg
ci bunti dëkk bi, barkeel
ngeen. 15 Waaye ñi ci biti
ñooy xaj yi ak luxuskat yi ak
njaalookat yi ak bóomkat yi
ak xërëmkat yi ak ñépp ñiy
sopp fen te wéye ko.

16 «Man Yeesu maa yónni
sama malaaka, ngir mu
seede leen mbir yii ci digg
mboolooy ñi gëm. Man
maay car, bi soqikoo ci
Daawuda, di biddiiwu njël
bu leer bi.»

17 Te Xelum Yàlla ak
séetu Gàtt bi ñu ngi naan:
«Ñëwal!»

Képp ku dégg wax jii, na
ne: «Ñëwal!»

Na képp ku mar, ñëw; ku
bëgg, duyal ci ndoxum dund
mi te doo fey dara.

18 Man Yowaana maa ngi
koy wax képp ku dégg waxi
Yàlla, yi nekk ci téere bii: ku
ci yokk dara, Yàlla dina dolli
ci sa mbugal musiba, yi ñu
wax ci téere bii. 19 Ku dindi
dara ci waxi Yàlla, yi nekk
ci téere bii, Yàlla dina dindi
sa wàll ca garabu dund ga ak
dëkk bu sell ba, ñaar yooyu
ñu bind ci téere bii.

20 Kiy seede mbir yii nee
na: «Waaw, maa ngi ñëw
léegi.»

Amiin. Boroom bi Yeesu,
ñëwal!

21 Yal na yiwu Boroom bi
Yeesu ànd ak yéen ñépp.